**ТӨЛЕПБЕРГЕН ҚАЙЫПБЕРГЕНОВ**

# ҚАРАҚАЛПАҚ ДӘСТАНЫ

**(*ТРИЛОГИЯ*)**

## МАМАН БИЙ ӘПСАНАСЫ

*(БИРИНШИ КИТАП)*



Нөкис
«БИЛИМ»
2018

УОК 821.512.121.(081)
КБК 5 Қар
Қ—26

**Т. Қайыпбергенов. Қарақалпақ дәстаны. Маман бий әпсанасы.** Нөкис, «Билим» баспасы, 2018-жыл. 512 бет.

**УОК 821.512.121.(081)**
**КБК 5 Қар**
**Қ—26**

Миллий әдебиятымыздың мақтанышы, Өзбекстан Каҳарманы, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық жазыўшысы, Төлепберген Қайыпбергенов өзиниң қарақалпақ халқының аўыр турмыс тәризи, әпиўайы мийнеткеш халықтың басынан өткерген қара күнлери, қарақалпақ деген миллетти, халықты сақлап қалыўға өз жанын қурбан еткен батырлар ҳаққында сөз етиўши тулғалы романлар дөретип, қарақалпақ әдебиятын ҳәм сол арқалы қарақалпақ халқын әлемге танытты.

Әлбетте, ўақтында бул роман бойынша көп ғана талас-тартыслы пикирлер болды. Соның менен бирге, бүгинги көзқарастан қарағанда автор өзи жасап турған дәўирдиң сиясатына жалтақлық пенен қәлем тербеткени де сезилип турады. Олай етпегенде, бул китаптың жарық көриўи де қыйын болар еди.

Әжжедей аппақ дийўалға,
Бир шыбын қонып қалыпты.
Хийўада келте минәрға
Ләйлек қус уя салыпты,

— дегендей, бул нуқсанлар бизиң тарийхымыз ҳаққында жазылған бул романның баҳасын кемите алмайды деп ойлаймыз.

**ISBN 978-9943-4448-0-5**

**© Т. Қайыпбергенов, 2018.**
**© «Қарақалпақстан» баспасы, 1989.**
**© «Билим» баспасы, 2018.**

## *Биринши бөлим*

***«Биз... рус жери ушын сениң улың менен бирге өлемиз, сениң ар-намысың ушын басымызды садақаға қоямыз».***
***(Юрий Долгорукийге қарақалпақ бабаларының ўәде-ықырары).***

**1**

— Ўәлейкум ассалам! Асық, улым, жол алыс!

Ноғайы жағалы ақ бөз көйлектиң сыртынан сәдеп жайсыз сарғыш жүн шекпен, басына қара кийиз қалпақ кийген, ири геўдели қарапәрең, алақ көз, жигирма жасар жигиттиң кең қулашы, сарыққан бүркиттиң қанатларындай жайылып, оң қолы ала аяқ торының, шеп қолы ақ боз аттың жылаўын тутыўы мәттал, жүрип кетти, таў етегиндеги шашаў аўылдан қосарланып шыққан пәти менен қублаға қарай кетти.

Атлар, мисли бир оқ арыстың еки жағына жегилип, тең жүк тартып баратырғандай, шекшийип қәдем таслаўлары бир бап.

Ақ боз ат үстинде мелле шапанлы, ақ сәллели, ақ сақаллы, ғаррылықтан еңсеси сәл дүңкийген Мурат шайық отыр. Ала аяқ торының зер нағыслы ери басына полат қалқан қыстырып, оң жамбасына қара қынаплы қылыш, ийнине оқ жай асынған, қара шекпенли, қара қалпақлы, сақалы ақша қардай болса да бойы тик, қызыл жүзли Оразан батыр отыр. Бул қос атлының сыртқы көринислери ғана емес, өмир жоллары да еки қыйлы болған менен, 1723-жылғы жунғарлар шабыўылынан «ақ табан шубырынды» атанып, гүзде жарылған собық үпелегиндей тоз-тоз болған қарақалпақ елиниң Сырдәрья төменине қарай ығысқан топары менен бирге көз жас төгисип, олардың басына түскен аўыр жүкке тең ийин тиресип, ийин тутқан адамлар. Олардың бири узақ сапарға жолланса, екиншисиниң усылайынша узатып салыўы, ал, келсе, аўылдың қубласындағы жалғыз түп еменниң түбинде күтип

алып, тап ҳәзиргидей қосарласыўы менен атларын биреўге тең жетелетип, аўылға кириўи пеше. Сонлықтан ба, олардың қайсысы сөйлесе де, журтқа жуғымлы. Ҳәмме «ләббәй!» дейди. Бул, бәлким, батыр сөйлесе, артында шайық бар, шайық сөйлесе, артында батыр бар деп түсиниўден шығар. Баслы сыр бунда емес. Мурат шайық төменги қарақалпақ елиниң дин ҳәзирети. Оразан төменги қарақалпақ елиниң батыры. Еки аттың ортасында төси қайқайып, өкирең қаққан пияда, Оразан батырдың жалғыз улы Маман.

Олар жалғыз түп еменге жетип иркилди.

Оразан батыр зәңгиге ширенип, артына бурылды.

Аўылдың арқасы менен батысы узынына жалғасқан пәскелтек таў дизбеклери еди. Кәнары азанғы қуяшқа шағылысып, жасыл опат қылған жарты диййўалдың жүзиндей, сарғыш-қаралтымланды, етегиндеги ел жер силкиниў нәтийжесинде таў басынан қулаған үйиншик тасларға усап жайылып атыр.

Оразан батырдың бул қараўы аўыл менен хошласқаны еди, атының басын қублаға қаратып ушы-қыйырсыз жазықлыққа бир көз жуўыртты да, ат үстинен еңкейип, Маманның қалпағын алып, айдарынан бир сүйди.

— Енди, сен, қала бер, улым. Қуда бир — ўәде бир. Күндеги ўәдели ўақтында жетпесең, орыслар «қарақалпақлар бийопа» дейди. Үйрет, үйрен. Өскен жердиң ойлы-бәлентин аңлап барыў керек, улым. Шайық атаңның зейнине тийме, садық бол, улым. Шайқымыз, кеттик!

— Ғайры дин адамлары алдында ўәдени бузыў — исламның диййўалына күйе жағыў, балам, тез жет, — деп Мурат шайық Оразан менен тең атының саўрысына қамшысын шырп еткизди.

Маман әкесиниң зәңгисине маңлайын тийгизип сүйип, ийилген күйинде шайықтың изде киятырған ат қосшысы да өтип кеткенше, ушынан сынған қазықтай бүгилиўи менен қос атлы көзден ғайып болғанша турды, соң қуяшқа қарап, ўақыт таялып қалғанын билди де, батысқа бурылып, ҳәр ушырасыўы оның қыялларын шарықлататуғын, өз әкеси Оразан батырдан, Мурат шайықтан соңғы үшинши қәдирданы болып қалған адам менен дийдарласыўға асығып, жуўырып кетти.

Ол таў қыснағына қурылған тас қапыға жақынлап, солығын басып алыў ушын, шеттеги бир думалақ қара тасқа отырған еди. Жийектеги жыңғыллықлар арасында кетип баратырған еки отыншының әңгимеси еситилди:

— Сен билесең бе, журт оны не ушын жақсы көреди, — деп биреў өз сораўына өзи жуўап берди. — Шайқымыз өз елимиздиң жарылқаўшысы. Бизиң ғаррыны, өзиң билесең, жүдә өжет адам еди. «Сонша жыл намаз оқып қудайдан жақсылық күтсем де, бир күн емин-еркин тойынбадым» деп жунғар шабыўылынан соң намазды кесгеллем қойды. Ретинде қудайды бегиштирип сөккени де бар. Бийшара былтыр өлеринде жүдә ҳаўлықты. Шайқымыз келип еди, «ҳалым не болар екен?» деп жылады. Садаған кетейин шайқымыз көп ойланбады. «Бул дүньяның басқа салған зүлметин қайтарыўға күшим жоқ. Ал, о дүньяда аты қарақалпақ әўладының жаны жәннетте болатуғынына ийманым кәмбил, нендей дуўа болса, қарақалпақ әўладының жолына қалыс оқыйман» деп жубатты.

— Оразан батырдың тәрийпин тыңла, — деди екиншиси. — Садаған кетейин батырымыздың бир кемиси, — жылқы минез адам. Сол жағынан хан унатпаса керек. Түсинбегенге, сырттан бир көргенге өр. Болмаса, нағыз ел ийеси. Шайқымызға «биз азбыз, аз даўыстың үни пәс, аз қолдың күши кем, егер, көп болғанымызда бул дүньяның басқа салған зүлметин қайтарар едим» деген. Сөйтип, жыртық гөне қаптан төгилген тарыдай ҳәр жаққа шашыраған қарақалпақларды жыйнаў нийетинде жүрген қусайды. Енди Хорезмге кетермиш!

— О-о, садаған кетейинлер-әй! Айтпақшы, және бир сырды билесең бе? Шайық пенен батырдың о дүнья менен бу дүньяға бөтен-бөтен көзқарасы бола тура, бир адамның улындай дослығының дәнекери неде?

— Дәнекери ме? Дәнекери екеўи бир ағаштың еки шақасы, Ябы руўынан.

— Жоқ, өйдеме. Олар бизиң тәғдиримизди бөлип алған. Биреўи о дүньямызды, биреўи бу дүньямызды. Мақсетлери — қарақалпақ туқымын еки дүньяда қор етпеў. Усы мақсет олардың арасындағы дәнекери...

Маман отыншылардың әңгимесин тыңлай бережақ еди, олар алыслап кетти. «Қызық! Журт нелер туўралы айтыспайды? Халыққа басшы болыў — бәрҳа олардың талқысында болыў. Қулағым еситпеди деў, қәте. Басшы болсаң, абайлы болыў керек екен. Халыққа оң жағыңнан көринетуғын исиң, тилиң, адамгершилик ҳүжданың болыўы керек екен» деп Маман түргелди.

Аўылдан күнде туп-туўры келе беретуғын үйреншикли аяқ соқпағына түсти. Бул оның бир жылдан бери бәрҳа бир из бенен

алжасықсыз жүрип салған соқпағы. Таў қыснағындағы ай балталы қос қараўыл турған тас қапыға барып жоғалады. Бул тас қапының аржағындағы геўек, айналасы еңтерилме тикжар, өрмелеп шығып кетиў мүмкин емес. Бул жерде еркеги, ҳаялы, баласы жүзден аслам бенделер жасайды. Олар орыслардан түсирилген бенделер. Соңғы гезде орыс патшасының қол астына саўда етиўге кеткен саўдагерлери өз елине қайтып, бала-шағасына қуўыспағаны ушын қарақалпақ бийлериниң ашыў менен тил бириктирип, орыслардың шет-шебир аўылларынан түсирген бенделери. Алдына еки жыл, соңғыларының қолға түскенине жылынан асып баратыр. Сыртқа шығарылмайды. Сол геўекте тас жонады. Керек болмаса да тас жонады. Киши жүздиң ханы Абылқайырдың буйрығы бойынша Сырдәрьяның қуяр аяғындағы әййемги «Жаңакент» шәҳәриниң орнына енди салынатуғын қала ушын тас жонады. Оларға тас жондырыўшы ҳәм мусылман динине үйретиўши Оразан батырдың улы Маман.

Маман анадан жетим еди. Анасы «Ақтабан шубырынды» жылында қазаланған. Әкеси Оразан батыр жунғарларға қарсы урыста алты жыл жүрип, қайтып шаңырақ тиклей алмады. Анасынан үш жасында жетим қалған Маманды Мурат шайық өз балалары менен қосып тәрбиялады, өзи үйинде ашқан мектепте басқаларға қосып оқытты. Маман өзгелерден зейни илгир, шаққан бала болып өсти. Шайық оны әўели шәкиртлериниң сәркардасы қылып жүрди, соң оның шаққанлығы, зийреклиги, күшлилиги, ғайры диндегилерге меҳирсизлиги ушын шайықтың өзи ертип келип, усы қапыдан киргизди. Орыс бенделерди көрсетти.

— Қара, балам, халқым десең, буларда халқыңның өши кетпесин. Саўдагерлеримизди қайтармағаны ушын урғың келгенин ур, қарақалпақ халқын кимде-ким ҳәлсиз көрип менсинбесе, қалай жазалайтуғынын таныт. Аяма. Ғайры дин адамлары мисли ешек. Күши ҳадал, көкирегинде жаны барын жумса ҳәм мусылман болыўға үйрет, — деп тапсырды.

Мине, соннан берли саррас бир жыл. Маман ҳәр күни қатнайды. Аўыздағы айбалталы еки қараўыл келгенниң алдына кесе балта тутады, ал Маманға ҳаслан иркиниш жоқ. Дарқаншылық.

Ол шайық атасы қалай ис тапсырса солай баслады. Бәрин қатал баслады. Бенделердиң ғаррысын да, жасын да, аўырыўын да, саўын да аямады. Буйрықты таяқтан баслады.

Мусылманша сәлем бериўге, кәлийма-шаадат қайтарыўға үйретти. Тили гүрмелмегенлерди өз қәлеўинше жазалайды.

Олардың арасында Кузьма Бородин деген қопа сақаллы, ири орыс бар еди. Өзи қырқ бес, елиў жасларда, оң аяғын сылтып басады. Көп сөйлемейди. Маманды көрсе, жаўатуғын булттай түнереди, лекин жаўмайды, қуяшқа күйреген мыстай денесинен моншақ-моншақ тер тамшылап, тынымсыз тас аўдарады. Маман оның таслардан от ушқынлатып атырғанына қарап: «Бул не деген күшли адам!» деп таңланады. Маман усы адамды қолға алғысы келди. Бир жолы ҳәммени мусылманша үйретиўге отырғызып «Бородин, иди!» деп еди, ол еситпегенсиди.

— Әй, доңыз! — деди Маманның даўысы дирилдеп.

Бородин тас сындыратуғын бир пудлық балғасын ийнине салып Маманға алара бир қарады ҳәм татар тилинде жекиринди:

— Өз халқын сүйе билмеген шала молла! Жасқама аўзыңды! Мен ашыўлансам таў сөтиледи, бил соны!

Маман оны түсинеди деп ойламаған еди, аўзы ашылып лал болып, оның дүңкилеў кең маңлайының ортасындағы бармақ басындай ойыққа қарап, шып-шып терге түсти. Кузьма Бородин оның қыялын уғып, көп билиўге қумар жас жигитке өзин таныстырғысы келди.

Кузьма Бородин уллы Петр бириншиниң жаңа буйрықларына садық, Вологда қаласында туўылып өскен, бир саўдагердиң улы еди. Әкеси қарамай, қоқыс сатыў кәсибинен күнелталмай, Вологдадан Уфаға көшкен.

Кузьма көп билиўге қумар, шаққан бала болып өсип, бирге ойнаған балаларынан татар тилин үйренди. Оларға қоңсы татардың үйине Орта Азиялы саўдагерлер көп келип кететуғын еди, ол саўдагерлердиң әңгимелерин қызығып тыңлап жүрип, ертектегидей тәрийипленетуғын Бухара, Хийўа қалаларын өз көзи менен көриў ҳәўеси туўылды. Оның әрманларын иске асырыўға әкеси себепши болып, жас Кузьманы орыс саўдагерлерине дилмашлыққа берди. Сөйтип ол Орта Азия қалаларын өз көзи менен көриў мүмкиншилигине еристи. Бара-бара Индияны көриў әрманы оянды.

Қырқ жасларға келгенде өзинде де саўдагерлик уқып қәлиплесип, бираз ғәрежет топланды ҳәм Индияға саўда кәрўанын өзи баслап кетиўдиң жолларын тапты.

Әттең, бул нийети ақырына шекем иске аспады. Қарақумның ортасында жол қарақшыларына тап болды.

Бул жаздың шыжғырған ыссы күнлери еди. Шөлистанда өлип кетпеў ушын, тири қалған еки жолдасы менен сүйенисип жақын жерден суў, елат излеўдиң ғамына киристи. Қарақумда суў табыў, елге жетиў аңсат емес еди. Аяқ басалмай, бир шөл тораңғылының астын панаалап, қоллары менен жер қазып, ызғарға баўырларын басып жатты... Бирақ, жолдасларының екеўи қайтып тура алмады. Кузьма Бородин оларды сол жатқан жерлеринде топыраққа араластырып, және алға кетти. Талай еспе қумлардан асты. Шөлден және тили аўзына сыймай, бир сексеўилдиң астын қолы менен тырнап, ызғарға баўырын басып жатып, неше күн уйқылағаны биймәлим, оянса, таң атып, қапталындағы жолдан онлаған ешекке жүк артып баратырған дузшыларды көрди де, излеринен бақырып жуўырды.

Дузшылардың басшысы күтә меҳирли адам екен, иркилип, азғана суў, нан берди.

Кузьма Бородин әбден болдырған еди, оларға ерип жүре алмайтуғын шамасын айтып, бир ешегине мингизип жүриўди өтинди.

Дузшылар оның өтинишин ақмақлық көрип, жаман көзлери менен қарап еди.

— Мени Хийўаның қул базарына сатыңлар, — деди, Кузьма шөлден өлиўден тириликти абзал көрип. — Күшлимен. Қул базарында еки-үш ешекке артылған дуздың пулына өтиўим мүмкин.

Дузшылардың басшысы оның турпатын көзден өткерип турып, бир ешектиң жүгин басқа ешеклерге бөлди.

Дуғыжым денели Кузьма Бородин, ҳақыйқаттанда, Хийўаның қул базарында қарыйдарларды қызықтырып, Сарай жуўазшыларының бири сатып алды.

Ол биринши күннен-ақ, ийесине садық хызмет етиўи, күшлилиги, тапсырылған барлық ислерге уқыплылығы менен тез көзге түсип, даңғарасы Сарайдың дин ийелерине де жетти. Усындай жақсы қәсийетлерге ийе адамның ғайры динде болыўы дин ийелерин ҳайран етип, олар Кузьма Бородинниң мусылман динине өтиўин талап етти.

Ол усылар жөнинде Маманға әңгиме қылып берип:

— Жас молла, — деди бираз ашыўлы. — Орыс адамы ҳеш қашан динин бузбайды! Мен сол диний Хийўада да ҳеш кимниң айтқанына көнбедим. Бирақ Хийўада айтқанға жүрмеген ғайры

диндеги гүнакарды жазалаўдың аўыр усылы бар екен. Гүнакарға зорлық пенен дузлы суў ишкизип, изинен оның шөлден қалайынша өлетуғынын тамашалайды екен. Маған да сол усылын қылмақшы болып, еки табақ ыссы суўға дузды быламықтай еритип әкелип, суўығаннан кейин мени жықты ҳәм зорлап аўзыма қуйды... Сонда қандай азап шегип жатқанымды тил жеткерип айтыў мүмкин емес... Екинши күни бир топар адам келип, бетиме үңилип турды. Биреўи «еки күн шыдаған адам болмайтуғын еди, бул еле тири ғой, күшли көринеди» деди де, маған, «ҳәй, орыс, сен Хийўа ушын нөкер боласаң ба?» — деди. Келисип бас ийзедим. Себеби, нөкерликте жүрип қашып қутылыў мүмкиншилигин сезер едим. Соң билсем, маған нөкер бол деген киси Сарай сәренжамларының бири еди. Ол қасындағыларға қой майын еритип әкелип, маған ишкизиўди буйырды. Бул дуз ишкизилген адамды тири қалдырыўдағы жалғыз усыл екен. Қулласы, аўзымнан дузлы суўдың дәми кетпей атырып нөкер болдым. Хийўаның атынан Бухараға қарсы шабыўылларға қатнастым. Мениң ҳәрекетлерим, мәртликлерим әскербасыларға унап, әўеле онбасы, соңынан елиўликке, жүзбасылыққа көтерилдим. Сарай хызметкерлери маған ҳүрмет пенен қарайтуғын болды. Усылайынша, арадан еки жыл өтти, қаланың әдди-үддин жақсы үйрендим. Бирақ, Хийўаның ыссы ҳаўасы, ылайлы суўы маған жақпай, етиме қышыма шықты. Тәўекел өзимше ем қылып, тут жапырағы менен денемди ысқылап жазылдым. Бул «тәўиплигим» де абырайымды арттырды. Усылай етип жүргенимде, Сарай мөҳирдарының Персиядан бенде қылып әкелинген киши ҳаялы аўлағын таўып маған келди де, кеўлин билдирди. Қысқасы, ол мени унатады екен. «Мени бул кәрадан алып кет...» деп жалбырынды. Көптен күткен әрманыма қанат питип, тезирек қашыўдың, өзим менен қоса персиялы бенде нашарды қутқарыўдың ғамын жей басладым. Бир жаман жери, қаладан қашқан менен аўыллар үстинен өтиў қәўипли. Себеби, аўыл моллалары диншиллер орыс адамын көрсе, тутып Хийўаға әкелетуғыны турған гәп еди. Сөйтип, сумлық ойлап таптым. Ханның дийўанбегисине көп пул бердим де, ханлықтың арқа шегарасындағы еллери менен сөйлесик жүргизетуғын исенимли елшиси деген жарлық хат жаздырып алдым. Оған мөр басыўды мөҳирдардың маған келген ҳаялынан өтиндим. Ол бир күни, ериниң қалтасынан мөҳир сақланатуғын темир аршаның гилтин урлап, мөр басып әкелди. Сөйтип, көп узамай, бир қараңғы ақшамда, сол персиялы келиншек екеўимиз

Хийўадан қаштық. Бахтымызға қарсы, Әмиўдәрьяға келгенде, изимизден қуўғыншылар жетти. Асығып-албырасып дәрьяға бой таследық. Бийшара келиншек жүзиўди билмейди екен, қайнаўытлы ийримнен қайтып шығалмады. Мен ыққа қарай сүңгип кете берип, қутылдым...

— Дым ғана ҳәсиретли, — деди Маманның көзлери қәҳәрли тунжырап.

— Тириликте адамның күн көриси неден жақсыланса, соны үзил-кесил қойыў қыйын екен, Маман. Оның үстине, бизиң туқымымыз Петр бириншиниң көрсетпелерине садық еди.., Қысқасы, аман-есен үйиме жетип бала-шағаларыма қосылған соң және саўдагерлик қылыў мақсетинде, қарақалпақ елинде не арзан, не қымбат екенин билиўге келип едим. Мени бийлериңиз базардан тутып алды да, усы кәраға қамады.

— Басқа айыбыңыз жоқ па?

— Бизиң илгериги патшамыз Анна Ивановнаның дәўиринде жайық казаклары (Урал орыслары) қарақалпақ саўдагерлерин тута берген. Мен сол өтмиш ушын тутты-аў деп шамалайман. Оларға «Мен жайық казакларынан емеспен. Ҳәзир патша да басқа, уллы Петр бириншиниң бел қызы Елизавета» десем, мени тыңлар қулақ болмады... Сен маңлайымдағы ойыққа қарап отырсаң, бул, сол Қарақумдағы айқаста болды. Тонаўшылардың пышағының изи.

— Сизди булкәраға жазықсыз әкелгени... — деди Маман ойлы.

— Бул зәрүрияттлықтан болса керек, — деди Бородин.

Өз басына түскен бахытсызлық ушын ҳеш кимди айыплағысы келмеген күшли орыс адамы Маманға әбден унады.

— Бородин аға, балаларыңыз бар шығар?

— Владимир, Петр деген еки балам бар.

— Олар не кәр қылады?

— Айттым ғой, мен Петр бириншиниң ўәсиятларына садық туқымнанман. Үлкен улым Владимирди Тула қаласына апарып, мылтық, қарыў-жарақ соғатуғын заводка бергенмен. Петр бириншиниң ҳүрметине аты қойылған киши улым Петрдиң сүйеги қатыңқыраса, Воронеж деген қалаға апарып, ағаш усталарына, яғный теңиз, океанларда жүзетуғын кеме, корабльлер соғыўшыларға шәкиртликке беремен.

— Усталы ел дүзелер, дейди, бизиң халық. Петр патша исимли улыңызға кәсипти дурыс таңлапсыз. Бирақ үлкен улыңыздың кәсиби өлим туўдырыўшы емес пе?

— Сен маған унайсаң, — деди Бородин аталарға тән кейип пенен. — Жассаң, лекин, сөзлериң ғаррыники, жеңилтексең, лекин, сөзлериң қорғасындай зил, былайынша топыр пышаққа мегзейсең, лекин, қылыштан кескирсең. Есиңде болсын, мылтық — тек өлим туўдырыўшы емес, ели-халқыңды жаўдан қорғаўшы қалқан.

— Сиз күтә дана адам екенсиз, — деди Маман басын көтерип. — Өзиме гүмилжи сораўларға жуўап сорасам мейли ме?

— Сора.

— Бирақ шаршатаман.

— Билемен, молла, жаслық — бул қызбалық, тентеклик.

— Неге мени «өз халқын сүйе билмеген шала молла» дедиңиз?

— Өз халқын сүйген адам басқа халықты қорламайды.

Маман селк етти. Мусылманлық тәртип бойынша сөзден утылғанын мойынлап, Кузьма Бородинниң аяғына жығылмақшы еди, өзин тутты. Бирақ жуўасыды.

— Неге үнсиз қалдың, қысынба, балам.

— Айтарсыз ба, зәрүриятлық дегениңиз не?

— Сизлердиң бизди бенде қылыўыңыз да зәрүриятлықтан. Себеби, басшыларыңыз орыслардан бенде туттық деп ат шығарыўы тийис, — деп ол мыйығынан күлди. — Қысқасы, дүньяда ҳәмме нәрсе зәрүриятлыққа тийкарланған. Күн, ай, жулдыз, мынаў таў, ҳәтте анаў қапы зәрүр болғаны ушын турыпты.

— Қызық, дүнья! — деди Маман.

Кузьма Бородин мыйығынан күлди.

Маманға Кузьма Бородин әкесиндей унап қалды. Усы күннен баслап ол биротала жибисип, оның әдет-үрпин, тилин үйрениўге киристи.

Соннан берли бир жыл өтти.

Маман жалықпайтуғын парасатлы интизамлы шәкиртке айналып, ҳәр күни бир ўақытта келеди, бир ўақытта қайтады. Бурынғыдай ҳәкиреңлемейди, тас жонысады. Сөйтип отырып Кузьма Бородиннен қызық-қызық әңгиме-гүрриңлер тыңлайды.

Кузьма Бородин асықпастан, түсиниклирек болыўға тырысып, әлем машқаласы жөнинде, илим-ҳикмат жөнинде сөйлеп береди, орыс халқының батырлары, патшалары жөнинде — Князь Ярославль менен Дмитрий Долгорукий ҳаққында, Минин менен Пожарскийлер жөнинде билген әңгимелерин, еситкен қыйлы-қыйлы әпсаналарын еринбей айтып береди. Ҳәр сапары, Маман аўзынан суў аққанша берилип тыңлады.

Александр Невскийдиң урыста түскен бенделерди азат қылып «қайтыңлар, рус ели, рус жери аман, оны жаў жеңе алмайтуғынын ҳәммеге дағазалаңлар» дегенин еситкенинде, Маманның да жүрегинде йош пайда болды. Өз-өзинен қыял сүрип Кузьма Бородинлерге «сизлер де қайтыңлар, қарақалпақ ели неше мәрте сандалып посса да, еле аман, ҳәммеге дағазалаңлар» деўге нийетленип турады да, өзин әрең иркеди.

Бир жола шайық пенен сөйлесип, бенделерди қашан босатыў ойы бар екенлигин сорап еди.

— Халқымыздың мақтанышын босатыў мүмкин емес, — деди Шайық.

«Бул да зәрүриятлықтан» деген жуўмаққа келди Маман.

Кузьма Бородин өр минезли, қатал сөзли адам еди, сонша жай парахат сөйлессе де, Маманға бизди босат деп жалынбады. Қайтама жаслығын ескертип, нәсиятлайды. Уллы Петр биринши ҳаққында айтып, ели ушын не ислеў кереклиги жөнинде кеңес етеди.

Кузьма Бородин Киши жүз ханының орыс патшасына қосып алыў жөнинде арзы қылғанын, сонда қарақалпақтың базы бийлериниң де арзы еткенин биледи екен, бунын дурыс табылған ақыл екенин мақуллап, украина ели ҳәм оның уллы перзенти Богдан Хмельницкий ҳаққында да әпсаналар айтып, жас Маманның қыялын әлле қаяқларға шарықлатады.

Маман бир жылдан бери өзиниң Кузьма Бородинлер менен досласып кеткенин ҳеш кимге уқтырмады, онда истиң шатақ болатуғынын сезер еди. Ал аўыл арасында не болып атырғаны туўралы Бородинлерге де тигислик билдирмейди! «Ғайры диндеги душпанға исениў, көринип турған қудыққа көз жумып секириў» деп, әкесин ҳәзир ғана Хорезм елине узатып салғаны ҳаққында да айтпаў нийетинде киятыр...

Қараўыллардың биреўи тас қапыны ашты, екиншиси күндеги әдети бойынша иштен биреў шыға қалатуғындай балтасын кесе тутып турды.

Қанша қыйыншылық болса да, базда адам өлсе де, Кузьма Бородинниң аўыр гүрсингени болмаса, көзге жас алғаның Маман көрмеген еди. Полат минезли сол адамның көзлерин алма-гезек сүртип турғанының үстине келип, табанын шегелегендей сәррийди. Кузьма Бородинниң қапталында қуяш рең шашын жайып, жылай-жылай көзлери исип, шырайы жуўған шүберектей солыған ҳаялды көрип Кузьма Бородиннен:

— Жақыныңыз ба еди, аға? — деп сорады Маман.

Кузьма Бородин «жоқ» деген ишарат пенен бас шайқады.

Ҳаял сүйретиле түргелип тас жонып атырғанларға қарай кетти.

— Бул бийшара ҳаялдың анасы, қызы көз алдында аштан өлген еди, бүгин азанда жалғыз улы қазаланды. Ол соған жылады. Қатты өкирип жылады. Бурынлары дәрти тилине шығып көп сөйлер еди. Енди көзлерине шығыпты. Сен болмадың, таў гүңирентип жылады. Дүньядағы аўыр жүк кисилердиң көз жас төккенин көре бериў екен. Шыдамадым, иним. Көзлериме жас қуйылды. Адамлардың көз жасларын төгиўден сақланыў керек. Көз жаслар көп төгилсе, салмаққа шыдамай қара жердиң төңкерилип кетиў қәўпи бар екен.

— Азат қылыў керек пе? — деп салды Маман.

Кузьма Бородинниң шырайы өзгермеди.

— Ақылың неге жетсе, солай исле, — деди ол суўықлаў.

Маман ҳайран болды. «Қандай беккем адам өзи. Жалынбайды. Адамларды қудай ылайдан жаратқан, ал буны я шойыннан я полаттан қуйса итимал!»

Қараўыллар менен сөйлесип көриў ушын күндеги қайтатуғын ўақтынан бурын сыртқа шықты. Қараўыл оларға туўрылап айтыў былай турсын, ара-тура рәҳим көзи менен қарап нан-пан берип турыўды өтингенде, олардың азар-безери шығып, «ханға айтамыз» дегени бар еди. Усы сапары да, солай дейтуғынын билсе де, қулаққағыс етип көрген еди екеўи теңнен «сен бизди өлтирежақ екенсең, шайыққа барып айтамыз, қапыға жолама» деп азар-безер болып, Маманды қайтып киргизбеди. Ол бадабадтан қорықпады, лекин, күтә қапаланды. Үскини қуйылып қайтты.

Маманның усындай гезде ушырасып кеўил көтерисетуғын дослары бар еди. Олар сәл арқарақтағы таў жийегиндеги жырада жарты жағы тас, жарты жағы ағаштан исленген ылашықта жасайды. Бәри тоғыз бала менен Алмагүл атлы он жасар бир қыз. Қыз Аманлық деген он жети жасар баланың қарындасы. Аманлық пенен жас және бир бала бар, аты Аллаяр. Қалғанлары он-он бес жаслардағы жетимлер. Оларға Аманлық пенен Аллаяр ҳәм әке, ҳәм ана, ҳәм аға, ҳәм жумсайтуғын, уратуғын хожа. Маманның түсинигинше: ҳәр жақтан қуралған туғыянсыз жетимлерди бириктирип жүрген Аманлық жүдә ақыллы. Аллаяр болса, олардың ўақты-хошлығы ушын туўылғандай. Қол жайыў гезеги келип, напақа табылмаған күни жолдасларын күлкили сөзлери менен-ақ асырайды, қуўақы.

Маман басқа бардамлылардың балаларындай кекшийип, өзин жоқары санамағаны ушын ба, бәри жақсы көреди. Келсе, напақаға кеткен өз биріндей қоршап алады. Күлки, шаўқым менен қоршап алады. Олар менен бир майдан болғанның өзинде Маман кеўлин басып, гүллән қапалығын умытар еди...

Аллаяр еңсеси түсип киятырған Маманды алыстан-ақ көрип: «Маман киятыр, Маман!» деп жолдасларына даўрық салды. Иштен бир топ бала жуўырысып шықты. Маман Аллаярды көрсе мыйығынан күлер еди, бул сапары күлкиси келмеди.

— Маман, сен де, аўзыңа лобыя салып киятырсаң ба? — деди Аллаяр.

Жолдаслары дуў күлисти. Маман мәнисине түсинбесе де, мыйық тартыўға мәжбүр болды.

— Ал енди бир тамаша болды, — деп даўам етти Аллаяр, — Кетик тисиме бир лобыя тығылып қалып еди, алалмай, үш күннен кейин алсам, өнип кетипти. Соған инанбай, мыналардың бәри аўызларына лобыя салып жүрипти.

— Аўа, аўа, Маман аға, — деп Бектемир дейтуғын бала күйеге былғанған бетин жыбырлатып, аўызынан лобыя шығарды. — Мә, көре ғой. Тамаша емес пе-ә? Тамаша айтайын ба?

Оның шиңкилдеп сөйлегенининң өзи күлкили еди. Аллаяр желкесинен услап кейин ысырды.

— Кейин тур, шиңкилдек ҳәсте.

— Аманлық қайда? — деди Маман.

— Сорама, тамаша болды, — деп Аллаяр жуўап берди, — кеше Бектемир ҳәстениң гезеги еди, ҳеш нәрсе таппай, намаз оқып атырған бир кемпирдиң дастурхан толы нанын арқалап қашып келди. Аманлық бир ашыўланды дейсең, тамақ тапсақ пайда емес пе десем қылмай, бүгин гезеги болмаса да, өзи қол жайыўға ҳәм бос дастурханды ийесине тапсырыўға кетти. Билмедим, кешигиўине қарағанда тутылып таяқ жеп атыр ма?

— Ўа-а-а-а!!! — деп жылап жиберди Алмагүл.

Балалар дуў күлисти.

Маман көзлери менен қызды изледи.

— Әй, ким шашынан тартқан? — деди Аллаяр балаларға. Ҳәмме тым-тырыс болды.

— Ҳеш гәп, Маман аға, Балалар бул қыздың «ўа,-а!» деп жылағанын тамаша көреди. Сөйтип жылатыў ушын-ақ шашынан тартады ямаса «әжағаң тутылып калды» деп қорқытады.

— Аманлық таслап кетпейтуғын еди ғой.

— Дастурханның ийеси тутып урса, жалғыз өзиңди урсын деп өзлеримиз алып қалдық. Ҳаў, неге далада турмыз, ишкерилейик, — деди Аллаяр.

Маман бул жабайы, бирақ бир адамның баласындай, аўыз бирликли жетимлердиң жарты ылашығына олар менен араласа таласып кирди.

**2**

Оразан батыр соңғы жыллары көп жайларда болды. Қайтып қосылармыз ба деген үмит пенен Бухара орамағындағы карақалпақларға барып қайтты. Жунғарлар қолына түскен бенделер менен астыртын сөйлесик жүргизди. Түркстанда қалғанларды Төменге көшириуге үгитледи. Ҳеш ким көшпеди. Буған мүмкиншилик те жоқ еди. Себеби, оларға ашық жәрдем бере алмайды, Жоқарыдағылар өз күши менен көринип көше алмайды.

Хорезмге көшкен Маңғыт руўының Шердалы бийин Елбарыс хан өлтирипти, деген ғаўға тарағанда, Оразан Жоқары қарақалпақлар арасында еди. Келип бир ай-ақ дем алды, болғаны. Басшысыз қалғанына бес жыл болған сол руўдан хабар билип қайтыўға атланды. Бүгин атланды. Илажы болса, оларға берман көшиуге нәсият етеди, болмаса Хийўа ханына барып сөйлеседи. «Қарақалпақлар бөлинип жүргенге қорламаңыз, ийеси бар. Ўәделесип ант берискен үлкен орыс патшасынан сүйениши бар» деп ескертеди. «Билип қойсын, ақыры. Өзлери де әззи, қорқақ ел емес, ашыў менен орыслардан түсирген бенделери бар!».

— Шаңқай түс болған гезде олар бир тораңғылдың қасында иркилди. Оразан батыр Шайықтың қала бериўин өтинди. Шаршаған аты енди аўылға күн батқанда жеткерсе де жақсы. Өзи болса жолға шыққан адам, аўы алдында. Кете береди. Шайық көнди. Екеўи ат үстинде қушақласып сүйисти.

— Ырза бол, шайқым, — деди Оразан батыр.

Ол қанша узақ жолларға сапар шекти, қанша урысларға атланды, ҳеш қашан «ырза бол» демес еди. Неликтен де шайықтың кеўли бузылды, лекин, көзинен жас шығармады.

Деген менен, бул гәп шайықты ойландырды... Ғаррылығы ушын ба? Мүмкин. Екеўи де алпыстан асып баратыр. Денеде күш кемейсе, өмирге қызығыў кемейеди. Көзге өлим көринеди. Енди

ҳәмме менен ырзаласа бериў керектей түйилди оған. Алды бурын елинен ырзашылық керек. Бийшара ел, емин-еркин сағақ ашалмай, шайық есин билгели басына қанша рет тас жаўып, қанша рет жасыл түсти. Қанша-қанша гүллеген мәкан жайлар қараңқалды. Ең соңғы бабаларының ата журты Түркстан, «Ақтаў» әтираплары да көп болды. Буннан он жети жыл илгери жуңғарлардың залым ханы шабыўыл баслап, елди парра-парра қылды. Кимлер Қытайға, кимлер Бухара ханының қол астына қарай арқаланды, кимлер жуңғар елине айдалып кетти, кимлер бийдәрек. Ҳәзирги Сырдәрьяның төменине келип қонысласқан алпыс мың үй жуңғар шабыўылынан әўелги қарақалпақлардың үсири шелли жоқ. Ол ўақытта халықтың санын мың-мыңлар менен есаплап шығыў мүмкин емес еди. Мурат шайықтың пикиринше аз болған менен қарақалпақлардың тийкарғысы, жаўынгери, миллетке садығы усы Төменги қарақалпақлар. Бала-шағалары менен кемпир-ғаррылары посып көшип атырғанда, табанлы жигитлери Оразан батырдың басшылығында қазақтың Киши жүз ханының ләшкерлери менен биригип жуңғарларға қарсы урысты даўам етти. Халық қәйерде де халықлығын қылады. Киши жүздиң халқы менен үйиркелесип-шуйиркелесип досласып кетти. Көшпели байлар арасынан мийрим-шәпәәтлилер табылды. Кимиси малдан, кимиси кийимнен жәрдем берди. Жети руўдың — табын руўының жасы үлкени Айғара бийдиң өзи, малдың ҳәр түринен жүзден-жүзден айдап әкелип, Мурат шайыққа тапсырды. Әлим улының төрт қарасы менен Бай улының адайлары да қуры қол келмеди.

Ел бой тикледи.

Қарақалпақлардың алдынғы көши келгенде-ақ Киши жүздиң уллы ханы Абылқайыр хабар алып, төңбек кеселме, қарны ғарбыздай думалақ, қалақбас Ғайып дегенди көширип әкелди. «Тәўке ханның үрим-путақларынан» деп хан тиклеп кетти. Ҳәзирге шекем сол қалақбас Ғайып хан Төменги қарақалпақлардың ханы. Өзиниң туўысқанлары, балалары көп екен, орнығып кетти. Бәри бир тийкарғы үлкен хан Абылқайыр еди. Салықлар соған төленеди.

Абылқайырдың қайта-қайта өтиниши бойынша орыс патшалығынан келген елшилерге «бизди де орыс қол астына алың» деп көп бийлердиң арзы еткенине де тоғыз жыл. Сонда орыс елшилериниң алдында «қарақалпақларға тиймеймиз» деп ўәде берген Абылқайыр хан ўәдесине опадарлық қылмады. Ел үш рет шабылды. «Арзыңызды қабыл етемиз» деп кеткен орыс

елшилери ўәделерин умытты. Қайтама, орыс қарамағында саўда қылыўға жиберилген саўдагерлер қайтып келмеди. Ҳәлсиз санап бассынғаны, қорлағаны ушын геллеге-гелле деп, булардың да орыс аўылларының шет-жебиринен жүзлеген бенде айдап, қайтқанының себеби сол. Усыған масайраса да: — «Қарақалпақ күшли ел» десип, өзлерин өзлери алдарқатып жубатады.

Халқының әййемги шығысы туўралы инанымлы әпсаналар билетуғын Мурат шайыққа әзелий дос орыслардан бенде сақлаў надурыс. Илажы не? Миллеттиң ар-намысы усыны талап етеди.

Шайықтың қыялына келмеген нәрсе жоқ. Бийлердиң биразы арзы етсе де, орыслардың жуўап бермей араны ашып жибергени шеп емес. «Дини, ийманы басқа менен бир қәўим болыў ийт пенен пышықты бир кетекке тығыў»... Ақбозға қамшы тийгизбей, адым-адым жүрис пенен усыларды ойлап киятыр еди. Бир топар ийттиң қаңсыласып келип қалғаны ойын бөлди, сергекленди ҳәм ийтлерди таныды. Бул Ғайып ханның ийтлери, шикарға баратырған, я киятырған. Соның арасында бүктиң тасасынан онлаған атлы шықты. Олар ханның султан инилери, балалары. Қундыздың терисин қызыл мақпал менен тыслатып соппас кийген, ғарбыз қарын жумалақ хан қара қасқада мелшийип, атлыларды баслап киятыр. Күтилмеген ушырасыўға шайық албырап, ат үстинен сәлем берди.

— Шайқымыз, азып кетипсиз, дем алыўдың мәнисин билмесеңиз керек, — деди хан сәлемди қабыл етиў орнына.

Жолдаслары түйилген текелердей ғырқ-ғырқ күлди.

— Хан ҳәзиретимиз сезген болса, солай шығар, — деп мүлайимсиди шайық.

— Шайқымыз, шикарға шығып турыў керек, былай шықсаң теңиздей дала бар. Күн шыққанда қашқан кийик күн батқанша қашса да, көрине береди. Жүдә жазықлық, ой-ой!

Менде өр текедей ойнаған не бир ийтлер бар. Күн шыққанда қуўса, күн батқанша шаршамайды, алмай қоймайды. Шикар деген қызық. Қуран оқып-оқып шаршаған басыңыз тазаланады.

— Есимизге келмес кеңес бергениңиз ушын миннетдармыз, ханымыз.

Хан ат үстинде турып, май толы кесик ишектей жылтыр бармақларын шошайтып, ийтлерин бир қайтара санады ҳәм султанлардың бирине «ийтлерге гөш тасла» деп буйырды. Хан ийтлердиң ырылдысына, таласып жеген қызығына қарап,

масайрады. Шыдамай аттан түсти. Гөшке тойып па, базы бир күшиклер аңқаўсырап шетте тур еди, хан олардың желкесинен тутып әкелип қанлы гөшке тумсықларын басты. Шекшийип қалған өжет күшиклердиң тумсығына өзи қан жақты. Мес толы қан алып шыққан екен, кишкенелериниң басын меске тығып мантықтырды.

Мурат шайық ханның бул ырымына өзинше түсинип, тек мыйық тартты. Бирақ аттан түспеди. Хан бир өжет күшиктиң қара тумсығын меске суғып отырып сөйленди:

— Қарақалпақтың дин ҳәзирети, абайлап турған шығарсыз, аўзы қанға боялмаған күшик, үлкейген соң қанға шаппайды, күшик қан жалап үйрениўи керек. Жақсы болады ҳәм бундай күшик ийесине үлкен опадар болады.

— Опадарлық жақсы нәрсе, ханымыз. Усы опадарлық пенен алғырлықты бизиң күшиклеримиз де үйренсе шеп болмас еди, — деди шайық.

Хан таңланды.

— Бунның неси қыйын?! Көрип турсыз! Үлкен аңшы ийтке ермей, күшик аңшылыққа үйренбейди. Себеби, үлкен ийттиң қәтесин соңғы ийт тәкирарламай, сумлық үйренеди. Ал, енди шайқымыз, сизде аңшы күшиклер жоқ ғой, оның үстине сиз аңшылыққа ышқыпаз емессиз.

— Кеширерсиз, ханымыз, күшиклеримиз деп балаларымыз ҳаққында айтпақшы едим. Сиз айтқандай болса, бизиң балаларымыз үлкенлердиң қәтесин тәкирарламас еди, ханымыз.

— Ҳә, түсиндим, балаларды да усылай үйретсе болады, — деди хан. — Ендиги шикарда балаларыңызды ертип кетейик пе?

— Онда да болады, ханымыз, — деди шайық ашыўдан өзин зорға тоқтатып. — Биз қартайып киятырмыз. Балалардың арасынан елге басшы таярлап берсеңиз, үйретсеңиз деп айтпақшы едим.

— Қарсы емеспен, — деп хан бир ат қосшысына бурылып, анаў күшик неге ақсады? — деди ҳәм атына минди. — Кеттик пе, шайық.

Олар хан аўылына — «Жаңакент» таманға қарай жүрди. Ханның мийзамын аңлап шайық үзилип қалған гәпин жалғастырды.

— Ханымыз, бүгингиниң жасы кишиси, ертеңгиниң жасы үлкени екенин сизден үйренип, сизден билсе болады. Ийтлериңиздиң алғырлығы соны аңлатып тур, күшигин де үйретеди екенсиз. Енди балаларымызды ақылға үйретип берсеңиз, өлсек «ханға дурыслы хызмет қылғандай изимизде бала қалды» деп кетер едик.

— Олай болса елдиң барлық жас жигитлери — шәкиртлериңиз жыйналсын. Мениң атымнан ҳәмме руўға буйрық бериң. Ақыллысынан таңлаң, мен қәўендерлигиме аламан. Бирақ Оразан батыр усаған өжет, көтере көкирек болмасын. Оның баласы, айтпақшы, сенде-аў, қалай өзи? Минези әкесине усамаған ба?

— Ханымыз, Оразанның баласынан тәшўишленбеңиз, ақыллы. Ал енди жас жигитлерди жыйнаўға қашан атлы жибергизсек екен?

— Хабарды өзим бергиземен. Полат жасаўылды жиберип аламан. Егер тамаша көргиңиз келсе, ертең келиңиз. Бүгин күшиклерди үйретиўге мәзи шыққан едик. Сыралқы бере алмадық.

Шаршап киятырған Мурат шайық ханның «ҳәзир бирге жүр» демегенине қуўанып «дийдар, дийдарға түскенше хош, ханымыз» деди де, атының басын бурды.

* * *

Маман Аманлықты күтип Аллаярлар менен күн батқанша отырды. Басқыласты. Күлисти. Көп кешиге берсе болмайды, шайық келген болса жән-жаққа адам жиберип излетеди. Сол ушын геўгимлете қайтты.

Және кеўилсиз. Кең ийинлери қысылған, қалпағы маңлайына еңтерилген. Шекпенин қаўсырмаған. Шалғайлары сәл епкинге желпилдеп киятыр. Қараңғыда «ассалаўма әлейкум, Маман аға!» деген таныс даўыс оған жан ендирди.

— Ҳаў, Аманлық!

Аманлықтың ийниндеги қара жүн дорбаша аўырлық етип терлеген еди. Маңлайының терин алақан менен сыпырып, аппақ тислерин көрсетип күлип тур. Сонша жүк көтерип шаршаған болса да, муңаймаған бала алдында үскини қуйылыўы нақолай көринди ме, Маман да күлимледи. Дорбашасына үңилди.

— Аўыр ма?

— Қәне, көтере алмай тарбаяқласам. Еки-үш күнге напақа болар еди.

— Дастурханды ың-жыңсыз тапсырдың ба?

— Қосқа бардың ба? — деп күлди Аманлық. — Тапсырыўға тапсырдым, сыбағам да мол болды.

Маман оған изин сөйлетпестен дорбашасын өз ийнине салды.

— Жүр, апарысайын.

Аманлық «өйтип қысындырма, аға» десе де қылмады.

Жол-жөнекей әстен гәп баслады.

— Аманлық, егер, мен бенде орысларды босатсам, сен не дер един?

Аманлық ойланып та турмады.

— Қой қораға шапқан қасқырларды өз майданына жиберген адамды журт шаймий дейди ғой, — деди.

Маман узақ үнсиз жүрип, Аманлыққа шала еситтирип гүбирленди. «Қараўыллар қапыға жолама» деди. Аллаярға ойлассам, оның «бенделерди таўықтың басын жеген адам босатады» деп, өзи көз жас төгип жүрип, басқалардың көз жасына рeҳим етпегени қалай?»... Ал бул да сондай...

Қапталдан өтип баратырған аттың бир пысқырығы Маманды иркти.

— Тоқта, Аманлық, — деп ийниндеги дорбашаны алып оған услатты. — Шайық атамның аты пысқырды. Кеттим.

Маман алжаспаған еди. Шайыққа көринбей оннан бурын үйине жетиўге талапланды. Қараңғыда жуўырып баратырып, шайықтың үш атлы менен иркилип сөйлесип турғанын көрди. Атлылар, кешқурын жаў келип, малларды айдап кеткенин хабарлап атыр екен.

— Ҳарамый нәлетлер! Үҳ! Абылқайырдың усы төртинши рет жалатайлық қылғаны, — деп шайықтың сарсылғанын еситти.

Бул жаманлық хабар ырас болса, 1731-жылы рус елшилери алдында қарақалпақларға қол салмаймыз деп берген ўәдесин Абылқайырдың төртинши рет шаймалап, елге ойқан салыўы еди.

## 3

«Не деген эп-тап! Мыс қайнайды. Самал емес, от есип тур. Әй, қуда, бендеңди өзиң ая! Реҳим ет!»

Мине, бул гәп тек жазда емес, қыста да айтыла беретуғын гәп еди. Төменги қарақалпақ елиниң өңшең жасы үлкен бийлери бас қосса, ҳәмме жақ лаплап турғандай, ишлери ғыжлап, түтигеди. Ҳәўир шығара алмай шып-шып терге түседи. Жүктиң салмағына шыдамай бир-биринен көреди.

Мурат шайықтың тоғыз қанатлы отаўының артқы жуп керегеси ашық. Жез ший есиги түриўли. Бүйтпесе, иштегилер ерип кетежақ. Еринлери «фуф, фуф!» етип уйқылап атыр. Қойдың гөши пискенше мызғып алыўға пурсат алған төменги қарақалпақ

елиниң «қаймақларын» шыбыннан қорығандай, Мурат шайық ғана уйқысыз. Қалпағы менен желпинип, шеп қапталға шөккен нардай жамбаслап жатыр. Базда керегениң көзгенеклеринен ашшы қуяш пенен булдырлаған таў жарларына сығаланады, оннан нәр жоқ, қайта бар самалды иркип тур. Есикке бурылады. Аўылдың қубла шетиниң сақшысындай, жалғыз түп емен мүлгип тур. Шайық оннан да салқынлық күтеди, нәрсиз. Тек ғана айналасындағы көк майса аңқыйды, соның жупар ийиси ғана үйге әлле қандай ләззет жиберип тур. Бул азлық ете ме, сезбейди. Желпинеди.

Шыжғырған ыссы, лекин аўыл арасы тынымсыз. Мал жетелегенлер, ешек мингенлер, алысырақта түйелилер, атлылар олай-булай өтип турыпты. Аналарының етегине оралған жалаңаш балалар қоңыздай жуўырысады. Дорба асынған қосақ-қосақ жаслар, кемпир-ғаррылар бир-бирине байланған сыяқлы бир таяқтың еки ушынан усласып өтип турыпты.

Бундай көринислерге көзи үйренип қалғанлықтан онша елестире бермейтуғын шайық бүгин басқаша кейипте.

«Соңғы гезде ел арасында парахатшылық орнап киятырғанда және жаў дарыды. Пада-пада маллар айдалып кетти. Бул заманда малсыз адам — бахытсыз. Ким малдан айрылса, бахыттан, бағдәўлеттен айрылады.

Өзи зорға күн көрип атырған елдиң басына қурбақа жаўды да турды. Қудай бир ҳүжжетли ханлы да қылмады...» Шайықтың көзлерине жас қуйылды. Оның көз жас төккенин сырттан қарап аңғарыў қыйын еди. Жасында семиз болып, қартая келе азып, бетлери қалталанған бул адамның көзлери астындағы жыйрықларында, дөңгеленген ғарры көзлерден сорғалаған жас түўе бир қасық суў жайласқандай еди. Сонлықтан көз жасларын сыпырмады. Оң қапталда жатырғанларға мойын бурды. Олардың төргиси Қоңырат руўының жасы үлкен ақсақал-бийи, сақал-шашы қуў пәриндей ақ, Ырысқул бий, оннан тетеси-көсенамай киси, маңғытлардың бийи Убайдулла, үшиншиси, сақалы ақ, шашы қара адам — қытай руўының бийи Дәўлетбай бий, есигиректеги ең шеткиси, шашы ақ, сақалы қара-жалайыр руўының бийи Есим бий.

Бул атақлы руў басшыларын үйине жыйнап, қой сойып күтип атырған Мурат шайықтың ойы уйқылатыў емес еди. «Абылқайыр ханның атлылары елди және талап кетти. Енди не қылыў керек. Бийлер не кеңес айтады?» — деп ойласыўға шақырған еди. Бийлер

ҳәрқашанғы әдетин қылып, келген пәтте орынға таласты. Жасы үлкен Ырысқул бий аз ғана мызғып еди, қалғанлары да қыйсайды. Ҳәзир олардың қайсысы шын уйқыда, қайсысы өзгелерди бағып отырған киси қусамайын деген ой менен ояў жатыр, билиў қыйын. Бул өжет бийлердиң ҳәрекетлерине баўыры қамылған шайық сыртқы көриниске шыдамай, қалпағының ернеги менен бетин сыпырды ҳәм оларды оятыў мәқсетинде «өҳө-өҳө» деп жөтелди.

Ырысқул бий бас көтерди.

— Шайқымыз, уйқылап кетиппиз, бийәдеплилик болмады ма?

— Киси уйқылайман деп өмириниң жартысында не болғанын билмесе керек. Сизлер уйқыладыңыз, мен пүткил елди алақанымда көргендей болып отырдым, — деди шайық.

— Астапыралла! Шайқымыз, бийәдеплилик болса кешириңиз — деп Дәўлетбай бий бас көтерди. — Көзимиз илингенине бир кесе чай ишим болды ма екен?

Мурат шайық бетин қалпағы менен сыпырып кекесине кеңк-кеңк күлди.

— Бир кесе чай ишим түўе, кирпик қаққанша дүньяда адам пайда болып, дүньядан адам кетеди. Қанаат етиңиз бийим, — деп Убайдулла бий басын көтермей жатып сөйледи. Жалайырдың Есим бийи:

— Япырмай, қудайым отты жақты-аў! — деп еснеп түргелди.

Бийлер алмагезек далаға шығып келип қолларын жуўып орынларына отырды.

— Әзиз бийлер, қарақалпақ елиниң ағалары, — деп гәп баслады Мурат шайық. — Мен сизлерди үйден жыйналып дуз ишсин дегенде, айтажақ ойым бар еди. Уйқыңыз қанған болса, тиллерден зибан берсек...

— Жүдә бәрекелла, шайқымыз. Сиз шақыртпасаңыз да жыйналып, ойласыўға келиўимиз керек еди, — деди Ырысқул бий.

Басқалары да «аўа, шайқымыз, аўа», десип оны мақуллады.

Бир қолында қабақ шылапшыны, екинши қолында мыс қуманы бар хызметкер кирип, аўқаттың тайын болғанын билдирди.

Гәп кесилди.

Мурат шайықтың бир әдети, аўқат үстинде тамыры терең кетип кисини ойландыратуғын гәп айтыўды жақсы көрмейтуғын еди. Ҳаўа райынан ғана гәп қозғады.

— Пай, қудайымның күни де жанды-аў! От есип тур, от! Өзин-әм орынсыз қонғанбыз ба, таў бизге самал жибермей, бақырашқа салғандай қуяшқа тутады. Деген менен, қыста ҳәзи бар.

Шайықтың гәпин ҳәмме жөнлеп, кимиси ҳәзир таў етегине мәйек қойса писип қалатуғынын, кимиси демин зорға алып отырғанын айтты. Түриўли есиктен көз ушындағы жетим еменниң астында қозғалған ыбыр-жыбыр геллелерди көрип шайық гәпин жалғастырды:

— Қудай қандай шебер. Сырдандай жерге жалғыз емен көгертип бенделерин жарылқап қойыпты. Сол емен болмағанда анаўлардың мийлери лоқылдап кетер еди.

Мурат шайықтың сары ала жүнлес көпеги босағаны дастанып жатты. Бийлер шайыққа жараныў ушын ба, ямаса тойғаны ушын ба, алдыларына қойылған устағанлардан ийтке пай таслады. Ийт сүйеклерди күтә ериншеклик пенен ғайзап атыр.

Қанша ыссы болса да, дорба асынған жалаң аяқларға көлеңке аўыспайды. Есик алдынан жекке-сийрек өтип турыпты. Ийттен қорқа ма, шайықтың үйине қайрылмайды, болмаса тойып отырған мәс бийлердиң сарқытына көклеп қалар еди.

Денеси шойындай қара, сатанлары күйген қуўрайдай, мойны қутанның мойнындай узын, арық бала тоғыз-он жаслар шамасындағы қыз бенен дизилисип, есиктиң алдынан бес-алты адым өтип болып, изге айналды ҳәм шайықтың босағасына келип дизерлесип, екеўи қатар отырды.

Сары ала көпек бундай әптадаларға үйренгенликтен бе, ямаса олардың тәғдирин өз тәғдири менен тең көрди ме, ырылдамады, тек мойын бурып бир қарады да, әдеўир ети бар сүйеклер алдында шашылыўы менен, еки аяғының арасына басын тығып, жатыўын даўам етти. Келген жас жигиттиң путында өрмекке тоқылған гөне ыштаны бар, болғаны. Шашы өскен, денеси күнге күйреген, қайрақтай, қоңқы мурын, тана көз, қулақлары алақандай, изине ерген қарындасының кир-кир ақ бөз көйлеги бар, бирақ сыны дүзиў, жыртылмаған. Көмирдей қара шашын себет бурым етипти, бурымларының ушы тышқанның қуйрығындай. Көзлери жаўдыраған, гүлше жүзлери қараўытқан, күн көрингендей жуқа қулақларының тесиклерине шөп өткерип қойыпты. Аўқатланып атырғанда, босағада жатқан, сары ала көпектен қорқып ҳеш ким келе алмағанда, батыллық пенен келип отырған бул екеўи Аманлық пенен қарындасы Алмагүл еди. Гезеги бойынша өзлерине, жолдасларына напақа излеўге шыққан. Оларға бийлер таңланыса қарасты.

Бағанадан берли кеўли елжиреп отырған Мурат шайық, өз үйи болғаны ушын ба, түргелип барып бир жилик гөшти Алмагүлге услатты, басқалардан есикте отырған Есим бий қолындағы гөшин Аманлыққа усынды. Олар бийлерге миннетдарлық билдирип бас ийиў менен қабыл алды. Бирақ екеўи де аш екенин билдирип бирден аўызларына баспады.

Шайық Аманлықты биринши көргенде шырамытты, бирақ есине келтире алмады. Үкеси менен екеўиниң атларын сорап, билгеннен кейин, бираз кеўилсизленди. Қабағы үйилди. Бийлер елестирмеди.

Аманлық түргелип баратыр еди. Есим бий сорады:

— Руўың нели, бала?

Гүллән бийлердиң қулағы ербеңледи. Өз ара кисилик жарыстырып отырған бийлер биреўиниң руўынан болып қалса кисилигинен айрылатуғындай, мениң руўымнан болмағай десип қыпсаланды. Тап усыны түсингендей:

— Руўымды билмеймен, — деп Аманлық қарындасын ертип жөнине кетти.

Ҳәмме бир дем ләм-мимсиз қалды. Табаққа да қол урылмады, шыбын ызыңы еситилди.

Аўқатқа пәтия етилип, дастурхан жыйналғаннан кейин бийлер қайтадан аяқ созып жамбаслады. Чай ишиў басланды.

Ырысқул бий гәп қозғады.

— Шайқымыз, бағана бир нәрсе демекши едиңиз?

— Умытпадым, әзизлерим, умытпадым, елимниң төрелери, — деди шайық. — Жаңағы келген баланы енди таныдым. Сизлер бәлким, танымаған шығарсыз. Маңғытлар арасында жүрген ябылардың Данияр деген жылқыманынан қалған туяқ. Данияр «Ақтаўда» бес ағайинли еди. «Ақтабан шубырынды» жылы Данияр бизиң менен бул жаққа көшти, Қудияр деген иниси Хорезмге Шердалы бийдиң жылқысы менен кетти. Қалған үшеўи Бухараға, Қытайға қарай аўысты. Биреўи жунғарларға бенде болды. Даниярдың ата-аналары өлди, қыз туўысқанлары ҳәр жақта бир елдиң кесеўи болып кетти. Айтсаң, барлық дәрт қозғалады. Мурат шайық гүрсинди. — Бул бала сол «ақтабан шубырынды» жылы жолда туўылып еди. Ендиги жағында «аманлық болсын» деген нийет пенен атын Аманлық қойған мен едим. Соннан берли он жети жыл. Үҳ!... Он жети жыл! Өмир зуўлап өтип баратыр. Қорлық пенен бийбелги өтип баратыр. Бул баланың әкеси менен анасы,

жаңағы қызы бир жасқа шыққанда, бир күнде өлди. Тырыспайдан өлди. Анасы бийшара қызына жүкли боларда алмаға жерик болған екен. Таппаған. Сол ушын Алмагүл қойған. Енди бийшара бала руўын да билмейди.

— Руўын билмейтуғын жарымести де қудай жаратады-а, — деп таңланды Есим бий. — Әй, қудай, өзиңе шүкир-ә! Қандай ҳалға түсирдиң?

— Бул дүнья, дүнья. Ақыбети ойран дүнья, — деп сарсылды Ырысқул бий.

— Деген менен, боласынлы бала көринеди, — деп қойды Дәўлетбай бий.

Убайдулла бий гәпке араласпады.

— Ҳәр шабыўыл жүйкемизди қуртып баратыр. Қайта-қайта аўзы күйген халықпыз. Үрлеп ишпесек, ендиги үрим-путағымыздың бәри жаңағылардың күнине сазыўар бола ма деген гүдигим бар. — Шайық муңлы даўыс пенен төмен қарады. — Мақсетим — өзлериңиз билетуғын шынлықты есиңизге салып кеңесиў еди. Оразан батыр да Хорезм елине баратырып сизлер менен және сөйлесип көриўди өтинген еди.

— Мақул еткенсиз, шайқымыз, — деди Убайдулла бий. — Мениң пәмимше, сиз ертеңимиз ҳаққында сөйлеспекшисиз. Буны мен жаңағы жетим балаға өзиңиз жилик апарып бергениңизден абайладым.

— Өз жетимимизге өзимиз шалғай жаппасақ ким жабады, әзизлерим?! Адам баласы да анаў емендей, — деп түриўли есиктен көринген жалғыз еменди ийеги менен нусқап сөйледи. — Тәрбиясын берип, адам дөгереклесе, ҳәўижлене береди, болмаса, ғарға-қузғынға мәкан болып, солыйды. Қудаға шүкир, усыкәраға келип қазақлардың жәрдеми менен және бой тикледик. Бирақ тик жарда турған сыяқлымыз. Бул қазақтың Айғара бийлери сүйесе, бир жағы ийтерип жибережақ. Енди жығылсақ, жоқ болғанымыз. Қарақалпақ деген атымыз ҳаслан аталмай қалады. Ғайып хан болса өзлериңизге мәлим. Ыссыда терлемейди, суўықта тоңбайды, сонда да кеңесиўге мәжбүрмиз. Ханды атлаў — қуданы атлаў. Ханға барғанша аўырманлық өзимизде.

Бийлери ой басып, алдындағы кеселерин көтере алмады. Кимиси алақшынға, кимиси ошаққа көз тикти. Жүзлеринде не ҳаққындадур ой, жан ашыў сезиледи.

— Өзлериңизге мәлим, Абылқайыр хан бизге кәрўан жолдың еркин берип қойыпты, — деп және даўам етти шайық. — Ақылыма сыйдыра алмайман, усының өзи қандай ерк! Биз өткенлерден бажы аламыз, бизден хан алады. Өлип болдық, берип болдық, таланып болдық. Төрт рет талады. Бағана сизлер уйқыладыңыз, шыжғырған ыссыда қанша-қанша жетимлер өтти есик алдынан. Буны мен айтпай-ақ, күнде көрип жүрсизлер. Есабы не болар, ақылым жетпейди. Оразан батыр да кетип баратырып усы жөнинде айтты.

Бир-бирин тыңламай, ҳәр ким өзин өз руўының ханы султаны деп дағазалап жүрген бийлер енди бәри бирге қылпылдақ кемеде отырғандай сезинип, бир-биринен артық өмир сүретуғынына көзлери жетпей қойды. Тәғдирлери бирдей көринди.

— Күтә үлкен салмақ тасладыңыз, шайқымыз, — деди Убайдулла бий.

— Салмақты мен емес, Абылқайырдың жүўенсизлери салып отыр.

— Усы қазақлар менен жайпарахат қыз алысып, қыз берисиўдиң жолын неге таппаймыз. Сонда, бәлким, бундай алаўызлық болмас еди, — деди Дәўлетбай бий.

Ырысқул бий бас көтерди:

— Ойланып қарасаң қосыўыспыз, бирақ тәкаббыр елмиз. Былай өткен орыс саўдагерлерин тутамыз, былай өткен Қытай, Бухара, саўдагерлерине жамбас урамыз. Сол ушын жаўымыз көп. Тәўке хан бабаларымызға «Ақ таўды» инам етип дәрбенттен бажы өндириўдиң еркин бергенинде, сақыйлық қылды дейсиз бе? Әтөшкир етип пайдаланды. Биз ғыжлаған қозда күйдик, ол жылынды. Ҳәзирде солай. Көсеўи бизики, қызғыны Абылқайырдың адамларыники. Шайқымыз, жүдә жақсы ой салдыңыз. Узаққа көз жиберген адамға бул не деген әдалатсызлық. Көсеў қылып қойғаны аздай, хан елимизди талатады. Жарам жазылар-аў, қара қотыр болды деп қуўанған күни үстине дузлы суў сеўип жибереди. Соры қайнаған биз, шырқыраймыз.

Ғарры бийлерге ел тәғдириниң салмағы жанға түскендей сарсылысты. Ҳеш қайсысы ужыбатлы ҳештеңе айта алмады.

— Оразан батырдың устағанлы не гәпи болды? — деди Ырысқул бий әллен ўақыттан соң.

— «Аўзы күйген үрлеп ишеди» деген гәпти айтқан сол. Ол еле баяғы орыслар-орыслар деген нийетинде. Солар ағалық қылады дейди.

— Айтпақшы, орыс бенделердиң ҳалы қалай екен? — деп қызықсынды Есим бий.

— Мусылман қылыўдың талабындамыз. Оразанның улы Маман жүдә зор бала болды. Бәрин бегиштирип динге салып атыр.

— Сизиң шарапатыңыздың күши-дә, — деп Убайдулла бий хошлады. — Орыстан бенде сақлаў халқымызға қандай абырай ҳәм айбат болды. Еситкенлер бизди күшли деп, сырттан қорқып жүрсе керек.

— Әзиз бийлер, Оразан батырды узатып қайтып киятырғанда Ғайып ханға жолығып, ертеңимиздиң ғамын жеўге ўәдесин алып едим, — деп шайық жас жигитлерди сынаў жөнинде хан менен келискенин айтып салды. Бийлер аң-таң болысты. Ырысқул бий аз ғана ойланып:

— Дурыс болған шайқымыз, — деди. — Бәримиз де қартайдық. Бизиң Қоңыратта атақлы Байқошқар бийдиң Есенгелди деген баласы бар, питкен ақыл, питкен дана. Әне сондайларға лийкин берилсе, шеп болмайды. Жаслардың еринлерин қанға басып та, қара жерге басып та үйретиў керек.

— Байқошқар бийдиң Есенгелдисиндей балаларды бизиң маңғытлар-әм туўған, — деди Убайдулла бий.

Дәўлетбай бий менен Есим бийдиң жақ жарыстыражақ болғанын сезген шайық алдын алды.

— Тарыспаңлар. Еркеги болса қатын қысыр қалмайды. Бирақ ким қалай тәрбиялады, хан алдында жыйналғанда көремиз.

— Күшигинде таланған ийт үлкейгенде мырылдай ма? Бизиң балаларымыз таланып өскен, хан хызметине жарағандай ул аты қарақалпақтан табылса, — деп гүман билдирди Дәўлетбай бий. Ҳәмме ойланып қалды. Ырысқул бий де ҳештеңе дей алмады.

— Шайқымыздың ықласы кетип жүрген шәкиртлери бар шығар, — деди Есим бий.

— Ҳәзир айтыў — туўылмаған балаға көйлек пишкен менен бара бар. Лекин Оразанның баласынан дәмем бар, — деди Шайық.

Шайықтың тийкарғы сөйлесейин дегени қазақ ханының жөнсиз шабыўылларынан қутылыўдың жолларын табыў жөнинде пикирлесиў еди. Қодиреӊ гәплер түўесилмей-ақ, далада Полат жасаўылдың аттан түспей турғаны хабар етилди, үй ийеси асығып үйден шықты.

Ғайып хан Мурат шайыққа берген ўәдесин тезлетипти. Полат жасаўылдың әкелген хабары бойынша азан менен барлық аўылларға

атлылар жолланды. Келеси жума күни ҳәр бир бий өз аўылының он бес пенен жигирма бес арасындағы ес ақылы дүзиў, бардамлы жигитлерди өзинен қалдырмай, жетим емен қасына әкелиўи тийис!

* * *

Нәўбети бойынша ҳақлап қайтқан бала кеште жаңалық таўып келди. «Он бес пенен жигирма бестиң арасындағы балалар хан менен бийлердиң сынағынан өтсе, кәлентар бий болады-мыш».

Сопақ баслы Аллаяр қуўанғанынан ба, қулақларын тикирейтип, жалпақ мурнының ҳәр танаўын алма-гезек ҳаррыйтты, мисли үрккен тай болды. Қысық көзлерин Аманлыққа қыйықландыра «недейсең» деген түр билдирди. Балалар дуў күлисти.

— Бул диййўаналардың жарысы емес, — деди Аманлық.

— Билемен, билемен, — деди Аллаяр. — Кисиге қол жайыўдың үлгилерин көрсет, биреўдиң жутып баратырғанын алып жут десе, алдыма адам салмас едим.

Адырақ көз, өсик шашлы кишкене Бектемир оларға гәп қосты.

— Жасым он беске жетсе, Маман ағаға айтып жарысқа қосылар едим.

Аллаяр оның қулағына шертип жиберди.

— Жасы үлкенди нәсиятлама!

Кеўилли отырған балалар жым-жырт болды.

Деген менен, Бектемирдиң кеңеси еки жас үлкенге ой салды.

Ҳақыйқатында да, Маман менен сөйлесип, сырласып көргенде не қылады? Шайық атасы оны жақсы көреди. Сөзин сындырмай я Аманлыққа, я Аллаярға бай баласының кийимин кийдирип жарысқа салса. Ҳо-о! Дәўлет қусының қоныўы зәрребағыш. Ақыры, олар да көп нәрсе биледи. Маманларға усап Шайықтың қол астында, тәрбиясында болып, оқымаған менен, талай-талай есиклерде отырып көп оқығанларды, даналарды тыңлаған, ақыллы гәплерди еситкен. Ой алла, зәрребағыштан жарылқап ханға жаранып кетсе, талай сорлылардың ығбалы ашылар еди. Сонда Маманның қәдирин умытпайды. Шайықты да мәңгиге ҳүрметлейди.

Олар усы ойға тоқтады.

Аллаярдың гезеги болыўына қарамастан, азанда үш баланың мойнына дорба асып, ҳақлаўға жиберди, өзлери Маманға жолығыўға келди.

Мурат шайық, соңғы ҳәптениң ғалма-ғалы менен үйли-үйлерине тарқаған шәкиртлерин қайтадан жыйнатып, бүгин оқыў баслаған еди. Аманлық пенен Аллаяр Маманды Мурат шайықтың үйиниң (бала оқытатуғын екинши үйи бар) көлеңкесинен тапты. Мойны ийилген, үскини қуйылып отыр. Қапталында шайықтың сары-ала көпеги аяқларын дастанып жатыр. Олар алыстан-ақ Маманға бир нәрсе болғанын сезди. Селтең бермей әстен келе берди. Сары-ала көпек алыстан сетемленип, бас көтергенде ғана Маман бурылды. Екеўи де маладай аяқларын еп пенен тең басып киятыр еди. Тап суў кешип самбырлатпаў ушын аяқларын еп пепен басып киятырған секилли Аллаярға күлип жибере жазлап, өзин иркти ҳәм оның бир нәрсе деп қоймаўының алдын алып «сөйлеме» деген белги ушын еки бармағы менен еринлерин қысты.

Маман сары ала көпектиң қулағынан тартып түргелтип жиберди. Олар селт етпестен ийттиң орнына келип бир-бирине асылыса отырды. Маман үйдиң ишине бармағын шошайтып — «тыңлаң» деген буйрық берди. Екеўи де көкиреклерине қолын басып ишке қулақ салды. Мурат шайық сөйлеп атыр:

— ...Халқың кийген кийим — кепиниң, халқың минген ат — ысқатың, халқың — анаң, халқыңның тили — анаңның тили. Халқыңа қылап қылыў — өз анаңа қол салыў менен барабар. Бизиң халқымыз қара матам кийип, соның аты менен қарақалпақ аталған деген әпсана бар. Бабаларымыз Жайҳундәрьясының бойларын жайлаған, бир саҳрайы халық екен. Искандер Зулқарнайн дүньяға келип, сол саҳрайы халықтың уясы бузылады, палапан басына, турымтай тусына кетеди. Қылышынан қан тамған Зулқарнайн шабыўыл менен Жайҳун бойларына жеткенде, бир саҳабасы мынандай ақыл бередимиш: «Халықтың бағынғанының белгиси, қызларын сүннетке ендирсин». Бул шәрт халықтың ыза отына май қуйып лаўлатады. Жайҳун бойының пүткил халқы кек атына минеди. Халықтың үлкен қозғалаңы басланды. Қозғалаңды баслаған батыр басына матам қалпағын — яғный қарақалпақ кийип шыққан екен. Ийилмегенди ат туяқлары астына женшип, әлемди титиренткен Зулқарнайнның ләшкери нени шыдатсын, халықтың батырын тутып алып, торанғылға астырады. Буннан кейин халықтың бурынғыдан да бетер ыза оты қайнап, дуйым журт сол батырдың матам қалпағындай қалпақ кийип, атланысқа шығады. Адам қаны суў болып аққан қырғын басланады. Искендердиң кураллы ләшкерине төтепки бериў қыйынласып, қарақалпақлылар қонысын

таслап, посып көшиўге мәжбүр болады. Қырымға қарай көшеди. Орыс қол астына қарай көшеди. Әне, балалар, сол матам қалпағын кийип посқан халық топары бизиң бабаларымыз. Лекин басында матам, көкиреги ҳақ халық шын досларын табады. Орыслар менен шийме-ший отырып, бир дастурханның нанын бөлисип жейди. Орыс князьлери менен татыўласып, бириниң жаўы екиншисине жаў, бириниң досы екиншисине дос болып биригип кетеди. Бирақ бул да узаққа бармайды. Дүньяның бир мүйешинде Шыңғыс хан деген туўылып, заман жәнe астан-кестен болады, бабаларымыз жәнe қонысын өзгертеди, ақыры айналып, усы Түркстанға келеди. Бунда да паян таппадық. Ең соңғы аўыр әламат жунгарлардың шабыўылы болды. Халық енди шабылса, енедәрексиз тарқаў алдында тур. Сол ушын қәдимий досларымызға муражат қылдық. Аз дей ме, ҳәлсиз дей ме, нәмәлим, бирақ менсинбей атырған секилли, еле белгили баслы жуўап жоқ. Қайтама жиберген саўдагерлеримизди талаған. Олар қайтпады...

Маман Аманлық пенен Аллаярды түртип «түргелиң» деп ым қақты. Оларға шайықтың әңгимесиниң ақырын тыңлаў қызық еди. Маманның шырайын қатал көрип, изине ерди.

— Не ушын, не ушын? — деди наразы Аллаяр сыбырланып.

— Ҳәзир айтаман, — деп Маман олардың екеўин еки қолтығына алыўы менен аўылдың арқасына қарай жүрди. — Бул әпсананы шайқымыз бурын-әм айтқан еди. Керек болса, изин айтып беремен, Искендер Зулқарнайнның ўақтында матам қалпағын кийген халықлардан Жайҳун дәрьясының бойында еле бар болса керек. Мениң атам соларға кетти. Шайқымыздың буны айтып отырғанның мәниси — ким азаңды бирге азаламаса, өлиңе жыламаса, шын дос емес демекши.

— Ийт пенен көлеңкеде отырғандай не гүнаң болды? — деди Аллаяр.

Маман муңайып көп жерге шекем сөйлемеди.

— Гүнам ба? — деди Маман әллен ўақыттан соң. — Гүнам сизлерге де белгили. Екеўиңизге де айтқанман. Қараўыллардан еситипти.

— Орыс бенделерди босатыў ойыңды ма? Мен шайық атамның орнында болғанда, сени ийт пенен көлеңкеде отырғызбай, пышық пенен қосып қапқа салып сабатар едим. Неге адыраясаң? Азалы күнинде матам тутпаған, өлиңе жылаў орнына, қаласына барған

саўдагерлериңди талаған, ески дос екен деп менсинбеген елдиң адамларына жақсылық жараса ма?

— Сен неге жорғалай бересең — деп Аманлық сөйлеп киятырған Аллаярдың ийнинен тартты. Аллаяр тоқтаған соң:

— Маман аға, қашанға шекем айыплысыз? — деп сорады.

— Бүгинше. Кеширим сорап барсам кеширеди.

— Жаңа кеширим сораў ушын ойланып отыр ма едиңиз! — деди Аллаяр және.

— Жоқ, досларым. Шайқымыз бир айтқанын ҳеш қашан тәкирарламас еди. Гәде даналықлар, гәде шешиўи қыйын жумбақлар айтатуғын еди. Шәкиртлерине менсиз айтқан жаңа гәплерин еситпей қаламан ба деп кетпей отыр едим. Бурын айтқан әпсанасын тәкирарлаўдан кетпекши едим, сизлер келдиңиз. Шамасы, изин маған әкелип тоқсырмақшы. Тыңлағым келмеди. «Ҳақ ис ушын, адам баласына жақсылық қылыў нийетим надурыс болған екен», деп кеширим сорағанша, қаңғырып-ақ кетемен. Сизлер менен болғанда не қылады маған?

Аманлық бас шайқады.

— Ойлан, жасы үлкен. Ара-тура келип бир майдан күлисип кеткениң болмаса, бизде жассыз көз бар ма? Бородин орыстың саған айтқанындай, қосымыздың жарты жағы көз жастан ызғар.

— Қалған жартысын қурғақ қылып қойған бизиң күлки, — деп Аллаяр күлди.

Ҳеш қашан муңаймайтуғын бул жигиттиң күлкисине Маман да, Аманлық та қосылды.

Маман Аманлықлардикинде мудам қалыў былай турсын, сол күни түней алмады. Изинен адам келди. Мурат шайық келсин деп жиберипти. Бәлким, уллы шайық кеширген шығар. Маман көп ойлана алмады. Өз атасы көз алдына келди: «Шайық атаңның зейнине тийме, садық бол» деп қулағына ясыйын оқып турғандай.

Қайтты.

Ол өзинен-өзи басқы таўып жүргени ушын Аманлық пенен Аллаяр кеўилге алғанларын айта алмай қалды. Айтқан менен, шайық «яқшы» деген менен, аўылларды неше мәртебе аралап қол жайған дийўаналардың бай балалары екенине ким исенеди? Журтты алдап, мәртебеге умтылғаннан дийўанашылық жақсы!

## 4

Жума.

Журт бул күнди, күтә исенимсизлик пенен күтти. Себеби, бул жердиң тәбиятының өзи өзгермели. Жаз ба, қыс па, жылдың қайсы мәўсими болыўына қарамастан, күн өзгерип сала береди. Жазда да ала-сапыран даўыл турады. Алыс жақлардан шаң әкеледи, көз аштырмайды ямаса жаўын болады, суўдан кийимлериң етиңе жабысып, тислериңе шаң киреди. Елдиң ханы Ғайып ханның минези де усы жердиң тәбиятына мегзес. Қәпелимде, өзгереди. Усы кәраның урығындай сәл епкинге қыйсайып қала береди. Соның алдын алыў керек. Питиўажа болып турған исти бузып, хан ўәдесин шайса, шайықта да абырай қалмайды, сол ушын шайық Ғайып ханға және бир барып қайтты. Жақсы ис баслап атырғанына исендирип марапатлап қайтты.

Мәжилистиң күни өзгермеди. Белгиленген жума күни ҳәмме жетим еменге қарай ығылды. Адамлардың жүзлеринде айрықша қуўаныш, әлле қандай үмит ушқынлары, шадықоррамлық. Ҳәр қайсысында қыйлы-қыйлы ойлар. Қайсы бала дилўар болып жеңетуғынын гәп қылып, өз ара тартысады. Пикирлери алшақ болса да, бәриниң мақсетлери бир. Түбинде арғысында бар дәйекли бир бала дизгин алғай. Ҳәмме изине ереди.

Жетим еменди гилең аш-арықтың үйи десе болады. Думандай жапырақлы. Панасызлар қуяшлы ыссыны усы кәрада өткереди. Адам үзилмегенликтен асты тегис, жерге жабысып өскен майса гия мақпал гилем төсегендей. Саяманлы, айналасы аўыл бойынша ең гөззал, ҳәр қыйлы жасыл шөп ийиси аңқыған хош жупар ийисли сулыў жер. Қәйеринде отырсаң да, төсек талап етилмейди. Үстиңе гирбиң жуқпайды ызғар өтпейди.

Ыссы, лекин ортаға от жағылды. Бул Мурат шайықтың тапқан ақылы. Ойласық, ошақ әтирапындағы бир үйдиң ойласығына усасын, ўәдени бузғанды от урсын, үйи жансын!

Хан отыратуғын жерге, оттан сәл алыс бийиклеў жерге, еки кийиз бенен гилем төселди. Келте аяқлы хан ғарбыздай жылысып келип төсекке шықты. Бийлердиң жас үлкенлери — Мурат шайық пенен Ырысқул бий ортаға ханды алып отырды. Басқа бийлер, ақсақаллар, өзлериниң жасына, елдеги абырайына, қараўындағы халқының санына қарай олардың үшеўин қоршалап орын алысты.

Ғайып хан қалақтай қысық басына қара қалпақ кийип келипти. Бунысы қарақалпақтың дәстүрин қылғаны, қуўдың қуйрығындай сақалы көкирегине басылып, келте мойны бүгилип отырыпты.

Мурат шайық қайта-қайта жутынып, көзлериниң алдын ақ сүп орамал менен қайта-қайта сыпырды. Жән-жағына қаранып, келгенлердиң ғаўқылдысы басылыўын күтти ҳәм ханның қулағына бир нәрсе сыбырлап болып, оның ийек қағып мақуллаўынан кейин көпшиликке қарап алақанын алақанына урып шаппатлады. Бул «тынышланың» дегени еди.

Жүрт силтидей тынды. Мурат шайықтың «сөйлеймен» деген ишаратына барлық дыққат аўдарылды.

— Халайық, төменги қарақалпақ елиниң әзиз азаматлары гәпиме қулақ салыңлар...

Журттың бәри қарақалпақлы. Майса шөпли таў кәнарына дәў замаррықлар пайда болып, алыстан қарағанда, бәрине бир қара шатыр жаўып таслағандай, қыймылсыз, Мурат шайық даўам етти:

— Матам қалпағын кийип келипсиз, әзизлер, матам қалпағын кийип қарақалпақ атанған заманлар изде қалды. Кеўлиңиз киршиксиз болсын. Ақыбети қайырлы болсын, әўмийин!

— Әўмийин!!! — деди ҳәмме.

— Әзизлерим қулақ салыңлар. «Ақ таўдан» посқалы қанша азап шектик, қанша қорлықлы күнлерди бастан өткердик. Мақсетимиз өткен аўыр күнлерди еслеў емес. Бирпара жасы үлкенлер қартайды, мәртебеси артық, ақылы зыят ханымыз бенен сырласып едик, ханымыз бүгинги қуралпаға ықрар етип, адамгершиликтиң жоқарғы басқышын етти. Ҳасылдың тастан, ақылдың жастан шығатуғынын өзи айтып, әзиз ханымыз, жас жигитлерди сынап, ертеңги ел ағасын излеп табыўға мәсләҳәт берди.

— Ақыл гәп шайқымыз, — деп журт гүўлести.

Ғайып хан түргелди. Алақанын алақанына урып отырғанларды тынышлыққа шақырды. Оттың әтирапындағы моллам дөгерек журтшылық сес-семирсиз көкиреклерине қолларын басты. Жаўдыраған қара көзлер ханға телмиристи.

— Халайық, халайық! — деп қырылдады хан. — Мен жас жигитлерге үш сораў беремен. Мениң изимнен ҳәр руўдың бас бийи бир-бирден сораў береди. Дин ҳәзиретимиз Мурат шайық еки сораў берсе ерки бар. Егер жас жигитлерден кимде-ким ортаға тасланған сораўларға дурыс жуўап берсе усы отырған халайықтың ықлас, муҳаббетине сазыўар болса дана деген атақ

алады. Мениң бас кеңесгөйим болады. Бий болады. Билип қойың, бул қарақалпақтың әййемги ата-бабаларында болып, соң батыл болған усыл. Мен жаңартып отырман. Ғапылда қалмаңлар. Таяр отырыңлар. Дыққатлы болыңлар. Биринши сораўым «Дүньяда хан көп пе я қара пуқара көп пе?

Хан отырды. Көпшиликтен мыш-мыш сыбырлы пайда болды.

— Ханымыз, сораўыңызды тез-тез шешсе болады, — деп сыбырлады Ырысқул бий. — Бул сораўға Қоңыраттың Байқошқар бийиниң улы Есенгелди жуўап берсин. Адамлар тым-тырыс отырыпты. Атын айтып түргелтсем қәйтеди, баслап жиберсин. Ақыры, көш басланбаса, тәўекелши болмайды.

Ғайып хан мақуллап бас ийзеди.

— Байқошқар бий улы Есенгелди түргел! — деп даўыслады Ырысқул бий.

Сүўен жақлы, сулыўшық, сүлингир арық бала сур шекпениниң жағаларын дүзестирип, шәбби асықтай шырп етип түргелди.

— Ләббәй, бий ата!

— Ханның сораўына жуўап бер, балам.

— Алпыс мың үйли қарақалпаққа бир хан бар. Соған қарағанда дүньяда хан аз, қара пуқара көп, бий ата, — деди Есенгелди.

«Сиз не дейсиз» деген нәзер менен Ырысқул бий оң қапталындағы ханға бурылды. Хан жуўапқа қанаатланса керек, сәл қозғалып мардыйды.

Бул салтанатқа Аманлықлар да келген еди. Изги қатарда отырған Аманлық бирден тикейди.

— Шайық ата, ханымыз руқсат етсе, усы сораўға мен де жуўап берип көрейин, — деди.

Бийлер ханға, хан бийлерге, жыйналғанлар бир-бирине қарасты. Көпшиликтен:

— Руқсат етиңиз, ханымыз! — деген ҳаўаз шықты.

— Мейли, айтсын, бирақ есап болмас, — деп мурнынан миңгирледи хан.

— Мениңше, хан көп, қара пуқара аз, — деди Аманлық.

Адамлар «ҳаў, алжасты, ҳаў..» десе қалды.

Аманлық орнына отырды.

Ғайып ханның қалпағы дирилдеп, сақалы жыбыр-жыбыр етип кетти.

— Сөз бермеў керек еди, бузды — деди бийлердиң бири.

— Ондайларды бундай жыйынға шақырыў қәте, — деди екинши даўыс.

Маман түргелди.

— Шайық ата, ханымыз руқсат етсе, мен жуўап берсем қәйтеди? — деди ол күтә әлпайымлық пенен.

— Сен несине ҳәлек боласаң? — деди бир даўыс. — Есенгелди дуп-дурыс жуўап берди.

Маман оны тыңламады. Алға жүрип барып ханның алдына бир, шайықтың алдына бир, тәжим етип, жуўап бериўге руқсат алды.

— Халайық, мениңше Аманлық дурыс айтты, — деди ол. — Не ушын дурыс? Дүньяда өз кеўлине хан емес адам жоқ, сол ушын ханның көп болғаны деп ойлайман.

Адамлар: «Дәл жуўап, дурыс» десип, шуў етти.

Ғайып хан қызарды. Сонда да сыр бермеди.

— Екинши сораўым: «Адамды не аздырады?»

Бир шоқ адам даўыс қосып, «адамды кесел аздырады»! — деп бақырысты.

— Биримлеп! — деди шайық.

Және бир шоқ тыңламай «адамды жоқшылық аздырады» дести.

Хан қысық шекесин қос қоллап қысып, түргелди ҳәм ғәзебетленди:

— Билип қойың! Бийтәртиплик етсеңиз, тарқатып жиберемен, тарқатып! Түсиниң!

Ҳәмме қайтадан тынышланды.

— Ханымыз, руқсат етиңиз, — деп Маман және тикейди. — Бәлким, берилип атырған жуўаплар дурыс шығар. Бирақ, бундай сораўларға жуўап бериў ушын ойланыў аз. Көп жасағанлар билер, бәлким. Мениңше, адамды қулақ аздырса керек, ханымыз.

— Жуўабың мақул, балам, — деди хан бирден. — Мен ҳаққындағы шуғыл сөзлерге қулақ аспаў керек. Азып кетесиз.

— Бәрекелла, Оразан улы, — деп мақуллады отырғанлар.

Хан сергекленди. Кеўилленди.

— Үшинши сораўым: «Адамның дизгини неде?».

Ҳеш ким қыбырламайды. Маман және тикейип, қәдимгисинше жуўап бериўге руқсат алды.

— Ханымыз, адамның дизгини тили болса керек. Тилин тыймай адам иркилмейди, ақыры.

Хан жәнe мақуллады. Енди сораўының тамам болғанын, жуўапларға кеўли толғанын айтып, Мурат шайыққа нәўбет берди.

— Мен бир сораў беремен, — деди Мурат шайық. — Ақыл төркини неде екенин ким айтып береди?

Ҳеш ким қылт етпеди. Маман Аманлыққа бир нәзер таслады. Аманлық түргелди ҳәм хан алдына келип ийилди.

— Ақыл төркини сабырлылық болса керек, шайқымыз, — деди ҳәм орнына барып отырды:

Шайық:

— Ойымның төркини табылды, — деп салды. — Мен ушын бир сораўды аўылымыздың ахуны Ешинияз ахун берсе қәйтеди?

Ғайып хан шеп қапталына бурылды. Ырысқул бий мақуллаған түр билдирди.

— Мениң сораўым: Төсектиң ҳасылы не болады? — деди Ешинияз ахун.

Есенгелди әўелгисинше шалт түргелди.

— Төсектиң ҳасылы жайнамаз болады, ханымыз, — деп ол ханның алдына барып еки бүгилди. Оның ҳәрекетин де, жуўабын да Ырысқул бий менен Мурат шайық тең мақуллады.

Гезек Ырысқул бийге келди, бирақ ол кишипейиллик еткиси келди ме, гезегин Убайдулла бийге өткерди.

— Ханымыз, — деди Убайдулла бий ханға бурылып: Мениң сораўым сизикине тақаббил. Айтсын жигитлер, «елде бай көп пе я жарлы көп пе?»

Изги қатардан Аллаяр тикейди. Бийлер оны унатпады. «Отырсын, керек емес», «алды менен өз нанын таўып жесин» деп ғаўырласты. Қозғалаң пайда болды. Шайық Маманның көзқарасынан бир нәрсе уққандай ханға бет бурды.

— Ханымыз, бир сапарға усы балаға да руқсат етерсиз бе?

Хан бас ийзеди.

— Әй, бала, — деди шайық. — Ханымыз уллы реҳим менен руқсат етти. Айт. Қысқа айт.

— Мениңше, ҳүрметли бийимиз, мал байлығын айтып отырған жоқ. Тосыннан бир шабыўыл болса, ўәссалам, малың кетеди. Байлық деген нәрсе адамның қәнәәти. Ким қанәәтли болса сол бай. Мәселен, күндеги тойғаныма, мен қанәәтшилмен. Усы елде мендейлер көп. Соның ушын дүньяда бай көп.

— Байлық қанәәтте, — деп ғаўырласты көпшилик.

Енди Ырысқул бий сораў берди.

— Иши дәртли адамды қалай билсе болады?

Бир кесе чай ишимге шекем ҳеш ким дәрпенбеди. Өз ара сыбырлы көбейди. Бийлер отырғанларға қарап телмиристи. Ырысқул бий қыйын сораў бергенине ҳаўлықты. Ханға қарады. Хан Мурат шайық пенен басқа султанларға алма-гезек бурылды. Усы ўақытта Маман түргелди.

— Ханымыз, — деп ол әдетинше ханға келип тәжим етип жуўабын баслады. — Адамның ишки дәртин еки мүшесинен көрсе болады. Биреўи тил, екиншиси көз. Дәрт тилге урса көп сөйлейди, көзге урса жылайды.

— Таптың, бала. Лекин, буны кимнен үйрендиң?

Маман жасырмады. Кузьма Бородин деген орысты динге үйретип жүрип еситкенин айтты. Ғайып хан селк етти. Қалпағы түсип кете жазлады. Халайықтың аўзы ашылып аң-таң болды. Сыбырлы көтерилди. Нәўбет Дәўлетбай бийдики еди. Ҳеш кимди көрмегенсиди, ҳеш нәрсе еситпегенсиди. Пәрўайы пәнсери ҳалда түргелди.

— Ханымыз, халайық, мениң сораўым жоқ. Оразан улы Маманның даналығына бас ийемен, — деп отырды. Бул «гәп әўелги сыбырлылардың үстине мала басып жиберди. Ҳәмме даўыс қосып шуўлады. «Маман дана», «Маман...» Арасында Аманлықтың, Есенгелдиниң атлары айтылды. Бул ала-сапыран даўысты басыў ушын, Ғайып хан ырғып түргелди. Алақанын алақанына урды. Даўысының барынша бақырып сөйледи.

— Халайық, сабыр етиңиз. Бийпарық болмаңыз. Кимниң дана екенин көрдиңиз. Қулақ пенен еситтиңиз. Биз Мурат шайық ҳәм бийлер менен аз ғана мәсләҳәтлесемиз. Ким дана екенин айтамыз.

— Ҳәзир айтылсын! Маманға қылаплық қылынбасын! Маман дана! — деген даўыслар басқа даўысларды басып, далада үстемлик сүрди. Ханның көзлери апалақлады. Журт шыдатпады. Хан ҳәзир жуўап бериўге мәжбүр болды.

— Қоңыратлар басылды. Ябылар ақыллы шықты. Маман жеңди, — деди.

Мурат шайық шын кеўли менен ырза болып, үнсиз ғана күлди ҳәм түргелип ханның шалғайынан сүйди.

Ырысқул бийдиң келбети Мурат шайықтың келбетине усаған. Жаслары қатар, тек кийимлеринде айырма болғаны болмаса, жыйналғандағы мәқсети де бир сыяқлы еди. Ханның ҳәзирги гәпинен кейин Ырысқул бийдиң мойынын биреў сындырып

кеткендей төмен еңтерилди. Хан келте адымлар менен гибиртиклеп жүрип «яшаң ябылар, яшаң» деп Маманның мойнына бий белбеўин байлады. «Мениң кеңесгөйим, атшабар баҳадырым боласаң», — деди.

Журт және ҳәр қыйлы пикир айтып ғаўырласты. Көпшилик мақуллаған менен наразылар да табылып атыр. Мурат шайық абырайды қолдан жибергиси келмей:

— Әзиз бийлер, тойымыз бар, мийман болыңызлар, — деп дағазалады.

Ҳәр руў ҳәр жерге шоқ-шоқ. болып, өз ара мәсләҳәтке жыйланды.

* * *

Қоңырат бийлери намысқа күтә буўлыққан еди. Бир-бирине қабақ үйип, хабарласпай турыпты. Ырысқул бий оларды бир жерге топлап тыншландырыўға нийетленди.

— Бийлер — деди ол, — Бир ғабырыслық кетсе керек. Мурнызыңдың тесиги төмен қарамасын.

Бийлер өз ара тоңқылдасты. Бири ябылардың алдында масқара болғанына қыйналды. Екиншиси, көпшиликтиң алдында қоңыратлар намысты қолдан бергенине өлгиси келетуғынын айтты. Үшиншиси, көпшиликтиң алдында қызартып жүрекке қоз басқан ханды айыплады. Және бири бүгин ябылардың тойында қалса, әбден қорланатуғынын ескертти. Ырысқул бий бәрине дәлил тапты.

— Бүгиннен баслап кәрўан жолды қорыў нәўбети қоңыратлардики.

Утылғанға иши-баўыры қанша ғыжласа да, ханға келип, кетиўге руқсат сорады. Хан зорға тур екен: «Барыңлар» — деди. Ырысқул бий Мурат шайыққа да, ябылардың басқа бир бийине де хабарласпады. Түнериўи менен бир үзик булттай атлыларды баслап аўылына жол тартты.

Жаўмаса ҳеш гәп.

* * *

Ябы руўының бийлери топарласып Маманды алма-гезек сүйип жүр. Устазы Мурат шайыққа бирим-бирим тәжим берип мелле шапанның шалғайына маңлайларын тийгизип атыр. Оларға

айрықша нәше ҳәм қызғаныш пенен қарап қытай руўының бийлери тур еди. Хан көрип қалып Дәўлетбай бийди жекке шақырып алды.

— Айт, бий, қытайлардың ойы қалай?

— Бул исиңиз бенен жақсылық самалын естирдиңиз, ханымыз. Жаңа дәўран басланса керек, — деди Дәўлетбай бий.

Хан мыйығынан күлди. Көк жийдедей келте бас бармағы менен ақ муртларын айырды, кетик тислерин ысты.

— Қуўан, қуўан, бий, — деди гүржик мойнын аспанға қаратып. — Бирақ, абайлы болыңыз. Ябылардың көкиреги қытайлардың көкирегиндей емес. Ғапылда қалсаңыз, ябылардың табанына түсесиз. Ябылар табанға түскенди аямайды. Женшип жибереди.

Дәўлетбай бийдиң көзлери алақлап, тили тығылды. Ашыў кернеди ме, еки ийнинен дем алып бир гүрсинди. Сөйлемеди.

— Бар атланыңлар, бий намысы — руў намысы, — деп хан келте бақайларын талтаңлатыўы менен, қуўанысып атырған ябылар топарына қарай жүрип кетти.

Шайыққа хабарласпастан Дәўлетбай бий де атланды.

* * *

Бир шетте Аманлықлар да шоғыртпақласып, өз ара ғаўырлы қурды: олардың ойынша бий белбеўи Аманлықтың мойнында болыўы керек еди. Зорлар зорлығын қылды. Сөйлетпеди. Ақыллы сөзи бар тилдиң ерки болмады. Қыбырлатпады. Абырайлы әке болғанда, ана болғанда, мал-дәске болғанда, бәри гүлалагүл болар еди.

— Өйдемеңлер, Маман бар, — деди Аманлық ҳәммени жуўмақлап. — Аўылларымыз үстинен тоқшылық самалы есетуғын болды.

Аманлыққа барлығы исенер еди. Жүзлеринде қуўаныш пайда болды, кишкенелери бул гәптиң мәнисин уқпай, таў етегиндеги аўылдың үстине нәзер таслады. Аллаяр ҳәр қашанғы әдетинше биреўдиң қулағына шертип жиберди.

— Анаған қараң, самал ябылардың, тойына ун үйирип киятыр. Ғаркәлләзий тоямыз, — деп қубла беттеги даладлықта көтерилген қуйынға қол шошайтты. Жолдаслары дуў күлисти. Аманлық қызарды.

— Мейли, кеттик. Маман аға ылашығымызға келип кеткенлерин умытпас, — деди Аллаяр басқаларды исендирип.

* * *

Ким қандай гәп айтса, бәри қула далаға айтылды. Маман атқа мингизилди. Бий болды.

Мурат шайық Қоңырат пенен Қытай руўларының не себеп кеткенин түсинбей, излеринен атлы шақыртыўшы жиберген еди, қайтыў былай турсын, хабарласпады да. Оның менен ябы руўының тойы бузылмады. Себеби, Ғайып хан қатнасты. Султан инилери, балалары менен қатнасты. Той үш күн даўам етти.

## 5

Көпшилик ўақытын шикәрда, той менен кеўил хошлықта өткеретуғын Ғайып ханның мийин айландыратуғын, шешиўи қыйын жалғыз ғана түйин бар еди. Бул кәрўан жол. Оның жәнжели көп, даўы ада болмайды. Усының үстине шаўқым көтерилсе, «бул шешиўи қыйын түйин» деп, қалақ басын алды менен қасыйтуғын ханның өзи. Негизинде, Ғайып ханды хан етип турған да усы кәрўан жол.

Бес жыллықта орыс патшалығы Орь дәрьясы бойына, Киши жүз бенен аралыққа жақын Орск қорғанын салыўды қолға алдырды. Орыс елшилери келгенде олар менен дос болыўға өзи тилек билдирген Абылқайыр хан бул қорғанға да жәрдем бериўге ўәде еткен еди. Халыққа салықты көбейтти. Себеп пенен қарақалпақлардың да жизия пулын молайтып жиберди. Ел әптада. Қоқтасынлы үйлер кем. Сол ушын да, бас итибар кәрўан жолға берилген. Себеби, өткен кәрўанлардан өнген бажы пулдың өзи елдиң төлемине бир аз қосеметкей. Пайданы бийорын шашпаў мәқсетинде кәрўан жолды нәўбет пенен қорыўды руўлар бөлисип алған. Ханның шешиўи қыйын түйини бажы өнбеген жағдайдағы аўҳал. Бийлер түўе Ғайып ханның өзине де бажы бермейтуғын күшли кәрўан басылары өтеди. Ондайлар Абылқайыр ханға айдап апарылыўы тийис. Усылай ислеўди Ғайып ханға тәнха тапсырған. Әсиресе, орыс кәрўанларын жолықтырмай жиберсе, Ғайып ханның жығалы кундыз соппасы жерге жалп етеди. Соппас ишинде баланың мушындай болса да Ғайып ханның геллеси бар. Абылқайыр мине усыны қатал ескерткен. Қарақалпақ бийлери болса тутылған кәрўан басылардың Абылқайырға жибериле бериўине наразы. Тек найлаж. Хан ханлығын етип зорлайды. Онысыз да аўзы ала бийлер ханға

биринши жаранғанды мәп билип, буйрықты басқасынан бурын орынлаўға асығатуғын әдети базбаяғы бар.

Ғайып хан сыр алдырмаў ушын ҳәзирги жүрисинен өзгермеўи, еки оттың арасында турса да, базда күлиўи тийис. Сыр кеткени, ғарбыз қарнынан шопақ шыққаны. Ис насырға шабады. Ақыры, булар да көкирегине урып «мен» деп жүрген бийлер. Биригип кетсе болды, өзи жарылайын деп турған ғарбыз қарынды паңқ еттиретуғынына ақылы алысады.

Ғайып хан базда усыларды ойласа, бир жағында от, бир жағында суў турғандай жүреги ҳәўлирип, тек шикарға шыға беретуғынының, белгили-баслы пикирсиз, толқынсақтай ығып кете беретуғынының, кәрўан жолды «шешиўи қыйын түйин» дейтуғынының да себеби усыннан.

Той тамамланып, хан өз адамлары менен атланайын деп атырғанда, сол «шешиўи қыйын түйиннен» атлы келди. Ырысқул бий жиберипти. Бүгин өтип баратырған орыс кәрўанын тутқан. Бажы төлемей, қарсыласады-мыш. Ханыңа жолықтыр деп доқ урады-мыш.

Ғайып хан албырап қалды. Айналасын қоршаған султанларға, ханды атландырыўға келип турған бийлерге «Не дейсизлер» дегендей қарап шықты.

Ҳеш ким ҳештеңе демеди.

Султанлардың бири:

— Ойланбаңыз, басыңызға зәлел келеди ханымыз. Бурынғыдай Абылқайыр ханға жибере бериң, — деди. Бул пикирди басқалар да мақуллап жабырласты.

Тутылған кәрўан басыны Абылқайыр ханға апар десе жасы үлкен бийлердиң, қынжылып, мойнын ишине тартатуғынынан хан жүрекшайды болған. Сол ушын жийде бармағын муштай басының шекесине басып аз ғана ойланды.

— Мурат шайық. Маманға үлкен ис тапсыражақпан, — деди. Күтә орынлы ханымыз, — деп қуўатлады шайық.

Ябы руўының гүллән бийлери ханның алдына келип бирим-бирим қол қаўсырды. Ҳәзир ғана қапаланып турған хан масайрады. Қамшысын көтерди. Бул буйрық етиў белгиси еди. Ҳәмме жым-жыртланды. Хан қатты-қатты сөйледи. Ертең өзи барғанша саўдагерлерди иркип турыўды Ырысқул бийге тез жеткериўди буйырып, кәрўан жолдан келген қоңырат руўының шабарманын қайтарды ҳәм ақырында Маманды сорады.

Маман ҳәммениң алдына шыға бериўге қысынды ма, мийманлардың бир атын шешиўге қолайласып шетиректе ғана тур еди. «Ләббай, ханымыз» деп ханның алдына жетип келди.

— Атланасаң! Қоңыратлар тутқан кәрўан басыны Абылқайыр ханға апарасаң! — деди хан.

— Буйрығыңыз қабыл, ханымыз.

— Айт қәне, жас бий, жасаўыл-атқосшыға қайсы бийдиң баласын қәлейсең?

Маман хан адамы саналып, бий атағын алғаннан кейин қасына жасаўыл ертип жүриўи шәрт. Жумсайды: атын ертлейди, қонақ жерде бий қәлейтуғын аўқаттың атын айтады, аўырса ғамхорлық қылады. Ал, бир жаққа шыққанда, бий жасаўылы деген аты болмаса, бий менен тең. Егер бийге жаранса, даў-жәнжелди де шешип кете береди. Сонлықтан, бай балалары ушын бийге ат қосшы болыў да үлкен ғәниййбет, үлкейген соң бий бостанлық береди. Еркин басшы болады. Бирақ оны бий болған адамның өзи таңлап алыўы тийис. Биреўге күшлиси, екиншиге ақыллысы, үшиншиге қыз минезлиси, төртиншиге дүзе жатары керек. Қулласы, ким қандай минезлини қәлейди, кейпи геллесинде. Маман бий бул дәстүрди бурыннан билетуғын еди. Ханның сораўынан кейин азырақ ойланып алды да, Аманлықтың атын айтты.

Шайық, «ҳим» деп қалды. Ябы бийлериниң көзлери адырайысты. Бул жуўап ханға да жақпады.

— Сүйегиң пәс пе, анадан жетим қалып натық болғанбысаң? — деди.

— Ханымыз ерк берген соң қәлегенимди сорап атырман, — деп Маман сыр бермей тура берди.

Мурат шайық шыдамады:

— Дурыс, ҳәзирги жетимлердиң көпшилиги бурынғы қоқтасынлы адамлардың балалары. Жунгарлар шабылыўынан берли әптада болып қол жайыўға көнлигип кеткен. Уяда көргенин қылып ғақылдаса, ҳалың нешик болар екен, балам? Аманлық сени бир күн мамықта жатқарса, екинши күни шобытына орайды. Мамықтың шобыт болыўы аңсат, шобыттың мамық болыўы қыйын, балам.

Маман истиң қаттыға кеткенин түсинди. Шайықтың алдына ийилип, Аманлықтың ақылы артықлығын, мамықтан ағла деп түсинетуғынын айтты.

Хан олардың тарысына гәп қоспады. Не менен жуўмақланатуғынын күтти. Ақырында, Маманның пикирине келискен болды, дәлил излемеди.

— Мурат шайық, Маманға ақ боз атыңның баласын енши қылыпсаң, билемен. Енди жасаўылына ат табыңлар. Көриң кетейин. Орнына Полат жасаўылдан ат жиберемен, — деди.

Мурат шайық күтә салқын кейип пенен, сары шекпениниң жағасын қаўсырмаған, көкиреги жүнлес, тапалдас, қара сақаллы, бир бийге ым қақты, хан атланаман дегенше сол көкиреги жүнлес бий бир қара ғунанды жетелеп әкелип ханның алдына кесе тартты.

— Жарайды, ертең кәрўан жолға жетиңлер, — деп хан атының жүўенин қақты.

Аўылдың ҳаўасы кеңейип, дем алыў бираз жеңиллесип қалды.

* * *

Аманлықтың атын өзи қойып, ондайларға жаны ашыйтуғын болған менен Маманның тап соны таңлағанына Мурат шайықтың иши-баўыры қамылды. От болып өртенди. Оразан батыр келсе не демейди? Исенип тапсырып қойған жалғызының келе болғанына, атқа мингенине, қуўанар. Ал, сондағы жолдасы ким? Саяқ, дийўана. Үш шайылық жалаңаяқ. Әне, баланы еркине қойсаң, усындай болады екен. Солар менен ойнайтуғын еди. Ҳаслан руқсат етпеў керек екен дағы. Әттегене... Ол усылай тисленип-тисленип, найлажлықтан Маманды үстине шақырып алды.

— Сен сол Аманлықты жақсы билесең бе? Жолдаслыққа исенимли ме? күшли ме? Мүриўбетти түсине ме? Ақыры, бий жолдасы ҳәмме тәрепинен бийдиң өзине сай келсин. Ол сеннен басқаның сарқытын жемеўи керек, — деди шайық шыдамай.

Маман оның шыны менен ашынып отырғанын түсинди. Сонлықтан зейнине тиймеди. Айыплы кисидей бас ийип тура берди.

— Ата, елдиң бир жалаңаяғы азайсын деп ойладым, Кеширерсиз, — деди.

— Мейли, енди қара гунанды апарып Аманлықты мингизип әкелеғой.

Маман Мурат шайықтың мелле шапанының шалғайы менен маңлайын сыпырды ҳәм бир сүйип шығып кетти.

Әйне түс пайыты еди. Аманлықлар бир гөне бөз көйлектиң үстине кепкен жүўери гүртиклерди үйип, таласып жеп атырғанының үстине келди.

Төрде, сабанның үстинде жатырған Бектемирден басқасының бәри өрре-өрре турды.

Маман Бектемирге жақын барып бетине үңилди:

— Аўырып қалдың ба?

— Меннен сора, Маман аға, — деди Аллаяр. — Кеше тойда аўырды. Аўырған өзи. Басқалар аўысық гүртикти кептирип қалтасына салып әкелди. Бул не қылды дeңиз, қәйерде сарқыт болса, өрли-ғурлы аўзына тығады. Гәсин шайнады, гәсин шайнамады, жута берди, жута берди. Аўзы уры ийттиң аўзындай болды. «Өйтпе, суў ишип алып же» десем, «суў табылады, Аллаяр аға, бундай гүртиктиң пайыты келе бермейди» деп, мине жатысы.

Ҳәмме дуў күлисти. Көзлери гиртийип атырған Бектемирдиң де ишек-силеси қатып, күлип еди, иши зуў етти. Бул басқалардың күлкисин және күшейткен менен, бәрин ылашықтан айдап шықты.

Қара ғунан есик алдындағы бир жыңғыл түбирге байлаўлы тур еди. Аллаяр таңланып күлкисин тыйды. Гә Аманлыққа, гә Маманға, гә балаларға қарады. Шыдамады. Сорады.

— Қайдан киятырсыз, Маман аға?

Маман күтә сабырлылық пенен сөйлеп, келген себебин түсиндирип еди, «ўа, яша» деп жиберди Аллаяр. Сөйтти де, Маманды бир, Аманлықты бир қушақлады.

— Қатарың атқа минбей атқа минбейсең екен. Қудайға шүкир. Ылашығымыздың жартысын даўыл ушыра беретуғын еди. Нығайыппыз, — деди ҳәм секирип барып Алмагүлдиң қулағына шертти. Оның «ўаа!!!» деп жылағанына барлығы күлисти. Иштен Бектемир шықты.

— Әне, күлкиниң пайдасы, — деп қойды Аллаяр.

Жетимлер күлисиўи менен қара ғунанды қоршалады.

## 6

Кәрўан жол әййемги «Жаңакент» қаласына жақынлап, өли тақырлықты бөлип өтеди. Шайықлар жақынлаған гезде алдынан атлы шықты. Хан Ырысқул бийдикинде қонып, кәрўан басыны сол жерге алдырған екен, шайықларды кәрўан жолға қуры ҳәлек болмасын деп алдынан жиберипти. Олар қайрылды.

Бийлердиң ҳеш қайсысы өзине не себептен қарсыласпайтуғынын Мурат шайық түсинер еди. Илим-ҳикметин сыйлайды.

Шайық олардың алдында еки сөйлеп көрген емес, усынысы ушын да сыйласа, итимал.

Деген менен, жасларды сынаў мәжлисине шекем аўзы бир сыяқлы болып жүрген бийлердиң Маман сайланғаннан кейин

тойға қарамай кеткенине ҳайран. Не ушын олардың тобы бузылды. Қылаплық болған жоқ. Басқа ҳеш ким емес, жалаңаяқ саяқлардай емес, өзлери ҳүрмет ететуғын Оразан батырдың баласы абырайға еристи. Атасы көргенли болса, баласы бийгүна қол байламайды. Бәлким, олар Маманның орыс бенделерди босатпақшы болғанын қараўыллардан еситип, шайық өз аўзынан айтпағаны ушын гийне қылған шығар. Имканияты жоқ бунын. Жаман нийетлер тилге басыла берсе, жақсы емес. Биреў болмаса биреў. Маман дурыс айтқан десе, қапылғаны. Ел айбаттан айрылады. Ел айбатсыз болса, басшылардан журт шийткийди. Сол ушын да, өзи, тәнҳа өзи қараўылларға ўәде берген. «Сыртқа шығарман, Маманды оқтай қыламан», деген. Қараўыллар кисиге айтпайды.

Сонда олардың кетиўинде не сыр бар? Ҳаслан тийкар жоқ... Өз дәрежесин ҳәммеден артық санайтуғын бийлерге тойдың бир хызмети жақпай қалған шығар. Бундай өкпелесиўлер жаңалық емес! Сонлықтан, шайық олардың өкпелеп кеткени жөнинде умытты да, алдына шыққан хабаршы менен сөйлескеннен кейин әўелги гүптикейи және пайда болды. «Бәлким, қараўыллар шийкилик қылған шығар. Өзлери айтпай турып, кеширим сораў жақсы». Ол өзиниң абыржыў ойларын Маман менен де ортақласпады.

Хан гүллән бийлерди қасына жыйып, Ырысқул бийдиң отаўы алдында бир топар болып тур еди. Шайық оларды көрип аттан түсти. Маман оннан бурын шырп етип атын жылаўлады. Сөйтип екеўи атларын қосшыларына услатыўы менен пиядалап келип, хан топарына айрықша иззет пенен узақтан сәлем берди.

Хан қайтыўға асығыс екенин, бүгин көрмесе, қуслары менен ийтлери жүдә сағынып қалатуғынын айтып, шөгип атырған үлкен нарға ийегин нусқады.

— Бүгин әкетилмесе, Абылқайыр ханның Хорезмге кетип қалғанының үстине барыўы мүмкин.

Нардың үстиндеги шертекшеде еки саўдагердиң қолы байлаўлы, шөгип отыр. Шайық олардың шаршаған жүзлерин көрип, тамағы аш-тоқлығын сорады. Ханның орнына Ырысқул бий жуўап берип, тез әкетиўи ушын ҳәмме жағынан саз етилип қойылғанын айтты.

— Атлан, — деди шайық қасындағы Маманға.

Маман оларға жүдә миннетдарлық пенен тәжим етип болып, нарға қарай асығып жүрди ҳәм нарды тикейтип атлары қалған жаққа қарай жетеледи.

Нардың буйдасын Аманлыққа услатты да, қарап турған топардың алдына келип ҳәр бирине тәжим етип хошласты. Аманлық қара ғунанына минип алып, Маман ийеги менен көрсеткен тәрепке қарай нарды жетелеп кетти.

Шайық топтан бөлинип шығып, Маманды тоқтатып нәсиятлады.

— Жолда балалық қылма, аман, тез жеткер, балам. Кешиктирсең, Абылқайыр хан Хорезмнен қайтып келгенше күтип қалыўға мәжбүр боласаң. Иркилгениңде ҳеш гәп жоқ, кәрўаны тоқтаған патша қарап жатпайды, ашыў менен үстимизге әскер айдап қан төгеди. Бундай қан төгиўге себепши болма. Пәнди нәсиятым, жолда кәрўан басы менен сөйлеспе, сыр алады.

Маманға, оның өзине сай ат қосшысына, қызғаныш көзлери менен қарап турған бийлерди көрип хан бақаншақтай алақанын шот маңлайына сая қылып, қасындағы Полат жасаўылдан сорады:

— Маманның жолдасы ким?

— Анаў күнги Аманлық деген бала, ханымыз.

— Бийкар болған. Байқошқар бийдиң Есенгелдисин қосыў керек еди.

Ол өзиниң гәпи менен отқа тамызық салыўды мақсет еткенин билдиргиси келмей, кейин шегинди, Ырысқул бийге «бизлер-әм атланайық», — деди. Ырысқул бий ханға ырза болып:

— Кеўилдегини таптыңыз, лекин, — деп изин айтып үлгерген жоқ, шайық келип қосылды. Ол Ырысқул бийдиң бир нәрсени айтып үлгере алмағанын шырайынан абайлап, «Маманның орыс бенделери жөниндеги ойын жасырып, ғыйбат гәпке арқаў болмадым ба екен» деп гүманланды. Сөйтип, ырасынан келмекши болып турды да, ақыбетине аз ғана ақыл жуўыртып және сақланды.

Хан өз шоғы менен атланды. Оны узатып салыў ушын гүллән бийлер атланды.

* * *

Маман аўылдан алыслап тоғайға киргеннен кейин, асығып, нарды қамшылады.

— Бала бий, қызба, асықпа! — деди кәрўан басы.

Маман еситпегенсиди.

— Бала бий, бизди қайда апарасаң? — деди кәрўан басы және.

— Сизлерге сөйлеў қадаған!

— Байланса қолды байлаған. Жаўырыншасыз жас бий, қатты кете берме.

Маман бундай жумбақлы гәплерди анықлағанша шыдамайтуғын еди.

— Ол не дегениңиз? — деди.

Кәрўан басы күлди.

— Бурынғы ғарры бийлер сорамайтуғын еди, жас бий, сорай ғойдың, айтайын. Аталарыңның сүйенери жоқ, сонда да тас жүреклилик еткиси келеди. Билип қой, бала бий, тас жүрек болыў ушын арқаң тауға сүйенген болыўы керек. Сизлердиң сәл епкинге төтепки бергендей, ең болмаса, тери жаўырыншаңыз жоқ. Сынық қазанның бир мүйешиндей жерди ийелеп алып, кәрўан жолдың лийкини жеткенге жән жағымыз таў демең, жән-жағыңыз қум. Сәл епкин турса қум көтерилип, өзиңизди басып, жоғалып кетесиз. Билесең бе, сен бизлерди жазалаўға апаратырыпсаң. Бирақ бул биз ушын шортанды суўға таслаған менен барабар. Қайтама сениң ҳалың қыйын.

— Шай урғанда паналарға кеңирек қанат таппай жүрген жетим шөжелер, ҳалын билмей, шоқыйды екен, — деп кәрўан басының жолдасы селк-селк күлди.

Маман түсинди ме, түсинбеди ме, ҳәм ашыўланды, ҳәм кеўли елжиреди. Қалай да өзин тутты. «Көп сөйлеспеў керек, сыр алады... Кәрўаны тоқтаған патша қарап жатпайды...»

Кәрўан басының да ишек-силеси қатып күлип-күлип, жолдасы менен арқа сүйесип нар үстинде пәрўайсыз уйқыға кетти.

* * *

Хан бийлерди қондырыўдың машақатынан қашты ма аўылына жақынлаған соң олардың тарқасыўына руқсат етти.

Мурат шайық ушын қолайлы пайыт туўды. Атлылардың ортасында әстен-әстен баратырып, өткен сапарғы бас қоспада Ырысқул бийдиң айтқанын ҳәммениң есине салды:

— Әзиз бийлер, «ойланып қарасақ қосыўыспыз, бирақ тәкәббир елмиз. Көсеў бизики, қызғыны Абылқайырдың адамларыники».

Өз гәпи түйдеклеўли ақыл болып ортаға тасланғанына Ырысқул бийдиң ўақты хошланды, бирақ суўыған кеўил тез жылымады.

— Шайқымыз, жүдә жақсы ой саласыз, лийкин изин шонтық шығарыўға әдетленежақсыз, — деди Ырысқул бий. Оның кеўлинде не әндейше сақлаўлы қалғанын Дәўлетбай бий түсинди.— Маманға қоңыратлардың Есенгелдисин жолдас қылыў керек еди, — деди.

— Ханымыз да усыны мәсләҳәт еткен, — деп салды Убайдулла бий.

Шайық гүллән сырды енди аңлап, Маманның бенде орыслар жөниндеги пикири салынған қазанның қақпағы еле жабық екенине қуўанды. Енди Ғайып ханның сырларын паш етиў керек пе? Жоқ, ханлық ата-бабасынан мийрас адамға қарсы сөйлеў — әўлийеге кесек атыў. Кесапаты пүткил қарақалпақ елине тийеди.

— Маман сарпай әкелсе, бөлистирермиз ҳәм Есенгелдини жолдас қылармыз, — деп шайық Ырысқул бийдиң кеўлин алды.

Тоңның үсти жибискендей болып, атлылар жанланды.

— Шайқымыз, бийлер, бизлер усы неге қона-жатыўға шикарға шықпаймыз, — деп салды Есим бий.

Бул ҳәммеге унады.

Мурат шайықтың усынысы менен еки-үш күн ҳәр ким бала-шағасының, руўының алдында болып, келеси пийшембиге «Жаңакенттиң» қасында жыйналысыўға ўәделести.

Тарқасты.

## 7

Еки жастың көкиреклери өскин, кеўиллери хош. Олар бир кәлата ел менен оның ханы атынан, буйрық бузғанларды апаратыр. Анаў-мынаў маңбасқа исенилмейтуғын тапсырма менен баратыр. Мулт жибермеў ҳәм қарыз, ҳәм парыз. Оның үстине Абылқайыр хан менен дийдарласыў бахты ҳәр кимниң шегине түсе бермейди.

Олар усы ойларын көзқараслары менен алмасады, ым менен күлиседи. Сөйтип, хан аўылына жетиўдиң мүшкиллиги де сезилмеди. Қоңыраўдың рети келип қалған жағдайда гезек пенен уйқылайды. Шала уйқыға көнликти. Буйрығын тәрк еткен кәрўан басыларды қашырмай апарса, үлкен ханның нендей алғысына, қайсындай сарпайына сазаўар болады? Биринши табысы — сарпайды өзи алыўға болмайды. Маман ҳә дегеннең устазы Мурат шайыққа бериўди ойлады. Ал Аманлық-ше? Аманлық жорасы Аллаярға бериўи тийис. Ол қанша қуўанышта қалды. Аманлықтың атқа мингенине, ҳәтте өзинен де, Алмагүлден. де артық қуўанды. Әлбетте, соған бериўи тийис. Аманлық нар жетелеп, Маман изинен айдап киятырғанына қарамастан, гә жерлерде тек жақсы қыялларға берилген гезде қарасатуғын болса керек, көзлери ушласса мыйық тартып күлиседи.

Нар үстиндегилердиң олар менен иси жоқ. Тойға, ҳәз етиўге баратырғандай. Қайғысыз. Қайтама буларды аяйды, гейде «шаршасаңыз, дем ала қояйық» дейди. Имканияты болған ўақытта да, қашыўды ойламайды. Бирақ бир жола қолларын босатыўды өтинип оның менен қылаплық қылмайтуғынын айтып еди, Маман исенбеди. Өзлери мәрт көринеди, қайтып соранбады да.

Хан аўылында үйлер жүдә тығыз қонысласады екен. Маллары тысқарыда болатуғын болса керек, басқа жердегилер усап аўыл арасында мал көринбейди. Олар хан үйин сорамай-ақ таныды, шоқ аўылдың дәл ортасында қатара жети отаў тигилген, бул отаўларды сырттан бақлап найзалы атлылар жүрипти.

Атлылар бир-биреўине хабарласты. Ол тек силтеп қалмады, хан үйине баслап, үш-төрт жүз қәдемдей қалғанда, өзи аттан түсти, буларды да пияда жүриўге мәжбүрледи.

«Сан-шәўкети бизиң ханнан он барабар күшли екен» деп қойды Маман.

Абылқайыр хан үйдиң ийнеўине арқасын берип далада тур екен. Еситиўлери бойынша Маман бирден таныды. Орта бойлы, бетиниң ҳәр алмасы отқа пискен аўырықтай қызғыш-сары, шоқ қара сақалы бар, муртлары тек езиўлигинде шоқланған, зер жағалы тоны сүйретилген киси еди. Баслап келген өз адамын тыңлап болып Маманға бурылды.

— Жолда азапладың ба?

— Жоқ, ханымыз, — деди Маман жерге дизерлеп, Аманлық та дизерледи.

— Тозғақ елдиң жас бийи менен атқосшысына екиден дүрре, әкелген бенделериниң қолларын шешиң! — деп буйырды хан ҳәм ишке кирип кетти.

Маманның өзи теңлес төрт жигит келип кәрўан басы менен жолдасын босатты. Маман менен Аманлықтың қолларын байлап ҳәр қайсысына жуптан дүрре урды.

Ханның не буйырғанын Маман шала еситкен еди, наразы болып дүррешилердиң биреўин шығанағы менен түйип жықты. «Ҳайўанлығыңызды ханға айтаман»! — деп тисленди. Ол буның менен жеңиллик алған жоқ, ашыўланған жигитлер және жуп дүррени артық урды. Маман жығылып жатырып кәрўан басылардың хан отаўына еркин кирип баратырғанын көрди ҳәм Абылқайыр ханның саўдагерлерге:

— Қарақалпақ ҳалын билмейтуғыи ел, ҳәр келгенин дүррелеп «енди өткен орысларға тиймең» десем де қоймайды. Сыпырынды елдиң арғысында болмаса керек, — дегенин еситти.

Соның арасында Маманларды төрт, жигит түйгишлеп көтерип шетки бир үйге киргизди. Уратуғын шығар деп ойлап еди, олай болмады, қонақ асы келди. Аманлық екеўиниң ортасына бир қойдың писken геллеси қойылды. Азап ҳәм иззет! Олар ҳайран. Түсине алмай ишлери ғыжлады. Олар менен қайтып хабарласқан адам болмады. Түнде далаға шыққанында ергенектиң қасында еки жигит турғанын абайлады. Сөйлеспеди. Соннан үш күнге шекем адам хабарласпады. Ҳақыйқат қамаўда. Ергенекти илип сырттан адам турады.

— Айтшы, Маман аға, бизлер адам айдап келиппедик, я бизлерди айдап келиппеди? Умытып қалдым, — дейди Аманлық. Маман түсинбей күледи. Төртинши күни азанда ғана ақ сақаллы бир ғарры пайда болды. Көк мақпал тыс түлки тумағын шешип, тақыяшаңланып:

— Қарақалпақтың жас бийлери, — деди ғарры. — Қайтсаңыз азатсыз. Боламыз десеңиз, бола бересиз. Уллы мәртебели Абылқайыр хан азанда Хорезмге атланар гезинде сизлердиң жас үлкенлериңизге сәлем айтып барыўыңызды тапсырды. Буйырған еки дүрреси көзаба ушын еди, соны ескерт деди.

— Кеширерсиз, ата, әўелги дүрре ханның өз буйрығы ма еди? — деди Маман шалтлық етип.

— Бизиң аўылда ханнан бийҳүжим ат киснемейди, — деди ғарры. — Есиңизде болсын, хан дүрреси — май дүрре. Тисиңизден шыға берсе, отыз еки тистен айрыласыз.

— Жазығымызды билип кетсек бола ма? — деди еле ҳеш кимнен бийдәрек сөз еситип, қамшы жеп көрмеген жас бий.

— Уллы елдиң саўдагерлерин иркип, кәрўан басысын азаплап тутқын қылғаныңыз ушын сизлерди өзимсинип, солардың көзинше урғызып атыр. Ханымыз иләҳийда кең пейил, шарапатлы адам. Изинен жайма шууўақланып, қонақ асыңызды мол қойдырды. Балалар ер көринеди, қайтара бер деп кетти.

— Биз әкелген саўдагерлер...? — Маманға изин айттырмады,

— Олар менен исиңиз болмасын. Ханның өзи күймесине мингизип кетти. Жақынлатып түсирип кетеди, — деди ғарры. — Жас балалар екенсиз, ескертейин. Бул аўылда не көрсеңиз, аўылыңызға барған соң тистен шықса, отыз еки тисиңиз тамағыңызға кетеди.

Маман көп сырлы хан аўылында иркиле бериўдиң қәўпине түсинди. Ғаррыдан ҳештеңе сорамады, қарсыласпады, руқсат болыўдан бул ўақыялардың сырларын жете изертлемей-ақ жылдамырақ кетиўди ойлады. Тез атланды.

— Аманлық, — деди Маман хан аўылынан қара көрим кеткен соң. — Буларға не деймиз?

— Бийим, қол жайып күнелткен адамның көзи соқыр, қулағы гереӊ болады, көрмедим, еситпедим, — деди Аманлық.

— Баяғыда маған бир гәп айтқаның есиңде ме? Қасқырларды босатқаны ушын Абылқайыр ханды шаймий дей ме халық?

Бородинлерди босатыў қыялын ортақласқанда Маманға айтқан гәпин еслеп Аманлық қызарды, бирақ жеңислик бергиси келмеди:

— Өгиз бенен өгиз табысып баспақларды сүзди, — деди.

Маман күлди ҳәм қатал кейипке берилди.

— Аманлық, қулақ сал, мениң ҳәм қорлығым келип киятыр ҳәм бурынғы көзим жеткен қыялларыма исенип киятырман, биз билетуғын әтираптағы ең күшли, ең үлкен халық орыслар. Мен саған олардың ертеклеринен айтқан шығарман. Абылқайыр ханның орыс саўдагерлерине қалай жаранғанын уқтың ба?

— Уқтым.

— Енди Бородинлерди азат етиўге қайылмысаң?

— Кисиниң қолындағы кисенди шешиўге ерлик етпестен бурын өз билегиң ҳаққында ойлаў керек болмас па екен, бийим?

— Жоқ, Аманлық, биз орысларды қыйнаў менен Абылқайырға жағынамыз деп жүрип, өз үстимизге қара булт айдап келип отыр екенбиз. Түсиндим. Абылайсаң басланбастан бурын, бир илаж еткен мақул.

— Мурат шайыққа айтып, ойласыў керек.

— Керек емес. Ол кисини инандырыў қыйын. Бәлким, билетуғын да шығар. Келген адамға хан сарпай жаўып турғанда, бизге бул гезек жетиспеген болар еди.

Аманлық үндемеди. Аттың жүўенин өз еркине жиберди. Ойланды: «Қалай еткенде мақул болар екен? Маманға ақыл бериў керек. Ойласқан адамға «өзиң бил» деў-әм адамгершилик нышаны емес, лекин дурыс кеңес болсын. Абылқайырға ашыў менен орыслар босатылса, Абылқайыр еситсе, өлимге буйырады. Болмаса, Абылқайырдан қорқып өзимиздиң Ғайып хан-ақ урып өлтиреди. Қатарың атқа минбей, атқа минбейди екенсең. Оның үстине биздей сорлыларға меҳрибан жас бийди өлимге ийтермелеўге ҳақым жоқ.

Аўа, аўа! Ҳақылы емеспен. Босатқысы келген күни өзлери босатар, Маман несине араласады. «Жыласа жылайтуғын, өлсе өлетуғын бенде орыслар — кәпирлер...»

Маман Аманлықтың ойларына пүткиллей қарама-қарсы ойда киятыр. Бир жола Мурат шайық пенен әкеси Оразанның тарысқанын есине түсирди. «Онысыз да жаўымыз көп, орыс бенделерди қашырайық» — деди Оразан батыр. «Абылқайыр менен Ғайып хан сүйегимизди ийтке таслатады. Айбат ушын сақлатып қойыпты», — деди шайық.

«Айбат ушын! — Өзинше мысқыл етти Маман. — Кимге айбат екен? Қайтама қарақалпаққа қорлық ушын сақлатып қойыпты. Усыны неге мениң сорлы әкем сонда түсиндирмеди. Жоқ, айбат болмай-ақ қойсын. Тулып болып-ақ қалайын, босатаман».

— Аманлық! — деди Маман бирден. — Мениң сеннен тилегим: маған қарсы келме, берекет тап. Мақул де. Бородинлерди азат етемиз. Олар ғайры динли болса да адамлар. Көз жаслары сениң менен бизиң көз жасымызға усайды. Бәри бир, биз босатпасақ, Абылқайыр суўсынға тойған күни келип босатып, жаман атты және бизге аўдарады. Көзим жетти. Айда атыңды, енди қарсы кеңес берме, — деп Маман атын қамшылады. Ақбоз ғунан қуйындай ушты, изинен Аманлықтың қара ғунаны қулдырады.

Өзге сөйлесилмеди.

* * *

Тас қапының қос қараўылы, ханға мәлим, сынақтан өткен, ағайин-туўғансыз, гелле кесер, бойдақ адамлар. Аўмастырылмайды. Ханның, я Мурат шайықтың жарлығы болмаса, қасына жолаў мүмкин емес. Екеўи де мерген. Есик-төрли жерден найза силтесе, дәл тийгизеди, адамды сеспей қатырады. Қоллары да пәтли. Қара көрим жердеги адамға тас жиберсе, тийгизеди, пәти жығады да. Қапталында етек-етек жумалақ таслар жатыр. Буны Мурат шайықтың шәкиртлери терип әкелип берген, оған Маманның да қатнасы болған. Бирақ бул қатал адамлар ханға мәлим болғанына қарамастан Мурат шайықтан күтә ғәрезли. Аўқат шайықтың үйинен жибериледи. Маманның сыры әшкараланбай — тек шайыққа еситилип изи туйық болып кеткениниң себеби усыннан. Егер олай болмағанда өткен той күнлеринде ханнан келген адамларға айтып қойған болар еди. Қулқын олардың рабайын жыққан.

Маман сол кетистен қайтып тас қапыға жақынлатылған емес. Себеби, шайықтың өзи қадаған еткен. Қараўыллар жолатпайды. Қалай жақынласып, тас қапыны қалай ашыў керек? Айқасатуғын күн туўса не қылады? Байлаўға күшлери жетпегенше? Әззиниң күши тыйық та. Тыйық силтеп өлтириўге туўра келсе?!

Маманлар аўылға жақынлаған соң әне усылар жөнинде бас қатыра баслады. Көп тартысты. Зорға дегенде бир пикирге келип жол өндирди.

Өзлери дийдилеген ўақытта аўылға келди. Атларын бир бүктиң арасына байлап, тас қапыға даўыс жетирим жерде отырды.

Бенделер менен қараўылларға кешки аўқатты тасыйтуғын ғарры — шайықтың балаларын ойнататуғын ғарры, күндеги мүддетинен сәл ертелеў, арбалы киятыр еди. Екеўи пиядалап алдынан шықты. Ғарры Маманды танып қуўанып кетти.

— Шырағым, қашан келдиң? Әстапыралла, еситпегеним бе? Шайық атаңның өзи болмаған соң еситпегенмен ғой. Аўа, атаң болмаса, ҳештеңе даңғара бола бермейди.

— Шайық атам қайда кетип еди?

— Шикәрға кетти. Бүгин үш күнниң жүзи. Қона-жатаға кеткен. Жас үлкен бийлерди жыйнап кеткен.

— Неге арбалы киятырсыз?

— Азанда келе алмадым. Сол ушын ҳалқасын, түслигин, кешлигин қосып әкиятырман. Бийшаралар адам баласы ғой. Аш болып атырған шығар.

Маман ғаррының туў сыртында турған Аманлыққа көз қысты. Ол ғаррыны қапсыра қушақлап жықты. Ғарры ҳеш нәрсеге түсинбеди.

— Ҳаў, ҳаў, сен Маман емес екенсең ғой, — деп үлгерди болғаны, Маман күлип жүрип оның аўзын белбеў менен таңды, Аманлық аяқ-қолын шандыды. Шеттеги бир түп жыңғылдың астына жатқарып, екеўи арбаны айдап кетти.

Қараўыллар ҳақыйқаттан да аш екен. Нан ийисин сезип қуўжыңласып қоя берди. Алыстан-ақ «айда, тез айда» деп бақырысты.

Қараўылдың муртлаш қызыл көз биреўи Маманды көрип таңланып қалды. Маман ҳештеңе билмегенсип сәлем берди. Азаннан бери кешиккениниң себеби исенимли ғаррының аўырып қалғанынан екенин түсииндирди. Шайықтың еле жоқлығын, ақырысында шыдамай өзиниң әкелгенин өзинше сөйлей берди. Екинши қараўыл гәп тыңламай, арбадағы нанға қол урып, өрли-

ғурлы жеп атырыпты. Қызыл көз муртлас та жуўасыды. Найзасын қойып арбадағы нанды алды. Азықшыны ишке киргизбей, бенделерге де қараўыллар үлестиретуғын еди. Олар усы жақларын есапқа алмапты. Бул бәдәйбат қудайбийзарлар жекпе-жекке адам шыдатпайды. Маман муртластың сүйеўли найзасын әўеле сыйпап көрип, соң қолына алып, бирден муртластың өзине тутты.

— Шаншаман, жат!

Аманлық анаўсының найзасы менен әлле қашан ойнап турған еди, ол да Маманның ислегенин иследи.

Муртлас дир-дир етип, шала шайнаған нанын қылғындырып жутып, Маманға қарады. Оның ырас шаншатуғынын билип, буйрығы бойынша бүкке түсти.

— Байла муртласты! — деп буйырды Аманлық өз пайына тийген қараўылға.

Ол қалтыраўы менен муртластың қасына келди. Муртлас көзлерин алартып тисленип еди, ол бәсти. Маман найза менен муртластың еңсесине қойып салды. Азаннан бери аш адам дус төменине жығылды.

— Есикти аш! — деп Аманлық жуўас қараўылдың жалаң аяғына найзаның ушын тийгизип алды. Қараўылдың балтырынан қан сорғалап, есикти ашыў менен болды.

— Кузьма Бородин! — деп даўыслады Маман.

Ол есикке жақын келип тур екен. Сырттағы аўҳалды көрип, ҳеш нәрсеге түсине алмай, аң-таң болып тур еди.

— Байлаўға жәрдем етиң! — деп Маман қараўылларды ийеги менен көрсетти.

Кузьма Бородин тағы биреўдиң атын айтып шақырып, еки қараўылды қундақлап таслады.

— Азатсыз! — деди Маман найзасын жерге таслап.

Қапыға жақын келгенлерди қараўыллар тас пенен уратуғын болғаны ушын бенделер қорқып қалған еди.

— Азатсыз! — деген таныс даўысты еситип бәри жуўырысып келди. Буны көрип ҳақыйқат жағдайға түсинип шуўласты: «Қудайға шүкир», «Мың жаса, Маман», «Қуда рахмети жаўсын», «Жақсылығыңды умытпаймыз!», «Әўладыңның маңлайына шаң тиймесин!».

Күн батып геўгим түсип баратырғаи ўақыт еди. Маман Кузьма Бородинниң асығыў кереклигин өтинди, өзлери узатып салатуғынын айтты.

Кузьма Бородинниң еки көзи қундақлаўлы қараўылларда еди. Маман қыялын түсинди.

— Өлтириў керек емес. Сизлердиң орныңызға салып қулып урамыз, — деди.

Кузьма Бородин жолдасларының тез жолға шығыўына тәртип берди.

Асығыс кийиниў, патты-саттыны жыйнаў басланды.

Аманлық тез кетип атларды әкелди. Оларға еки әззи ҳаялды балалары менен миндирди. Түн айсыз еди. Жулдызлардың жақтысы менен бағдар таўып, Кузьма Бородин, Маман қатара қолтықласып жол баслады. Ҳәмме ерди.

Олар соңғы қораз шақырымында ғана хошласыўға иркилди.

Кузьма Бородин айрылысар гезде Маманды баўырына басып маңлайынан сондай меҳир менен сүйди, рус адамының ыссы деми жасында еркелетип сүйген анасының демин, узақ жолдан сағынып келген әке демин есине салды. Бул да қушақлап сүйди.

— Ҳош, Маман! Бәлким, көрисермиз, бәлким, көриспеспиз, — деди Бородинниң даўысы қалтырап. — Усы ўақытқа шекем айтпаған бир сырым бар еди. Инанбас деп айтпадым. Жөгилик етип атыр демесин деп айтпадым. Иним, уқ, қарақалпақ ели аз ел, бирақ жаўынгер ел, бул сөзим, бәлким, көтермелеў болар, жаўынгер емес ел болмайды. Лекин, жүк салмағын көтерисер дос табыңлар. Елиңниң өткени менен таныспан, келешегин ойла, қарақалпақтың жас бийи. Өз халқыңның ғамын ойламаў — өз ғамыңды ойламаў. Есиңде болсын, халқыңды бир емен, руўларыңды оның тамырлары деп бил. Көп тамыр бир өзекке мәлҳәмлик берсе, емен саяманлы болады, ҳәммениң дыққатын аўдарады. Хош, хош, Маман бий, саған алла рәҳмети жаўсын!

Кузьма Бородин соңғы гәплерин сәдде-сәдде қылып айтқаны соншелли, оның ҳәр бир сөзинен мәңгиге ойланатуғын терең мәни, аўыр салмақ аңлады Маман.

— Жолыңыз түссе, бир инишек бар еди деп еске аларсыз, Кузьма аға, — деди ол әстен ғана. Басқа тилек айтпады.

Таң сағымына араласа үркип ушқан бир топар қуслар секилли, еркеклердиң қолларында малақайлары былғаңлады, ҳаяллардың қолларында жаўлықлары желбиреди. Олар көзден ғайып болғанша Маман менен Аманлық қалпақларын былғап-былғап қалды...

Атларына минип аўылға бет алғанда ғана олар азықшы ғаррыны еследи.

— Алла бәрекелла, о бийшараның ҳалы нешик болар екен; Өлип қалмаса!

Асығып атларын қамшылады. Таң ата баслаған менен еле әдеўир қараңғы еди. Бир шуқырлықтан жалын шықты. Екеўи де ҳайран болды. Солай бурылды. Отқа абынып отырғанларды екеўи бирден таныды. Булар Мурат шайық басшылығында шикәрда жүрип қонып қалған бийлер еди. Отқа кийик ислеп жеп отыр.

— Барамыз, — деди Маман.

— Сыр алдырмаймыз ба?

— Олар менен мен сөйлесемен. Ҳәзир атланса, Бородинлерге жетип алады.

— Әжеп, бийим.

Олар ат сабылтып келип, бийлерге тәңир сәлемин берди де атларынан ғарғып-ғарғып түсти.

Бийлер де мәс екен. Маманларды сағыныш пенен ортаға алды. Жаслардың жүзлеринен әлле қандай албырап-қысыныўдың изин абайлаған шайық сорады.

— Абылқайыр хан азапламады ма!

— Биледи екенсиз ғой, шайқымыз, — деди Маман.

Ырасын айтқан жас бийдиң ашық минезлилигине бийлер мыйығынан күлисти.

— Абылқайыр ханды ханға емес, еки жүзли қатынға мегзеттим, — деди Маман күйинип.

Бийлер дуў күлисти. Бул олар ушын жүдә рәҳәтли күлки болды, себеби Маман бий олардың бир-бирине айта алмай иште бүклеп жүргенлерин айтты. Шайық ортада ғыжлап турған сексеўилдиң шоғынан көз айырмай ойланып отырып:

— Ашық айт, балам, басқа иззет-ҳүрмети болды ма? — деди.

— Шайқымыз, Абылқайыр хан бизди бассынды. Лаплап турған жүрегимиз музға басылды. Суўып қайттық. Орыс кәрўан басысы дурыс айтқан екен, бизде сүйеў жоқ, жаўырыншамыз жоқ, сол ушын қорлайды, — деп, Маман кәрўан басылардан не еситсе, хан аўылында не көрсе, ким қалай сөйлесе, усағын түсирмей жүдә күйиниш пенен сөйлеп берди.

— Шайқымыз, булар дурыс айтады, — деди Убайдулла бий.

— Бизлер де тапсырмасын орынлаймыз деп талай «жөги» дүрресин жегенбиз. Тисимизден шығарыўға отыз еки тисимизди тамағымызға кетеди деп қорқамыз. Булар балалық етип сөйлеп отыр.

— Нәлет болсын Абылқайырға, — деди Дәўлетбай бий гүңкил-денип. — Маманға орыс саўдагери айтқандай, ол хан жаўырыншамыз жоғын, киси қорқытқандай күшимиз жоғын биледи. Өзи орысларға қыйсаңкөтлик етип, Орта жүз бенеп Уллы жүзди бағындырып алыўды мақсет етип жүрсе керек.

Ойлы отырған Ырысқул бий де қызды;

— Ойлап қарасам «биз қарақалпақпыз, төрт сан ел қарақалпақпыз» деп көкирекке бийкар урып жүрген қусаймыз. Усындайда арқамыздың жалаңашлығы сезиледи. Абылқайыр реҳимли хан усап бизге қырман суўыртады, кисиге берерге зыядатый нан таба алмаймыз. Ҳайранман!

— Ырысқул ата, самал аңсаған қырманшыға самал жиберип қабын бос қалдырса ҳәм бола берер екен, — деп Маман қосып қойды.

— Нан тапсаң дастурхан излеймиз. Туншыға бердик, — деп сарсылды Есим бий.

Барлық бийдиң ғәзепли сөзлерин еситкен шайық Маманға тикленди.

— Қәне, Маман, не ойлап қайттың, не кеңес бересең?

— Абылқайыр ханның бизге тезек тергизип, марапат орнына басымызға тезек қап кийгизип жүргенин уғып қайттым. Келсек, сизлер жоқ екенсиз. Хан сумлығының алдын алайық, — деп келе сала тас қапы астындағы орыс бенделерди азат еттим...

— Не дейсең!

Жолбарыс ақырғандай болды. Маман селк ете қалды. Бийлердиң ҳәммеси қозғалаң тапты.

— Елдиң айбат балтасын суўға тасладым десеш! — деди Ырысқул бийдиң даўысы қарылдап.

— Қул қутырса қудыққа қармақ салады деген усы болса керек, — деди Дәўлетбай бий жекиринип. Маманға ҳәмме алып топылды. Сөйлемеген бий қалмады. Ҳәзлик бузылды. Ҳәр ким өзинше кейиснама билдирип атыр. Шикәр ҳәзлиги бузылды.

Маман олардың ғәзебинен албырамады.

— Босаттым, жас үлкенлер! Үш күн болды кеткенине. Ғапылда қалмасын деп сизлерди өзим излеп шықтым.

— Байлаң қолын! — деп буйырды шайық.

Шайық пенен ҳеш қашан қарсыласып көрмеген Маман қашпады, қарсылық керсетпеди. Екинши жерде от жағып атларға қараўыллап отырған бий қосшылары шайықтың даўыеын еситип жуўырысып келди.

Ҳәмме жабылып Маманды шомдай қундақлады. Аманлықтың қолы артына байланып, атына терис мингизилди. Маман ат үстине бөктериў қылып кесе тасланды.

— Марапатқа тойынып өз халқының арын сатқан бундай шөже қоразды сарсаң кесек қылып өлтириў керек, — деди шайық.

Ырысқул бий:

— Дурыс, шайқымыз! — деди.

— Дәўлетбай бий:\

— Бундай шөже қораздың барынан жоғы! — деди.

Бийлердиң қарсы келгени болмады.

Шайық лебиз еткен нәрсе орынланбай қалмайтуғынын ҳәттеки Ғайып хан да қарсы ҳештеңе демейтуғынын Маман билер еди, сонда да жыламсырамады, жалынбады, қайтама:

— Маман дурыс еткен дейсиз, еле ата, — деди гүбирленип. Ҳәм Аманлықтың «кисиниң билегиндеги кисенди шешиўге ерлик етпестен бурын өз билегиң ҳаққында ойлаў керек» дегенин еслеп, оған қарады. Аманлық тислерин ғашырлатып, әдалатсыз шайық пенен бийлерди шайнайжақ кейипте екен. «Аманлық өзиңди тут, маған ҳештеңе деме» деп сыбырланды. Шайықтың әжийнеси тырысып, Маман бөктерилген атты қамшылап-қамшылап жиберди. Ат Маманды екшеп-екшеп жортты.

## 8

Аманлықлардың келиўин асығыслық пенен күтип жүрген Аллаярлар жаман хабар еситти:

— Маман өз халқына қылаплық қылған. Өлтириледи. Сарсаң кесек қылып өлтириледи.

Аллаяр исенбеди. Бул бир сандырақ! Маманлар Абылқайыр ханның аўылында. Келсе, Аманлық хабарласпай қоймайды. Мурнына шамал енген жағдайда да, өскен уясына бир үңилместей ҳәкке болмаған шығар. Ең болмаса, Алмагүлине келеди! Ол усы исеним менен жаман хабар таўып келген балаға «аўзың жаман жерден тесилген» деп шекесине бир шаппат урып, даўысын гүм қылды. Сол, сол екен, аўылларда тиленшилик етип жүрип, Маманның өлими жөнинде еситкен басқа жетимлер де Аллаярдан қорқып ҳеш хабар айталмады. Аллаярдың минезин билетуғын Бектемир ғана Маманның өлими белгиленген күни жол тапты:

— Еситтиң бе, Аллаяр аға, орыс бенделер қашып кетипти.

— О, нәлетий кәпирлер. Қараўылларды өлтирип кеткен бе?

— Өзлериниң орнына қамап кетипти.

— Ондай қараўылларды таў басынан ылақтырыў керек. Халықтың айбатынан айырған неткен ҳарамзадалар өзи?

— Және бир ғарры шала жапсар табылыпты. Шайқымыздың хызметкери екен. Бул истиң, себепшилерин бүгин өлтирсе керек. Сарсаң кесек қылып өлтирсе керек.

— Әлбетте, өлтирсин, — деди Аллаяр. — Онда ҳәр бириңиз бир тас алыңлар. Қорлық көрген елимиздиң бенделерин азат еткенлерге тас ылақтырыў саўап. Асығыңлар!

Олар топарын бузбастан шапқыласып келгенде, жетим еменниң әтирапы бық-жық адам еди. Ҳәр кимниң қолында бир тас. Бәри саўап излеп келген. Аллаярлар адамлардың қолтығы астынан сүңгисип алға өтти. Ҳаплығысып — «қайда, сатқын қайда» деп бақырысты.

Маман менен Аманлық еменге байланған, ийин тиресип турыпты. Олар қанша сыр бермеймиз деген менен шаршағанлықтан басларын көтере алмайды. Төмен ийилип кете береди.

Маманның бети қан, кийимлери тилким-тилким. Аманлықтың бетинде қан жоқ, бирақ искен, Аллаяр оларды танымады.

— Сатқынлар, қәнекей? — деп жар салды. Аманлық бир шекелеңкиреп Аллаярға қарады. Аллаяр оларды шырамытады, лекин танымады. Оң жағында Ғайып хан, шайық ҳәм бийлер тур еди, шайық тас пенен келген жетимлерди көрип қасына шақыртты.

— Әне, нағыз ел сүйгиш дәў жүреклер, — деп марапатланып Ғайып ханға бурылды. — Ханымыз, баслаў керек.

— Сиз баслайсыз ба? — деди хан шайыққа. Дәстүр бойынша ең мерген адамның қолы менен үш тас ылақтырылады. Ең болмаса, биреўи тийиўи керек. Оннан соң қәлеген адам ура береди. Егер әўелги үшеўи де гөзлеген адамға тиймесе, айыпкер қутылады. Сол ушын шайық жүрек ете алмады.

— Ханымыз, Ырысқул бий урса қалай болар екен? — деди.

Ырысқул бий ханға тәжим етти ҳәм жас кишиси Есенгелдиге тас ылақтырыў лийкинин бериўди соранды. Ханға бәри бир сыяқлы шайыққа қарады. Шайық сәл ойланып алып руқсат етти.

Есенгелди шырпынып тур екен. Еки адым алға шығып «бисмиллә» деп жерден тас алды. Шайық оның әўели қайсы айыпкерге гөзлемекши екенин сорады.

— Маманға, — деди Есенгелди.

— Мулт кетпесин — деп ескертти Ырысқул бий.

Маман менен Аманлық көз астынан қарап турыпты. Олар байлаўлы ҳалында басын былай-былай бурыўға ғана ҳақылы.

Есенгелди сары шекпениниң шалғайын қайырып тисленип турып оларды алдарқатып-алдарқатып тасты жиберип қалды.

Аманлық шалтлық қылды. Маманның басын басы менен тасалап үлгерди. Жети адым аралықтан келген тас Аманлықтың шекесинен қан жосытты. Ол шыдамады. «Аллаяр!» — деп даўыслады.

Аллаяр селк етти. Байлаўлы гүналыларға жүдә сығаланды. Таныды. Ҳеш кимди тыңламай алға жуўырды, ҳәм оларды арқасына тасалап жыйын тәрепке көкирегин керип Маманларға: «Беккем турың, батырлар, көзлериңиз мөлермесин» — деп сыбырлады. Есенгелдиге ашшы буйрық етти. «Ур, ур, қоңыраттың қоңызы! Аяма!».

Маман өзине «батыр» деген сөзди еситпеген еди. Аллаяр қәдимгисинше күлки ушын айтып атыр десе керек, мыйығынан күлди ҳәм оған «өзиң беккем бол, абайла» деп ескертти.

Усы ўақытта Есенгелди гөзлеп-гөзлеп және бир тас жиберип қалды. Тас Аллаярдың көзине дәл тийипти. Қарашығы атылып бетин басыўы менен төмен шөгип:

— Жетимлер! Маманды қорғаңлар! Жетимлер... — деп жығылды. Жыйынның арасында турған балалар бирин-бири шақырысып, алға қарай жуўырысты. Қол усласып Маман байланған еменди қоршады Бақырысты.

— Маман бий ушын бәримиз өлемиз!...

Қара көзлерде абыржыў пайда болды. Қур бузылыўға қарады.

— Көз жасы көл адамлар, келиңлер! — деп шақырды Аманлық.

Қурдың жартысы дерлик ығылып келип еменди қоршалады.

Соңғы жыллары бундай өлим, бундай жетимлер бирлиги болмаған еди. Хан утылды. Шайық албырады. Ырысқул бий пәнт жеп жән-жағына қарады.

— Ханымыз, азат етиңиз?!

Көпшилик талап қоя баслады:

— Қыршын жанлар қыйылмасын!

— Шайқымыз, ерке шәкиртиңизди сорап алыңыз?

— Бизди жаў қырғаны аз емес, енди өзлериңиз қырмаң.

— Өзимизди өзимиз қырып болдық қой...

Шайыққа бул гәп тәсир етти. Гүрсинип, гүбирленди: «Өзимизди өзимиз қырып болдық»... Бул Ырысқул бийге де тәсир етсе керек, әўелги кейпинен өзгерип кейин бәсти.

Ҳақыйқатында шайық ел бирлигин бузбаў ушын усы өлим жазасын сорағаны болмаса, қыяметлик досты Оразан батыр келгенде не жуўап берерин билмей сарсылыўда еди. Хан алдына жығылды:

— Ханымыз, пәрманыңызды бузыўға лебиз бериңиз.

Ғайып ханның пәрўайы пәнсери. Халықтың шожып, ҳәр ким ҳәр жақтан даўыслап атырғаны ушын пәрманын бузыўға ишинен келисти. Лийкин, шайықтан талап етти.

— Бул пәрманды бериўиме сиз себепкер болғаныңызды дуйым журтқа уқтырыңыз!

Шайық тикейди. Халық оның еки сөйлегенин еситпеген еди. Енди бәри қыйын көринди. Жүзи көгерди. Тили тығылды. Халық еле шуўласып, айыпкерлерди әпиў етиўди талап етип атыр. Шайық ҳештеңе еситпеди. Мийине бағанағы бир топ ғаўлады да турды. «Өзимизди өзимиз қырып болдық»... Басы қалтырап еки қолын жайды. Жалбарыныў даўысы менен халыққа мүрәжат қылды.

— Халайық, тыңлаңызлар. Ханымыз кең пейил адам еди. Бул быламыққа мен гүналыман. Ханымыздан кеширим сорайман. Айыпкерлерди әпиў етсин.

Журт силтидей тынды.

Хан келте қолын көтерип:

— Әпиў етилсин! — деп ҳаўаны бир кести...

* * *

Күни-күни келгенде Аманлық қыйналып нан таппай ашлыққа буратылған күни дүньяның ҳеш қызығын сезбес, өлгиси келер еди. Әттең, жалғыз туўысқаны Алмагүлди аяйды. Анасы өлер алдында: «Алмагүл тири болса, маңлайына шаң тийдирме. Анамның көзи деп бил, улым» деген. Анасының сөзин қыймайды. Ол жыласа, анасы жылап отырғандай, ол қабағын шытса, анасы муңайып отырғандай көринеди. Дүньяда жасаўы тек Алмагүл ушын болып отырғандай.

Ҳалдан кеткенине қарамай, жазадан қутылыўдан жарты ылашыққа асықты. «Палапаным, шүйкилдемеди ме?» — деди биринши ушырасқан Бектемирге.

Алмагүл гүўенинен ҳәзир босанған қозыдай секирип әжағасының мойнына асылды.

Аллаяр көзин таңдырып жатып, оны сораўға тутты.

— Бул не мойны жуўанлық?

Аманлық жуўап бермей-ақ Аллаяр минберлетти.

— Сол ушын да жети атасында бийлик болмаған адамға исенбейди. Жақсылық қылып атқа миндирген ақ пейилди жолдан шығарып, неге ақылсыз болдың?

Аманлық шыдамады:

— Өйдеме, Аллаяр. Екеўимизде де гүнә жоқ. Ким еки жүзли болса, гүна сонда.

— Ким олар? — деди қызықсынып Бектемир.

— Оларды биле бересиз. Маман орысларды босатқанда елдиң айбатынан айырыўды ойламады. Елди гүнадан пәк қылды. Көз жасларды кемиткиси келди. Сөйтип жәбир шеккен бенделердиң пәтиясын алды.

— Яқшы, дем алыңлар.

Аманлық пенен Аллаяр сабан төсекке қатар жатты.

* * *

Мурат шайық қапа. Еки сөйлеп қойғанына қапа. Әзелден неге қызды? Ақыры, Маман өз баласындай емес пе? Ашыўлы бийлердиң ырқына неге көнди? Ол тисленди. Нуқыл тислери астынғы ернин бөлгенше тисленди, бөлмеди. Енди Маманның кеўлин алыў керек. Қәйтип? Оннан да кеширим сораў керек пе? Бул жүдә пәслик болады. Адам айтқысыз пәслик болады. «Шаршадым, мий орталанды. Жүк аўыр», деп гүбирленди өз-өзинен.

Үлкен отаўдың қапталында кепиренниң үстине дастықты бийиктен салдырып жатырған Маман көрпе астынан сығаланып, шайықтың кейпин, ҳәтте ойын аңлап жатыр еди.

Көрпени әстен серипти.

— Шайық ата, Аманлыққа қарындасы менен турғандай ылашық соғып бериўге жәрдем етерсиз бе?

Маманның өзи сөйлегени жақсы болды. Шайық жанланды.

— Жат, балам, дем ал. Жәрдем етермен.

Шайықтан ўәде алыў қыйын. Берсе бежереди. Маман тыныш ғана уйқыға кетти.

* * *

Бундай қолай кегирдек келер ме, аўзы былшырап иле алмай, үлкен руўды жер менен жексен қылар ма?

Және утылған қоңырат бийлериниң қайтысындағы гәпи усы. Бирин-бири нықыртады, бирин-бири айыплайды. Сүзисетуғын қошқарлардай дүңкийиседи.

Ырысқул бий гәпке араласпады. Ханның ерк бергенине, ойсыз қуўанып Есенгелдиге исенгенине бармағын тислеп тек өзин айыплап киятыр.

— Бәрине Ырысқул хан айыплы!

Ырысқул бийдиң қулағы ербең етти. Неге? Хан деген лақапқа марапатланып па? Жоқ. Бул оған үйреншикли лақап. Гүллән қоңырат руўының бийлери, байлары өз ара сөйлескенде, оны, үлкен бийин — хан деп атайды. Бул жағынан оларға руўлар таңланысып, ҳәттеки, қызғанысатуғын еди. Аўызбиршиликке көз тийди. Өзинен киши бийлерден, атақлы байлардан аўыр сөз еситип дәкки жеп көрмеген адамға бул гәп аўыр тийди. Жуўан, жыйрық-жыйрық мойнын бурып алара қарады.

Ырысқул бийди айыплаған атлы, қоңыраттың шүллик тийресиниң атақлы байы Жандос деген еди. Қызылаласының жуўенин тартыңқырап, Ырысқул бий менен шекинисиўге мейилленди. Қара шоқ сақалы дирилдеп, ернин жапқан өсик муртлары жыбырлап, қыйық көзлери Ырысқул бийдиң айбатлы нәзерине түсип еди, шыдамай атының жуўенин еркине жиберди. Олардың қоразланғанын сырттан бақлап киятырған жолдаслары үнсиз. Бирақ намысын қолдан берген бийге орынлы айтылған биринши тикенекли гәпке ҳәммеси ырза болып киятыр. Кек қысқан Жандос бай шыдамады. Өз-өзинен сөйленди.

— Ябыларда өш кетти. Қайтарылмаса, жүзимиздиң жерге қарағаны-қараған.

Ашыўға буўлыққан Ырысқул бий бирден дәлил таппай қалдыма «ол балада Мурат шайықтың кәраматы болса керек» деди әстен.

Есенгелди ҳәммеге көрсетип қамшы тутқан қолының ийнин шеп қолы менен уўқалады.

— Әйтеўирде тас ылақтырған ийним сызлап киятыр.

Буған қоңырат бийлериниң қайсысы исенди, қайсысы жоқ, нәмәлим. Ҳәр кимниң өз билгени ишинде қалды. Ҳеш ким сөйлемеди.

Олар өткен сапары да усы жол менен усылайынша ашыўлы, жабатуғын үзик булттай түнерип қайтқан еди, ҳәзир де солай. Атлылардың шоғы бузылмастан, изде бурқасынлаған шаң қалдырып кетип баратыр. Қәйерде иркилип, қәйерде қандай зыян тийгизеди, ҳәзирше сыр.

## 9

Жаз өзин алдырып самал желемиклениўге қарады. Базда уйтқыған шаң көтерип ескен желемикке шыдамай жапырыла бас ийгени болмаса, ҳәттеки, ең әззи гияға шекем өз липасында, өзгерис жоқ. Жасыл, жупар ийисли. Қарасаң көз тартады, ийискесең кеўил йоштырады.

Мурат шайықтың есиги алдына келип хызметкерлердиң шығыўын күтип, торысының жүўенин тартқан, аш-өлең узын қара жигит зәңгиге ширенип турып, таў басында жанлы еки ноқат көрди. Бири әжжели тасқа, екиншиси қара тасқа қонақлаған бүркитлерге мегзейди. Аралары жақын.

Соның арасында муртлары жаңа тап берген, арық ғана қарапәрең, еңсеси сәл иймеклеў, дөңгелек жағалы бөз көйлеги бар хызметкер жуўырып шықты. Төбел торыны жылаўлап, «сүйенип түсе ғой», дегендей атлының зәңгилигине келип ийнин тутты.

— Атам үйде жоқ па? — деди атлы.

Бул атлы Мурат шайықтың үлкен улы Хелўет еди. Ғайып ханның үлкен улы Убайдулла султан менен Орь қорғанында ислеўшилерге азық апарып қайтып келип турғаны. Ол еле аўылдағы өзгерислерден бийхабар еди. Хызметкер жүдә жуўас, жүдә миннетдар даўыс пенен шайықтың жоқ екенин, кеше «Жаңакент» бетке Ғайып хан менен шикәрға кеткенин айтты.

— Ҳо-ҳо, анаў таў басындағы еки ноқат атлылар емес пе? — деп Хелўет қамшысын шошайтты.

Хызметкер иймеклеў мурнын бир тартып қойып, таў тәрепке бурылды, көре алмай, кир-кир шашының етеги менен жазық маңлайына сорғалаған терге қосып қыйық көзлерин сыпырды. Атлылар екенин тастыйықлады.

— Қыстаў тапсырма бар еди. Биреўи атам емес пе екен? Басқаларда ондай ат жоқ еди ғой.

— Ақ боз ғунан Оразан улы Маманға берилип еди. Әне көзим илип тур. Маманның өзи. Бүгин азанда Аманлық пенен бирге, жеримиздиң ойлы-бәлентин көремиз, деп кетип еди, ойлы-бәлентти нәзерлеп турғаны шығар.

— Аманлық болғанда, анаў үрпек бас қарындасы менен жүретуғын дийўана ма?

— Аўа, сол. Айтпақшы, сиз жоқ едиңиз-аў, — деп хызметкер кейинги бир ай ишинде аўылда не жаңалық болғанының уңқылшуңқылына шекем қалдырмай, тез-тез сөйлеп берди.

Хелўет немқурайдылық пенен аттан түсти.

Хызметкер атты байлап атырып та, сол еки ноқатқа қарады. Неге қозғалмайды, солар ма я басқа нәрсе болып мырзасын алдап қойды ма? Алдаса, кеширим сораўы тийис.

Маңлайына қолын тутып және узақ тигилди. Солар. Қолларын қыймылдатады.

Ырасында да Маманлар еди...

Соңғы ўақыядан кейин Маманды хан шақыртпады. Айыққанша үйде болды. Зерикти. Атасының Хорезмге кетип баратырып айтқан нәсиятының бирин еследи. «Өскен жердиң ойлы-бәлентин аңлап барыў керек». Бүгин азанда атланды. Аманлықты ертип келип екеўи атланды.

Мине, ҳәзир олар таў басында бийиктен ойға қарап турыпты.

Биринши гезекте аўылдың қубласындағы жалғыз емен көзге тасланды.

— Қарап жибер, Маман аға, тирексиз, панасыз мисли жалғыз қараўыл, — деди Аманлық.

Маман күлди.

— Ойшылым, аўылға қара.

Екеўи ат үстинде тикейисип аўылына нәзер таслады.

— Пәстеги аўыл — мисли сынық жарты қазанның ернегине жабысқан жүўери гүртиктиң қаспағы, — деди Аманлық.

Маман және күлди.

Аўылдың арқа шетинде еки адамның ата қораздай урысып атырғанын көрип қалды.

— Көрип турман, таныйман да. Екеўи де ғарры. Қоңсылар. Еки үйдиң арасындағы таўық кетектиң орны ушын урысы бар еди. Соның даўамы шығар. Буннан бурын да олар қоңсыларға талай-талай тамаша берген.

— Адам баласы жерге қашан тойып, қашан қанаатланар екен?

— Бәлким, ҳеш қашан ондай болмас, — деди Аманлық.

Үйлердиң араларында арман-берман асыр салып жуўырысқан балалар, шығыс тәрепте бир қораның қыспағына сүйенип құшақласып турған ҳаял менен еркек көринди.

— Анаўларды таныйсаң ба? — деди Маман.

— Шамалайман, олар қыз бенен жигит емес, ойнаслар.

— Қоя ондайды! Қыз бенен жигит де.

Аманлық қарсыласпады.

Аўылдың күн батысына көз жиберисти. Атлы биреў алдындағы еки пияданың өкшелерин бастырып, узын сырық пенен сабалап, аўылға кирип киятыр. Маман оның не көринис екенин билмей тур еди.

— Урлық еткен сорлылар болыў керек, — деди Аманлық.

— Олай болса урсын. Еменниң әтирапына қара, тап жаңа жоқ еди ғой, — деди Маман. Аманлық қарады. Еменниң астына ҳәр жақтан өңшең жалаң аяқ, жалаң бас, аш-арықлар келип атыр екен.

— Олар Жалайырдың жетимлери. Бәрҳа усындай ўақта жыйналып артық аспай нан-пан тапқанлар ашларына усы кәрада берип тойдырады. Сөйтип, кимлер қайсы аўылға тиленшилик етиў кереклигин ойласады.

— Шайқымыздың отаўы алдында иркилген атлы ким?

— Ким болса да жиңишке. Шайықтың үлкен улы — Хелўет шайыққа усайды.

Жоқарыда ойлы-бәлентлик айқын көринеди екен. Аманлық, бәрин көрип болыў қыйын, кетейик.

— Мениң де жоқарыдан биринши қараўым еди, сырлардың изи таўсылмайды екен... Кеттик.

Батысқа бурылды. Еки шақырым жүрмей-ақ «Уай-ўай, жәрдем ет, қутқар!» — деген аянышлы даўыс еситилди. Екеўи де шыдамай, атларының саўрысына қамшыларын басып-басып жиберди. Өртекедей ойнақлаған ғунанлар демде-ақ даўыс шыққан жерге жеткерди.

Еки аяғы, еки қолы өз таяғына қосып, арқасына байлаған биреў, дүстөменине жатыр. Аманлық аттан түсе сала оның жүзин жоқары қаратты. Бет-аўзы топыраққа былғанып, мурнынан зирек-зирек қан жосып атырған бир ғарры.

— Шырақларым, иркилмеңлер! Жалайыр аўылының падашысы едим, малларымды еки қара атлы айдап кетти. Былай-былай, — деп ғарры арқа таманға қол силтеди.

Олар, ғарры қолын шошайтқан жаққа қуйындай ушты. Талаўшылар еле алыслап кете алмай атыр екен, көз ушында шаңғыт көринди. Ҳә демей-ақ жетти. Қырқлаған сыйырды еки қара атлы айдап баратыр. Онша асықпайды. Буларды көрип қашыў орнына, иркилди. Маманлар да қорықпады. Жақынлап бара берди. Талаўшылардың екеўи де беглерин қара тери менен таңып, қара қылқа, қара тумақ кийген. Ҳәтте, қылышларының қынаплары да қара, саплары да қара, атлары да қара, тап күйик ағашлардан

соғылғандай биреўлер. Ҳаўлығыўды билмейди. Өсик қара қаслар астынан жылтыраған көзлери булардың атларында.

— Атың жорға ма, жүрмел ме? — деди олардың бири.

— Ҳәм жорға, ҳәм жүрмел, — деп Маман жуўап берди.

— Ойнама, бала!

— Биз ойнап жүрген баллар емеспиз, алдыңыздағы малларды қайтарыўға киятырмыз.

— Ҳә, сөзиңе қарағанда жеделли көринесең, сен Маманбысаң?

— Аўа.

— Бизлерди ким деп турсаң? — деди әдепки сөйлеген талаўшы.

— Сизлер жердиң сүтинин тайдырайын деп жүрген қуда бийзарларсыз, — деди Маман.

Талаўшылар теңнен ўаҳаҳаласты.

— Не дедиң, не дедиң? Жаның керек емес пе өзиңе? Қәне, атларыңызды бурың. Бурмайсыз ба? Мал керек пе? Онда ҳәр қайсысыңыз еки сыйырдан алып қалың. Сизлердиң падашы ғаррыңыздай жылайман, ашкөз емеспиз. Изимизден ийттей жортып қалмаған соң байлап кетип едик. Барып босатың. Өзи сондай суў көз ғарры екен. Бир жылайды, бир жылайды — деп олардың бири сөйленип, Маманға жақынлай берди.

— Тоқта. Түсиң! Сизлер төккен көз жасларға жердиң сүтини төтепки бере алмайды, — деди Маман ҳаўлықпай.

— Пай, гәп болды-аў. Сол жылайман ғарры ҳәзирети қызыр ма?

— Жоқ, түсиниң ақыры, — деди Маман. — Жерге көп салмақ түспеўи керек.

— Сонда сол ғаррының салмақлы болғаны ма? Мен оны бир қолым менен байлап кеттим, — деди жеделленип.

Аўырлық оның өзинде емес, көзинде. Билиң, дүньяда адамның көзинен аққан жастан аўыр нәрсе жоқ. Жерге салмақ сала бермең, ақыры?

Тонаўшылар ат үстинде таңылған өлидей азмаз сөйлемей турды да, бирден атларын артқа бурып, қамшылап-қамшылап жиберди.

Қәпелимде, олардың көз ушында жалп-жалп шаўып баратырғанына Аманлық:

— Гәптиң төркинине түсинди, — деди.

— Әй, билмедим, — деп Маман малларды қайырыў ушын алға жүре бергени, көз ушында киятырған онлаған атлыны көрди. Булар шикәрға шығып баратырған Ғайып хан, Мурат шайық ҳәм басқалар еди. Маман менен Аманлық малларды кайырып,

топлайман дегенше, бир қора ийтлер менен олар жақынласып қалды.

— Бул не мал? — деди Ғайып хан.

— Жалайырдың малы екен, ханымыз, жаңа бир-еки урыдан алып қалдық, — деди Маман.

Ғайып хан ғарқылдап күлди:

— Қәдемлериңиз қайырлы болған екен, айдап апарып бериңлер. Есим бийге айтып барыңлар, ғайратлы жигитлерден падашылар қойсын.

— Аўа, балаларым, хан мақул гәп айтты, — деди шайық, — мал деген елдиң ғаўғасы. Бүйтип узаққа бақтырғанша, аўылының дөгерегинде бақтырсын. Айтпақшы, Маман, үйден қашан шықтың? Хелўетти көрдиң бе?

— Ҳаў шайқымыз, жаңағы гәп естен шықпасын. Орь қорғанына кететуғын елиў пилтабанға бас қылып буны жиберемиз, — деди хан Маманды ийеги менен нусқап.

Орь қорғанының қурылысы созылыўына байланыслы Киши жүзге адам күши салынған екен. Абылқайырдың орнына ўақытша отырған баласы қарақалпақлар елиў адам берсин деп айтып жиберипти. Бул хабарды бүгин таң азанда Орь қорғанынан келген Ғайып ханның улы Убайдулла султан айтып келипти. Енди үлкен хан буйрығын тәрк етиўге болмайды. Қарақалпақлардың бир бийи сол елиў адамды басқарып Орь қорғанына кетиўи керек. Қорған питкенше басында болады. Бул жумысқа Ғайып хан Маманды қолай көрипти. Мурат шайық ханнан изде қалып усыларды түсиндирип еди.

— Мақул, — деди Маман қысқа ғана.

Олар малларды айдап келип падашысына тапсырды да, хан менен шайықтың тапсырмасын ескертип, енди жазықлы пенен туп-туўры арқаға қарай шапқыласып кетти. Бул жақтан Сырдәрья ағады, бул жақта Айғара бийдиң аўылы турады.

Жайлаўларды өтип, далаңлықларды изде қалдырып, қуяш түсликтен аўа баслаған гезде қазақ аўылына жақынлады. Аўыл төрт тәрепин жазықлыққа берип, қонысласқан екен. Қубласы гүл майданшасына усайды. Көз жетпес көгалай кеңисликте ат баўырынан дала гүллери екен. Бул жас жигитлердиң кеўлин көтерди, нәзик қыялларға жетеледи.

— Усы гүл арасында бир қыз ушырасса, не қылар единң? — деп салды Маман.

Аманлықтың жүзи қызыл гүлдей қызарып, ақ гүл ғумшасындай тислерин көрсетип күлди.

— Неге күлесең?

— Мен қыз ушыратып көрмедим.

— Айғара бийдиң дала гүлине мегзес қызы бар дегенди еситип едим.

— Мен дала гүлин жақсы көремен.

— Қалайынша?

— Дала гүли дүньядағы бийғәрез, ашық гүл. Қуяшта сондай жарқырайды, үзип алыўға көз қыймайды.

— Ондай гүлди мен де жақсы көремен.

— Онда Айғара бийдиң қызы дала гүлиндей жарқ етип алдымыздан шықса не қыламыз?

Маман күлди. . ...

Екеўи өзлериниң сөзлерине өзлери күлисип баратыр еди. Көз ушында қызыл көйлеги оттай лаўлаған биреў көринди. Екеўи теңнен қолларын маңлайына тутып, қарап «ҳақыйқат дала гүли екен» дести де, теңнен ат қойды.

Қызыл көйлекли қыз ҳақыйқаттан да Айғара бийдиң қызы еди. Ийнинде тезек салатуғын қабы болғаны ушын екеўи де танымады. Сусы басты ма, ҳеш қайсысы гәп баслай алмады. Аманлық қыздың көзин алып Маманға ым қағып «гәп айт, амайбысаң айт» деген ишарат билдирди. Қыз олардың албырасып турғанын сезди де, алдына қарай тезек терип кетти. Булар я ериўдиң, я қалыўдың есабын таппады.

Аманлық шыдамады:

— Ҳа қыз, Айғара бийдиң аўылы қайсы?

— Усы аўыл.

Екеўи де зәңгиге ширенисип алдындағы шоқ-шоқ қара үйлер менен суўын-суўын қосларға, олардың, арасында үйме-үй жуўы-рысқан жалаңаяқ тиленшилерге, ҳәр жерде екеў-үшеў болып жәнжел-лескенлерге қараған болып, бир қапталлап қыздан көз алмады.

— Атың ким, қарындас? — деп сорады Аманлық қызға қайрылып.

Қыз аз ғана ийбенип турды да:

— Ақбийдай — деди.

— Елиңе барсақ суўсын ишермиз бе?

Қыз және аз ғана гидирип:

— Қазақта суўсын бермейтуғын үй болмайды, ишерсиз. Тартынсаңыз анаў бизиң үйге барыңлар, — деп үлкен ақ отаўды көрсетти.

Маман да, Аманлық та қызға «бирге жүрейик» дей алмады. Қыз жөнине кетти.

— Булардың ханынан ақырет көрсек те арғымызда жоқ. Бул аўыл азапласа, ашыў менен барып босататуғын тутқынларымыз қәне? — деди Маман.

Бул астарлы сықаққа Аманлық күлди.

... Көре берейик, бул аўылға ярамазан айтып, нан тилеп талай келгенбиз. Қыз силтеген отаў Айғара бийдики.

Қара сақаллы, жалпақ мурынлы, өсик қаслары астындағы үлкен көзлери еле рәўшан жылтыраған, қызыл жүзли Айғара бий есигиниң алдына шығып, қундыз қыстырғышлы малақайын шешип әстен басын қасынып тур еди. Шамасы, ой үстинде. Қолы басынан қозғалмайды.

Туўрылап киятырған қос атлыны көре сала малақайын кийди де, қарсы қарап жүре берди.

Жигитлер бийден бурын сәлем берип үлгерди.

Айғара бий олардың сәлемин қабыл етип, екеўиниң атын еки қолына жетелеп үйине қарай тартты.

Маман бул кисиниң киймандослығы, қонақты алыстан күтип алатуғыны, һәттеки, аўыл арасынан, бийдәрек жолаўшы өтип баратырса, қайырып ең кеминде суўсын ишкизип жиберетуғыны һаққында еситкен еди. Ат жетелеген бийдиң күнге күйреген қаралтым желкесин Аманлыққа көрсетип «көрдиң бе, ат жетелеттик» деген мақтаныш пенен көз қысып қойды. Айғара бийдиң есигине жақынлаўға бата алмай, сырттан қайыр сорайтуғын Аманлық, енди ол кисиге атын жетелеткенине қысынып, шып-шып терге түскен еди. Маман буны көрип «сыр алдырма» дегендей ийегин тиследи.

Қонақлар үлкен отаўға түсирилди. Бул отаўдың ошағына жалынлы, түтинли от жағылмай, тек тезек жағылады екен. Үйдиң кереге, уўықлары, шаңырағы мурынның қанындай қызыл, көклери шийкил сары, кийиз үзиклери қардай ақ, басқур-баўшуўлары шылт жаңа.

Айғара бий жигитлер менен отырып аманлық-есенлик сорасты. Оразан батырдың Хорезмге кеткенин биледи екен. Мурат шайық һәм басқа да бийлердиң ҳал-жағдайын, денсаўлығын сорастырып болып, өзи шығып кетти. Орнына бағанағы дала гүли Ақбийдай пайда болды. Жигитлер өз ара ым менен сөйлести: «Қызы менен

далада сөйлескенимизде, қызының силтеўи бойынша келгенимизди есигиниң алдында турып кирди. Ақыллы адам екен».

Ақбийдай қымыз қуя баслады. Бул жағдай жигитлерди ҳәм терлетти ҳәм йоштырды. Далада көргенде самал зәлел етип, аз ғана шаң басқан лала еди, ал қымыз қуйып отырып сыртқы әлемнен бийхабар, ҳәзир ғана бирден ашылып кеткен, лаладай жанды. Басындағы қундыз қыстырғышлы қызыл мақпал тыслы дегелейиниң сағымы менен бети қызарды. Жүзи қызыл алманы сүтке малып алғандай еди. Оң бетиниң алмасындағы күлегиш шуқырына, кәса көзлерине, екеўи теңнен муптала. Ҳәттеки, бирин-бири умытып отыр.

Кешқурын үйге бир топар жигит киргизилди. Бәри Маманлардың тең қурбылары. Айғара бий оларды бири-бири менен таныстырды. Өгиз сойдырып күтти.

Жигитлери Айғара бийдиң кеби сыяқлы, илме ғайыптан сөйлемейди. Ашық минез миймандос екен. Азанда Маманларға «кетпең» деп ҳәммеси мирәт салды.

Маманның және қоныў иштейи бар еди. Бирақ Орь қорғанына кетиў жөниндеги ханның тапсырмасы асықтырды. Жалына-жалына атланды.

Ақшам бирге отырысқан жигитлердиң басшысы Айғара бийдиң жунғар шабыўылында қазаланған жалғыз ағасынан қалған қарар көзи Мырзабек атлы мырза еди. Мырзабек мырза үш жигити менен төртеў болып ҳәр атты екеў-екеўден жылаўлап, аўылдан қаракөрим шыққанша узатып:

— Жеримиз, қуяшымыз, самалымыз бир, сонлықтан шырайымыз, тилимиз бир, ҳәтте жасымыз бир екен Маман. Келип турыңлар, — деп қалды.

Маманлар бундай иззетти ҳеш кимге қылып көрмеген, өзлери де бүйтип иззетленип көрмеген еди. Бул ибарат аларлы ҳүрметке таң қалысты.

— Аманлық, не сездиң? — деди жолда Маман.

— Тилим жетпейди, аға. Бирақ Абылқайыр ханның аўылы менен бул аўылдың қайқурлым ойлы-бәлентин сездим, — деди Аманлық жүдә таңланғанынан ҳәр сөзин нықлап.

— Аманлық, мен Ақбийдайды жақсы көрип қалдым. Не дейсең?

Көкиреги өскин жас бий бул гәпти биринши айтқаны ушын Аманлық ҳештеңе дей алмай тығылды. Себеби, өзи де усы ойда еди.

Маман оннан тез жуўап ала алмағаны ушын қаға берди қылды.

— Аманлық, дәрт тилге урса — сөз, көзге урса — жас болып шығатуғынын еситкенмен. Дәрт иште қалса, тилди байлайтуғынын ҳәзир билдим, — деди.

— Кеширерсиз, бий аға. Қам сүт емген бенде қам қыялларға берилип кеткен болар. Әлпайым қазақтың бир лаласы қарақалпақтың үлкен бир отаўына жыға болса, налышым жоқ.

Аўылға жақынлаған соң Маман өзинен хабар болғанша Аманлықтың дем ала бериўине руқсат етип қайтарды.

* * *

Дем алыс, бийпарық, бийғәрез күнлер көпке созылмады.

Ғайып хан гүллән руўлардан қырық сегиз пилтабан (рабочий) жыйнатып, Маман ҳәм Аманлық пенен елиў қылып, жас Маман бийдиң басшылығында Орь қорғанына жумысқа жиберди.

## 10

Қоңырат руўының қонысласқан жери Жаңакенттен атлыға бир мезгиллик қублада, Аралға жақын. Батысы теңиз, қалған үш тәрепи бир-бирине уқсас. Көз ушында өркеш-өркеш қумлықлары, түйе өркешиндей пәскелтек таўлар, көз жеткисиз кеңислик далалар қыйлы-қыйлы гия өскен мал жайлаўы.

Аўыллар шоқ-шоқ болып, бөлек-бөлек қонысласқан. Ҳәр қайсысының арасы бир-биринен ат шаптырым, базылары мезгиллик жол. Ҳәр бир шоқ аўыл үлкен қоңырат руўының бир шақабы. Бирақ бәри аўызбирликли. Той-мерекеси менен садақа-жыйыны бир-бириниң қатнасығысыз өтпейди. Бир аўылында қандай ўақыя болып атырғаны екинши аўылға самалдан бурын жетеди. Бас бий Ырысқул бийдиң аўылы ҳәммесине дерлик ортақ, ортада. Өзи таңлап қонған. Жоқарыдан посып келгенде, басқа аўылларының бәрине қоныс таңлап, ортаға үй тиктирген өзи.

Гүллән бийлер, ақсақаллар бир жақтан қайтса, әўели Ырысқул бийдиң үйине келип, айран-шалап ишип дем алғаннан кейин дийқанның бир алақанынан шашылған туқымдай жән-жаққа тарқасар еди. Бул сапары аўызбиршилик қашты. Мурат шайық аўылынан ашыўлы шыққан бийлер руўдың шетине келгенше үндеспеди. Шетки аўыл Жандос байдың аўылы еди. Ол аўылына

жақынлап атының жүўенин тартты. Оның менен бес-алты атлы иркилип, бир таўықтың өгей шөжелериндей, топарласып бөлинди. Ырысқул бий көз астынан байқады, үндемеди. Ақ сақалы ерге тийген кишкене киси, қоңыр-қасқа атының жүўенин тартып зәңгиге ширене жекиринди:

— Жандос бай, қайт кейниңе!

Тынышлықты, тымырықлықты бузған бул ири даўысқа ҳәмме тоқтады. Жандос байлар да иркилди.

— Сүйиндик бий, бойың шылым қабақтай болған менен даўысыңның пәтлисин ҳәзир билдим, — деди Жандос бий атының басын шекшийтип тартып.

Бойы кишкене, бирақ оғыры ири даўыслы Сүйиндик бий орынсыз қызбайтуғын ғарры еди. Сонлықтан басқалардан аўыр сөз еситкенин оның туўысқан иниси Сағындық баҳадыр ҳеш қашан көрмеген еди. Шыдамы таўсылып, қызды. Жандос байға атын бурып, саўрысын қамшылады, бирақ көпшилик ортадан шығармады.

Байқошқар бий Ырысқул бийдиң жүзине қарап, оның ашыўға буўлығып қанасына сыймай турғанын көрди де, қыймылсыз Есенгелди тәрепке нәзер таслап «қыймылдама» дегендей белги берип, қамшысын силикти.

— Аз ғана шыдаңлар! — деди Ырысқул бий.

Бийлер шоқланысып, атлары, көпирге тирелген бир пада қойдай бири-бирине мингесип барып жөнлести.

Жандос бай ең атақлы байлардың бири. Өзи бираз өжетлеў ҳәм ойсыз болған менен гәпине қулақ асыўшылары енепат.

Ырысқул бий алға шықты.

— Жандос байдың мүддәҳәсин тыңлайық! Айтсын!

— Айттым жолда, дурыс айттым. Өзимниң Әжигелди, Хожагелди, Султангелди атлы үш улымды қатарға қосыў ушын айтпадым, қоңырат ушын айттым. Ырысқул ханның ықласы кеткен Есенгелди ушын айттым. Душпан тири қалды. Енди я сол Маман өледи, я Есенгелди өледи. Билиң, билиң! Усыннан Есенгелдини өлтирсе қоңыраттың қалған баласының аяғына ябылар жип тағып ойнайды. Сатып жибереди, билиң, билиң!

Жандос бай көп сөйлемейтуғын, Ырысқул бийге көп қарсыласпайтуғын бай еди. Оның шыр-пыр болғаны бийлердиң ҳәммесин абыржытқан үстине абыржытты. Ҳәттеки, Ырысқул бийдиң де мийи айланып кетти. Ақырын еситпеў ушын еки қулағын басты.

Жас Есенгелдиниң қағаздай жуқалаң жүзиндеги қара көзлери ойнақшып, сүўен жағы қыймылдасып, сала берди.

Бул жерде көп турыў бийпайда. Ҳужыбатлы ой келмейди. Сол ушын Ырысқул бий «Жандос бай қала берсин» дегендей қолын бир силтеди.

— Сүйиндик, Сағындық, Азнабай, Худайберген... жүриңлер, — деп илажсыздан өзине ең жақынлардың атларын атап, атын бурды. Аты айтылған бийлерге, жасаўылларға қосылғысы келгенлер үнсиз ере берди.

Жандос байдың әўелги бес-алты атлысы емес, онлаған атлы шоқланып қалды. Байқошқар бий де иркилди.

Жандос бай аўылына келген соң ойланып көрди. «Көп қызып кеткен шығарман. Уйқылап, дем алайын. Ашыўым тарқаса, Ырысқул бийге барып кеширим сорарман».

Бай ырастан да қызған еди, аңсатлықта пикиринен қайтпады... Бир күни ат қосшы — жасаўылын алып тәртип берди:

— Алдыма он-он бес жетим таўып әкел!

Ол себебин түсиндирмеди, жасаўылы сораўға батына алмады.

Жетимлерди табып, жыйнаўдың неси мүшкил. Жасаўыл кешке таман бир топ ярым жалаңаш баланы ат алдына салып сатырлатып қуўып келди. Бай бурын қылмағанын қылып, оларды бир үйине киргизди. Қой сойып күттирди.

Жандос байдың бир әдети — есигине келген жетимге, дийўанаға шаппаттай нан бергизсе, бул кимниң наны, қайсы руўдың наны соны тәкирарлатып пәтия еткизер еди. Бул сапары ол мәқсетин жеделли баслады.

— Балалар, жетимлик, жарлылық, байлық, қудайдың иси. Лийкин, руўдың намысы ҳәммеңиздиң исиңиз...

Жандос байдың буннан соңғы гәпи қоңырат руўының «тарийхы» болды. Оның айтыўынша қоңырат руўы қарақалпақтың ең периштеси, руўының адамына шыбық тийдирмеген, тартыста пайын жиберип көрмеген, жеңилмеген, тек соңғы жыллары ғана азырақ шеги тайып, жетимлерди көбейтип алған руў. Буған ябы руўы себепкер... Ырысқул бийдиң атын айтпай-ақ, еки руўдың арасында көтерилген жәнжелди айтпай-ақ, балаларды ябы руўының душпан екенине, егер, олардың Маманы өлтирилмесе, қоңыраттың жетимине күн жоқлығына исендириўге урынды.

Бет-аўзы кир, шашы өскен, үрпек, көзлери шүңирек, исик қабақ қойыў қара қаслы, мурнының бели батықлаў, аққубадан келген гүлше жүзли бир бала басын көтерди. Жолдасларына:

— Уқтыңыз ба? Мен сизлерге айтқанман, — деди.

— Уқтық. Айтқансаң, — деди жолдаслары жабырласып.

Жандос бай түсинбей қалды. Биринши сөйлеген баланың атын сорап билди, усы жетимлердиң басшысы Елмурат деген екен.

— Не уқтыңыз? Сен не айтқансаң? — деди Жандос бай.

— Сол ябыларға барғанымызда Аллаяр деген жетими «аўылыңызда ҳақлаң, алдымызды кес-кеслемең» деп қуўған еди.

Атқа минген Маман атқа мингизген Аманлықтың пуўы бар екен-дә, онда, — деди Елмурат.

— Әне, әне! Олар шетинен пәтли. Сизлер-ше? Яқшы, қояйық. Сол Маманды өлтирип келсеңиз, және қой сойып тойдыраман.

Елмурат жолдаслары менен бирге байдың тилегин орынлаўға ўәде берди.

Олар тарқасып үлгермей-ақ, Ғайып ханның бир жасаўылы келип, Ырысқул бийдиң силтеўи бойынша Орь қорғанына аўылынан бир адам бериўи кереклигии айтты.

Бай түсинбей уңқыл-шуңқылына шекем сорап, Орь қорғанына Маман кететуғын болғанына сүйинди: «Хан адамды дурыс таңлапты, Орь қорғанынан Маманның өли сүйеги қайтыўы керек».

Ол усы ой менен аўылының атынан Елмуратты жолға таярлады.

* * *

Үлкен қоңырат руўының бир сүтини Жандос байдың бул сумлығын басқа қоңыратлар билди ме, жоқ па, ол туўралы өз қулақларына тиймеди.

Бәҳәрге таман Ғайып ханның баяғы жасаўылы тағы келип:

— Елдиң атақлы бийлерине қосылып, Орь қорғанына шақыртылдыңыз, Жандос бай, — деп асығыс хабарлап кетти.

## 11

Әлемге бәҳәр келип, қыстың өкшеси тайған менен, аңсатлықта бир-бирине орын бермей атыр. Гә қар, гә жаўын нәўбетлесип, ашшы қуяш шыққан бултсыз күнлери таў кәнарлары сел болып ағады, сәл салқын тартса, баяғы қәддине түседи.

Өз аўылында бәҳәр көрген төменги қарақалпақ бийлери Орь дәрьясын жағалап, шақыртылған қорғанға жеткенше, усы мәўсим алмасыўын бақлап барды.

Қорғанға бир шақырым жерден, елиниң Мурат шайық басшылығындағы бийлерин Маман қушақ ашып күтип алды. Маман бираз азыңқыраған менен нығайып ириленген, ийинлери кең, дәў жигит болған. Басында қара қозы терисинен тигилген қалпақ тәризли қыс малақайы, үстине орысша көп сәдепли камзол таўып кийипти. Жүдә қонымлы. Оның менен суўық сәлемлесип, суўық қушақласқан тек Жандос бай болды. Ол да қыялына усылай сезинди. Болмаса, Маманның бийлерге, байларға мүнәсибетинде ҳеш қандай алалық болмады. Тек Аманлық ғана Жандос бай менен суўық сәлемлести, ал басқа бийлер Аманлық пенен суўық сәлемлести. Жандос байдың кеўлиндеги гүптикей тарқамады. Қарақалпақ бийлерине ажыратылған жайға киргизилген соң да Жандос бай излене берди, сорай алмады.

Қарақалпақ басшыларын Ғайып ханның бас жасаўылы Полат басқарып келген еди. Полат жасаўыл да ҳәр ийнинде адам отырғандай ири, күшли ҳәр билеги анаў-мынаў адамның санындай палўан денели, шыйратылған муртлары қулақларына жеткен жигит. Бул сол қалақбас Ғайып ханның келген жылы қарақалпақ аўылларын аралап жүрип өзине таңлаған жасаўылы, ҳәзир қырқ жаслардың ояқ-буяғында жүр. Ғайып хан табым жоқ деген соң, жас үлкенлердиң өзлери, Полат жасаўылға руқсат етиң, басшылық қылып қайтсын, деп алып шыққан.

— Өзимиздиң басқа жигитлер қайда? — деп сорады Полат жасаўыл.

— Қайтарылды. Үш күнликте қайтарылды. Абылқайыр ханның буйрығы менен қайтарылды, — деди Маман.

Олардың аўырғаны, шетнегени болмады ма, қалай қайтты, жол азығы жеткиликли ме, ҳеш ким қызықсынбады.

— Не гәп, не сөз? Шақырғанға ҳаўлығыстық, — деди Мурат шайық.

— Қорғанның питиўине байланыслы зыяпат берилмекши екен. Абылқайыр ханның келиўи күтилди.

— Еле келмей атыр ма екен? — деди Полат жасаўыл шалт минезлилик қылып.

— Келди. Үш күнликте келди. Бул кәрада үлкен ҳүрмет көрсетилди.

— Қуда өзине берген адам екен, — деп сөзди бөлди Полат жасаўыл. — Өзи Хорезмниң хан тахтын таслап қайтыпты деп еситтик, жақында үлкен улы Нуралы султанды Хорезмге ханлық қыл, деп жиберипти.

Аманлық чай алып келди. Маман адамларға чайнек қойып жүрип:

— Бәри дурыс екен, — деп мақуллады. — Енди зыяпатқа қарамай кетежақ. Қарақалпақ бийлери қатнасса, қатнаспайман, деп қыңырлық етип атырған қусайды. Сонша жерден келген мийнетти күйдирежақ.

Бийлер аң-таң болып, бир-бирине қарасты. Жандос байдың еки көзи Маманды жеп баратыр. Оның ноғайы жағалы ақ комзолының ақ сәдеплеринен баслап, ҳәр бир қыймылына таңланыўдың ба, қызғаныштың ба, я қорқыныштың ба, жаман көзлери менен қарап, ол биреўдиң алдына кеса қойып атырса да, нанларды ғаррыларға қолайлап печьке қыздырып, атырса да, көз алмады.

Ғарры, байдың суўласқан көзлери жаўтаңлап жас жигиттиң қыймылын бақлап отырғанынан гүманланды ма ямаса айып санады ма, Ырысқул бий шығанағынан тартып «чай иш» деп алдына кеса ысырды.

Абылқайыр ханның менсинбеген гәпине бийлер жүдә намысланып, ҳәтте шаршағанларын да умытты. Аўзы жеңиллери ханды сыртынан сөкти де, базылары мийнетте халық қатары, иззетте қул қатары екенин айтысып, өз ара гийне қылысты. Ақыллылары өзлерин айыплады.

Маманның ендиги талабы оларға хызмет болды, сөзге араласпады.

Шайық пенен барлық бийлер ойласып-кеңесип Абылқайыр ханға сәлемге ҳәм тәуеллеге ўәкил жибериўге уйғарысты. Ўәкилликке төрт адам белгиленди: Мурат шайық, Полат жасаўыл, Ырысқул бий, Маман.

Хан болып атырған жайдың есигиндеги адам ишке тез кирип шығып, ханның ўақты жоқлығын, егер жүдә қыстаў, өлимлик иси болса, биреўиниң ғана кирип шығыўға мүмкин екенин хабар етти.

Жас үлкенлер кириўге жүрексинбей, тез ойласып, Полат жасаўылды жиберди, өзлери есикте қалды. Абылқайыр хан бир жаққа кетиўге таярланып атыр екен. Есикке арқасын берген ҳалында ғайры нағышлы тонының жеңин суғынып Полат жасаўылға бурылмастан, қысқа жол болсын сорады ҳәм қысқа жуўап талап етти. Полат жасаўыл өз жас үлкенлериниң өтинишин айтты.

— Мен отырған жерде сизлерден адам қатнасыўы ҳәжет емес. Үлкен есиктен нәмәлимниң тумсығы көринсе айып болады, — деди хан.

— Нәмәлим тумсығы қалай? — деди Полат жасаўыл таңланып.

— Сизлер-ше? Ким биледи сизлерди?

— Ким билмейди, ханымыз?

— Қысқарт! Журтқа бийноқияңызды ертек қылып отыра алмайман.

— «Қарақалпақлар қайда?» деп сорап келсе қысынбайсыз ба, ханымыз!

— Көпеклердиң жыйналып ҳәл бергенине танаўың ҳаррыймасын, тазы! Сизлерди сораганларга жуўабым тайын, қарақалпақ деген қазақтың бир тийреси деймен,

— Ханымыз, биз өз алдымызға халықпыз!

— Халықпыз, ҳа-ҳа! Билесең бе, бир падашының мыңлаған қара малына онлаған жетим қозы қосып бағылған менен, ол қой бақтым дей ме? Демейди. Мен де сондай. Киши жүздиң қазағы арасында қарақалпақ деген халық барлығына өзим исенбей жүрип, басқаларды исендире алмайман.

— Алжымаңыз, ханымыз, қарақалпақ халқы бәрҳа болған, бар ҳәм бола береди! — деп сырттан даўыслады Маман. Гәптиң қайдан шыққанын аңғармай:

— Тилиң кесилсин, ийттиң баласы, шегин кейин, — деп хан ири Полат жасаўылдың өңмененинен кейин ийтерип сыртқа шығып баратыр еди. Есиктеги Шайық пенен Ырысқул бий еки айырылып жол берип, ийилди. Ҳәм екеўи теңнен:

— Уллы ханымыз, басыңызға ис түскенде, сиз жумсағанда биз бәрҳа бар едик, — деди. Олардың тәжими ушын ба ямаса жумсақ сөзинен бе, орысларға жақын өзге жер болғаны ушын ба, хан оларды жазалаў орнына:

— Шайыққа тыңшылық жараспайды, — деп, бир гүрк етти де, мойын бурмастан жөнине кетти.

Мурат шайық ашыўға шыдамай талды. Жығылажақ еди. Полат жасаўыл сүйеп қалды. Олардың келиўин асығыслық пенен күтип отырған бийлер, ақсақаллар болған аўҳалды еситип, гижинисти:

Усы Абылқайыр хан пишилмеген өгиз болып баратыр ма, қалай?

— Қарақалпақ деген ел жоқ деп сыртымыздан айтатуғынын еситсек те, инанбас едик. Бул не деген доңызлық!

— Көзине май питкен...

Абылқайыр ханның сыртынан усылай тоңқылдасса да, бийлердиң баслы жуўмаққа келе алмайтуғынын баяғыда-ақ сезген Маман:

— Орыс пуқарашылығына, өз алдына халық болып, қосылыўға етилген арза тәкирарланса, қалай болады? — деп салды.

Бул кәрада орыс қурылысшылары менен бирге болып олардын, дурыслы халық екенине исеними бурынғыдан да артқан жигит тез усыныс етип салғанына өкинди. «Өзлерин сөйлетиў керек еди». Өкиниши дурыс шықты.

— Бийтке өкпелеп тонды отқа салып алмайсыз ба? — деди бийлердиң бири.

Маман Мурат шайыққа дәмели көзлерин қадады. Ол күни мененги ашыўдың зарпын шығарғысы келгендей:

— Тонды отқа салсақ та, орысларға тиккелей қосылыў дурыс болар ма деп ойлаймаи, — деди даўысынан бираз өкиниш, қайғы билдирип.

Маман қустай ушып түргелип шайықтың шалғайынан сүйди.

— Мақул жуўмаққа келдиңиз, шайық ата.

— Биз буннан не утар екенбиз? — деп сорады Убайдулла бий шайықтан.

— Ҳәзир анығын билмеймен, — деди шайық ойлы. — Бирақ бир нәрсе аян, орын утамыз. Ең болмаса, Киши жүздиң ханынан бийғәрез боламыз. Ол шақырылған жерге бизди де халық деп шақырады. Ҳәзирги күнимиз өлмес аўқат дегендей, қуйрыққа байланған қуйрық.

Бийлер бир-бирине қарасып, ғорбаңласты. Шайықтың еси дүзиў ме екен дегендей, оның бетине үңилисти. Шайық ашыўға еле буўлығып, демин ентигип алып отыр еди. Бийлердиң қыялларына түсинди.

— Солай, әзизлерим. Көзимиздиң тирисинде қорланбайық, — деди.

Бағанадан бери сарсаңы шығып отырған Ырысқул бий сөйледи:

— Абылқайырдың ақыретинен етимиз сылынып, сүйегимизге тақалды. Егер Киши жүзге төлеген салығымызды орыс патшасына бериў менен қутылатуғын болсақ, бизге ким менен қап қолласқанда не?

— Ол жағын, усыкәрада Митрий төре деген менен мырза Неплюевке барып сөйлесип билиў керек, — деди Маман.

— Сөйлесиў керек, шайқымыз. Абылқайырдан тойындық. Орыс мырзалары менен сөйлескенде, орыстың бенделерин азат етип келип отырмыз дей бериў керек. Маман өз биримиз. Мен жибердим, деп көкирегине дүрс еттирмес, — деди Дәўлетбай бий.

Маманның иши қуўанышқа толып кетти, бирақ марапатланбады, «дурыс ислегенимди мойынладыңыз ба» дегендей турғанына қараң демесин», деген ой менен, айыплы кисидей жүдә елеўсиз турды.

— Ол жағын гәптиң утырына қарап көремиз, — деди шайық.

Орыс адамларына кимлердиң барыўы жөнинде узақ тарыс болмады, бул сапары ўәкиллик үш адамға тапсырылды. Мурат шайық, Полат жасаўыл ҳәм Маман.

— Уллы дәрежели патша адамлары: мырза ҳәм төре, — деп баслады шайық қабыл мийрасымында. — Сизлердиң дәргайыңызға пүткил қарақалпақ халқының бий, ақсақаллары атынан келдик. Бизиң арзы-аўҳалымызды ақ патшаңызға жеткериң деп айтыўға келдик. Үйиринен айрылған бир топар қозымыз. Пана керек. Егер бизге Киши жүздиң қазақларына жапқан шалғайыңыздың бир шетин жаба алсаңыз, сиз ушын керегинде, басымызды садақа қылыўға келдик. Бәрҳа есаптан шығармайсыз. Сонда биз хызметке шаршамайтуғын бир қуданың қулымыз.

Патшаның усы қаладағы жасырын кеңесшиси мырза Иван Неплюев пенен Дмитрий Гладышевтиң ортасында отырған татар дилмаш шайықтың гәпин оларға орысшалап түсиндирди.

— Тили, дини қандай екен? — деди Иван Неплюев.

Маман бий тиккелей орысша жуўап бергиси келип, шайықтан сөйлеў ушын руқсат алды.

— Мусылманбыз. Тилимиз қазаққа, өзбекке, түркменге, татарға жақын. Түрки тилде сөйлеймиз.

— Оҳо, — деди Иван Неплюев таңланып. — Орысша биледи.

— Абылқайыр хан өкпелетти ме? — деп сорады Дмитрий Гладышев.

Бул сораўға Маман тиккелей жуўап бермей, шайыққа түсиндирди. Шайық қарақалпақшалап жуўап қайтарды:

— Ет кетти, сүйек қалды. Намыс кетти, бет қалды. Енди тиймеймиз десе де, соңғы он жылда елди төрт рет талатты.

— Жас бий орыс тилин жақсы үйренген. Қәне айтыңыз, бизге қандай жақсылық еттиңиз? — деди Иван Неплюев.

Маман иркилди. Бул сораўды шайыққа татар дилмаш түсиндирди. Шайықтың қансыз ғарры жүзине қан тепти, қызарды. Соңынап жуўап қайтарды.

— Қолымызда орыс бенделери бар еди. Алды менен оларды азат етип келдик.

Дмитрий Гладышев қуўанып қоя берди.

— Мырза Иван Неплюев, — деди ол, — қарақалпақлар үлкен миллеттен киширейгеи. Бабалары бабаларымыз бенен нан сындырысқан деген гәп бар. Ырас болса керек. Биз Хорезмде булардың Оразан батыр дегени менен де сөйлескен едик. Оның өзи келип арза қылды. Ҳәммесиниң кеўли бир. Оразан батыр уллы атамыз Петр Романовтың ўақтында сарайға бир барған ба, ҳәзир есимде жоқ, кулласы бизиң уллы Русьтың ҳаққына дуўа қылып, қабырғасынан жүреги көринген мөмин халық. 1731-жылда, көпшилиги аҳид еткенлер. Онысын айтыўға қысынып отырса керек. Егер, өз алдына еркин ханлық берилсе, орыстың алдында басы менен жумалайды.

— Абылқайыр хан менен келисип жасай бергенде не қылады? — деди Иван Неплюев.

Маманға жақпай, қалт етти. Дилмаш түсиндиргеннен кейин шайық тығылып, нуры кете баслаған ғарры көзлерде жас көңгейленди. Полат жасаўыл бир нәрсе деўге оқталып еди, әўелден сөйлемеген соң, сөйлемей-ақ шығайын деген ой менен үндемей, шайықты сүйеди. Буны көрген Дмитрий Гладышев Иван Неплюевке бир нәрсе сыбырлап еди. Иван Неплюев көп ойланып отырмастан:

— Яқшы, қарақалпақлар, биз сизлердиң тилегиңизди уллы дәрежели патшамыз Елизавета Петровнаға жеткеремиз. Бирақ сиз алды менен уллы дәрежели патшамыздың атына ант жазып таярлаңыз. Бул исте сизге мырза Дмитрий Гладышев жәрдем береди, — деди. Шайық түргелип барып Дмитрий Гладышев пенен Иван Неплюев отырған столдың мушына маңлайын тийгизди. Шайықтың ислегенин Маман бий де, Полат жасаўыл да тәкирарлады.

* * *

Киши жүзден келген қазақ, қарақалпақ бийлерине тең руқсат етилди. Ҳәмме қайтты.

Қарақалпақларға ўәдеси бойынша Дмитрий Гладышев те бирге шықты, бирақ ол қарақалпақ бийлерине хабарласпай Абылқайыр хан менен қатар күймесин жолға салды.

Күймелерге жегилген атлардың қоңыраўлары жаңғырласып тар жол менен узын-шубай дизилисип баратыр. Қарақалпақ бийлеринде күйме жоқ, атларының шоғын бузбай, еки-екиден сапқа дизилип, күймелердиң изинен шубырысып жолға түсти. Бийлер өз ара қәтер-

ли. Мырза Иван Неплюевтиң «Абылқайыр хан менен келисип жасай бергенде не қылады» дегенинен соң, Митрий төрениң Абылқайыр менен жақын баратырғаны, олардың қәўпин арттырды. Енди не қылса болады?

Қорғаннан бир мезгиллик жол асқаннан кейин Абылқайыр ханның бир жасаўылы бийлердиң алдынан кеселеп шықты.

— Маман бий, қайсыңыз боласыз? Уллы ханымыз күймеме жетсин деп буйырды, — деди жасаўыл.

Мурат шайықтың иши ғым етти. «Алжастық, Митрий төре еки жүзли адам екен. Бизиң арзы еткенимизди Абылқайырға айтқан. Жас жанды алдарқатып дузағына түсирмесе жақсы».

— Маман, — деп шайық ҳәммеден айрылып алға баратырған Маманды иркип, тәнҳа өзине әстен ескертти: — Абайлы бол, хан дузағы көзге көринбейди. — Хан жасаўылы гүманланбасын деген ой менен: — Ат қосшыңды өзиңнен қалдырма! — деп даўыслады.

Маман Аманлық пенен хан күймесине жетти.

— Ой, Маман бий, атыңды ат қосшыға бер де, бизиң күймеге отыр, — деди хан.

— Сизиң уллы дәрежеңизге ылайық болғанымыз ушын миннетдармыз, ханымыз, — деп Маман бий атынан ғарғып түсип, жүўенин Аманлыққа услатты.

Хан еки езиўиндеги қара шоқалақ муртларын алмагезек сыйпалап, бир ларқылдап күлди ҳәм гәп баслады.

— Мен сени шешен бий деп еситтим. Шешенлер менен сөйлесиў хан ушын да мәртебе. Жол қысқартайық деп шақырдым. Тыңла. Сен биреўлерге, ең салмақлы нәрсе көз жас екенлигин, көз жас көп төгилсе, жердиң сүтини бир жағына тайып кететуғынын айтқансаң. Оны қайдан үйрендиң?

— Ханымыз, мен бул гәпти қара атлы еки қарақшыға айтып едим, сиз бенен олардың қалай сөйлескенине ҳайранман.

Күйминиң изинде Маманның атын жетелеп, ақырын киятырған Аманлық жуўапқа ҳәз етип, өзинен өзи мыржыйып күлди.

— Сақалыма асылма, пәдериңе нәлет! — деген ханның ашыўлы даўысы еситилди.

— Кеширерсиз, ханымыз. Мен сизге бул гәпти сол еки қара атлы айтты ма деп ойлаппан. Мен бул гәпти орыстың бир дана, адамынан үйрендим. Лекин, бизиң шайқымыз да бийлеримиз де, гүллән елимиз даналықтың кәни. Жолды қысқартқыңыз келсе, сорай бериң. Үйренгеним бойынша жуўап беремен.

— Олай болса айт, гэптиң қарны не болады?

Маман аз ғана ойланды. Бундағы қыялы ханның сораўларына дурыс жуўап бериў ме, жоқ па? Егер, дурыс жуўап берсе, ақыбети не болады? Аз ғана төмен қарап алғаннан кейин дурыс жуўап берейин деген шешимге келди. Себеби, ҳэзир, өзи мақтанды: халқы, бийлери даналықтың кэни.

Маманның ойланып қалғанына хан күтэ ыразы еди. Даналық сораўларға даналық пенен жуўап бере алмаса, қолынан ҳештеңе келмейтуғын болғаны. Ҳақыйқатында, хан Иван Неплюев пенен Дмитрий Гладышевке қарақалпақ бийлериниң киргенинен хабардар, бирақ не ҳаққында сөйлескени оған қараңғы еди. Дмитрий Гладышевтен сорап ҳеш нэрсе биле алмады. Сол ушын жас бийди алдарқатаман деген ой менен күймесине мингизип отырғаны. Оның ақыллылығы жөнинде бурын еситкенликтен: «Неплюев пенен Гладышевке не айттыңыз?» деп туўрылап сорамай, ҳэр қыйлы сораўлардан баслап, жас бийди алжастырыңқырап, бир түлки соқпағын таўып, барлық сырды билмекши еди. Буннан бийхабар Маман бираздан кейин басын көтерип ханның сораўына үн қатты:

— Гэптиң қарны қулақ болады, ханымыз.

Ханның түси суўыды. Бирақ өзин алдырмаўға тырысты.

— Жолдың ийеси ким болады, бий?

— Жолдың ийеси туяқ болады, ханымыз.

— Елдиң ийеси ким болады?

— Елдиң ийеси ақыллы хан болады, ханымыз.

Хан муртларының ушын аўзына салып жалмады.

Күймениң дегершиклери тасқа дүкти ме, сарт-сарт етип аўдаңлап кетти. Хан ашыўлы бир нэрсе демекши болып турды да:

— Шешенликтиң күши неде? — деди.

— Шешенликтиң күши шынлықта, ханымыз, — деди Маман.

— Ханның күши неде?

— Ханның күши эскеринде, ханымыз.

Маман бул жуўапты айтып салғанына аз ғана өкинди. Себеби, бул даналық пикирден пайдаланып хан эскерин көбейтсе, ақыбети патырат. Көз жас сонда молайып, сел болады. Қасақана хан оның соңғы жуўабына қаңаатланбаған түр билдирип:

— Ханның күши оның ақылында. Оның ақылы қайда дерсиз? Оның ақылы дастурханы менен толы қорасында, — деди.

— Маман өз жуўабына өзи исенер еди, бирақ, күш нан менен малда дегенге де исенди. Ел басшысы гилең наны қалың малы

көплер ғана. Абылқайырдың өзиниң де малы көп, наны қалың болғаны ушын хан.

Ханның пикирин ишинен мақуллаған менен жас бий өжетлик етип пикиринен қайтпады. Лекин, өжетлиги ишинде қалды.

Хан да, бий де енди тым-тырыс, бири-бирин аңлысып келе берди. Ойлы-бәлентликке келгенде ханның күймесиниң қоңыраўлары сыңғырлап тынышлықты бузды.

Хан енди тийкарғы мақсетине көшти. Тиккелей сораса өзиниң жаман қыялы әшкара болады. Тымсаллаўға бул жас бий қәлеген гәп астарын тез уғады. Сонлықтан хан әстелеп барды.

— Суў ишкен қудығына түкирген адам туўралы еситкениң бар ма?

— Суў ишкен қудыққа түкириў, — ақылсыздың иси деседи, ханымыз. Қарақалпақта «бир күн дуз ишкен жерге қырқ күн сәлем» деген гәп бар.

— Түсиниклирек етип жуўап бер, бала бий.

— Қудықтың суўы сасый басласа, түкирсе де болады, ханымыз, — деди Маман бий.

— Онда «бир күн дуз ишкен жерге қырқ күн сәлем» деген қәде бузылмай ма?

— Суў сасымайды, ханымыз. Суўды сасытатуғын шеңбери болса керек. Үлкен дәрья жақын болса, қудықтан дәрья жақсы, ханымыз.

— Сен жассаң. Гәпиңе қарағанда тақыўа ғаррысаң. Қазақты, қарақалпақты жунғарлар шаўып, елимиз «Ақ табан шубырынды» атанды, еки елдиң тәғдири бир, еки ел егиз. Бирақ биз көпшиликпиз. Көпшилик болғанымыз ушын сиздей туўысқанларға қудығымыздан суў бергенбиз, бүгинлиги суў ишкен қудыққа түкириўди қыял етсеңиз, не қылса болар екен?

— Ханымыз, кешириңиз. Алдыңызға барғанымызда қарақалпақ деген ел барлығына исенбеймен дедиңиз, бүгинлиги «еки ел» дейсиз.

Өз гәпине шырматылған хан ғарқ-ғарқ күлди. Маманның кең жаўырнынан сыйпалады.

Дмитрий Гладышевтың күймеси алға түсип кеткен еди. Маманның жаўырнында ханның түйе шуўдасындай сарғыш жүнли аўыр қолы жатса да, ала көзлери алдағы күймеде еди. Оның сол күймеден дәмели киятырғанын сезип хан:

— Мениң шамалаўымша, сен нағыз ерсең. Ердиң тили, иси биреў болады, — деди.

Ханның не демекши болып киятырғанын Маман аңғармаған менен марапатына қуўанбады.

— Әлбетте, ханымыз, сөзи менен иси бир болыў тек ерлерге ылайық емес, ҳәммеге миясар, — деди. — Қудай кисини жаратып оған бир тил бергенде, бир сөйлесин, шаймаламасын деп берсе керек, ханымыз.

— Мақул гәп. Бирақ, мениң ойымша, алдымыздағы күймеде баратырған Митрий төре қазақ пенен қарақалпақтың бирлигин буза ма деп қорқаман. Биреўге биз, биреўге пышақ бериўди шеп көрмейтуғын найсаплардан емес. Маған, қарақалпақлар Киши жүздиң ханлығын жаўлап алыўды мақсет етип жүрипти, деген гәп айтты.

— Сиз инандыңыз ба, ханымыз?

— Инанбадым.

— Не ушын?

— Ҳәзир ғана келиспедик пе? Ақыллылар суў ишкен қудыққа түкирмейди. Демек, сиз Киши жүздиң арқасынан ел болып отырғаныңызды умытпассыз.

Мамам ойланды: бәлким, Митрий төре айтса айтқан шығар, олар бир жүрди, бир табақтан ас ишти. Шайықтың «хан дузағы көзге көринбейди» дегени есине келип, иркилди. «Бәлким, бул айтып атырғаны хан дузағы шығар. Өзи талап еткенлерди алдына апарғанда, дүрре урғызып, оларға қарақалпақларды «тозғақ ел» деп атады. Кеше ғана қарақалпақ миллети барынан гүманланатуғынын жасырмады. Бүгин «еки ел егиз ел» дейди. Еки тил, еки жүз усы ханның өзинде емес пе?»

Жас бийдиң ойланып киятырып сөйлемегени ушын, сөзиме қулақ асты деп ойлады ма, хан:

— Мениңше, Митрий төрени арадан аласлаў керек, — деди.

— Ханымыз, кеширерсиз, сиз бир нәрсе дегендей болдыңыз ба? — деди Маман оған жалт бурылып.

— Хан бир гәпти еки тәкирарламайды, бала бий, — деди хан ҳәр сөзин ништерлеп.

— Ханымыз, мен дурыс еситкен болсам, сиз сәл асығыс мәсләҳәт еттиңиз-аў, деймен, шамасы.

— Оҳо, бала бий, сөзлериң зилдей!

— Мен жеңил сөзди онша уната бермеймен, ханымыз.

— Тилиңе қуда берген екен. Бирақ, бала бий, халқың саған исенсе, қәреп болады. Оннан да бизиң еки халқымыз арасындағы

қасық атысыў жақсы болсын десең, мениң тапсырмамды орынлаўға асыққаның жөн. Аласла оны!

— Сабыр етиңиз, ханымыз. Сабырлылық күн түсирмес сая болса керек.

Хан айтар гәпин айтып салған менен бирден ашыўлана қоймады, жас бий қызбалық етип, ортадағы болған әңгимени биреўге айтып сала ма деп қыпсаланды. Суўық қанлылық сақлап, баяғысынша сөйледи.

— Жаслық — жүўенсиз ат деген бар, егер елиңниң ғамын ойласаң, еситкен сөзиң қарныңда қалар, бала бий. Бирақ, хан буйрығы қуда буйрығы екенин умытпа!

Маман бийдиң түси өзгерип, денесинде қаны қайнады, бирақ, астынғы ернин тислеп сабырлылық сақлады.

— Ханымыз, мен сизди көп қысындырдым, түссем бола ма? — деди.

— Түс, пәдериңе нәлет!

Маман жылысып күймеден түсти.

Аманлық атларды қаттырақ айдап келип қалған еди. Хан артына бир қырыңлап қарап, зилли даўыслады:

— Бала бий, атыңды абайлап айда, шаң жутасаң!

Ханның қандай астар қойып айтқанын уққан Маманның кейпи түсиңкирейин деген еди.

— Хан дабылы ғой, бийим, басыңды көтер, — деди Аманлық.

Маман өзиниң әззилик еткенин түсинип басын көтерди.

Бираз күн жүрип, елге жақынлаған соң Аманлық:

— Бундай қолайлы пайыт табылмас, бийим, Айғара бийдиң аўылына барып Ақбийдайдың қолынан суўсын ишип өтейик, — деди. Бул кеңес Маманға қанат байлады.

— Мейли, ақыллым. Жабықтық, кеўил көтерейик.

* * *

Бийлер Орскийден жүдә аўызбиршиликли шықса да, Маманның хан күймесиие мингени оларда алаўызлық туўдырды. Жандос бай гөне жараның қотырын тырнады:

— Қоңырат және утылды, Маман әкесиниң бурынғы сөзин жаңартты. Шайық тили менен мөр басты. Сөйтип, ябылар және хәммени баслап кетти. Қоңыратлар жапырақ, қуйынға ерген жапырақ...

Бул Ырысқул бийдиң де қытығына тийди. Шыдамай шайыққа тоңқылдады:

— Сиз Маман жөнинде қәтелестиңиз.

«Қәтелестиңиз» деген сөз шаршап киятырған шайыққа оқ болып қадалды.

— Ырысқул бий, тилге ерк берип ерке болып баратырсыз.

Ырысқул бий қайтып сөйлемеди. Ҳәр ким өзинше бир қыялға берилгени ушын ба, ямаса бир-бирине болған өкпе тереңлеп кетти ме, хан ҳаққында пикир жүргизиўлер, ҳәттеки, орысларға қосылыў жөниндеги болжаўлар, әрманлар тынып қалды. Биреўлер атының болдырғанын бәнелеп, жүўенин тартты, екиншилери озды. Аўылға жақынлаған сайын әрре-тәрреси шықты. Полат жасаўыл менен Мурат шайық атларын желдирип Дмитрий Гладышев айрылатуғын бәндиргиде изинен жетип, қарақалпақларға қашан келетуғынын сорап қалды.

— Таярлана бериңлер, Абылқайыр хан менен ислер бар еди, питкерип тез арада бараман, — деди ол.

## 12

Өткен жылдың майса шөбин пашырлатып басып, кең жазықта жекке торы атлы киятыр. Айналасы дала. Адам зеригерлик дала, аты да, ийеси де тең болдырған. Торының қәдем таслаўы қунарсыз, буған ийесиниң де иши писпейди. Гөнетоз қара қалпағы бир шекесине аўып, уйқылап киятырғанға усайды. Қамшы услаған қолы зәңгиликке салбыраған; аттың жүўенлерин бармақларына ораған болмаса, зернағыслы ердиң басын қамтылап услап отырыпты. Шөпсиз тақырлыққа шыққанда, аттың алаяқлығы байқалды. Жападан жалғыз киятырған алаяқ торының үстиндеги Оразан батыр еди. Ол былтыр жаздағы кеткенинен елине жаңа оралғаны, Хорезмнен киятыр. Хорезм шуқырындағы қарақалпақлар арасында болып киятыр. Ойсыз, ҳеш нәрседен алағадасыз киятыр.

Ол ойлап-ойлап шаршаған. Не қылсын, ол барғанша ойланды, барып ойланды. Көп тарыслардың арасында болды. Маңғытлардың Шердалы бийин өлтирген Хорезмниң Елбарыс ханының тахттан еркин сыпқанамай, өли былш еткениниң гүўасы болды. Нәдир шахтың өзи менен тиллеспесе де, айбатлы ҳәўириниң епкинин сезди. Өз ўатанында көп көрисе алмайтуғын Киши жүздиң Абылқайыр ханын усы жақта көрди. Бәрин де тек сырттан көрди.

Жақыннан көрип тиллескени — орыс елшилери. Олар менен де бирден жолығысыў, тиллесиў қайда? Азапларға, қорлықларға көнип көрди. Орыс елшилери менен бүйтип ийни келе бермейтуғын болғаны ушын көп күнлер күтип жатып тиллести. Өзгелерди айбындырғандай тилли ханы, күшли ләшкери болмаған елдиң адамына ким хабарлассын. Әйтеўир, уялмай хан менен орыс елшилери сән-шәўкет пенен олай-былай жүргенде сәўийек ийттей ерип жүрип, дийдине еристи. Сондағы көргени, тиллескени Митрий төре (Дмитрий Гладышев) еди. Ол Иранның Нәдиршахы менен Хорезм ханын жарастырыўға келген. Патшасы жиберген.

Дмитрий Гладышев оны аз ғана сөйлетип, арзын тыңлады. Соң халқының санын сорады. Мейли, аз екен деп менсинбесе менсинбесин. Өзлери есапқа бермей жүрген отыз мыңына салғыртын салса салсын. Ырасын айтыў керек: «Тек төменги қарақалпақлардың өзи алпыс мың үй» деди. Дмитрий Гладышев тийкарғы барлық қарақалпақлар туўралы бурыннан биле ме, билмей ме, басын қайта-қайта шайқады, өкингендей шайқады. Бәлким, бурынғы қарақалпақлардың үсири шелли қалмағанына шайқаған шығар, бәлким, алпыс мың үйди алпыс мың жан деп түсинип шайқаған шығар. Жоқ, қарақалпақтың бес жаннан кем шаңырағы болмайды. Үйсизлер, қуўыс-қолтықта жатып жүргенлер, оған қосымша. Сирә, көп халықтың бүлип азайғанын аяп, бас шайқаған шығар.

Оразан батыр Дмитрий Гладышевқа кеўлиндегисин билдирип орыс патшасының пуқарасы болыўға елиниң бурыннан арза етип киятырғанын айтса да, оның бас шайқағанының лийкинине түсинбей көп ойланған. Хорезм ханының қол астындағы қарақалпақлардың да, Сырдәрья бойындағы өз ўатанласларының да тәғдирлери туўралы ойлана-ойлана шаршаған. Себеби, қуры ой ашына тамақ емес, жалаңашына кийим емес, өлгенине кепин емес. Тек жанға түскен бир жеги. Аздырғаны, тоздырғаны, гүрсиндиргени болмаса, жәрдеми жоқ. Усының себебинен ол қайтысын аўырып, атта отыра алмай, өзи излеп барған руўдың бир байының үйинде бир ярым айдай жатып түргелди.

Енди елине аман жетиў нийетинде ҳеш қандай ойсыз киятыр, алағадасыз киятыр.

Алаяқ торы аяқларын зорға көтерип басса да, тынбай адымлағаны ушын жол өнди, өнген үстине өнди, жол танабы қуўрылып бара берди.

Далаңлық түўесилди. Ябы менен Қоңырат руўының арасындағы бир жал бийикликтиң басында қуўыршақтай сүлдер көрип, солай қайрылды. Қуўыршақ дегени он жаслар шамасындағы қыз болып шықты. Қызыл көйлегиниң, қара бешпентиниң алба-дулба етеклери, майда бурымлар секилли, сәл епкинге-ақ желпилдеп турыпты. Бар дыққаты пәсте. Оразан батыр қыздың дыққатын аўдарған пәске қарады. Жигирмалаған бала еки топар болып төбелесип атыр. Арашасы жоқ, қәдимги дегди ийтлердей шайнасып атыр. Оразан батыр олардың үстине барып қалды. Аспаннан тислесе қулаған ғарғалардай шайнасып атырған еки қара бала келип қалған атлыны көрмей пыснасыўда.

— Қәне, тоқтаңлар!

Олар буны да еситпеди, Оразан батыр тез аттан түсти, бирин-бири жаздырыспай жатырған екеўиниң басын сүйеп тикейтти. Шөже қораздай екеўи ҳалықласып тур. Аўзы-мурынлары қан. Биреўиниң жарты қулағын, екиншиси қанға қосып түпирди.

Тамашагөй ирилери кейин-кейин бәсисип, еки топарға бөлинди. Бийиктеги қыз жуўырып түсип, Аллаярдың топарына қосылды. Оразан батыр ҳәр топардың басшысымағын тутып алып кимлигин, нениң үстинде төбелес басланғанын анықлады. Қыз келип қосылған топар ябы руўының жетимлери, басшысы Аллаяр, ал екинши топар қоңырат руўының жетимлери екен, басшысы он алты жасар Елмурат. Жәнжел бир аўылдан екинши аўылға қайыр сорап өтпеў жөнинде басланыпты.

— Анаўлар қоңыраттың қор болғанына ябылар себепкер деди. Өтирик айтты, — деп түсиндирди қыз.

Оразан батыр қыздың кийиздей қалың қара шашынан баслап, толық шекели жазық ақ маңлайына шекем сыйпалады.

— Бастан айт, қызым, не дедиң?

Қарсы тәрептен де, өз тәрепинен де көтерилген мушлар қызды алжастырды.

— Әжағамды сағындым, ата. Маман бий менен кетип еди, келген жоқ, — деди қыз.

Оразан батыр өз улының атына «бий» сөзи қосылғанына гә қуўарды, гә қызарды. Бағанадан бери сөйлемей турған Аллаяр тилге келди.

— Буның айтып турған Маманы сизиң балаңыз, Оразан ата. Бий болды. Мениң бир жорама реҳим етип атқа миндирди.

— Жораң ким еди?

— Аманлық. Мынаў қыздың әжағасы. Бул қыздың аты Алмагүл.

Оразан батыр бул балалардың гәпине исенерин де, исенбесин де билмеди. Бирақ төбелестиң сыры барлығын уғып, соған орала берди. Себебин және сорады.

— Себеби ме? — деди Аллаяр енди өзин басып. — Себеби жоқ, төбелес. Өзлери бизди қоңырат аўылына өткермейди, бизиң аўылға өткиси келеди.

Буннаи кейин Оразан батыр олар менен көп сөйлесип турмады. Бир нәрсе билиўге талапланбады. Қыстастырса: қоңырат жетимлерине Жандос байдың ябылар жөниндеги қызғаныш сум қыялларын билип алған болар еди. Атына минди де, оларды топар-топары менен еки жаққа айырып қуўып қайтты. Бурынғы әдетинше ол аўылға кирместен бурын: қубладағы жетим еменниң астында ең keминде бир қуман суў қайнағанша иркилиўи керек. Егер шайық бар болса, алдынан шығып, күтип алады. Бул сапары оны Мурат шайықтың үлкен улы Хелўет күтип алды.

Кешқурын, Орь қорғанынан қайтқан Мурат шайықты усы еменниң астында Оразан батырдың өзи күтип алды.

Түнге қарай ҳаўа бузылды. Таңның алдында абылайсаңның жаўыны басланды. Бирден шелекледи. Далада жүриў мүмкин болмай қалды.

Мурат шайықтың тоғыз қанат отаўы адамларға лық толы, урып тыққандай, ҳәр қашанғыдан да кеўилли. Ябы менен жалайыр руўларының бийлери, байлары Оразан менен шайықтың келгенин еситип келип отыр. Олардың көбиси жаўыннан бурын келип қонып қалған, кете алмай отыр.

Жаўын үзликсиз үш күн даўам етти. Түңлиги, үзиклери ләм өткермейтуғын отаўға өз ўақтында тамақ жетисип турғаны ушын ба, қамалған қойдай тығылысқан бийлер, байлар мәс, сексеўилдиң қызыл шоғы әтирапында сөйлесип отырыпты. Гәп арасында базылары дүзде қалған малдың ҳалы қыйын болғанын айтып қыйналса, екиншилери қуўанысты.

— Жаўын тынсын, изинен қара жер көрмейсең. Көклеп кетеди.

Усы жаўында ҳақлаў нәўбети келген Аллаярлар ҳаққында бир аўыз гәп болмады, бәлким, олардың хеш қайсысы ҳәзир көзге көринбегени ушын шығар.

Көбинесе гүрриң берип отырған Оразан батыр.

— Митрий төре менен сөйлескениңизди ол кисиниң өзинен еситтик, — деп Оразан батырдың әңгимесине Есим бий бәнт

басып қойды. — Митрий төре жақсы тәсирленген. «Қарақалпақлар қабырғасынан жүреги көринип турған халық» деп атады.

Отырғанларда жанланыў пайда болды. Жас үлкенлери сақалын сыйпап, жас кишилери қозғалысып, әлле қандай мақтанышлы кейипте, жалғыз ғана Оразан батырға емес, бир-бирине қарасты. Гейде әңгиме бел үзди болса, сырттағы тасыр-тасыр жаўынға ҳәмме қулақ салып, биреўи болмаса екиншиси ишинен қыйналып, маңлай жыйырар еди. Усы демде жаўын бурынғыдан да пәтленип, кийиз үзикти сабалап атырғандай болыўына қарамастан, маңлайы жыйрылған адам болмады.

— Абылқайыр ханның шапқан қысыўметлерин айтпадың ба? — деп сорады отырғанлардың бири.

— Айтпадым, бийлер айтпадым, — деди Оразан батыр. — Мен оларды Абылқайыр менен узын бир соқпақтың жолаўшылары деп айтпадым.

— Айтпағаның жақсы болыпты, — деп бул гәпке Мурат шайық бәнт басты. — Тас баўыр хан еситсе, ошағымыздың күлин суўыртады. — Шайық усылай десе де, ғарры көзлерин сүзип, ойланып қалды. Журт шайықтан, неге ойландыңыз, деп сораў орнына, бетине тигилисти. Шайық түсинип бас көтерди. — Маманды баласынып сол тас баўыр Абылқайыр күймесине мингизип еди. Түскеннен кейин көре алмадым. Баладан қәдигим бар.

Шайықтың қайғы аралас өкиниш даўысы менен айтылған гәпи кеўилли отырғанларға аўыр мусаллат болды. Үйди самсазлықтың думаны қаплады.

Усы демде, суўдан шығарылған өлидей түси бозарып, кийими етиме жабысқан Маман есикте пайда болды. Қоллары қан, шекпениниң жағасы қақ-қақ айрылған.

— Аталар, ағалар, өлтирдим, Жандос байды өлтирдим, — деп қарлыққан даўысы менен сыбырланып, дүстөменине қулады.

Ҳәмме өрре-өрре түргелди. Адамлардың теңселиспесине керегелер ләрзем алып сықырр-сықырр қозғалды. Далада жаўын еле қуйып тур еди, үйдиң даладан айырмасы болмай қалды...

* * *

Аманлық келип киргенде, барлық дослары тандырдай дөңгеленип, отқа жылынып отыр екен. Оны көрип, қуўанғанынан Алмагүл «Ўаа! Әже-әже! Әжағам!...» деп кийиктей атлығып,

мойнына секирди. Үкесиниң қатты қысқанына Аманлықтың кийимлери сығылып, жерге суў сорғалады. Екеўи де қалжаўрап қалатуғын болғаны ушын ба, сонша күн көриспегенине қарамастан Аманлық қарындасын кейин ийтерип, отқа абынды. Аллаяр далаға жуўырып шығып ошаққа томар салды. От лаўлап жанды. Аманлықтың кийимлери оттың қасында пуўға айланды.

— Қәне, Аманлық, сөйле, сөйлемесең пуўыңнан көре алмай, сениң бул жерде бар екениңди умытамыз, — деди Аллаяр.

Аманлықтың сөйлеў тилеги жоқ еди.

— Еситпей-ақ қойыңлар. Изи ойран қайғылы ўақыя болды, — деди Аманлық қысқа ғана.

— Изинен баслама, басынан басла. Тап усы кәрадан шығып кеткениңнен басла, — деди Аллаяр.

Кең далада еркинше жүрип үйренген балалар үш күннен бери ҳеш жаққа шыға алмай, барлық қызық әңгимелерин түўесип отыр еди. Аманлықтың шырайында, даўысында бир ҳәсиретти сезген менен бәри Аллаярды қуўатлады.

Жолдасларының сырын билетуғын Аманлық пуў астынан емескиленип гәп баслады.

— Бул жерден кеттик. Көп-көп жол жүрип Орь қорғанына жеттик. Иследик. Аянбай иследик. Қайттық. Жолда, жөнекей Айғара бийдиң аўылына қайырылдық. Ақбийдайды көрдик. Усы сапары тиллестик. Айғара бий Мырзабеги менен келип бизди керей руўының Седет деген жас мырзасы менен таныстырды. Маманды көр де, Седет керейди көр. Япырмай, адам да усайды екен-аў. Екеўи бир егиздиң сыңарлары. Ол да қара нық денели. Әйтеўир, соны көрип усы қазақлар менен бизиң бабамыз бир атаның улы дегенге тақыйық исенип қалдым... Соннан шығып Ғайып ханға жолығып кетейик деп ойладық. Мен атлар менен болдым, Маман аға ханға кирип сөйлести. Ўақты хош отырғанының үстине барыпты. Полат жасаўыл бизлерден бурын келип Орь қорғанында болған ўақыяларды айтыпты.

Аллаяр шыдамады:

— Сен неге Орь қорғанында болған ўақыяны таслап, бирден Ғайып хандикине келдиң?

— Орь қорғанында жас үлкенлер орыс төрелерине хабарласып, оларға қосыламыз деген бурынғы арзасын айтты. Ғайып хан Абылқайыр ханды жек көреди екен.

— Ақыры, Ғайып хан да Абылқайыр хандай үлкен хан болғысы келеди дағы, — деп бөлди және Аллаяр.

Солай екен. Ғайып хан Маманның баяғы гүналарын кеширип: «Сонда дурыс ислеген екенсең. Алдан көргиш бала екенсең. Мен енди саған усы орысларға қосылыўдағы истиң, барлық лийкинин тапсыраман, бирақ өзиңе бек бол, сақ бол. Қоңыратлар жаман. Сениң алдыңа бәрҳа бөгет болады» депти. Мениң ишимде де кир сақланып жүр еди. Ол мынадай кир: қоңыратлардың Жандос байы Орь қорғанына Елмуратты жибергенде «қолайын таўып Маманды тири қайтарма» деп тапсырған екен. Қорғанға барғаннан кейин буны маған Елмураттың өзи айтты. Мен ол соры қайнағанды аяп, ақылландырдым. «Буныңды тисиңнен шығарма, Маман аға еситип қалса, гүманланып, өмириңе қәдик туўар» дедим. Сөйтип өзим де Маман аға айтпадым. Енди Ғайып ханның өзи Маман ағаға кеширим берип «қоңыратлардың сумлығын» ескерткен соң, мен Маман бийден сыр сақлай алмай қалдым. Елмураттан еситкенимди дәл айттым. Жандос байдың Елмуратты қатты үгитлеп өлтир деп жибергенин айттым.

— Дурыс болған, өйтпегенде, сеники Маман ағаға қылаплық болады. Аўа, аўа, — деп мақуллады Аллаяр. — Сол Жандос байдың кесапаты екен-аў, әйтеўир қоңыраттың балалары тақырдан шаң шығарып төбелескиш болып кетти.

— Сөйтип қоңырат аўылының арқасы менен киятыр едик. Жаўын да шелекледи ме дең. Жаўынға араласа жыңғыллықтың арасында атқа минген бир қасқырды байқап қалдық. Жерде адам даўысына мегзес қатты қыйғырық шығып, семди. Гүманланып тез барсақ, қасқыр дегенимиз қылқа тонын аўдарып кийген Жандос бай екен, аттың сүйреткисиндеги Елмурат болып шықты. — Аманлық өз-өзинен бир гүрсинип сөзин даўам етти. — Ашыў қысып киятырған Маман ойланып турмады. Ат үстинен реҳимсиз Жандос қасқырға пәнже урып, өзи алдына өңгерип алды да, алқымына пышақ салып қарқыратып шалды...

— Ўа — ай! — й! — деди Алмагүл.

Пуў сийреклесип, қараңғыдан жақтыға шығып баратырған адам секилли көринген Аманлықтың жүзинде тек ашыў, тек кек, ыза излери... жуўған бөздей сур болып кетипти.

Балалардың бәри тастан жонған сүўреттей лал. Ләммимсиз.

Қалжырап келген Аманлықтың отқа абынған ҳалында бойы жылып қалғыды, әллен ўақытта өзине келген Аллаяр оны сүйеп, қапталдағы сабан төсекке жатқарды.

* * *

Кешке таман жаўын, тоқтады, түн тыныш өтти. Азанда қуяш ҳәммеге күлип жарқырайжақ еди, оған қараған инсан болмады, ябы аўылының үстин қоңырат атлыларының думаны басты...

## 13

Таң сәҳәрден қара думан болып келген Қоңырат атлылары жекке еменнен өтип тоқтаған еди. Күтилмеген атлылардан ҳаўлығысқан Мурат шайық аўылының гүллән жаны тик аяққа минип, жаў шабыўылының алдын алыўға киристи. Ким бар азық-аўқатын жасырыўда, ким жаў айдап кете ме деп жалғыз малын сойып, етин тулыпқа тығыўда, бой жеткен қызлар айдай жүзлерине май аралас күйе менен күл жағып ғожалақланыўда. Бийлер, байлар жас жигитлерге қыйқыў салып, атларына миндирип, асыққанлары бос жүрген жалаңаш ат болса тутып минип, қолына шоқмар, таяқ алғанлар еле бир жерге топланып болмай атыр. Бул таярлық бийдәрек атлыларды көрген соң, атлылардан Мурат шайыққа елши келген соң басланды. Қоңыратлардың Ырысқул бийи:

— Бийкарға қан төгилмесин, жанға — жан, бизге Маманды шығарып берсе болды, песин намазына азан айтылғанша күтемиз, — деп жиберипти.

Күн шаңқай түске шамаласты. Ябы руўының да барлық ийге тартар бийлери, баўырынан жел өткен инсаны жаўдан жеңилмеўдиң ғамын питкерип шамаласты. Еки тәреп еки бөлек таў өркешиндей шоқланысты. Базда ортадан ақ атлылар ақ жалаў услап шаўып өтеди. Булар бир-бирине жиберип атырған елшилери, бири айтылған мүддет шамаласқанын хабарласа, екиншиси, Маманның орнына пәлен малдың санын айтып жиберип атыр. Аз деп ойлаған шығар деген ой менен ҳәр сапары жибергенде малдың санын молайтады.

Кеше ғана бир төсекте отырып, бир табақтан ас ишкен адамлардың бүгин дизе бүкпес жаў болатуғынына кимниң көзи жеткен? Бир-биринен қайтпайды. Бирин-бири тыңламайды. Мурат шайық адамның баўыры еригендей гәплер менен елшисин жиберсе де, Ырысқул бийлер жибисиў былай турсын, әўелгисинен өктерек жуўап қайтарады.

— Адамгершилик, ҳүрмет биз тәрепте. Жатқан елиңди шетинен қырып кеткенде не қылар едиңиз? Оны қылмадық. Қарақалпақ мойынтырығының бир жағын ҳәм аўдарып, ҳәм сындырып

жиберетуғын үлкен Қоңырат руўының азаматлары қансырап келди. Шыдатпайды. Ең аңсаты Жандос байдың геллесине гелле, қандарымыз Маманды шығарып берсеңиз.

Ақшамы менен уйқыламай, жалғызын баўырына басып ийискеп, сөйлетип, сөзин тыңлап шыққан Оразан батыр жаў-жарағын асынып, алаяқ торысына минген еди. Ат үстинде тип-тик шаншылып отыратуғын адамның бели сол бүгилипти. Ақ боз ғунанды минип шыққан улын топтың шетине шығарып жайпарахат сөйлесип, түнде өзи айтып үлгермегенлерин ҳәзир айтып тур:

— ... Елдиң ойлы-бәлентин аңғарғаның жүдә жақсы. Ҳәр ким өз елин биле бермейди, перзентим. Орыс бенделерди де азат қылып дурыс ислегенсең, перзентим. Олар түбинде босатылады. Болмаса, сендей жигерли биреў босатыўы керек еди. «Минсең бийикке» деген гәп бар. Орысларға арқа сүйеў — таўға арқа сүйеў менен, елиңе таўдан қорған салыў менен барабар, перзентим. Орыс саўдагери саған жаўырыншаңыз жоқ дегенде ырасын айтқан... Сен туўралы бәрин еситтим, перзентим. Жетимлерден биреўин атқа мингизгениң де ақыл болған. Ҳәр кимниң өз елине деген жүреги, меҳир-муҳаббети бар. Сен сол жетимди келе қыл. Бирақ қатарынан асып кетпесин. Елиңниң орташа қәддин сол Аманлықтың тәғдири менен өлше, сөйтип өзиңе есап беретуғын бол. Сонда сайыздамысаң, тереңдемисең, билесең. Мен бундай нәрселерди ислей алмадым. Жаўгершилик үстине жаўгершилик, қуўғын үстине қуўғын болды. Мурат шайық пенен елди усы жаққа баслағанда, кеўлимде бир әндийше бар еди, бир шаңғалақтың дәнесин тең бөлип шаққан шайықыма соны айтпадым, бул әндийше — бир адым да болса орыслар менен шегараға жақынласыў нийети еди. Себеби, бул ата-бабамыздың ең әййемги тутқан жолы. Олар орыслар менен бир жаўға тең көкирек керген бабалар. Бирақ заман гәрдиши не қылмайды, усы күнлерге түскенбиз. Абылқайыр хан — түлки хан. Оның «шаң жутасаң» дегени қорқытқаны. Изинде ели бар, жигитлери бар адам қорқақ болмаўы тийис. Орысларға тезирек қосылыўдың, таў қорғанға тезирек тасаланыўдың ғамын жеў — елиңниң ғамы, елиңниң намысы. Ҳәзир мәселе ҳәр ким өз аты менен аталыў жөнинде болып тур. Абылқайыр хан бүгин Киши жүзде қарақалпақ халқы барынан шүбҳаланса, ертең «жоқ» дейди. «Алжымаңыз» деп дурыс айтқансаң. Өлим ерте ме, кеш пе, әйтеўир бир келеди. Оннан қутылмақ жоқ. Сол ушын ийни келгенде, ишиңдегини айтып қалғаның жақсы, перзентим...

Маман кеше қызып кетип ислеген исиниң изи не менен аяқланатуғынына соң түсинди, соң... Таң азаннан ғаўлап басқан пүткил қоңырат атлыларының иркилип не талап етип атырғаны оған еситтирилмесе де, барлығын ишинен сезип турыпты. Әлбетте, қун, қанға — қан! Ол өз атасын күтә қатал адам деп есаплап, оған жараныўдың қыйын екенине исенетуғын еди. Сол қатал атасының мақтаў сөзлери менен барлық исин мақуллағанына кеўли ыразы. Тап ҳәзир өлип кетсе де, дүньяда әрман қалмағандай қуўанышлы кейипте.

Мүддет тақалып, қуяш төмен еңкейип баратыр. Ўақыт жақынлаған сайын адамларда жүрек ақырын соғады. Аўылға песин намазын хабарлайтуғын Ешнияз ахун азан дүмпегине минди ме екен десип, адам бойлы ылай диңгекке үнсиз бурылысады. Жымжыртлық. Ҳәттеки, атлар да пыснаспайды, оқыранбайды.

Көз ушында шаўып киятырған қос атлы көринди. Олардың жақсылық хабар менен келиўин күтип турған халық солай қарасты. Олар топқа жақынлап, жүрислерин тосаңлатты ҳәм бири-бирине бир нәрсе дескендей болды.

Бул қос атлы Дәўлетбай бий менен Убайдулла бий. Олар Оразан батырға сәлемге келгенинде, аўыл үстинде думандай дөнген қоңырат атлыларын көрип «не деген менен ханның аты хан. Қан төктирмей бастырыўға жәрдем етер, ақыл табар, еки руўды мәмле қылар» деп Ғайып ханға шапқан еди. Соннан киятырғаны.

Сәллесиниң маңлайына қолын тутып Мурат шайық бармағын тиследи: қуўанарлық хабарлары болғанда жүристи пәсейтпес еди!

Оразан батыр Маманға «сен аз ғана иркил» деп Мурат шайыққа қарай жүрис қылды. Соның арасында бийлер жетти. Көк боз аты терге шомылып қап-қара болған Дәўлетбай бий Мурат шайықтың алдында тоқтап, ентиге-ентиге жағдайларды баян қылды.

— Шайқымыз, нан писире алмай қайттық. Ханымыз өзим барыўға қәстеленип атырман деди. Маман бийге буйрығым — буйрық. Орысларға қосылыўдың барлық лийкини өзинде деди. Қоңыратлар келисим берсе — тири қалар, Тәўке ханнан бери киятырған қанға қан алыў тәртибин бузыўға қүдиретим жоқ, өлсе ырза болсын деди.

Мурат шайық Дәўлетбай бийге сондай жаман нәзер менен қарады, оның ғарры көзлериниң қарашығы батып, орнынан мәйектиң ағыўызы шығып киятырғандай болды. Дәўлетбай бий, еситкен ҳақыйқатлығының қалтасын түбине шекем ақтарғанына пәнт жеп,

кейин бәсти. Убайдулла бий де шегинди. Күн кем-кемнен аўып төменге баратыр. Ырысқул бийден және атлы келди.

— Азаншы Ешнияз ахун неге жоқ? Өлтиргенсиз, — деп қосымша даў салып жиберипти.

— Шайқым, бәлким, Ырысқул бий мениң менен тиллесип көриўди қәлер, және соратып көриң. Бәлким, айта алмай турған мүддәҳәси бар шығар. Ўәде еткен маллардың үстине мениң атымды қосың, жаў-жарағымның өзи бес арғымақтың қуны, буны да қосың! — деди Оразан батыр.

Мурат шайық елшиликке ябының бийлерин жиберип тур еди. Енди ябы руўының атақлы Избасар баҳадыр дегенин қасына алып өзи кетти.

Ябылар менеп жалайырлар қоңсы жасайды. Сонлықтан ябылардың намысы ушын Есим бий де атлы жигитлерин әкелип топқа қосқан еди. Ҳәмме-ҳәмме үлкен үмит пенен Мурат шайықтың изинен қарап турыпты.

Олардың сөйлесиги питпеди.

Ешнияз ахун азан дүмпегинде еле көринбейди. Адамлардың арасында ахунға кеўил толыўшылық әңгимелери айтыла баслады.

Күн батыўға мейил берип киятыр. Ешнияз ахун намазлыгерде де азан дүмпегине минбеди.

Қоңыратлар Мурат шайықтың гәпин — тилегин тыңламады. Бир бөлек булт қозғалғандай алға жылысты. Ябы руўының үстине жаўын булты емес, қан булты дөнип киятыр. Енди ҳәр бир шаңыраққа қан жаўады.

Маман не қыларын билмей «аға!» деди, алға жылысқан қоңыратлыларды көрсетип.

Оразан батыр улына аттан түсиўди буйырды.

Маман аттан түсти.

Зәңгилигине жақынлаўын буйырды.

Маман жақынлады.

Ийегин көтериўди буйырды.

Маман ийегин көтерди.

Оразан батыр улының ала көзлерине, самал қаққан нық қаралтым жүзлерине, жазық маңлайына, қалың қызыл еринлерине, дөңгелеклеў ийегине, алақандай-алақандай қулақларына қанша тигилсе де, дийдарына тоймай, «қозғалма-қозғалма, перзентим, тура бер, тура бер» деп узақ қарады. Көзлеринен жас атлықты. Бирақ бул ашшы жасты баласының бетине тамдырып алмаў ушын тақымын сәл қысып, алға жүрип кетти.

Оразан батырдың өзин көрип Ырысқул бий қолын көтерип артындағыларын ирикти.

— Оразан батыр, бир нәрсе демекши шығарсыз? Шайық айтты. Пайдасыз... Ат жарағыңыз керек емес, ел бирлиги ушын улыңыздың орнына өз геллеңизди берсеңиз де, усы кәрадан қайтамыз. Олай болмаса, ақыллы адамларға үйретип турыўдың кереги жоқ.

— Мен өз басым ушын мәмлелик сорап киятырғаным жоқ, Ырысқул бий, Қәдирли достым шайық, сен де есит, бүгинги ойқан қандарлықтың арты болсын. Мейли, Жандосбайды мениң перзентим қалай шалған болса, Ырысқул бий де сондай жигит таўып, мени ат үстинен өңгерип алсын да, шалсын. Мә шайықым, жарағымды алып қал. Қылышты баламның ат қосшысы Аманлыққа бериңлер. Өлим алдында соранаман, меннен соң еки руў арасында шақмақ шағылмасын. Бек болыңлар. Ырза болынлар! — Оразан батыр ийнинен жаў-жарағын алып Мурат шайыққа берип, сүйисип ырзаласты.

Атлылар турған-турған жеринде қатты. Ортада, өлим майданшасында жалғыз Оразан бар. Бағанадан бери әкесинен «енди дүзиўлен, атыңа мин» деген буйрық күтип турған Маман оның жүрип кеткенин әлленемирде сезип, көзлерин уўқалап жән-жаққа қарап, бирден түсинди. Қасында муңлы турған атына миниўди де умытты. Ортаға қарай жуўырды:

— Аға, аға, аға!!!.

Оразан батыр улының даўысын еситтп, лекин артына бурылып қарамады. Маман «аға-аға»лаўы менен сүрниге-сүрниге жетип, зәңгисине асылып жалбарынды:

— Соранаман, өтинемен аға! Өзим жаққан отқа өзимди күйдириң, аға!

— Қаш кейин, қаш!!! — деди Оразан батыр.

Маман тыңламады, жалбарына берди:

— Аға, ағажан?!?!

— Бос көкирек болма, мәрт бол. Билемен, мәртсең! Мен жасарымды жасадым, асарымды асадым, дана перзентим... Сениң өлимиң — маған өлим. Мениң өлимим саған жүрим, перзентим. Қаш кейин! Қун алыў бурыннан бар. Қайыл болмаған нәмәрт — елин қырады. Екеўимиздиң биреўимиз ҳәзир бас бермесек, көп гелле кесилип, көп көз жас төгилейин деп тур. Өзиң айтқандай, қолыңнан келсе көз жасты көп төктирме! Ертең мени шалған адам менен, оның руўлары менен жаў болма! Сенде елди орысларға қосыўдың

лийкини бар екен. Хан берген лийкинди пайдалан! Митрий төре келген ўақытта және әрре-тәрре болып жүрмеңлер. Меннен соң қоңыратларға дық салып ҳоппыйма! Умыт! Жум көзиңди! Шегин!

Оразан батыр усыны айтып үлгериўи мәттал, қоңыр қасқаға жеңилтек минип, қара кийинген бир геўмис жигиттиң алдына өңгериўли кетти.

Маман алаяқ торының алдынғы туяғын қушақлаўы менен жер сүйип селк-селк жылап жатты.

Журт турған-турған жерине көмилгендей қатып тур еди, қанға боялған Оразан батырдың баўызлаған қойдай жерге ылақтырылғанын көрип, жерге қарасты. Ҳәмме көзден жас ақты, жас селледи.

Ҳәзир төгилген көз жастан ба, ямаса үш күнлик жаўынның изи ме, пиядалар батпақ сызып, атлардың туяқларынан батпақлар атлығып ҳәмме тарқасты. Ябы аўылының үстине дөнген атлылар думаны демде-ақ жоқ болды.

Көз жасын еле сыпырып болмаған Мурат шайық жақын бийлер менен келип, муңлы алаяқ торының алдынғы туяғын жибермей жер сүйип атырған Маманның қасына тоқтады,..

## 14

Қуяшлы күнлер көбейди. Баўырына абылайсаңның селин сиңдирген сақый жер биротала ийип, жанлы жаныўар ушын жасыл гилемин бетине төседи. Узақ-узақ далаларға көз жиберип қараў, бийиктен ойға түсиў, ойдан бийикке көтерилиў кеўилли. Бирақ бул сулыўлықтың ийелери — адамлар, көз көргенине масайрасқан менен ишлеринде еле түйин жатыр. Бул түйин абылайсаңның жаўынынан кейинги дүгискен еки аўыл атлыларының бултынан дөреген көз жас түйини. Жибитиў ушын еле де көп-көп қуяшлы күнлер керек. Деген менен, өлиниң изинен өлмек жоқ. Күнделикли өмир ғалмағалы өзгериссиз, кешегиден бүгингиниң мийнети аўырласып, күнлер ете берди.

Мурат шайықтың қолы истен суўып, дүньяда жалғыз қалған сыяқланды. Оразан батыр менен бәрҳа бирге жүрмесе де, оның бир жақтан жаңалықлар әкелиўин айрықша тақатсызлық пенен күтип үйренген адам, енди ҳеш қашан күтпейди, ол ҳеш қашан жаңалық әкелмейди. Мурат шайық Оразан батырды, Маманды қанша жақсы көретуғын болса, енди, екеўине еки бөлинген ғарры ықласы биригип енди Маманға аўды.

Маманды шақырып алды. Маманның шырайы андыз шөптей сарғайып кеткен еди. Тири бендени өлиниң изинен жубатыўдан аўыр нәрсе бар ма? Ҳеш нәрседен дәмелендириў мүмкин емес! Мурат шайық алдына шақырарын шақырса да, оның өли шырайына қарап нәсиятлаўға сөз таппады. Көп ўақыт отырғаннан кейин, Маманның баяғы өз тилегин есине салып, Аманлыққа ылашық соғып бериўди енди қолға алыў кереклигин, ол жумысты өзи басқарыўы тийислилигин ескертти. Сөйтип жетимлердиң ылашығы менен аўыл арасындағы ашықлықта еки күнде-ақ бир ылашық тикленди. Бул жумыстың жақсы жағы — Маманның сарғайған жүзин еки күн бәҳәр самалы қақты. Оның менен Маман аспандағы қуяштай жадырап бир күлмеди. Бир көзли Аллаяр да оны күлдириўге тырысып бақты, күлдире алмады, себеби оның жүрегинде күлкиниң гүлин шығаратуғын ғумша езилген.

Маман, Мурат шайықтың балалары менен китап оқысып отыр еди. Қулағы ербең етип, жем көрген қаршығадай әлле қайда талпынды. Сырттан Полат жасаўылдың даўысы еситилди.

— Шайқымыз, Митрий төре келген еди. Сизди, Маманды, гүллән руўлардың бас бийлерин хан кеңеске шақырып атыр.

— Мақул, әзизим, — деп қалды шайық. Полат жасаўыл аттан түспей кетти.

* * *

Аманлықтан қара ғунанды қайтып сораған адам болмады. Ылашығының қасына байлаўлы турады. Аллаярлар келсе, усы ғунан ушын келетуғындай. Ҳәр келгенде қолтықларында ең ҳасыл, ең жаңа шөплердиң бир дәстеси. Сол ушын да, быйылғы қайғылы бәҳәрде биринши көклеген усы ғунан. Қазықта турып-ақ көкледи. Түледи. Ҳәзир ҳәр түги қуяшқа шағылысып, жылт-жылт етеди. Гей күнлери қара ғунанды жетелеп алысларға әкетип, алма-гезек минип шабысады, кеўил көтерисип өз ара күлиседи. Усындай ўақты хошлықтан кейинги олардың гәпиниң басы Маман болды. Қәйткенде, қалайынша оның кеўили алынады, жубанады, мыйық тартады? Ақыры, олардың өзлериниң күлисиўине себепкер сол! Тоғайдан қара ғунанды мингесип қайтып киятырған Аманлық пенен Аллаярдың бүгинги гәпи және соннан басланды.

— Маманды жақсы көретуғынымыз бийкар, — деп Аллаяр үлкен адамларға тән салмақлылық пенен тикенеклетип сөйледи. — Ырас

болғанда, оның кеўлиндегисин сорамай табар едик. Дана бийдиң кеўлиндеги мүддәҳәси не, билесең бе? Мен билемен, қоңыратлардан өш алыў. Оразан батырды аттан жулып алып шалған ким? Қуланбай баҳадыр я Алиф Қарабай Қара баҳадыр. Мениң пәмимше, оның ойы сол екеўиниң қайсысы екенин билсе, өлтириў. Маманның және бир муддәҳәси — баяғы тас пенен урған Есенгелдини де өлтириў. Әне усы жағын бир жөңкилли қылсақ. Маманның кеўлин таўып, күлгенин көремиз. Неге олыясаң?

— Сен таппадың, — деди Аманлық. — Орь қорғанына баратырып жолда Есенгелди жөнинде айтқанымда, «гийне қылыўға арзымайды. Егер Есенгелди биринши тас ылақтырмағанда, басқа биреў ылақтырар еди. «Ол буйрықты орынлады» деди. Оның үстине атасының «Меннен соң қоңыратларға ҳоппыйма, умыт» деген нәсияты бар екен.

— Онда сен маған Айғара бийдиң қызын тәриплеп бер. Көрген жерде есине салып көрейин. Ақыры, оның қатарлары түўе бизлердиң қатарларымыз балалы болып атыр.

— О, о, о, Аллаяр!!! Нелерди есиме салдың, жора? Егер Маман ағаның сондағы кеўли болса, Ақбийдай деген атты еситиўден-ақ сөзсиз жадырайды. Қуяштай жадырайды. Ол қыз қандай гөззал, қандай сулыў қыз! Сонда ол «бул қызды аламан» деп еди.

— Ҳаў, сениң сүйегиң де мәлҳәмлесип баратыр ғой.

— Айтпа, — деп Аманлық жеңил гүрсинди.

— Жылама, бетиңди берман қаратып отырып айт.

Әстен жүрип баратырған жалаңаш ғунанның үстинде Аманлық тикейип, бетин Аллаярға бурып, атқа терис отырды.

— Бир сөз бенен айтқанда, ол қыз ушын пүткил ябы руўын қалың малына берсе арзыйды.

— Уай-ойий, тығынсыз кеттиң-аў. Мениң пәмимше, сол қызға қосып пүткил табын руўын бенде қылып берсе де, Маман бийге аз. Сол ушын әўеле маған ол қыздың ҳәр мүшесин тәрипле!

— Дала гүлин көрдиң бе?

— Есиң бар ма, өзиңниң? Дала гүли арасынан киятырмыз ғой.

Аманлық бир қапталындағы көп гүллердиң арасынан ҳәммесинен гөззал, ғумшасы дуғыжым бир бийик гүлди көрсетип, «анадай» деди.

— Түсиникли. Аржағына өзим ой жибере беремен.

— Кийикти көрдиң бе?

— Көрдим. Услап я жеп көргеним жоқ.

— Көзлери кийиктиң көзлериндей.

— Өли кийиктиң бе?

— Тири кийиктиң.

— Айта бер.

— Тынық көл бойына өскен жал қамысты көрдиң бе?

— Көрдим. Ўай-ой! Кирпиклери сондай ма?

— Сондай. Узақта ушып баратырған қара қусты көрдиң бе?

— Артыңа бурыл, әне, биреўи ушып баратыр. Әне, анаў сағымланған ақ таўдың баўрайына қара.

— Көрдим, көрдим. Қаслары сондай. Бухардың қызыл алмасын көриппедиң?

— Пай, айттың-аў. Нан таппай жүрген адамға алма қайда?

— Бетин айтпақшы едим. Сәрўи талды көрдиң бе?

— Жоғын айта бер.

— Бизлер Орьға барғанда көрип едик. Тип-тик тал. Бойын сондай демекши едим. Айсыз түнди көрдиң бе?

— Урының түнин көрдиң бе де!

— Әне, шашы сондай. Дизген маржанды көрдиң бе?

— Ешнияз ахунның тәсписин көрдим.

— Тислери оннан да ақ, майда.

— Пискен сүттиң үстинен қалпып алып атырған қаймақты ше?

— Ешнияз ахунның есигинде аўзымыздан суў шубырып отырғанда қазан толы сүти тасып, қақпағын көтерип төгилгенин өзиң менен көрген едик ғой! Умыттың ба?

— Ол көбик ғой, қаймағын айтаман. Ернин қаймақтай демекши едим. Болар енди. Айтпақшы, сен Ешнияз ахунды айта бердиң. Ол киси зықна болған менен баяғыда даўды иркиў ушын песин түўе намазлыгерде де азан айтпағалы жақсы көремен.

— Пай таптың да, жаңалықты. Ол кисини соннан бери ким жақсы көрмейди?

— Ҳәй қәсийетсиз бийдәўлетлер, атқа өйтип отырмаң! — деди қапталдан бир даўыс.

Екеўи де жалт бурылды. Бул Ешнияз ахунның өзи екен. Сыйыры дүзде туўып қалған усайды, өзи арық, кишкене адам бузаўын шалғайына салып, сәллесин шешип геўмис қызыл сыйырының шақына байлап, бир ушынан жетелеп киятыр. Сақалы қардай ақ болып жүретуғын еди. Сыйырдың шуўына былғаныпты. Жағал-жағал.

Ахунның үстинен екеўи пырқ-пырқ етип күлисип алған соң, Аманлық дүзиўленип отырды. Аўыл беттен арқаланып киятырған Бектемирлерге жолықты.

— Жаңалық, жаңалық, — деп Бектемир маңлайының терин сыпырды. Ийниндеги сүзбе қалтаның көк суўы сарқылып, тирсегине тамшылап турыпты. Аллаяр аттан ғарғып түсип, Бектемирден қалтаны алды... — Оо, әне бунық жаңалық. Енапаттай ғой, урламадың ба? Ҳә, солай де. Енди бизлер-әм қурт жайып аламыз.

— Жаңалығы сол, Маман бийлер кетти. Ханға кетти. Шайық пенен кетти, — деди Бектемир.

— Кетти, кетти дегенше, дурыслап айтса. Не ушын кетти? Ханға кеткенин қалай билдиң?

— Избасар баҳадырлардың үйинде гәп болып атыр екен. Барлық руў басыларды хан шақырыпты. Митрий төре деген келгенбиш.

— Митрий төре?

— Ҳә, Аманлық, Митрий төре дайың ба? Қуўанып кеттиң ғой. Яқшы, яқшы сөйлемей тур, берекет тап, Митрий төре жөнинде бир емес, талай айтқансаң. Ал, Бектемир, сен сөйле.

— Избасар баҳадырлар, аўылда адамлардың жоғында қоңыратларға барып, Оразан батырдың ҳақ қаны ушын бир ис қылмақшы қусайды.

— Әне! Маман ағаның мүддәҳәсин билдиң бе? Соңғы күнлери сени таслап кететуғын болды. Уқтың ба енди?

— Олай деме, Аллаяр. Мен киммен? Бир қамшы. Қәлесе, ат урады, қәлемесе, ердиң басына илдиреди, умытса, үйинде қазыққа қыстырыўлы қала береди.

— Әне, сениң ладанлығың. Сен жарамсыз қамшысаң. Маған атыңды берип тур, көрсетемен сеннен, меннен қандай қамшы шығатуғынын. Сылбырсаң. Ҳәзир бараман да Избасар баҳадырларға қосыламан, қоспаса өзим барып-ақ қоңыратлардан Маман ағаның өшин аламан. Ақыры, биз ябының қанынан дөреген күшикпиз. Қанымыз ушын үремиз, ҳәмме бийлер сөйтеди.

Аманлық не қыларын билмей тутлыға баслап еди, Аллаяр атқа қайтадан ғарғып минип, Аманлықты ийтерип түсирди де, шаўып кетти. Аманлық бақырыўы менен қала берди.

— Аллаяр, қайт кейниңе! Аллаяя-.. яр!!!...

## 15

Ғайып хан көшип келгенде онша маллы емес еди, еки-үш жылдың ишинде убыр-шубыр маллы болды. Сонлықтан қоралары ен жайып, қоңсы кенегес руўына шекем жалғасты. Сөйтип кенегес аўылы бурынғысынша кенегес аўылы атанбай, хан аўылы атанып кетти.

Ханның өзине дерек үш отаўы бир-бирине иргелес, дөңгелене тигилген. Алыстан, күндиз қарасаң, үстине шөп шықпаған өркеш қумдай, түнде қарасаң, адам қорқытарлық шөгип атырған қара тас. Бурынғы даңқлы кенегеслердиң көп атала бермейтуғынының себеби усы «күндизги қумның», «ақшамғы қара тастың» кесапаты. Байлары, бийлери бул кесапаттың бийпайдалылығын түсинеди, бирақ бәрҳа гүң, тилсиз. Ҳеш қайсысы өз бетинше кете алмайды, көбиси «хан аўылы» атанғанына масайрап, өзи кимлигин умытады, күндиз-түни хан малын көбейтиўдиң машқаласында болады, ханнан мал көбейтиўдиң, шикарға шығыўдың сырларын үйренип, кең өрис ийелеп атырғанлары да аз емес.

Түн. Қәдимгисинше қула далаға шөккен қара тастай түнерип хан отаўының шаңырағынан шашыраған жалын, жулдыз сынығындай жалт-жулт етип, қараңғыға кирип кетип атыр. Иште халықтың келешеги ҳаққында әңгиме даўам етиўде. Көбирек сөйлеп атырған Митрий төрениң дилмашы. Ол әўели өзиниң атын Мансур деп таныстырып, мусылманлардың сықпан сыққышы екенине исендирди. Соңынан Дмитрий Гладышев пенен хан ҳәм шайық араларын кепсерлеп, пикирлерин гә орысшалап, гә татаршалап булқыды. Дмитрий Гладышевтың ҳәм Иван Неплюевтың ақ кеўил қарақалпақ халқы өз ерки менен орыс тутқынларын босатқаны ушын жақсы көрип қалғанын, сол ушын қабырғасынан жүреги көринген мийрим жүзли халық екен деп атағанын, енди Митрий төрениң дослық жүреклердиң сөзин ақ патшаға әкетиўши кептер сыпатында келгенимниң әтирин келистирип, жупкерлестирип сөйледи.

Ғайып хан қалыспай:

— Аўа, орыс тутқынларын еркимиз бенен босаттық, — деди ҳәм Дмитрий Гладышевқа көп тилеклер айтты. Сөзимди шала түсиндирмесин деген исенимсизлик пенен дилмаштың бетине тигилип отыр.

— Ғайып хан Киши жүздиң жартысын мениң қол астыма алып берсин. Аспанның астында қарақалпақ болса жыйнатып маған

соратсын. Айтың, Митрий төреге, деп соранады, — деп түсиндирди Мансур дилмаш, Гладышевқа ханның сөзин.

Дмитрий Гладышевтың дөңгелек көзлериниң алды жалын сәўлесине қызарып, күле шырайланды ҳәм:

— Иштейи кең екен, — деди.

Бул гәпти дилмаш ханға түсиндирмеди.

Хан Гладышевтың көзлери күлгенинен дәмеленип:

— Не деп атыр? — деп сорады.

Мансур дилмаш күлди.

Ханның билгиси келип отырғанын абайлаған Гладышев:

— Бул жағын патша биледи деп айта ғой, — деди дилмашқа. Шайық көп сөйлемейди, ойлы. Митрий төре алдында масқара болып қалыў қәўпи бар. Ис шатақ. Булар келискен менен Ырысқул бийлер не дейди, басқа бийлер не дейди? Хан не ушын Ырысқул бийди шақыртпаған? Аўызға жақынлаған суўсын және төгиле ме? Бул сапары төгилмеўи керек!

— Шайық неге сөйлемейди, — деди Гладышев, оның ойланғанын сезгендей. Дилмаш ўазыйпасын мүдирмеди.

— Әзиз Митрий төрениң келгенине ыразымыз, — деди шайық жүдә миннетдарлық пенен. — Етекли көп елмиз. Арғы басы менен берги басын жыйнап үлгере алмай атырмыз. Бир тилегим, ақ патша бизди қазақтай көрсин.

— Мақул, мақул шайық. Ақ патшаға жеткеремиз, — деди Гладышев.

— Әзиз төрем, ўәдемиз ўәде, — деди және шайық. — Бизге ақ патшаға қалай барыўды, не менен барыўды мәсләҳәт етип кетерсиз.

— Петербург жақын жол емес. Оған мына Маман қусаған шыйрақ-шыйрақ жас жигитлер жетип қайтады. Өзи де азлап орысша биледи екен. Оның қолына пүткил қарақалпақ атынан ант таярлап берерсиз. Не тилегиңиз болса, сонда жазыңлар. Мен билемен, сизлерде руўлар көп, базда ҳәр руўдың өзи ел, өзи ханлық. Басшылары бир-бирин менсинбей көкирегиие урғаны урған. Келешекте бир бүйирлеп кетпеўи ушын ҳәр руўдың атынан да ант жазасыз. Бәрине мөр басылсын. Баслаўшы үлкен антқа хан менен сизиң мөриңиз керек. Балаларыңыздың атынан ҳәм таярлай бериң. Ақыры, соранып атырғанда, ўақытша емес, мәңгиге, балаларыңыздың өмирлерине де дос болыў шығар.

Мансур дилмаш бул гәптиң жүдә әтирин келистирип түсиндирди. Отырғанлар: «Солай, төремиз, солай, балаларымыз да дос болады» дести.

— Алла рәҳмети жаўсын, әзизим, — деп шайық Гладышевқа бас ийди. Изинен бийлер де солай иследи. Гладышев тек қабыллаўшы төре болып қалмады, гезегине түргелип ҳәммеге бир қол қаўсырды.

Азанда Дмитрий Гладышев қайтатуғын болды. Ҳәмме: «Қоныңыз, бизде болыңыз» десип мирәт салды. Асығыс екен, және Оренбургқа барыў керек, я әне Хорезм таманнан хабар алмақшы қусайды.

Кетерде:

— Қала салыў сизлерге исенимди арттырады, — деди ол. — «Жаңакентти» қайта жаңартыўды баслап турып, қойғансыз. Даўам етиңлер. Ал ант таярлаў жөнинде кеңес болса, — деп ант жазыў жолын түсиндирди. Мәжбүрлик жағдай туўса тартынбастан Орь қорғанындағы мырза Иван Неплюевке жолығып турыўды ескертти. Сол кәрада Мансур дилмаш болатуғынын, өзи де көп кешикпей оралатуғынын айтты.

— Жолыңыз болсын, — деди Ғайып хан. — Уллы дәрежели патшаңызға бизден аспандағы жулдызлардай сәлем. Хызметине таҳ өлгенше тайынбыз. Мениң қол астымды кеңейтип берсе, қыямет қайымға шекем қарақалпақ халқы орыслардың досты болады.

— Дмитрий аға, ақ патшаға айтып барың, тилегимиз қабыл болса орыслардың жаўына жаўмыз, елине елмиз, — деп гәп қосты Маман.

— Мен сизлер туўралы аз ғана билемен. Руў даўларын бир жөңкилли етиңлер, — деди кетип баратырып Гладышев ҳәм Маманның басынан сыйпалады. — Сен, жас бий, аталарындай болма. Халқыңның намысын гөзле. Ақыры, орысша билесең. Қалай үйренгениңди Кузьма Бородиннен еситтим. Өзим десең, өзгениң зейнине тийесең. Өзге десең өзиң қаласаң. Екеўин бириктир. Патша сонда жақсы қабыл етеди. Аўызы ала халық ҳеш ким менен дос бола алмайды.

Аўзы алалықты билмесин деген ой менеи олар Оразан батырдың өлимин еситтирмеди, Гладышев умытқан ба сорамады.

— Жақсы адам екен, — деди Ғайып хан оларды узатып киятырып. — Еситкенмен, ҳақыйқатында орыслар бир сөзли болады, ханлықты кеңейтсек, бизиң бахтымыз. Солай емес пе, шайқымыз!?

Өлсең де гөриң кең болғаны жақсы, ханымыз.

— Келмеген гежир бийлерди не қылса болар екен? — деди хан. Бул сораў менен ханның бийлерди алағат шақыртқанының себеби жабылып кетти. Шайықлар, бийлер түсинбеди.

— Ханымыз, усы мәселеге қатаң барыў керек, — деди Маман. — Орыслардың көп ертегин еситтим, батырларын билемен. Уллы Петр патшасы жөнинде еситкенмен. Елди ел қылыў ушын қаталлық керек.

— Қаталлық керек, — деди мақуллап хан. — Бирақ қоңыратлар бир бийбастақ руў. Ырысқул бийдиң бурыннан соңғы әдети ябылардың да үстинен үстемлик етиў. Сизлердиң атыңызды айтса, төбе шашлары тикирейеди.

Батыс тәрептен атлылар көринди. Ортадағысы Ырысқул бийдиң отырысы. Оларды көрип хан тоқтады. Хан иркилген соң шайық пенен Маман бий де атларының басып тартты. Ырысқул бий жақынлар-жақынламастан-ақ аттан түсти, ханға сәлем берди. Шайық хан менен қатар ат үстинде сәлем қабыл етти. Маман бий көп ойланбады. Жасы кишилиги қандарлығын умыттырып аттан түсирди. Сөйтип, ол Ырысқул бий менен жерде сәлемлести. Маманның азғын жүзине қарап Ырысқул бийдиң аталық рехими қозды, ҳүрмет етип аттан түскениниң бәнеси менен «көп жаса, балам, бахытлы бол» деди. Маманның кеўли ыразы болды. Екеўи де хан менен шайықтың руқсаты бойынша атланды.

— Ҳүрметли мийманларды ҳәзир узаттық, — деди хан үйине баслап киятырып Ырысқул бийге.

— Бизди күтпепсиз де?

Хан «Айып шайықта» деген белги берип шайықтың сыртынан ийеги менен көрсетти. Ырысқул бий үндемеди, бирақ ябыларға пәсейген кек оты қайтадан бир үрленип, ишин ғыжлатты.

— Шайық, — деди хан, — Биз Ырысқул бийге сарқыт жегизип шықсақ, ҳәммеңиз кенегес Нуралы байдикине жыйнала турсаңыз, қалай болар екен?

— Әжеп, ханымыз.

Ханның ойы сарқыт жегизиўден аўлақ, Ырысқул бийди өзиниң кеш шақыртқанын бүркеў ушын имканият излеў еди.

— Ырысқул бий, — деди хан үйине келген соң. — Сиз келмедиңиз. Қанша-қанша гәп болды. Еситпедиңиз, Митрий төре қоңыратларды көп сорады.

— Атлы барыўдан киятырғаным, ханымыз.

— Нәлет болсын, усы ябыларға, даўы ада болмайды. Митрий төре алдында Ырысқул бийдиң көриниўи дәркар емес, бармыз, деди.

— Митрий төреге айтажақ гәплер бар еди, зыяны жоқ, айтқан шығар. Бирақ бирликсиз ҳештеңе болмайды. Усы Маман-

ның қасына бизиң Қоңыраттан Есенгелди қосылмаса болмайды. Патырат көбейип кетти.

— Патырат?!

— Аўа, ханымыз.

— Усы ябыларға ҳәзирги сан-шәўкети аз емес. Елеберин оларды қоңыратларға қул қылып беремен. Есенгелдини қасына қосаман. Бирақ өзиң басла. Азмаз жөҳитлик керек. Сиз сыпайылаўсыз.

— Солай-а, ханымыз?

Көп тереңлестире бериў ханның өзине де қыйын еди, шығарлықта бир нәрсе сезилип қалады. Сол ушын гәпин және бурды.

Орысларға қосылсақ шегара көбейеди. Көбейтиң деп озим сорадым. Тамамы қарақалпақ жыйылсын дедим. Әлбетте, соның ишинде көп бөлгени қоңыратлар. Тамамы қарақалпақ дегенде тамамы қоңырат дегеним екенин уғып отырған шығарсыз. Убайдулла, бармысаң? — деди хан даўыслап. Үлкен улы Убайдулла султан сүңгип кирди. Өзи усаған келтебақай емес екен. Ири, көсенемай, шийкил-сары жигит. Аналарының я дайыларының бирине тартса керек. Еки дизесин қушақлап, атасының алдына ийилди. — Қоңыраттың бас бийине суўсын келтириңлер. Әй, неге оған тәжим етпедиң? — деди хан.

Убайдулла султан Ырысқул бийге тәжим етти.

— Есенгелдини қостыраман. ойланбаң, — деди хан, улы шығып кеткен соң.

Дәрриў-ақ суўсын әкелинди.

* * *

Нуралы бай жүдә кем сөзли ҳәм көп жыйынды сүйе бермейтуғын адам. Оны бундай қылып қойған бет ажары деген гәп бар. Жунғарлар шабыўылында бетиниң еки алмасын найза жырған тыртық, астыңғы ерни түскен, бир көзи шапырасыңқырап жүреди. Шикәр менен де, даў-жәнжел менен де иси жоқ.

Кеңес сорап келген жасларға жалғыз нәсияты бар:

— Асық ойнаған азар, топ ойнаған тозар, ҳәммесинен қой бағып көтен жеген озар. — Ол усыны көп тәкирарлайды, өзи де гәпине садық. Тек мал менен араласып жүргени. Жәрдемшилери менен өзи, мал бағады, өзи суўғарады, өзи аранға қамайды. Оның байлығын усы мийнеткешлигинен деп түсинген кенегестиң

жигитлери де көп нәрсени қыял етпейди, мал бағады. Жетимлери де өз аўылынан шықпайды. Хан иргелес болған соң кенегес аўылына топылыс та кем, маллары да урлана бермейди. Хан өзлигинен биреўлерин хызметке шақырмаса, ҳеш қайсысы ханға бармайды. Бул жағынан беглиги басым аўыл. Бирақ хан азығы дерлик: Хан өзине унамаған қонақларды солай ысырады, болмаса «бизде буўаз болып тур, сойыслыққа қысыр берсин» деп, қонаққа малларын алып сояды. Кешеги Митрий төрелерге де сойылған мал кенегес байыники. Олар соған-ақ мәс.

Бир жаман жери кенегеслердиң Мурат шайықта оқып жүрген ҳеш кими жоқ. Сонлықтан бул аўылға келиўди шайық та унатпайтуғын еди. Хан силтеген соң найлаж бийлерди басқарып келди.

Нуралы бай қора тазалап жүр екен. Күнниң астына қалпағын сая қылып шайықты таныды. Гүрегиниң сабына ийек тиреп турып сәлем берди.

— Нуралы бай, хан буйрығы менен киятырмыз, — деди шайық ат үстинде: — Үй сазлат. Елдиң әзиз бүркитлери үйиңнен дуз татпақшы.

— Тоқтаполат! — Байдың даўысына дөңгелек жағалы бөз көйлекли, шашы өскин, адырақ көзли он төрт-он бес жастағы жалаң аяқ бала жуўырып келди. — Шайық атаңа сәлем бер улым, — деди бай оған. Бала шайыққа ҳәм Маманға қол қаўсырып сәлем берди. — Үлкен үйди төсестириңлер. Қонақлар келеди, — деди балаға.

Тоқтаполат жуўырып кетти.

Бай қораның ишин гүрек пенен ысырыўын даўам ете берди. Маман бул адамға таңланған көзлери менен қарап еди:

— Минези солай, — деди шайық.

Нуралы бай қонақларды әўелинде суўықлаў қабыл етип үстилерине кирмесе де, хан султанларын ертип Ырысқул бий менен келген соң кеўилдегидей күтти. Дараў ара гелле қойдырды.

Бийлер узақ пикирлести. Бурынғы айтқанларын және ортаға салысты. Бир-бириниң көзинше «бизиң руў пәлен қылады, бизики төлен қылады» десип те, мақтанысты. Истин, анық питиўажалыққа келейин деп турғанында тал шайнағанлары да болды, биразлары руўының ишинде айтқанға жүрмейтуғын тоңмойынлар барлығына шағынды. Қулласы, көп әңгиме, көп сөз, елде аўызбиршилик еле кем екенлигин көрсетти.

Хан руқсаты менен Маман сөйледи. Ол:

— Ханымыз, шайық ата, бүркит аталар, ағалар, — деп бурынғысынша суўық қанлылық пенен Бородиннен еситкен

әңгимелериниң көбисин қысқа айтып, орыс князлериниң атларын мысалға келтириў менен, сөзиниң ақырында бирликке шақырды. Бирақ бул сапары ол биле-тура атасының сөзлерин келтирмеди, даў шығыўы мүмкин. Маманның сөзинен ел бир дарақ, руўлар сол саялы дарақтың шақалары, бийлер тамырлары сыяқланды. Шақаның биреўине зәлел келсе, сол саялы дарақтан сын-сымбат кетип, оннан соң хеш кимди қызықтырмайтуғын дарақ болып қалатуғыны түсинилди. Митрий төрениң кетип баратырып айтқан нәсиятын еситпегенлерге және тәкирарлады. Шайық Маманды қанша жақсы көрсе де, бүгингидей сөйлемшек, ақыллы демеген еди, ҳайран қалып тыңлады. Бийлердиң бәри ойланып қалды. Маманның сөзинен соң өзин сол саялы бир дарақтың өзеги деп түсинген, Ғайып хан бирден:

— Маман ақыллы гәп айтты. Орысларға қосылыў мәселесиниң ықтыярын бергеним берген, пәрманым-пәрман, — деп салды ҳәм: — руўлардың табысы, әлле қашан-ақ, ың-жыңсыз бир марданға қуйыла берилиўи керек еди. Шайық шәкиртлерин елге тарқатсын. Мениң гәпим еселенсин, — деди.

— Ҳәмме сес-семирсиз. Бир-биреўди сынаў, ҳал сынаспа басланды.

Ырысқул бий ханның гәпинде аз ғана жүзегөйлик сезгендей болды, бирақ үндемеди. Бәлким, басқалар да бир нәрселер аңлаған шығар, хеш қайсысы сөйлемеген соң түсиниксиз қалды.

— Бийлер, — деди ханның сөзинен руўхланып Маман және, — Егер арамызда бирликти бузыўшы адам болса, геллеси алынсын. Солайынша өз геллемизди өзимиз кесип бирикпесек, сырттан келген душпан дараўара гелле қыла береди. Жас үлкенлердиң гәпи бойынша бурын көп халық болғанбыз, енди азайғанбыз. Азаймаўдың жолы сол.

— Қатты кеттиң, Маман, — деди Ырысқул бий. — Өзимиз аз болсақ, өзимизди өзимиз гелле қылсақ не болғаны? Шайқымыз, ендиги күш сизде.

Мурат шайыққа Ырысқул бийдиң ҳәм жуўас, ҳәм астарлы гәпи унамады, қысылып терледи, жеңислик бермеўге тырысты:

— Өткенимизге көз жибер, Ырысқул бий.

Хан пәрман дағазалап еркли қылған жас бийдиң сөзлеринен кейин көзлери әлле-пәлле болып жаўтаңласып отырған бийлер ҳәттеки сыбырласпады.

Ырысқул бий ханға, шайыққа, бийлерге көз астынан бир қарап алды ҳәм:

— Маман балам, — деп жас бийге бурылды, — Ата ақылы көл болады, балам. Ҳәм мантықтырады, ҳәм қалқытады. Сол ушын кеңескениң өзиңе пайда. Ханымыз дурыс пәрман етти. Мениң бир тилегим: қасыңа бизиң Қоңыраттың Есенгелдисин ерт. Сонда Қоңыратларға бир көлдиң суўын бир көлге қуй десең қуяды.

Ырысқул бий ҳақ кеўили менен айтқан еди, басқа бийлерге жақпады. Маман оның ақ көкирек пенен айтып отырғанын түсинбегенликтен жуўап бермеди.

Мурат шайық Ырысқул бийдиң шыны менен пәсине қайтқанын түсинип, неликтен де аяды: бәлким, жигитлери ғаррыны баспалатып турған шығар.

— Ырысқул бий дурыс өтиниш етти, — деди Шайық.

— Екеўи де бир дарақка мәлҳәм жеткерсин, мениң еки бармағым болсын, — деди хан. — Баяғыда-ақ айттым. Анаў Аманлық дегеннин изинде не бар? Ҳуў-ҳақ бар. Баяғыда өлимнен аман алып қалған жетимлер емес, Маман. Пәрман меники! Түсиндирсеш, шайық! Умытпа, орыслар шегараңды кеңейтеди, ҳәммени жыйдырады. Орыслар жақсы деп шәкиртлериң елге дағазаласын, Шайық.

Шайық ханға келисим белгисин берип бас ийзеди.

Маманның қасына Қоңыратлардың Есенгелдисин қосыўды ханның өзи қуўатлағаны ушын Дәўлетбай менен Убайдулла бийлердиң де делебеси қозып: «Ханымыз, ханымыз», — деп еди, хан олардың не айтатуғынып билместен «Мен шаршадым. Болды енди, тарқаңлар. Айтқан ўақта адам жибериңлер. Күткен Нуралыға алғыс, ийман. Әўмийин!» деп тикейди. Султанлары да гүў түргелди. Кишкене балалардың «қаўын-қаўын» ойынына топырақты үйип-үйип, бирден бузып кеткениндей, гүллән исти шала қылып кетету-ғын бул ханның ислери ҳәммениң ишине қоз салады, бирақ илажсыз.

Усы сапары Убайдулла менен Дәўлетбай бий жүдә ашыўлы еди, далаға шыққаннан кейин хан Убайдулла бийди қасына шақырып, арқасынан қағып, бир нәрсе деди. Оны ҳеш ким еситпеди. Ишине гүптикей толған Ырысқул бий:

— Шайқымыз, бир-биримизди түсингенше бул дүнья менен хошласамыз ғой, — деди сарсылып. — Қалай да есапқа аларсыз, ябылар қоңыратсыз ҳеш қайда баралмайды.

— Ханның пинҳамы сөйлесигине танаўлар кеңейе бермесин, — деп ескертти шайық. Сөйтти де Маманға «айда, кеттик, балам» деп аўылына қайтты.

* * *

Дәўлетбай бий Убайдулла бий менен бир тәрепке кететуғын болғаны ушын күтип тур еди, оның шырайынан ханға ма ямаса басқаларға ма, қулласы, ғәзептиң излерин көрди.

— Усы ханға келгенше толып-тасып, кемисимди толтыраман, жетпесимди жеткеремен, деп үлкен үмит артып келесең. Қайтысын барыңнан айрылып, пуш болып қайтасаң.

Дәўлетбай бийдиң де хан менен пинҳамы сөйлескен ўақытлары болған, сонда не сөйлескенин ол да ортақласпаған, сол ушын Убайдулла бий де оған ужыбатлы ҳеш нәрсе айта қоймады.

— Ханымыз жиликтиң майлысын биз тәрепке аўдарыўға нийетленип жүр екен, — деди тек.

— Сол ўақытта бизге де қасық атарсыз, — деди Дәўлетбай бий жүдә кеўилсиз, жүдә дықлы. Ҳәм атына камшы урды.

* * *

Ханның айырым бийлерди оңашаға алып сөйлесетуғын әдети бүгингидей ашықтан-ашық билинген емес. Әдеп сөйлетпей, соңынан Убайдулла бийге пинҳамы бир нәрсе дегеңи ҳәммениң көкирегине ғул-ғыла салды. Хан түўе Убайдулла бийге де бир түрли көзқарас қәлиплести. Бул көзқарастың басқаларда да қәлиплескенин сезгендей Маман бий жолда шайықтан сорады:

— Шайық ата, усы ханды түсинесиз бе?

Шайық оның не тыйтыл менен сорап атырғанын бирден түсинбей, ханның Есенгелди жөниндеги пикирине қарсы келип атырған шығар деген ойда болды.

— Түсингенде топыраққа от қояман ба, балам, — деди ол. — Ханның ези солайырақ. Бирақ оның Есенгелди менен бирге бол дегени шеп емес. Бул Ырысқул бийдиң пикири. Ырысқул бийди бүгин жүдә серледим. Сынған.

Маман ақбоз ғунанын қалдырып әкесиниң алааяқ торысын минген еди. Алааяқ торысы суўдай жорға жүрмел екен. Бурын үйренип қалған жаныўар үстиндеги ийесиниң жас киши екенинен бийхабар суўлық шайнап, Мурат шайықтың ақбоз атына теңлесиўге талапланып киятыр. Буны көрген шайық Маманға аттың басын ерксиз жибериўди ескертти. Еки ат қатарласты, Маманның кеўли өсип көкирегин көтерип, зәңгиге ширенип алды.

Шайық ата, Ырысқул бийдиң кеўли таза деп ойлайсыз ба?

— Балам, оның менен талай табақлас болып, талай ашшы-душшыны татысқанбыз. Ақыллы еди. Ири сөзли еди. Қоңыратта Ырысқул бийсиз өгиз гүйсемейтуғын еди. Соңғы гезде алжасты. Көкирегинде еримеген муз бар. Әлле қартайып, мийи орталанғанлықтың әламаты, әлле елин башарта алмай жүр. Деген менен, балам, ханның айтқанынан шыққан адам адасса, изи жаман болады. Сол Есенгелди менен дос бол.

— Ол жасы киши ғой, ата. Балалық етип баяғылар ушын өзи қорықпаса, мен умыттым.

— Сейдулла, атыңды айдаңқыра, — деди шайық изде киятырған ат қосшысына.

Шайықтың дыққаты ат қосшысына аўған соң, Маман да атының жүўенин тартып изирек жүрди. Өз ат қосшысы Аманлықты еследи. Хан шақырығына кетерде ол хабарландырылмады. Буған шайық себепкер: «Не қыласаң, балам, журттың ашыўына тийип? Аманлықтың атқа мингенин көре берсе, дуйым журттың арқасы қозады» деди. «Арқасы қозса не болыпты? Ол бийшара не болғанын билмей маған нәлет айтып жатырған шығар. Жоқ, ол ақыллы. Ғарғамайды. Кип-кишкене болып Алмагүлдиң ақыллысын! Мисли жасартып қойған кемпир. «Маман аға, Маман аға» деп сөйлейди. Қәне, ол тезирек ержетсе! Жоқ, күтемен! Дыянатлы, тыянақлы тұқымлар... «Қатарың атқа минбей атқа минбейсең!» Буны ким айтты? Аллаяр ма, Аманлық па? Мейли, ким айтса да, ҳадалый гәп. Ҳәр ким өз заманласы, теңлеси менен. Ғаррылар тек ақыл үйретеди, пыр-пыр уйқылайды. Өз қатарың меңен бәрҳа әлпиң алысады, түске шекем урыссаң, түстен кейин жарасасаң. Дүньяның заўқы теңлеслериң менен. Әне, шайық та атқосшысы менен күлисип баратыр. Аманлық пенен биз де солай күлисемиз. Аллаяр болса күлкиниң кәни. Саў болсын бийшара. Оны да үйли қылыўға имканият табыў керек»... Мурат шайық:

— Маман! — деди. Ой басқан Маман бас көтерди. Алда биреў жалп-жалп шаўып киятыр, түринен-ақ жаман хабар менен киятырғаны белгили. Екеўи де алға жүрмей, орнында күтти.

— Не болды, не болды? — деди шайық алыстан.

— Және быламық, және патырат! Аўылға қоңырат атлылары басып келди! — деди атлы асығыс.

Маман алға еңтерилип асығыс шаппақшы еди:

— Тоқта! — деп ирикти шайық. — Изге қайт! Сен ханның пәрманы бар адамсаң! Полат жасаўылды, егер ерсе, және еки жасаўылды да қосып ертип қайт.

— Усы сапары айыпкерди аямайман! Гелле қыламан! — деп Маман тисленип, атын кейин бурып, қуйынлатыўы менен шаўып кетти.

* * *

Оразан батырдың өлими Ырысқул бийге де әнейиликке түспеди. Бунысын өзгеге билдирмеймен деп ишқыста болды, ашыўшақ болды. Билдирип қойса, өз руўының ар-намысын аяққа басып түпиргени. Онысыз да қоңырат руўы бөлек-бөлек болып баратыр. Жандос бай ушын Маман өлтирилмей Оразан өлтирилгенине руўдың көпшилиги наразы. Байқошқар бийлер өз аўылын қоя берип және еки аўылға тәсийрин өткерди.

Ырысқул бий өзин от пенен суўдың арасында турғандай сезип, тек жалғыз жүрип күйе берер еди. Қанша ашыўлы болса да, кеше ушырасқанда, Маманның аттан түсип сәлемлескени кеўлин бираз көтерди, ал Мурат шайық жөнинде Ғайып ханның айтқаны және таз кебине түсирсе де, Есенгелдиге келисим бергени және жубатты. Қулласы, Ырысқул бийдиң кеўли әлемежуўа. Ханның Убайдулла бийге айтарын айтқызбай ҳәммениң көзинше бөлек шығарып, сөйлескени әлемежуўа кеўилди және былғастырды. «Ҳәй алдамшы дүнья!» — деди тисленип ҳәм қамшысын ат саўырысына шырп еткизди. Қоңыр жүрмел суўдай ағып кетти. Ийин қыймылдатпайтуғын бул жүрмелдиң үстинде Ырысқул бийди және ой басты. Және өзине-өзи наразы. «Не ушын қоңыратлылар қосыўысымнан шығып баратыр? Неге қатты қысылмайды? Не шайқалтып жүр? Ғаррылығым ба, бослығым ба, өзимде бурынғы қаталлық қалмады. Бос көкирекке, суў көзге айландым. Әне, олар усыннан пайдаланды! Маман дурыс айтты: Өзимиздиң геллемизди өзимиз алып бирикпесек, сырттан келген душпан бәримизди гелле қыла береди. Ақыллы бала. Жигирма жасарында алпыс жасар мениң пәмим жаңа-жаңа алысатуғын нәрселерге түсинеди. Ол бундай ақылды қайдан үйренди? Орысша да биледи. Қуда берген өзине. Еки дүньясы бирдей абат болсын жигиттиң! Оты өре жансын!.. Мен де бурын сондай өр көкирек едим. Қоңыратлылар сол ушын сыйлар еди мени. Ақыры қорықпаса сыйламайды. Жоқ, жоқ!..»

Ырысқул бий жалғыз улын ойлады. Елиўге шамаласқанда көрген улы бар. Атыма уйқас болсын деп ҳәм төре болсын деп атын Төреқул қойдырған. Төреқул атасының ойлағанындай болып шықпады. Тили шүлжиң, ойнаса тамағын умытып жүре береди. Келе болар деген дәме менен шайыққа апарып тапсырды. Ҳәпте сайын қашып келеди. Ырысқул бий усы баласының минезине ишинен күйинип, аўлағында қатты сарсылар еди. Қоңыр жүрмел бийиктен ойға жумалаған суўдай ағып киятырса да, әне, усы улы жөниндеги ойларына және берилди. Гүмилжи пикирлериниң бәрин баласына байланыстырды: «Елимниң қосыўысымнан шығып баратырғанының себеби, — жолымды қуўғандай, атқа мингендей зүряд жоқ. Көзим жумылған күни Төреқулдың көкирегине түйип, бийликти өзлери алады. Мен өлмей-ақ баслады. Байқошқар бийлер ҳәк ашты. Есенгелдиге ел сорат дейди. Мен соратпайман деп жүрмен бе? Қоңыраттың бир баласының табанына шөңге кирсе, мениң жилигим сырқырайды. Түсинбейди, олар түсинбейди. Енди заманның бақты аўажақ. Маман дана болды. Қыялында оның ябы да жоқ, қоңырат та жоқ, манғыт та жоқ, қытай да жоқ, кенегес те жоқ, жалайыр да жоқ. Қарақалпақ халқы дегиси келеди. Ҳәмме халық бир дарақ дегиси келеди. Енди әжайып заман басланажақ па? Кеўлим, қайда баратырсаң? Шайық ябы десе, Оразан ябы деп кеткен болса, төли Маман умыта ма? Умытпайды. Ғайып хан не дейди? Олар қоңыраттың үстинен үстемлик еткиси келеди. Ең болмаса Есенгелдини қатарға қосыў керек. Сөзсиз қосыў керек. Көзимниң тирисинде қоңырат қорланбасын. Ғарға-ғарғаның көзин шоқый ма? Аты қоңыраттың улы... Ырысқул, алжыдың, түсинбейсең! Жас дананың даналығына исениў — ел болыў, халық болыў, деген сөз. Көрмейсең бе, орыс бенделерди босатып, өлимге буйырылды. Өзи қатарлы жетимлер басын өлимге тигип аман алып қалды. Түби айланып, орысларды босаттың деген аттан бас тартып жүргенлер «биз босаттық» деген сөзге таласып, мәртебели болды, тили узайды. Ақ патшаға бул хабар унайды. Әне, алдын билиў!...»

Ат бир бап жорғаласа ойы да бир бап, сүрниксе, ойы сүрнигип, қыяллары ҳәр жақларға аўып киятырған Ырысқул бийдиң алдынан жылт етип қоян қашты. Ол буны ырым етер еди. Изинен қуўа жөнелди. Бийдиң қапталлап шаўып баратырғанын көрип қос ат қосшысы асықты. Олар жетип үлгеремен дегенше бийдиң өзи қоянды атқа бастырып, изинен келген атлылардың бирине буйырды:

— Түс, сой!

Аўылға араласа бергенде бели бүкирейген бир ғарры алдынан шықты. Отынға баратыр екен. Ғарры өсик қасларын көтерип Ырысқул бийди таныды:

— Қоңыраттың ханы, ел бүлип атырғанда жорға сүрип жүрсең ғой?

— Не дейсең?! Тәкирарла! — деди ашыўлы Ырысқул бий ат үстинде ғаррының өсик шашынан қамтылап.

— Туўысқан-туўысқанды талаў жәнe басланды!

— Не дейсең, алжыған!? Түсиндир оңлап! Адам өлмеди ме?

— Әй, ғарры қасқыр, жибер шашымды! — деди ғарры қайтпай. — Хабар еткен тилди байлаўға урынғанша, елиңниң ғамын же. Адам өлмеди. Бир жайдан қара атлысы мени сабады, — деп ғарры жаўырынын шешип қамшы тилген излерди көрсетти. — Сабатып жүре бер. Сен деп өлип болдық. Болмаса, ҳасаны Байқошқар бийге бер. Ол сеннен жеделли. Жигитлер менен даў-даўлап кетти.

Ғаррыны зорға тыңлап турған Ырысқул бий артына бурылып, атқосшыларына бақырды:

Әй, оңбағанлар, айдаң тезирек! Ҳәзир тарқалың, бийлер менен он-оннан жигит әкелиң алдыма! Тез! Тез! Тез!

Ырысқул бийдиң қос ат қосшысы не себеп екенин сорап турмастан, еки жаққа айырылып шапты.

Ырысқул бий сол турған жеринен қозғалмай бақырып тур:

— Тез! Тез! Тез!!!

## 16

— Әзизлер! Көк маңлайлар...! Ғарғыс урғанлар!... Мусылманлар!... Сорлы қарақалпақлар!..

Мурат шайық алыстан усылай сүренлеп киятыр. Оның сөзин тыңлайтуғын ҳеш ким жоқ. Ябы аўылының қубласындағы алаңда елиўлеген атлылар, пиядалар қызыл муш. Кимди ким урып атырғанын айырыў қыйын. Өрмекшиниң аўына түскен шыбындай үймелескен атлылар бир-бирин жибериспейди. Үстилеринде базда шоқмарлар көринеди. Шашлары желкилдескен ҳаяллар, жалаң аяқ балалар, ғаррылар узын сырықлар менен мал қуўып жүрипти. Биреўлерине оң түсип, далаға атлыққан малларды қуўып баратырса, атлылардың топтан бөлингени шаўып барып пияданы

қамшылайды, малларды қайырады да, бөлип айдайды. Оны көрген атлылардың биразы жəне маллардың изиндеги атлыға жетип, тағы иркеди, жəне шоғыртпақласады.

Мурат шайықтың бақыра-бақыра даўысы қарлығып ҳеш ким қулақ аспаған соң қызды. Ақ боз атты топламға урды. Күшли жаныўар топты айырып баратыр еди, қамшысын аўзына тислеп, алдындағы биреўди аттан аўдарыўға талапланып атырған Байқошқар бий шайықты көрип қалды.

— Ҳо, шайқымыз, ҳəм уры, ҳəм үстем болыўға уялмайсыз ба?

Қыян-кести ойқанда нениң не екенин аңлап биле алмай, шайық Байқошқар бийге қамшы урды.

— Шегин кейин! Уры ҳəм үстем болып үстиңе барғанымыз жоқ.

Байқошқар бий түсиндириўге талапланбады. Қамшысын асығыс көтерип шайықты қайтарып уражақ болып атырғанда, артынан Аллаяр келип сырық пенен Байқошқар бийдиң билегине салып жиберди. Бийдиң қолынан қамшысы түсти.

— Тоқтаңлар! Ўəжлесиңлер! — деп даўыслады шайық жəне.

Топтың астынан Избасар баҳадырдың қанаған басы көринди. Шайық оннан бир нəрсе сорап билиў ушын алға умтыла бергени, биреў оның атын қамшылап-қамшылап жиберди. Қамшы көтермейтуғын ақ боз ат шайықты қула далаға алып қашты. Алдынан Маманлар шықпағанда, ат қаңғып кетежақ екен, зорға иркилди.

Маманның қасында Полат жасаўылдан басқа еки жасаўыл бар екен. Жəнжел жөнинде шайық оларға жартыўлы ҳештеңе уқтыра алмады.

— Түсинбеймен. Басабас! Байқошқар бийдиң «ҳəм урысыз, ҳəм үстемсиз» дегенин еситтим. Соған қарағанда гүнə бизиң жигитлерде қусайды, — деди тек. Маманлар қара терге шомылған атларын ирикпестен топқа барды.

— Əй, адамлар, адамлар! Ябы қоңыратқа, қоңырат ябыға жаў емес! Тоқтатыңлар, қарақалпақлар! Ғарғыс тийген адамлар! Тоқтатыңлар!

Маманның даўысы күтə ири еди. Шеттегилер бурылды. Маманның аўзынан, «ябы Қоңыратқа жаў емес» деген сөз шыққанына таңланысып турып қалды. Базылары хан жасаўылларын көрип, жеңлери менен маңлай терлерин, мурынының қанларын сүртип иркилди. Бирақ, бул арашаланғанлар пияздың тек сыртқы қабықлары еди.

— Тоқтаңлар, сүйекке тоймағаи ийтлер! — деди Полат жасаўыл. Оның даўысы Маманның даўысынан да ири еди. Атлылардың тобы жәнe азайды. Олардың бууынын тесетуғын кейис сөзлер менен Маман жәнe бақырып, алға ат айдады жәнe әдепки гәплерин тәкирарлады. Полат жасаўыл менен жолдаслары ат айдап, ийттей шайнасып, бири-бирин жибериспей атырғанлардың шетинен қамшыға тутты... Өрмекшиниң аўы үзилди, шыбынлар тобы бузылды. Ортада бели мертилген еки ат ғана шоңқайып отырып қалды, еки адамның тек көкиреклери бүлкилдеп сулап жатты.

— Қәне, дурыс айтыңлар, бул не әламат!? Ким баслады? — Байқошқар бий сөйледи:

— Биле тура сорамаңыз, шайық, — деди ол ашыўлы. — Ҳә, билмейсизлер ме? — деп кек етип тисленди жәнe. — Айтып берейин бе? Бир топар уры ийтлериңиз аўылымызды талады, — деп Байқошқар бий мурнының қанын сыпырып, қарсысында турған көк дөненли жигитти көрсетти. — Биз мынаў ийттен күйдик.

Бул ябылардың Әлийбий дегеннѐң үлкен улы Қәлий еди. Маманды көрип кеўли өскен Қәлий қайтпады, Байқошқар бийге дәпинип:

— Қоңыратлыларға еле аз! — деди ол, — жалғыз Оразан батырдың руўхы ушын шетинен найзаға илдириў керек!

— Қысқарт! — деп Маман Полат жасаўылға бурылды. — Хан атынан буйыраман, байлаң ананы атының қуйрығына!

Полат жасаўыл қасындағы жолдаслары менен алға умтылып, Қәлийди аттан аўдарды ҳәм мойнына қурық салып өз атының қуйрығына байлады.

— Неге турсызлар? Қамшылаң атты! — деди Маман қолы қалтырап турған жасаўылдың бирине ҳәм буйрығы орынланғанша шыдамай көк дөненди қамшылап-қамшылап жиберди.

Ҳәзир ғана сөйлеп турған жигит аттың артқы аяғы арасында баратырғанын көрип Аллаяр шыдамады:

— Әй, жаўыз, қара басың ушын әўели әкеңди берип едиң, енди руўыңды гелле қылыўды басладың ба? — деп қара ғунанын еки жақтан қамшылап Маманға қарай жылысып киятыр еди. Байқошқар бий:

— Әне, Маман, бизди азаплаған бир күшик усы. Ең жас үлкен ғаррымызды сабады, — деди.

Қызып турған Маман шыдамады. Буйырды:

— Байлаң!

Аўыздан лебиз шығыўы мәттал, бул сапары жасаўыллар шаққанласты, бир демниң арасында өзи минген жайдақ қара ғунанның артқы туяқлары арасында ҳәр жерге бир дүгип Аллаяр да кетти. Маман өзине айбат шақырып жүдә қоразланды ҳәм қатты жекиринди:

— Және ким бар?!

Турғанлар тилсиз, жүреклер күтә ақырын соғып қалды. Бир шетте Избасар баҳадыр тур. Байқошқар бий оған тикленди. Избасар баҳадыр сөйлемеди, лекин, Байқошқар бийден нәзерин алмады. Қарсы қарады. Екеўи узақ тигилисип қалды. Избасар баҳадыр қоңырат руўы үстине жигитлерин баслап барған соң екиге бөлип бир топарына уйқыдағы аўыллардан мал айдатты, екинши топарын өзи басқарып, жапларының сағаларын көмдирген еди... Бир жаптың паяпылына қарсы тәрептеп келип қалған өжет текелердей бир-бирине аларысып турған ол екеўинен ҳәмме көз айырмай тур.

Избасар баҳадырдың аўыл арасында көринип адам азапламағаны ушын ба, ямаса усыннан ябының атақлы бир баҳадырын ат қуйрығына байлатса, өз өмирине қәўип туўады деп қорықты ма, ямаса пәтли өткир көзқарастан сескенди ме, Байқошқар бий төмен қарады ҳәм:

— Мына топардың жигитлери де қатнасты, — деп Избасар баҳадырга қамшысының ушын шошайтты.

— Түс, аттан, Избасар баҳадыр, — деди Маман. Избасар баҳадырға қосылып онлаған атлы аттан түсти.

— Байлаң қолларын!

Маманның бул буйрығы да тәрк етилмеди. Избасар баҳадыр менен қосыла аттан түскен жигитлердиң бәриниң қоллары байланды.

— Жалаңашлап ақшам шыбынға тасलаңлар!

Барлық буйрық тек Маманнан болып атырғаны ушын журттың көзи сонда, аң-таң. Көпшиликте жас бийдиң буйрығына кесент келтирмейин деген Мурат шайық дыққаттан шетте қалды. Ҳеш ким бетлеспегени ушын кеўли көтерилген Маман:

— Байқошқар бий, енди жаның рәҳәтленди ме? — деди.

Байқошқар жуўап орнына, өз атлыларына қарап даўыслады:

— Маманға алла рәҳмети! Қайттық!

Жигирмалаған атлы гүў кейин бурылып баратыр еди:

— Эй, қоңыраттың ийтлери, анаў жаралы көпегиңизди. сүйретип кетиң, — деди Мурат шайық, белинен мертилип шоңқайып атырған аттың қасындағы сулап жатырған жаралыны көрсетип.

Байқошқар бий жигитлериниң бирине ым қақты. Ол ырғып аттан түсип, жаралыны алдына өңгерди. Барлығы шабысыўы менен кетти.

— Тарқалың!!!

Маманның бул буйрығына, ҳәтте Мурат шайық та кетти. Полат жасаўыл жолдаслары менен бирге Избасар баҳадырларды аўылға айдады.

Күн батыўға жақынласты. Кең далада жалғыз емен қалды, шар-шаған, муңлы алаяқ торы үстинде жалғыз Маман қалды. Не қылып қойғанын өзи де түсинбейди. Атының алдындағы аяқларынан көз алмай турыпты. Оған қозғаў салыў ушын бир пияда киятырыпты. Ҳәр ийнине бир бала жайласқандай ири: пияда. Қалпаққа мегзес қара териден малақайы бар, қара сақаллы, елиў жаслар шамасындағы пияда. Аттың ийеги астына тақалып келген пияданы Маман танымады;

— Кимсең? — деди.

— Сейдулламан, Маман. Мурат шайықтың атқосшысыман. Ябыман. Саған ескертиўге келдим. Жассаң, балам. Узақ жасаўға талаплан. Узақ жасаў ушын ғарғыс алма, алғыс ал.

Маманның көзине жас толған ба, ямаса қан қуйылған ба, Мурат шайықтың атқосшысы Сейдулла «дәўди» ырастан да танымады.

— Жоғал! — деп жекиринди.

Сейдулла «дәў» сөйлемеди.

Маман еле қайтқан жоқ, еле турыпты. Қыялына, айлана, оны ҳеш жаққа жибермейтуғын, тас қамалға мегзеди. Қозғалыў, кетиў қыйын. Жаңа ғана ашық аспанды демде булт қаплап, тас төбеге ең қаралтымы жыйналды. Толайымы менен қозғалған бир қара тас киби зилдей булт төменлеп киятырғандай, оның деми қысылды. Көзлери тынды. Қусқысы келди. Не болғанын сезбей, көзлерин жумды, ашып еди, әтирапты думан басқан. Таў да көринбейди, аўыл да көринбейди, жетим емен қапталында жоқ. Аспан биротала жерге түсип кеткендей сезилди. «Мени қалайынша басып кетпеген! Булттың күши жетпегени ме? Маған? Жоқ, жоқ!» қулағына саза келгендей болды. «Жетимлер! Маманды қорғаңлар!.. Маман ушын өлемиз!...» «Қорғады, өлди!» деп гүбирленип Маман алдына еңтерилди. Маңлайы ердиң басына сақ етип көзин ашты. Атын жетелеп киятырған Сейдулла дәўди көрмеди. Қыялына аты еле баяғы орнында турған сыяқлы. Оны руўға диңкеси жоқ. Өзин өлип баратырғандай сезди. Тирилигин билиў ушын мурнын шымшыды,

бар күши менен шымшыды, көзи ашылды. Атқораның ергенегин ашып атырған хызметкерди көрди. Бул Хелўеттиң атқосшысы еди. Қасында Хелўет те турыпты.

— Не қылып қойдың? — деди Хелўет.

Маман жуўап орнына жылысып түсти. Үйге кириўден қапталға төсеўли турған төсектиң үстинде дүс төменине жығылды. Қулағы гүў-гүў: «Жетимлер! Маманды қорғаңлар!.. Жетимлер!»

Мурат шайық келип Маманнан басқаларды үйден шығарып жиберди:

— Қозғамаңлар! Өз буйрығы өзин қысып атыр! Жатсын!..

* * *

Байқошқар бийлер мурадына жетип қайтқан менен жүдә шад емес. Қыялларына ябының жигитлери алдарқатып қайтарып, бир аланда жетип гелле қылатуғандай. Бәрха артларына қарасып шабысып баратыр. Алдынан тозаң көринди. Бул Ырысқул бийлер еди. Өз ара қанша аразласып жүрсе де, изинен үлкен күш шыққанын көрип, кеўиллерин басты. Байқошқар бий жигитлериниң алдына шығып Ырысқул бийге сәлем берди, болған ўақыяларды қысқаша баян етти.

— Еки жигитин ат қуйрығына байлатқаны ырас па? — деп Ырысқул бий қайта сорады.

— Ырас, қоңыраттың ханы, ырас, — деп кеўилли шаўқымласты жигитлер.

Ырысқул бий руўының атақлы бийлерин, жасаўылларын ертип шыққан еди. Оларды бир қатара көзден өткерип алып:

— Байқошқардан сизлер сораңлар! Қулағыма инанбай турман! — деди.

Сүйиндик бий қайта сорады. Байқошқар бий әдепки жуўабын қайта тастыйықлады.

— Жигитлер, Маман дурыс айтқан. Ябылар қоңыратлыларға әзелден душпан емес. Мен келгенше неге шыдамадыңыз, хәўлекилер! — деп Ырысқул бий хәм ашыўлы, хәм қуўанышлы сөйледи. — Әдилликтиң адамы жаңа шығыпты. Биразымыз алпысқа шыққанша пәмимиз алыспағанды жигирмасында түсинген бул әдил буйрық ийесине ғайбана алғыс болсын! Енди мынаў Қоңыраттың көзине түскен гиртти аттан аўдарыңлар!

Буйрық мулт кетпеди. Байқошқар бий аттан аўдарылды.

— Қундақлап, бөктериуге кесе таслаңлар!

Ырысқул бийдиң бул буйрығы да тез орынланды.

Жас Есенгелди қызажақ еди.

— Тыныш, күшик! — деп буйырды Ырысқул бий — Шаршатпа мени! Кирпитикендей неге жыйырыласаң?

Әкесиниң ат үстинде кесе баратырғанына Есенгелдиниң иши өртенгени менен илаж ете алмады.

Атлылар, жеңис пенен емес, ең қәдирли адамын жерлеп қайтқандай, жолды үнсиз даўам еттирди.

## 17

Маман оянғанда таң саз берип киятыр еди. Басын көтерип, не ушын кийимлери менен жатқанының себебин еследи, еследи де, басын қайтадан дастыққа урды. Үйдиң ишиниң ҳаўасы таўсылып, деми қысылғандай. Және түргелиуге урынды. Төсегине желимленип қалғандай, көкиреги көтерилмеди. Әдеўирден соң, таң намазының азанын еситип, шапшып түргелди. Далаға шықты. Аўыл арасы әлле қашан ҳәрекетке кирипти, сонда да, бурынғыдан кеўилли көринислер, шаўқымлар жоқ, ҳәтте, пада ушын босатылып атырған ана сыйырлар да мөңиреспейди. Қулақларым питип қалған жоқ па екен деп, еки қулағын алма-гезек шуқылады. Баяғысы.

Намаз оқып далаға шыққан шайыққа сәлем берди.

— Басыңның думаны тарқады ма, балам? — деп сорады шайық.

Маман бирден жуўап бериў орнына, кешеги Избасар баҳадырлардың қәйерге байланғанын сорады. Соңғы гезде минези өзгерип, өжет болған, бираз менменсиген жигитти унатпаған кейип пенен шайық оның бетине тигилип турды да, шашырап шығып киятырған қуяш тәрепке ийек атты. Қуяштың астында арбаға байлаўлы турғанларды көрип Маман төменгн ернин тиследи. «Мениң пәрманымды ҳеш ким тәрк етпеген. Мени оятыўға батылы бармаған ҳеш кимниң. Қайдан келди бул күш? Хан атынан буйырғаным ушын болса керек. Бийшара адамлардың бала-шағалары түни менен шуўласып шыққан шығар.

— Маман, неге бармағыңды тислеп қалдың? — деп шайық оның ойын бел үзди қылды.

Маман қолын жиберип және әўелги ашыўлы кейпине түсип:

— Хан буйрығын орынлаўым керек, ата, — деди. — Орысларға қосылыў жөниндеги мәжилисти сол арбаның айналасында өткерейик. Жасаўыллар қайда?

— Бизлер мындамыз, — деп Маманның арт жағындағы үйден Полат жасаўыллар шықты. Мурат шайық Маманның қыялына түсинди: «Адамлардың бир жағын қорқынышқа тиреп сөйлеспекши».

Маман Полат жасаўыл менен сәлемлесиўди умытты.

— Шайық ата, адамларды жыйнаўға хабар етилсин бе? — деди.

Ашыўлы шайық бираз жадырады, оның жыллы жүзин көрип, өзиниң дурыс ислегенин түсинип, Маман Полат жасаўыллар менен қатарласып, Избасар баҳадырлар байланған арба таманға қарап турды.

— Ҳалқасқа аўқат таяр етилген еди, биротала жеп шығыңлар, — деди шайық.

Ишке кирген соң да шайықтың өзи сөйледи.

— Избасар баҳадырларды босатқан ақылға муўапық. Өйтпесең, Маман балам, адамларда қәҳәр топланады.

Маман жуўап орнына жасаўылларға қарады. Бул оның өз күшин көрсетиў белгиси еди. Шайықтың пикирине қарсы келип әдетленбеген жасаўыллар үндемеди. Маман көп отырмады, байлағанларды босатыўға руқсат етти.

Шайықта гүптикей пайда болды: «Избасар баҳадыр босанғаннан кейин сумлық ойламаса жақсы. Кешеден берги ашыўдың қурбаны болып дық пенен келсе, жыйналғанлардың; аўзын алалаўға себепши болады. Ябы руўы және бүледи, оннан соң басынан шириген балық болғаны. Буған жас Маман қызады, ҳеш кимге исенбейтуғын өзимшил болып алады».

Шайық усы ойлары менен бәнт болып, азанғы аўқат желинип болынғанша сөйлемеди, шайықта жақсы кейип болмағаны ушын басқалар да сөйлемеди, бул жағдай Маманның ашыўын сақлап қалды.

Түс мезгилинде, ябы руўының жақын-жуўықтағы гүллән: ерлери, сол Избасар баҳадырлар байланған арбаның қасына жәм болып, сөйлеў нәўбети келгенде де, Маман ашыўынан ажыралмаған еди. Ат үстинде зәңгиге ширенип қатты-қатты сөйледи. Өз түсинигинше елдиң ала аўызлығының себеплерин айтты. Ҳәр руўдың өз алдына бир төбе болып жүргенин дәлиллеўге урынды. Ол хан жасаўылларының ортасында турғанлықтан ба, ҳеш ким сөзин бөлмеди, өз-ара сыпсыңласпады да, жүдә дыққат пенен мақул тыңлап турыпты.

Маман және орысларды тәрийипледи. Кузьма Бородинлер ҳәм Абылқайыр ханға өзи апарған орыс кәрўанбасысы менен қалай

сөйлескенин, олардың не дегенин усағына шекем қалдырмады. Орь қорғанында хан тәрепинен исленген қорлықты, қулласы, сол кәрада халық тәғдирине қараслы қандай ўақыя жүз берген болса, бәрин айтып, гәпиниң ҳақыйқатлығына гүўа ушын ҳүрметли Мурат шайықтың, көп бийлердиң атларын келтирди.

— Ағалар, аталар, мен сизлерге үйретиў ушын айтып атырғаным жоқ, — деди Маман кем-кем жууўасып. — Ойланып көриңлер. Ақыл жууўыртқан инсанға бир руўымыз жыңғыл, екинши урық, үшиншиси жантақ, төртиншиси селеў, бесиншиси қыйсық тораңғыл.... Қысқасы, бир тоғайдың әрре-тәрре өсимлиги. Биреўи желинип қуртылса, екиншиси жағылып кетип атыр. Бул тоғайдың аманлығы ушын күшли, жарақлы қараўыл керек. Бул әтираптың күшлиси — орыслар. Соларға тапсырыў керек. Сонда Годен-Рабдан да, Аюхан да, Абылқайыр хан да ҳештеңе қыла алмайды. Мурат шайықтың шәкиртлерин баслап алда турған Ешнияз ахунға қарап:

— Ахун ата, бийлердиң атынан орыс патшасына ант қағаз таярлап бериңиз, — деди.

Мурат шайық Маманның ақылына, даналығына жасынан исенген менен, бундай шәпик тапқырлығына исеними кем еди. Ҳайран қалды. Усылай етпесе, қызған тандыр суўып, жапқан наны арқа таслайды. Жигитти қуўатлаў керек!

— Мақул ма, ахун? — деди.

Маманның сораўына жууап бериўге иркилип шайықтың кеўилин бағып турған Ешнияз ахун шалт үн қатты.

— Әжеп, шайқымыз!

Журт еле жым-жыртлықта. Биреў-биреўдиң бетине тигилип, тынышлықты бузып гәп айтатуғын мәрт жүректи излесиўде. Азанда байлаўдан босанып, қайта кийинип атына минип келген Избасар баҳадырлардың атты сәл алдарақ айдағанына журт ҳаўлығысайын деди, егер усыннан қыян-кести жәнжел көтерилсе, арбаның астына тығылыўды гөзлеўшилер де пайда болды.

Маманның да жүреги ҳәўлирди. Полат жасаўылға «абайлы болыңлар» дегендей қарап, Мурат шайық бурылды. Оның жүдә тыныш, бийғәрез турғанын көрип, сабырлылық сақлады,

Избасар баҳадыр өз атлыларынан алға шығып, журтқа сөйлеў белгисин билдирип қамшысын көтерди. Қайтадан шексиз тынышлық орнады.

— Ябы руўының ар-намысы ушын Маманның пикирин қуўатлайман. Ахун аға, орыс патшасының атына ант қағаз жазсаңыз алды менен қол қояман, мөр басаман, — деди.

Басқалар сыяқлы Ешнияз ахун да оның не сөйлейжақлығын билмей, топалаң турғыза ма деп қорқып тур еди.

— Ант қағаз емес, аҳиднама, иним, — деп бир жағын сәл дәлкекке алған болып, дүзетип жууап берди.

— Ант қағаз, аҳиднама, бәри бир нанның еки жағы, — деди ол, — Орысларға қосылыў, орыслар менен тәғдир бириктириўге умтылыў — бүгин я кеше басланған жаңа ис емес. Орыс халқы менен әзелден шалғайма-шалғай отырып, бир тандырға нан жапқан халықпыз. Соны да түсиниң, мақсетимиз тек пана излеў емес, әййемги дослығымызды тиклеў.

Адамлардың арасында әлле қандай еркинлик, жүзлеринде жадыраўшылық пайда болды. Тип-тик қәддилеринен аяқларына дем берип босасты.

— Шайқымыз, орыслар менен әййемнен дос екенимиз китапта жазылған ба? — деди биреў.

— Китапта емес, бабаларымыздың сүйеклерине ойылып жазылған, — деп Мурат шайық халық аўзында сақланған қысқа бир әпсана айтып берди. Әпсана бойынша: бабаларымыз бир жаўгершиликте орыслардан айра түскен. Бирақ изимизден орыс дослар келер деп жолларына қарай-қарай мойын сүйеклери қыйсық питкен, көзлери сарғайып кеткен. Ақыры, келген.

— Бул әпсананы барлық аўылларға еситтириў керек, — деди көпшиликтен және бир даўыс.

Мен буны жасымда қоңыраттың бир ғаррысынан еситкенмен, — деди де, шайық көп сөйлеп турмай шәкиртлерин үйли-үйлерине ўақытша қайтарып жиберетуғынын, себеби, бабаларымыздың орыс князлери менен ийинлесип бир жаўға қарсы урысқанын, бир-бириниң ар-намысы ушын қан төгип, жан берискенин тастыйықлайтуғын әңгимелер менен әпсаналар көп екенлигин, соларды дуйым жұртқа ҳәзирден баслап түсиндириўдиң зәрүриятлигин айтты.

Маман қуўанғанынан аттан түсти. Кешеден берли оңлы сәлемлеспей, сөйлеспей бултыйып жүргени ушын кеширим сорағанның, белгиси сыпатында Мурат шайықтың ақ боз атының алдына барып, ийилип тәжим қылды. Пүткил төменги қарақалпақ елиниң дин ҳәзирети шайық алдында кимниң болса да биреўдиң ийилгенин көрсе, ябы руўының ҳәр бир адамы ушын ийилип тәжим етиў пеше болып кеткен еди, турғанлардың бәри қол қаўсырып Мурат шайықтың алдынан өте баслады.

— Тоқта, — деп шайық Ешнияз ахунды ирикти. — Ҳәзир ис баслаймыз. Үйиңе барып қәлем-қағаз, сыя сауытыңды сазлап отыр.

Ешнияз ахун сөз орнына басын қайта-қайта ийзеп «мақул» деген ишарат пенен кетти.

Топты тарқатып Мурат шайық пенен Маман гилең бийлерди, жасауылларды Ешнияз ахунның үйине қарай баслады.

* * *

«Аҳиднама» жазыудың үлгилери буннан бурын да исленгенине қарамастан, усы сапарғы аҳиднаманың сөзин таярлаудың ўарра-ўаррасы еки күнде тамамланды. Аҳиднаманың сөзлерине ҳәр ким өз пикирин қосып, қанша кегирдек созыспа болған менен, ис питти, ис табыслы питти.

Уллы жолда биринши адым атланды. Ябылар ант жазды.

Ханды тез қуўантыў ушын Полат жасаўыллар қайтты.

Мурат шайықтың шәкиртлери өз аўылларына тарқады. Орыслар менен қарақалпақлардың әййемги дослықлары ҳаққында әңгимелер, әпсаналар ядлап тарқады.

Базы бир қыйын гезлерде әкесин еслеп, базда кеўлин хошлап күлисип қайтатуғын Аллаярын өлтирип қойғанын еслеп, ишки дәртлерин өзи қозғап алса, қызып кететуғын Маман, Мурат шайыққа жүдә шәпений-шыртылдақ болып көрингенликтен шикәрға ертип кетти.

Қайтысын, Маман жолдасларынан изирек жекке киятыр еди, Бектемирди көзи шалды. Бектемир де оны көрген секилли еди, бирақ арман қашты. Бурынлары узақтан алдына шығатуғын бала, неге қашты? Маманның иши ғым етти. Изинен жетпекши болып атын бурып еди, Бектемир бир түп бүршикли жыңғылдың тасасына шөгип отырып қалды. «Бир жақтан урлық етип киятырып қорқты ма екен?» деген ой келди Маманға. Сол ушын қысындырмайын деп турды да, арқалаған ҳештеңесин көрмеген соң изинен барды. Бүршиктиң астында жетим гөжектей көзлери жылтырап отырған бала оннан сайын киширейип, демин оғыры әстен алып отыр еди. Маман ат үстинен еңкейип, желкесине қамшы сабы менен түртти.

— Түргел, көрип турман.

Бектемир қалш-қалш етип тикейди. Үн жоқ. Өли шырайланып, солып қалыпты.

— Неге қалтырайсаң? Дорбаң қайда? Неге аўылдан алыста жүрсең? Қайсы аўылдан қайттың?

Бектемир ҳеш сораўына жуўап бермеди, қалтылдаўын даўам етти. Маман аттан түсип, Бектемирдиң ийегинен көтерип көзлерине үңилди жасаўрап кетипти, қалшылдысы бурынғыдан да күшейди.

— Не болды, Бектемир?

— Өлтирмейсең бе? — деди Бектемир. Ол усыны айтыўы мәттал, көз жаслары сел болып, еки бетин жуўып кетти. Маман ўақыяға енди түсинди. Жубатып атына мингестирди. Жол бойынша оны — мың шуқластырып сорап Бектемирден алған түйирли жуўабы мынаў болды.

— Ҳәзир сеннен ҳәмме адам қорқады. Аманлық аўырып атыр. Тәўир болған соң бизлерге қайтып қосылажақ...

Ол Бектемирге еки қоян берип ылашығының қасына түсирип кетти. Үйге келген менен парасат ете алмады. Бир қырғаўылды қойнына салып, пиядалап Аманлықтикине қарай бир қырынлады.

Ылашыққа еки-үш адым жақынлаўдан-ақ Аманлықтың ынқылдап атырғанын еситти. «Сорлы ырастан да аўырыпты», — деди өзинше. Ший есикти көтерип, ергенекти ийтерип еди, илик емес, қуры қаўсырыўлы екен, сықырлап ашылды.

Аманлық ағаш дастықтың үстине қыс малақайын қойып, пахтасы аққан гөне бөз көрпени белине шекем жамылып шалқасына жатыр еди. Маманның даўысын таныса да, сәлемин қабыл етиў былай турсын, басын бурып қарамады. Маман аяқларын ғаз-ғаз басып оның бас ушына отырды. Бир қапталда қазыққа илдириўли әкесиниң қынаплы қылышын танып, кеўли бузылып барып, өзин басты ҳәм Аманлықтың басынан әсте ғана сыйпалады:

— Қашаннан бери жатырсаң?

Аманлықтың денеси шоқ болып тур еди, Маманның муздай қолы жақты ма, көзин сәл ашып:

— Үш күн болды, — деди әстен ғана.

— Өкпеледиң бе? — деди Маман.

— Өкпеледим. Себеби, усындай қылатуғыныңды билер едим. Адамгершиликтен гөре, өз даңқын жақсы көрген адам ушын белгили ўазыйпа атқарып қалғаныма налыйман. Алмагүл қара ғунанды тусаўлаўға кетип еди. Ийесине керек болса қоңсысы өкпелемейди. Әкетерсең. Күт.

Маман сөзден утылды. Не қыларын билмей бираз отырды. Аманлық және сөйледи:

— Көп күтиўге зериксең Алмагүлдиң алдынан шыға ғой. Тикейиўге диңкем жоқлаў.

— Жата бер, жата бер. Кеўлиңди сораўға келдим. Қыбырлама, ашыўланба. Атты әкетпеймен. Кеттим.

— Аллаяр менен қушақласыўға кет! — деп қалды Аманлық.

Мурат шайық намазлыгерге дәрет алыўға шығып тур еди.

Маманның қайдан қайтқанын сорады.

— Аллаяр, Аманлықлардың күлки қабы еди, айрылған соң аўырыпты. Кеўлин сорап қайттым ҳәм өзимди жазалаўды, қатты жазалаўды ойлап қайттым, — деди Маман.

— Кеширим сорадың ба?

— Сорамадым.

— Олай болса, мойныңды көтерип жүр. Әжели жетсе ким өлмейди. Бийпана жетим ыссыдан да, суўықтан да өледи. Қапаланып ушына шықпайсаң.

Шайықтың бул гәпи Маманға унамады, бирақ үндемеди.

Кешки аўқат үстинде:

— Шайық ата, ис басланды, буған не дейсең? — деди Маман.

Мурат шайыққа «бул меннен марапат күтти» деген ой келип, ҳәзирги қәдемлериниң дурыслы қәдем болып шығып атырғанын мақтады. Оның тек қызба болмаўын өтинди. Туўысқан атасынан айырмасы жоқ, бул адамның кеңеслерин зейин менен тыңлап, тийкарғы айтажақ ойына көшти.

— Биз Аманлық пенен қазақ аўылларына барып, елиниң ойлы-бәлентиниң парқын уққан едик. Ең ишинде Айғара бий аўылы бизлерге жүдә унады. Адамлары бәлент екен.

Ендиги жағында сол аўыл менен арамыздан дослық жиби тартылса, жақсы болар еди.

Ол сөйлеп болғанша бөлмей тыңлап Мурат шайық және изин күтти. Маман гәпиниң усы бөлегине жуўап күтти. Мурат шайық түсинди.

— Дурыс айтасаң, балам, — деди ол. — Айғара бий еске түскенде, Абылқайырды да жақсы көрип кетеди киси. Айғара бийдиң бир өзи емес: қоңсы-қобасы, аўыл аймағы менен; илаҳийда әзиз адамлар. Биз арамызда дослық жиби бар деп жүрмиз. Сен дослықтың қандай жиби ҳаққында айтпақшы едиң, балам?

— Мен бе? — деп Маман аз ғана ойланып алып даўамлады. — Айғара бийдиң қызы бар. Қуда түсиў керек... — Маман иркилиң-киреп еди, шайық күтә сабырлылық пенен отырды, тез жуўап бермеди. Маман пикириниң изин жалғастырды. — Сол кисиниң қызын Аманлыққа әпериў керек.

Мурат шайықтың ишине шеребе қуйылғандай болды, лекин, және айтажағың бар ма дегендей күтти.

Изиниң туйықлығын билип қамырдан қыл суўырғандай әстен баслады:

— Балам, дослық жиби көрпениң асты менен тартылмайды. Тартыла қойған жағдайда, бир шайнек я кесе ушын, ҳәттеки, бир жағы күйе; ағаш көсеў ушын бундай дослық шорта үзиледи.

Маман бул жерде де утылды. Гәп аяқланды. Мурат шайық оның кеўлин алыўға талапланбай, үстемликти өзинде қалдырды: мейли ақыллы дәлил тапсын!

Қалай еткен менен Маман пикиринен қайтпаўға қарар етти. Азанда Аманлықтан және хабар алды. Безгеги тутып зирилдеп атырған гези екен, басылғанша отырды. Аманлық өзине келген менен хабарласпады. Маман әкелген нан, қатығын Алмагүлге тапсырып қайтты.

Ертеңине және барды. Бул сапары Аманлық бираз дүзлести. Азаннан баслап безгеги тутпапты:

— Сен бизлерди бир Аллаярдан ғана емес, күлкимизден айырдың, көз жас төгилмесин деген өз раўаятыңа қайшы ис иследиң, — деди.

— Бәлким, солай шығар. Ал, мен соның менен көз жасларды тыярман, күлкилерди көбейтермен, деп ойлаған едим.

Аманлық сөйлемей узақ жатты. Маманға ол уйқылап кеткендей көринди. Оятып алмаў ушын әстен ғана түргелди.

Ол усылайынша ҳәр күни хабар алмақшы еди, ойлағаны болмады. Ханнан жасаўыл келди: Жаңакент қаласының қурылысын баслаў ушын аўылға көп адам салыныпты. Сол адамлар өз азық-түлиги менен баяғы Кузьма Бородинлер жонған тасларды қаланың тырнағына тасып жеткериўи тийис екен. Ал Маманға тәнҳа тапсырма: Есенгелдини ертип, туўры ханның өзине барып хабарласыўы керек.

— Бар, балам, бар, — деп нәсиятлады шайық. — Атаның гәпин есле, дық сақлама. Исиң сонда раўаж табады. Бийлер жыйналған Жаңакентке аҳиднаманың бир данасын өзим жеткеремен.

## 18

— Сизиң ақыл қабыңыз орталаныпты, бий ата. Алжыпсыз.

Әкесиниң аяқ-қолы байланып, өз атына бөктериў болған менен, аўылға көрсетпей жаздырар деп дәмеленген. Есенгелдиниң

үмити пуш шықты, әкеси аўыллардың ортасы менен солайынша алып өтилди. Мине, сонда, Есенгелди шыдамай, Ырысқул бийге усылайынша сандырақлаған еди. Үлкен бийдиң жығырданы қайнап, оны да байлатпақшы болып турды да, астыңғы ернин бир тислеп, өзин тутты. Мейли, киси геўкеўисиз ойына келген болса айтсын. Ашыў кисиге не қылдырмайды? Еле аўзынан сарысы кетпеген палапан! Әкеси ушын жаны ашымаса, перзент болды ма? Адам сол ушын перзент тилейди-дә! Улы өжет болса, әкеси де аямайды!

Ырысқул бий Байқошқар бийлерди «жүўенсизлер» деп атап, еки күн арбаға байлатып қойып, босатты. Ол усының менен, жаслар арасында өзине қарсы күш пайда болатуғынына кеўил аўдармаған еди. Бундай күш астыртын дүзилди. Байқошқар бийдиң тәрепдарлары дүзди. Есенгелдиниң қасына өзине теңлес онлаған атлы қосып «алысларға кетиңлер, тиси мүжилген қасқырдан өш алыў жолын мәсләҳәтлесиңлер», — деп жиберди.

Балалар аўылдан алысырақ шығып мәсләҳәт қурды.

— Қәне, не ислеймиз?

Усы сораўға бәри жуўап изледи. Ақыр соңы келген жуўмағы: қытай, маңғыт аўылларына барып жора табыў. Көбейип алып алды менен сары тисли Ырысқул бийге емес, азыўлы, күшли азыўлы Маманға қарсы атланысқа шығыў. Бул ақылды биринши ким тапты? Ол ҳеш қайсысының есинде қалған жоқ. Бәрине мақул түсип қыйыр далаға шабысып кетти...

* * *

Маман туўры Ырысқул бийдикине түсти. Бул ўақытта Ырысқул бий Жаңакент қаласына адамлар жыйнатыў ушын ҳәр аўылға жасаўыл атландырып атыр екен. Маманның не жумыс пенен келгенин сорап алып, сол жасаўыллардың биринен Есенгелдини мында жибериўди қосып тапсырды. Сөйтип Маманды үйине киргизип, арада ҳеш қандай ашыў-кек болмағандай-ақ, жүдә жумсақ, әлпайым сөйлести, елдиң алаўызлығына жаны төзбей көзлерине жас алып сөйлести.

— Сырттың ҳәр қыйлы шабыўылынан сөтилген жаралы қабырғаларды бириктириў ушын ириңлескеи бирли-ярымын ылақтырып таслағанның зыяны жоқ екен балам. Дурыс ислеп атырсаң. Мен енди түсиндим, балам. Атыңның жылаўын усы бағытыңнан өзгертпе. Есенгелдиден де жеркенбе, балам. Досың көп болса, исиң раўаж табады.

Маман жүдә кеўлин берип тыңлағанлықтан ба, Ырысқул бийдиң бул нәсияты өз атасының, Мурат шайықтың нәсиятларын есине салды.

Соның арасында Есенгелдиге кеткен шақыртыўшы келип, оның жоқлығын хабарлады. Қай бағытқа кеткенин анықлап, Маман атланды.

Хан тапсырмасын орынлаўға тынбай сегбир тартып, Есенгелдилерди келеси күни түнде, өркеш-өркеш қумлар арасында, от жағып отырған жеринен тапты. Жигирмалаған жигит болыпты. Сырттан келген атлыдан сескенип, бәри турды. Маманды таныған-лары әллеқандай күш сезип, бириниң сыртына бири тасаланып тур еди. Ири геўдели Маманның алдында кишкене бала секилли көри-нетуғын Есенгелди айбат шегип, сәлемнен бурын, оның қалайынша қорықпай, жападан-жалғыз жүргениниң себебин сорады.

— Өз қаналасларын излеп жүрген адам қорқа ма? Қорқпайды. Екиншиден, ханның тапсырмасы менен жүрген адам қорқынышты умытады. Сәлемлесейик. Ассалаўма әлейкум!

Жигитлер мәжбүрий сәлем қабыл етти. Маман ҳәммеси менен бирме-бир қол алысып, Есенгелди менен қатар отырды. Бир истиң ушында қызарып пискен қырғаўыл етин ҳеш кимнен руқсатсыз алып жеп, жабыққанда ара-тура жыйналып, усындай бәзим қурып турыўдың жақсы болатуғынын мақтады.

Өзин еркин тутып, кем-кем ҳәммениң үстинен үстемлик етип баратырған жигиттиң алдында балалар қырғый көрген шымшықтай шоқланысып, сырласып үлгермеди. Маман келген жумысын хабарлады.

Хан шақыртқаны ушын қуўаныштан ба ямаса Маман кеўлинде дық сақламай, өзи шақыртыўшы болып келгени ушын ба, Есенгелдиниң жүзине қан жуўырды.

— Қашан кетемиз, Маман аға? — дегенин билмей-ақ қалды.

Жолдасларының аң-таңы шығып, Есенгелдиге исенимсиз көзлерин қадады.

— Ҳәр қалай асыққан жөн, — деди Маман.

Есенгелди жолдасларына атланыўға буйрық берди. Қалай өткен менен Есенгелдиниң қәдиги жоқ емес еди.

— Умыттыңыз ба? — деди әстен. Маман «нени?» деп сорамады.

— Хан ҳәмири менен тас көтерген адам айыплы емес, — деди.

Есенгелди шаққан ғана қыймылдап, Маманның атын әкелип өзинен бурын атландырды.

Маман Есенгелдини қарсыласар деген ойда болған еди, бунша кишипейилленип, ыққа жығылғанына таңланды. Минезин сорап билгиси келди.

— Есенгелди, сен нени мақсет етесең?

— Қоныраттың аўызбришилигин ҳәм нәментай руўлар үстинен үстемлигин көргим келеди. Өзиңиз нени мақсет етесиз?

— Сен, мен, мынаў өзимиздеги жигитлер, қулласы, барлық қарақалпақ баласы даўыс қосып бақырғанда, таў жарылып жол берсе екен деймен.

— Бизиң бир аталарымыз, «шунатайдың ортаң бармақ дәрежесине өсип жеткенин көриўди қыял етиў — түсинде қанат питип ушқан менен барабар» деген екен?

— Сен түсиңде ушасаң ба?

— Ушаман. Ҳәмме мәртебели адам ушатуғын шығар деп ойлайман. Мынаў жигитлердиң биразы түсинде ушып жүрген жигитлер.

— Есенгелди, екеўимиз еки жаққа кетпедик пе? Мен даўыстың күшин айтсам, сен бармақты айттың. Негизинде, бармақлар ҳәр қыйлы болған менен ҳәр қайсысы орнында беккем қысылса, тасты сықпан қылады деген гәп бар. Ырас болса керек. Орыс князлери елин солай бириктирген.

— Маман аға, егер, екеўимиздиң әңгимемизди ақыллы биреў қапталдан тыңласа, жаңа болған еки жилли сөйлесип киятыр екен деўи мүмкин бе?

Маман бундай шеңгел сүйретиўди күтпеген еди, Есенгелдиге олыя бир қарады. Есенгелди майда тислерин көрсетип күлди.

Хан аўылына жақынлаған соң басқа жигитлердиң тарқаўына руқсат етилди. Маман оларға ара-тура усылай жыйналысып кеўил көтерисиўдиң зәрүрлигин ескертип қалды.

— Енди, уқ, — деди Маман Есенгелдиге, — Орысларға қосылсақ, жаман-жәўдиклердиң тонаўынап қутыламыз. Ел боламыз.

— Адам баласы бар жерде тонаў, зорлық-зомбылық қалмайды деп еситкенмен, «Мурның болмаса еки көзиң бир-бирин жеп қояр еди» деген гәп және бар.

Бул гәплерди Маман да билер еди, бирақ оны бийкарлаў ушын көп ўақыт керек. Тек Есенгелдини исендириў ушын еки-үш рет күйип-писип түсиндириў жеткиликсиз. Сонлықтан Маман Есенгелдиниң әдепки мақсетине енди тойтарыс бергенди мақул тапты.

— Ҳәзир ханға барамыз, иним. Не жумыс буйыратуғынын билмеймен. Бирақ ескертемен, тек өз руўыңның ғамына берилсең, қалпағыңды самалға ушырып алғаның. Ақыры қалпақ бас кийими, беккем болыў керек.

Усы тақлеттеги гәпти Абылқайыр хан Ғайып ханға айтқанмиш деген мыш-мыш еситкен Есенгелди түсинип те, жуўап берип те үлгермеди. Ғайып хан үйиниң ийнеўине сүйенип, буларды ай күткендей күтип тур екен. Екеўи де тең атларынан түсип, узақтанқол қаўсырып келди. Ғайып ханда еле ашыў топлана қоймапты.

— Келе бериңлер, келиңлер! — деп иштен үлкен улы Убайдулла султанның атын айтып шақырып, тапсырды:

— Көп еглемей тойдырыңлар!

Убайдулла султан оларды киши үйге баслап кирип, аўқат ҳәзирленемен дегенше, дем алыўға руқсат етти. Аўқатланып болғанын еситип хан оларды үстине шақыртты.

— Жүдә бәрекелла, тынығыпсыз, — деди хан олардың жүзине ғамхор аталар көзи менен қарап. — Енди муқыятлы бир тапсырма бар. Сизлерден басқалардың қолынан келмейтуғын ҳәм басқаларға исенбейтуғын тапсырма. Бул тапсырманы исениўим — сизлерге, меҳир-саямды салажақлығым, түсиниң. Өзи жеңил жумыс. Ғайры елден келген қонақты Түркстан қаласына шекем узатып саласызлар.

— Қуллық, ханымыз, — дести екеўи бирден.

— Мен асығыс едим, ертең Жаңакентке жетиўим керек. Бул да шырпынып тур. Бүгин түни менен кетебережақ. Исенимли жолдас қос деди... Жағдайы бар, сизлер қайтып келген соң айтаман. Ҳәзирлениңлер!

Маман атланайын деп атырғанда, Убайдулла султан балалық етип сыбырлады:

— Маман, узататуғын кисиңди билесең бе? Билип қой, Жунғар ханының кеңесгөйи.

— Жунғар! — деп қайта сорады Маман Есенгелдиниң қулағы ербеңлсп, оған жақынлады:

— Не дедиңиз?

— Т с-с-с! — деди, Убайдулла султан. — Қулағыңды тут. Әкемниң сырын айтайын. Ол сизлерди жақсы көреди. Үлкен бийлерден артық көреди. Ақыллы жигитлер дейди. Сол ушын сизлерге тапсырып отыр. Полат жасаўылларға да исенбеди. Бул Жунғар ханының кеңесгөйи.

Маман сырдың төркинине түсинип Есенгелдини түртти:

— Тез атлан, Султан ҳақыйқат сырды айтып атыр. Аман-есен апарып қайтамыз.

— Әлбетте, әлбетте, — деди және Убайдулла султан Маманға жақын келип. — Ақыры, жунғарларға бурыннан дықлы ата-ағаларыңыз өлтирип қойса, жақсы емес. Қарақалпақтың ғамы ушын ханы жиберипти. Жоқ, жоқ, қайтып келген соң бәрин хан әкем айтады.

— Сизге алла реҳими жаўсын, султан, — деп Маман атына ғарғып минди.

Ғайып хан жунғар кеңесгөйиниң атын жетелеп келип Маманларға қосты.

— Жолларыңыз болсын. Бириңиз алдында, бириңиз кейнинде жүриң. Өз ара сөйлеспеңлер, — деп хан жунғар кеңесгөйиниң тилинде бир нәрселерди айтып, қайырласты. Жунғар кеңесгөйи қарақалпақ тилин түсине ме, түсинбей ме, мәлимленбеди, себеби ол сөйлемеди. Ширайы белгисиз, қараңғыда көлеңкедей қараўытқан адам ат үстинен еңкейип ханның бетинен сүйип, хошласты.

Ғайып ханның тапсырмасы булжымастан: ғайры атлы ортада, үшеўи дизилисип кетти.

## 19

Сырдәрьяның Арал теңизине жақын бир алабындағы әййемги Жаңакент қаласы орналасқан өли тақырлыққа жан енди. Бул жерден идиралды имарат салыўға төменги қарақалпақ елиниң барлық аўылларынан сан жүз қоллар келди. Жаңа қала — Жаңакенттиң қурылысы басланды. Ўақыт та қолайлы. Дийқанның егинин жыйнаўына, шарўаның қыслаўға көшиўине еле ўақыт бар. Олай болмағанда да, ханның буйрығы. Тек Ғайып ханның емес, жоқарыдан Абылқайыр ханның, ҳәттеки, орыс патшалығының усы қаланы салыўға әллеқашан-ақ усынысы болған-быш. Бул қаланың қурылысы қыйын. Көп адамның еңсесине минген тас, жанын мүжиген жеги болыўына қарамастан, жыллар бойлап қонысы паянламаған халық ушын үлкен үмит қурылысы болды.

— Хан ылай менен тастан жай салдырса, халықтың ғамын ойлағаны, — деген гәп аўыллардан аўылларға, аўызлардан-аўызларға көшти. Имканияты бар адам усы қурылысқа бир кесек, бир тас әкелип бериўди маба билди. Аўыллар менен Жаңакент

қаласы араларында шаңғытып жатқан жиңишке аяқ соқпақлар, арба жоллар пайда болды. Қурылыстың басына қурылған хан шатыры мисли бир арба дегершигиниң гүпшегин, сол шатырдан ҳәр жаққа тараған жоллар сол гүпшекке қадалған кегейлерди еслетти. Дегершик тең қозғалыс тапты. Жумыс қызды, қол жумысы қызды. Қапқа, шалғайына ылай салып арқалаўшылардың шынжыры Сырдәрьяның қәндегинен Жаңакентке шекем бир соқпақ бойлап дизилди.

Бийлер, жасаўыллар өз руўларының басында. Ылай арқалаўшылар шынжырының бир жери үзилип қалмаўы ушын тынбай атлы жағалап жүреди, отырғанларын тикейтеди, гежирлерин қамшылайды.

Жаздың ең соңғы хошласар айы күтә ысып, әлемди лаплатып турыпты. Қурылысқа ылай әкелип таслағанлар шөлден қайтып дәрьяға жеткенше асығыс жуўырысады. Атлылар да, пиядалар да моншақ-моншақ тер төгип жүрипти.

Ҳәзлик тек Ғайып ханның шатырында. Жасаўылларын жумсап, жатысы-жатыс. Жатыўдан шаршаған ўақта шатырдың көлеңкесинде шәлтийип турып адамларға қарайды. Дем алып отырғанларды көрсе «ананы турғызшеш» деп бир жасаўылға буйырады, тас арқалаған биреўди урып атырған атлыны көрсе «еле де қаттырақ, шырпылдысы еситилмейди» деп хошаметлеп, шиңк-шиңк күледи.

Мыс қайнап, ҳәтте, атлы жасаўыллардың жүриўине мүмкиншилик қалмағанлықтан түсликке руқсат етилди.

Убайдулла бий менен Дәўлетбай бийлердиң қослары бир-бирине жақын еди, бирге киятыр.

— Убайдулла жора, баяғыда ханның не дегенин талай сорасам да; айтпай-ақ қойдың. Беккем екенсең. Шамасы, үлкен сыр бар ғой.

Убайдулла бий жорасының шаршаған, күн алып түлеген сарғыш қаралтым жүзине қарап турып:

— Мейли, тыңла, — деди. — Маған ябы менен қоңыраттың арасындағы жәнжелди айтты. «Екеўи аразласса, айырамыз деп несине ҳәлекленесиз? Қозлампақ арасынан бай жалаўды күтиң» деди. «Мен сизлерликпен» деди.

Ғайып ханның Дәўлетбай бийге де усы тақлетте айтқанлары, ўәделери көп еди. Ойланып қалды: «Хан бизлердиң руўымызды аяйтуғын болғаны». Ол усы ойына исенгенликтен, хан менен өзи арасындағы сөйлесиклерин ортақласпады. Убайдулла бий қызғанып бир сумлық таўып жүре ме деп қорқты. Егер екеўи тең ашылысып, тең сырласқанда күтилмеген әлле қандай жуўмақ шығарылыўы

мүмкин еди. Тек ғана өз руўының ғамына қул бийлердиң кеўил сандықлары қулыплы күйинде қала берди.

Дәўлетбай бий өзине сораў берилиўинен қорқып, Убайдулла бийдиң Маманға тәнҳа көзқарасы қалай екенин сорады.

— Көкирегиниң қурты бар көремен, — деп жуўап берди Убайдулла бий. — Күшли қоңыратлар менен арасындағы шеңгел ҳәремди алып таслаў ушын Әлий бийдиң баласына қосып ябының бир жетимин өлтирткени маған унады. Избасар баҳадырларды арбаға байлатып, көзиниң отын алып, аҳиднама таярлатқан дейди. Сол аҳиднаманың бир ушы бизлерге де келетуғын шығар. Ақыры, онда Ғайып ханның пәрманы бар ғой.

— Мурат шайық қуўатлайды. Түсинбеймен, бул шайыққа.

— Мурат шайықтың Маманға қалай пәнт бергенин еситтиң бе?

— Яқ.

— Маман Айғара бийдиң қызын атқосшысы Аманлық жетимге әпермекши болған. Оразан батыр қылышын берип кеткен жетимше? Баяғы сынаспада сөйлеген наркелле-ше?

— Түсиндим.

— Әне, сол Аманлыққа қызды әпермекши болғанда Маманның тапқан бәнеси «еки халық арасындағы дослық жибин жүргиземиз» депти. Шайық сонда «Дослық жиби көрпениң астынан тартылмайды» деген.

— Сондай дәл гәплери ушын шайықты жақсы көремен. Ондай әдет шәкиртлерине де өткен. Жүдә пинҳәмилеп сөйлейтуғынлары көп. Қайтадан бала болып оқығанда ма, ҳәссений! Маманның Ғайып ханға аўыз салатуғын түри бар деп ойлайсаң ба, я жоқ деп ойлайсаң ба?

Жаңа ашылыса баслаған әңгиме аяқланбады. Кеселеп бир атлы шықты. Хан оларды қыстаў шақыртып жиберипти. Қайрылды.

Хан шатырында өзинен, ини балаларынан басқа бираз бийлер, жасаўыллар жәмленген екен. Ҳәмменин дыққаты Мурат шайықта. Ол ортада даўыслап хат оқып отырыпты. Ҳеш кимге селтең бермеў ушын олар бир шетте әстен ғана отырысып тыңлады. Шайық хатты аяқлаған еди, олардың анық еситкени мынаў болды:

***«... Бу антқа ант иштим: қарақалпақ йуртының йабы урығының Әшмухамед, Ырысбай, Бердибай ясаўыл, Избасар баҳадур, Әлий бий, Базар Аткетәр уғлы. Ошбу йазылғанлар ҳәммемиз ақ ханға баш салдук ҳәм тамғаларымызны салдуқ.***

***Мен Әшнияз ахун бул кишилерниң әмири илә қолум қойдум».***

Шайық қағазын алдына қойып, маңлайының терин сыпырды. Жым-жыртлық. Ким пикир айтар екен деген қыял менен хан сақалын сыйпалап, отырғанларды шолды. Шатырдың босағасында отырған Дәўлетбай бий менен Убайдулла бийди көрип:

— Не айтасыз? — деди хан.

Еки бий тең түргелип ханға тәжим етти, Дәўлетбай бий жуўап берди.

— Басын еситпей қалдық, ханымыз.

— Ақ патшаға — орыстың Елизавета Петровна исимли ақ патшасына аҳиднама, — деди хан. — Ябы урығының бийлери қуўаты йеткунчә патша ҳәмирине садық боларға, керегинде жан-тәнини берерге аҳид етип қурап өфкен.

— Түсиндик, түсиндик, ҳәмме билән хатланурмыз, — деди Убайдулла бий.

Хан олардың отырыўына, руқсат етти. Отырғанлар және самсаз болысты. Шетиректегилерде өз ара мыш-мыш сыбырлы көтерилди. Пайыттан пайдаланып Дәўлетбай бий Убайдулла бийге сыбырлады:

— Басқа бийлери еркли қол қойған шығар, ал Избасар баҳадыр менен Әлий бий ат қуйрығына байланыўдан қорқса керек.

Убайдулла бий «әстен» дегендей ийек тиследи.

Сыбырлы ортаға өтти. Үлкен бийлер, жасаўыллар бир-бирине қарасып бир нәрселер дескен болып атыр. Ғайып хан бул мыш-мышларды шайықтың жақтырмай, шыдамсызлық пенен қабақ шытып отырғанын көрип, «шиңк» етип күлди. Шайық бурылды, ашыў менен бурылды. Ханның я түшкиригин, я күлгенин абайламай қалғанлар да мыш-мышты тоқтатып, солай бурылды. Шатырға кирген жерге биреў белин шаншып, басына қалпағын қыстырған екен. Шайықтың көзи түсип:

— Әзизлерим, — деди жүдә зәҳәрли салмақ пенен. — Анаў қалпаққа қараңлар. Биреў алмаса сол күйинде баз басып тура береди. Даўыл турса, ушып кетеди. Сол қалпақтың күни туўмасын десеңиз аҳиднаманы қуўатлаңлар. Пикир айтыңлар. Ҳәмме бирикпесе, патша қабыл етпейди. Буннан он жыл илгери жазған антты қабыл етпегенине қарағанда, алаўызлығымызды сезген. Ийлеўи түспеген қамыр тандырға жабылмайды. Буны билемиз.

Сыртта жүрген жасаўыллардың бири Маманлар киятырғанын хабарлады. Неликтен де шатырда жанланыўпайда болды. Өз буйрығы бойынша питкен аҳиднамаға пикир айтпай, немқурайды

отырған Ғайып ханның көзлери әлле-пәлле болып кетти. Сезиклениўиниң лекини бар еди: Жунғар ханы өз кеңесгөйинен, Ғайып хан төменги қарақалпақларды жунғар қол астына өткерсе, оның әўладының әўладларына шекем ханлық тахты мүнәсиплигине гүўанама жазып беретуғынлығын айтып жиберген. Ғайып хан буған бир нәўийе келисим берген еди. Сол ушын оны узатып салыўға Маманларды алдырған еди. Себеби, ҳәзирги елде бас көтерип киятырған жаслар сол екеўи; Жунғар кеңесгөйи Түркстан қаласына барған соң бул екеўиниң кәрин етиўге ўәде етти; олар елин жунғарларға қарай баслайтуғын болыўы тийис, оған келиспесе, екеўи де тири қайтпаўы керек. Жунғар кеңесгөйи қайтармайды! Ғайып хан Есенгелдиден де бетер Маманның бир сөзлилигин биледи. Қалайынша оның демде келисим берип, аман-саў қайтқанына исенбей ҳаўлықты. Оның үстине, Түркстанға жетип қайтатуғын ўакты болған жоқ. Ҳәммеде бир қыйлы еркин қозғалаң пайда болғанлықтан, ханның отқа күйген қызыл аўырықтай жүзине урған өзгеристи хеш ким аңғармады. Керисинше, Маманның Есенгелди менен дизилисип жүргенине таңланысты.

— Бәржай болды ма? — деди хан оларды есикте көриўден отырғанша асығып.

— Бәржай болды, ханымыз, ойыңыздағыны иследик, — деди Маман.

— Мениң ойымда не барын ким айтты? — деп сескенди хан.

— Өзлеримиз түсиндик, ханымыз. Ақыры, сиз кем сөзлисиз. Тилиңиздиң төринде не барын билмесек, хызметкер-пуқара болыў бизге дәркар емес. Есенгелди менен ым арқалы ойластық та, солай иследик.

— Быжық болғанбысаң, қысқа сөйлесеш!

— Инансын деп оның геллесин әкелдик, ханымыз.

Хан қалақ басын қос қоллап қысып, орнына сылқ етип отырды. Шот маңлайы дүңкийип, ишинен күйинди, тисленди.

— Не өзи, не? — деди шайық ҳаўлығып. Себеби, ол усылайынша дыққат аўдармаса, ҳәмМениң кейпин бақлап алып хан бир шеп буйрық берип жиберсе, буздырыў қыйын.

— Жунғар ханының кеңесгөйи, — деди Маман.

— Жунғар!!! — Отырғанлар бул сөзди күтә жеркенишли ашыў менен бирден айтты. Көпшиликтиң таңланыў сестинен Ғайып хан, басына суўық суў қуйылған шала уйқыдағы адамдай селк етти. Ырасынан келди:

— Аўа, жунғар ханының кеңесгөйи еди. Ол жақтағы қарақалпақлар сәлем айтып жиберген. Өзи сизлерге көриниўге қорқты.

Түйениң үстинде буққандай ханның көзкөреки келиспейтуғын өтирик айтқанын биразлар түсинди, түсинген менен үндеспеди.

— Не себеп өлтирдиңиз? — деди шайық.

— Ханымыз түнде жиберген соң өлтир деген шығар деп түсиндик.

Бийлер ерксиз ўаҳаҳаласты.

— Гелле қәне? — деди Ырысқул бий. Маман Есенгелдиге ым қақты. Есенгелди жуўырып шығып шаршыға түйилген түйиншик әкелип, Маманға берди. Маман түйиншикти жаздырып, қаны қатып қалған адам геллесиниң сақалынан көтерип апарып, ханның алдына қойды. Ҳәзир ғана күлисип, ыссыдан терлеп-тепшип отырған адамларда суўықлық пайда болды. Есик бетте Маман менен Есенгелди еле тикейип турыпты. Маманның жүзинде күлки изи көринеди.

Ырысқул бий геллениң муртларын шөп пенен қыймылдатып, сол шөби менен көзлерин түртти. Ғайып хан еле кирпидей жыйырылып отырыпты.

— Жунғарлардың геллесин алмай, алтын арқалатып жиберсеңәм кеўлиндегисин қыла береди. Гелле қылғаны жақсы болған, ханымыз, — деди Ырысқул бий.

Мурат шайық өзин жеңил сезди. Адамлар «жунғарды өлтириў саўап» десип шаўқымласты.

— Изи жаман, — деди хан.

— Қәдигиңиз болса, орыс патшасына антты тезлетейик, ханымыз. Қоңырат ели аҳид етиўге тайын, — деди Ырысқул бий. Ырысқул бийден усындай дурыслы өзгерислерди әлле қашан күтетуғын Мурат шайық:

— Қоңыраттың бийи дурыс айтады, — деди ҳәм ханның дыққатын күтип, еле тикейип турған Маманларға «отыра бериң» деген белги берди. Олар мәрдана отырды. Усы гезде бийлердиң, жасаўыллардың дыққаты және Маманға аўды. Маманның жүзинен күлки жоғалып, суўық тартыпты. Бул суўықлық оларды тоңдырғандай ма, я, керисинше, ысытқандай ма, түсиниў қыйын, бирақ олардың ханнан бир аўыз сөз күтип отырғаны анық.

— Тезлетилсин! — деп салды хан.

— Жақсы шештиңиз, ханымыз, Мусылманның жан шыққан аўзынан лебиз шығады, — деп бәнт басты шайық.

Бийлер де бурынғыдан кеўилли жанланыў пайда болды. Ханға жақын отырып геллеге қолы жететуғынлардың бәри түрткилеп, кими аўзына, кими көзине, сақалына, муртына түпиристи.

— Ханымыз, — деди Дәўлетбай бий. — Абылқайыр ханның Маманға «шаң жутасаң» деген қорқытпай сөзинен қутылыў ушын үлкен халық орыслар алдында бас ийип, аҳид етиўге тайынбыз. Жаўырыншамыз қалың болсын.

Соңғы гезде онша сөйлей бермейтуғын болған Есим бий:

— Орыслардың жаўына жаў, елине ел болыў ушын аҳид етиўге жалайырлар-әм тайын, — деди.

— Жунғар кеңесгөйиниң жүриси тегин болмаса керек. Табжылмас таў орыс елине арқа сүйейик, — деди Убайдулла бий.

Буннан соң бийлер, жасаўыллар өз руўлары атынан «биз аҳид етиўге тайынбыз... биз-әм тайын...» дести.

Ҳәзирше сақланып үндемегенлер де болды, бирақ көп даўыстың астында олар елеспесиз қалды. Көпшиликтиң дүмпиўин Ғайып хан жуўмақлады:

— Мурат шайық, Ешнияз ахунға адам жибериң, келсин, ҳәммеге аҳиднама жазып берсин.

* * *

Жаңакент тақырлығының түни ҳәзлик. Гә дәрья таманнан, гә теңиз таманнан ескен ызғарлы салқын самал, күни менен шаршаған бeденди тез буйықтырады. Сонлықтан ханнан басқалардың ҳәммеси ашық ҳаўада жатып уйқылайды.

Үйрениспеген жерде биринши ақшам уйқылай алмай Маманның жулдыз санап жатырғанын сезип, басқаларды оятып алмаў ушын Мурат шайық әстен сыбырлады:

— Уйқыла, ақыллы балам. Усы сапарғы батыл қәдемиң де қайырлы болды. Кесек геллени көрип ҳәмминиң өз геллеси есине түсти. Аҳиднамалар енди жүдә тезлетиледи.

Маман мыйық тартқан күйинде уйқылап кетти.

* * *

Байқошқар бийдиң Ырысқул бийге еле сол дүңкийиўи еди. Ырысқул бий Сүйиндик бийлер менен бир шетте, Байқошқар бий өз тәрепдарлары менен екинши шетте жатады.

Есенгелди түнде, Ырысқул бийлерден өз атасы таманға қайтысын, шабылған жыңғылдай қатар жатырған көп адамлардың қапталынан өтип баратырып, гүңкилдилерди қулағы шалды.

— Ата-бабамыз да әлимсақтан бери орысларға дос екен...

— Қайдан билдиң?

— Мурат шайықтың шәкиртлери сондай сөз таратып жүрипти.

— Есенгелди әкеси тәрепинде ме ямаса Ырысқул бий тәрепинде ме?

— Тыныш! Бәримиз ушын хан менен бийлер биледи, — деди бир ҳөктерек даўыс.

Есенгелди өзине тийисли сораўға жуўап болмай қалғанына өкиниш пенен атасының қасына келип, төсекке кирди. Таң атқанша кирпиги айқаспай сол сораўға өзи жуўап излеў менен жатты.

## 20

Еле бели беккемленбеген ел қыстың әнжамына кирисиўи лазым. Сол ушын ызғырық басланыўдан аламанның тарқаўына руқсат етилди. Жаңакент шала қурылып қалды.

Ғажжа-ғаж жумыс ислететуғын бийлерди үйирип отыра бериўдиң кесенти есапқа алынып, аҳиднама жазыў бираз солғын жүргизилген еди. Аламанды тарқатып Ғайып хан Маманды тәнҳа шақырып алды, тапсырды.

— Аҳиднаманы даўамла. Желкесин қасығанды, гежирлерди аяма! Гелле қыл, баҳадыр!

«...Гелле қыл баҳадыр!» Хан өз буйрығына. қандай астар қойсын, нени мақсет етсин, әйтеўир, Маманның кеўлин тапты. Өйтпесе, болмайды. Өз аўылына барған соң ҳәр ким өзинше хан. Бүлдиргендей қарсылығы болмаған менен, өз ара ойласық-кеңесигин шубалтатуғын бийлердиң табылатуғыны, сөзсиз. Бундай жағдайда жеделлик, айбат көп нәрсе ислеп таслайды.

Жас жигитке «баҳадыр» лақабы да унады. Ишинен қуўанды. Қыялы да йошты. Хан ҳәммеге «баҳадыр» демейди. Жунғар елшисиниң геллесин көрип түйинген менен, сол думалақ геллениң бийлерди қорқытып, қозғаў салғаны — ханның күйигине себилген дәри болған шығар,

Ел шалғай. Аўыллар үзик-үзик. Руў баслықларының жасаўылларының, бийлердиң атынан аҳиднама жазыў қысы менен даўам етти.

Ким қорқты, ким үгитке ерди, ким тынышлығын гөзледи, ким Маманлар келетуғын күни пүткил аўылын бир үйге жыйнап ата-бабасы орыслар менен бирге салған дослық гүзарының батыл болып, енди, қайтадан, даңғыл жол болатуғынын айтып, жас Маман баҳадырды марапатлады, ахун аҳиднаманы көширип үлгерсе, руўдың мөри салынып, тамғасы басылыўы онша мүшкилге түспейди.

Жазға қарай Жаңакенттиң қурылысы және қолға алынды. Айнала қорған ишинде, жайлар тикленди. Ғайып хан гөне қыслаўын таслап Жаңакентке көшти.

Қала журттың үмит арқаўы секилли. Қуўантты. Ал, тек ханның ғана ҳәр күнги ишкен асы қарақан. Әлле қандай жаў келип қалыў қәўпи тышқан қылып баратыр. Жунғар ханы кеңесгөйин қарақалпақлар өлтиргенин еситсе, ҳәзирги қоныстың асты үстине, үсти астына түседи. Оған қосымша «Абылқайыр хан орыс патшасына өкпелепти-миш» деген гәп еситти. Бул оның өзи ярым жүрегин муз қылды. Бас бийлерди мәсләҳәтке жыйнаўға мәжбүр болды. Мәсләҳәттиң келген шешими: ҳәзирше таярланған аҳиднамалар менен Орь қаласынан, Иван Неплюевтен, хабар алыныўы тийис. Ол нени кеңес етсе, солай исленсин!

Асығыс түрде Маман баҳадыр менен Полат жасаўылға аҳиднаманың үлгилери тапсырылып атларына мингизилди.

* * *

Мурат шайыққа белгили Маманның және бир минези — бир айтқанын қайталамайды. Ойлаған адамға аўыры — бир сөзли адамның өтинишин орынламаў. Себеби ,оның не ойлап жүргени белгисиз.

Кейинги бир жылдың ишинде елдиң жәмленгенлиги бурынғыдан анығырақ сезилди. Күшли, базда ҳәммеге қатал басшы керек екен. Керегинде өз жақынын да аямай дуйым журттың кеўлинен шыққан адамға көзкөреки ханның да қәҳәри кәр етпе еди. Ағысқа кеселеп турыў — жығылыў, мантығыў.

Маманлар Оръ қаласына кеткен соң, Мурат шайық аўылына барды. Аманлық кеселинен айығып, иске жарап кеткен еди Сонда да, үйинен күндиз табылды. Ол есигин шайық ашады деп оңы түўе, түсинде де ойлап па? Ҳәм қуўаныш, ҳәм таңланыў менен қарындасы Алмагүлден де бурын ушып түргелди. Пүткил елге

ҳүрметли адамды, қай жерге отырғызарын билмей, албырағанынан өзиниң жыртық қылқасын шешип, қапталдағы сабан төсектиң үстине аўдарып жайды. Шайық гәрдиймеди. Үй ийеси көрсеткен орынға жайласып отырды. Шайыққа бул сапары ул да, қыз да әжайып сулыў, келискен адамгершиликли көринди. Ҳал жағдай сорасты. Соңғы күнлери аҳиднама машқаласы менен Маманның да келе алмай жүргенин ескертип, кеширим сорағанлықтың мәнисин билдирди.

Алмагүл чай қайнатты.

Шайық Аманлықтың бабасынан берман қарай гәп қозғап әкеси Дәнияр жылқыманның ақыллы адам болғанын қысқаша тәрийиплеп, Аманлыққа өзи ат қойғанын, оның алдында биринши рет мойынлады. Бул Аманлықтың әкесин қайта тирилткеннен кем жаңалық болған жоқ. Бүккесине түсип Мурат шайықтың геўишин сүйди.

Мурат ақырынлап ғана Айғара бий жөнинде сорады. Аманлық төмен қарап, шырт-шырт шөп сындырып отырып жуўап берди:

— Айғара бий ме, ата? Оның өз елинде теңи-тайы жоқ адам шығар деп пәмледим.

— Қызы-ше?

Аманлық басын көтерди. Қойыў қара қаслары қыймылдап, қара көзлеринде күлкиниң изи ушқынлады.

— Шайық ата, илаҳийда зор қыз.

Ол усылай десе де, шайық сумлық пенен сорап отырған шығар, қыз алмаған балалары бар. Маманға қыянет ислеп, соларға әпермекши шығар деген қәўип пенен, сағадан бөгет баспақшы болып, жуўабын жалғастырды.

— Шайық ата, ол қызды Маман аға «аламан» деди. Ағалары берермен болды.

Мурат шайықта екилениў пайда болды: сонда неге ол өзине айттырмай, буған усынады? Ҳа, ҳа, Аманлықтың қаслары қыбырлап көзлери ушқынлаўына қарағанда, қызда мейли бар, Маман, бәлким усыны сезгенди.

Шайық көп отырмай туўрысынан келди.

— Маман Айғара бийдиң қызын саған әпериўди соранды, балам.

Қуўаныштан ба, қорқыныштан ба, Аманлық Мурат шайыққа тигилиўи менен лал болып, тастан жонған сүўреттей қыймылсыз қалды. Ҳәттеки, кирпиклери де қозғалмады. Сырттан еки сексеўил

алып келген Алмагүл әжағасын көрип, шайықтың аяғына жығылды.

— Атажан, әжағамды бәддиўа етпең. Соранаман, ата! Соранаман!...

Мурат шайықтың өзи де аң-таң. Кесесиндеги суўып кеткен чайын Аманлықтың бетине серпип жиберди. Ол шоршынып, өзине келди. Басын силкти. Алмагүл шайықтың геўишине тамған көз жасын алақаны менен сыпырып түргелди.

— Ырас айтып отырман, таңланба, балам, — деди шайық. Бул сениң жораң Аллаярды өлтирип қойғаны ушын Маманның өзине-өз жазасы.

Бул түсиник шайықтың аўзына қайдан түсти? Өзи де аңғармай қалды. Бирақ дурыс таўып айтқанын Аманлықтың дирилдегенинен, әпшеринен, кемсеңлеген ийегинен сезди.

— Солай, балам. Маманның ўәдеси атылған оқ. Артқа теппейди. Тәкирарлайман. Атыңды баға бер. Келеси жумаға Избасар баҳадыр менен алып қайтасаң.

Шайық ылашықтан шықты. Аманлық я түси, я оңы екенин түсинбей, денениниң ҳәр мүшесин шымшып тартып, ылашыққа сүйениўи менен шайықтың изинен қарап қалды.

## 21

Қыс айта қалғандай суўық келмеди: қарлы-бораны аз, қуяшлы күнлери көп болды. Жалаңаш, жалпылықлар билинбеди. Жанға жайлы бул қыс еки ел арасындағы кепсерди беккемледи: Айғара бий Избасар баҳадырдың қулақ қағыс гәпине-ақ ийди. Қызын беретуғын болды. Енди еки аўыл арасында да бурынғыдай мәзи қатнас, ҳақыйқый келисим менен сүйек алысыўға тийкарланған қудамдалылық басланды. Журт көриўге Айғара бийдиң Мырзабеклери келип кетти. Өзине тәбия қатар-қурбылары менен келди. Мурат шайық оларды өз үйине түсирип, ҳүрметли мийман қылды. Заманабий күтти. Дараўара табақ, екеў ара гелле қойды.

Кыс онша суўық болмағаны ушын ба, бәҳәр ҳәр қашанғыдан ерте кирди. Ҳәр бир атқан жаңа таңнан өмирге жақтылық күтип, ҳәр күнги таң қуяшына жақсы үмит артатуғын халықты, бәҳәрдиң дәслепки белгилери-ақ шексиз қуўандырды. Күнлер жыллы. Балаларға шекем шад. Ушып келген бәҳәр қусларының жаңа түрлерин көрип, алақанларын шаппатласады, қуслардың изинен жуўырысады.

Усы бәҳәрде бир өзгеше бир қус пайда болды. Бул қус аспанда ушып келмеди. Жер менен келди. Орь қорғаны таманынан келди. Буған қуўанып ҳәм таңланып аўыллары бойынша көзлери менен узатып салмаған адам жоқ. Үйлер менен төлелердиң, ылашықлар менен бастырмалардың есиклеринен бас шығарып, ҳәмменің қараўына мәжбүр еткен бул бәҳәр қусы — Дмитрий Гладышев минген күйме еди. Маман менен Полат жасаўыл ертип киятыр. Қос ат жегилген күймедеги орыс адамын журтқа көз астынан көрсетип, ақбоз атлы Маман күлип киятыр. Ийнеўлерге сүйенип қараўшылардың үмит ушқынларын лаўлатып киятыр.

Күйме Жаңакент қаласына, Ғайып ханның отаўына келип тоқтады.

Ертеңине таң азаннан аўыллар бойлап жасаўыллар, шабарманлар атланды.

«Митрий төре туп-туўры ақ патшадан келген...» «Қарақалпақ бийлериниң өткен сапарғы өтинишине уллы патшасынан лебиз алып келген», «Төрт сан қарақалпақ елине патшаның сәлемин алып келген», «Әййемги дослықты тиклеўге келген»... «Ақ патшаға арзы қылыў ушын адам әкетиўге келген» «Өзи менен әкетиўге келген...»

Усындай қуўанышлы уйғарыўлар Жаңакент қаласынан шыққан ҳәр бир шабарманның аўзынан еситилди. Ҳәттеки, қаладан көтерилип ушқан ҳәр бир бәҳәр қусының ҳәр муқамға салып сайраўынан, кең қарақалпақ даласы үстинде пәлпеллеп қанат қағыўынан да еситилди, аўыллар бойлап тарады.

Дмитрий Гладышев Маман бий менен ушырасқанда, аҳиднаманың бир үлгисин Иван Неплюев пенен бирге көрип шыққан еди. Келген соң, қанша бий, қанша жасаўыл, қанша ақсақаллар ақ патшаға ант таярлағанын Маман бийден еситкенине қарамай, шақыртылған бийлер жыйланаман дегенше, Ғайып ханның үйиндеги барлық аҳиднамаларды алдырды. Мансур дилмашынан оқыўды өтинди.

### *«АҲИДНАМА»*[1]

***Бен төбән исимләнмиш аҳид әтемен, өзимниң дийним илә-қураны шәрийфи алдунда, бәрче меним руғым бирлә, қолум***

---

[1] **Аҳиднама** — ант текстлери С. Камаловтың XVIII әсирдеги қарақалпақ-русс қатнасықлары» (1966-ж, Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы) китабынан алынды.

***астундағы өзумның кишиләрум, илә шуның учунга ким, малум қылунғанлық бойынча ол шәўкәтли ўә кудрәтли жумләйе рәўшанрақ мәрҳемәтлу улуг падшаҳымыз империатрица Елизавета Петровна ҳәзретләрүндин мислән, меним ҳақийқат падшаҳымға ким жумлә, халайықларға әшкар этулгандур, ошбу мыңда йуздэ илли бешинчи йылда жәдди йулдызының йединчи күнинде бийук малумлық йазуўы илә қайым болыўғандур ҳәм малум қылынғандур...»***

— Дурыс, ҳәммеси де бир үлгиде жазылған екен, — деди Гладышев ақырын тыңлаўға асыққандай. Оған Мансур дилмаш бир нәрселерди орысшалап түсиндирди. Соң Гладышев және бир нәрселер айтты. Маман олардың ҳәмме гәпине қулақ салып отырды. Гладышевке оқылған аҳиднама Ғайып ханның атынан таярланғаны ескертилген еди. Сонлықтан, ханның кеўлине келип жүре ме деп, Гладышев дилмашынан аҳиднаманың ақырғы жағын даўыслап оқыўды өтинди. Мансур дилмаш ҳәр бир гәпти сәдде-сәдде қылып оқыўға, тыңлаўшының барлық дыққатын өзине аўдарыўға шебер еди. Гәп бөлинип қалғаны ушын Ғайып хан өкпелемеди ме екен деген ой менен, соңғы қатарларын жүдә бабына түсирип оқыды.

***«...Ошбу антта төбән қарақалфақ йуртының деңиз әлиниң мен Ғайыпхан Әшим хан углы бәрчә меним руғым бирлә ҳәм қолым астындағы кишилерим илә ант ичтим ҳәм қуран шәрийфни офтум ҳәм инанмак учун мен Ғайып хан бәрча қолум астындағылар учун мөҳрүм бастум. Мен Әшнийаз аҳун Ғайыпхан әмири илә йаздым ҳәм қолум қойдум».***

— Тереннең табылған гәплер, таңланған сөзлер екен!

Дмитрий Гладышевтың таңланыўын Мансур далмаш түсиндиргенде, Ғайып ханның ғарбыз қарны қайта-қайта қыймылдап, көтерилип, жумықлаў қыйық көзлери ойнақшып күлимледи. Султан инилери ҳәм гүллән уллары атынан жекме-жек, аҳиднама таярлатқаны менен мақтанды. Мансур дилмаштың Митрий төреге оқып бериўин соранды. Дилмаш тәрепинен қарсылық болмады. Гладышев бәрин тыңлады...

Маман кеткенде Ырысқул бийдиң аҳиднамасы таяр етилмеген еди, еле питпей атыр ма деген қәўип пенен ханнан сөйлеўге ижазат алып, Мансур дилмаштың алдында еле оқылмаған аҳиднамалар

арасында Ырысқул бийдики бары-жоқлығын сорады. Мансур дилмаш тапты.

— Табылған гәплери, таңланған сөзлери бизики тақлетте, Митрий төре инанмағы учун тек изин оқысаңыз, — деди хан.

Изи оқылды:

***«...Бу антқа ант иштим қуран шәрифин офтим төбән қарақалфақ йуртының қоңырат уруғының ханы мен Ырысқул хан растлықым учун өзим мөҳрим бастым. Ырысқул ханның әмири илә мен Әшнийяз аҳун қол салдым».***

Маманның жүзинен енди аҳиднама жазбаған бир де руў ямаса бий қалмағанын түсинип, Гладышев кеўилли отырды. Мансур дилмаш оқыўын даўам етти. Тыңлаўшылардың дыққаты әўелги сөзлерде болмады, кимлердиң жазып, кимлердиң қол қойғанында болды.

***... Бу антқа ант иштим қарақалфақ йуртының қытай урығының ақсақалы Даўлетбай баҳадур әмири илә мен, Әшнийаз ахун, қолум қойдум, Мен Даулетбай баҳадур, тамғам салдым».***

***«... Бул антқа ант ичтим қарақалфақ йуртының қоңырат урығының бийи Байқочқар бийи мың үйли киши билән башсалдым, ўә қолум қойдум, ўә тамғам бастым. Мен Әшнийаз ахун Байкочкар бий әмири илә хат салдым»***

Шақыртылған бийлер менен жасаўыллардың алды келе баслады. Таяр аҳиднамалар оқып түўесилмей-ақ жыйнастырылды.

Тийисли адамлардың ҳәммеси келип болғаннан кейин Дмитрий Гладышев оларға ақ патша тәрепинен болған жаңалықларды хабарлады. Аҳиднамалардың көпшилиги менен танысқанын айтты. Олардың таярланыўына басшылық еткени ушын уллы дәрежели патшасы атынан Ақ патшаның кеңесшиси Иван Неплюев атынан Ғайып ханға алғыс айтты ҳәм усы аҳиднамалардың баслаўшысы қылып жаңа бир аҳиднама таярлаўды мәсләҳәт етти.

— Төремиздиң мәсләҳәт еткен аҳиднамасы сондай болыўы керек-ким, — деп Мансур дилмаш төресиниң айтқанларын түсиндирди. — Бунда халқыңыздың гүллән талабы, арзу-әрманы өз ифадасыны тапсынлар.

Бул ой барлығына унап қалды.

— Ақ патша Абылқайыр ханға Қутлумбат мырзадан сыйлықлар берип жиберген... Биз ҳештеңе талап қылмадық. Қылмаймыз да. Орыс патшасын төбемизге көтеремиз, — деди Ырысқул бий биринши.

— Уллы дәрежели патшамыз Елизавета Петровнаның атына усы гәпиңиз ҳәм жазыла берсин, — деди Гладышев. Оның шыны менен айтқаны отырысынан-ақ, даўыс толқынынан-ақ билинди. Бийлер ҳештеңе қыпсаламады. Ҳәр ким өз ойын ортаға салды. Қазақ бийлериниң неше мәртебе шабыўыл жасағаны да гәп болды. Орыс патшасының қол астына жиберилген саўдагерлердиң көпшилиги қайтарылмағаны ҳаққында айтылды. Қулласы, еллер арасында қандай өкпе-гийнелер болса ашықтан-ашық ортаға салынды. Гладышев айтылғанлардың ҳәммесин қалдырмай, жасқанбай қағазға түсире бериўди кеңес етти.

— Өрисимиз тар, — деп қойды Ғайып хан.

Бийлер тәрепинен болған тилеклердиң ҳәммесин Мурат шайық жазып отыр еди, ханның бул гәпи оған жақпай қалды. Гладышевқа да жақпағанын оның жүзинен байқады. Сонлықтан Маманға:

— Ханымыздың тилеги ақ патшаға тәнҳа айтылатуғын ақыллы тилек, ядлап ал, — деди,

Хан қарсыласпады.

Бул ант қағазларды Петербургқа ким әкетеди? Ақыры, жол алыс. Алты айлық жолға жетип қайтыў ушын қарыў күш, төзимлилик керек. Бул да аз. Патшаға дәдимәмиле айтқандай даналық керек, Маманның аты бурыннан аўызда бар ат. Оған дыррықшылық жоқ. Ишинен шулғып отырғанлар болмаса, сыртынан кимниң табаны Петербургқа тартып турғаны намәлим.

Маман, қасына Полат жасаўылды қосып берсе, әкететуғынын айтты. Полат жасаўыл бийлердиң алдына ийилип, халқының тапсырмасы ушын дүньяның қайсы буршына да пайыў-пияда кетиўге ҳәзирлигин айтып, бас ийди, — қуран өпти.

Бийлердиң кеўли толып отыр. Петербургқа әкетилетуғын антлардың бир-бир данасы Оренбургта Иван Неплюевке тапсырылыўы тийис екен. Оларды апарыў ушын Сүйиндик бийдиң иниси Сағындық баҳадыр, қытай руўының бас жасаўылы Шер жасаўыл, хаткерликке Мурат шайықтың ортаншыдан те-те улы Маман шайық белгиленди. Егер Иван Неплюев керек деп

тапса, Мурат шайық өз улы Маман шайықты аманатқа қалдырып кетиўине де келисим берди.

Аз ғана тарыс шығарған мәселе жуўмақлаўшы аҳиднамаға кимлердиң атын жазыў үстинде болды. Ғайып ханның атына ҳеш кимниң даўы жоқ. Бийлер аз ғана ўарра-ўаррадан кейин, Ғайып ханның изинен Мурат шайықтың ҳәм Ырысқул бийдиң атларын жазыўға келисти.

Пүткил халықтың тәғдири үстинде гәп болып отырғанда, ким көрсетип тирсекейлик қыла алсын? Уйқысы келген я шаршаған адам болмады. Ҳәмме йошлы, ҳәмме қуўанышлы.

Бундай салтанат ушын той берилиў керек!

Песиннен таң атқанша қозғалмай, көзгир алмай отырған бийлердиң арасынан бул усынысты ким жасағаны намәлим қалды. Лекин, ҳәмменин жүзинде үлкен иске ғамхорлықтың нышанларын ушқынлатты.

— Әлбетте, той берилсин!

— Пүткил ел бойлап той берилсин.

— Той қуданың ғәзийнеси, түтин түтеткен ҳәр бир шаңырақ той берсин...

Таўықтай, қараңғы түсиўден өли төсекке киретуғын Ғайып ханға шекем бүгин шаршадым демеди.

Дмитрий Гладышев қарақалпақ бийлеринде бундай аўызбиршилик бар деп ойламаған еди. Ҳәм таңланып, ҳәм қуўанып отырды. Ғайып ханды уйқылап қалмасын дей ме, ара-тура оны хошаметлейди.

— Бәри сизиң даналығыңыздан, Ғайып хан.

Той жөнинде ҳәмме усыныс көрсетип атырғанда, Маман бий қуры қалмады, пайыттан пайдаланды. Әстен сөйлеп, Айғара бийдиң қызын елге келин қылып, тойды тойға уластырып жиберсе, шеп болмайды, деген тилек билдирди.

— Ығбалы артқан елдиң еки тойы бир болады, — деп қуўатлады бийлердиң бири.

— Еки бастан пүткил елимиз бойлап той берип, қәдирлесимиз Айғара бийлерди шақырмасақ той емес, — деп қойды екинши бий.

Бийлер бир-бирине қарсы келмеди. Бүгинги ақшам сондай бирлик ақшамы болды, ким не утты, нени уттырды, ол үстинде ойланбады. Илайым, соңынан да ойланбағай!

Жарқырап қуяш шықты. Бийлер атланды. Жаңакент қаласынан ҳәр ким өз ауылына тарқады. Той әнжамы көриледи, үлкен той басланады!

Мурат шайық Избасар Баҳадырға ябының бес-алты бийин қосып, Айғара бий ауылына атландырды. Олар Аманлыққа келин түсиреди ҳәм пүткил табын руўына қосып, Керей, Адай руўларын тойға шақырып қайтады.

Ғайып хан уйқыға жатты.

Дмитрий Гладышев пенен Маман суўық суўға жуўынып алып, ҳәр қайсысы бир атқа минди. Ҳеш кимге елеспесиз ауылларды аралаўға кетти.

* * *

Той тәтәрриги тутылмаған аўыл жоқ. Батыстан шығысқа, шығыстан батысқа, арқадан қублаға, қубладан арқаға атлылар шабысыўда.

Айғара бий ерлепти. Жаўшыларды иркпей, қызын берип жиберипти...

Той Мурат шайық аўылынан жетим Аманлықтың келиншек түсириў тойынан саға алып, бир-бирине уласып кетти.

Уллы ис үстинде қазақ руўларынан шақыртылғанлар қалмай лөк келди. Пүткил Киши жүз азаматларының жартысы дерлик келди. Барлығы да ҳақ көкиреклерин ашып, дослық жүреклери менен келди. Ел мийман күтиўде де намысын қолдан бермеди. Ябы менен Жалайыр аўылларына жайласпағанлар Қоңырат, Кенегес, Маңғыт аўылларына бөлинди. Жигитлериниң өзлери ертип әкетти. Улыстың уллы күнлеринде ала көзлер орынларына түсип, ҳәттеки, душпанына да күлип қараўға туўра келеди екен. Жүз түйе тартқан Бухара, саўдагерлери келип қалды. Бурын олардан бажы өндирилетуғын еди, енди олардың ҳәр бири елдиң қәдирли мийманына айланды. Түйелерине, атларына жем алып, кеўип кеткен азық-аўқатын жаңа писken азық-аўқатқа алмастырды, шаршаған кәрўан көклеп өзлерине ҳәм көликлерине дем берди. Тойдың ишинде бастан ақырына болып кетиўге иркилди. Сонлықтан, оларға да үйлер бөлинип, от жаққышлар бекитилди. Солай етип, аўылларда қонақсыз шаңырақ, хызметсиз жигит қалмады. Халық бириксе, бир жақсы, нәрсе ҳәммениң жүрегине тең орнықса, руўлар

арасындағы өкпе-гийнелер теңизге түскен тастай бийбелги шүмеди екен. Ың-жыңлар, ўарра-ўарралар еситилмеди, алаўызлықлар сезилмеди. Барлық тирсекей пикирлер қуўаныш теңизине батып мантықты.

Гүллән тамашаны бир жерде — Жаңакент шәҳәри қасындағы алаңлықта өткериў белгиленип, халық ағысы солай бурылды.

Ҳеш ўақытта болып көрмеген улыўма халықлық тойға таңлайын қақпаған, «пах!» демеген жан жоқ. Халық неге шебер болса, бәри исленди: ғобыз ба, доңызқабақ па, дуўтар ма, домбыра ма, сырнай ма, үшпелек пе, баламан ба.. — барлық саз әсбаплары жаңлады. Гүрес тутылды, қошқар дүгистирилди, көкмар берилди, айлаўға атлар қашырылды, қоразлар урыстырылды, түйелер жарыстырылды, қолда бағылған кийиклер жарысы өтти, қәлпелер қус ушырып аңлар алдырды, қысқасы, ертекке усап кетти бул тойлар.

Той тарқар күн — Маманларды жолға узататуғын қуяшлы, ҳәр қашанғыдан жақты, инабатлы күн туўды. Сан мың аламан Жаңакент шәҳәриниң дәрўазасының алдына келип топланды. Енди Маман жолға шығады, олар узатады, ҳақ жол тилеп қалады.

Дәрўазада балталы жасаўыллар көринди, демек, хан киятыр, үлкен салтанат пенен киятыр.

Журт силтидей тынған, көзлери дәрўазада.

Өзиниң ини-балалары, жасаўыллары қоршаўында Ғайып хан менен Дмитрий Гладышев алда, изинен Мурат шайық пенен Ырысқул бийдиң ортасында Маман, олардың изинен бийлер, жасаўыллар, батыр-баҳадырлар топланыўы менен шығып киятыр. Түркмени қызыл нағыслы гилемлер менен жабылған қос өркешли нардан соң, дәрўазадан шыққан бенде болмады. Нардың үстиндеги ақ сәллели мелле шапанлы, жиңишке, арық адам Ешнияз ахун, дәрўазадан ийилмей тиккесине өтип, тоқтады. Хан оған қол силтеди. Ешнияз ахун сол қәлпинен еңкеймей, қолындағы шыйратыўлы қағазды алдына жайды.

Аламанның дыққаты Ешнияз ахунның жиңишке қолларында шытырлап желбиреген қағазға аўды. Аламан үстинде ахунның қырәәтке салынған даўысы ҳүкимдарлық етти:

***«... Әбүлмузаффар ўәл мансур саййиди дәўлетли ақ патшаға Елизавета Петровна рәҳимлик ҳәрекетлериңизге дуўайы***

***сәлем бәнделик арыз қылдук. Сөз ол ким төменги қарақалпақ йурты төрт сан теңиз әли барчасы ақ фатшаға баш салдук. Алар бизге Митрий төреләрни, Мансур ҳафызну бизге әлчи қылыб ийберген әкан. Аларның йарлығын өзгә қылмай, аларға бош қойдуқ, аларның сөзин өзгә қылмадук, әл болдук. Араға әлчи салыб қарындаш болалы. Қарындаш болмақның нышаны Митрий төрәни, Мансур ҳафызны әкәўин бизге ийберсе әл болғанымыз турур. Андын соң араға сәўдегер йурсунләр, аларының элига элмиз, жаўыға жаўмыз. Аларның дәўлаты турур төртсан қарақалфақ әл булдук әл болмақның нышаны бизиң қолымызда турған орысны аларға ийбәрдук, ол да аларның дәўлети турур...***

Тыңлаўшылар бири-бириниң еситиўине кесент келтирип алмаў ушын өзлеринше «пах-пах!» десип, бас шайқасты. Ара-арасында сыбырлылар да еситилип турыпты:

«Маман дана екен», «...Ким жаманлық қылса көзи шықсын!», «Мойны омыртқасы үзилсин!», «Маман елдиң әзелги досын таптырды...», «Қалай табыўды билди...», «...Әке жолын қуўды, лекин өткерди...» «...Орыслар көкирегимизге найза өткермес қалқан, жаўырынымызды оққа тестирмес тас жаўырынша...» «...Баланды жылатпайды...» «...Мың жасасын, Маман...» «Илая жолы болсын. Аман қайтсын!...»

Бәҳәрдиң жипек самалы тыңлаўшылардың бул гәплерин үйден-үйге, шийден-шийге, адамнан-адамға, жайлаўдан-жайлаўға әкетип турды.

***... тарийх мың йуз эллик алты йылда Мухәррәм айының он токузынчи күни битилди. Жаңакент шәхри қашында.***

***Ошбу хатгә инанлық учун мөхир салдук: әўўел Ғайып хан, экинчи Мурат шайық, учинчи Убайдулла султан»***

— Ойымыз жазылған! — деп гүўледи халық.

Ырысқул бийдиң орнына ханның үлкен улы Убайдулла султанның аты қалай жазылғанынан Маман бийхабар еди, сораў нәзери менен шайыққа қарады. Ол түсинди. Түсиндирди:

— Аўа, балам, солай болды. Хан талап қылды. Мийрасхоры жазылмаса, қол қоймайтуғын болды.

Маман нарийзалық пенен басын шайқады.

Ырысқул бий аты шықпай қалғанына күтә исинди, Мурат шайық пенен Маманның не дескенлерин еситпей алға, ханға қарай жүрди. Қоңырат бийиниң арыслан ашыўы менен адымлап киятырғанын көрип хан қасындағылардан сәл ерекшеленип, алдынан шықты, әстен сыбырлады:

— Ҳәзир ҳәк ашпа, нарым, бәри ябылардың ылайсаңы, соң сөйлесемиз.

Ырысқул бий Ғайып ханға инанды ма, инанбады ма, тек тоқтады.

Ханның бир жасаўылы ат үстинде тикейди, жыйналғанларға буйрық қылды:

— Жол ашыңла-аар!

Аламан тең бөлинип, ортадан төрт-бес ат қатар өтип кеткендей жол ашты.

Маман көп атлылардың қоршаўында ҳәммеге қалпағын былғап бас ийип, жолға түсти. Аламан өзлери ашқан жолды қайтадан бекитти. Маманларға ерди, узатыўға ерди.

Бәҳәрде қуслар тек көлге уя салады деген бийкар. Қаладан сәл тыстағы алаңда өскен ҳәр бир түп өсимлик туўалақтың ба, аласардың ба, жылқышының ба, шымшықлардың ба уясы екен. Халық дүбири менен бири қалмай ушып, мыңсан пияда жерде, олар аспанда қанатларының сыпылдасқан епкини менен Маманларды узатысты. Ешейинде батыстан есетуғын самал, усы күни шығысқа айланып, Маманлардың арқасынан ийтермелеп узатысты. Ҳәр бир өсимлик тәжим еткен сыяқлы майысып узатты. Қулласы, ҳәмме-ҳәмме узатты. Узатыўшылар тобы азаннан кешке шекем бузылмады, ҳәмме ерди, ҳәмминиң аўзында жақсы тилеклер:

— Пүткил бир халықтың үмити кетти сенде, Маман, аман кел!

— Уллы үмитимизге уллы жуўап алып қуўанып кел, Маман!

— Әййемги әзелий дослығымызды жеткер, Маман!

— Патша бизди азсынбасын! Жүрегимизди үлкен жүрек десин, Маман!

— Жолда орыс көрсең, қарақалпақлар жаўыңа жаў, елиңе ел деп тәкирарлап өт, Маман!..

Ҳәмме ҳәр қыйлы тапсырма берип атырғанда хан қуры қала алмады. Бурын талай айтқан тапсырмасын тәкирарлады.

— Шегараны умытпа, Маман!

Күн бата, шаршаған пиядалар ҳақ жол тилеп топар-топар қала баслады.

Атлы жас жигитлер және үш-төрт күнлик жолға узатып қайтыў ушын бирге кетти.

Усылайынша 1743-жылдың март айының екинши ярымында, көп қоныстан айдалып, самал ушырған жапырақтай паян таппаған, қарақалпақ халқының уллы үмити қағазға түсип, бир баҳадыр улы Маманның қолында, орыс патшасына — Санкт-Петербургқа кетти...

Халықтың уллы үмитине, баҳадыр улына қайырлы сапар тилеп, сен де аз ғана дем ал, әдиўли оқыўшым!

## *Екинши бөлим*

***Шырақларым, сизлердиң,***
***Бахтыңызға не болды?...***
***(Жийен жыраў).***

**1**

Бәҳәр!

Жылдың бул мәўсими гүллән нәзикликтиң, жоқары муҳаббеттиң, жаслықтың басы, қуўаныштың сағасы. Сонлықтан ба, «бәҳәр!» дегенде «әҳ!» деп, я өкинишли, я қуўанышлы күнин еслеп, жамбасына бир урмайтуғын инсан бар ма дүньяда? Бәҳәр жақсы келсе, исиң раўаж, жамбасқа урылмайды, қоллар өкиниш тарына тиймейди.

1743-жылдың бәҳәри, ҳеш бәҳәрге усамады, өзгеше болды. Сырдәрьяның төменин мәкан еткен, қарақалпақ ели ушын көрилмеген, күтилмеген қуўаныш пенен басланды, уллы келешектиң үмит сағасы болып басланды. Енди буннан былай да, өмир, бәлким, қуўанышқа толы, тынышлықта өтер. Ел тозғақ емес жемисли елге айланар, жән-жағынан жаў келместей таў-тастан қорған салынар, себеби, бир келәта ел усы әрманларын өзлериниң дилўар-шешен уллары арқалы кең пайтах русь елине жиберди. Уллы Петр биринишиниң қызы Елизавета Петровнаның сақый кеўли ашылып, меҳирли шалғайының көздей бир шетин қарақалпақлардың ғаўғалы басына пана қылыўға ўәде етсе, бәри гүлалагүл!

Усындай халық әрманын қағазға түсирип уллы Русь патшасына жол алған, қарақалпақ елшилериниң кеўиллери бәҳәр нурына толып, мине, Оренбургқа жетти.

Уллы Петр биринишиниң кеңеси менен Жайық дәрьясының бойына салынған бул көркем қала орыс патшалығының Шығыс дәрўазасы деп аталатуғын еди. Сол дәрўаза қарақалпақ елшилерине кең ашылды.

Қаланың төрт тәрепи тас диййуаллар менен қоршалғанлықтан көбирек қорғанға усайтуғын еди. Ишкерисине кирсең Европа менен Азияның әжайып гөззаллықлары, өзгешеликлери бир-бирине ийинлесип, гә биригип, гә ийин тиресип, сыйыспай турғанға мегзейди.

Қаланың тийкарынан, еки дәрўазасы бар еди: биринщисиниң үстинде көркемлеп безелген орыс мешити алыстан көзге тасланады, екиншисиниң үстинде, қарасы үйдей қоңыраў төңкерилип қойылған, алыстан күтә айбатлы көринеди. Қайсы дәрўазадан кирсең де, иштеги Саўда сарайы бирден өзине тартады. Булкәрада барлық ўақытта саўда-сатлық қызғын жүрип атырғаны. Ҳәр қыйлы кийимде жүрип, ҳәр қыйлы тилде сөйлеген саўдагерлер өз ара тил табысып, қалай түсинисетуғыны, сырттан қарағанда жумбақ көрингени болмаса, ҳәммеси әкелген затларын өткерип, ҳәммеси де керегин таўып әкетип атырғаны.

Затлар Алмастырыў сарайы өз алдына, айрықша көркемликке ийе. Ол қаладан қарағанда, айрықша нәзер аўдаратуғын орынға, Жайық дәрьясының жағасына, бир дәрўазасы қалаға, екинши дәрўазасы кең жазық далаға қаратылып салынған еди. Қалаға қараған дәрўаза үстинде қала басшылары, ал кең жазық далаға қаратылған дәрўазаның үстинде қорғаншылар отырып, айналаны ҳәм саўдагерлердиң келим-кетимлерин бақлайтуғын орынлар бар. Сырттан, булкәра да қорғанға мегзейди, кең жазық далаға қараған дәрўаза үстинде еки топ (пушка) айналаға айбат шегип турыпты. Олар атылмайды, сонда да тек салтанатлы айбат, көркемлик ушын қойылған.

Иште саўдагерлер ушын барлық жағдайлар бар, Азия еллеринен келгенлер ушын жатақханалар, чайханалар күни-түни ислеп, ҳәр қыйлы тилдеги ғаўырлылар ҳеш қашан тынбайды. Қарақалпақ елшилери Орыс патшалығының Шығыс дәрўазасы деп ат кеширген бул қаланы күтә қызығыўшылық пенен аралады. Гүллән саўда орынларына, саўдагерлер ушын исленген шараятларға, көркемликке, күшке таңланысып, бир ғана кемшилик тапты.

— Неге мусылман мешити жоқ?

— Дурыс айттыңыз, — деди Дмитрий Гладышев олардың тапқырлығына ырзалық пенен. — Бундай нәрселерди ислеўди өз ўақтында Петр биринши ўәсият еткен. Оннан соң ҳаял патша Анна Ивановна да бул қалаға айрықша кеўил бөлген. Әттең, ҳеш қайсысының ўақтында Қазанға, Астраханьға усатып му-

сылман мешитин салыў қолға алынбаған. Бәлким, сизлер қолға аларсыз,

Елшилердиң оған онша кеўли толмай қарасты.

Гладышев надурыс дәлкегин умыттырғысы келгендей қала жөнинде түсинигин даўам етти:

— Уллы император Петр бириншиниң ўәсияты бойынша Россияда нендей сулыў, әжайып гөззаллық болса, бул қалаға бәри берилиўи тийис екен. Ҳәтте Уфа, Төменги Новгород қалалары түўе, патшалықтың орайынан кем қылмаўын нәсият еткен...

— Бул қаланың дәрўазасына қос топ орнатылған менен, урыс ушын емес, тек күш салтанаты болса керек. Бул қала Шығыс пенен ҳақыйқый саўда орны болыўы тийис екенлиги көринип турыпты! — деди Маман. Оның пикирин жолдаслары да мақуллады.

Олар Саўда сарайын аралап баратыр еди, күтилмегенде биреў:

— Маман! — деп қалды.

Ол жалт бурылды. Қараса — Кузьма Бородин! Ол қоныўға мейилленген таў бүркитиндей қушағын жая алға тасланды. Кузьма Бородин адамларды айырып, Маманды кең қушағына алып баўырына басты. Олар ҳәммениң алдында, узақ айралықтан соң көриcкен әке-бала киби ийинлери дирилдесип, көзлеринен жас сорғалаўы менен әлленемирде жаздырылысты. Кузьма Бородин сөйлемей, көзлериндеги қуўаныш жасын сыпырып, езиўинде күлки ойнатыўы менен оның жаўырнынан қайта-қайта қағып, бираз маўқы басылғаннан соң, тилге келди.

— Ой, Маман, күшли болып ержеткенсең! Қайырлы сапар, әдиўлим!

— Сиз маған уллы орыс халқы менен қалай досласыўды үйреткен едиңиз, Бородин аға!

— Жоқ, дана Маман, өз халқым менен қалай табысыўды мен сеннен үйрендим, — деди Бородин оған кейнин айтқызбай. — Мен саўдагер едим, тек өз пайдамды излер едим...

— Ким-кимге үйретсе де дурыс үйреткен, — деди Гладышев.

Кузьма Бородин Дмитрий Гладышевке бурылып сәлем берди.

— Мен сиз ҳаққында жақсы билемен, — деди Гладышев Кузьма Бородинге қол узатып.

— Бул жас бий маған көп жақсылық етти, — деди Бородин.

Маман өзин нақолайлықта сезип, әңгимени туўарыў мақсетинде оның кеўли ушын рахмет айтты да кейин шегинди.

Маманның минезине қанық Бородин әңгимени көп созбай, оларга «үйиме әкетейин» деп мирәт салды.

— Асығыспыз, — деди Маман көз астынан Гладышевқа қарап қойып, ол бас ийзеп мақуллады.

— Уллы патшаға жетиўге асығыспыз, — деди Полат жасаўыл қапталдан.

— Сапарыңыз қайырлы болсын, әдиўлилерим!

Гладышев елшилерди булкәрада көп ирке бермей, Оренбургтағы орыс ханы, патшаның жасырын кеңесгөйи, Иван Иванович Нефлюевтиң жайына баслап келди.

Нефлюев оларды күтә кеўилли күтип алып, ҳүрметли орынларға отырғызды, Дмитрий Гладышевты көп ўақыттан бери көрмегени ушын сағынғанын айтып, қарақалпақ елине барып питкерген ислери ушын алғыслады.

— Ҳүрметли, мырза Иван Иванович, — деди Гладышев бул кабыл етиўге кеўли ырза болса да бираз өкиниш кейпи менен. — Жасыратуғыны жоқ, қарақалпақлардың бул әдиўли исине Абылқайыр хан наразы көринеди. Елден шығыўдан оның бир топ ләшкерлери бизлерди қоршап жүрип, Киши жүздиң шегарасында зорға қалды бирақ тынышына емес, бизлерди бәләәтлеп, дөҳмет тасларын атып қалды.

— Түсиникли, — деди Иван Нефлюев бираз сарсықлы наразылық пенен. — Абылқайыр хан еле де қарақалпақ елшилериниң Петербургтан мақсетли исин ислеп қайтатуғынына исенбеген болыўы керек. Исенгенде, шегарасынан өткермес еди, Дмитрий Алексеевич, саған да аңсат болмас еди.

— Мүмкин.

— Абылқайыр қарақалпақларға онша оң көзи менен қарамайды, шынын айтсам, Петербургта да қарақалпақлардың Киши жүз ханының қол астында қала бериўин тилейтуғынлар жоқ емес.

— Ҳүрметли мырза, — деди Гладышев бираз қаталырақ. — Санкт-Петербург қарақалпақлардың талабын қанаатландырату-ғынына мен исенемен!

— Исенгениң мақул, мен де сениң тәрепдарыңман, лекин, уллы Петр бириншиниң қызы Елизавета Петровнаның алтын басы не ойлайтуғыны маған сәл қараңғы. Деген менен, жақсылыққа исенген жақсы.

— Қарақалпақ елинде байлық көп, орыс патшалығына үш мың түйели саўда кәрўанын жибериў нийетлери бар, тек ғана Абылқайырдан айбынады.

— Әне, бул басқа гәп, — деди Нефлюевтың жүзи жадырап, — Патша сарайы бул жаңалықты жақсы түсинеди. Енди жолларыңыз болсын!

— Әўмийин, — деди Маман жолдасларының атынан. — Енди бир гәп, бизиң ҳақ нийетимизге сизиң ҳақыйқый исенимиңиз болыўы ушын ҳәзиретимиз Мурат шайық сизге бир улын аманатқа жиберген еди.

Иван Нефлюев ойланып турып Маманның арқасына қолын қойды.

— Рахмет, жас елши, мен сизлерге онысыз да исенемен хәм қуўатлайман. Билесеңбе? — деп кеўилленди Нефлюев. — Түлкиниң көрки қуйрығы болғанындай, елшиниң көрки оның изине ерген жанапайларының көп болыўында. Мейли, бизде аманатта қалыўы тийис жигит те сизлер менен кете берсин!

Маман шын кеўилден оған алғыс билдирди.

Буннан соң Нефлюев елшилердиң Петербургқа апаратырған сарпайларын, сый затларын көзден өткерип, бәрине ырза болып оларды көп кешиктирмей, Санкт-Петербургқа жол алыўына руқсат берди...

## 2

Маманларды узатыўға қатнасқан жигитлердиң әўелги топарында Аманлық қайтпады. Ол ярым айлық жолға дейин узатысты, сөйтип, ҳәмминиң ең соңында Маман «енди қайта бер» — деп зинҳарлаған соң қайтты.

Жалғыз қайтты.

Шаршағаны жекке кеткен соң билинди, жоллар өнбей қалды. Деген менен, Аманлыққа бул жеккелик қуўат берди, йошты да: енди ол үйине барады, көп-көп күнлердиң ғалма-ғалы менен ашылысып сырласпаған Ақбийдайының алдына барады...

Усы әрман есине түскенде, атына үстемлик етти, қамшылады. Қара ғунан ийесиниң кейпи менен тең ҳәрекетке кирип, адымды кеңнен келепледи.

Ат үстиндеги көкиреги өскен жигит ҳештеңеден қәўетерсиз, тап бир атлы туўылғандай, йошлы киятыр. Базда, аяқ соқпақты кеселеп

өткен жалаңаяқ жетим көрип қалса, жүреги силкип кеткендей болады да, қара ғунанның жүўенин тартып «Маман» дейди. Оның «Маман» дегени «Алла» дегени менен бара-барланатуғынын өзи сезбесе де, өзине нәмәлим бир затқа арқа сүйегендей, кеўли жубанады, және сол кейпинде алға жүрип кете береди...

Бир гезде кеселеп, бир топ қасқыр бир топ кийикти қуўып өтип! кетти. Жүреги суўлап «я, алла!» — деп қалды, бирақ бул сөзи «я, Маман» дегендей еситилди өзине.

Жаңакент қаласына жақынлап, бир шоқ қамыслықты айлана бергенде, күтилмеген бир топ атлыға қарсыласып қалды. Булар Ғайып хан басшылығында аң аўлап жүрген атлылар екен. Ханды Аманлық бирден танып, дәрриў аттан түсип, пияда сәлем бериўи керек еди, оның бүйерде жүретуғынын есине келтирип көрмеген жигит албырағанынан атының басын кекшейтип тартып, қалша қарап қалды.

— Түс!

Ғайып ханның сөзлерин алыстан талай мәртебе еситкен менен, тиккелей өзине қаратып бир нәрсе буйыратуғыны туўралы ойламаған жигитке оның қатын шағаладай шаңқ еткен буйырыў даўысы, кеширим даўысындай еситилип, атынан секирип-ақ түсти.

— Ат минген бахтың ушын кимге миннетдарсаң?

Аманлық егленбедн:

— Әўеле қудаға, қала берди Маманға, ханымыз, — деди.

Хан жемтик көрген қырғыйдай бир шекелеп бурылды.

— Маманның ышқыр бажасы!

Ханның даўыс толқыны, өлген тышқанның қуйрығынан услап турып «тышқан!» деп мурнын жыйырғаннан да жеркенишли еситилди. Аманлық арланып, тула бедени дирилдеп, үйине асыққан йошлы кеўили музға айланды, ақыл-ҳуўышсыз, өзиниң өли-тирилигин умытты.

— Атлан! — деди хан.

Аманлық зорға атланды.

— Қапталыма шық! Озба! Изирек!

Хан буйрығын тәрк етпей Аманлық ерди.

Ханның еки көзи алдында, жән-жағында, гә алдына, гә артына, гә қопалықларға, гә торанғыллардың басына қарайды, гә бир бүктиң астына үңиледи. Аманлық та хан қараған жаққа мәжбүрий бурылады.

Ханның пәрўайы пәнсери, ғарбыз қарны ердиң гүмис басына тирелип, еки көзи алда, кетип баратыр. Көз ушында далбайлаған атлылар көринип, ийтлердиң бир-бирине үрген даўыслары еситилип еди, Аманлықтың бары-жоғын умытып солай қарай шапты.

Хан менен бирге жүргенлер Убайдулла бийлер еди. Хан бир гезде сәл гидирип Убайдулла бийге бурылды.

— Қоңырат Сағындық баҳадырдың орнына сизиң маңғытлардан қоспақшы едим, Ырысқул маңғытларды жақтырмады-аў.

— Бурын да айтқан едиңиз, — деди Убайдулла бий кеўилсиз.

— Ҳа, солай ма? Пәнди нәсиятым — қоңыратлардан сақ болыңлар! Шаршадыңыз, қайта бериңлер.

— Ырысқул бий менен сөйлесип көргенде не қылды? — деди былайырақ шыққаннан соң Убайдулла бийдиң атлыларынан бири.

— Сыр алдырамыз. Ханның сизлерге еситтирмей маған сыбырлаўына қарағанда, Ырысқул бий оған келип: «Маңғытлар сизге қарсы, есабын тапсақ орнынан аўдарайық деседи» деген-биш.

— Мениңше, бул мәканнан көшиў керек!

— Бизлерди я хан қуртады, я олар қуртады, Хорезм тәрепке көшейик!

Убайдулла бий желкесин қасыды.

Соның арасында изден ханның бир аңшысы жетип Аманлықты тоқтатты.

— Әй, көргенсиз, елшилер жөнинде ханға ҳештеңе айтпай қайда барасаң?

Өзлериниң дәрти менен киятырған маңғыт руўының атлылары араларында киятырғанын енди байқап, Аманлық азмаз ҳаўлықса да сыр бермей кете берди.

Шаршаған Аманлық ханның аңшыларына қосылды. Ғайып хан оннан ҳештеңе сорамады.

Былайырақта бөлинип аң аўлап жүргенлер қоңырат руўының бийлери екен.

— Әй, Аманлық, усы қайтысың ба? — деди бойы кишкене Сүйиндик бий оны биринши көрип. — Бизиң Сағындық баҳадырдың аты қалай екен?

— Бир ай от-жем бермесе де мой берместей етип бағылған екен, он бес күн бирге турдым, терлемеди, жаныўар!

Ырысқул бий иркилди. Оның қуў пәриндей аппақ сақалын, самай шашларын шаң басып тозаңғығанлықтан, бурын қызарып

жүретуғын жүзине жер келбети енип қалған екен, Аманлық оның неге болдырғанына таңланды.

— Балам, елшилер күтә бирликли кетип баратыр ма? — деди Ырысқул бий.

— Бәри бир адамның баласындай, ата!

Тоғай арасынан патырлап шаўып киятырған бир топ атлы оларға қосылды. Олардың алдындағы Байқошқар бий Ырысқул бийге жақынлап келип:

— Маңғытлардан өш алдық, — деди марапат пенен.

Ырысқул бий түсинбей, ҳайранлықта көзлери аларып, оған тикленди.

— Умытқаныңыз ба, уллы қоңыраттың ханы, — деди Байқошар бий. Ғайып ханның астыртын хабары бойынша, бас аҳиднамаға Қоңырат руўынан сизиң атыңыз жазылыўына қарсы болған руўлардың бири маңғытлар емес пе? Енди ябы аўылына ҳүжим қыламыз, малларын айдаймыз. Мақул десеңиз басшылық қыласыз...

— Неше рет айтаман, елшилер арасында бизден Сағындық баҳадыр барлығы жеткиликли!

Деген менен, бас аҳиднамаға аты жазылмағаны ушын Ырысқул бийдиң ишинде де гүптикей жоқ емес еди, ишинен Мурат шайхқа наразылаў да еди, анық себебин билиў мақсетинде Ғайып ханға барғанында ол «асықпа, соң айтаман» деген еди. Мине, басқа киши бийлер әлле қашан еситкен, ҳәтте, өш алыўы басланды. Хан бүгин бизге қосылмай Убайдулла бийлерди ертип еди, ырастан да, Байқошқар ҳақ шығар-а?...

Ол аз ғана ойланып турды да, ҳеш кимге ҳештеңе сөйлемей, қамшысын бир көтерип, Ғайып ханның изинен шапты.

Ғайып хан көп ийтлердиң ортасында, ҳәр қайсысына нәше менен қарап тур еди, тасырлап шаўып киятырғанларды көз астынан көрди.

— Ҳа, Ырысқул бий, қусларыңызды қашырып алмадыңыз ба?

— Сиз бенен бирге аўлаў пайдалырақ көринеди.

— Ҳа, түсинипсиз! — деп хан ғарқылдап күлди де, ыңырсыған, қаңсылаған көп ийтлериниң ортасында, кең жазықлыққа қарай жол баслады. Былайырақ шығып, Ырысқул бийди бир бармағы менен қасына шақырып алды да, басқаларға еситтирмей сыбырлады.

— Елшилер кетерде, саған «асықпа, соң айтаман» дегеним есимде. Бил, бәри ябылардың ылайсаңы. Аўзына қан сүртетуғын

күшик емессең, — деп бирдеп даўысын көтерди, — Ғарры төбетлерге қара, баслап баратыр!

Оның соңғы сөзлерин басқалар да еситсе де, әңгимениң тийқарғы мәнисин билмей, оларды «аңшы ийтлер жөнинде сөйлесип баратыр» деп ойлады.

Хан изинен шақыртып алып және итибар, бермегенине Аманлық ҳайран болса да қайтып кете алмай ере берди, бирақ кеўли әлле қандай жаманлықлардан гүманлы. Сонда да ҳеш ким менен сырласа алмады.

Күн батыўға хан, Қоңырат бийлери үйлерине қайтқысы келсе, руқсат ететуғынын билдирди.

Басқаларға нәмәлим дәртли ашыў менен Ырысқул бийдиң иши от болып, руўласларына келип қосылды да туўры аўылына жол баслады.

Ырысқул бий өмиринде көп қан төгиспелерге араласқанлықтан қан түслес қызыл затқа көзи түссе, дәрриў қаймығып кететуғын еди, ал өз руўында бир ҳаялдың, я қыздың ақты қызылға бояғанын көрсе, жазалатар еди. Батар қуяштың қанға сүңгип баратырғандай қызыл реңине ийек нусқады:

— Көрдиңиз бе? Сизлердей ладанлар және қан ағызған. Сағымына қуяш батып баратыр.

Ол усыны айтты да жуўап күтпестсн бетине қолын тутты.

Асып-тасып, гә бойы менен, гә ойы менен, гә орынсыз ҳәрекети менен көпшиликке үстемликке тырысатуғын басқа бийлер аўызларын ашпай, жер менен жексен болып қалды. Ҳеш ким сөйлесиўге сөз, дәлиллесиўге дәлил таппады.

Қапталдан бийдәрек үш атлы шықты.

Бийдәрек кисилердиң көзинше өзлериниң аўыз алалығын көрсетпеў мақсетинде, олар шоқланысты.

Үшеўдиң ишинен қызыл рәпийда бетли, қара муртлары еки езиўинде турған, аўзы кемедей, кесесине өскен биреўи қамшысының баўын шунатайына илдирип, Ырысқул бийге сәлем берип, қол алысты. Ол басшысы болса керек, қалған еки жолдасы да, оның даўысына усатып даўысларын созып, сәлем беристи ҳәм ол кимниң қолынан алса, тек солардың қолларынан алып шықты.

— Қоңыраттың ханы, мийманбыз, Абылқайыр ханнанбыз. — деди қызыл рәпийда бет.

— Жүдә жақсы. Қәне, бирге кеттик.

Аўылға жеткеннен кейин де Ырысқул бий өз жолдасларының басын бузбастан туўры өз үйине ертти.

Бул жерде ҳәмме аўызбиршилик көрсетти. Ырысқул бий тәртип берип кимге ийек көтерип, қонақларды жақсы күтиў ушын не жумыс ислеўди тапсырса, сол, айтылған жумысты бежериўге тарқады. Ишке Шамурат бий, Байқошқар бий, Алиф Қарабай Қарабаҳадырлар кирди. Ырысқул бий ҳәммеден төмен, есик бетке отырып ҳал-жағдай сорасты. Мийманлар үлкен хан аўылынан екенин және айтты. Аўыл ийелери бир-бирине қараса алмаған менен ҳәр ким өзинше жыйнақласыңқырады.

Дәстүр бойынша қонақлардан келген күни жол болсын сораў айып. Сол ушын ба, мийманлар менен аўыл бийлери арасындагы гәплер тереңлемеди. Аўылдың дийқаншылығы, мал-ҳалы, ҳаўа райы ҳаққында көбирек гәп болды. Мийманлардан биреўи сөйлесе, Абылқайыр ханның даңқын, қазақтың үш жүзи түўе, пүткил Хорезм, Русият арасындағы абырайын көбирек гәп қылды. Ырысқул бийди бәрҳама «Қоңыраттың ханы» деп сөйледи.

Аўыл бийлери тарқасып, үй ийесиниң өзи қалып, жатар төсек салынар гезде рәпийда бет еки шоқалақ муртын сыйпалап қойып, қупыя гәпин баслады:

— Қоңыраттың ханы, бизден жол болсын сораңыз?

— Қоныңыз, мийманларым. Бүгин жол болсын сораў «енди кете бериңиз», деген сөз.

— Биз сизди солайынша күстаны қылмаймыз. Жақын кеўил берискенлер сынаспайды. Уллы ханымыздың тапсырмасы менен келгенбиз. Жаңағы жалпылдақ бийлериңиз бенен соң келисе берерсиз, биз кеткенше үстимизге шақырмаңыз. Уллы ханымыздың сизге, тәнҳа сизге, өтиниш-буйырығы бар. Қоңырат руўын ҳүрмет еткени ушын, саялы шапанының бир шалғайына сизди де алыўды қәлеп, реҳим жүреги соқты.

— Олай болса, айыпқа буйырмаңыз, қәдирли мийманларым. Жолыңыз болсын!

Рәпийда бет еки езиўиндеги еки шоқалақ муртларың «орнында тур ма» дегендей услап көрип гәп баслайды екен. Ол еки қолын көтерип, еки езиўине апарыўдан-ақ жолдаслары демлерин ақырынлатып, жөтелместен, тамақларын қырынбастан отырып қалды.

— Бизиң уллы ханымыз сизди атышуўлы Қоңыраттың ханы деп есаплайды, — деди мийманбасы. — Сизиң жәбир-жапаларыңызға

көп ой жиберди. Ябы руўының сизге үстемлик етип, сизди пәжмүрделик ҳалға түсириўине қайылшылығы жоқ. Муҳаммед пайғамбер де жәбиркеш жағындаман деген. Ябылардың өшине-өш, қасына-қас, ханымыз сизди уллы Қоныpат елине хан етип тиклемекши. Таңланбаңыз. Тереңнен ойланған, өлшеп пишилген гәп бул. Қазақтың, өзбектиң қоңырат руўларын да сизге жыйнап берип, Қоңырат елин жоқтан бар етпекши. Сонда ябылар да, кенегес те, маңғыт та, жалайырларың да қоңырат болып шыға келеди.

Ырысқул бийге мийманның ашық минезлилиги, гәпти туўрыдан сөйлеўи унады. Себеби, ол «ҳеш қандай астар қоймастан, өз ханының аўзынан шыққан сөзди сол турысында жеткерип отыр» деп уқты.

— Жарайсыз, мийманларым.

Рәпийда бет гәпиниң қонғанына шад, бираз үлкенлик тутып, оң қапталындағы пәр көпшикке жамбаслады, жолдасларына алма гезек көз қысты. Ортадағы тас шыра пәсейген еди. Сонлықтан, оның көз қыспайын Ырысқул бий түўе, өз жолдаслары да аңғармады.

— Уллы хан сая салса, биз қылт етпей бас ийемиз, мийманларым.

— Бул жуўабың қуўантады. Ханымыз еситсе, усындай мәсләҳәт берген дос-яранларына да ырза болады. Олай болса. сиз тыныш уйқылай бериң. Биз-әм уйқылаймыз.

Ырысқул бий улы Төреқул менен бөлек үйде жатар еди, оның қатты уйқыда пырылдап атырғанының үстине келди Мийманлардың гәпинен иши дүткешке айланған бий бийғам улының қурылдысын жек көргени соншелли, «илайым, усыннан турмағайсаң» деди сыбырланып. Ол қанша шаршап, қанша азаплар менен келсе де, улын ҳеш ғарғамас еди, жолда жатқан өликседен кейин көрмей, мәсили аяғы менен басына бир тепти. Төреқул сезбеди, басын сыйпады да, аўнап жата берди, Ырысқул бий көрпеге кирди, лекин уйқылай алмады. Неше әлўан ойлар, неше әлўан ғалма-ғаллы күнлер, сырлы жумбақлар көз алдына елеследи. Даўыс шығарып жыламады, оннан басқаның бәри болды басында.

Азанда төсек жыйыўға келген зайыбы «жыладың ба» деди.

Бий зайыбының ақ шашынан сыйпалап, «сорама, сөйлеме» деген жумсақ ишарат пенен, мийманларға сәлемге кирди. Уйқыламағаны аттай анық. Бет-аўзы қалыққан, көзлериниң ети қызарып, қабағы

қатқан еди. Рәпийда бет буны сезсе де, сезбегенге салып, жүдә әбжиллик пенен күлимсирей берип:

— Қоңыраттың ханы, ҳәрекет етер күниңизди ойлап шыққан болсаңыз, ханымызды қуўантамыз, — деди.

Ырысқул бийдиң түни менен уйқыламағаны, шеке тамырлары шертилип, маңлай жыйрықлары жүдә майдаланып, саз қайырдың жарығындай айғыз-айғыз болып кетти.

— Мийманым, мен ҳәрекет еткенде не қыламан?

Мийманлардың үшеўи де күлди. Мысқыллы күлди. Бийиң бала сөзин айтып, көрмедиклик көрсеткенине жанлары рәҳәтленип күлди.

— Ябылардың Маман бийге көп үмит артып отырғанынан хабарлы болсаңыз керек. Ол елиңизге қайтып келиўден қоңырат руўы ныпқырт болады.

— Қызық?! Қоңырат халқын тиклесе, қарақалпақ қайда кетеди?

— Сизге бәри бир емес пе?

— Бәри бир емес, қәдирли мийманларым.

— Ҳа, ҳа!! Бийди хан десең ырысқысына тебеди. Ойланыңыз. Ябылар менен жалайырлар бир жақ. Сизлер болса маңғытларды аўзыңызға қарата алмадыңыз. Сизиң руўдың ерке жигитлери маңғытлылардың жабын бөгеген, ўассалам! Соған Мурат шайық ашыўланған болып, Убайдулла бийге «сизлерди қоңыратлар да, Ғайып хан да шыдатпайды, бул жерден көшиңлер» деп пәзне басқанын-әм билмейсизлер, қумгеллелер!

— Жоқ, қәдирли мийманым! Аппақ асымды ишип, әзәзүллик етпеңиз!

Рәпийда бет қызбады. Ғарры бийдиң күтә шыдамсызланып, сақалы қалтылдағанынан қәўипленди, бирақ ырқ бермеди, баспалатты:

— Мийманға деген ҳүрметти жоғалтпаңыз, Қоңыраттың ханы. Мийман сизге дәўлет болып келип отыр. Егер уллы ханымыздың саялы шалғайы сум шайықтың төбесине жабылғанда ол, оның ағайин-туўғанлары, сизлердиң қолыңызға таяқ услатып мал бақтырады, қатын-баланды ҳақлатып, жигит-желеңиңе жап қаздырады.

— Шайықымыз солай десе, биз қайылмыз, мийманым. Оң қолдың буйрығын шеп қол ислесе, бас нийет еткен жаққа аяқ жүрсе, айып емес.

Ҳо! Қоңыраттың ханы, жүдә тереңлеп кеттиңиз! Тереңдеги даўыс өлпең шығатуғынын билмейсиз бе?

Ырысқул бий нурсыз көзлерин бир аўдарып мийманларын шайнап таслағысы келгендей бир қарады. Сөйлемеди. Мийманлар да сөйлемеди.

Қара үйдиң ишин тынышлық ийеледи. Тас чайниклердиң қақпақлары ашық, кеселерге қуйылған чай тынып қалды. Еки тәреп теке тиреспесине түсти. Олар үшеў, үй ийеси жалғыз. Усы гезде бийлердиң биреўи кирип келсе, көзлерине тутылған перде ашылып, дүнья жарқ ететуғындай, есик бетке қарады, хызметкерлердиң биреўи кирсе, әкетер ҳәм түсинер деген ой менен толы чайнигин ишпестен, кейин ысырды. Үй ийеси ушын бул ҳәрекетлер жүдә нақолай еди, лекин исленди. Мийманлардың ар-сары шықты.

— Ғарры төбет, пайда-зыянды билиўден қалған көринесиз?

— Қәдирли мийманларым, өз үйимде не десеңиз шыдайман.

— Шыдатамыз! — деп мийманбасы ашыўлы тикейди. Жолдаслары да өрре-өрре турды. Ырысқул бий ашыўланбады. Миймандослық кейпин бузбай, жайпарахат, қәдимги қыймылы менен түргелди. Иши жанғанына қарамай, еки езиўинде күлки пайда етиўге урынып, ашыўланған түр билдирмей, хызметкерлерин шақырып, мийманларды атландырды.

Изиниң не менен питетуғынын мийманлар да айтпады, үй ийеси сорамады. Тек ажырасты. Ҳәр ким өз қыялы менен ажырасты.

Ҳеш кимге сыр бермей мийманлары кеткенше кеўилли кейип сақлаған бий үйине кирип, сүре жығылды, дүстөменине көпшикке жығылды. Оның шырайынан, сөйлегендеги даўысынан қандай жағдайда жүргенин ақыллы зайыбы Айшолпан ана сезер еди, үстине кирди, қәдимги жас күниндегисине салып бас ушында бир дизелеп ғана отырды, уйпа-жуйпа ақ шашларынан сыйпап, тәселле берди:

— Елиң барда неге бүйтесең, бегим?

Таң азанда аўыл бийлери қайта жыйналып келди.

Ырысқул бийдиң мийи мең-зең, қулағы гүў-гүў етип, еле өзине келмей атыр еди, шыдамай бас көтерди:

— Қырғый көрип путаға тығылып, қырғый кеткен соң шықтыңыз ба, шымшықлар!

— Өйтип алдын алмасаңыз да сырыңыз мәлим, — деди Бай-қошқар бий.

— Сиз артыңызда айбат барын жасырып, елди сатажақсыз, — деди Алиф Қарабай Қара баҳадыр.

Ырысқул бийдиң айтар сөзи еки көзинен жас болып ағып, қуўарған қансыз жүзин тең бөлип, сақалының ушынан көкирегине тамшылады. Бийлер тығылды. Қара үйдиң шаңырағынан гиддаман тас түсип, ҳәмме жақ қуўсырылғандай, үйдиң ҳаўасы тарайды, демлер қысылды, отырыс даўам етти...

* * *

Ғайып хан Аманлықты көп күнге шекем қайтармады, соған қарамастан оған ҳештеңе айтпады да, сорамады да.

Ақырында, хан шаршап, Жаңакентке бет алғанда, оның атқосшыларының арасында Аманлықтың жүргенин көрип ҳайран болды.

— Ҳей, сен, жансыз, не қылып жүрсең?

Ханның изине ергенлер де, Аманлықтың өзи де оған ҳештеңе дей алмады.

— Жоғал! — деди хан аяғын жылан шаққандай.

Жақында түсирген келиншеги, қарындасын көргенше, елшилердиң жақсы жеткенин Мурат шайыққа жеткергенше асығып киятырғанда жолынан иркилгенине жаны төзбей жүрген Аманлық үнсиз қара ғунаның басын бурды.

Жолда ол және бир күтилмеген ҳәдийсеге гезлести.

Жаңакенттиң қубласындағы қалың жыңғыллықлар арасынан узын-шубай көш баратыр. Ол ҳайран болып тоқтады: Саўда кәрўанына усамайды. Алдында еки нар бар, оннан соңғы атларга, өгизлерге, ешеклерге жүклер артылған. Араларында сыйырлар, баспақлар, қойлар көринеди. Адамлардың биразы үлкенирек балаларын ертип, кишкентайларын арқалап баратыр.

Аманлықтың жүреги суўлады: «және посқыншылық басланған ба?»

Арт жағынан шаўып киятырған атлы Мурат шайық:

— Әй, Аманлық! — деди оның тусынан өтип баратырып. — Кешиккенге сени де бирге кеткен екен деп едим. Жолдан адастың ба? Изиме жет, шаймий!

Аманлық асығыс Мурат шайықтың изинен атын қамшылаўы менен, ол көштиң алдына жетип, жүрисин пәсеңлеткенде ғана, тиллесиўге мүмкиншилик алса да, алысырақ турды.

Көш баслап баратырған Убайдулла бий екен.

— Әзизим Убайдулла бий, — деди Мурат шайық маңлайының терин ақ жипек шапанының пеши менен сыпырып. — Тоқтатсаң-о көшиңди!

— Қәдирли шайқымыз, сизге өкпем жоқ, — деди Убайдулла бий сақалын сыйпап, бирақ сарсықлы үн менен. — Бәримиздиң түбимиз бир қарақалпақпыз. Шынын айтсам, быйылғы бәҳәрдин, басланыўында жақсы еди. Көзикти. Қоңыратлар Ғайып ханның қармағына илийди.

— Қандай қармақ, әзизим! Көшиңди қайтар, соннан соң сөйлесейик!

— Өтинбең, сөзиңиз сынады, шайқымыз. Қоңыратлар сағада болғаны ушын жабымызды бир неше рет байлады. Оларға, қалай жарақ көтеремиз? Туўысқанлар менен жаўласқанша тыныш көшкен мақул. Енди Хорезм жақтағы маңғытларға қосыламыз.

— Төменги қарақалпақлар деп ат кеширген шаңарағымыздың саны және азаяды екен дә, әзизим.

— Солай, шайқымыз. Ҳәзирги ханымыз жумбақ. Жумбақты дурыс шешиўге бәршениң ақылы жетпес екен.

Мурат шайық еки алақанын аспанға тутып налынды:

— Бизиң басымызға қудайдың бәламаты көп екен дә!! Әзизим Убайдулла, ел және бөлшекленбесин! Бизиң аўыл менен араласып қоңысласыңлар, егис жер берейик, суў берейик.

— Жоқ, шайқым, Қоңыратларды ябылар менен қайта жаўластыра алмайман!

— Өтинемен әзизим!

— Өтинбеңиз, шайқым, иркилмеймиз!

— Маманларды күтиў керек еди...

— Кеўлимде кир жоқ, шайқымыз. Елшилерди орыс патшасына жиберип болған соң Дәўлетбай бий екеўимиз көп қазақ бийлери менен сөйлескен едик. Олар да бизлер менен бирге ийин тиресиўди қәлейди екен. Қәлегени емес пе, салтанатымызға қанша жерден мийман жыйналды. Сүйек берип сүйек алысыў қандай жақсы. Айғара бийдиң қызын елге келин қылып, көп қазақты елге мәргия менен тарттық. Бул қудамдаллық Маманның ақылы ма, сизиң ақылыңыз ба, я Аманлық жетимдики ме? Бәри бир, жақсы болды. Седет керей дегени кетеринде маған, аўылыңның жигитлерин жибер, қыз мингестирип жиберемен, қудамдалласайық деп кетти. Ўәде бердим. Дәўлетбай бий табын руўы менен қыз алысып, қыз берисиўге келисти. Соннан соң, быйыл бәҳәр де жақсы, жақсылап егис егейик, изинен қудамдаллықты көбейтемиз дескен едик. Иләж қанша? Бенлениң емес, қудайдың қәлегени болар екен. Биз сорлы, қалпағындай бахты да қара ҳалықпыз.

Убайдулла бий енди онша иркиле бергиси келмей атының жылаўын қақты. Ат алға қарай әстен адымлады, изинен көш жылысты.

Мурат шайықтың жүзи қара түтиндей болып, қанша жалынса да ирке алмайтуғынына көзи жетти, сонда да қалмады:

— Әзизим, ағаш шақасынан ғой қуртыла бермейди, лекин түби ләрзем алса жаман!

— Шайқым, — деди Убайдулла бий жүрип баратырып. — Мениң Орынбай исмли жалғыз улым бар, ғарғай көрмең, шайқым! Өзим көрген азап-ақыретти, елдеги алаўызлықты оған көрсетким келмейди.

— Мен сизлер ушын Ғайып ханға барайын.

— Хансыз ким жәнжеллеседи, дейсиз шайқымыз? Ҳәлек болмаң, ҳеш ким менен жаўласпаң. Егер Маманлар орыс патшасынан жақсылық әкелсе, ел дүзиўленеди, соннан соң қайтып көшип келиўге арсынбаймыз. Соған шекем жалғыз улым тынышлықта өссин!

Мурат шайық енди оған дәлил айтпады.

Олардың бул сөйлесигине, Мурат шайықтың қамсығыўына Аманлықтың тула бедени титиреп, ҳәсиретли Мурат шайықтың көлеңкесиндей ере бериўге де тартынып, бир түп ески тораңғылдың, тасасына тығылды.

Ишине айралық оты толған Мурат шайық Убайдулла бийдиң көшиниң изинен бираз ерип, оны ирке алмаслығын билген соң атының жылаўын тартты да, басынан ақ сәллесин алып бетине басты.

Маманларды узатып кеўли тасып қайтқан Аманлықтың жүреги үсти-үстине, қатты-қатты соқты да өмир жолының шегине жеткендей, қыялындағы айдынлық музға айналып, Мурат шайыққа қайтып көринбеўге тырысты.

**3**

Оңына айланатуғын иске ҳәмме жәрдем етиўге асығады.

Адамлардың жақсы нийетине тәбият та жәрдем еткиси келгендей, ҳаўа райы күннен күнге жақсыланып баратыр. Аспанда қуяш жарқырап, орыс патшалығының кең жерлери оларды жазға қарай кийинип атырған көк липаслары менен узатып, бәҳәрде жарық дүнья көрген ҳәр өсимлик, ғарры ағашларда пайда болған ҳәр бир жас шақа, ҳәр бир көк жапырақ, қарақалпақ елшилерин

көргенине мәс болғандай сатырласып, майсалар ырғалысып, оларға ҳақ жол тилеген яңлы бас ийип қалып атыр.

Қәйткен менен де, Сырдәрья бойларынан Санкт-Петербургқа жетиў аңсат емес. Мыңлаған шақырым гә айланыш, гә асырылма, гә түсирилме, гә жылан из жоллар атлардың адымы менен өлшенип шығылыўы тийис. Ат жаныўарлар ийелериниң кейпин түсинген секилли, гә пысқырып, гә оқыраныпп, тек алға қарай қәдем таслаўда.

Елшилер талай аўыллардан, талай қалалардан өтсе де, алдыларында еле көп-көп асыўлар жатыр, ушы-қыйыры жоқ не бир жасыл тоғайлардың арасынан гә буққышлап, гә қырынлап күн емес, ҳәптелеп жүрип өтиўге туўра келип атыр, сонда да мәнзили алыс.

Дмитрий Гладышев жолды жақсы билетуғын еди, сонлықтан олар адасыўды есине келтирген емес, бирақ бәрҳа атлардың жағдайына қарап жүриў керек. Базы аўылларда, қалаларда, пышық мурны батпас жасыл тоғайларда базда мезгиллеп, базда еки-үш күнлеп дем алыўға туўра келеди, дем алыстан соң және жол басланады... көп жолдан соң және дем алыс басланады...

Қуяш күннен-күнге өткирлесип күндизлери жүриў қыйын болған жағдайларда орыс тоғайы жәрдемге келди — Қалың қарағайлар, еменлер өзлериниң саясында оларды Санкт-Петербургқа узатып қалып атыр.

Қанша мол жол асса да, ҳеш қайсысы шаршағанын сезбейтуғын тәризли. Ел атынан алып шыққан Аҳиднама оларды шаршатпады.

Базда жоллары өнбей иси еригип, жөнекей қалып атырған аўыл, қала адамларын өзлеринше сынайды, өзлеринше баҳа береди. Барлық орынларда жарлылар жарлылырға, байлар байларға усайды. Өзлериниң елиндеги секилли орыс аўылларында да, қалаларында да диййаналар, жетелескен жетимлер, жесирлер, майыплар ушырасады. Ҳәтте, мақтаўлы Төменги Новгород, Муром, Владимир қалаларында да сол көринислер. Оларды өз ели менен салыстырып, өз ара усаслықлар табады, тәғдирлеслер көреди.

— Қойлар бар жерлерде қасқырлар да бар, қойлар жоқ жерлерде қасқырлар да көринбейди, — деп қояды Маман.

— Әлбетте, әлбетте, — деп мақуллайды Гладышев.

Маман Кузьма Бородин менен көп сөйлесип, оның Ҳиндстан ҳаққындағы көп әрманларын, Ҳиндстанның сулыў тәбияты туўралы қыял сүретуғын әңгимелерди тыңлап, ишинен Ҳиндстанды көриўди

әрман ететуғын пайытлары да бар еди. Бәҳәрден баслап, жаздың ыссысында да тынбай, орыслардың мәкан жайлары бойлап сегбир тартып киятырып, Ҳиндстанды күсеген ойларына тойтарыс берди. Ол Ҳиндстанды орыс жеринен тапты.

Жасыл жапырақлы дүт тоғайлар, кең далалар бойлап гилемдей төселген көк майсалар, таў етеклеринде сайлар бойында, жоллардың еки бойында узақ күнге шетине жеткермейтуғын рәңбереӊ гүллер бәриниң де кеўиллерин хошлап, жолларын өндирди.

Дмитрий Гладышев күтә әңгимешил, Россия жерин, Россия тәбиятын, көпшилик аўыллар менен қалаларының тарийхларын жақсы биледи екен, елшилер шаршаса, әңгимелер, әпсаналар айтып қызықтырады. Соның менен де көп жол өнеди.

— О-о, Дмитрий төре, — деди Маман бир аўылда дем алып жолға түсиўден және басланған қарағайлы тоғайға ышқы менен нәзер таслап. — Орысят ели неге бай? Тоғайға бай! Аўылларда да, қалаларда да жайлардың басым көпшилиги ағаштан. Табақ, қасықлары да, төсеклери де ағаш...

— Өлсе табытлары да ағаш, — деп қосып қойды Гладышев. — Тәбият ҳәр елди бир нәрсеге бай қылар екен.

— Бизлер тақырлыққа баймыз, — деди Сағындық баҳадыр.

— Суў жетсе бизиң тақырларымыздың көркем гөззаллық туўатуғын, жасаратуғын ўақытлары келеди, — деди Маман.

Елшилер және үнсиз жекке қыялларға мантығып, алға қарасты...

Ҳәр бир тоғай ушырасқан сайын, оның аржағындағы бир ашық алаңда Санкт-Петербург көринетуғындай... бирақ еле жоқ, жоқ...

Оларды айрықша қуўантқан нәрсе, тоғайларда, кең жазық далаларда талай жол саяқларына, гелле-кесерлерге дус келсе де Гладышев олардың алдына барып сөйлессе болды, ҳеш қайсысы буларға тиймейди.

— Не деген бирликли, не деген тәртипли халық бул орыслар» деп қойды ҳәр бири.

— Әне, Москва! — деди бир күни Гладышев.

Шаршаған елшилерге бирден қуўат кирип, алдыларына көз таслады.

Тоғайлықтың шетинен, бийик таў басына салынғандай, алыстан минәрланып көп әшекөйли-крестли Москва көринди.

Бул қала олардың жолда көргенлериниң бир жерге түйининдей көзге тасланды. Жол бойлап оларды не қызықтырып, нелерди умытқан болса, бәри усы қаладан табылды.

Ҳәр қыйлы тилде сөйлеп, ҳәр қыйлы кийимде келетуғын шет елликлерге таңланыўға тойынған москвалылар олардың, қала гөззаллықлары, жақсы қурылыслары, сулыў жайлары алдында қара қалпақларын алып бас ийиўлерин көрип, жүдә меҳирли, сүйиспеншилик көзлери менен узатып қалып атыр.

Елшилерге Москваны аралаў айрықша қызық түйилди. Көшелерде, бәндиргилерде ҳәр қыйлы тамаша көрсетип атырған ойыншыларды, масқарапазларды, дәрўазшыларды көрип, ҳәр қайсысына таңланып иркиледи, олардың билиўге қумарлығына сүйинген Гладышев:

— Москвалылар патша Анна Ивановнаның той бериўлерин еле умытқан жоқ, — деп қойды бир ретинде — Ол Москва сарайы уллы Петр бириншиден алты есе көп қаржы шығарған еди. Бирақ Москваны онша жақсылай алмай Санкт-Петербургқа барыўға мәжбүр болды. Ҳәзирги патша Елизавета Петровна бул қалаға келсе, тек анаў ақ тас дийўаллы Кремльди көреди де қайтады.

Патшаға наразылық бәрше қол астындағылардың кеўилиндеги еримейтуғын тастай түйилсе де, Маман үндемеди, өйткени өзлери уллы үмит пенен киятырған патша жөнинде шеп пикир елшилердиң ҳеш бирине де жақпады, ҳәттеки, буннан соң Гладышев айтқан базы қызық әңгимелерге де дыққат кемитти.

Жағдайды бирден уққан Гладышев оларды Преображенский слободкасына баслап барды. Бул кәра, сыртқы көриниси бойынша аўылға мегзеген менен, оларға күтә унады.

— Уллы Петр биринши усы кәрада жасағанды оғада жақсы көретуғын болған, — деди Гладышев.

Уллы Петр биринши ҳаққында жаңа гәплер елшилердиң бәрине де унайтуғын еди, Гладышевтиң гәплерине қызығыўшылығы және күшейди.

Москвадан шығып баратырғанда Гладышев жолдасларын сөйлетиўге талапланып:

— Жигитлер, қалай унай ма? — деп қойды.

— Күтә әжайып, бай Москва, от тийип әйнеклери, төбелери жанып кеткен қара күйик жайлары менен, жесир қатынның мүлкине усайды екен, — деди Маман.

Батыл жуўап Гладышевке унап, мыйық тартса да мақуллаўға арсынғандай, үндемеди. Маман және сөйледи:

— Маған Кузьма Бородин айтқан Тула қаласының қурал-жарақ соғатуғын төс темирлерине қол тийгизип, Воронеж қаласының

кеме, корабль соғатуғын устаханаларын өз көзимиз бенен көрсек еди...

Гладышев өкиниш пенен ол қалалардың жолдан бурыўлығын түсиндирди.

Буннан көп иркиниш болмай Санкт-Петербургқа жол жүрис даўам етилди.

Дийдилеген қалаға жақынлаған сайын Гладышев, лаўлаған отқа, шағырайған ыссы қуяшқа жақынлап баратырғандай, өзин нақолай сезе баслады. Себеби, оның бар ҳамалы полктиң поручиги ғана. Ал Санкт-Петербургта патша сарайының жулдызлары оны менсинип сөйлей ме, жоқ па? Үш айдан аслам атлы сегбир тартып жеткен қарақалпақ елшилерин қабыл етсе, не жақсы! Егер писин қуртса, ой, қудай көрсетпегей!...

Ол бул ойларын тез умытыўға тырысса да бәри бир, басына қайта орала береди. Сөйтсе де ишине түсе баслаған музды Маманларға уқтырмаўға тырысты.

Тап оның ойлағанындай-ақ, жаздың ортанғы айы болыўына қарамастан, Санкт-Петербург қабағы үйилген ҳалда, думаны, силпилеген жаўыны менен күтип алды.

Бул кәрадағы тәбияттың өзгешелиги Дмитрий Гладышевқа мәлим еди. Сонлықтан оларға шараятты түсиндирип, елшилер ушын қонақ жай изледи. Жай табыў онша қыйын болмады, ҳәр әйнеги қарақалпақлардың орташа дәрўазасындай үлкен, атханалары бар жай Нева дәрьясының бойынан табылады.

Елшилер атларды жайластырып, жайдың ояқ-буяғын көрип, танысаман дегенше Митрий төре әлле қаяқларға кетип, суўық хабар менен келди.

Патша Елизавета Петровна қалалардың анасы саналған Киевке кетипти!

— Ҳеш гәп, күтемиз. — деди Маман.

— Бурыннан соңға елшилердиң тәғдирине жазылған нәрсе күтиў, — деди Гладышев.

Жайға кирип, чай ишип, аз ғана дем алып, атларға жем берип болған соң, қаланы аралаўға шығып еди, бәри бирден таңланды. Бағана, олар киятырғанда, көшелер адамларға лық толық еди. Еле күн батар алдындағыдай жақтылық болыўына қарамастан, көшелер босап қалыпты.

— Патша жасаған қаланың халқы ерте жатса керек, — деди Мурат шайықтың улы.

Әлле қайдан қоңыраў даўысы еситилди.

— Ҳәзир түн ярымынан аўыпты, — деди Гладышев.

— Ҳаў! — деп таңланды елшилердиң бири. — Түн ярымынан аўса неге бунша жақты?

— Биз Санкт-Петербургта турмыз-дә! — деди Гладышев күлип. — Бул ақ түн деп аталады.

Елшилердиң биразы ишинен кәлима шаадат қайтарды.

— Әй, даналар, — деди Полат жасаўыл айналаға қыргөбелек қарап алып. — Бизлер ҳәзир жердиң ең бийик шоққысында турсақ керек.

— Мениңше, бул қала жердиң ең бийик шоққысына ғана салынған емес, өзи уллылықтың ең бийик шыңы, — деди Сағындық баҳадырлар. — Бағана қалаға кирип киятырып абайладыңлар ма, көшелерде неше қыйлы түрдеги кийимлерде адамлар жүр еди... Сол өзге түслилердиң бәри де биздей уллы күш аңсап келип атырса керек.

— Бул жерде ҳақыйқат күш бар — көринип турыпты, — деп Полат жасаўыл Сағындық баҳадырға қарап мыйығынан күлди.

— Мениңше, бул қала пүткил әлемниң екинши Меккеси, — деди Маман. — Бахытлымыз!

Олар жатақ жайына қайтып келип орынлы орынларына жатса да, жүреклери шәўкилдесип уйқылай алмады. Таң азаннан және топарласып аралаўға шықты.

Қаланың орайы Нева дәрьясының шеп жағасында, Петропавловский қорғанынан Адмиралтейство қорғанына шейин созылған еди. Ең әўели оларды қызықтырған көринис Петропавловский қорғанындағы есапсыз солдатлар болды. Олардың бәри ҳаялларға тақаббил, ақ шашлы, еки өрим бурымы желкелерин жаўып турыпты. Орский қорғанының солдатларына усамайды. Олардың тек сыртқы көринислери ғана емес, суп-сулыў болып сапқа дизилип, бир адамдай қәдем таслап, олай-булай жүриўлери елшилерди айрықша таңландырды. Орыс солдатлары ҳаққында көп еситкен Маман, көп жүзлеген солдатлардың бир сапта, бир адамдай аяқ қосысып баратырғанын көрип, Петр Биринши ерип, тап усы қәлипте жаўға қарсы урысқа киргенлерди көз алдына келтирди:

«Мынаў бирлик, мынаў күш дүньяда ҳеш бир күштен жеңилмейди» деп қойды ишинен.

Жағадан ишкерирек теңизде турған көп корабльлерге көз таслады. Олардың ҳеш қайсысының ишине минип көрмеген менен

көп мачталы, желқомлы корабльлер бәршени узақ қыялларға жетеледи.

— Булардың урысы ертеклердегидей болатуғын шығар, — деди Полат жасаўыл.

Дмитрий Гладышев олардың таңланыўларына ырза кейип пенен, Адмиралтейство жайының төбесинде, қуяш нурына алтындай жылтырап көринген, көп ийнелерди көрсетти.

— Қандай шебер қурылысшылар ислеген! — деди Сағындық баҳадыр.

Көргенлери басына сыймай, кеўли ҳалласлап турған Полат жасаўыл:

— Жигитлер, — деди жолдасларына бурылып. — Усы ўақытта да Ғайып хан ийтлериниң тумсығына қан жағып отырған шығар-аў!

Ҳәмме дуў күлисти.

Дүньяның ең бийик шоққысындағы уллы қала ортасындағы қарақалпақлардың күлкиси пүткил әлемге ерси еситилетуғындай, бир-бирине қарасып, елиндеги ладанлықлары менен ҳеш дүнья көрмегенликлерин басқалар сезип қоятуғындай қысынысты, айырымлары алақаны менен аўзын жапты.

Олар тек алысырақ айналаға нәзер таслаў менен, өзлери ҳәзир ғана өткен темир көпирдиң еки ернегине исленген қиябанда сулыў болып өскен көк майса шөплерди аңғармаған еди, соңырақ көрип және ҳайран қалысты.

Сағындық баҳадыр бираз сарсық пенен гүрсинди:

— Ҳәтте, тасқа жасыл майса көгерген бундай тас дийўаллы, тас тырнақлы қалаларда биз түўе бабаларымыз жасап көрмегени өкинишли.

Бул Маманға жақпай, бирден шамырқанды:

— Өйдеме! Бабаларымыз бундай қалаларда жасаған! Ҳәзир сен кең жазық даладағы Жаңакентти көз алдыңа келтир. Жайхун дәрьясының бойындағы Аязқаланы көз алдыңа келтир.

— Жаңакент пенен Аязқаланың қандай болғанын тәрийиплеўши Мурат шайықтың әпсаналарынан, ертеклеринен басқа неси бар? — деди Сағындық баҳадыр жеңилгиси келмей.

— Өйдеме, Сағындық баҳадыр. Ҳеш қайсысы әпиўайы ертек я әпиўайы әпсана емес. Ҳәр қайсысы халықтың күшин белгилеўши естеликлер! Бизиң қалаларымызды жоқ қылған жаўгершиликлер кимлердиң еслеринде жоқ. Жөнекей неше қалалардың үстинен

жүрип, неше ойқанлықлардың излерин көрмедик пе? Рязань қаласын көргениңди, ол ҳаққында Митрий төрениң айтқанларын есле.

Олар усылайша қалада биринши көргенлери жөнинде қызғын ппкирлесиў менен, жатақ жайларына, дем алыўға қайтты...

## 4

Ақбийдай ақыллы шықты. Бай қызларына тән минезде шекшиймейди. Аманлықтың отаўы ҳәм мал-дәскеси жоқлығын кисиге билдирмейди, ылашықтың әтирапы минтаздай, тил менен жалап алғандай тазаланып қалды. Елди шыны менен ҳүрметлейди. Оған ҳәр бир ғарры «ата», ҳәр бир кемпир «ене». Ҳеш кимге аўыр сөзи, қатты даўысы жоқ. Қоңсы-қобалардың, аўыл ҳаял-қызларының кейпине қарап тойдан соң ҳасыл кийимлерин шешип, гөне-көксилер кийди. Хызметкер күтпей-ақ отын-шөпке өзи айланып кетти. Мурат шайық еншиге еки қозы берген еди, соларды жетелеп бағады. Үйдеги дыққаты бийкеши — Алмагүлде, өзиниң бар сулыўлығын, адамгершиликтиң өзи билетуғын үлгилерин оған бергиси келеди. Оның жетим балалар менен болып, дүз баласы минезинде өскенин есапқа алып, әлпайымлық пенен қасында отырғызып, басын жуўдырады, мейиздей қара қалың шашларын сыйпалап тарайды, ҳәр күни ҳәр муқамға дөндирип өреди: себет бурым, майда бурым, қос бурым, тақ бурым. Алмагүлдиң шашлары еле қысқа, тек желкесин ғана жабады. Майда бурымлардың оған жарасатуғыны соншелли, Алмагүл көрикленип кетти. Гүлше жүзи ағарып, қыйылғандай қойыў қара қаслары үйилип, тебен кирпиклери арасында кеседей көзлери ойнақшып, базда уўдар-дуўдарланатуғын шашлары жылт-жылт еткенде ким, — «мениң қызым болса екен» дегендей шырайланды, Ол жеңгели емес, аналы болғандай. Жеңгесиниң гүмистей сыңғырлаған нәзик даўысларына еликлеп гәп айтады, бул сөзге Ақбийдайдың өзи түўе қапталдан тыңлаған тас баўырдың да кеўли елжирейди, және еситкиси келеди. Өзгелер таза келинниң усы ислери ушын да жақсы көрип, гәп қылысады, ҳәттеки, өткен тойда еки ел бийлериниң қыз алысып — қыз берисиў жөниндеги жақсы келисимлерин еситкен базы бир кемпирлер арнаўлы келип, балаларына келин қылғандай қандай сиңлилери барлығын сорайтуғын болды. Ақбийдай бундай жағдайда ҳәр қашанғыдан кеўилленеди, кеўилленсе, ол ҳәр қашанғысынан сулыў, жүдә ықлас пенен аңқаўланып гәп тыңлағанда, қаймақтай жука ерни сәл салбырап, дизген маржандай аппақ тислери көринип, сүтке жуўған

қызыл алмадай жүзиндеги күлегеш шуқырлары ойылып, көзлери күлимлеў менен жүдә мүләйим жуўап қайтарады:

— Қазақта қыз көп, ене, балаңыз маллы болмаса да жигерли болсын. Ел ағалары татыў болсын.

Ақбийдай елдиң усындай жақсылық кейпин сорамай-ақ түсинип, аўлағында жағасына түпиринеди:

— Елге бахыт қараған жылы келиппен, алла, өзиң бахытлы қыл.

Маманларды узатыўшылардың алды келе баслағанда Ақбийдай да, Алмагүл де, Аманлықты асығып күтпеди. Себеби, ол хәммеден де алысқа жолдас болып, арманырақ узатыўы керек. Сөйтсе де ,олардың шыдамы ада болып, күйде жолға қараў менен келиншеги де, қарындасы да азып, үмитлери үзиле баслағанда, Аманлық пайда болды. Аты да, өзи де сылынып, сүйеклерине тақалған. Бул бир ғана жол азабына усамайды. Ақбийдайдың көзлери апалақлап қорқып кетти. Алмагүл шыдамай сорады:

— Әжаға, аўырдың ба?

— Жоқ, — деди Аманлық қысқа. Сөйтти де қаптал беттеги тери төсектиң үстине сулап жатты.

Деген менен, көкирегинде бир сырлы әндийше сақланып қалғаны екеўине де аян, анығын сораўға батынбады.

Аманлық ойлы көзлери менен ылашықтың ишки тазалығына, нарт тоғай талдан соғылған шалдыўардың қурымсыз, тап бүгин шаўып әкелингендей етип жуўылғанына, балалар менен келсе шаңғытып жататуғын еденниң сыбалғанына, таза ошақ салынып, айланасына алақшынлар қағылғанына жүдә кеўиллилик пенен қарап жатырған менен, кеўил әндийшелери парасат бермейди. Ойландырыўда. Айрықша, хан менен ушырасқандағы, оның зәҳәрли патас гәпи. Еле ҳәм жақсы, Ақбийдайы пәк шықты. Болмаса, болмаса, өмир-өмиринше жанына түскен жеги болар еди, сол гәплер. Сондай гәплерди хан түўе, жай адам тилине басар ма? Кимге шағыныўға болады? Пәтиўасыз ханның үстинен тек қудайға шағынасаң, басқа илаж бар ма? Аманлық түўе, бир келата ел — Қоңырат руўының анаў тартыслары. Бәрине пәзне басып отырған, руўларды жорта бөлшеклеп отырған ханға, кимниң күши жетип отыр?... Маңғыт руўы да оған ҳештеңе дей алмай посып баратыр.

Аманлық усындай қыяллар менен қозғалмай, узақ гүрсинип жатып, ишки әндийшелерин ҳеш кимге ақтармаўға қарар етти.

«Кимге ақтараман? Ким бөлиседи? Ақбийдайым ба? Алмагүлим бе? Еситсе, оларға да жеңил түспейди. Ханға кимниң дады бар? Убайдулла бийдиң руўы посып кеткенин айтып та булардың кеўлин жараламайын... Маманлар келгенше тек жақсылыққа исенип жасаў керек...»

Ол усы шешимге келип бир гүрсинди.

Сөйтсе де қыяллары тоқтаў таппайды...

Бир жола, және иши ашып жатып, ылашықтың оң қапталына иштен тутылған шийге сүйеўли бир қысым қызыл шыбықты көрди. Нарттан шабылған. Сипсе емес. Буўылмаған. Қатара жайып қойыпты. Қызықсынды.

— Анаў не шыбықлар, жаным? — деди сырттан ҳәзир кирген қарындасына.

Алмагүлдиң гүлше жүзи қызарып, айтарын да, айтпасын да билмей, аз ғана гидирди, бирақ жалғыз ағасы алдында бир нәрсени қыпсалап көрмеген жан ырасынан келди.

— Кишем әкелип қойыпты, әжаға.

— Не ушын?

— Сениң ашыўлы қайтып келип «еле кеўли жубаныш таппағаны ушын, набада, маған қәҳәрленсе, урғысы келсе, әжағаң шыбық таппай қалмасын» деп кишем әкелип қойыпты.

Аманлықтың езиўинде күлки пайда болды. Сонша күн жанын қыйнаған ойлары биротала естен шығып, ашылысты. Бир дәсте отын менен кирген келиншек ериниң кеўилли жадырап отырғанын көрип қуўанды.

— Гүрсинбеўиңди соранаман, бегим, — деди Ақбийдай. — Адам баласы гүрсиниў менен, налыныў менен бахытлы болғанда, дүньяда бахытсыз адам болмас еди.

Келиншегиниң ақыллылығына Аманлық димарланғандай болды, тикейди.

Далада, ылашығына арқасын берип, Избасар баҳадырлардың үйи таманға қарап еди, оның ат ертлеп атырғанын көрди. «Қоныратлардың бузық қыялынан сезикленди ме екен?» — деп бираз қарап турды да, оны көрмеген болыўы ушын, жоқары қарады. Аспан гиршиксиз еди, бәҳәр қуяшы көзлерин қамастырды. Бийшара ол, қай ўақытта өз ылашығына жаўырынын қаратып қуяшқа еркин қараған? Көзлериниң қуяш пенен соқлығысғанына қуўаныштан уялғандай арқаға бурылып, таў етегине нәзер таслады. Ҳәзир ғана қуяшқа қамасқан көзлери таў етегиндеги Бектемирлердиң қосын

көрмеди. Аманлық өзин зорламады, жәнe Мурат шайықтың отаўы таманға бурылды.

Усы демде, әлле қайдан шаршап, ийинлери салпаўсырап киятырған Мурат шайық аржағынан атлы келип:

— Аманлық, — деди селқослаў даўыс пенен. — Билесең бе... Сен қарақалпақлардың «орта дәрмиян шаңарағы» болдың. Туўры Ешнияз ахуіға бар. Мени жиберди де. Жаңа шаңырақ болған адамıың қалай жүрип-турыўын үйретеди.

Шайық басқа сөзге келмей алға жүрип кетти.

«Орта дәрмиян» деген сөз Аманлықты ҳәм қуўантты, ҳәм муңайтты. Қуўанышы — адам қатарына саналып Ешнияз ахунның тәрбиясында болады, муңайғаны — енди Бектемирлер менен ашылысып араласыўға еркинлик жоқ. Ешнияз ахун не буйырса, соны ислеп жүреди.

Ешнияз ахунның ислететуғын жумыслары оған мәлим еди. Отын шаптырады, егин атызларына ҳәрем туттырады, мал бақтырады, ал келиншегине дигирман тарттырады, нан жаптырады, тамақ писиртеди, бос ўақтында намаз үйретеди, ерли-зайыптың ўазыйпаларын үйретеди, қоңсы-қобалар менен, балалы болса, балалары менен, қандай мүнәсибет тутыўды үйретеди.

Ол шайықтың буйрығын тәрк етпей, сол күни-ақ Ақбийдайды ертип Ешнияз ахундикине барды.

Жас ерли-зайыпқа бул жумыслар онша үйреншикли болмаса да көнди...

Усылайынша ахунның жумысларын тынымсыз ислеп, азып-тозып жүргенлеринде, Аманлықларды Айғара бий шақыртып атырғаны ҳаққында хабар келди.

Олардың руқсатсыз кетиўи мүмкин емес еди. Азған, еринлери қаязыған Аманлық Мурат шайыққа кетти.

Маманлардан еле хабар жоқлығына иши от болып жүрген шайық ең болмаса жақын орыс қаласынан хабар билип қайтыў ушын улы Хелўетти Оренбургқа узатып, үйине қайтып киятырған еди.

Шайық оның келбетинен Ешнияз ахунға жырымсыз хызмет еткенин көрип сүйсинди де:

— Мейли, барып қайтыңлар, — деди. — Лекин, абайла, бизиң бир шаңырағымыз есабынан олардың бир шаңырағы артатуғын болмасын.

Аманлық шайықтың кеңесин көкирегине яд тоқыйтуғынын айтып ийилди...

* * *

Айғара бий өзиниң мийнет сүйгишлиги, кишипейиллиги, адамға мийримлилиги менен өз руўының муҳаббатына ерисип бий атағын ханнан емес, руўынан алған адам. Даў-жәнжелди бәрҳа әдил шешкени ушын ҳәмме оны «Айғара бий» атап жиберген, оның үстине минезиниң жайдарылығын, қонаққа барса, орын таңламайтуғынын және бир жақсы таманы деп түсинеди, журт. Жунғарлар шабыўылында ол жас жигит еди, әкесиниң төрт түлик малы менен болып, көп шопан, падашы, кәрўанлары менен бирге бир қасық атысқан, бир зереннен бөлисип сорпа ишискен. Әкеси жунғар урысында өлип, барлық дүньяның ийеси өзи болып қалды, лекин, ол қасық атысқан адамларын умытпады... Өмиринде ол жалғыз қызалақлы болды. Оның атын Ақбийдай қойыўының себеби, Айғара бий атызда биринши бийдай орағын баслаған күни, изинен қатық әкелген ҳаялы бийдай атызда толғатып, атызда көз жарды. Орақшылар жыйналып қызалаққа Ақбийдай деп ат қойды. Қызалақ жоллы шығып, сол жылғы қырманы ҳәр қашанғыдан тасқын болды. Бий соннан баслап бийдай орақ басланарда қызын атызға шақыртып, биринши дәстени соған салғызар еди. Быйылғы шақырыўының да себеби сол, оған биринши дәстени салдырса болды, қәлесе ертеңине қайтарады. Басқа емес, арнап соқтырып қойған отаўын берип қайтарады.

Айғара бий қызы менен күйеў баласын көргенде жүреги суўлады. Не болған? Сүйеклерине тақалғанынша азыпты. Жақлары қуўсыйған, ет жоқ. Ҳәр бети сулыў, пискен алмадай қызарып жүретуғын ақ бозлақ Ақбийдай қуўырылған бийдайдай болып қалыпты, узын қара Аманлық пискен бийдайдың талшығындай сарғайыпты.

Меҳир жүрекли ата орта дәрмиян шаңырақ атанған жас жуптылардың жағдайына түсинип, ҳештеңе сорамады.

Ақбийдайдың келгенинен пүткил аўыл хабарланып, таң атыў менен аўыл арасындағы дийқанлардың шадлы қосығы жаңлады. Бул зүрәәт қосығы, бул иске шақырық еди.

Айғара бий азанда қызы менен күйеў баласын ертип, бийдай атызына қарай жол баслады. Олардың изинен шоқ-шоқ дийқанлар ерди, кеўилли ерди.

Ушы-қыйырсыз сары теңиз киби толқынлаған бийдайлық Аманлықтың да, Ақбийдайдың да ҳәм шаршағанлықларын, ҳәм

әззиликлерин умыттырды. Атызға жақынлағанда бәри тез-тез асығыс қәдемлер таслады. Ақбийдай атызға кирип ҳәр жылғы әдети бойынша өзине тән жағымлы, узын ырғақ пенен:

«Ерир мениң алдымда бийик жар тас,
Бийик жар тас!
Гүмис қылшық ақ бийдай қойныңды аш!
Доланып тас,
Дәниңди шаш!...»

— деп ән шырқап, еңкейе сала, шеп қолы менен бийдай қамтылап орақ сермегенде, пүткил атыз бойлап қатара орақ услап турған мыс денели дийқанлар:

«... Гүмис қылшық ақ бийдай қойныңды аш!
Доланып тас,
Дәниңди шаш!...»

— деп Ақбийдайға үн қосып жапырыла ис баслады.

Терең жүреклерди тербелтип жаңғырған ән әлемге қозғаў салып, өлпең самал ести, гүмис рең пақаллар ырғалып, бирин-бири қуўған теңиз толқынындай шайқатыла, күшли әнге саз қосып сытырлады.

Қуллыпәрең орақ басланды.

Кеште жас ерли-зайып жаңа отаўға киргизилди. Бул атасы Айғара бийдиң оларға арнап тиктирген отаўы еди. Ишинде төсеклери де саз.

Аманлық өз көзине еле исенбей далаға шықты.

Бул отаўдың орнында бурын қамыс қос бар еди, ишинде сүзбе қалталар илинип қойылатуғын еди. Ол сол қамыс қостың ығына жасырынып, қарындасы Алмагүл менен сүзбе қалтаға қол суғып, талай-талай жалап қашқан... Ал, ҳәзир ше?...

Изинен ере шыққан Ақбийдайға сыбырланды:

— Маманға ырзаман! Әй алла, мениң ата-анам жасай алмаған жасты Маманға қосып бер! Ақбийдайым, гүмисим, иренжип жүрме, сени маған, қыйған атаңа ырзаман, сени туўған анаңа ырзаман, елиңе ырзаман!

Соң жаңа отаўда жыршы айттырылып той берилди.

Келеси күни Мырзабек, аўылының үш жигити менен бирге, Аманлықты Седет керей аўылына қыдыртып кетти.

Айғара бий қызы Ақбийдайды отаўы менен, Мурат шайыққа да арналған сыйлар менен үйине қайтарды...

## 5

Патша Елизавета Петровна Киевке сапарынан еле қайтқан жоқ.

Қарақалпақ елшилери ҳәр күни азанда патшадан бир жаңалық болар деген дәме менен күтеди, бир айдан аслам күтти. Ең жақсысы, күтиўде өткен ай оларға онша зеригерлик болмады. Азанда турыўдан кешке шейин қаланы аралап, ҳәр күни өзлеринше бир жаңалық табады.

— Қала маған кем-кем унамай баратыр, — деди бир күни кешке таман Сағындық баҳадыр. — Бул тас жаплардың, шойын көпирлердиң, әйдик қурылыслардың ҳәммеси сорлы дийқанлардың табан ети, маңлай тери...

— Гәп онша онда емес, — деди Маман оған изин айттырмай. — Биз буннан адам баласы, орыс халқы неге уқыплы екенин көрип жүриппиз.

— Патшалар тек усындай салтанатларға кеўил бөлгени ушын қол астындағылардың ҳалын билмейди-дә! — деди Полат жасаўыл Болмаса, Кузьма Бородинлер бизде тутқын болып жатармеди? Оны да өзлеримиз босаттық!

— Олай демеңлер, — деди Маман оларда басқаша көзқараслар пайда болғанын жақтырмай. — Кеше уллы Петр бириншиниң өзи жасаған жайын көрдиңизлер. Бир жағы устахана, екинши жағы жатақхана... Патша қол астындағылардың ҳәммесин санап, биримлеп көрип жасаўы қыйын. Ким қандай апатқа тап болса, өзи айыплы. Ҳәр ким өз елине, өз патшасына сөгис келтирмей жасаўдың ғамын жеўи тийис.

Гәп кесилди.

Петербург бойлап жаңа хабар тарқады:

— Патша қайтып келипти!

Буған қуўанысқан қарақалпақ елшилери асығыслық пенен далаға шығып, қаланың кейпин бақлады.

Темирден көзгенекли ҳәремше тутылған. Жазғы бағқа қарай дуйым журт ағысы басланыпты. Жазғы бағдың биринши, екинши, үшинши дәрўазалары ашылып, қаланың үлкен ҳәмелдерлериниң ат жегилген күймелери де дизилисип солай баратыр.

Маман баслаған елшилер де шалт жүрип келип, халық ағысына қосылды.

Жыландай ийретилген көк отлар изли-изинен аспанға атылып, майда-майда ушқынларға айналып, жерге түсип атыр. Елшилер

әўелинде бул отлардың мәнисине, не екенине түсинбей, ҳаўлығысып еди. Там басларына, бийик болып өскен ағашлардың шақаларына түскен ушқынлардың ҳеш қайсысы алыспай, өшип атырғанын көрип, ҳайран болысты.

Петропавловский бастионы таманнан аспанға оқлар атылды. Айналаға жыйналған халық қуўанышлы «уралап», қалада Елизавета Петровна барындағы «мәңгилик» байрам, ҳаял патшаны қуўантатуғын ҳәр қыйлы көринислер басланды.

Маман бул көринислерге қарап турып азмаз ҳаўлығайын деди: Қалаға кирген қәдеми пүткил қала халқын тик аяққа турғызып, аспанды гүңирентип топ атыўлар, қала үстинде көк жалын от ушқынларын шашыратыў (фейерверк) салтанатын турғызған уллы патшаның алдына ол қалай киреди? Саҳрайы қарақалпақ пенен дийдарласыўды ол өзине минәсип көре ме, жоқ па? Оның үстине, бир ҳәптеликте ғана Митрий төре қалада тараған бир гәпти айтып келген еди: Уфада башқуртлар көтерилис шығарған-быш, Уралдағы Шувалов ҳәм Демидов заводларында ислеўши башқурлар басы байлы (крепостной) орыслар менен биригип көтерилис қылған... Патша енди сол көтерилисшилерди бастырыўдың ғамына кириссе, буларды қабыл етиўге ўақты болмайды.

Ойласарға Гладышев жоқ еди. Ол жолдасларына өзиниң қыялы арсарлығын уқтырмаға тырысып, жайға қайтты. Басқалар да ерип қайтып ҳәр ким өз орнына жайласты.

Маманда үн жоқ, темир деп услайжақ ҳасасы жанып баратырғандай, тула бедени күйинип, жолдасларына не дерин билмей отырғанында, әлле қайдан кеўилли Гладышев кирди.

Елшилердиң ығбалына Дмитрий Гладышев көбинесе олар менен бирге жүрип, бирге қыдырмаса да, ис питириўдиң ғамында тынбаған еди. Патша Киевтен келемен дегенше Мәмлекетлик Он еки коллегия жайласқан жайлардың ол ашпаған есиги, атламаған босағасы қалмады. Ҳәр бир коллегияның жайына кирип, қарақалпақлар жөнинде айтып, түсиник берип талай тартыслы сөйлесиклер жүргизди. Арасында олардан жоқары орынларға да кирип үлгерди. Ақырында, мақсетин бир жөнкилли етип, ҳәзир Маманға келип турғаны еди.

— Қәдирли Маман! — деди ол қуўанышлы. — Есиңде ме... гәп қойдың қасқырларды жегенинде емес, қалай жегенинде... Дийдиге жақынладым. Жоқары лаўазымдағы төрелер, Сырткы ислер бойынша коллегия сизлердиң арзаңызды қарады, мақуллады.

Сөйтип 12-август күни ҳүкимет сенатының пикирин алыўға усынды. Усынысларында қарақалпақлардың орыс патшалығының қол астынан алыслығы тийкарғы мақсетке бираз кесент келтиретуғыны айтылса да, сизлерге «болмайды» деў патшалыққа минәсип емес деп көрсетилди, Аўа, Маман, шынында да, аз санлы деп қарақалпақлардың талабын қанаатландырмаў патшалыққа минәсип емес! Абайлайсыз ба, гәпте дуз бар! Сонлықтан сизлердиң ханларыңызға, султанларыңызға Коллегия тәрепинен Жарлықнама (грамота) жазылып қойылды. Сәне есиңде ме, ертең 12-август! Қалай, ырзамысызлар?

— Қудай сизге узақ өмир берип бахытлы қылғай, — деди елшилер жабырласып.

Буннан кейин Гладышев Сыртқы ислер бойынша коллегия хызметкерлеринен еситкенлерин баянлады. Оларда бурыннан бар хабарлар бойынша қарақалпақлар көп орысларды тутқында сақлап отырған-быш. Жарлықта сол тутқынларды босатыўды ескертип, тутқыннан азат етилгеп орыс сорамының хәр бир адамы ушын, босатыўшы ханларды, төрелерди, султанларды, бийлерди сыйлықлаў ушын қаржы ажыратыўды Оренбургтағы Нефлюевке тапсырған хат таярлапты. Оннан тысқары мәмлекетлик сенат буйрық шығаратуғын болыпты.

Полат жасаўыл бул жаңалыққа айрықша қуўаныш билдирип, қолда бар орысларды хештеңесиз босатып, Маманның асығыслық ислегенин ескертти.

— Полат жасаўыл! — деди Маман сәл даўысын көтерип. — Аты суў болғанға шөлим қансын деп теңиздиң суўын ишиўге болмайды ғой!

Елшилер Маманның сонда дурыс ислегенин айтып қайта жабырласты. Сонша айлап жол жүрип келгендеги мақсетлери орынланғанына қуўанысып, бүгиннен баслап олар ушын аспаннан дәрўаза ашылғандай болды. 14-август күни оларды патша Елизавета қабыл ететуғыны айтылып, Маманның изинен Сарай күймеси (фаэтон арба) келди.

Дмитрий Гладышев пенен Маман киргизилген жай ең сулыў жай екен. Оның темирден кереге көзленген үлкен әйнегинен Нева дәрьясы көринип турыпты. Маманды әўелги пәтте хаўлықтырған жағдай — жайдың едени болды. Алтын реңге боялған еден айнадай жылтырап, жүзиң көринеди. Олар кирген босағада-ақ бирден иркилип аяқ кийимлерин шешти.

Маманға ең биринши рет мәмлекетлик канцлер (бас ўәзир) Алексей Петрович Бестюжев таныстырылды. Канцлердиң алдында Маман Гладышевке қарағанда өзин күтә еркин сезди, себеби Бестюжев ҳә дегеннен-ақ Маманға жақсы мүнәсибетте болып, әлпайымлық пенен, елшиниң жаслығын айрықша ескертип те қойды.

— Сиз, мен қәтелеспесем, Маман батыр болсаңыз керек, — деди канцлер айрықша жумсақлық пенен. — Елши болыў күтә ҳүрметли ис. Муҳаммед пайғамбер-әм қудайдың елшиси деп аталады. Мениңше, ол да онша ғарры болмаған.

Бестюжевтиң дилмашы айтылған гәплерди тез түсиндирди. Маманға «батыр» деген сөз унады. Ол Муҳаммед пайғамбер деп қырқ жасында пайғамберликке ерискенин билмейтуғын еди, ал Бестюжев шамалап айтқан еди, сөйтсе де, Маман бул гәплерге онша марапатланбады. Азмаз ойланыңқырап, жуўап қайтарды:

— Мырза канцлер, дана көринесиз. Даналық ең уллы билим! Бундай билим пүткил аспанды тазартып, бәрше халықлар үстине тон, қуяш түсире алады.

— Мырза, батыр, билесиз бе, мусылманлардың қураны бизге де таныс, — деди Бестюжев және әлпайымлық пенен. — Қуран уллы патшамыз Петр бириншиниң буйрығы менен орыс тилине аўдарылған.

— Петр биринши де, Сиз айтқандай, Муҳаммед пайғамберге усаған қудайдың уллы елшиси... — деди Маман орысшалап.

Маманның артында турған поручик Дмитрий Гладышев оның жуўабына қуўанғанынан бақырып жибере жазлады. Ал Бестюжевтиң артында турған Сыртқы ислер коллегиясының баслы хызметкери саҳрайы жас елшиниң жуўабына ҳайран қалып қасларын керди.

Соның арасында кең есиктен уллы патшаның өзи көринип, ҳәм ләм-мийимсиз бас ийди. Сарай гвардияшылары орынларында қағылған темир қазықтай қатып қалды. Тек Маман ғана олардың ислегенин ислемей, Петропавловский солдатларына усатып басына көк пәрик кийген. Жазғы бағдағы мәрмәр тас ҳаялларға мегзеп, бәҳәрдиң ақша қарындай көйлеги астынан көкиреклери тырсыйған ҳаялға таңланып, орнында ағаштай сәррийди. Патшаның усындайлығына Маманның ақылы уғрас келмей, оның жер сызып елпилдеген етеклерин, қушақ жеткисиз турқын, тахт орнына көк липас жабылып қойылған креслоға қандай салтанат пенен

отырғанын қыймылсыз бақлап, егер усыннан далаға шықса, аяқларын көтерип атқа мине алмастай дәрежеде сезинди.

Елизавета Петровна бирден-ақ Маманды қос жанары менен шолып, елшиниң қыялларын толық түсингендей, бирақ жаслығына ырзалық кейпин көрсетти. Маман жас болса да, ийинли, омыраўлы, сарай гвардияшысы болыўға күтә ылайық еди. Маманның жолбарыс қарасын, қарапәреңнен келген сулыў мүшелерин көзден өткерген патша ишинеп оны атақлы әскербасылар туқымынан болса керек деп ойлады ҳәм оған мыйық тартты. Оның бул мыйық тартыўы қанша гүмилжи, жансыз болса да, сарайдағылар оны жақсы түсинетуғын еди.

Бестюжев дилмаштың жәрдемин талап етпестен, көзқараслары арқалы Маманды патшаға таныстырды:

— Сизиң уллы дәргайыңыздағы елши ақыллы, жасынан артық түсимпаз десем қәтелеспеймен...

Маман Бестюжевтиң сөзлеринен кейин өзин нығырақ тутып, еркинирек сезинди ҳәм айрықша тең салмақлылық пенен жуўап сөз сөйледи.

— Уллы патшайым, бизди уллы дәргайыңызда қабыл етиўге минәсип көргениңиз ушын, саҳрада жетимсиреп жүрген мениң кеўли пәк, жапакеш аз санлы халқымды уллы патшалықтың қол астына алыўға келисим бергениңиз ушын, сизге шын кеўлимнен алғыс айтаман. Ендигиден былай мениң халқыма уллы патшалық меҳириңиз бенен бәрҳама көзқулақ болып турыўыңызды өтинемен.

Патшаның атынан канцлер Бестюжев сөйлеп уллы патша қарақалпақ ханлары менен султанларының талабын қанаатландырып, қарақалпақ халқын патшалықтың сорамағына қабыл етип, патшалық меҳирин салыўды өзине миясар көретуғынын билдирди.

Дилмаш олардың сөзлерин түсиндирген соң патшаның өзи сөйлеўге мейилленди.

— Айт, мырза елши, — деди патша қызығыўшылық нәзери менен. — Сениңелиңде ҳаяллар да, еркеклер де сүйисиўди билмейди, бир-бирине ушырасса, тек ийискесип қояды, деседи, ырас па?

Маман бул гәпте масқаралаўдың изи бардай сезинип патшаның жүзине тикке қарап турып, жуўап қайтарды:

— Уллы патшайым, ақыллылар қараңғыға қарап оқ атпайды...

Дилмаш Маманды дурыс аўдарса, патшаға, билмейтуғын нәрсеңиз ҳаққында гәп қозғап не қыласыз, деген мәниде аңланатуғынын билип, екиленип турды да:

Ҳүрметли патшайым, айтқаныңыз дуп-дурыс деп атыр, — деди.

— Басқа еллерге усап сизиң елиңизде де сулыў ҳаяллар бар ма? — деди патша.

— Бар, уллы патшайым, — деди Маман Елизавета Петровнаның көзлерине және тикке қарап турып. — Олар жуқа жипектен кийинбесе де, сулыў!

Дилмаш және наќолайлыққа түсип қысылса да, екиленбестен:

— Бәри сиз ойлағандай, деп атыр, уллы патшайым, — деди.

Ҳәр жуўабында Маманның тәғдири қыл үстинде турғаны тек Гладышевке ғана түсиникли еди.

Елизавета Петровна және мыйық тартты: бул сапары оның кейпи «еле жассаң, елши, өз теңлеслериңе усап тиклигиң менен кеўилсизлик туўдырасаң, лекин, көп жортсаң, шапқыр ат боласаң», деген мәнини аңлатты. Сөйтип ол Маман әкелген сый-сарпайларға көз қыйығын таслап, оларды кимлерге инам етиўи кереклигин өзинше ойлап, орнынан тикейди.

Адамлар және екиге бөлинип уллы патшаға жол ашты. Елизавета Петровна түргелип атырып, елшиге және бир мәртебе жеңил нәзер таслады да, бурылып баратырып езиўинен сәл-пәл мыйық тартты. Бундай жағдай сарайда сийрек болатуғын еди, егер болса, истиң табыслы шешилгенин аңлататуғын еди.

Патшаның изинен канцлер Бестюжев те кетпекши болып Маманға қол узатты. Маман патша менен, канцлер менен ушырасқанда өзин қалай тутыўы кереклиги жөнинде Гладышевтиң алдын ала айтқан кеңеслерин еслеп, канцлердиң қолын қатты қыспастап, силкпестен, әстен ғана еки алақанының ортасына алып, ҳүрмет пенен бас ийди.

— Мырза батыр, — деди Бестюжев сәл гидирип. — Ҳәрекетлериң күтә батыл екен, бирақ умытшақ көринесең. Сөзиңде Абылқайыр ханның аты еситилмеди ғой? Бул не қылғаның?

— Дурысын айтсам, бизиң дәстүримизде, динимизде үлкен аға менен сөйлесип атырғанда кишисин гәпке араластырмайды, — деди Маман қәддин онша өзгертпей. — Жасы үлкенге қарсы келиў гүна болады.

— Биз де усы дәстүрди тутамыз, — деди Бестюжев. — Немецлер де, француздар да, Англия елшилери де усы дәстүрди тутады.

— Ақыллы, дана әке балаларының ишиндегисин тез уғады, кишкене баласының басында пайда болған ақылдың бир дәнин

сезсе, суўырып алып, өзиниң жан сезиминде көгертетуғын пайытлары да болады.

Бестюжев қасларын керип, еринлериниң шети менен көп мәнили мыйық тартты. Маман қолларын көкирегине басып турып, гәпин даўам етти.

— Бизди бир қудайдың өзи кеширсин... ҳақыйқатын айтсам, биз Абылқайыр ханның кийимине астар болғымыз келмейди. Кийим болсақ, кисини жылытатуғын ҳәм көркин шығаратуғын сыртқы кийим болғымыз келеди. Ыдыстағы ыдыс, қаптағы қап болғымыз келмейди... Биз усы ўақытқа шекем Абылқайыр ханның ишин буўған белбеўимиз, сол белбеў шешилсе, халық онша жақсы болмайтуғынын Абылқайыр хан түсинеди де.

— Мырза батырым, — деди Бестюжев бираз бийпәрўалық пенен. — Сениң хан менен жарысқың келе ме? Қасқыр менен қулан қалай жарысқаны ҳаққында ертек еситпегенбисең?

— Биз қазақлар менен бир қаўынның ҳәр қыйлы тилигиндей халықлармыз, — деди Маман пикиринен қайтпай. — Бирақ қарақалпақлар, (орысша ески аты «черные клобуки» болған) ҳәзирги Абылқайыр хан түўе, Тәўке хан түўе, Шыңғыс хан дүньяға келместен бурын-ақ бар болған, орыслар менен ийинлесип жасаған. Ол ўақытта уллы Русь ели болған, ол ўақытта Киев болған, Москва болған... Мине, енди Санкт-Петербург бар, — деп Маман гәпин туўрылады. Бизге ай емес, қуяш керек, қуяшты күсеймиз!

— Түсинемен, түсинемен, — деди Бестюжев бирден даўысын көтериңкиреп.

Оның даўысын көтериңкирегени артында турған Сыртқы ислер коллегиясының баслы хызметкерине «сен де түсин», деген мәниде көрсетпе еди.

Усылайынша сарайдағы ушырасыў тамам болып, үш күннен кейин Маманларды патшалықтың мийрасхоры, келешектеги патша Петр үшинши қабыл етти.

Бул сапары Маманды ҳайран қалдырған жағдай болажақ патшаның келбети болды: Маңлайы шуқыр, шекелери исикке усас, еринлери түрик, бир қараста жаңа туўылған балаға мегзейди, көзлерин ақ басып кеткендей, карашығы биздей өткир екен.

Петр үшиншиниң ақылы кем болып туўылғаны, пәмсизлиги, гүртлиги ҳаққында Гладышев көп еситкен еди. Оның менен ушырасыў белгиленгеннен баслап-ақ жан сезимине ҳаўлығыспа тийип, қорықты. Себеби, ақылы кем басшы бәрҳама қәўипли,

төбеңде салбырап турған қылышқа мегзейди. Сол ушын оның менен сөйлесер алдында Маманға әлле қандай деп кеңес бериўге де тартынды.

— Илажым жоқ, ушырасыўға туўра келеди, — деди.

Маман бул сапары оғада қысқа сөйледи, себеби уллы патша менен сөйлескеннен кейин қысқа гәптен ҳештеңе уттырмайтуғынын түсинетуғын еди.

Мийрасхордың атынан обер-егермейстер Брендаль жуўап сөз сөйледи. Ол сөйлеп болғанша мийрасхор биресе, мисли жабайы ат көргендей, биресе, сулыў, бирақ жумбақ ҳаял көргендей, Маманға тигилип, бул саҳрайы, жуўылмаған қасықтай көринген елшини ақыллы патша Елизавета Петровна қабыл етиўди өзине қалай миясар тапқанына ҳайраны шығып, ойланып отырды.

— Қалай, мырза, саған Санкт-Петербург унады ма? — деди мийрасхор бирден немецшелеп. — Саған көбирек унаған нәрсени айт?

— Петербургтың өзин, солдатларын, парад майданын сүйип қалдым... — деди Маман ойланбастан.

— О! О! О! — деди ол айрықша таңланып, ҳәр «О» дегенде қарны гә томпайды, гә пәсейди. — Аза-мат! — деп турып, бирден немецшелеп бир нәрсе айтты. Буннан соң мийрасхор иргежейлиниң қолындай кишкене қолларын серменип, ғарқ-ғарқ күлди де, Маманға бир гүмис теңге услатып кетти.

Далаға шыққаннан кейин Гладышев бурын қылмайтуғын қылығып қылып, мийрасхордың алдынан аман қутылғаны ушып қудайға мың қәтле шүкирлик әйлеп, қоллары менен шоқынды.

— Мийрасхор соңғы сөзинде не айтып кетти? — деди Маман мыйық тартып.

— «Шайтан урсын!» деди.

Маман мырс етип күлди.

— Маман, даналығыңа және тереңирек исендим. Сен оған Петербургты сүйемен деп оғыры дурыс жуўап бердиң.

— Петербургты сүйетуғыным шын!

— Сүйиклим, билесең бе, оның өзи Россияны, орыслардың пүткил үрп-әдетин жек көреди. Егер сол мийрасхор тахтқа шықса, Россияға сондай бахытсызлық келеди, қудай көрсетпегей!

Маман үндемеди.

Сарайда болған ушырасыўларда Гладышев бәрҳама Маманның көлеңкесинде қалатуғын еди, келеси күни Маман оның ийнинде капитанлық белги көрип қолларын қатты қысып қойды.

Арадан көп өтпей, оларды сыртқы ислер коллегиясының сарайда Бестюжев пенен бирге болған баслы хызметкери қабыл етти.

26-август күни қарақалпақ елшилери Петр биринши дәўиринде салынған сенат жайына шақыртылып, оларға патша ырза болғаны, тилеклери қабыл етилгени жазылған Жарлық (Грамота) тапсырылды.

Көп узамай елшилер елине қайтатуғын болып, Маманға патшалықтан, үсти тери менен жабылған, керек емес жағдайда жыйнап қоя беретуғын, төрт дегершикли, темир көшерли сулыў күйме инам етилди.

Оларға Дмитрий Гладышев және қосып қайтарылды,

Санкт-Петербургқа келип әрманларын иске асырып дийдине жеткен Маман көз жас төгип қала менен хошласты да, елине тез жетиўге асығып, күймеге жегилген атларға өзи қамшы көтерип, шүўледи...

**6**

Гүз кирди.

Маманнан еле дерек жоқ. Елшилер жөнинде хабар билиў ушын Оренбургқа жиберилген Хелўет қайтып келмей атыр.

Мурат шайық хәр күни азанда әлле қандай бир жаңалық еситетуғындай болып оянады, тым-тырыс. Соннан кеште өли төсекке киргенше және хош хабар күтеди, жоқ, жоқ.

Оның жанына қосымша егеў салатуғын ўақыялардың бири қоңыратлардың хәрекети. Олар маңғыт руўын пәтеңге келтирип көширди, енди және биреўлерге аўыз салмаса... Патшаға жиберилген Ахиднамаға аты жазылмағаны ушын Ырысқул бийи ашыўлы. Адамлар менен сөйлесе бермейди, шайықтың өзине де онша ашылыспайды.

Шайық хеш жерде турып я отырып тақат ете алмай, аўылдың арқасындағы кең жазықлыққа шығып дем алыўға хәм жекке жүрип жол қараўға кетип баратырып Аманлықтың үйиниң үстинен өтти. Оның қайнатасы берип жиберген жаңа отаўдың еле тигилмей, ылашыққа тақап жыйналып қойылғанын көзи шалды.

— Аманлық!

Иштен Ақбийдай жуўырып шықты.

— Еле келмеди, уллы шайқымыз.

Мурат шайық басын шайқап сәл гидирип турды да:

— Қызым, маған арнаўлы жиберген сыйлықлары ушын әкең Айғара бийге көп-көп рахмет! — деди. — Өзлериңизге инам еткен отаўды қашан тигесиз?

— Маман бий келген соң той берип тикпекшимиз.

— Ҳә, бәрекелле! — деп шайық үнсиз жүрип кетти.

Аўылдан былайырақ шыққанда изинен жайдақ атлы жетип «табақлы» руўының басшысы Юсип бийдиң уллы болған тойына хабар айтты.

«Табақлы» бас руўлардың ҳеш қайсысына кирмейтуғын кишкене руў. Барлығы болып отыз шаңырағы бар. Азлығы ушын орыс патшасына жазылғаи ахиднамаларға да қосылмады, дурысырағы, қосылың деп оларды көзге илген де адам болмады.

Юсип бий улының атын журт үмитин артып отырған Маманның ҳүрметине Маман деп қойыпты.

Бул бөпе Маман бий Петербургқа кеткели елде туўылып, аты оның ҳүрметине Маман қойылған үшинши бөпе еди. Бундай салтанатқа бармаў мүмкин емес. Мурат шайық изине айналды да, ат қосшысына Избасар баҳадырды ҳәм Әлий бийди ертип шығыўды тапсырды.

«Табақлы» руўы өзлериниң аз санлы болғаны ушын ба, бәри бир адамның баласындай миймандос, көп посыў себепли үлкен руўдан киширейген, ал миймандослықтың үлгиси пүткил елге усы руўдан тарқалған деген гәп бар...

Мурат шайықларды ҳәмме аўыл күтип, бир топ баланы түйе өркешиндей төбешик қумның басына мингизип, жол қаратып қойған екен. Олардың алдына аўыл адамлары жапа-тармақай жуўырысып, ат жылаўлап, шайықтың аяқларына шаң тийгизбей көтерип алды.

Шайық пенен Ырысқул бий арасындағы алакөзликти еле еситпеген, сезбегеи Юсип бий бурынғы тәртип бойынша оларға бир отаў сазлатқан еди. Шайық сонда киргизилди. Басқалар ерте келип отыр еди. Шайықтың кирип киятырғанын көрип бәри тикейди. Тек Ырысқул бий тикеймей, шайыққа өз төринен орын аўыстырыў ушын сәл жылысты.

Араларынан суўық самал естирип, журтқа биймәлим себеплер менен бир-бирине алакөзлик пайда етип алған шайық пенен Ырысқул бийге басқа бийлер сын көзлери менен қарасып, тереңиректен сыр уғыўға тырысып бақты. Бир-бирине ашыўлы еки

жолбарыс усыны сезсе керек. Ҳәр қайсысы өзинде сырлы жыллы жүзлилик сақлаўға урынды.

Үй-ишиндегилер менен бир қатар ҳал-жағдай сорасып болған шайық Ырысқул бийге әдейи бурылды:

— Тәндармысыз, әзизим? Елиңиз, ағайин-туўғанларыңыз тынышлық па? Егинлериңизде иллет, мал-жанының өлим- житим жоқ па?

Тәңҳа өзине қаратылған сораўларға жуўап бермеў, көпшиликте көргенсизлик болатуғынын билген Ырысқул бий утылмады. Туўрылап қарамаған менен суўық қанлылық сақлады. Жуўап берди ҳәм өз гезегин қуры жибермей, орыс патшасынан қандай хабар-атар барлығы менен қызықсынды.

Ырысқул бий өзин жүдә тыныш тутса да, даўысында тасқатас соққандай отлы шақмақтан из барлығы анық билинип турды. Шайық сезди. Оның өзиндеги усындай, отшақмақты, «әзизим» сөзи сыртқа түтинлетпей, аўзы бекитилген ошақтай тек иши пысқып қала берер еди. Ал, тыңлаўшыға иште не бары, бастырыўлы күйинде, жыллылық бергендей болады. Сол ушын ба, ишки алаcапыран түтинге шыдап, усы сөзге айрықша жүк артып, мәни берип айтады. Бийдиң соңғы сораўы жүзегөйликтей сезилсе де, «әзизим»ди және бир рет егеп көриў ушын жуўап берди.

— Орыс патшасынан өзиңиз қанша хабар билсеңиз, мен де сол қурлым билемен, әзизим!

Буннан соңғы олардың гәплери есилип кете бермеди. Ҳәр қайсысы «пәленше мереке бузды» атағын алмаў ушын салмақлылық, тынышлық сақлаўға урынып бақты. Бирақ жалған жүз жылтыраўлар өзлерине де, отырғанларға да пайда бермеди, ҳәмме сезди. Еки жасы үлкенниң ишки теке-тиреспеси бир үзик қара булт түсип ҳаўа шығар тесигин қоймай шаңырақты қаплап алғандай, үйде дем алыў қыйынласты. Өткир тумаўдың дем алғаны секилли әлле қандай шурылдысы бар нәпеслерди пайда етти.

Шашы қара, сақалы ақ Дәўлетбай бий жалаңбасланып, төбесин қасыды, ол усының менен, дыққат аўдарып, биреўиниң күлкили сөз айтыўына себепши боларман деген еди, жорасы Убайдулла бийдиң орны олқы болып турды.

Тойдың сәренжамы кирди. Түрик қалың еринлерине жезқанат шөже тислеп турғандай көринетуғын муртлары бар, лопай аўыз бул жигит кирсе, себепсиз кирмейди. Мийманлардың хызметке кеўли питип я питпей атырғаны менен қызықсынып, ең таппаса,

бир күлкили гәп айтып кетеди. Сонлықтан мийманлар оны есикте көриўден өзлерин күлкиге таярлады.

— Шайқымыз, — деди ол бираз тәшўиишлирек, — Маман бийдиң атқосшысы Аманлық келген еди. Сизди асығыс көргиси келеди.

— Қайнатасы ябылардың бас бийи қылып жиберген шығар, — деп селк-селк күлди Ырысқул бий. Дәўлетбай бийдиң де еки езиўинде күлки ойнады. Есим бий шайықтың қабағы үйилгенин көрип сөйлемеди.

— Кирсин!

Аманлық ҳәммеге қол қаўсырып босағаны атлаған жерде саққа жүгинди. Шайық оның жүзинен бир нәрсе уққысы келгендей тигилди: жүзине өли шырай енипти. Еки бетиниң алмасы суўға малып сыққан бөздей. Көзлеринде ириң қатыпты.

— Тынышлық па?

— Ҳәзирше тынышлық, шайқымыз, — деди. Аманлық демин бөлип-бөлип алып. Сөйлесиўге де диңкеси жоқ. — Шайқымыз, әдиўли бийлер, мен жаман хабар менен келдим. Той үстинде айтажақ емес едим. Айғара атам: «Ҳеш жерге иркилме, үйиңе қайрылма, туўры барып айт» дегени ушын мәжбүрмен. Төрт көз түўел екенсиз, айтайын.

— Неге соза бересең? — деди Есим бий шыдамай.

Аманлықтың көзлеринен тер моншақлап, тили сөзге келмей еки ийнинен дем алады:

— Абылқайыр хан бизиң елди талаўға нийетленген...

— Абылқайыр бизиң елди талаўға нийетленген!!!

Орталарына бир өликсе әкелип таслағандай, ҳәмме селк-селк етисип, көзлери уяларынан шығып кете жазлады. Мурат шайық Аманлықты шайнап таслағысы келгендей тислеринен түпирик шашып жекиринди:

— Не дейсең?! Ким айтты?!

— Айғара атам айтып жиберди.

— Аўзыңа қум, әзиз ийттиң туўғаны!

— Таўып келген жаңалығына қара, көрмедиктиң...

Ҳәр ким ҳәр жақтан аўзына келгенин айтып Аманлыққа дәпинип атырғанында гәпке араласпай, жүзи сурланып отырған Ырысқул бий сөйледи:

— Бунша не ҳөктелик, адамлар? Еситкен қулақта не жазық бар? Мә, бир кесе чай иш. Бастан сөйле!

Аманлық суўып кеткен чайдан лық еткизип бир жутты.

— Қайнатамыздикине барған соң келиншегимди тез қайтарып, өзим қайнатамыздың анаў-мынаў ислерине жәрдем етейин, қазақ жигитлери менен танысайын деп қалып жүр едим. Бир күни қайнатамды Абылқайыр хан шақыртып еди, ханнан дым қапа болып келип маған «Балам, жақсылық деген шәмшил болады екен. Көз тийди» деди. Сөйтип, сөйлей алмай буўлықты, дирилдеди. Безгектей дирилдеди. Соң және сөйледи. «Улым, қысық көкиректен қысық ақыл шығады екен. Қыйсық ағаштың көлеңкеси де қыйсық болады екен. Абылқайыр хан әзелден қысық көкирек еди, қыйсық торańғыл еди. Қысықлығына, қыйсықлығына барды. «Маман бийге: «Атыңды тартып айда, шаң жутарсаң» деген едим, тыңламады. Атын қамшылай баслады. Петербургқа кетти. Енди Қарақалпаққа шаң жуттыраман» деп хан ҳәк ашты, шырағым. Бизлерди шақырғанының мәниси нөкер салмақшы екен. Жүз нөкер салды, — деди. Мырзабекти бас қылып бересең депти. Атам байғус шыдамай «қарақалпақларда не гүнә, не жазық бар? Мәмлешиликте жасайбергенде не қылады» деген екен, «журтты айныттың, сатқын» деп, қайнатамды керегеге байлап сабатыпты. Седет керейди де өлим менен қорқытып, жүз нөкер салыпты. Атам усыларды айтып маған «ҳәзир қайт, шайыққа, бийлерге бул хабарды жеткер, алдын алсын» деди.

— Абылқайырдың тийкарғы дығы не екен? — деди бийлердиң бири.

— Өткен сапары Ғайып хан оның салықшысын ҳештеңесиз қайтарып, еидигиден былай орыс патшалығының халқымыз деген еди, — деди Ырысқул бий салдамлылық пенен асықпай.

— Оның үстине Абылқайыр Оренбургтың ханы Нефлюевке өкпелеген, — деди Аманлық енди өзин бираз басып. Бийлер оның аўзына қарады. — Ашкөз Абылқайыр жек көретуғын Орта жүздиң ақсақал-бийлери Оренбургқа барған екен, ол Нефлюевке, оларды ирк, маған бағындырып бер» депти. Нефлюев Орта жүздиң ақсақал-бийлерин иркпепти. Абылқайыр ханның өтинишин итибарға да алмапты. Онысыз да ашыўы мурнының ушында жүретуғын ханның қәҳәри келип, орыс патшасы менен Киши жүз арасында соғыла баслаған көпирдиң бир тирепбердисип тайдырыў нийетинде қайтқан.

— Оның үстине Нефлюев Абылқайырдың аманатқа тапсырып қойған Хожахмат деген улын Шыңғыс деген улы менен алмастырып

бермеген-биш, — деди шайық төмен қарап отырып. — Әй, бизиң мусылманлардың қәнәәтсизлиги де майырады.

— Қайнатамның айтыўына қарағанда, Абылқайыр өзиниң бурынғы бас душпаны Нәдир шахқа адам жиберип, қайтадан жарасқысы келетуғын қусайды. Ата жаўы жуңғарлардың қанлы дастығына жүнли қабақ басып қойыўға нийетленип, ханына қызын жибериўге ўәде еткен.

Бул жаңалық бийлердиң бойын жеңиллетпеди, керисинше шаңырақты басқан тас кем-кем төмен жапырып киятырғандай, бурынғы бир бап шуўылды нәпеслер терең гүрсиниўлерге айналды.

— Адамның пәси дүзге кетсе, жаман хабар менен қайтады, — деди той сәренжамы жақтырмай.

Аманлық жер шуқлап отыр. Ҳәмме самсаз. Аўқат ушын қол жуўдырыўға кирген хызметкер жигит, қонақлардың тастан соғылған сүўретлердей қыймылсыз, жансыз отырғанларын көрип, мысқуманын услаўы менен ергенекке сүйелген өлидей қатып тур.

— Орысларға қосыламыз деп қаралы бола бердик, — деп сарсылды шайық, — жоқ, әзизлерим. Олай дейжақ емеспен, сүйегим тозған. Буннан бурын да Орыс патшалығына бир рет қабыл етилген едик, бирақ салықты бизден Абылқайыр өндирип алатуғын еди. Әзизим Ырысқул, Сиз пе дейсиз? Еки елдиң дослық түйини үзиле қояр ма?

Сыртта қуяш батып, үйдиң ишине қараңғылық шөккен секилленди.

Ырысқул бий гиреўленген көзлерин қолының арқасы менен сүртти.

— Жақында маған Абылқайырдың үш атлысы келип кетти. Қыялларын жаман көрип қалған едим. Деген менен, Айғара бийдей ақыллы бийлер бар ғой.

Шайық үмидиўар көзлерин және Аманлыққа тикти.

— Қайнатам албырақлап «найзаны найза сындырады» деген-әм гәп айтты, — деди Аманлық.

Есиктен кирген матам елеси ҳәмمениң көзин перделендирип, бир-биреўге мириўбет белгилери кемейип, ҳәр ким бир қылдың үстинде қалды. Қол жуўдырыўға келген жигиттен соң кирген той ийеси Юсиптиң үскини қуйылып, есиктен кирген жерде шөгип, биреў әкелип таслаған заттай қыймылсыз отырды. Мурат шайық ҳәммеден де көбирек оны аяды.

— Әзизлерим, нәмәрт әжелинен бурын өледи. Бабаларымызда болмаған нәмәртликти қайдан таўып отырмыз? Қәне, Юсипбай, албырамай, тойыңның тамашаларын, белгиленген нәўбетинде бузбай даўамла. Әзизлер, бас көтериңлер!

Бәри бир, той кеўилдегидей болып өтпеди.

— Әзизлерим, — деди шайық түн ярымында үйли-үйлерине тарқасыў ушын атланыўға шыққан бийлерге. — Ошақтың отын өширмеўге тырысқан отжағар ошақта қоз барында ҳәрекет қылады. Айғара бийдиң «Найзаны найза сындырады» дегенин де естен шығармаў керек.

— Ел басына аўыр мүшкил тасы түсежақлығы көринип турыпты, — деди Ырысқул бий. — Тасты орнында езип түсириўдиң илажы табылса еди.

Ҳеш ким ҳештеңе дей алмай, үнсизликте, тойдан емес, өли жайластырып шыққандай, тунжырасып тарқасты.

Мурат шайық аўылына келген соң Избасар баҳадыр менен Әлий бийге қоса Аманлықты иркип:

— Набада ғаўға басланса, ябы руўы таярлықсыз қалмасын, — деди де, үйине келип, мийин сарсаң қылған ҳәр қыйлы ойлар менен ертеңине түске дейин-әм уйқылай алмай, жатырғанында, Қоңырат руўынан Айтуўған жасаўыл келип, даўрық турғызды:

— Шайық, егер қуда бирлигине туратуғын болсаңыз, Ырысқул бийдиң өли денесин қайтарып бериң.

— Не дейсиз, не дейсиз?!

— Айтуўған жасаўыл бүйтип жекке жүрмейтуғын еди ҳәм бүйтип ашыўланбайтуғын еди, шайықтың түсинбей «не дейсиз...» дегенине инанбады.

— Шайық, пир болсаңыз ҳәмме қарақалпаққа бирдей болыңыз. Кешеги тойдан Ырысқул бий үйине келмеди. Өлтирткенсиз!

— Бул не жала, әзизим?!

— Ел, бирлик, туўысқанлық, парахатшылық десеңиз, ойланарсыз, ҳүрметли шайық, жүдә көп ойланарсыз, уйқыламай ойланарсыз! Жуўап күтемиз, болмаса еки руў жәнe қырылысады!

Айтуўған жасаўыл көп гидирмей, атын қамшылап-қамшылап, патырлатып шабыўы менен бәдәр кетти.

Басы меңзең шайыққа ашық шаңырақтан қайтқан тырналардың қанатларының зуўылдысы, жағымсыз «тыррыў-тыррыўы» еситилип:

— Әй, жалғаншы дүнья, — деп басын көтерди. — Және бир мәўсимиңди қайғыға толтырып әкелдиң-ә!

* * *

Юсуп бийдиң тойынан қайтқан руў басшыларының көпшилиги туўры үйлерине емес, Ғайып ханның аўылына қайрылды. Ханның аты хан. Барлық шынлықты соннан еситиўлери керек.

Ғайып хан соңғы гезде бийлер, баҳадырлар менен сөйлессе, үлкен улы Убайдулла султанды қапталына отырғызып, мийрасхорына ис үйретиўди мақсет етип жүрген еди. Топарласып келген бийлерди қабыл етер алдында оны қасына шақырып, руў баслықларының бирин екиншисине қоспай жеккелеп қабыл етти.

Убайдулла султан әкеси менен талай сапар бирге болса да, оның көп ислерине, сөзлерине бийпәрўалаў қарайтуғын еди. Усы рет те барлық гәпке дыққат берди, әкесиниң қайсы бийге қәйтип минәсийбет қылатуғынларын да үйренип отырды.

Ғайып хан ҳәр қашанғы қулқынан өзгерген жоқ. Қайсы бийди тыңлап, изинен сөйлесе, әўеле:

— Абылқайырға салық төлемеймиз, — деди мақтаныш кейип пенен. — Себеби, биз енди Орыс патшалығының қол астындағы халықпыз!

Буннан соң ол онша асықпай, уллы орыс патшалығы турғанда Абылқайыр хан ҳештеңе қылалмайтуғынына исендирип, алдында отырған бийдиң руўын мақтайды, оның алдында ғана сөйлесип шығып кеткен, ямаса енди кириў ушын сыртта күтип отырған бийдиң руўын жаманлап, елди бузыўшы руў екенлигин уқтырыўға тырысады, ҳәзир ғана алдында сөйлесип отырған бийдиң руўына әлле қайсы бир руў жаў екенлигин, ҳәзир ғана шығып кеткен бий усы бийди жаманлағанын айтады.

Убайдулла султан әкесиниң елге тек алаўызлық туқымын себетуғын гәплерин жүдә бийтақатлық жағдайда ишинен ашынып тыңласа да, ҳеш кимниң көзинше ҳәк ашпады. Ҳәмминиң изинен келген Юсип бийге:

— Абайла, сениң руўыңды қоңырат руўы өзлерине қосып алажақ. Абылқайырға емес. Ырысқулдың қоңыратларына қарсы урысқа таярлан! — деди.

Усы сапары Убайдулла султан өзин зорға тутты: «Сорлы, ең аз санлы, мөмин руўды да жөнине қоймай таластыражақ!»

— Көке! — деди Юсип бий шығыўдан.

Үлкен улының базы ҳәрекетлерин уната бермейтуғын хан оған келте мойнын бурды.

— Не демекшисең? Көзлериң неге қызарып тур?

— Мен сизге түсинбедим!

— Көксең! Тәуиптиң аты шығыуы ушын ауырыў көп болыўы тийис! Ал, хан төрелик берип отырыўы ушын, әўеле аразластырыўы тийис!

— Өрмекшиниң аўындай бул ислериңизге шыбын болып оратылып қалмайсыз ба?

— Не дейсең? Өрмекшиниң аўы!... Шыбын!... Әй, нәлетий көргенсиз, шешең жаман сениң! — Баласының ашыў менен түргелип кетиўге мейилленгенин көрип сәл босасты. — Меннен соңғы хан сен, сол ушын түсинип қой. Ийт бағыў аңсат емес. Ҳәм тойдырыў керек, ҳәм таластырып шүйик қылып қойыў керек. Семиз ийт ийесин қабады.

— Ийтлерди пәс көкирек қылма дейтуғын едиңиз?

— Ол аңшы ийтлерге, өзимиздиң ийтлерге тийисли. Билип қой, өмириңше билип қой, адам-әм ийт. Халыққа басшылық етиў бир топар ийт баққаннан қыйын.

— Мен шаршадым, — деп Убайдулла султан тикейди.

Хан әкеси оннан жаманлық күтпей, қапталына жанбаслады, хызметкер бир табақ қой гөшиниң пуўын бурқыратыўы менен алып кирди.

* * *

Басқа руўлар менен салыстырғанда ең атақлысы Қоңыратлылар да Абылқайыр ханның жаман нийетлери ҳаққында бир-бирине хабарландырып, аўыл көшесине топланды.

Бирақ олардың арасында Ырысқул бийдиң болмаўы жаңа ис баслаўда олқылық туўдырып ғана қоймастан бәрин самсаз етти. Ырысқул бийдиң руўға сүйиспеншилигин кемдей көрип, минлеп, базда жүзбе-жүз урысып жүретуғын киши бийлер, баҳадырлар ҳәзирги қыйын жағдайда қандай туў астына биригерин билмей, сарсаңы шықты.

Әўеле Мурат шайыққа бопсы менен барып, оннан анық дәрегин биле алмай, Ғайып ханнан айланған Айтуўған жасаўыл көшеде жыйналғанларға жетпей атырып-ақ, алыстан қыйқыў салып киятыр.

— Ырысқул хан ҳеш жерде жоқ! Ҳеш ким билмейди! Барлық бәле Мурат шайықтан! Ғайып хан да шайықтан гүман етеди.

Жыйналғанлар атларын бир жерде турақлата алмай, қазан шуқырда қалған балықлардай олай-былай теңселисти.

Ҳаўа райы да, олардың кейпиндей өзгерди. Аспандағы булт қәпелимде жаўын болып қуйды. Ырысқул бий ҳаққында гәп таўып уйлығысқанлар әңгимелерин адақламағанша ҳаслан тарқамады. Демде-ақ кийимлери малпақ-салпақ болып суўдан шығарып алып суўынланған баўлы пишендей болса да, кетпеди.

Айтуўған жасаўыл Мурат шайық пенен қалай әңгимелесип, бир-бирине не десkенин, қалай абай еткенин мақтаныш пенен айтып, Ғайып ханға қалай барғанын, айта баслағанда, жаўын әстелеп қарға айнала баслады.

— Оразан батыры ушын ябылардың еле дығы бар, — деп салды Алиф Қарабай Қара баҳадыр қапталдан.

Дәў денели бул баҳадырдың алдында сөйлеўге неликтен де көкиреги даўай бермейтуғын Байқошқар бий атын және алдырақ жүргизди.

Қәдирданлар, абайлайтуғын ба едиңиз? Қоңыраттың ханы кемгәп болып кетип еди. Ол киси ашыўланса, өзгеден қәўип етсе, сондай болатуғын еди. Ол ябылардан — Мурат шайықтан қәўипленетуғын еди. Ол «табақлының» тойын бәне қылып қолға түсирген. Айтуўған жасаўыл, дурыслап сөйле, Ғайып хан не дейди?

— Неге инанбайсыз? Ғайып хан, барлық бәле ябылардан, деди. Қасында үлкен улы Убайдулла султан-әм отыр еди. Ой, жигитлер, хан көп нәрсе айтты. Шайық бизлерге ойласпай, улы Хелўетти Оренбурга жиберипти, орыс ханынан ҳамал соратып жиберипти. «Аңғарасыз ба, енди ябылар күшейеди, қоңыратларды аяқ асты қылады» — деди Ғайып хан!

Ҳәмме бир неше демге тым-тырыс қалды. Қар кем-кем ыраслап, бийлер менен баҳадырлардың бас кийимлери ағара баслады.

Байқошқар бий атын қамшылап ҳәмменің алдына өтти:

— Қәдирданлар, Ырысқул ханның бирден жоғалыўында «табақлы» руўының қолы бар. Өзлери әзелден әзәзүл руў.

— Сол ушын да ғарғыс урып отыз шаңырақ қалған, айдаңлар, қалған отыз шаңырақты да ныпқырт етемиз!

— Сабыр-тақат, Байқошқар бий! — деп Сүйиндик бий зәң- гиге ширенип тикейди. Епелеклеген қар жамылып әбден киширейген майда сүйекли бул бийдиң ири даўысы ҳәмменің дыққатын өзине тартты. Ол қамшысын таўлады. — Қулақ салыңлар, қоңырат

мәртлери. Ырысқул хан сабырлылықты жақсы көрер еди. Ҳәр истиң ақырына баққан мақул!

Бели оқжайдай бүгилген жалбыр тонлы, қопа сақал бир ғарры атлардың аяқлары арасынан «халайық, халайық», деп малақайын көтерип шықты.

— Сүйиндик бий мақул гәп айтты. Илажы болса, шыбынды өлтирмең, ҳазар бермең!

— Маңлайы қара бүкир, саған не жоқ!, — деди Байқошқар бий оған жекиринип, — ябылардың қара атлысы урып кеткенде, сен емес пе Ырысқул ханға жылаған?

Әлиф Қарабай баҳадыр ири денеси менен атының ери үстинде тикейип қылышын көтерди:

— Уллы Қоңырат бийлери, тыңлаңлар, басымызды табыў ушын басымыз болыўы керек! Мениңше, ябыларда жазық жоқ.

Оған изин айттырмай Айтуўған жасаўыл асығыс түрде атының еринде тикейип қылыш көтерди.

— Әлиф Қарабай, күшке зор болсаң да, ақылың аз! Болмаса, олай демес едиң! Мени өтирикши десең, Ғайып ханға барып қайт!

— Оразан батырдың өлими ушын ябылардан еле қорқасаң, Әлиф Қарабай, өйтип көт тықпа, қоңыратлар ҳеш кимге жарамсақланбайды!

Бул сөйлеген Байқошқар бий еди. Баҳадыр атының ерине жөнлесип отырды.

— Мен де Абылқайыр қәўипли деп ойлайман! — деди Байқошқар бий енди бираз пәт алып. — Ябылар да қәўипли. Хелўеттиң Оренбургқа жиберилиўи, оннан соң Ырысқул ханның бир ақшамда жоқ қылыныўы әзелден ойланылған кәсапат. Сол ушын биз елдиң мине деген жигитлерин аяққа турғызып, ябыларды шабыўымыз тийис!

— Шабамыз! — деди Есенгелди басшылығында келип қалған жас атлылар.

— Байқошқар бий, сиз неғып Ырысқул ханның арына шабатуғын болдыңыз?

Байқошқар бийдиң жамбасына найза қадалғандай көзлери әллепәлле болып Әлиф Қарабай баҳадырға қәҳәрли қарады.

— Ырысқул хан қыйсық жолға баслаған ўақытларында оны жек көргенимди жасырмайман.

— Өлген соң туўры жолға түсип пе?

Бағанадан бери ойланып ойын жууўмақлаған Сүйиндик бий атының ерине минди. Қамшысын таўлады.

— Халайық, тыңлаңлар! Жақсысы, мен Әлиф Қарабай менен Ғайып ханға барып анығын еситейин. Сизлер ҳәзир тарқап, найза саплатыңлар, қылыш егеңлер, ат бағыңлар, ябылардың сыртынан сайып жүриў-әм қорқақлық. Енди анаў-мынаў деп гә урысып, гә жарасып жүрмеймиз. Бир ақшамда шаўып, Ырысқул ханның қаны ушын көшесинен қан ағызамыз. Басқа мәсләҳәт болмаса, тарқаңлар. Қәдени шаймалағанды жайылған бабамыздың әрўағы урсын! Әўмийин!

— Әўмийин!

— Әўмийин!

* * *

Усы күни гүллән қытай руўының атқа минерлери де Дәўлетбай бийдиң үйине ойласыққа жыйналды. Бас бий соңғы гезде жүз берген қәўипли ўақыяларды баян етип, бийлердиң, баҳадырлардың пикирлерин дарама-дара тыңлады.

— Бирақ, — деди ол бәрин жуўмақлап. — Абылқайырға қарсы күш таярлаў менен бирге, Ғайып ханның маған сыбырлап айтқанын да есте тутыўымыз керек. Бир ақшамда жалайырлар шетимизден қырып кетпесин!

* * *

Сол күнги мәжилис «табақлы» руўында әдаўатлы өтти. Юсип бий жаўатуғын булттай түнерип, Ғайып ханның қабылханасында болғанын, Мурат шайық пенен кеңескенин баянлап, гәпин былай жуўмақлады:

— Ғайып хан маған аўлағында бираз гәп сыбырлады. Аўҳал қоржынласажақ. Енди сан мың «қоңыратқа» отыз үйли «табақлы» қарсыласыўға мәжбүр боламыз. Руў жоғалмаўы тийис. Аўзына қасық апарған бенде өзин нөкермен деп есаплайды. Мақул ма?... Мақул демеске шара жоқ...

Жалайырдың Есим бийи Жаңакенттен келе сала руўласларын жыйнап, елге дөнген қәўипти былай баян қылды:

— Айғара бийдиң хабарына қарағанда Абылқайырдан бәле келеди. Ғайып ханның маған тәнҳа кеңес бергенине қарағанда, кенегеслер уйқыдан оянған. Енди бизлерге топылажақ ойы бар.

Оннан жаманырағы қытайлар қусайды. Олар, «жалайыр руўы қытай руўы болыўы керек» дермиш. Буған не дейсиз!

— Нәлет болсын деймиз!

— Ғайып ханға да нәлет!..

* * *

Әпшерсиз Нуралы бий ҳақыйқатында да оянған еди. Оны патыратлы ғаўғалар, жумбақлы сырлы гәплер оятты. Астынғы ерни жоқ болғанлықтан оның гәпин тек баласы Тоқтаполат ғана түсинеди. Айтар гәпин соған айтып, өзи атқа минди. Бет аўзын бурынғыдай бүркемеди. Аўыл арасын айланып шаўып «Ҳа, ҳа!» деп даўрық салып, қамшысын бир таўлап өте берди. Қамшысын дөңгелеклеп таўласа «жыйналың» деген белгиси еди. Түсимпаз кенегеслердиң еркеклери бий үйине қарай ағылып, бир мезгилде жыйналып болды. Әкесиниң атынан улы Тоқтаполат сөйледи:

Қутырынған жалайырлар бизиң тынышымызды алмақшы. Түнде Ғайып ханнан адам келип кетти. «Сақ болыңлар, аңсаты алды менен өзлерин тонаңлар» деп кетти. Ғайып хан, өзлериңизге мәлим, бизиң кенегеслерди жақсы көреди. «Қорғанғаннан топылған жақсы» дейди. Әне, гәп сол!...

* * *

Ябылардың мәжилиси бираз сыпайылықта, бириниң гәпин екиншиси жөнлеген ҳалатта өтти.

— Әзизлерим, жақсылық күтпестен алдын жаманлығын ойламағанбыз. Жаман күнге тайын жүриңиз. Қәўип бар. Абылқайыр ханнан қәўип бар. Изинен өзли-өзимиз келисермиз. Ҳәзирше қоңыратлардың ығына жығылып, тил бириктирмесек, болмайды. Егер, олар топылып қалса, жарақ көтермегейли. Керегин алсын. Урса үндемеңлер. Бүгиннен баслап Ырысқул бийди табыў керек. Қара қус көтерип кеткен болса, таў арасында сүйеги қалады. Излегейли.

Мурат шайықтың бул кеңесине ҳәммеси келисти. Бийлер, баҳадырлар Ырысқул бийди излеў ушын өз ара даланлықларды, таўларды бөлисти. Избасар баҳадырға елдиң ғажырлы жигитлерин жыйнап, ҳеш кимге билдирмей нөкер топлаў тапсырылды...

## 7

Көкиреги мыңсан түрли әндийшелерге толы Аманлық таў етегиндеги жетимлерге келди.

Бийғәрез жайылып жүрген таў текелериндей тынбай асыр салып, өзлериниң қәлеўинше ойнап жүрген жетимлер қәўипли жыртқыш көргендей үрпейисип қарасты ҳәм бир пададай шоқланысты.

Аманлықтың еки ийини түсип, атта отырысы салпаўсып көзлерин ириң басып сүзилген еди. Өзинен қорқып турған балаларды көрип жанланды, еки ийнин алма гезек көтерип қойып, көзлерин жеңи менен сыпырды:

— Бектемир, бул не үрпейисиў!

Балалар сәл босасып, шоғы менен Аманлыққа қарсы жүрип келип сәлемлести.

Аманлық аттан түсти. Балалардың бири атты жетелеп шетиректеги отлақлы майсаға арқанлады.

Гилең жалаңаяқ, жалаңбас, өскин шашлы, бет-аўызлары кир-кир, балтырлары қара ғарғаның туяғындай, кийимлери қус түткендей сықылсыз балалар, бул далада бийғәрез өскен хош ийисли гүлдей ләззет берип, Аманлықтың жүзи булт астынан шыққан айдай бирден жадырады. Бектемирдиң басынан сыйпалады.

— Қалайсаң, кептерим?

— Тамақ тоқ, тынбай ушып жүрмиз.

Балалардың арасында Аманлық танымайтуғын алты-жети бала пайда болыпты. Өзиниң марҳум жорасы Аллаярдың егизиндей жалпақ мурын, қысық көзли, басы тандырдай, қулақлары атқулақтай, жиликлери айғызланған қара, аяқлары маладай бир баланы көрди де, нәзери сонда қатып қалды.

— Аманлық аға, Аллаярға мегзеттиңиз бе? Дәл өзи айырмасы бул сәл аш өлең, узынлаў. Өзине айтсаң инанбайды, — деди Бектемир.

— Атың ким? — деп сорады Аманлық.

— Кеўлимжай.

— Бизлерге қосылғанына кеўли жай, — деди Бектемир шиңкилдеп.

— Қайсы руўдансаң?

— Руўын ядлаў шаңарағы пүтинлердиң, қарны тоқлардың иси. Биз аш-жетимлер руўынан боламыз.

Аманлық сораў бергенине пәнт жеп, Бектемирдиң төбесине қойып турған алақанын мушлап жиберип еди. Бектемирдиң бир қамтым шашын жула жазлады.

Кеўлимжай Аманлықтың қысынғанына қысынып:

— Аманлық жора, сен туўралы билемен, — деп гәп баслады. — Мен Бектемирлерге утылып келдим.

— Неден утылдың?

Кеўлимжайдан бурын Бектемирдиң қапталында турған, иргежейлидей диңкилдеген, шәмпик қарынлы, қыйық көзли қара бала жуўап берди:

— Ойынның түри көбейип кетти, Аманлық аға. Жуўырыс бойынша жетимлердиң жарысын өткердик.

— Қара қоңыз, сен де жуўырасаң ба?

— Ушаман.

— Аўа. Қара қоңыз тезек жумалатады, таппаса ушады, — деди Кеўлимжай.

Ҳәмме дуў күлисти.

Аманлық та күлди.

— Қәне, Кеўлимжай, сен булардың үлкени екенсең, не жаңалық бар?

Кеўлимжай жолдасларына қарап-қарап алып, аўзын сыйпалады, соңынан тилин шығарып мурнының тесиклерин жалады. Бул күлки туўдырды.

— Не жаңалық болсын? Кеше қаўын урлыққа барғанбыз...

Ол айта баслағаннан-ақ балалар бир тыма күлисип алды.

Кеўлимжай күлмей даўам етти:

— Жолда қарақулақ улыды ма де. Қарақулақ жолбарыстың жаршы — қатыны екенин өзиң билесең. Бектемир бир жалынады дейсең. Не деп десеш? «Жоралар, жан жоралар, әкемнен жалғыз туяқ едим, ортада жүрейин» — деди қалтырап.

Ҳәмме дуў күлди, кең дала күлгендей, айнала жаңғырып кетти.

Аманлықтың бүйтип ықлас пенен күлмегенине көп ўақытлар болған еди, көзлеринен жас аққанша күлди. Күлкисин тыйып, оларды үйине мирәт қылды. Балалардың бирине қара ғунанды жетелетип, топарласыўы менен изинен ерди.

— Сизлер, Сейдулла дәўдиң ешки сатып алғанын еситтиңиз бе? — деди Кеўлимжай. — Қәне, билмесеңиз, еситиң. Сейдулла дәў үлкен улы Бегдулла собылық пенен Жаңакенттиң базарына

түсип, желини сасарқа бир ешки сатып алады. Желин болғанда қандай, жер сызған, ешки болғанда қандай, шақлары уўықтай, «мәә» дегенде дир-дир силкинетуғын, басқа ешки көрсе, көзлери қызарып, жулқынып туратуғын ғайбар қыйлынан дейди. Араға дәлдалшы салып, киширек бир туўшаның пулына алады. Үйине келеди. Бегдулла собылық жол бойынша быжылдап, енди бул ешкиси туўса, ылақларын өзи бағатуғынын, сүтин үкелерине беретуғынын айтып, мақтанып келе береди. Есигиниң алдына байлап атырғанда Сейдулла дәўдиң ҳаялы далаға шыгып: «Ҳаў, ағасы, теке алғанша неге ешки алмадың?» дегенде, «Теке болса гөр болсын, балаларға саўын болсын», — депти.

Балалар және күлисти.

Үйине келген соң бир қозы сойып, оларды ҳүрметли мийманға айналдырды.

Гөш писемен дегенше қайнатылған чайды ишиўге моллам дөгереклесип отырғанда, Аманлық гәп баслады.

— Жигитлер, Маман бий орыс патшасына кетиўден елге қарсы жаман көзлер пайда болып атыр. Ҳәммениң басына мүсийбет түсежақ. Сол ушын баўырынан жел өткен қарақалпақ баласы таяқ пенен болса да қуралланыўға кирисип атыр...

Кеўлимжай түргелип жыртық бөз көйлегиниң етегин көтерди де, шәмпийген жуқа қарнын тыр-тыр қасып турып:

— Аманлыққа сөйлейжақпан, — деди.

— Сөйле.

— Әй, сизлер, неге ғаўырласасыз? — деди балаларға. Оның ҳәтте буйрық сөзинен күлкиниң изин аңлайтуғын балалар жым-жыртласты. Өз ара әжайып ойынға таярланып, изинен күлки күтти. Кеўлимжай қарнын қасып турып даўам етти. — Қәне, ойланыңлар. Ким бурын тапса, меннен тәкибай алады. Таппасаңыз, бәриңизден бир-бирден тәкибайды мен аламан. Шыбын қус па ямаса ҳайўан ба? Билип қойың, үйдеги қара шыбынды айтып атырман.

Ҳәр ким ҳәр жерден өзинше ретсиз жуўап берди:

— Қус!

— Ҳайўан.

Кеўлимжай ҳәммениң жалаңбасланыўын талап етти. Балалар тәртипти бузбай жалаңбасланды. Кеўлимжай оларды аралап жүрип, басларын шертип шықты.

— Енди мени тыңлаңлар, — деди орнына келип. — Шыбын адам. Себеби ме? Адамда, ҳәм қустың, ҳәм ҳайўанның минези бар. Көзлериңиз аларып таңланасызлар-ә, пәмсизлер! Қара шыбынның адамдайлығы — адамның жеген аўқатын жейди, қара шыбынның ҳайўандайлығы тасланды ҳарам затларға да қонып жей береди. Аш болғанда оны бизлер-әм жей беремиз. Әне, сол жақларынан адам қара шыбынға усайды. Ҳәмме емес, өзинен бир текше бахты кемлердиң тәғдирин билмеген адам қара шыбынға усайды. Аўа!

— Астапыралла!

— Енди бизден бир шымшық қаштыға өтемиз. Ким баслайды? Тоқтаң, өзим баслап беремен. Бизден бир шымшық қашты...

Ҳәмме даўыс қосып гүў етти:

— Нешик?

— Ҳәр қулағы қырқ тешик.

— Неше улы, неше қызы бар? — деди ҳәмме.

— Бир ҳаялы, бир сиңлиси, бир аты, бир тигилмеген отаўы бар.

— Усы үй! — деп балалар бирден шешти.

Қозының ети желинип болғаннан соң ойын және даўам етти.

Аманлық әри-бери тыңлап бағып еди, олардың тийкарғы мақсетке оралатуғын түри болмады. Шыдамады!

— Кеўлимжай, бағана мен ел тәғдири ҳаққында гәп баслап едим, Изи мана-манаға айналды.

— Ҳә — солай ма? — деди Кеўлимжай кекетип. — Шынын айтсам, бизлер ушын Маман бий қалай келсе де, ҳәтте, келмесе де бәри бир. Набада, усыннан елди жаў шапса да сен ҳаялыңды, Маманды көрмегенше тиктирмей қойған отаўыңды қорғайсаң. Бизлер-ше? Тойынсақ болды! Келген жаўдың атларына от орып берсек-әм тойдырады. Ҳә, ҳәзирше тойдырғанның ҳақысына ма? Мейли, онда. Ал, балалар ертеңги тамақтың ўақтына шекем Аманлықтың не жумысы болса ислеймиз. Ҳалқас бере алмаса, кетемиз. Қәне Аманлық, жумысыңның атын айт. Отынға барайық па? Өзиңди арқалайық па? Отаўыңды тигисейик пе? Ҳаялыңның аяқларын қысайық па?

Аманлық гәп табалмай еки шекесин қысты.

Балалар үстилериниң шаңларын қағып-қағып, өрре-өрре түргелди.

## 8

Адам гейде бахыттың не екенин билмей-ақ дүньядан көз жумады, өйткени бахыттың шеги, устағанлы анықламасы жоқ. Ол биреўлерге қағаз пулдың шытырлысы, екиншилерге, әрман. Әрман изинен әрман... Базыларға бир рет тойыныў...

Маман Санкт-Петербургқа жетип, уллы орыс патша менен тиллессе, халқымың арзы-аўҳалын айтып, уллы патшалықтың сорамына қабыл еттирген жарлықнама алып қайтса, бахытының шеги болып түйилетуғын еди. Ойлағанларын иске асырған соң онда басқа әрманлар басланды: Елине аман жетип, патша Жарлығын дуйым журтқа жәрия етиў, сөйтип дүньяның төрт бурышына елшилер, шабарманлар жиберип, Жунғар шабыўылынан тарыдай шашылып кеткен қарақалпақларды бир жерге, орыс патшалығының сорамына топлаў.

Бул ойлар оны қанаатландырып, елге жеткенше асыққан үстине асықтырды. «Егер жән-жақтағы қарақалпақлар бир жерге топланысса, биз де бир келата ел боламыз, орыс патшалығына дәстияр дос боламыз» дейди қыялы.

Кеўли қанша асыққан сайын күймеге жегилген атлар әстен жүрип баратырғандай, жол сирә өнбей атырғандай. Қыялы елинде, өзи жолда, бүркит болып орыс тоғайларының, далаларының үстинен ушып өткиси келеди, әттең, қанатсыз, қанат керек!...

Асығыслықтан да пайда жоқ, атлар шаршайды, оларға дем бериў ушын базы аўылларда, қалаларда мезгиллеп, еки-үш күнлеп дем алыўға туўра келеди.

Ҳәкисине қыс ерте басланып, қалың жаўған қар астынан жол табалмай, ҳәптелеп иркилген ўақытлары да болды. Базы күнлери еки-үш шақырымнан артық жол аса алмайды.

Деген менен, елге қарай тасланған ҳәр бир қәдем қуўаныш, тынбаўға, иркилмеўге тырысады. Бирақ елге жақынлаған сайын Маманның жан сезими қайта тәшўиш таба баслады. Киши жүз ханлығының үстинен жүрип өтиў бар еле! Абылқайыр хан оларды шегараға дейин «узатқан» нөкерлерин күттирип қойған болса-ше?

Бул ойлар оған жеңиллик бермесе де, Маман өзин бахытлы сезип, асығып киятыр.

Жолдың алыслығы, ерте басланған суўық, елшилерди болдыртты, базылары атта қәддин дүзеп отыра алмай, күймеде бир-бирине сүйенисип жатады.

Атлар әбден шаршады. Елшилер арасында аўырыўлар пайда болды. Ең мықлы, денсаўлықлары зор деген Полат жасаўыл да, Сағындық баҳадыр да аўырды.

Бәрҳама кепкен нан, кепкен жемис жеп, шөллесе, қар суўын асап муз шайнаў менен басқаларында да аяз жөтели басланды. Ыссы суў, чай, сорпа түслерине енген сағымдай.

Маманға өз әрманлары күш бергенликтен бе, аўырмады, шаршамайды. Күймеге жегилген атлардың дизгинлерин өзи алып, гә атларға ысқырып, гә бир-бирине сүйенисип жатырған жолдасларын хошаметлейди.

— Қәдирданларым, шыдаңлар, елге жетиўге дым ғана аз қалды. Есиңизде ме, ел бәримизди қандай салтанат пенен узатты, енди қарамызды көриўден пүткил ел сондай салтанат пенен күтип алады. Халықтың қушағы ыссы, ыссы қушақларда бәриңиз саўалып кетесизлер! Өзлериңизди тутыңлар, елге жеткен соң сизлерди және жол күтеди. Және атланып кетесизлер! Қаяққа? Билесиз, Жунғар шабыўылынан бери халқымыз жән-жақта пытырап жүрипти. Оларды жыйнаў керек. Сол ушын кимиңиз Қытайға, кимиңиз Афған ели тәрепке, кимиңиз Бухараға, кимиңиз Хийўаға жол аласызлар! Уллы орыс патшалығының меҳирли шалғайы астына жыйналатуғынын еситсе, бәри изиңизге ереди. Соннан соң үлкен мәмлекет дүземиз. Көп-көп жерлер егемиз. Санкт-Петербургқа оқыўға жигитлер жиберемиз. Соннан соң елимиз күшейеди, кең пайтах орыс патшалығы түўе пүткил әлемге ат шығарамыз!

Елшилер Маманның сөзлеринен руўхланса да, сөз орнына үсти-үстине жөтеллери менен жуўап қайтарысты...

Ақыры, Оренбург көринди!.. Елшилер өзлериниң елине жеткендей қуўанысып, еплеп бас көтеристи.

Оренбургта Нефлюев оларды жыллы жүз бенен қабыл етсе де, айтқан жаңалығы онша қуўанарлы болмады. Оның еситиўинше Абылқайыр хан қарақалпақ елине салықшыларын жиберген. Ғайып хан, «биз орыс қол астына өткен халықпыз» деп салықшыларды бос қайтарыпты.

— Ғайып ханның бул жуўабы орынсыз, — деди Нефлюев. — Ҳәтте, ахмақлық десе болады. — Биз буннан әўел, патша Анна Ивановнаның ўақтында-ақ, қарақалпақлар жөнинде келискенбиз. Қарақалпақлар орыс патшалығына қабыл етиледи, бирақ, салықты Абылқайыр ханға төлейди. Ғайып ханның басы екеў емес ғой!

Ақыллы мырза Маман бий, елиңе жеткен соң ондай жүўенсизлерге тәмби берип қой.

Бул Нефлюевтиң еки ел арасында алаўызлық туўыўын қәлемеўи ме, ямаса, Ғайып ханнан күшли Абылқайыр ханның тәрепин тутқанына ма, Маманға жақпады, сонда да тарыспады.

...Олар орыс патшалығының шегарасынан шығып, киши жүздиң қол астына қәдем қойыўдан-ақ, Абылқайыр ханның бир топ атлы нөкерлери қоршап алды. Бирақ, бул сапары, бәҳәрде «узатқанындай» бәләҳәтлеместен, шаўқым шығармастан Абылқайыр ханның дәргайына жүриўди талап етти.

Хан нөкерлерине қарсыласыў мүмкин емес еди, себеби, саны жағынан он еседей көп еди.

Бул жағдай Гладышевқа унамай олардың басшысын жумсартыўға талапланды.

— Жигитлер, сизлер неге ашыўлысыз? Өзлериңиз болса қарақалпақлар менен қоңсысызлар, мусылманлар қоныс таңлама, қоңсы таңла дейди.

— Көп сөз көликке жүк! — деди де, нөкерлердиң басшысы күймеге жегилген атлардың дизгинин алып жетелеўди бир топ нөкерине буйырды. Онлаған атлы Маманды қоршалап, күймеге жегилген атлардың дизгинин қолынан жулып алды.

Хан аўылына келгеннен кейин Маман баслаған елшилер бир топ нөкердиң қоршаўында қалдырылып, Гладышев Абылқайырдың көп қанатлы сулыў отаўына киргизилди. Оның «Маманды бирге алып кирейик» дегенине ҳеш ким қулақ аспады.

Абылқайыр күтә ашыўлы еди.

— Митрий төре, — деди ол сәлем-әлик тамамланғанша зорға шыдап. — Жалахор бәрҳа өтирикши, өтирикши бәрҳа жалахор болады. Буны билсеңиз керек.

— Ҳәр ким өзи билген даналыққа сәйкес ис алып барса, күтә жақсы, ҳүрметли хан.

— Қарақалпақлар бузды. Бизде жабық аўызға шыбын үймелемейди, деген даналық сөз бар. Қарақалпақлар ҳеш қашан аўзын жабалмайтуғын сорлы халық екенин көрсетти.

— Пүтин халық сорлы болмайды, хан.

— Митрий төре, асаў тайларды аңсат жүўенлеп минги қылыўға шебер екенсиз. Уллы патша қарақалпақларға Жарлық берди дейди, сизде болса көрсетиң.

Гладышевтиң ойы жаманлыққа бармай Жарлықты шығарды. Хан Жарлықты даўыслатып оқытып, аўдартып мańызына түсингеннен кейин әўелгисинен беттерирек қәҳәрленди.

— Буның бәри Киши жүзди әззилетиў, маған қаслық! Мени гелле қылыў нәзерде тутылды ма? — деп ол айрықша қәҳәрге толы кейип пенен ғарқ-ғарқ күлди. — Абылқайыр ханның ақылы еле өз орнында!

— Ҳүрметли хан, өзиңизди басыңыз! — деди Гладышев бираз ашыўлы.

Хан басылмай, тар маңлайы үйилип Гладышевти шайнап таслағысы келгендей олыйды:

— Нефлюев мениң аманатқа берген баламды екинши балама аўмастырмағанынан-ақ, Мурат шайықтың баласын аманатқа қалдырмай оған исенгеннен-ақ, изин түсингенмен. Усыған мәсирип қарақалпақлар салық төлемеди! Мени өлтиргиси келеди!

Дмитрий Гладышев ашыўын иште сақлаўға, тилине келген гәплерди ойланбай айтпаўға әдетленген еди. Иши дүткешке айналса да, сабырлылық етти. Қәҳәрли Абылқайыр ханға ҳәзир бир нәрсе деў отқа май қуйған менен барабар. Бул хан Уллы орыс патшалығына ҳештеңе қыла алмағаны менен аз санлы қарақалпақларға пир — зор!

Ол бираз ойланып отырды да, ханнан жарлықты қайтып алып сыртта қалған Маманға берип жибергизди.

— Мейли, — деди хан. — Умытпаңыз, Киши жүздиң ханы, мен!!!...

* * *

Жүз берген ўақыяға түсинбей қапалықта күймеден түсиўге де руқсат етилмей, көп атлының қоршаўында айналаны көре алмай отырған елшилерге бир атлы келип, Маманға патша жарлығын усынды.

— Мә! Күтпейсизлер! Митрий төре қалады.

Маман сонда да Гладышевти күтпекши еди, қоршаған атлылардан биреўлери күймеге жегилген атларды жетелеп, екиншилери қамшылап алып кетти.

Соннан оларға күн батқанша айналаны көрсетпей қоршап түн ҳақыйқый ҳәсиретли қара пердесин жапқаннан кейин тоқтатты.

— Қәне, Маман, күймеден түс, жолдасларыңа да түс деп буйыр.

— Мәниси? — деди Маман.

— Билиў шәрт емес!

— Бул орыс патшасы берген күйме!

— Күймениң дегершиклери Киши жүздиң жеринде турыпты!

— Ҳәй, неге малтамтап айтысып турсаң! — деп арттан бир адам алға өтип, елшилердиң шоғына найза урды.

Полат жасаўыл «Ўақ!» деўи менен қулады. Сағындық баҳадыр ғәзеп пенен түргеле сала найза урғанның атына секирип, кегирдегине бес бармағын өткериўи менен қосыла қарға жығылды.

Көзди ашып жумғанша ғабыр-ғубыр алыспа, найзаласпа басланды.

Маман лашкер басысының атына секирип мине сала, өзин ийтерип жиберип қалғанларына тийисе баслап еди, пайда болмады. Күшли бир сарбазлардың қорғасынлы дойырлары жән-жақтан тийип, аттан қулады, ес-түссиз қулады.

— Бул да өлди! — деп бир атлы секирип түсип, оның қойнындағы жарлықты ала сала атына секирип минди. — Айдаңлар!

Маман ҳештеңе еситпеди, сезбеди, аўзы-мурнынан лоқсыған қан аппақ қарды бояп қала берди. Соннан ол таң алдында еплеп қыймылдап, әстелеп көзлерин ашты. Жолдаслары жансыз сулайып атыр, күймениң тек темир көшери күл астынан қап қара болып көринеди. Атларды, өзлериниң өликлерин қалдырмапты.

Куяштың шығыўынан елиниң қай тәрепте екенин шамалап, омыраўын көтериўге тырысып еди, тула бедени зил, буўынлары сиресип қалған. Көтериле алмай, қайта жығылды, және талапланды...

## 9

Пүткил ел алағадалықта. Кеўиллерде шыдамсызлық әсери. Қоңсының қоңсыдан, руўдың руўдан, елдиң елден қәўпи ҳәммени шыртылдақ етти. Адамлардың өзлери өз пикирлерине қарсы келип сөйлесе де, оны елестиретуғын, сеники надурыс дейтуғын киси жоқ сыяқлы. Бирақ, олардың барлық гәплериниң басы да, ортасы да, ақыры да Маман, Маман!

— Маман келсе бәри гүлалагүл!

Усыған кеўиллери қаўып қалғаны соншелли, жыйналғанлардан, ямаса әңгиме дүкәнын курыўшылардан ким усы сөзди қыстырса болды, тыңлаўшының жүзиндеги қайғы думаны бирден серпиледи,

булттай қабақлар ашылып, көзлер қуяштай жарқырайды, еринлер еркине жайылып, тислер жалтырайды.

Аҳиднамада Маманның қайтарылыўы соралған ақырап айы кирди. Еле, Маманнан хабар-атар жоқ. Журт абыржый басады. Ҳәр кимде бир гүдик пайда болды, гүман күшейди.

Усындай күнлердиң биринде Оренбургтан Мурат шайықтың улы Хелўет шайық келди. Еле Маманлар Оренбургқа жетип үлгермей-ақ, бирақ, жоқарыда қарақалпақлар жақсы қабыл етилгенин еситкен Нефлюев оған тархан атағын өзи жазып берип қайтарған еди. Ол Нефлюевтен еситкени бойынша қарақалпақ елшилериниң Санкт-Петербургта жақсы қабыл етилип, жарлықнама менен қайтқанын айтса да, ел тыншый қоймады. Керисинше, қоңырат руўы ябыларға қарсы шабыўылға таярлықты көбирек гүжитти.

Ел арасындағы алаўызлыққа қанық Мурат шайықты улының тархан болып келгени көп нәрсеге исендирип Избасар баҳадырға барды.

— Әзизим, жыйған нөкерлериңди тарқата ғой.

Избасар баҳадыр оның сөзлерин жүзегөйлик көрип ҳай- раны шықты.

— Әзизим, басыңды шайқама, күстаны қылма, мени. Бул заманда еки жүзли емес адам жоқ. Бир жүзиң халыққа қарайды, бир жүзиң атқа минерлерге қарайды. Ал, енди усыннан Абылқайыр хан топылса, күшимиз бар ма? Жалғыз ябы руўы не қыла алады? Тарқатқаның абзал. Усыннан Абылқайыр хан бизге топылып болып-ақ, уллы патшаға ўәжлеспеге барғанымызда, алды менен қарақалпақлар ләшкер таярлады, соннан соң алдын алдым десе, не деймиз? Ябы уруўы, пүткил қарақалпақтың бахтын қара қылады. Сабырлылық кесесин ҳеш ким шайпалта алмас, әзизим, нөкерлерге айт, үйли-үйине тарқасын.

— Қоңыратлар топылса не қыламыз?

Сөйлескели бери гәпин бөлмей мақул тыңлап отырған баҳадырдың бул сораўы шайықтың өзин ойға шүмдирип жиберди. Тозыўы жеткен үлкен алақаны жыйрық маңлайына тиреп, тереңде жатқан көзлерин жумды. Избасар баҳадыр оған селтең бергиси келмеп еди, бирақ ҳеш қашан қарсы келмеген шайықтың гәпин сындырыўға дәти шыдамады.

— Ойланбаңыз, шайығым, жигитлерди тарқатайық. Қоңыратлар топылса, керегин алар. Қарсы қол көтермеймиз. Баламыз жылағанда, алды менен реҳим ететуғын өз биримиз ғой, түсинер. Түсинбесе

сиз ойлағандай шыдам менен түсиндирейик. Жүдә болмаса, елине ҳақлап барып түсиндиремиз.

Мурат шайық маңлайынан қолын алып, иши лаўлап кеткендей қатты гүрсинди.

— Әзизим, қыялым алғаў-далғаў. Найзасы бола тура қолы қалтыраған жигит душпанының бендеси болады.

Шайықтың ҳәр бир гәпи үстинде терең ойланатуғын Избасар баҳадыр бул сапарғысын биймәни қалдырды.

Сәскеге таман ҳәр қашанғыдан да қатты даўыллы, қақаман суўық басланды. Қослардың қамысын көтерген, төрт баўлы түңликлерди жулқып желпилдеткен даўылға қарап, аллағаналыс етип турған шайықтың сәллесин даўыл ушырып түсирди, ол жумалаған сәллениң изинен жүре бергени, қасына келип қалған еки атлыны көрди. Тумақларын басып кийген қазақ атлылары еди. Бири оққа ушқандай, атынан ғарғып түсип, шайықтың сәллесин көкирегине басыўы менен өзине әкелип берди.

— Алыңыз, шайқымыз.

Суўық атлылардың да, шайықтың да көзлерин жасаўратқан еди, бирин-бири танымағандай алды менен көзлерин уўқаласып, изинен сәлемлести. Бири Айғара бийдиң, екиншиси Седет керейдиң шабарманлары болып шықты. Бийлери жиберипти: Абылқайыр ханның жаман нийети ырасланған! Оған қосымша жаңа бир хабар — Ырысқул бий тири екен. Айғара бий көрипти. Юсип бийдиң тойынан қайтқанда Абылқайырдың жасаўыллары тутып аўзы-мурнын байлап алып қашыпты.

— Ырысқул бий, тақыйық тири ме екен? — деди ол өз көзине, өз қулағына онша исенбей.

— Тири, шайқымыз, тири, — деп Айғара бийдиң шабарманы жуўап берди. — Өз көзим менен көрдим. Бизиң уллы бий араға мал салып, ханға қәтере де қылды, босатпады. Ырысқул бий азыпты. Шамасы, қыйнаған.

Мурат шайық бул хабарды қоңырат руўына тез жеткериў ушын атларды сазлаўды атқосшысына тапсырды.

* * *

Ябыларға қарсы шабыўылға таярлықты ҳәр тәреплеме күшейтип атырған қоңыратлылар сүйикли Ырысқул бийи болмағаны ушын таярлықты бир мәртебе көзден өткериўди Ғайып ханнан өтинди. Ғайып ханның өзи бул иске жол ашып берген еди. Барыўды

нақолай көрсе де, бармаў абырайыма нуқсан келтирер деп, бир даўыллы күни келди. Келди де, тез қайтыўдың ғамы ушын қамшы услаған қолын үплеп турып:

— Биз кетемиз, Қоңырат бийлери, — деди. — Гәп биреў. Нөкерлериңиз зор-зор. Билмегенбиз, Маманнан Есенгелдиңиз басым. Пүткил қарақалпақ атынан аға тек Есенгелди болады. Жаслар, қоңыраттың жаслары, уғыңлар, қайталайман. Төрт сан қарақалпақ елинде сизлерге жаў, сизлерге жақ жарыстыратуғын ябылар. Илимикметлилери көп болғаны ушын алдап-арбап, тәсил салыў солардан табылады.

— Абылқайыр ханның тәсили жөнинде айтпай баратырсыз.

Суўыққа бүрисип, ықлас пенен тыңлап турғанлар бул сораўды ким бергенин байқамады. Бирақ, барлығының жүрегин түрткилеген сораў берилгени ушын жанланып, «дурыс, ханымыз, айтыңыз» дести.

— Ҳәзир дүньядағы күшли хан Абылқайыр хан. Оған тил тийгизиў, гүман етиў, исенбеў — аспандағы қуяшқа исенбеў. Қуяш булт астында қалса да, қуяш. Биз кеттик, — деди Ғайып хан.

Даўыл басылмады. Жерден қар аралас шаңғыт суўырып, үзликсиз уйтқып турыпты. Бул қоңырат бийлерин жолдан қалдырмай, өз ара мәсләҳәтке көшти.

— Ғайып хан ақыллы гәп айтты, есте сақлаңлар. Қуяш булт астында қалса да қуяш, — деди Сүйиндик бий.

— Бундай гәпти басқа адам айта алмай ма? — деди Есенгелди.

— Әй, күшик сенде усындай терсекөй сөзлер пайда болып киятыр, жап аўзыңды!

Есенгелди жолдасларына бир жымыңлап, үндемей қойды жолдаслары оның гәпине ырза болған кейип пенен өзлеринше мырс-мырс күлисти.

Алиф Қарабай Қара баҳадыр қамшысын көтерди:

— Халайық, тыңлаңлар!

Сүйиндик бий зәңгиге ширенгенин қойып, ерге жайласып отырды. Байқошқар бий баласына ҳәм жолдасларына ыразы болып, еки көзин сол тәрептен алмай тур еди. Алиф Қарабай Қара баҳадырға бурылды.

— Хан кетти. Даўыл турғызып кетти. Топырақ пенен қарды араластырып уйтқытып кетти, биз қалдық. Енди оның гәпи менен ябыларға барып ойқан турғызсақ, оң қолымыз бенен шеп қолымызды кеспеймиз бе?

— Қара баҳадыр, сен бәрҳа сөйтесең!

— Бузақы!

— Сатқын!....

Адамлардың шаўқымы басылғанша Әлиф Қарабай баҳадыр сөйлемеди. Ҳәр ким ҳәр қыйлы ништерли гәплерин әдеўирге шекем даўам еттирди...

— Мейли, — деди ол соңында. — Олай болса, бүгиннен қолайлы күн жоқ. Аласапыран болып атырған ябыларды, барайық та тоз-тоз қылайық. Мен баслайын. Нөкерлер, таярмысыз?

— Таярмыз!!

Байқошқар бий сораўға ҳәм жуўапқа қанаатланып, бир нәрсе деў мәқсетинде зәңгисине ширене бергени, қубла таманнан еңкейисип шаўып киятырған қос атлыны көрди.

— Анаў кимлер?

Шаң аралас уйытқып турған қырпық қардың астында атларын қулдыратып киятырғанлар Мурат шайық пенен ат қосшысы Сейдулла еди. Ҳеш ким танымады. Көз ушынан бесенедей белгили ақбоз терлегенликтен, қарлы ылайды етине шәппиктей тартып, түрин өзгерткен, қара қумай, жер түслес. Олар жақынлағанша, ҳеш ким орнынан табжылмады. Шайық атлыларға араласып, ылайланған маңлайын жеңи менен бир сыпырып, сәлем бергенде ғана журт таныды. Бирақ, бул сапары бийлердиң ҳеш қайсысы аттан түспеди. Олардың жаман ойда, бузылған кейип пенен турғанын шайық бирден түсинди.

— Әзизлерим, сизлерге Ырысқул бий туўралы жаңалық әкиятырман.

Атлылар аң-таң болып бир-бирине қарасты.

— Аўа, әзизлерим. Ырысқул бийди Абылқайыр хан урлатып алдырған. Сизлерди ябыларға қарсы қойыў нийетинде урлатып, бенде қылған...

Шайық қаншама жигер менен күйинип, даўысында ыза қайнатып сөйлегени менен, оның сөзине исенетуғын атлының түри көринбеди. Шайық сонда да пәсине қайтпады. Айғара бий менен Седет керейден атлылар келип, усыны хабарлағанын айтты.

— Май айныса дуз салынады, шайқымыз, — деди қапталдан ири бир даўыс. — Ал, дуз айныса не салынады, шайқымыз?

— Ондай түпсиз тереңге түскеним жоқ, әзизлерим.

— Мақсетиңизди айтыңыз, шайық?

— Әзизлерим, балық басынан ширийди. Сизлерди пүткил қарақалпақлардың бас руўы деп санар едим. Ширимеңлер!

— Ябылардың ақылы менен қарамықтың дәни болғанша, өз ақылымыз бенен бийдайдың сабаны болғанымыз абзал, — деди көпшиликтен ири даўыс.

— Таза гәп айтыңыз, шайық!

— Жаў келсе, биз де тири жанбыз.

— Қасқыр келгенде ийтлер бирикпей, ҳәр ийт өз ийтаяғының басында ырылдаса, ийтаяғынан айырылады, әзизлерим.

— Ништерли гәпиңизди қашан ада қыласыз, шайық?

— Пәмли адамларға гәпим ништер болып тийсе, бир қазанға түскен геллелердиң тәғдири бир болатуғынын уғады.

— Жигитлер, өзимизди өзимиз неге найзалатып турмыз, тутың шайықты! — деди Байқошқар бий. Буйрық күтип турғанлар шайық пенен ат қосшысын гүў басты.

— Тоқтаңлар! — деди шайық жүдә бәдайбат даўыс пенен басынан сәллесин алып, жалаңбасланды. — Әўели тыңлаңлар, бассыз әзизлер! Айтқаным дурыс шыққан ўақытта бир-бириңди айыпламаңлар, тозған себеттей бузылмаңлар. Лекин, оң қол менен сол қолың, бәри бир, өз қолың екенине ой жибериңлер.

— Есенгелди, шайықты байламаңлар, бирақ қоршаңлар, — деп буйырды Сүйиндик бий.

Есенгелди өзине теңлес бес-алты атлы менен шайықты айнала қоршап алды. Соның арасында көпшиликтен биреў шайықты енди сөйлетиў кереклигин ескертти.

— Ҳәмириңизди тәрк етпеймен, әзизлерим, қәне, қайда апарасыз! Басланлар! Бирақ, ғапылда қалмайық, әзизлерим. Руўды емес, пүткил елди қорғаўға найза көтериңлер. Пүткил ел бир отаў еди, ҳәр руў сол отаўдың бир қанаты. Бир қанаты сынық отаўды паналап болмайды. Қоңыратлар, сизлер сол отаўдың төрги қанаты един̧из!...

— Шайық, көп сөйлей бермеңиз шаршап қаласыз, — деди Алиф Қарабай баҳадыр. — Қәне, Қоңыраттың азаматлары, найза тутқан нөкерлер, Сүйиндик бийге ериңлер.

Сүйиндик бий киши руў бийлерине тәртип берип, өзи тек ортада алға жол баслады. Атлар қатара таба тутып жүрип кетти. Олардың изиндеги уйлығысқан топардың ортасында байлаўсыз бенде қылынған Мурат шайықтың, үскини қуйылған, сәллеси маңлайына түскен, сақалынан суў тамшылап баратыр. Көзлериниң

астындағы қалта-қалта жыйрықлар исип кеткен сыяқлы. Шайық ушын күш жумсайман деген Сейдулла «дәўдиң» еки қолы артына қайырылып байланған.

— Шайқымыз, Абылқайыр ханның кәраматы ма бул?

— Дозақый болсын, ол әзиз нәлет!

— Шайқымыз, бизиң қалақ бас хан қашып кеткеннен аман ба екен?

— Ким дейсең?

Шайықтың даўысынан, мысқыллы күлгенин сезген «дәў» өз тапқырлығына жүдә қуўанышлы түсиндирди.

— Ғайып хан-ше, шайқымыз? Журттың бәри оны қалақ бас дейди.

— Бул, сол шөже бастың ылайсаңы, — деди шайық әстен. — Илаж қанша, бизиң елге қамбар бас төре әўлады аўыспады.

— Наны бизден, дәстурханы өзгеден болатуғын күн қашан таўсылар екен?

— Қудай бирлик үлестиргенде, бизиң халыққа аўыстырмаған. Бирликсиз елдиң дәстурханы да пыррым-пыррым, дәстурхансыз ел — бахытсыз ел.

— Ўәдеге опа, шайық! — деген буйрық еситилди қоңыратлылардан.

Шайық үндемеди.

Пүткил қарақалпақ елиниң үлкен адамын бенде қылып, айдаў ерки берилгенине марапатланған гилең жас жигитлер, атларының үстине қағылған шегедей тик, қуўанышлы. Бир-бирине жымыңласады. Олардың басшысы Есенгелди ҳештеңе деп бийғәрез, шайықтың оң капталынан көз алмай, найзасын алдына өңгериўи менен қабағынан қар жаўдырып алға баратыр. Қоңыраттың барлық атлылары алға, ябы руўына шабыўылға алға баратыр.

Даўыл кем-кем пәсейди, аспанды булт каплады. Базда-базда булт тарқап кетип қуяш жылтылдайды, және қәдимги қәлпине кирип, қуяш биротала булт астына сиңди, демниң арасында әлем гүңгиртленип, епелеклеп қар жаўды, бул өзгерислердиң ҳеш бири қоңырат атлыларының кейпине тәсир етпеди, жүрис даўам етти.

Мурат шайық тым-тырыс. Мойын омыртқасы үзилип кеткендей, басы төмен ийилген. Көз астынан қарап Есенгелдиге бир нәрсе демекши болады, және өзине-өзи ҳай берип сөйлемейди.

— Жаў!!!

Гүллән атлардың қуйрықларынан тең тартып қалғандай, ҳәммеси гилт тоқтады. Бул жаман хабарға Мурат шайық та бас көтерди. Қолын маңлайына тутты.

— Таў! — деди.

Еки сөз де бир қыйлы еситилди. Ҳақыйқатында көз ушында жылысып киятырған бир үзик таў көринди. Барлығы қарасты. Қәбирлериниң басына гилең сырық шаншылған үлкен әўлийешилик толайымы менен жылысып киятырғандай. Шайық шыдамады.

— Жаў, әзизлерим, жаў! — деп даўыслады.

Илгери-кейин баратырған жүзлеген атлы бир жерге топланды.

— Әзиз жигитлер, — деп шайық пәтленди. — Жаў келгенде өкпе-гийне айтылмайды. Жигерлениңлер. Сүйиндик бий, Байқошқар бий, Әлиф Қарабай баҳадыр, Айтууған жасаўыл... — шайық ҳәмме басшыларының атын атап шықты. — Киятырғанлар отаўдың жаўы. Сәл сабырлылық етип шегинип турыңлар.

— Көпшилик ғой!

— Усындай-әм жаў бола ма екен?

— Әй, алла, өзиң яр бол!

— Бир өзим беллесемен!...

— Азаматларым! — деди Сүйиндик бий. Оның қатал даўысына атлылар ийирилди, өзи әдетинше, ердиң үстинде тикейди.

— Аңқылдадық, ғапылда қалдық. Енди пүткил отаў намысын қорғаў пайымызға тийип тур. Не дейсизлер?!

— Баслаңыз, елди басқылатпаймыз!

— Дастықсыз өлген жигит көмилмесин!

Мурат шайық бундай бет бурыспа болады деп ойламаған еди. Қуўаныштан қанасына сыймады:

— Әзизлерим, тез қыймылдайтуғын дем келди. Есенгелди балам, топарыңыз бенен изге шабыңлар. Елге, дуйым журтқа хабар етиңлер. Көкирегинде жаны бар бенде Ўатанын қорғаўға шықсын. Жаў ҳәзир пышық көринген менен тышқан. Солай де, елге! Шап, мәрт балам, шап! Гийнеңди умыт, ақыллы балам, шап!

Мурат шайықтың шыдамай бийликти қолға алып кеткенине ҳеш ким ой жиберип, табан тиреспеди.

— Шап балам, шап, — деди Сүйиндик бий оған қосыла.

— Қәне, жигитлерим, айдаңлар, аталар сөзи сынбасын! — деп Есенгелди тобы менен көпшиликтен бөлинип патыр-патыр шаўып кетти. Оның жеделлиги Мурат шайыққа унады.

— Жаў көрсең аяма, кимди жаў десең, гелле қылып өт, балам, — деди бақырып изинен шайық.

— Улым, мен де жаўға кеттим. Ырза бол! Нәсиятымды тыңла: — Өрге шапсаң, абайлап шап! — деп даўыслады әкеси Байқошқар бий.

— Әй, Байқошқар бий, нәмәртлик етпе, улың ақыллы, өзи түсинеди, — деди шайық, бирақ Есенгелдилер алыслап кеткен еди.

— Әзиз жигитлер, ели-халқына пайдасыз азамат — үстине ел қонбаған шөл менен тең. Ўақыт келди. Пәрўардигар яр болсын! Ел ушын тыйықтан өлиў — бейиший болыў, әзизлерим. Қәне, айдаңлар, жаўдың алдын кеселеймиз.

Тайын найза-жарақлы атлылардың қарсылығын күтпеген жаў топары тоқтады. Тумағы ылашықтай ири бир атлы алға шығып даўыслады:

— Әй, сизлер, кимлерсиз?

— Ел ийелеримиз, — деди шайық.

Жаў атлысының басшысы қапталындағы атлыға:

— Анаўсын ноқталашы! — дегени мәттал, узын саплы найза шайықтың үстинен зуўлап өтип, ҳеш кимге зыянсыз барып жерге қадалды.

— Әзизлерим, тәкирарлаңлар: — бизге ҳеш кимниң ноқтасы сыймайды. Ноқталатпаймыз!

— Ноқталатпаймыз!

— Өз жеримиз ушын өлемиз! Ноқталатпаймыз!

Соның арасында Убайдулла султанның даўысы еситилди, Сүйиндик бий, Байқошқар бий, ябыларға қарсы сапарды тоқтатыңыз! Тоқтатыңыз!

— Тыңламаң, әзизлерим! — деди шайық оның не айтажақлығын түсинбей.

Шыдамы ада болған жаў атлылары қой көрген падалы қасқырдан гүў алға басты. Ҳәмме арпалысып кетти.

Нениң, не екенин уғалмай қалған Убайдулла султан шайықты көрип, алдын кеселеди:

— Шайық ата, қоңыратлыларда жазық жоқ!

— Қойсаң-а, әзизим, жаўға шап! Соң сөйлесемиз!

Убайдулла султан қоңыратлыларының ҳәрекетин енди түсинип, жаўға қарсы ат айдады, бирақ арадан көп ўақыт өтпей-ақ, оның еки аяғы зәңгиден шықпай, басы атының артқы аяқлары арасында баратырғаны көринди. Қула далаға бет алып қашқан бийик

арғымақты қолдан шығарып алмаў ушын ба, қурық услаған үш жаў атлысы изинде қыйқыўлап қуйынлатып баратыр.

Кимди-ким аттан қулатып атыр, айырыў қыйын. Найзалар, қылышлар ғырш-ғырш ҳәрекетте. Қашқанның да, қуўғанның да аўзында бир қыйлы сөз бар: «Алла, алла»! Ат туяқлары менен аспанға атылған қар аралас топырақ бөлеклери найза ушында, аттан қулағанлардың бөриклери менен қосыла, томп-томп түсип атыр.

Мурат шайықта да найза пайда болды. Ылаққа үйренген ақ бозы қара тер: марапатын жеткерип шүў-шүўлейди. Қаймығып шаўып, найза силтеп жүрип Мырзабек пенен Седет керейди таңып артқа даўыслады.

— Ҳаўлықпаңлар, әзизлерим. Булардың бәри жаў емес! Жаў емес! Досларды таныңлар!... Қашқаны көзабасы... Досларға найза силтемеңлер!...

* * *

Бес атлыны баслап пүткил елге асығыс хабар етиўге шаўып баратырған Есенгелди ат үстинде ентигип жолдасларынан сорады:

— Шайықтың даналығына исендиңиз бе?

— Исендик. Усы жаўды билип жүр екен.

— Ҳақыйқый көзи ашық!

— Тил тийгизиўге болмайды, — деди Есенгелди қоңыр алаяғының саўрысына қамшылағанды тоқтатпай. — Қалақ бас Ғайып хан бәршемизди алдады. Қорлады. Неге тосаңладыңыз? Айдаңлар!

— Есенгелди, әўеле Ғайып ханды өлтириў керек! — деди Алиф Қарабай баҳадырдың улы Ғайып баҳадыр.

Есенгелдиге бирден мақул түсип атының жүўенин сәл тартып қарады.

— Ғайып ханды өлтириў керек?!

— Анаў төбеде ийтлери менен уўдыр-шуўдыр болып жүрген сол емес пе? — деди жаслардың бири.

— Сол!

— Кеттик! Өлтиремиз! Бул ушын шайық бизге көп алғыс айтады. Қарай ғой, өзлери үш атлы екен, сизлер жолдасларына бас салың. Мен ханға найза ураман. Аўа. Өзи мени найзашыл деп мақтады. Биротала мақтасын.

Оларда бундай күш, бундай жигер қайдан пайда болды, өзлериниң де ақылы жетпеди, ойланған да ҳеш қайсысы болмады. Руўының алдына қойған мақсетлери шебекейине айланғанын, елге ескертиўсиз жаў келгенин тек Ғайып ханнан деп түсинген жаслар басқа сөздиң басына барыспай, олай бурылды. Ҳәзир ғана қасында жүрген улы Убайдулла султан ашыўланып кеткенине ишқыста болып турған хан атлыларды көрип, ҳаўлықса да, Есенгелдини танып көкирегин басты. Алыстан бадабат салды.

— Қоңыраттың күшиклери, бул пе жедел?

Есенгелди узақтан билдирмей шөкелеп киятырған узын саплы найзасын жиберип қалды. Найза ханның қулақ-шеке-өңешинен қадалып аттан қулатты, айтар гәпи кегирдегине сыймай, қорр-қорр етип, сөз орнына бурқ-бурқ қан болып ағып жатты. Усы мәҳәлде қашыўға мейилленген жолдасларына Ғайып баҳадырлар қаршығадай топылып, аттан аўдарып үлгерди. Есенгелди елеге шекем ханның бет-әпшерин толық абайламайтуғын еди, өлим алдындағы ханның келте аяқ-қоллары селтең-селтең еткени болмаса, ишин айранға толы бир меске мегзетти. Есенгелди де бурын пайда болмаған ызалы күш пайда болды. Ханның кегирдегин тесип өткен найзасын суўырып алып, қарнына урды. Тырнағына, айдарына шекем сумлық ойлап, өзгелерге қазып жүрген гөрине өзи жығылатуғынын ҳеш қашан есине келтирмеген ханның ғарбыз қарны пыссыйып ағып, жатқан жеринде, аяқ-қолы төрт тәрепке созылыў менен, ат басқан бақадай жарбыйды.

Буннан соң олар көп иркилмей, топарласыўы менен шабысып кетти. Олардан көп жерлерге шекем қалыспай, ат туяқлары арасында шапқыласқан ханның аңшы ийтлери узақ шыдамай ҳәр жер, ҳәр жерде шоңқыйысып отырып қала берди...

## 10

Елиниң басына қандай мусаллат түскенинен бийхабар Маман Киши жүздиң кең далалары бойлап, омыраўын көтере алмай, тек жер баўырлап жылысып киятыр, еле жылысып киятыр. Қумырсқадан оза алмаса да алға, елине қарай умтылады, мезгилге бир шақырым алға илгерилесе де пайда.

Базда жыңғыл түбирлерге асылып аз-маз дем алады, мурнының қанын сыпырады, не болғанын ойлайды... «Жасыл алды менен бийик ағашқа түседи... Гладышевти өлтирген болмасын. Жаўыз Абылқайыр

оған қол көтере алар ма екен...» деп турады да ол жөнинде ойлаўдан қорқады. Елде Мурат шайық, Ырысқул бийлер тири емес шығар... Бәри өз орнында болғанда бүйтпес еди, қорқар еди...

Бул болжаўлар оның диңкесин қуртып, қайтып ойланбаўға тырысады, және алға жылысады, бир қара көрим жерге бармай шаршап, талықсып, маңлайын қурғақ түбирлерге басып бир майдан жатып дем алады.

Үлкен бир жыңғылдың астына бас тығып, мийи аўылжып, бираз жатыңқырады. Аз ғана мызғығандай болды. Көзлерин ашса, семиз бир қара ғарға мурнынан аққан қанды шоқып қашып-шоқып қашып тур. Ушырып жибериў ушын қолларын сермеп еди, ғарға талтаңлап сәл арманырақ қашса да, алыслап кетпеди. Оның және алға қарай жылысқанына өкингендей, бир шекелеп қарап турды да, изинен адымлап ере баслады. Оның жаналғыш қара әзирейлиге усап изинен қалмағанына Маман хаўлығып, гидирди. Бир шыбық сындырып ғарғаға ылақтырды. Ғарға, бәри бир, үркпеди.

— О, нәлетий қара ғарға! — деди ол тисленип. — Мениң өлимимди тилеп киятырсаң ғой-ә? Өлмеймен! Кет ары, өлмеймен! Мени Абылқайыр өлтире алмады, енди өлмеймен!

Ғарға, оны түсингендей-ақ, иркилип, қарап турады да, ол жылысса, мурнынан хәр жерде тамған қанды шоқынып келе берди...

Маман бул ҳалға түскели неше рет күн шығып, неше рет батқанын умытты, аш болып талықсыды. Ҳәр жерде басын қарға басып, дир-дир силкинип алады. Уйқысы да келип баратыр. Ең болмаса, уйқысын ашыў мақсетинде аппақ қарға бетин басып, аўзын толтыра бир асайды. Ашлық әбден қысып, базда қар астын тинтип, жас шөплик излейди, тапса аўзына салып шайнаңлайды.

Ол неше күн жүрсе де, сол ғарғаның қалатуғын түри жоқ. Оған қасарысып, көзлери жумылып кетпеўи ушып барлық жан айбаты менен алға жылысады.

— Әй, ғарға, — деп бир гезде және артына бурылды. — Қал!

Ғарға «яқ, яқ!» дегендей еки рет ғарқылдады.

— Эҳ, аспанның Абылқайыры! — деди Маман тисленип.

Ғарға бирден қашып, бир қалың түбирдиң астына тығылды. Маман буған түсинбей, биресе қасқыр келди ме деп ҳаўлығып, биресе, адам баласы киятырмекен деп өмирден дәмеленип, кесирткедей бас көтерип еди, төбесине көлеңке түсти. Аспанға қараса, бир бүркит шарықлап ушып жүр.

— Эх, найсап! — деп мыйық тартып бүк астында муштай болып турған ғарғаға қарады. — Аспан патшасынан қорыққан екенсең ғой! Қорықпай көр! Сен Абылқайырсаң, ал анаў бүркит — уллы Петр бириншиниң қызы, патша!

Бүркит көринбей кетти.

Маман және алға жылысыўын даўам етти.

Ғарға қалыңлықтан шыға ҳәккелеп келип, ол иркилген жерде мурнынан тамған қанды шоқыўға киристи. Көп жылысыўға ҳалы келмей Маман және иркилди, және ғарға таманға қарады:

— Әй, аспанның Абылқайыры, қаш! Әне, төбеңде аспан патшасы бүркит және пайда болды. Әжелиң соннан!

Ғарға оны түсингендей қосаяқлап ҳәккелеп, және бир қалың бүкти таўып, астына паналады. Маман аспанға қарап даўысының барынша бақырды:

— Әй, аспан патшасы, орыс патшасы, әне Абылқайыр, әне бүктиң астында! Мениң өлимимди тилеп турыпты...

Бүркит шарықлап, және әлле қаяқларға кетип, көзден ғайып болды. Төбесиндеги сүйеншинен айрылғанына Маманның кеўли бузылып, ийеги кемсеңлеп, бирақ көзлеринен жас шықпады. Бойына күш жыйнап және алға жылысты.

Бир гезде қалың шеңгелликлер арасынан парылдасып қырғаўыллар ушып еди, әлле қайдан бағанағы бүркиттиң мисли жудырықтай тасқа айналып, сарқып киятырғанын көзи шалғаны сол, соның арасында, оның қайта аспанға көтерилип, тырнақларына бүрип баратырған нәрсеси, анадай жерге торс етти. Маман тез-тез солай қарай жылысты. Келсе оттай қызыл пәрлери бурқылдап, бир ата қораз қырғаўыл жатыр.

Ол аспанға қарады. Бүркит ҳеш жерде көринбеди.

— Рахмет, аспан патшасы!...

Даўысын өз қулағы да еситпеди, тек кеўили айтты.

Қырғаўылдың пәрлерин тез-тез жулып, ишек-қарнын алып таслады да, аяқларын жулып, аўзына баса сала, сүйеклери менен пышыр-пышыр шайнады.

Әлленемирде және өзине келип, қардан бир асады да, елине қарай қозғалыўын баслады. Енди мийи де толысқан сыяқлы. Нефлюевти еследи. Абылқайырға күш берип отырған солмекен?.. Егер сол болса, Абылқайырдың Гладышевке де қол көтериўи сөзсиз!... Әне, бул ислерди уллы Петр бириншиниң қызы билмейди...

Егер билсе, өзи Жарлық берип қайтарған елшини бүйтип қорлатар ма еди!.. Қорлатпайды... Бас ўәзир Бестюжев те бийхабар... — Маман терщиген тырналған жүзин алақаны менен бир сыпырып, ҳәсиреттен гиреўкеленген көзлерин аспанға тикти. Оо, нәлетий дүнья, ең болмаса Петербург таманға ушып баратырған қус та көринбейди-ә!... Әй, жаратқан қудай, өзиң аз санлы қылып, өзиң алаўыз қылып, басынан жәбир-жапа айырмаған халқыңа ең болмаса бир рет жәрдем ет... Қудайлығыңа нуқсан келтириўден қорқсаң, мениң налысымды уллы орыс патшасына, Петербургқа жеткерсең де ырзаман!.., Үхҳ!! — Ол басын төмен ийди... Мойнында халқының тәғдири турған елши усылайынша далада қара ғарғаға жемтик болып қала бере ме!.. «Қалмайды, қалыўы тийис емес!» деди бақырып. Соңғы сөзлери оған қуўат берди, бираз ҳәлленди...

Түнге қарай бир қалың бүктиң астына кирди. Бул жер бираз ық еди. Асықпай дем алып, қойнындағы қырғаўылдың соңғы сатанын жеди, изинен қар асады. Бул сапары ол өзин жеңил сезбеди, басы аўырды, қоллары, аяқлары уйыды. Ол өз жағдайына енди түсинди, өлим киятыр... Усыннан уйқылап кетсе, сөзсиз өледи, тоңлап өледи. Алға жылысыўға шамасы келмейтуғын түри бар. Не де болса денеси қатып қалмаўы ушын орнында ойлай-булай аўнап жатты...

**11**

Жаўға сырын алдырған қарақалпақ бийлерине қудай да қырын қарады. Суўық, күннен күнге өткирлесип, ысқырған даўыл кисини бетлетпейди. Турақсыз даўыл. Бир майданда батыстан арқаға, арқадан шығысқа, және бирден батысқа айланып кетеди. Әптада адамлар қаяғынан күтинсе, даўыл және күтинбеген жағына өзгереди, қулласы, пәтеңге келтирип, жақпас жағынан шығып турыпты. Мисли жаў. Жаўға болысқан қарлы боран қаяқтан ессе де, қалай ессе де, аўыллар үстинен бир қыйлы жаңғырықлар айдап турды:

— Инсанлар! Маман келеди... Орыс патшасынан жәрдем әкеледи... Шыдаңлар... Жаў пышық көринген менен тышқан...

Бул жаңғырықты өз аўылында өзинше жаңғыртпаған руў қалмады. Дәўлетбай бий қытайлардың телпек кийгенин атқа миндирди, Юсипбай «табақлы»ның аўзына қасық апарғанын нөкерликке шығарды. Есим бий жалайыр руўының еркек әўладын жаўға қарсы шығарды. Кенегеслердиң Нуралы бийи аўылын

айланып шаўып, «ҳа-ҳа!» деп даўырық салыў менен, топар-топар жигитлерди изине ертип, жаўға атланды. Ябылардың таярлықлы Избасар баҳадыры жақында тарқатқан нөкерлерин бир ақшамда жыйнап алды.

Пүткил ел даўырық тапты. Аўыллардан-аўылларға, үйлерден-үйлерге, адамлардан-адамларға өткен уллы үмит жаңғырады ма, ямаса, бәри келгенде өз-өзинен биригип кететуғын ийтлердиң қәсийети руўларға да тән болғаны ушын ба, кеше ғана бирин-бири шайнап таслағысы келип жүрген адамлар қәпелимде-ақ ала көзлигин қойып, жаўға қарсы көкирек керип шықты. Жаў қысымы алдында, қудай қысымы — уллы нөсердиң бир тамшысы қурлым болмай қалды. Ҳәмме ел қозғалаң тапты. Ким бел, ким балта менен, ким жаба, ким шоқмар, таяқ пенен жалпыламай жаўға шықты. Душпан көплигин, таярлығын, жарақлылығын қылды, төтепки бериў қыйынласты. Енди боран жерден шаңғыт емес, қан суўырды, аўыллардан-аўылларға жаңғырық емес, түтин айдады, топар-топар мал, сыңсыған ҳаял, бала-шаға айдады.

Жаў-жарағы кемис халық усылай басқы таўып, ыдыраўға қарады. Бирақ нөкерликке ҳәзирленген атлылар изге қайтпады. Бирин-бири йошландырып, бирин-бири көтермелеп, урысты даўам етти. Үйлер өртелди, қыслаўлар лаўлады, бир-бирине тутасып кеткен жалынлар қыстың айсыз узақ түнлеринде алыс мәнзиллерге жақты берип турды, топалаң урыстың күндиз де, түнде де саўасы болмады. Бундай жаўдан емес, бири екиншисинен-ақ қәўипленип дәнин, қурт-торағын жасырып үлгерген елдиң ғаррыкемпирлери, ҳаял-балалары душпан атлары алдында айдалып меҳир-муҳаббетсиз сарбазлардың қанлы найзаларының ушларында сәлленлеп, шырқыраўға шыдасты, лекин, аўзы бослық қылғанлары болмады. Басқыншылық даўам ете берди.

Тоз-тозы шыққан аўыллар, ызық-ызық адамлар, тислескен, айқасқан, қушақласып тирескен атлылар топарын қақ айырып Мурат шайық шаўып жүрипти. Мелле шапанының шалғайы артында жалпылдап, басына ораған сәллесиниң бир ушы ат қуйрығындай желкилдеп, тынымсыз ат қамшылаўда, тынымсыз бақырыўда:

— Ўатанласларым, болдырмаңлар!... Жылаған бала даўысына қулақ салыңлар... Ол сорлы қарақалпақтың баласы. Ҳәр бир өксик ушын, ҳәр бир тамшы жас ушын душпанға найза ур, найза ур! Аттан аўдар... Қарап турма, тас ылақтыр!...

Ол усылайынша қуйындай шаўып, жаў айдап баратырған маллардың алдынан шығады.

— Малларды найзалаңлар, жаўға бермеңлер!...

Шайық жүрип өткен жерде жәнжел кескинлесип, адамлар үйиркелесип қалады. Ол адамлардың бирлигине ырза, халқының азлығына пушайманы артып, өз шекесине өзи бир шаппат урып өтип кетеди.

Жаў атлыларының бир топарын қуўып киятырған Есенгелдилерди көрип: «Ҳа қудай қуўат берсин, балаларым, басыңлар, аямаңлар!» деп, қапталдан қосыла шаўып, жаў қуўып кетти. Жанып атырған гөне қыслаўға тирелип, жаў атлылары оттай атлап өтемиз десе керек, өзлерин отқа урды, алды гөне төле екен, үш атлы изли-изинен оммақазан атты.

— Ҳа, ҳа!...

Мурат шайықтың бул күлкиси жас жигитлерди йошланған үстине йошландырды. Есенгелди қайрылып келип:

— Ата, бир жаңалық айтайын, — деди.

— Айт, балам, қысқа айт!

— Қалақ бас ханды өлтирдим!

— Не дедиң?

— Ғайып ханды өлтирдим!

— Инанбайман!

— Ырас, ырас, шайық ата, — деп жолдаслары тастыйықласты.

— Қуртқан екенсең, балам. Хансыз ел, басы жоқ ел. Бул исимиз ким ушын? Бас ушын! Елдиң басы ушын!

Қаны қызып жүрген шайық не дегенин билмей маңлайына урып кейинди:

— Әй, көргенсиздиң әўлады, алдымда неге турсаң, жоғал, жоғал! Жаў жағадан алғанда, етектен алған ийт!

Шайықтан алғыс еситемен деп дәмеленип келген Есенгелдиниң жүрегине шай тартқандай, үскини қуйылып, жолдасларына «жүриң» деди.

Шайық жалғыз турып қалды.

Жерде жаралы жатырған Сүйиндик бийдиң Есенгелдилерге бақырған ири даўысын еситти.

— Жигитлер, алға шабыңлар! Ел намысы жаў қолында турғанда қасымда тоқтамаңлар. Бир өзим ел емеспен, қолды суўытпаңлар, алға! Көп жәбир шеккен халқым ушын! Тыйық ушында жан бериў — бейиший ис. Тек ырза болыңлар! Шайықты көрсеңизлер

айтыңлар, қәтелестим. Сизлерди мен қәтелестирдим, ел бирлигин бузбаңлар, шайық ырза болсын! Ырысқул хан...

Шаршап турған шайық, сууға сүңгип шыққандай, саўрысынан тер тамшылаған атын қамшылап, даўыс тәрепке бурылды. Қоңыратлардың Алиф Қарабай Қара баҳадыр басқарған жигитлери шайықты абайламастан, алда баратырған жаў атлыларын қуўа жөнелди.

Олардың ҳәзир ғана шоқланысып турған орнында қалған қадаўлы найза сабы көринди. Шайық жетип келди, найза ушында аяқ қолы сәл-пәл қыбырлап кишкене Сүйиндик бий жатыр. Көзлери жумылған. Қайтып қыбырламады. Жаў әззилик етип, үшинши рет найзасын суўырып ала алмаған ба ямаса кишкене бий бәрине шыдаған ба, еки жеринен — көкирегинен, бүйиринен қап-қара қан бурқылдап атыр.

— Мурат шайық, жигитлериңизге ескертиңиз, басқы таппасын, жаў күши кемейип киятыр, — деди бир таныс даўыс. Бул Айғара бийдиң иниси Мырзабек бийдиң даўысы еди. Оны көрип шайық жылап жибере жазлады.

— Алла зыят етсин, әзизим, қудай қуўат берсин!

Мырзабек алты-жети атлысы менен шабысып Қара баҳадырлар менен найзаласып атырғап жаў атлыларының еңсесинен барып найза урды. Бул көрииис шайықты қуўантып, Сүйиндик бийге қадаўлы найзаны пәт пенен суўырып ала сала, екинши тәрепке, Дәўлетбай бийдиң жайдақ көк бозын қуўып баратырған атлының изинен ат қойды.

Бул урыстағы ҳәммеге қанық бир нәрсе — жаўдың көп нөкерлери ушын жеңиў мәр емес, көп олжа түсириў мәр сыяқлы. Мырзабек бий айтқандай, жаў атлыларының сийрексип киятырғаны ырас қусаған. Пайына мал, дән, дәске тийгенлер суўыққа, елдиң қарсылығына шыдамай зым-ғайып болып атырса керек.

Мурат шайыққа сол жаў атлысы ҳәммеден бетер бәледей көринип изинен қалмады. Ол бир бәдайбат биреў еди. Изинен қуўғыншы киятырғанынан бийхабар, бөктериўинде бир кийиз қолп-қолп етип, тумағы жалпылдаўы менен алды-артына қарамай қуўып баратыр. Жаў аты да, Дәўлетбай бийдиң аты да болдырса керек, аралары жақын, жүдә мамырласып баратыр. Мурат шайық қуўсырып келип, есик төрли аралықтан жаўға найза урды, найза гөзлеген жеринен дәл тийди, бәдайбат атлының әдеп тумағы ушып, изинен бир қапталлап барып өзи жалп етти, найзаның сабының

пашыр етип сынғаны еситилди. Дәўлетбай бийдиң аты, болған ҳәдийсеге түсингендей, бирден артына қайрылып, киснеди, «әй жаныўар, жаныўар» деўи менен шайық атты жетелеп изге қайтты. Бир төбешиктиң қәндегинде аўнап атырған Дәўлетбай бийди тапты. Көк желкесин қылыш кесипти. Тислерин ғашырлатып, турыўға мейилленген менен басын көтере алмай, оммақазан атып жығылады. Сақалы, мурты алқараған, сары тоны қанға боялып тарғыл-тарғыл болыпты. Қолларын жерге тиреп, сақалы көкирегине басылып атырған бий басы көтерилмесе де, жер астынан қарап шайықты таныды.

— Келдиң бе, шайығым. Жылама, ҳаққыма дуўа қыл, шайығым. Ел бирлигин бузып жүрген қалақ бас Ғайып хан екен. Жаңа-жаңа ақылым уғрасып киятыр еди. Түбине жете түсинбей айта алмадым, оннан сақ болыңлар. Бизиң қытайлар қарақалпақ отаўының айнымас бир қанаты. Тири болсаң әўладыма усыны жеткер, шайығым. Маманға да солай де...

Ең қәдирли заманласларының өлимин көриў шайыққа аңсат емес еди. Көкиреги бузылып, оған Ғайып ханның өлтирилген хабарын айтып үлгермеди, дизерлеп, көкирегине ийегин тиреген бий қапталына сылқ етти.

Өлини жерлеўге, ҳәтте жүзин жасырыўға ўақыт жоқ еди, шайық алға қарай кетти.

* * *

Ел арасы еле ызық-ызық. «Апа», «аға»лаған, биреўдиң атын айтып шақырып жылаған, сыңсыған даўыслар қулақ жаңлатады, бул қайғылы ҳаўазларды маллардың мөңиресип, қой-жаллықтың маңырасып, жылқылардың киснесип, түйелердиң бозласып уў-шуў болғаны басып, түсиниксиз аўыр шаўқым дөретип турыпты. Оның үстине «ҳың-ҳың» ескен қарлы боран тоқтамады. Усылайынша, тирсеклери қанталап жуўырысқан балалар менен адым жерде оммақазан атып жығылған кемпир-ғаррылардың зарлы гүңирениўлери, Сырдәрьяның төменги жағалаўларында жер солқылдатса да, ҳеш жаққа еситилмеди.

— Ағашлар өскен жеринде қулады, мақлуқлар туўылған, жайылған жерлеринде бозлады...

Бозлаў тоқтамады. Жаў сийрексиген жерлерде арман-берман шапқан жеңилтек атлылардың хошамет ҳаўазлары еситиледи.

— Бәрекеллә, жәбир шеккен адамлар, шыдаңлар, Маман қайтты деген хабар бар, жаўдың күши суйылды!

Урыстың биринши ақшамынан баслап тыным таппаған ябы руўының жигитлери Избасар баҳадырдың басшылығында жаў менен шайнасыўда, қатаң шайнасыўда. Қоңыраттың аўыллары үстинде болған қатаң урыста олардың талайы баўдай-баўдай қулады, бирақ басқы таппады.

— Қоңырат баласының көзлеринен шыққан жас — бизиң жүрек қанымыздың тамшысы!

Бундай ҳақыйқат жүрек сөзлерин күтпеген қоңырат руўының ҳәр бир адамы қарақалпақша сөйлеген атлы көрсе, тилегинде аллалады. Ҳәр бирине узақ өмир, ғайрат тилеп шуўласты, әлле кимлердиң атларын айтып ғарғады.

Урыс ябы руўының үстине дөнди. Аўылдың арқасындағы таўдан қулап келген жаў ҳештеңени шыдатар емес, баспалатты. Қубладағы жалғыз түп еменниң түбинде де шоғыртпақланған атлылар көринди. Еки топарға бөлинип бир жағы қашып, екинши жағы қуўып урысып атыр. Избасар баҳадырлар, таўдан жумалаған тастай, қуйыла дөнген атлылар менен қызғын қылышласыўда, найзаласыўда еди. Жаўдың бир топар атлысы бирден кейин қашты. Олардың кейин бәскенин көрип, ҳәмме атлылар кейин шегиниўге қарап еди, Избасар баҳадырдың өзи әўелги қашқан ала атлының изинен жетип найза менен қулатты.

Қаша баслаған қол Седет керейдиң жигитлери еди. Олар басқаларға көз қылып, жорта қашып, Абылқайыр ханға садық гүллән әскерлерине басқы таптырмақшы еди. Қубладағы топардан шаўып киятырған Мурат шайық керейлердиң жигитлерин танып, «Избасар, көзиңди аш», — деп бақырды. Деген менен, бул алжасық жақсы нәтийже бермеди. Избасар баҳадырдың, жазықсыз жорта қашып баратырған адамға найза урғанын узақтан серлеп турған керейдиң атлылары қызып кетти. Гүўлеп келип Избасар баҳадырдың жән-жағынан найза урып, аспанға көтерди. Онлаған найзаның ушында аяқлары селкилдеген Избасар баҳадыр жан айбат пепеп «жигитлер, жигитлер!» деп, даўыслады.

Урыс қайтадан қызды. Енди дос та, душпан да бийпарық болып кетти. Ким, кимди найзалап атырғанын және ҳеш ким аңғармады.

Тәреплер бир-бирин тыңламады, урды, қырды, аттан қулатты, мойнына шылбыр таслап сүйретти...

Жаў кем-кем баспалатты. Қарақалпақлар кейин серпилди. Қанға боялып атырған баҳадырды көрип Аманлық аттан түсти, шеттеги бир ылашыққа апарып жатқызды. Ылашық әптада ылашық еди. Есиги, түңлиги жоқ, тек илекерленип турған ғана бир ықтырма еди. Избасар баҳадыр тек ыңырсып: «Кет, Аманлық, жаўға бар, ябының қылышын ислет. Оразан батырдың қылышы қарап турмасын, кет, кет» деп буйырды. Аманлық шыдамады, жалғыз қалдырып кетиўге қыймады. Гөлегейлеп тур еди.

— Кет, Аманлық, мени сыйласаң кет! Оразан батырдың ҳүрейи ушын кет. Шайықтың айтқанын тыңлаңлар, өл десе, өлиң! Маман бийге айт, мен тек ябының ғана емес, пүткил қарақалпақтың адамы болып өлип баратырман.

Аманлық атына ғарғып минип, қубладағы жетим емен түбинде үйиркелесип, шүйиркелесип, бир-бирин жаздырмай тислесип атырғанларға шаўып кетти.

Әлле қайдан өзи қашып жүрген бир жаў нөкери Избасар баҳадырдың даўысын танып шаўып келип бир дойыр урғанда ылашықты қулатты.

Үстине жаў келгенин сезген баҳадыр шығанақлап ең соңғы күшин душпанға қарсы жумсамақшы болып, ылашықтың бир бақанына асылып еди, ҳалы келмей сылқ етти. Жаў атлысы ғарқ-ғарқ күлди.

— Баҳадыр, бул ылашық кимдики?

— Өзимиздики, — деди Избасар баҳадыр, ҳалдан кетсе де, сыр алдырғысы келмей.

— Әй, баҳадыр, сени таныйман. Бир дойырға шыдамаған ылашықты үйим бар дедиң бе?

— Күлме, қорлама! Жылаған гезде сениң де аўзың қыйсаяды! — деди баҳадыр.

Ол усыны айтып үлгерди, болғаны, ҳалдан кетип көзлери тынды, не болғанын билмеди. Ким менен сөйлесип, кимге сыр айтып атырғанын аңғармады.

— «Мен өлетуғынымды билгенде бул ылашыққа да мийнет зая етпес едим... жоқ, жоқ... бенделер, бул дүньяда ғалмағал, урыс-жәнжел керек емес! Бәри бир өлесең!... Бул дүнья ләззетсиз... Соның ушын бир күн жаса, ләззет изле, урма, өлтирме, алма... берме... Сен биреўди өлтирсең биреў сени... әдалатсыз дүнья бул дүнья...»

Оның даўысы усылайынша семди, жаў атлысы Избасар баҳадырды бүйтип ақыл-ҳуўыштан айрылып, дизгинди қолдан береди деп ойламаған еди. Себеби, урыс басланғалы оның менен талай бетлесип, сынбағанын, руўхы түспегенин, күшлилигин көрген еди. Сондай мықлы баҳадырдың бул дүньядан кетип баратырғанда сандырағы оған бирден тәсир етти. Мойны салпаўсып, тумағы көзине түсти. Ерксиз бақыра жөнелди: «Жоқ, жоқ, бенделер, бул дүньяда ғалма-ғал керек емес. Бул дүнья ләззетсиз. Бәри бир өлесең!... Сен биреўди өлтирсең, өзге сени өлтиреди...»

Ол усылайынша аўылдың шетине шығып баратырып, артына бурылып еди, алдына ҳаял өңгерип, қулдыратып шаўып киятырған атлыны көрди. Ҳаял даўысы сыңсып, жалыныўда.

— Ағажан, таслап кетиң, мен ҳаялман, мен сизге керексизбен, жуптымнан айырмаң...

Избасар баҳадырдың гәпин тәкирарлап киятырған нөкер оның қазақ қызы екенин билип, жанланды, шапты, изине жетип, атлыны найза менен қулатты, қызды жерге түсирди.

— Не қылып жүрген жансаң?

Бул Ақбийдай еди. Сөйлемеди. Соның арасында әўелги атлының екинши жолдасы келип, мынаў атлыны дойыр менен сулайтып, Ақбийдайды алдына өңгерип ала қашты. «Бәри бир өлесең. Сен мени өлтирсең, биреў сени...» деди дойырдан өлимши болып қулаған жаў нөкери ҳәм қазақ қызының зарлы әнине он еки мүшеси мәлҳәм болып, жүрек баўыры қан болып жатты:

«Қамшым сабы қарағай сынбас па еди,
Еркек болсам жаўыма бармас па едим?
Қудай-аў, ҳаял қылып кем жараттың
Қол-қанат ел-журтыма болмас па едим...»

Ақбийдайдың даўысы кем-кем узақлап семди. Оның орнын екинши нашар даўысы алмастырды:

— Кише, хош, кише, ўай-ўай, жаўызлар! Адамлар, кишемди әкетти, жәрдем етиңлер!...

Бул бақырып жылап киятырған Алмагүл еди. Жалаңаяқ. Үйилип қалған қар төбешигин, тасларды, тикенли шөпликлерди сезбей басып, еки жилигинен қан жосып, анасын қасқыр әкеткен қозыдай шыр-пыр. Желкесин жапқан қалың қара шашлары жайылып, көзлерине көзилдирикленип, ҳәр жерде бир сүрниге жығылып киятыр.

Қарға аўнап атырған нөкердиң жүреги алып ушып «әҳ әделатсыз дүнья!...» деди сарсылып. Сөйтти де, қар үргинине қарсы жуўырып кишелеп зар қаққан қыздың алдынан шығыў ушын өңменин көтерди, бирақ бойын тиклей алмай, жер тислене жығылды...

* * *

Есенгелдиниң бир минези биреўден еситкен жақсы гәпин де, жаман гәпин де естен шығармай, аўлағында тәкирарлап, мәниси үстинде узақ бас қатырып ойланар еди. Бундай қылыўды әкеси үйреткен, тәрбияланыўшыларына Мурат шайықтың өзи үйреткен.

— Өзиңе қаратылған гәп саған берилген зат. Услай бил. Сыйпап бил. Ишин ақтарып бил. Сырты пахта, иши от болмасын!

Усындай терең ақыл берген Мурат шайықтың «жоғал... Жаў жағадан алғанда етекке асылған ийт»... дегени Ғайып ханды өлтиргени ушын жыллы сөз еситемен деп дәметип келген Есенгелдиниң етегине қоз салғаннан кейин болған жоқ. Тула бедени қызып айлананы от алып кеткендей сезилди. Оның кейпин түсинген жолдаслары Есенгелдиниң жүрегинде лаўлап баратырған отқа тамызық салып алмаў мақсетинде ҳеш гәп айтпады, қалай басласа солай ерди.

Есенгелдиниң иши күйип пысқыўы менен өз атасы Байқошқар бийди изледи. Бийшара атасы ҳәм нәсиятлап, ҳәм ырзаласқандай гәп айтып қалған еди. Бул ғаўғалы қылыш сермеўлерде, найза руўларда аман жүрсе жақсы, егер, бир бәле болып қалған болса, жаў емес, қудай жағасынан алып, етегинен Мурат шайықтың асылғаны. Бул дүньяда жасаўдың кереги болған менен, мүмкиншилиги табылмай қалады.

Үш күн изледи. Өзин Мурат шайықтан аўлақ тутып изледи. Сөйтип жүрип, талай тислескен атлыларының айрылысыўына себепши болып, өз адамларын өлимнен қутқарды. Юсип байдың ҳәрекетлери унап қалды. Қыйқуўлаған даўысынан, атта отырысынан танымасаң, таныў қыйын. Жаў нөкерлериниң бирин жығып, кийимлерин кийип алыпты. Сол турысына жаў атлыларының арасына туппа-туўра кирип кетип, если биреўиниң мойнына қурық таслай сала, сүйрей жөнелди. Аты ҳәм жүйрик, ҳәм қайымшыл екен, изинен топарласқан жаў қуўып бир гөне төлеликке ямаса бийик ырашқа келген гезде бәрин алдап, бирден изге қаймығады, адам өйтип қайрыла алмас, жаў атлылары топары менен төлеге қулап, я ырашқа соқлығысып, бириниң үстине бири жығылып

атырғаны. Есенгелдилер Юсипбайдың ҳәрекетлерине қызығып, бир күн тамаша қылып изинен жүрди.

— Я «табақлы»ның пири! — десе болғаны, көзден ғайып болып, және бир топар жаў атлысының алдында зытып киятырғаны. Енди тутылды-аў десең, изиндегилердиң өзли-өзин дийдилеген жерине түйе басты қылып, жалғыз өзи маңлайының терин сыпырып шыға келеди.

— Аздың ҳийлеси усы, — дейди күлип Есенгелдилерге.

Ол Есенгелдилерди йоштырды. Олар да сондай ҳәрекет етпекши болды, бирақ, келистире алмады. Өзлери шелли атлары тәсилпаз болыўы тийис екен, таярлықсыз ойынға араласып бир жигитинен айрылды. Алға кетти.

Олардың дыққатын аўдарған бир нәрсе, бир шоқ пияданың ийесиз үйлерге кирип, жеңил-желпи көрпе-төсеклерди қушақлап қашып баратырғаны болды.

— Қараңлар, елди туғыянсыз қалдыражақ еди. Пиядалары келипти, — деди Есенгелди жолдасларына. Бирақ бул пиядалар онша көпшилик емес еди. Ҳәр қайсысына алтаў-жетеўи қараса да, күш бермейтуғынына исенген атлы жигитлер олардың үстине тәп қойды. Пиядалар қашып, қоралардың, үйлердиң қуўыс-қолтығына тығылысты. Өлген аттың тоң етин бөлип арқалап баратырған үшеўи жасырына алмай қалды. Алиф Қарабай Қара баҳадырдың улы Ғайып баҳадыр жетип:

— Таслаңлар! — деди.

Үш жигит аң-таң болып, қып-қызыл етлерди таслады.

— Ҳаў, сен Бекмурат жетимекписең?

Бекмурат үндемеди. Өз адамлары екенин танып қораларға жасырынғанлар бир-бириниң атын айтып, шақырысып шықты. Жаў қуўып, ийесиз қараң қалған аўылларда қалған тышқанлардай, керегинше асыр салып ойнап, керегинше көрпе-төсек жамылып, қалған ақсақмайып малларды сойып жеп жүрген бул уры пиядалар Кеўлимжайлар еди. Бетлерине қан жуўырып бәри шырайланып қалыпты. Шаққанласқан, тиришеленген.

— Булар жаў емес, Есенгелдилер ғой, — деди Кеўлимжай үрпейисип турған балаларға. — Жүриңлер. Бәлким, булар бизлерден бир тоймақшы шығар. Қосқа жүриңлер, Есенгелди. Ет ийтырқын. Аўа, аўа. Инанбай турсызлар ма? Сасытып алмасақ келеси қысқа жетеди. Көмип атырмыз.

— Сизлер кимлерсиз? — деди Есенгелди қысқа.

— Танымайды, — деди Кеўлимжай басып шайқап күлип. — Семирип кетиппиз бе? Етиктен танымай турсыз ба? — деп ол шерим етикли аяғын көтерди. — Ҳәр қайсысымыздың еки-екиден етигимиз бар. Адам өлсе бизлердики.

— Қандай адам өлсе?

— Ким болғанда не? Адам жеркенбестей кийими болса, бәри бир.

— Душпанлар ма?

Кеўлимжай қыялына келген шын ойын қыпсаламады.

— Бизлерге бәри бир.

— Ой, нәлетий, — деп Есенгелди Кеўлимжайдың үстине ат айдап, қамшы менен тилип-тилип жиберди. Балалар тым-тырақай қашты. Ҳәр қайсысы алға ат айдап, изине жеткенлериниң еңселерине шырп-шырп қамшы урды.

Артық-аспай гәп болмады.

— Булардың елге санлығы жоқ, — деди Есенгелди атлы жолдаслары қайтадан жәмленип жолға түскеннен кейин.

Жетимлер буннан өзге не қылсын? Ел жигитине саналмаса, ҳеш ким ҳал жағдайын сорамаса, кимди қорғайды? Қалай қорғайды? Не ушын қорғайды? — деген сораўлар ҳеш қайсысының басына келмеди.

— Гөрбар деген усылар шығар, — деп қойды Ғайып.

Олар аўыл арасында шабысып, атлылар көринбесе, қайрылмады. Себеби, үйи өртенип, көшеде ақлықлары менен үйилип-төгилип қалған кемпир-ғаррыларды көриў қыйын. Қанша тас жүрек болса да өз адамлары, қайрылып бир нәрсе деў керек, ямаса жүгин көтерисип бир жерден екинши жерге жылыстырыў керек.

Қоңыраттың бир топар атлылары кенегес аўылының үстинде жүргенде тап келген Есенгелди әкесин алыстан таныды. Маўыты шапаны аппақ қарға шағылысып, қоңыр қасқасының үстинде еңкейип, бир жаў атлысы менен тақымласып баратыр екен. Ол ат қойды. Изинен жәрдемши киятырғанын сезип душпан атлысы Байқошқар бий менен асылысқан затын жиберип қалды. Бундай болатуғынын ойламаған Байқошқар бий пәт пенен туў сыртынан ушып кетти, қалпақтай ушып кетти. Қоңыр қасқа ылағып қашты. Есенгелдиниң ат пенен де, жаў менен де иси болмады. Әкесиниң қасына барып, атынан ғарғып түсти. Байқошқар бийдиң астына тап арнаўлы төселгендей түркмени бир гилем жатыр. Көздиң отын алады. Қан-қызыл гүлли ойдырма гилем Есенгелди атасының

бийкар таласпағанына ырза болды, бетине үңилди. Әкесиниң жағы тайып кетипти. Астынғы жағы қулағының тусында турыпты.

— Жәрдем! — деп даўыслады Есенгелди.

Үш-төрт атлы жетип келди. Айтуўған жасаўыл атынан ғарғып түсип, Байқошқар бийдиң басын дизесине қойды. Еки қолы менен бийдиң жақларын қысып турып «төбесине ур!» деди Есенгелдиге. Ол оңлап ура алмады. Айтуўған жасаўыл ашыўланды:

— Әй, нәренжан туўған мақлуқ! Қос қоллап, ур! Қолларың қамыстай болып ура алмасаң кет! Қәне, сен ур! — деп ат үстинде турған дуғыжым жигитлердиң бирине ҳәмир етти. Жандос байдың улы Султангелди аттан түсти, Айтуўған жасаўыл қалай ур десе, солайынша тикейип турып, төстиң үстине қойылған темирге балға уратуғындай гөзлеп, қос мушы менен Байқошқар бийдиң шүй төбесине қойып салды.

Бийдиң бир тислем нандай тили бир адым жерге торс етип, аўзынан қан лоқ етти, бирақ жағы орнына түсти. Есенгелди әкесиниң жағы орнына түскенине қуўанғанынан ба, я ҳуўшын алдырды ма, топыраққа былғанған қып-қызыл тилди қолына алды.

Байқошқар бийдиң еки көзинен суў, аўзынан қан лоқсып, суўға мантыққан адамдай бир нәрселерди гүбирленди, гүбирленди, ақыры аяқ-қолын созып сап болды. Есенгелди шыдамай, биресе Айтуўған жасаўылға, биресе Султангелдиге қарады.

— Қуда тәғдийри, — деди Айтуўған жасаўыл шыны менен көзине жас алып. — Қудадан бийҳүжим ис жоқ. Бийшараның саған айтажақ гәплери бар еди. Соны айталмағаны маған да әрман болып тур.

— Не деп еди?! — деди ашыўлы Есенгелди.

— Бийшара көзи ашық екен. Усындай болатуғынын алдан билди. Пурсат тапса, мени шақырып, «тири болсаң балама айт» деп нәсият берип еди.

— Жылайманланбай айтсаңа, жасаўыл!

— Бийшараның жаны жәннеттен болсын. Ақыллы еди. Ертеңгини ойлайтуғын еди. Аты қоңыраттың белгили жоңқасы еди. Қараман ағаш еди. Қудай қайыстырды. Енди, Есенгелди балам, әкеңниң нәсиятына садық бол. Аты қоңыратқа садық бол.

Ортада созылып жатырған өлиниң үрейи ушын ҳәммеси парасат сақлады, болмаса, бир Есенгелди емес, бәриниң де иши писип, көп көпирип турған жасаўылды қағындырып жиберетуғын

ҳалда. Айтуўған жасаўыл гәптиң тоқетерине келмей, Байқошқар бийди және тәриплеп кетти.

— Ҳақыйқат қоңырат еди. Садық еди. Сүйиндик бийдиң өлгенин еситип, пүткил қоңыраттың дизгинин қолына алып еди. Жаўға пайын жибермес мәрт еди. Мынаў гилемди жаўдың қолында көрди де, қатты. Бундай ҳасыл затты көре тура жаўға бериў адамгершилик емес деди. Ақыллы инсан еди. Қоңырат қарақалпақтың бас руўы, ҳәммесине бас болыўы керек дейтуғын еди. Мурат шайықтың отаў жөниндеги гәпинен соң, қоңырат сол отаўдың ҳәм төри, ҳәм ергенеги дейтуғын еди.

Есенгелдиниң көзлерине жас қуйылды. Қанға боялып жатырған гилемниң бир шетин әкесиниң жүзине қаўсырып жапты.

— Есенгелди шырағым, тыңла. Сениң Ғайып ханды өлтиргениңди еситип, бармағын тиследи. Енди қайтып ҳәр кимниң паң-паңы менен өрге түпирмесин деди. Өрге түпирсе бетине қайтып түседи деди. Ел бузылды, елдиң басы жоқ, қуты қашқан көлдиң қутаны үш жыл бурын ушады, көшейик деди. Ел қуты қашқан көл болды, елди баслап көшсин деди. Маманның келиўин күтпесин деди. Көшпесе, туқымқурт болады, ябылар туқымқурт қылады деди.

— Қаяққа көшемиз?

— Бий ақыллы дана еди. Қаяққа көшетуғынын да айтты. Өрге көшсе, және жунғар бар, ыққа көшсе, ябының Маманына үстемлик беретуғын орыс бар, арқаға көшсе, Абылқайыр және бар, қублаға көшсин деди. Хорезмниң шуқырына қарай жылыссын деди. Бул ғаўғаның изин күтпесин деди. Өзи баслап көшпекши еди, мине, бийшараның...

— Сиз қалай қарайсыз, жасаўыл?

— Көшейик. Абылқайырдың қазақлары бәримизди тулып қылмастан бурын көшейик.

— Көшейик, — деди Есенгелди.

Қара баҳадырдың улы Ғайыптан басқалардың бәри бир аўыздан «көшейик, бүгин көшейик» дести.

Буннан соң олар көп иркилмеди. Байқошқар бийди гилемге орап, жатқан жерине жерлеп, өли тутып қалатуғындай асығыс, атларына минди. Жән-жақта не болып атырғанына қарамай, дизилисип аўылына қайтты. Жол бойынша ушыраған адам болса, даўрық пенен өтип баратыр.

— Бул мәканнан көшемиз, тириликте көшиңлер!

Олар, бөлинген жалғыз ғана Ғайып баҳадыр бул хабарды әкесине жеткерип ойласық қылыў ушын, дөңниң аржағында ыңқа-ыңқ қызып атырған саўаш майданына қарай кетти.

* * *

Суўық кем-кем ҳәўижге минген сайын Абылқайыр нөкерлериниң де шыдамы таўсылып, мал-дәскели болғанлары қайтыўды баслады.

Айғара бийден қатты тапсырма менен келген табын руўының жигитлериниң пәти босамады. Келгендеги ҳәрекетинде. Ҳәзир олар мал айдап қайтқанлар менен өш. Алдыларынан шығып алып қалады. Шетке қарай биреўинен айдатып жибереди. Аз ғана бузған керейдиң жигитлери болды. Избасар баҳадырдың алжасығынан соң бираз ашыўланысқан менен, соң дүзлести. Қәдимгисинше дослық кеўиллери менен жүр. Бүгин Мырзабек бий менен Седет керей ушырасты. Абылқайырдың басқа нөкерлерине билдирмей бир пикирде келген еки руўдың әскербасылары ат үсти сәлемлесип, тиллести.

— Мырзабек, жигитлериңнен шетнегенлери болды ма?

— Бар. Туўысқан қарақалпақ жери, ели ушын он бес лашын ушпай қалды.

— Бизден жигирмасы қазаланды.

Усы сораў-жуўаптан кейин екеўи де ишинен дем алып, аз ғана үнсиз қалды.

— Ҳеш гәп, Седет. Енди бул бийшаралардың малларына тийилмесе жақсы.

— Бир топарының «көшемиз»... «көшейик» деп шаўқымласып баратырғанын еситтим.

— Не қылсын бийшаралар. Қыйын, қыйын. Абылқайыр хан қырын қараса, биз де көшемиз.

— Анаў мал айдағанлар кимлер? — деп Седет керей қырқ- елли бас малды айдап баратырған атлыларға қамшы шошайтты. Түнде қар жаўып, қуяш азаннан берли шағырайып турғанлықтан, алысларға көз жибериўге қыйын. Мырзабек маңлайына қолын тутты.

— Жигитлер, сизлер де қараңлар, кимлер? Әҳ, жигитлер, бизиң Айғара бийдиң гәпи бар. Жарлының кийимин жыртыў — урғаннан жаман. Усы жағына итияж болыў керек. Бул аўыллар ҳәлсиз, жарлы болып қалды. Таныдыңыз ба, кимлер? Жағалбайлының атлылары усаған. Айдаңлар!

Шоғын бузбай мал айдап баратырғанлардың изинен жетти.

— Қайтыңлар, қайтарыңлар малды!

Мырзабектиң ашыўлы буйрығы мал айдап баратырғанларды турған-турған жеринде ирикти.

— Бөлисемиз, — деди қуўғыншылардың бири.

Седет керейди таныйтуғын биреўи қасындағы жолдасына бир нәрсе сыбырлап еди, жолдасларына қарамай екеўи теңнен ҳайт қойды. Олардың изин ала басқалары да өрмекшиниң аўындай үзик-үзик болып тым-тырақай қашты.

— Қорқақлар! — деп Мырзабек мырс етип күлди. Бәри күлисти. Мырзабектиң үш-төрт атлысы маллардың алдына шығып, қайтарып келди.

Бул Айтуўған жасаўылларға оң түсти. Олар алдындағы Мырзабеклерди жаў ма деп бир қырынлап тым-тырыс баратыр еди. Мырзабек шақырды.

— Қайырылыңыз, өз малларыңызды әкетиңиз!

— Табынның жигитлери ғой. Қудалар ғой, — деп сыбырлады Айтуўған жасаўыл. — Есенгелди, және буннан бетерине тап болармыз. Бул малларды мен айдап турайын. Қәлесең пай берерсең, болмаса, бәри де сеники.

— Биз де бир пай, — деп қойды Султангелди.

— Айда, — деди Есенгелди қысқа. Айтуўған жасаўыл жас бийден буйрық алыўы мәттал, паданы дүркиретиўи менен қублаға қарай айдап, жыңғыллыққа кирип кетти.

Есенгелдилер иркилип Мырзабеклерге алғыс, рахмет айтып, сол үскини қуйылған күйлеринде қайтты.

## 12

Әлле ким Мурат шайыққа Хелўеттен киши еки баласының жаў қолында қазаланғанын хабарлады.

— Аҳ! — деп бир гүрсинди шайық. Дизелери дирилдеп диңкеси қурыды.

Ишек қарны сылынғандай еки бүгиле шөгип, үйине келди. Жаў атлылары үйди айланып шаўып ишине зыян тийгизе алмапты. Бирақ еки баласының мойнына шылбыр салып сүйретип, өлигин үйиниң қасына әкелип таслап кетипти. Елтиси еки өлиниң басында жылап отыр. Шайықтың гөне атыздай кең маңлайы жыйрық-жыйрық болып тисленди.

— Үйден шықпағанда, бул болмас еди, — деди елтиси.

Елтисине пәлен-төлен демеди. Үйине сүйенип, еки мушын маңлайына тиреўи менен оқ жай болып бүгилип отырды. Сәллеси ери менен урысқан ҳаялдың орамалындай жарты жағына аўып кеткен. Қыбырламайды. Дем алғаны билинбейди. Усы гезде есиктиң алдына бир атлы келип иркилди. Қыймылынан бийжағдай атлы. Ол шайықтың отырысын көрип, атынан түскен жеринде лал болып тур. Аўзына сөз келмейди. Оны байқаса да, шайық бас көтермеди. Ҳәтте, жаў келип усы отырғанда басып алып кетсе де, қайыл сыяқлы. Келген адам шыдамайды.

— Уллы шайқымыз, уллы шайқымыз...

— Сөйлей бер, — деди шайық басын көтермей.

— Ел көшип атыр, шайқымыз. Қоңыратлардың көши жолға шықты.

Шайық бас көтермеди. Үнсиз. Жүрек баўыры езилип отырған адамға бул хабар жүдә жеңил нәрсе болып еситилди ме, ямаса ҳәмمениң басына және түскен бул саўдаға қайылшылық етти ме, үндемеди. Келген адам бир қәддинде, қазықтай қақайып, турды-турды. Шыдамады, тағы тәкирарлады.

— Шайқымыз, ел көшип атыр. Қоңыратлардың көши жолға шықты.

— Хелўет бар ма?

— Көрмедим, шайқымыз.

— Шайық жүдә тереңнен бир гүрсинди. Қапталына қойылған құманды көтерип муздай суў симирди. Күнниң суўықлығына қарамай, маңлайынан шып-шып тер сорғалап, тикейди.

— Әўеле бизиң бахты қара атты әкел! Ҳәй, кемпир, сен булардың бетин жап. Түргел. Ел менен толы ҳәсиретти өзиңе бөлип алып жылама. Жайғастырыўға ҳәзирлене бер, — деп сүйретиле атына қарай жүрди. Хабаршының жәрдеми менен зорға-зорға ерге отырды ҳәм барлық ашыўын ақ боз аттан алғысы келген сыяқлы, ҳалының жеткенинше қамшылады. Қамшы көтермес жаныўар баўырын көтерип бар күши менен алға желди.

Қоңырат руўы көшипти. Ким ешекке, ким өгизге, ким сыйырға, ким баспаққа, ким өз еңсесине жүк артып, балаларын жетелегенлер ҳасаларын таянып, беллерине түйиншик түйген бүкир кемпирлер, ғаррылар жолға сыймай ентелесип баратыр. Барлық көзлерде жас, барлық жүзлерде қайғы. Ҳәмме муңлы ыңырысып баратыр. Олардың аўыр қайғылы муңына әтирап қосыла гүңиренгендей. Қар

суўырған самал гүў-гүў, усы турғанына қайылшылығы жоқ шөплер морт-морт сынады. Алыстағы таў-тас гүңиренип қумлардың үсти ыңылдасты.

Бул қайғылы ҳәсирет даўысына бузаўларынан айрылған сыйырлардың мөңирегенлери, қозысынан айрылған қойлардың маңыраганлары, қулынын жойтқан бийелердиң пысқыра кисинеп, ингенсиз боталардың бозлағанлары қосылып, жер көкти титирентип баратыр.

Шайықтың қыялына гүллән жаны бар мақлуқат жылап турғандай, қудайдан бийҳүжим қуяшты булт баспайтуғынына исенетуғын шайық «бүгинги булт астына кирген қуяш бул дүньяның ҳәсиретин көриўге намысланып тур» деп қыял етти. Көзлерине жас қуйылып, сол турған жеринде атының төрт аяғы жерге кирип кеткендей силейди. Жуңғарлар шабыўылынан кейин елдиң алды тап усылайынша посып, азалы сеске усылайынша мантыққан еди. Ҳәзирги аза үргининиң оннан бир епкин айырмасы жоқ. Қайта тереңирек, қайта аўырырақ. Шайық мантықты. Тили сөйлеўден қалды.

Көштиң басына жетип иркилгеннен, изи тамам болғанша бир аўыз сөйлемей турған ийесин көтериўге бели шыдамай, ақ боз ат тентиреклеп барып, төрт аяғын баўырына тартты да, бирден жатты.

— Көз жас аўыр, бийшара ақ боз ҳайўан болса да көтере алмады, — деди шайық гүбирленип. Шайықты шақырып келген атлы:

— Шайқымыз, инсапсызлық емес пе? — деди.

Ол не ҳаққында ямаса ким ҳаққында айтпақшы болды, шайықтың қулағына кирмеди. Төрт аяғы көлбеп жатырған ақ боздың қасында қарақшыдай қақайыўы менен тура берди.

Азалы үн қосыққа айналды:

Бабам жигит болып, мамам қыз болған,
Түркстан топырағы бизден хош енди.
Инсанлардың жүрек баўрын қан қылған,
Бийреҳим Түркстаным хош енди...

Әлемди титиреткен бул зарлы ҳаўаз кем-кем алыслап баратыр. Және усы тақылеттеги қайғылы ҳаўаз еситилди. Шайық бурылды. Сырдәрьяны бойлап өрге көш тартқанлардың дизбеги баратыр. Қайда? Жуңғарларға ма? Қытайға ма, Бухараға ма, Ҳиндстан менен Афған еллерине ме?... Бир-бирине уласқан аза толы бул зарға

шайық үн қоспақшы бола ма ямаса өз ишинен дуўа оқып, қудаға налыс етип тур ма, түсиниксиз, тек еринлери қыбырлайды, ғарры беттиң қалта-қалта жыйрықлары жыбырласады, нурсыз көзлер астынан шық тамшысындай жалтыраған суў сорғалап турыпты.

— Түсим болғай, түсим... — шайықтың еситилер-еситилмес бул сандырағы жолдасының да ҳалын кетирди. Оның аты да, өзи де жығылды. Шайық та шыдамады. Самал менен қулаған теректей аўыр турпаты менен ақ боз атының үстине гүрс етти.

Сол жатыстан ол таң саз берип, күншығыс қуланийек болып киятырғанда көзин ашты. Аты тикейип отлап жүр еди. Ол өткен ўақыяны көз алдына келтире алмады. Басы мең-зең. Түси екенине, оны екенине түсинбей, кешеги сүриўдиң жүрип кеткен изине барды. Қой баўызлап сүйреп кеткендей, қар үстине, излерге қан тамған, сорғалаған. Қан сүйреткисине узақ қараўға ҳәм олардың изинен жүриўге ғарры жүреги шыдамады, атына қарай жүрди.

Хелўет көринди. Ол атасын излеп келип, нәсиятлай алмай тур еди. Шайықтың сақалы дирр-дирр етти, жыламсырады:

— Кетти, балам. Және посыў басланды. Ирикпедим. Иркиўге күшим жетпеди. Ертең не болатуғынын билмедим.

Есим бий пайда болды.

— Қартайдық, Есим бий, — деди ол димарсыз: — Алпыс мың шаңырақты жунғарлардан аман алып шыққанда, бундай шаршамаған едим, қартайдық. Ҳал жоқ. Ел және посты. Қоңыратлар көшти. Енди кенегеслердиң де биразы көшеди.

— Мен олардың алдынан шығып едим, тыңламады, шайқымыз, — деди Есим бий.

— Тыңламайды, — деди шайық ызалы. — Қалай тыңлатарсаң? Баспана қайда оларға? — деп Мурат шайық баладай еңиреп жиберди. Есим бий де жылады. Еки ғаррының бет жыйрықларын толтырып аққан жасты көрип Хелўет те жылады. Көз жасларға әлем теңселгендей, дүнья ғыр-гөбелек айланды. Әтирап қараңғыланғандай үшеўи де жол таппай отырып қалды.

Заргиряны шығып шырайы андыздай болған Алмагүл жетип келди:

— Аталар, әжағам еле жоқ. Излеп жүрмен. Кишемди жаў әкетти!... — Үсти-басы алба-далба. Көзлери қып-қызыл. Бети ҳеш қашан жуўылмағандай: жүзин жуўған көз жасының үстине шаң басқан, батпақ. Тек қара көзлери жылтылдайды, сөйлей алмай тығылып қалып маржан тислери мерўерттей жылтырайды. Жалаң

аяқлары қар үстинде қалшылдайды... — ...Аталар, кишемди жаў әкетти!...

— Кишемди жаў! — деп Мурат шайық табаны астынан жылан шаққандай ушып түргелди. — Қашан әкетти?

— Үш күн болды, ата. Әжағамды табалмадым. Көп өликлер арасын қыдырдым. Жоқ, жоқ! Кишем, кишем — анам, әжағам...

— Өзимиз таўамыз, кет үйиңе! — деп жекиринди. Хелўет.

Қыз үйине қайтпады, қар үстинде қалшылдаўы менен «кишем, әжағам, кишем, әжағам»... деп, әлле қайларға шапқылап кетти.

Шайық ийнинен түсип кеткен мелле шапанын сәл көтерип жамылып атланды.

Үшеўи де атланды.

Жөнекей еле урысып атырған бир шоқ нөкерлерге тап келди. Бул Алиф Қарабай Қара баҳадырдың басшылығындағы қоңырат жигитлери еди. Олар аўылларының көшкенинен бийхабар болса керек, ықлас пенен найзаласып атыр.

— Әй, пәрўардигәр, ерлериме медет бер! — деп даўыслап, шайық өзин топқа урды. Хелўет те, Есим бий де араласып кетти. Қасақана жаўдың үш атлысы басым келип турған екен. Есаплағандай жекпе-жек найзаласыў басланды. Шайықтың даўысын еситкен қоңыраттың жигитлери «алла, алла»лап ғужырға минди! Ыңқа-ыңқ айқас, ғырша-ғырш найзаласыў бир чайнек чай ишим даўам етти.

Душпан басқы таўып, кейин серпилип еди, қәпелимде Алиф Қарабай баҳадырдың мойнына қурық түсти, бир дәпең атлының сүйреткисинде кетип баратырып «Ырза болың... бизге дәрек қоңырат көшпейди, Маман бийге мың сәлем...» деп-ақ үлгерди.

Ҳәмме оны қутқарыўға талпынып умтылғаннан пайда болмады. Жаңа қуўсырған гезде жаў атлысы қурықтын бир ушын кести, аты наятый жүйрик екен, қояндай секирип, демде көзден ғайып болды. Алиф Қарабай Қара баҳадыр әлле қашан жан тәслим еткен екен...

Жерлеп үлгеремен дегенше арқа беттен онлаған атлы қуйылып келип қалды. Ҳәмме атларына жуўырды, жоқ, булар жаў емес, кенегестиң жигитлери екен. Басында шаршаған Нуралы бий киятыр. Сүйреткиси бар. Жетегиндеги аттың ҳәзир ғана Алиф Қарабай Қара баҳадырды сүйретип қашқан жаўдың аты екенин, сүйреткидеги өзи екенин таныды. Нуралы бийдиң изиндеги жигитлердиң санынан-ақ шығыны көп екенин түсинген шайық олардан «басқаларыңыз қайда?» деп сорамады.

— Нағыз жалатай жаўды тутыпсыз, — деди әлле қандай мәрт даўыс пенен.

Ҳәммесинде мәртлик сезимлер оянғандай болды. Жаслары және жаў көринер ме дегендей, алыс-алысларға нәзер тасласты...

## 13

Суўық күннен-күнге бетерлести ме, пәсейди ме, ҳеш ким елестирмейтуғын болып кетти. Жаў менен арпалысқан ғалма-ғал күнде бола беретуғын ўақыядай, журт буған да үйренисти. Елдиң шеттен бузылып көше баслағаны ғана қалғанларға жаман тийип, жаўға қарсылық етиўге қоллары суўыды. Буннан пайдаланған жаў нөкерлериниң алғанын алып алмағанын далада қалдырып қайтты.

Ел үстинен аўыр мусаллат алып таслағандай жүреклер бираз жеңил тарта баслады. Деген менен, жаў шапқанның қәдимги изи ос-ойран болмаған нәрсе жоқ, жүреги жараланып тилкимленбеген адам жоқ. «Ўай-ўай» үзилмеди. Урыста шала жарадар болғанлар үйинде тамақ жетиспей, жыллы баспана, жан сақлағандай ықтырма жетиспей, күн сайын өлип турды. Көз жаслар ҳәммени мантықтырды, аўыллар ҳәрекетсиз қалды.

Соңғы найзаласыўда Мурат шайық бир жамбасынан жеңил жарадар болған еди. Үйине келип, еки улын жерлегенше сыр бермей шыдады. Жаўдың серпилип, елдиң тыншығанына көзи жеткен соң, найза тийген жарасы қозып, төсек тартты.

Жас жигитлердиң көпшилиги қайда жүргени еле биймәлим. Олардың соңғы жаў атлыларын шегарадан арман қуўып кеткенинен бийхабар еди. Жасы үлкенлер тынышсызланды. Олар келмесе, елдиң қулағы тығылып, тили кесилгени, көзи таңылып, ел өли елге айналғаны. Өзлериниң заўқы-сапасы менен қайғыларды умыттыратуғын жаслар. Бирақ, сырттан қарағанда аўыллардың арасы онша ҳәрекетсиз емес сыяқлы. Шаўқымлар, қыйғырықлар, ҳәтте, күлкилер болып турады. Бул ҳәрекетлер, түн ишинде шам жағып жибергендей, ҳәммениң дыққатын аўдарады, ҳәмме оларды жек көреди. Бул шаўқымды дөретиўшилер Кеўлимжайлар еди.

Шыртылдақ жасы үлкенлердиң биреўи барып олардың орынсыз күлкилерип тыйыў кереклигин ескертти.

— Кете бер, — деди Кеўлимжай келген адамға. — Бизлер жылаўға тойғанбыз. Қабағымыз қатып кеткен. Көз жас шықпайды.

Өжет, ҳеш кимнен сөзин алып қалмайтуғын басшысынан қорыққанлықтан ба, сөзине қалыс исенгенликтен бе, ямаса, ҳақыйқаттан да, жасынан көп жылап қабақлары қатып, тас баўыр болып кеткенликтен бе, барлық жетимлер оның сөзин сөз десип, өзлеринше ойын-заўығын тоқтатпады. Ел үстинен ушқан қуслар ғана оларды көрип, әлле нәрселерге жық-жықласады. Ғарғалар ғарқылдасады. Түнге қарай қарақулақ, сағаллар аўылдың тап иргесинде улыйтуғын болып кетти. Ашық-тесиктен урлап жыйнап, тамағы тойынып, жүрген бийқайғы жетимлердиң шаўқымына сол жабайы ҳайўанлардың түнги улыўлары қосылса, бир әжайып сес пайда етеди...

Жаўдың соңғы атлыларын қуўып кеткен жас жигитлердиң топарында Аманлық та бар еди. Олар түнде қайтып киятырып, аўыл арасында ойын-заўық қурған күлкили, ҳеш қандай иркинишсиз қуўанышқа толы күлкили сеслерди еситип, ҳайран болып иркилди. Ҳәммеси аң-таң. Ҳеш қайсысының кеўлинде адасып киятырмыз деген ой жоқ еди.

— Басқа аўылға шығыппыз, — деди бири.

— Тыңлаң, тыңлаң, — деди Аманлық. — Тоқта, тоқта. Жоқ жигитлер, адаспаппыз. Кеўлимжайдың даўысы.

— Өй деген ким?

Аманлықтың «жетимлер» деген сөзге тили бармады, олар ҳаққында жаман сөз айтыўға кеўли ерк бермеди.

— Барайық, — деди.

Жаслар, жаслар емес пе, түнги шаўқымлы ойынға қайрылды. Жетимлер ҳүркәс ойнап атыр екен. Бир үзик булттай үстилерине келип қалған атлыларды көрип, ҳәр ким турған-турған жеринде путаның түбине шөгип жасырынды.

— Жыйналыңлар, жаў емеспиз, — деп сүренледи Аманлық.

Кеўлимжай оның даўысынан танып: «Түргелиңлер, қорқпаңлар, Аманлық келди» деди. Келте бақай жыңғыллықтың ҳәр түбинен екеў-үшеўден адам собырайды. Кеўлимжай алға шықты.

— Аманлық, сизлерди жаўмекен деп едик.

— Жаў болса қаша ма екен?

Бул сораўды берген Қара баҳадырдың улы Ғайып екенин аңғармай Кеўлимжай:

— Әлбетте, қашады, — деди. — Ақыры, олар бизлердиң ылғый жетим екенимизди түнде биле ме? Билмейди. Қырып кетеди.

— Жуўындының ийелери, — деди Ғайып ашыўлы.

Бундай қорлықлы гәпти есите-есите қулақлары гөр болғанлықтан ба, ҳеш қайсысының кәрине де келмеди. Кеўлимжай баяғысынша:

— Аманлық, еситтиң бе, сүйгилигиңди жаў әкетти, — деди.

Қараңғыда Аманлықтың шырайы қалай өзгерип, жаралы жүрегине сексеўилдиң қандай өшпес қозы түскени, басқаларға жумбақ болып қалды. Аманлық шыдамай Кеўлимжайдың үстине дөнип қамшысы менен бир тартты. Кеўлимжай кейин шегине путалыққа кирип кетти. Жолдаслары олардың түрин жаман көрип тым-тырақай қашты. Сууға сүңгигендей бир демде қараңғыға сиңип-сиңип жоқ болды.

Шаршаған атлылар үйли-үйлерине тарқасты. Аманлық ылашығына жете алмады. Бууынлары босасты. Димарсыз. Бул урысқа не ушын араласқаны, кимди қорғағаны, ким ушын адам өлтиргени иши-баўырын қамылтты. Көзлери жер көрмеди. Қара ғунанның жүўенин еркине жиберди. Неше күнлер тынымсыз сегбир тартқан жаныўар ийесиниң қандай ҳалатта киятырғанынан бийхабар, өзи менен өзи болып, малақайдай дүмпешикке сүрниксе, оммақазан атып төңкерилип түсежақ болып киятыр.

Ылашықтың оң қапталында қақайған қазықтың қасына келип иркилди. Аманлық оны байламады, жабыўын жаппады, сүйретиле ишке кирди. Түнниң ярымы аўып, ай туўған еди. Ошақтың қапталында еки бүкленген дастықтай шөкке түскен қарындасының жатысын таныды. Бийшара ҳештеңе жамылмаған. Жылап-жылап уйқылап қалса керек. Аманлық ошақтағы шала жанып қалған томардың астындағы қозды әстен үплеп алыстырып, Алмагүлди оятты.

— Кишең қайда?

— Әжағаа!...

Алмагүл бирден Аманлыққа атылып мойнынан оралды. Оның даўысы түн тынышлығын бузған әжайып жаңғырық болып, алысқыйырлар «әжағаа!...» деп тәкирарлады.

Аманлық қарындасының қолларын мойнынан жаздырмастан ошаққа абынып отырған күйинде, аз ғана көз илиндирди. Таңның атыўы менен тикейди.

— Алмагүл, өзиңди беккем тут, шырағым, мен кишеңди излеп кеттим.

Алмагулдиң күши тек еки көзине жетти, болғаны. Ол, аяқларын зорға көтерип басқан қара ғунан үстинде, аўылдан жекке алыслап

баратырған әжағасының изинен қарап, ылашыққа сүйелген өлидей қатып қалды.

* * *

Мурат шайық бир ҳәптеден кейин өзине келди. Атланды. Қайғы-ҳәсиретке көмилген елин аралаўға атланды. Өмирден гүдер үзип, бул дүньяның тиришилигинен түңилгенлерге нәсиясатының басы мыналар болды.

«Аш болсаң екинши анаңды ем. Екинши анаң мийнет...»

«...Адам дүньяға өлиў ушын пайда болады. Өлимди атлаў жоқ. Өлгенге ийман, тирige жүрим...»

«Ел намысы ушын тыйықтан өлиў о дүньядағы бахтың. Жаның ләззетте болады...»

«Туўысқаның о дүньяда рәҳәт көрсе, сен бул дүньядан рәҳәт излеп бақ...»

Өлгенниң изинен өлмек болғанда бул дүньяда адам қалар ма еди. Көз алдында адам өлип, сениң, ертең бе, арғы күни ме пайманаң толатуғынына көзиң жетсе де, жасағың келгенин қоймайды екен... Бул дүньяға қәнәәт жоқ, тойыў ҳеш қашан мүмкин емес. Тириликке урынсаң, тириликке урыныўдың өзи — өзиңе өлим излеў. Бирақ адам баласы усыны түсингенде сөйтер ме еди? Бир-бирин талап, бир-бирин қырар ма еди, күнде-күнде өлим барын билсе де, адам өз өлимине ҳеш қашан инанбайды, инанған күни өлгениң. Сонлықтан да, ким бир күн, ким бир ҳәпте, ким оннан сәл көбирек ҳәсирет шегип баўырын суўық жерге берген менен, көзлерине өлим көрингенде тикейеди. Басына таяқ тийген жыландай таўлана-таўлана өмир гүмирашылығын баслайды. Аман қалғанлар жыйналысып, қыйсайған шаңырақларды дүзетеди. Қәдимгисинше және түтин түтетеди.

Солай етип, бул жақты дүньяның ғалмағалы және бурынғысынша шаўқым менен басланып кетти.

Мурат шайық Алмагүлге берген ўәдесин умытқан еди. Ылашығының қасынан өтип баратырып, баяғы Айғара бий берип жиберген отаўдың сүйеклери сол турысында күл болып атырғанын көрди. Неликтен де аяныш сезимлери оянды, сүренледи:

— Аманлық!

Иштен саза болмады. Екинши рет сүренлегенде ғана басына гөне қылқа тон бүркенген Алмагүл шықты.

— Әжағам жоқ, ата. Кишемди излеп кетти.

— Кишемди?! Ҳа...

Қыздың суўықтан қып-қызыл болған жыңғылдай жиликлери дирилдеп, атын кейин бурын баратырған шайықтың изинен даўысы қалтырап жалбарынды.

— Ата, әжағамды әкелип бериң, кишемди таптырып бериң... Берекет табың...

Мурат шайық үйиниң қасында жигирмалаған қарамал менен алпыс-жетпис қой үйирип турған атлыларды көрди. Кийимлеринен таныды.

— Ассалаўма әлейкум!

Атлылар шайықтың тәңир сәлемин әлик қабыл етти. Бири Айғара бийден, екиншиси Седет керейден келгенин айтып өзлерин таныстырды.

— Бизиң ел де Абылқайыр ханның ийин қақпайына ушырады, — деп Айғара бийдиң жиберген атлысы жағдай айтты. — Аз да болса, көптей көресиз. Кеўлимиз дейсиз. Айғара бий солай деди.

— Солай, шайық, — деди Седет керейдиң адамы. — Бизиң ел де қалжаўрап қалды. Жас бийимиз «Мен қой жибердим деп отырған жоқпан, кеўлимди жиберип отырман» деди, алыңыз.

Шайық өз есигиндеги хызметкерлерине тәртип берип, әкелинген малларды қораға қаматты, атлыларды жылаўлатып үйине түсирди, ҳәр бирине «әзизим» деп, «қуда-қуда» деп, күтти, «Қуда-қуда» деген сөзди көп тәкирарлай бергени ушын ба оларды жиберген соң қатты ойланды: «Қуда, Айғара бий қуда болмастан бурын да, усылай. Қыйын-қыстаўда қол-қабысын аямайды. Кешеги басқыншылықта оның жигитлери болмағанда, ол биротала жулған таўықтай болатуғын еди. Берекет тапсын!»

Ол Есим бийди шақырып алдырып, Аманлық ҳаққында, оның келиншеги ҳаққында сөз баслады. Маман бийдиң ықласы кеткен жигитти елге қайтарыў, тек қара басын емес, жуптысы менен қайтарыў кереклиги жөнинде кеңести. Қәйткен менен де Аманлық елдиң жигити, оның үйи бузылса, жаңа тикленген бир үй және бузылғаны, өзи өлип кетсе, және бир қалпақты даўыл ушырғаны. Бул әпиўайы қалпақ емес, ишинде Маман бий жақсы көрген бир жигиттиң басы кетеди. Еки елди туўысқанластырып жүрген Айғара бийдиң ықласы күйеди. Бул жаман... Олар усылайынша пикир алысып, узақ отырды.

— Айғара бий бул сапары малды қызы ушын жиберип отырса керек, деди ақырында Есим бий. — Өзи барған менен Абылқайыр хан қызын бердирмейди. Олай болмаған менен де жесир бизики.

— Бул бир нәзик ис болды, — деп гүрсинди шайық.

— Жаўға мал бериў, қыз бериў, бенде бериў бурыннан бар. Күшлиниң деми дигирман тартады. Жесир бериў — жигитке, басшыға өлим.

Есим бийдиң сөзи шайыққа батты ма, жүдә салмақ пенен көтеретуғын үлкен басын бирден көтерип, бийге олыйды. Оның менен не дерин билмеди. Және төмен қарады.

— Жаўға кеткен жесир және биреўге ҳаял болатуғынына ҳәмрениң көзи жетеди. Әкелген соң Аманлық «тифу» деп мәкириўге айландырмас па екен?

Хелўет тарханның бул гүманы басқаларға устағанлы пикир болып көринди. Оған ырзашылық билдирген көзлер, жүзлер қадалды.

— Аманлықтың өзи излеп кеткен, балам, — деди Мурат шайық әллен ўақыттан соң. — Гәп жалғыз жесирде болып турған жоқ. Әзиз Айғара бийде. Айғара бийдиң исенимин жоғалтсақ елшиликтен қаламыз, әзизлерим.

Буннан соң гәптиң изи кесилип, бираз тынышлықтан кейин жалғасты.

— Аманлық түкирсе түкирсин, жесир қолға келсе, және бир ғәрипке беремиз, — деди шайық. — Ал, Абылқайыр хан бизге бергизе ме, мәселе сонда.

Хелўет сөйлеп: Маман бийлер кеткен сапары Қазан, Уфа тәрепке өтип кеткен Бухара саўдагерлериниң қайтатуғын ўақты болғанын айтып, солардың кәрўан басына жалынып көриўди кеңес етти.

— Аўа, шайқымыз, бир әкелсе, сол әкелип береди, — деп қуўатлады Есим бий — Абылқайыр хан орыс патшасының қарамағына өтпестен бурын Орта жүз бенен Уллы жүзди аўзына қаратыў ушын Бухара әмиринен жәрдемге бир түйе зер алған деген гәп бар. Бир ийтаяқтан ас ишкен ийтлер ырылдасса да, алды менен тойыўды нийет етеди. Келисер.

Соның арасында сыртта жүрген үй хызметкерлериниң бири ел шетине узын шубай кәрўан кирип киятырғанын хабарлады.

— Бийшара келинниң бизиң елден татар дузы көп екен, — деп шайық ушып түргелди. Ҳәммеси өрре-өрре турды.

Кәрўан басы ала-буўрыл сақаллы, дүңки маңлайындағы жал-жал қамыстай өсик қаслары, ири көзлерин суўы тартылған ҳаўыздай шүңгил көрсеткен, қус мурынлы, тонның сыртынан ала шапанын тасламайтуғын, басына сәллесин үйип орап жүретуғын, бети сүйкимли адам еди. Кәрўан басы жоқары өтип баратырғанда тойдың үстине келип бажы пулынан қутылды. Алты айлықта, ҳәр бир адамы түўе, ҳәр бир қус ўақты хошлық пенен шарқылдасып, пәл-пәллеп ушып-қонған елдиң аралары, қарабақанаға айланып, базы бир қыслаўлардың еле жанып болмай, пысқып атырғанына таңланып, бийбелги жаўға тап боламан ба, деген қорқынышта киятыр. Өткен сапары сәл епкинге қыймылдаған ҳәр бир бүртик оларға қайырлы жол тилеген сыяқлы еди, ал, ҳәзир сәл самалға төтепки бере алмай, ызылдасып ийилип, олардан қайыр сорап турғандай. Кәрўан басының жүреги муздай суў. Еки көзи дөгерегинде. Еки үш атлы менен жүдә салпаўсып қарсы киятырған Мурат шайықты көрип иркилди.

Шайық, есик-төрли жерден сәлем берди ҳәм биринши болып аттан түсти.

Кәрўан басы түйесинен түсти.

Олар сәлемлесип, биразға шекем үндеспей, ойға шүмди. Соң шайық еле Маман бийдиң келмей атырғанын айтты, «ол ҳаққында хабар-атар билмейсиз бе?» — деп сорады. Кәрўан басы шүңирек көзлерин жүнлес бармақлары менен уўқалап, ел басына түскен қайғыға кеўил айтты. Шайықты бир нәрсе сорап тур ма деген қыял менен, отыз аршын шыт бериўге ўәде етип, басқыдан изги екинши түйени жетелеген кәрўанға:

— Ташмат, түйеңди шөгир, — деп буйырды.

Кәрўан басының бул адамгершилик реҳимине шайық «алла зыят етсин әзизим»ди қардай боратып, соңынан жүдә ақырынлық пенен гәп баслап, Абылқайыр ханның қолына түскен бир жесирин қайтып әкелип бериўге жәрдем сораўға келгенин билдирди. Гәп арасында Абылқайыр хан менен Бухара әмириниң ортасында бурыннан жақсы қарым-қатнас бар екенин де есине салып қойды.

— Кәрўан басы сақалын сыйпап, аз ғана ойланды да:

— Сол зер берилгенде мен бар едим, — деди.

— Жол ийеси, бизиң сол келинимизди елге қуўыстырсаңыз, қудаға мың қәтле шүкирлик етип, ҳаққыңызға дуўа қыламыз, деди шайық қол қаўсырып. — Бизиң Маманымыз жақын арада келип

қалар. Орыс патшасынан нөкер әкелсе арымызды жиберип отыра бермеспиз. Күшейсек, әззилигимизде қол созғанларды умытпаймыз.

— Бизиң сауғамыз не болар екен?

Шайық кәрўан басының бир нәрсе сорамай қоймайтуғынына түсинер еди.

— Жесирлеримизди қолға әкелип, душпанның үстине шығарсаңыз, ер мойнында қыл арқан ширимесине исениңиз, әзизим, — деди.

— Исенемиз. Бир басқа бир бас, — деп кәрўан басы түйелерин аўылға шөктирип, кәрўанларына дем ала бериўди тапсырды да, қасына үш жигитин ертип Абылқайыр ханға кетти.

## 14

Аманлық туўры қайын атасына барып болған аўҳалды билдириўге уялды. Ер жигит қайтадан қайын журтқа қол жайып жылап барса, не болғаны. Араға суўықлық түсип, әкеси қызын қайтып алдырса екен, онда кеширим сораса ҳеш гәп. Қызыңызды жаў әкетти, қайтадан әкелип бериң деўге қалай бети шыдайды?

Ол Айғара бийдиң аўылы түўе Седет керейдиң аўылына жақынламай өтип кетиўге қарар етти. Сол аўыллардың ҳеш адамына көринбей Абылқайыр хан аўылына өтиў ушын күтә айналыштан айналыў керек еди, қайыл болды. Көп күнлик урыста тыным таппай азған қара ғунанды ҳәр жерде тойдырып, қар астында селеўи бар отлақлы далаңлықлар менен жолға түсти...

Бул әтирапта қыста бурқасынлаған үргинли күнлер көп болады. Сондай жағдайда адасыў қәўпи бар. Адассаң болғаны, өмир менен хошласасаң. Оннан да бир ағаштың астына кирип, ямаса жақынырақ жерден үңгир таўып алып паналаў жақсы. Егер үңгирге отын алып кириўге үлгерсең, жән-жағыңды қар басып кетсе де, тоңбайсаң, керисинше, ық болады, жағып отырып, үргин тынғаннан кейин жолыңды даўам етиўге болады. Аманлық өзиниң көп жүретуғынын билгенликтен, жолда отқа жылыныў ушын итияждан қойнына еки шақмақ тас салды.

Әўелинде арқаға жүрди, соң күнбатарға айналды. Себеби, жол бойлап Табын, Керей руўлары енлеп жатыр, күншығысынан айланып өтиў ушын көп күн жүриў керек. Қыста шарўалар жүдә кең даланы енлеп қонысласады ҳәм падалардың жайылыў ушын күн шуўақлы тоғайлар, төбешик-төбешик қумлар, таў өркешлери бар.

Күнбатыста, ат арқасындай көринген, пəскелтек бир таў жатыр. Оннан арқа жағы ушы-қыйырсыз дала. Даладан арман бир неше күн жол жүргеннен кейип ғана таў сағымлары көринеди.

Аманлық не ушын кетип баратырғанын журттан жасырыў ушын, аўылласларының да көзине түспеўди мақсет етти. «Биреў болмаса биреў, журт өлисине шыдағанда, сен, қатын табылмайтуғындай, жаў əкеткен жесирдиң изинен жылап излеп баратырсаң ба» деп, иреў берип жүреме дегеп ойға келди. Бундай гəплер ирке алмайтуғынына өз кеўли мустакам, дегеҳ менен «Ақбийдай, Ақбийдайым» деп соққан таза жүрегине ҳеш кимниң гирбиң салмаўын тилейди.

Қоңырат аўылларының гөне қыслаўының арқа тəрепин жағалап, жолсыз, қалың жыңғыллықлар, шеңгелликлер арасы менен жемтик излеген қасқыр киби жекке кетип баратыр. Жүриси бир бап. Қамшы сүймес қара ғунан ийесиниң аяқлары темир зəңгини сəл сыңғырлатса болғаны, алға асығады жаныўар.

Аманлық асықпады. Қолайлы ық гезлессе, атына дем берип, өзи жағып отырады. Нан қыздырып жейди. Жəне жолға түседи. Оразан батыр берген жаў-жарақ ийнинде. Базда қоян қуўады. Жетип ала қойса атына жəне дем береди, жəне от жағып қоян етин ислейди. Кешке қараса, ертелеў иркилип, атына от жыйнайды, жыңғыллар сындырып ықтырма соғады да отты гүрлетип жағып қоз етип, үстин көрпешелеп көмеди де, жыллы жерге баўырын берип көзгир алады.

Көз ушында сағымланған атарқа таўға жақынлап, қанарында ушып жүрген қара қусқа көзи түсти. Қара қус бийкарға ушпайды. Жемтикти айланып жүр. Бəлким, кийик шығар. Қустан бурын алып жол азық қылыў керек... Қара қус пəл-пəллеп барып, бийик, жалғыз тораңғылға қарай сарықты да, қона алмады ма, ямаса аңға күши жетпеди ме, қайтадан диң аспанға көтерилип, тораңғылдың үстин айналады. Ол, қара қус өзин тикке ура алмайтуғын жерде, жасырынып жатырған аң барына исенди. Бундай аңларға жақын барып найза менен шаншып алыў аңсат. Қустың өткир пəнжесинен қорыққан аңның еки көзи аспанда — куста болады, артынан барған жанды сезбейди. Аманлық қара қустың сарқып көтерилген таманына бурылды. Жақынлап сығалады. Ҳештеңе көринбейди. Бəрҳа ийегин көтерип, алдына қарап киятыр. Атының туяғы бир шөпти «шырт» еткизип сындырғанына қайылшылығы жоқ. Атын жүдə əстен-əстен айдады.

Бир қара көринди. Басы шөпке кирип кеткен сияқлы. Аманлықта «өлик пе?» деген ой пайда бола қалды. Иркилди. Нениң өлиги? Сақлық етип найзасын руўға қолайласты, егер, шапшыса, шабыў ушын қылышын таярлады. Жоқ, селт етпейди. Кем-кем жақынлады. Адамның аяқларына усаған. «О, бир жолаўшы суўыққа тоңып өлген екен, неде болса топыраққа араластырайын» деп, аттан түсти. Қасына келди. Дүстөменине жатыр. Желкесине қол тийгизип көрди, жан бары-жоғы гүман. Ағаштай. Еплеп бетин жоқары қаратты, қаратты да, сәррийип қатып қалды. Бетин қап-қара жүн басқан биреў. Қулақлары муштай исик. Мурнының үсти қыршылған, еки бетинен аққан қан қызыл жиптей болып қатқан. Маңлайлары шеңгел менен тырналғандай. Көзлери жумық. Кирпиклери, қаслары қар, аўзын басқан муртлары қар. Тек мурнының тесиклери еле пителмепти.

Аманлық ақыл-ҳуўшсыз. Өлик тақ емес, жупласқандай, қыймыл жоқ. Арадан қанша ўақыт өткени биймәлим, Аманлықтың тили гүрмелди:

— Маман!...

Усылай деди де, ол ағаш денениң басын сылқ еттирип жерге таслады. Мурнына қулағын басты. Епкин бар.. «Я алла!». Дәрриў отыра сала Маманның бетине қар сүйкеп ыса баслады. Денесин де ысты. Сөйтип жүрип от жақты. Қозын көрпешелеп көмип, Маманды сүйреп әкелип үстине жатқарды. Сөйтти де, денесин қар менен ыса берди, қара суў болып терледи, тынбады, ыса берди...

Атқа мингизип әкетиў де мүмкин емес, ушы-қыйры жоқ кең даланың көз жетирим бир жағында ел көринсе, сирә. Қалай болмасын, оны келе қылыўы керек. Ыса берди, ыса берди. Кешке таман Маманға жан енди, аяқ-қолы босасып, баўырына тартты, аўқат жемегени ушын ба, шөллеген бе, Маманның еринлери түрилип, исип кеткен. Аманлық қар асап, аўзында ысытып, оның еринлерине жақты. Маманның езиўлери ҳәрекетке келе баслады Алып шыққан нанынан шайнап аўзына салды. Бирақ еле алып кетиўге мүмкиншилик жоқ. Ол айланадан тез-тез отын жыйнап келип, отты өширмеди.

Қолынан келгенниң бәрин ислеп атыр. Маман адам кейпине келе баслады. Аўырсынып маңлайын жыйырды, бир нәрселерди айтпақшы болады, бирақ тили аўзына сыймай бағыр-бағыр етип, әлле бир нәрселерди айтады. Оған Аманлық түсинбейди.

Екинши күни көзлерин ашты, нурсыз болса да, Маманның көзлери ашылды!... Соң сөйледи. Маман сөйледи!

— «Ин... сап... сызлар... ин... мен... төрт.... төрт....са...н. қарақалпақтың үм... ми... тимен... үмитимен! кетиң! Жоғалың! по....л....лаат! үм....ит.... — деп тили айқынласты. — Жоғал! Жоғал! үмитти жоқ ете алмайсыз... Бул үмит қағазы.... Бермеймен... Халқымның үмитин бермеймен... Өлтир, өлтир.... бермеймен.... жаўыз найсаплар!»

Маманның көзлери ашық, бирақ Аманлықты көрмейди. Оның қандай үмит ҳаққында айтып атырғаны Аманлыққа қараңғы. — Мени көрип тур деген ой менен: «Маман, Маман аға! Мен Аманлықпан, Аманлық!» дейди. Маман көрмейди. «Жоғал найсап! Халқымның үмитин жоқ қылыўға ҳақыңыз жоқ!».... деди тағы.

Енди Аманлық көп ирикпеди. Қара ғунанды ойға тартып, Маманды ерге отырғызып, таңды... Атты жетелеп, кейин қайтты...

## 15

Бухараның кәрўан басы көп кешикпеди. Ақбийдайды әкелип Мурат шайыққа тапсырды. Асығыс кетиў кереклигин айтып, Шайықтың ўәдесин есине салды.

Шайық қардай басын сыйпалаўға мәжбүр болды. Кәрўан басы гәпин минберлетти:

— Шайық, сиз неге ойланасыз! Сиз ушын жолдан қалдым. Сиз ушып қазақтың абырайлы бийлерине он аршын шыт сарп еттим. Түсиниңиз. Әмириме бир қыз саўға етпесеңиз, мени дарға гирипдар етесиз. Жақсылыққа жаманлық болмасын.

Мурат шайықтың маңлайы қырққатланып, улы Хелўетке ҳәм үй хызметкерлерине буйырды.

— Ҳәзир атланып, жетимлерден он қыз әкелиңлер, қәлегенин берип жибермесек болмайды.

Түстен кейинге қарап, алды он сегиз, кейини он үш жаста он қыз тайын етилди. Кәрўан басы жүдә шәпений адам екен. Шашлары желкилдеген ярым жалаңаш жетимлерди бирим-бирим көзден өткерип, ҳеш қайсысын қәлемеди.

— Бизиң әмирдиң кәнизлериниң шаш тарақшысына жарайтуғыны жоқ, — деди кәрўан басы.

Мурат шайық намысқа буўлығып, сай-сүйеги сырқырады.

— Жуўынса, тойынса, кийинсе...

Кәрўан басы бас шайқады.

Шайық ҳәм қорланып, ҳәм арланып, ертең азанғы ашаўға гилябы руўының ийге тартар қызларының онын кийиндирип, жуўындырын әкелиўди тапсырды.

Кәрўан басы бул сапары кеўилли қуўжыңлады. Талдырмаш бойлы, бели қамыстай жиңишке, гүлше жүзи оттай жанған, қулақлары ақ қағаздай, писте мурынлы, шашы себет бурым, он үш жасар Алмагүлге ым қақты. Басқа қызлар үйлерине тарқатылды.

Алмагүл, жалғыз қалғанына бөриге байланған қозыдай, шыбыжыңлады, илаж қанша, қарамықтай көзлеринен жас сорғалап, шайыққа бир, Есим бийге бир, Хелўетке бир, кәрўан басыға бир қарап жақсылық күтти.

— Кетейинши, ата, кетейинши, ата, — деди өтинип.

Оған еле Ақбийдай көрсетилмеген еди. Аманлық келген соң алмай жүре ме деген қәўип пенен шайық оны үйине жибергизбей, өзиниң бир үйинде сақлап қойыпты. Аманлық мурнын жыйырса, аўылласының биреўине бериўи керек. Бул дәстүрге де қайшы келмейди. Айғара бий өкпелемейди. Қызын қайтарып жиберип қорламаса, болғаны. Қыз деген барған елине батыўы керек. Қалқып шыққан қыз, ата-ана емес, пүткил аўыл намысы. Жесир жөнинде де сол. Ең жаманы жесирдиң кеткени. Аўыл арасында биреўден биреўге өткерип қоя бериўге болады.

Алмагүлдиң зарлап «ата, аға» дегенин тыңлар қулақ болмады. Шайық оны үйине апарғызып аўқатландырды. Кәрўан басын да, бул қызға қолай, тайын кийимлер де бар екен, шығарып берди. Кийиндирилди. Қыз бир сумлықты түсинип қамсығады, жылайды, сыңсыйды. Ким еситсин? Ҳәтте, кетерде, ең соңғы мәртебе жеңгеси менен ырзаластырып, хошластырыўды ҳеш еркек есине де келтирмеди.

Кәрўан басы барлық кәрўанларына түйелердиң жүгин артыўға буйрық берди. Алмагүлдиң қолынан Мурат шайықтың өзи жетелеп алып шықты.

Қыз шайықтың бетине жасаўраған көзлерин қадап, «ата, ата, шайық ата,»... — деп изин айта алмай, кирпик қағады. Меруўерт киби жылтылдаған жас тамшылары еки бетиниң алмасын жуўады, жағасына қуйылады. Бирақ, буның менен ҳеш кимниң иси жоқ. Қыз түйеге минер гезде талшыбықтай таўланып, бирден өкирди:

— Шайық ата, мени жибериўдиң себеби бардур, сораған менен айтпайсаң. Тилегим — меннен жалғыз әжағама сиңлилик,

туўысқанлық сәлем айт, меҳрибаным кишем келсе, сәлем айт. Әжағам мени излейжақ болса, жолын айтайын. Шаң көтерилип атырған соқпақтан жүрип излесе, таппайды. Мен жүрип өткен соқпақ көз жасымнан ызғар болып жатады. Ызғар соқпақ көрсе, Алмагүл усыннан жүрип кеткен десин. Еле көз жасы кеппепти десин. Излесин!

Қыз басқа гәп айтпай, шарбаяланбай түйеге мине берди.

Мурат шайық қыздың жасына қарап, бүйтип муңлы ҳәм терең мәнили етип сөйлейди деп ойламаған еди. Он еки кабырғасы пытыр-пытыр сөтилгендей, «Маман бийдиң жуптысы болыўға қолай нашар екен, найилаж кетти» деп, ишегине от түсип, қыйналды. Сонда да ирикпей, кәрўан басының қолына услатты.

Қыз бир аўыз сөйлеместен мәртлик пенен түйеге өзи минип, бирақ ағыл-тегил көз жаслары жерге тамшылап турғанын билсе де, шайық оны жубатып жибериўге сөз таппады. Кәрўан басыға:

— Жолыңыз болсын! — деди даўысы дирилдеп, болғаны.

Кәрўан қозғалып, анық жолға түскенде қыздың ашшы, ең соңғы даўысы еситилди.

— Хош, елим! Хош, балалығым! Хош, әжаға! Хош, кише! Хош, шайық ата! Хош, Түркстан!...

Қызға арттан саза болмады.

Кәрўан басы аўылдан кеткенше Мурат шайық уўайым менен-ақ дем алмаған еди. Оның үстине жүз түйесиниң от-жеми елдиң басына түсти. Бурынғыдай көп жигит-желең, абыройлы бийлер жоқ. Барлары да жүрек шайды болып қалған. Тамамы, жумысқа өзи араласып жүрди. Кәрўанларды жолға салып, дем алыўға жатты. Бирақ нәресте Алмагүлдиң «хош, шайық ата!»... дегени мийин ғуўлатып уйқы бермеди.

Қозғалмай үш күн жатты. Бирақ жазықсыз жанның «хош, шайық ата!» деген сести уйқысынан талай-талай оятты. Басы маң-зең. Жата бериўге тақаты жетпей, далаға шыққаны да сол, «Маман... Аманлық... Маман!» — деген қуўанышлы ҳаўазларды еситти. Аўзы ашылып, лал болды. Мийи аўылжығандай, жер теңселгендей. Қулағына жер-шөп: «Маман, Маман, Маман....» деп сыбырлап турғандай.

Есиктиң алдында Маманды үш-төрт жигит қолтықлап аттан түсирип атырыпты. «Шырағым, әзизим...» деп үстине бой таслады. Еки қолтығынан еки жигит сүйеп зорға аяғында турғанына қарамастан, Маман: «ата, ата» деп алдына абынды.

Шайық баўырына басты. Екеўи жиптей есилди. Жаздырылыспады, жигитлер екеўин де көтерди.

Аманлық Маманның жатыўы ушын төсек таярлатыўды айтайын деп киши үйге кирип еди, арзыўлысы Ақбийдайды көрди. Қуўаныштан тили тығылып, босағада қазық болып қақайды. Ақбийдайда бурынғы ушқырлық, бурынғы кейип жоғалған. Аманлықты көрип тикейсе де, алға дәрпенбеди, қайта жыпырылып, кейин бәсти, қырғый көрген шымшықтай иргеге тығылды.

Аманлық оңы-түси екенине исенбей, көзлерин қыпылықлатып-қыпылықлатып ашты, жумды, ашты, жумды...

— Сен Ақбийдай емесписиң?! Айтса! — деп Аманлық шыдамай оны бара қушақлады. — Қалай келип қалдың, арзыўлым? Мен сени изледим. Маманды таптым. Еки қуўанышым бирден болды. Басыма бахыт қонды, неге үндемейсең, Ақбидайым? Қушақла, қатты қушақла. Сүйиклим... Сени Абылқайырдың пүткил байлығына, ханлығына, ҳәтте елине алмастырмайман! Сөйле, жаным! Сөйлесе... Мен ушын сениң баҳаң, теңиң жоқ, сүйиклим...

Ақбийдайдың көзлеринен жас та шықпады, солқылдап жыламады да, қатты қушақламады да, бирақ онысын Аманлық сезбеди, қушақлаўы менен жүкке сүйеп отырғызды.

— Отыр, шабазым, ҳәзир келемен. Маманды жатқарып келемен.

Аманлық асығып шығып кетти. Шайық Маманды қушағынан еле жаздырмаған еди. Екеўи де еңк-еңк сыңсыйды. Ҳеш нәрсе айтпайды. Маман барлық ўақыяға ишинен түсинип тур. Сорамады, Мурат шайық ҳештеңе айта алмады, кеўип кеткен көзлеринен жас шықпай, аўызлары кемсеңледи. Әллен ўақытта айрылысты.

Маман төсекке жатқарылды, үйде от жағылды.

Маманның көзлери уйқыға кетти.

— Тыныш уйқыласын, шайқымыз. Соң сөйлесерсиз. Ҳеш уйқыламады. Ақбийдай қалай келип қалды, шайқымыз? Алмагүл келмеди ме? — деди Аманлық.

Шайық Алмагүл туўралы айтпайын деп турды да, бәри бир биледи, үйине барып ойран болып жылағанша, ҳәзир еситсин деген ой менен:

— Сиңлиң жоқ, балам, — деди.

Аманлықтың жүзи суўға салып сыққан бөздей бозарды.

— Сорама, — Аманлық балам, нашар бәри бир киси есиги ушын жаратылған, мен жибердим, — деди шайық.

Аманлық жылайжақ еди, көзине жас келмеди, сөйлейжак еди, даўысы шықпай буўлықты.

— Хелўет, Аманлықты келин менен үйине апарып қайт, — деди шайық.

— Қуўаныш кесеси бәрҳа орта болып жаратылған екен дағы, шайқымыз. Мен ғой, бир пүтин қуўанбадым. Ярым қуўанышымның өзи де көз жас пенен алмаспаған ўақты жоқ, — деп сарсылып, Аманлық жуўап күтпей, үйден шықты.

— Ярым болса да, қуўаныш жақсы, — деп қалды Мурат шайық.

* * *

Ақбийдай қапа.

Аманлық қапа.

Екеўи де бир-бириниң кеўлин алып, көкирек әндийшесин жеңилткиси келеди. Түсиниспейди. Жүктен ошақ басына қулаған қаршындай екеўи еки жерде алақшынға бас қойып жатыр. Ҳәр ким өз қыялы, өз ишиниң зәрдеси менен бәнт. Ақбийдайдың қапалығы — ерине садық бола алмағаны. Шабыўылда ол қуры байлаўлы бенде болып қалған жоқ, зорлыққа ушырады, бир ләшкер баслығына үш күн қатын болды. Ерксизликтен ериниң көзине шөп салғаны ушын өлиўди де ойлаған еди. Өлиўге мүмкиншилик болмады. Мойнына салған орамалы жулып алынды, қолы артына қайырып байланды. Қайтып сулыў Ақбийдайдың жекке қалыўына жол коймады. Басында адам отырды.

Бухара саўдагерлериниң кәрўан басы алып қайтқанда, ол не ушын ҳәм қайда баратырғанын билген емес. Жолда кәрўан басының өз жолдаслары менен өзбекше сөйлескен даўысынан «мен сатылған екенмен» деп ойлады, оннан ары кетпеди. Ақырында, сатылмаған болып шықты. Енди оған биреўдиң жүзине қараў, ерине күлимлеў мүмкин емес. Қалай күлимлейди? Күлки жүректен шығады, жүрекке дақ түссе, күлки ада болғаны!... Ақбийдай усыларды ойлап, қыялы ҳәр жақларды шарықлап жатыр. Тек өлиў... Аманлықтың «сүйиклим... мен ушын сениң баҳаң, теңиң жоқ...» дегени буўынларын жеп баратыр... Бийшара ери билсе еди?... Көкиреги жаманлыққа бармайды. Сонша нәзик жанлы, нәзик кеўилли адам. Жаў аман жибереди деп ойлай ма екен? Қалай, қалай? Жаў-жаў болар ма, жаўлығын қылмас па, бийшара, бегим... Оннан да ҳәзир түргелип урса, урса... Аямай урса... Өз қолынан өлтирсе!... гүнасынан пәк болар ма еди, әлле қәйтер еди?!

Аманлық буннан бийхабар. Бул дүньяға налыс етип отыр. Жетимликтен жетилип жаңа кәмалға келдим дегенде бәри кери кетип, бахыт кесесиниң шайпалғаны неси? Мурат шайыққа айтқанын өзинше тәкирарлайды... «не ушын қуўаныш сирә пүтин емес? Бәрҳа ярым, бәрҳа ярым. Қудай соншама соқыр ма? Асқынламасын деўге асқынлайтуғын неси бар? Жалғыз қаналасы Алмагүл көз алдында жүрип, төрт түлиги сай болғанда да асқынламас еди. Тек қәнәәтинен басқа пүтин берип қойған қуўанышы бар ма қудайдың? Өзи ярым, оның да жартысын әкетти. Сықмар қудай...» Ол усылайынша ишинен қыйланып, кеўлине жақсылықлар алады, еслейди. Тек жақсылықларды еслейди. Түйирлиси, өзин жубатқандайы, киси айтқандайы қайсы? Өзи де билмейди... Деген менен, еркек! Қапталында ҳаял көлбеп жатырғанда еркектиң томпайып жатысы келиспейди! Ол бас көтерди. Ҳаялынан өтиниш қылды:

— Ақбийдайым, көтер басыңды!

Ақбийдай мәжбүрий басын көтерди, оның көзлери қызарып қабағы исип кетипти. Аманлыққа тикленип қарай алмай жүзин төмен алды.

— Өйтпе, шабазым! Екеўимиз усылай жатсақ, бизди жубататуғын адам жоқ. Алмагүл болса кеткен. Түргел, белиңди буў?!

Ақбийдай Алмагүлдиң қайда кеткенин, не ушын кеткенин, ким жибергенин билмейтуғын еди. Бул дүньядан ўаз кешкиси келген адамға билиўдиң неге кереги бар? Сорағанда да, сорамағанда да бәри бир, оның менен кеўли жубанбайды, ерине жақсылық қыла алмайды. Алды қараңғы адам қайда соқлыққанда не?.. Әўелги ўақытта көзлерине жас тамшылары шыққан сыяқлы еди, жасы тыйылды. Бир шекелеп қолын таянып отыр. Шеке тамырлары шертилип, андыз шөптей болғанын, ерининиң бир жағы айғыз-айғыз жарылғанын Аманлық енди көрди.

Шабазым, аўырдың ба, сөйле?

— Сағындың ба?

* * *

Ақбийдайдан саза болмады. Аманлықтың қыялына түрли-түрли ойлар келип кетти. Ғайып ханның бир ўақытта «Маманның ышқыр бажасы»... дегенин есине түсирди.

— Маманды сағындың ба?

— Маманды бир мен емес, дуйым журт сағынды.

— Сөйлесе, жаным-аў...

Ақбийдай және лал болды. Аманлық оны қушақламақшы болып, қасына жақынлады, ол не қылажағын билди ме, қалш-қалш етип арман жылысты. Иргеге қарай қашты. Аманлық түсинбеди.

— Елдиң бүлгиншилигине ме?.. Атаң берген отаўдың өртенгенине ме? Алмагүлдиң жоқлығына ма?... Айтшы, сөйлеши, шабазым, мениң жалаңашлығыма ма?... Жоқ, Ақбийдайым, оларды ойлама, жақсы бир нәрсени күт, жақсылыққа әрман ет! Билесең бе, мен бәрҳа жақсы бир нәрсени күтемен, қыял етемен! Нени күтемен, нени әрман етемен, өзим де билмеймен. Бирақ күтемен. Сен де солай ет. Адам баласы ертеңинен күтсе, дүньяда жасағысы келеди...

Тесик местиң тығыны алынғандай, Ақбийдайдың көзлеринен жас саўылдады. Өксигин баса алмай, өкирип жылап жиберди. Аманлықтың да кеўли бузылды.

— Жылама, шабазым...

— Онда сен жылайсаң... Маған үмит етиўдиң кереги жоқ, бегим... Мен бул дүньяның тири инсаны емеспен. Жазықсыз қуяшқа қарап, ҳадал, бийгүна жерди басып ҳарамлаўға ҳақым жоқ. Мени әкелмеў керек еди. Мен келмеўим керек еди, мен билмей келдим. Әкемниң бир гәпи бар еди. Қатын, жигиттиң ҳәм өмирлик жолдасы, ҳәм асқар таўы. Асқар таўдың басында қар жатса, қай ўақ, бир ўақ етеги сел болады, бегим. Сениң асқар таўыңның үстинде қар пайда болды. Несин жасырайын бегим, мен жаў қолында сеннен басқаға қатын болып қойдым.

Аманлық тула бедени түршигип, түргеле сала ҳаялын бир тепти. Онысыз да шырайының запыраны шығып, ети сүйегине тақалған дала гүли биротала солыўға қараған еди, бир тепкиден мурттай ушып, жылаўға да ҳалы келмей, ийеги кемсеңлеп жатты. Көз жаслары да кеўип кетти.

— Ур, ур, теп, бегим, аяма! — деди тисленип. — Сениң тепкиң май тепки, руўға қыйналма! Таяқ әпериўге шамам жоқ, және теп, және теп, бегим, және ур! Ең болмаса, гүнам жеңилип өлейин!

Аяқларын зорға басып тикейген Аманлықтан күш кетип, ҳаялдың аяқ ушына қулады. Ҳалы жеткенше қолын ҳәрекетке келтирди, урды, урды...

— Ҳай, ҳай, жаным рәҳәтке кирсин, қаттырақ ур, бегим, бегим... бегим... — Ақбийдайдың даўысы семди. Аманлықтың иши өртенип, таўланды, ыңырсыды. Сессиз, әлле нәрселерди сыбырланып атырған ҳаялын енди урмады. Еки шекесин қысып:

— Аҳ қудай, соқыр, наинсап қудай!... — деп қапталына қулады. Талды. Сол жатыстан кешке таман ғана өзине келди. Ақбийдайға, қарады. Оның көзлери ашық. Ашық көзлеринен жас үзликсиз сорғалап тур. Ол ҳаялына сондай дыққат пенен, соңғы қараў етип бир қарады, ол ҳеш қашан да бүйтип қарамаған еди. Қуў сүйеги шыққан ҳаялын енди көрди. Ҳәтте, айсыз түндей шашларының арасында ақ талшалар пайда болыпты. Он жети жасында шашын ағартқан-ә! Рәҳим ҳүжданы ойнап кетти:

— Түргел, шабазым, кеширдим. Бил соны, мен айыплыман, ҳәммесине мен! Инан, түргел! Гүлин сүйген адам тиКенинен безбейди, шабазым, басыңды көтер! Әзелден қудай усылай жаратқан. Пал ушын уў-зәҳәр жаратқан, күлки ушын көз жас жаратқан, түргел! Өтинемен, бул исти ҳеш қашан есиңе алма мениң де есңме салма. Жаман күнлер умытылсын, Алмагүлди де еске салма.

Ақбийдай дир-дир етип орнынан тикейди, бирақ аяқларын баса алмай, сүрмелеклене ошаққа жығылды.

Аманлық оны сүйеп, арқасын ылашықтың шалдыўарына сүйеп отырғызды.

Сыртта сөйленип киятырған Кеўлимжайлардың даўысы еситилди.

— Ҳәзир Аманлықтан билемиз. Қудай бир көзиниң қарашығынан айрылған, бир көзи саў. Онысында гейде ақ баса жазлап перделенеди. Ақыры, жанлы мақлуқты аяйды...

Үйреншикли, келсе күлкили гәптен базарлық әкелетуғын досларының даўысын танып ерли-зайып орын-орнына отырды. Ақбийдай көз жасларын билдирмеў мақсетинде кең жеңи менен бетин сыпырды.

Кеўлимжайлар топары менен иркилместен кирди. Бектемирдиң қолында қырқағарыдай дузланған ет бар екен. Ақбийдайға услатты.

— Жазылысып бир шорпа ишейик деп киятырмыз, жеңге.

Ақбийдай жер таяныП тикейди:

— Отын усақлаўға шамам жоқлаў, қәйним. Көмеклес.

— Ал, Аманлық, бул не? Тостағанды жууғанбысыз? Ҳаялың урды ма? Ҳаў, Ақбийдай...! Мен усыны билип қыз алмай жүриппен. Я ҳаялың сени урады, я сен ҳаялыңды урасаң, әйтеўир бир бәле болады... Ҳә, мут отаўыңыз өртенгенде үн қосып жыладыңыз ба? Әзелден үйли болмаў керек еди: байыған адам шытайы болады...

— Сыртта айтып киятырған гәпиңди даўам етсе, Кеўлимжай, — деди Аманлық езиўинде жүдә бир ҳәлсиз күлки ойнатпақшы болып.

— Ҳо, жүдә тамаша әңгиме! Тек ақыллы жигитлер ғана меникин дурыс дейди.

— Көпшик, көпшик...

— Мейли, көпшиксиз... — деп Кеўлимжай аўзын сыйпалап, сәл алға қозғалып отырды, — Ақбийдай қурдас, бир сорпа писир, шекемизге урып-урып ишейик.

— Олай болса дәмсиз писиремен, — деп Ақбийдай ҳәзилге ҳәзил менен жуўап берди.

— Онда Бектемирдиң шекесине урып ишемиз.

Балалар дуў күлисти. Ылашыққа жыллы жүзлик мириўбет кирди.

— Бектемир, сен от жағып отырып тыңла. Аманлық-аў, бизлер тарыстық Қудайдың көзи бар десем, мыналар инанбайды, бар ма, жоқ па?

— Бар. Жоқ болғанда биреў жылап, биреў күлермеди? — деди Аманлық еле гәптиң неге келетуғынын түсинбей-ақ.

— Әне, дананың гәпи. Қудайдың көзин көрмедик дейди мынаў шаймийлер. Күнде көрип жүрипти. Сен, Аманлық, ой жиберип қара. Мен қудайдың көзин таптым. Ҳе, сениң де муртың қыбырлады. Күлмекшимисең? Ҳәзир айтсам, ақылың болса, таң қаласаң. Ишиң жыбырлады ма? Со айтпай, пәнт берейин бе? Қудайдың көзи екеў. Биреўи ағып түскен, енди биреўи жарқырап турыпты. Бил қәне, әй, сизлерге не дедим, тыныш, ымласпаңлар. Яқшы, соза бермейин. Қудайдың саў көзи күн, ағып түскен көзи ай. Еки көзи тең аққанда, бизлерге жақсы болар еди. Әсиге кетти деп көз алартпа, урлыққа оң түсер еди-дә.

— Мәссизлер...

— Аўа, мәспиз. Бәҳәрге шекем мурнымызды балта кеспейди.

— Оннан соң?

— Жаўгершилик және болады...

— Байыўлы! — деди Аманлық зәҳәрли.

Бул сөздиң мәнисин Кеўлимжайға түсиндирип отырыў керек емес. Бирден уғып, жүрегине найза қадалғандай болды. Йошып отырған кейпинен бирден қайғылы кейипке өтти, тынышлық даўам еткен сайын жүрегин түйреген найзаны суўырып алмай биреў ишинде олай-булай таўлап турғандай сезиледи. Тар маңлайы жыйырылып, бир ели болды, дүңки қабағы үйилип, қысық көзлерин жасырды, алақшынға тийгизип отырған маладай кир-кир аяқларын тасбақаның мойнындай қылып астына тартты.

Биресе ошаққа отын салып, биресе Кеўлимжайдың жүзине ҳәккедей қаранып отырған Бектемирге оң түсти.

— Кеўлимжай, өрмекшиниң аўына түскен шыбындай қанатларың елп етпейди ғой.

— Түргел, өзим от жағаман.

Кеўлимжай ошақтың аўзына абынып Бектемирди кейин ысырды. Бектемир ыржыйып күлип қапталға шығып отырды.

Өз айыбын мойынлаған адамды гәп пенен және қыса бериў үйден кет дегендей көринетуғын болғаны ушын Аманлық әўелги гәпке оралды.

— Қудайды да бақлап турған көзлер бар екенин билесизлер ме?

Балалар аң-таң болды.

— Қудайды бақлап турған адамлардың көзлери. Ол қайсындай дейсиз бе? Ақшамғы жулдызлар. Әне, урлығыңды олар көрсе, қудай көргеннен жаман. Ақырет-азабы бар...

— Урлыққа ийтермелейтуғын сол адамлардың өзлери... — деди Кеўлимжай.

Ҳәмме жым-жырт болып қалды.

Қазанның жуғыр-жуғыр қайнап атырғаны еситилип турыпты. Аш балалар қазанға қайта-қайта қутандай мойын салып анталасыўда. Кеўлимжай ылашыққа шөккен тынышлықты ҳәм өз ийнине түскен аўырманлықты ысырып таслаўға жол тапты.

— Ақбийдай, қазанның қақпағын салмасаң, мыналардың түри жаман, биреўи шомп етип бирге писеди...

Балалар күлисип кейин-кейин бәсти...

## 16

Маманның музлаған денеси жибискеннен кейин тилге келмей көп жатты. Аўыл адамлары тынышсызлыққа түсти. Ҳәр күни

келеди. Кеўлин сораўдың бәнеси менен, не айтып қуўантар екен деп келеди. Бийтап қыймылдаса, қуўаныштан бәри кыймылдайды, керилсе, бәри кериледи. Маман көбинесе сандырақлайды. Кейинеди, биреўлерге жекиринеди: «Үмит қағазы... халқымның үмит қағазы бул... Ақ патша берди... қол тийгизсең қор боласаң... қор...»

Ол көзлерин ашты. Бетине үңилип отырғанлардың бәри көзлерин қыпылықлатып бир-бирине қуўанышлы қарасты. Маман әтирапындағыларды танымай, үлкен ала көзлерин алартып, көпшиликке сығаланды. Бул көзлерде уллы жәбир излери емес, жабайылық көринди. Адамлар бул жабайы көзлерден сескенип, сәл-пәл кейин-кейин шегинисти. Маман ернин қыбырлатты. Ҳәмме қулағын тутты. Бирақ, ҳештеңеге түсинип болмайды. Мурат шайық ағаш табаққа суў қуйып Маман бийдиң аўзына тутты. Ол суўды сондай иштей ықлас пенен ишти, қарап турғанлардың қыялына — жабайыланған Маман табақты ғашырлатып шайнап жибермесе болар еди, деген ой келди. Жоқ, Маман олай етпеди, суўға қанып, шалқасына жығылды. Тандырдай үлкен басы сандыққа сақ етти, ҳәмме аяды, илаж қанша? Басы аўырғанын сезбей, ол және сандырақлады:

«...Мен төрт сан қарақалпақ елиниң үмитимен... тиймеңлар! Мени өлтириңлер, Үмит қағазы қалсын. Денемди шоқыған ғарғаақ жеткерер елиме...»

Оның бул сандырақ-сыбырлысы ҳәмме жүреклерге қозғаў салып сыбырлатты. Гүңирейген ызалы сеслер үйдиң керегесин ысырып жибере жазлап, алыста таў жаңғырғандай, жер теңселгендей болды. Кешки ызғырық самал бул гүңирениўди мәнзилден-мәнзилге, асыўлардан-асыўларға, елден-елге алып кетти.

Халықтың ырабайына қарап Мурат шайық Маманның басын дизесине қойды.

— Есиңди жый, бий балам, халқың келип тур.

Маман және суў сорады. Шайық және бир табақ суў тутты. Маман бий суўға бетин басып, қус киби силкинип-силкинип жиберди ҳәм уйқыдан жаңа оянған қусап жән-жағына апалақлап қаранды, өз халқы арасында екенин енди ғана анық билди. Бууыны қатпаған баспақтай аяқлары қалтылдап, тикейди ҳәм Мурат шайықтың алдына дүстөменине жығылып, шалғайынан сүйди:

— Шайық ата, кешириң мени, кешириң, елимнен кеширим алып бериң.

Жас бийдиң ҳеш ўақытта бүйтип жылағанын көрмегенлер үнсиз жыласты.

— Түргел, бий балам, — деди шайық. — Ел басшысының көзи емес, жүреги жылар болар. Түргел. Әтирапында халқың отыр.

Маман бий еплеп тикейип, отырғанларга қайта-қайта ийилип тәжим етти.

— Халқым, ата-аналарым, бирадарларым... басыңызға түскен мүсийбеттен хабарлыман... кешириңлер, ўақтында жете алмадым... тапсырмаңызды орынладым... бул жөнинде еле көп айтаман. Айтып үлгермесем, басқалар айтады, келешек айтады... уллы орыс патшасын өз көзим менен көргеним шын. Ол уллы Петр бириншиниң қызы... Сизлерди тап ҳәзир көрип отырғанымдай көрдим, тиллестим... Патша аппақ болып кийинеди екен. Шырайы да, шашы да аппақ!... картайғаны ушын ағарған емес. Бас ўәзири Бестюжев пенен көп сөйлестим... Қуран ҳаққында да, Муҳаммед пайғамбар ҳаққында да сөйлестик. Патшаның мийрасхорын да көрдим. Аты Петр, бирақ ол аты әпсана уллы Петр бириншидей емес... Бизлерди орыс патшалығына қосып алғаны ҳаққында маған Жарлық берилди.,. әпиўайы Жарлық емес, Уллы үмит қағазы еди! Бирақ та, бирақ та... Уллы үмит қағазы меннен жазатайым болды... Қойнымнан қәйерде жылысып түскенин ямаса биреў суўырып алғанын билмеймен... айыплыман... Бул гүнам ушын, кессеңиз мине басым!... — Оның мойын омыртқасы үзилгендей ийилди. — Халықтың үмит қағазы жоғалмаўы тийис. Мен елге қарай еңбеклеген далада қойнымнан жылысып түссе де итимал... түбинде табылады. Айтыңшы, туўысқанлар, пүткил бир халықтың уллы үмит қағазы туғыянсыз жоқ болып кетиўи мүмкин бе?

Келгенлер ләм-мийим болып турыпты.

— Халық үмити жоғалмас, бийим, жыртыўға күши жетпес, бийим, — деди Аманлық.

Маман бийге аз ғана йош киргендей болып, қәддин тикледи, өзине келди. Жыйналғанларды бирим-бирим көзден өткерди, арасында көп адамлардың жоқлығының мәниси — өткен урыста қазаланғанын Маман түсинип гүрсинди. Соң ол «сиз не дейсиз?» дегендей шайыққа қарады. Шайық журтқа сыр бергиси келмеди, өзин беккем тутты.

— Гәпиң болмаса, тил батыл болар екен, кәрўаны болса жол батыл болар екен, әзизлерим, қайғыланбаңлар. Аспаннан не түссе, жер соны көтериўге жаратылған.

Буннан кейин шайық күтә аўыр гүрсиниўлер менен, баспана излеп кимниң Хорезмге, кимниң жоқары Жуңғар тәрепке, кимниң Қытайға, кимниң Бухара таманға посқанын гәп қылды.

— Ғайып ханды өлтирмеў керек еди, бәри бассызлықтан болды, — деди гәпиниң ақырында.

Әкелери урыста қазаланған жас бийлер менен аралас жас үлкен бийлер шайықтың гәпинен ғәлет таппай бас ийзести.

— Есенгелди дәстияр жигитлерден еди, кеткен екен-ә? — деп Маман өкиниш пенен бираз ойланды. — Шайқымыз, мениң шамалаўымша ол аяғын аңлап басатуғынлардан еди. Себеби, бар шығар?

— Өкинбеңизлер, хансыз күнлеримиз бултсыз күнлерге усап кетип жүргендеймен, — деп Есим бий әўелги бийди хошлап сөйледи. Пикирине қарсы пикирлер айтылғанына Мурат шайық ашыўланбады. Және бир гүрсинди.

— Бәлким, солай шығар, әзизлерим. Маған да жеңил. Лекин, лийкини бар. Басшысыз аламан — шопансыз қой.

Үй ишинде және жым-жыртлық орнап, тағы да ҳәммениң деми тарайды. Адамлардың шып-шып терге түсип найлажлықта отырғанын аңлаған шайық есикти сәл түрип қойыўды ескертти. Сырттан ҳүў-ҳүў кирген суўық самал, балқып отырғанларды аз ғана жыйнақластырды. «Ҳәмме гәптиң изи туйық болып тарқаспасақ болғаны» деп гүманлана баслаған бийлер Маман бийдиң ақыллы кеңес айтыўын күтип, үмидиўар көзлерин оған қадады. Суўық самал кирип денеси шыйрақласқан Маман журттың ақыллы кеңес күтип отырғанын түсинди.

— Әдиўли адамлар, орыс патшасының қаласындай илаҳийда сулыў, гөззал қала көрмедим. Үйрениў керек. Халықты халық ететуғын илим-ҳикмети, билими бар екен. Сол ушын Петербургқа бала жиберсек деген ойда қайтып едим... Бәри, бәри... Жоқ, қайғырмаңлар. Халық халықтан батыр деген гәп еситкенмен. Аз болсақ та, әлемге күшимизди көрсетермиз, тынығып ес жыйнайық, күш топлайық.

— Ақылыңнан айналайын, дана балам! — деди Мурат шайық оның басын сыйпалап.

Келгенлер өзлериниң көзқараслары менен Маман бий не десе толық қоллап-қуўатлайтуғынын билдирип турыпты.

— Орыс елинде бала оқытыў, илим-ҳикмет үйрениў, әсиресе бизлердей халыққа керек, — деди жасы үлкен ғаррылардан бири.

— Аўа, Маман бий, — деди әўелги сөйлеген ғаррыдан тетелеў қара сақаллы киси. — Орыс илими бизлердей халыққа ҳаўадай, суўдай керек! Тезирек бас көтер, басла, Маман бий!

— Әзизлерим, Маман бий енди дем алсын, — деди Мурат шайық.

Адамлар әстен-әстен тарқасты.

Маман бий көп жатпады. Оның қыялына «Уллы Үмит қағазы» бир жерде қойнынан жылысып түсип қалғандай еди.

— Шайық ата, — деди жалыныш ҳәм өкиниш пенен. — Патша инам еткен күйме өртелип, жолдасларым өлтирилген орыннан берман қарай жер баўырлап өткен жолымды бир қайтара көзден өткергим келеди. Бахтымызға, «Уллы Үмит қағазы» бир жерде жатса...

Мурат шайықтың жүзи булттан шыққан қуяштай жадырап сала берди.

Олай болса, көкирегинде елге ышқы-муҳаббети барлар бәри изиңе ереди, балам.

## 17

Бухара әмириниң кәрўан басысы ҳәр сапарында әмирге саўға менен барып үйренген. Саўғасы жас ғана сулыў қыз. Әмир ҳәр халықтың қызын жаңа ийисли гүл деп сүйеди. Жүдә сақыйлық пенен кәрўан басыға шапан жабады.

Кәрўан басы олжасына қуўанышлы: қәдди-қәўмети келискен қыз апаратыр. Шомылдырып, қайта кийиндирсе, тап пери болады.

— Ташмат! — деди ол даўысы толқынланып. — Әмир усы сапары қандай шапан жабады?

— Не ушын?

— Қум келле!

— Жаппайды, — деди Ташмат өжетленип. — Биз кетердиң алдында елге посып келген қарақалпақлардың он еки жасар арыўын алдырған еди ғой.

Кәрўан басының үскини қуйылды.

Ҳақыйқаттан да солай. Гүл үзген атызынан гүл апарса сарпай былай турсын, әмирдиң ғәзебине тап болыўы мүмкин. Оннан да бул жас гүлдиң ийисин өзим ийискейин, өзим үзейин деген қыял пайда болды кәрўан басыда.

Алмагүл бас нардың үстиндеги күймеде еди. Ашыў менен түйениң үстинен өзин таслап жибере ме деген қәўип пенен күймениң жанбаўына қолы байлаўлы. Ол елден шыққанда ағылтегил жылап еди көз жасы ада болмады, жаңа ашылған булақтай жас сарқылмай киятыр. Еки бети қып-қызыл. Әўелги пәтте туўлап көрди, қыбыр ете алмады, соң тек жылай берди. Ақыры, шаршап уйқылады. Кәрўан басы менен Ташмат пикир алысқанда, ол уйқыда еди. Кәрўан басы сум қыял менен қыздың қасына отырып, бетин сыйпады. Көкирегине әстен қолын апарды. Қыз аўырсынып «ўай, ата!» деп бақырып, көз ашты.

Кәрўан басы усы жасына шекем «ата» деген сөзди еситпеген еди, ети титиренип, шоршып кетти. «Өзим үзейин» деген қыялы өршелене түсиўине қарамастан, жүн басқан билеклери дир-дир етип, күймеден аўдарылып кете жазлап:

— Қорқпа, қызым, — деп салды ол.

«Қызым» деп неге айтқанын да аңғармады, бирақ, айтып болғаннан кейин көкиреги әбден суўып қалды да, қыздан қолын алып, көзлери өли пышық көзлериндей мөлерди.

— Ата, меҳрибанлық қылың, еле де таслап кетиң, елимди таўып бара аламан, — деп жалбарынды Алмагүл. — Берекет табың, ата, қалдырың. Мендей қызыңыз бар шығар. Илайым, бахытлы болғай, ийманлы болың. Ҳәр күни дәргайыңызға дуўа қыламан, ата. Қудайға мың қәтле шүкирлик етип, сизиң ийманыңызды тилеймен, ата. Атажан, сиз өзлериңиздиң қызыңыз болса, мени сондай көрип аяң, қалдырың...

Кәрўан басы манаўсырады. Қабағын биресе шытты, биресе үйди. Шыдамай күймениң артқы тесигинен қызыл қумды қақ бөлип киятырған кәрўанына көз таслады. Жипке дизилип сүйретилген әдираспандай жүзден аслам түйе Қызылқумның шегесин ысылдатып басып, бир бап пенен қәдем тасламақта. Ол қыялға кетти: усыншама түйениң үстиндеги жүктен қанша пайда өнип атыр? Сирә, оның пайдасы қолына кирмейди. Бәри әмирдиң наәдил буйрығы менен түпсиз қурдымға қуйылады, изи жоқ, сонша түнлерди уйқысыз өткергенде, татарлар менен башқуртлар арасында бир теңге ушын кегирдекке суў бүркип айтысқанда, қалтасына түсетуғын пайдасы! жоқ. Бухараға келди — әмирдиң қолына қарайды. Сонша мийнет пенен ғазнаға пайда берген адамға жабатуғын бир шапаны да үлкен бир салтанат, үлкен бир гәп. Сондай шапанды өзи сатып алғанда болмай ма? Қанша пайда

түскенин төрт дийўал арасындағы әмир қайдан биледи? Енди бул қызды әмирге апарыў — пайда емес. «Ата» деп қойды қыңыр қыз. Ол ойланбастан, абайсызда «қызым» деп салды. Енди зина қылыў гүна. Өзиниң бел қызы Алмагүлден еки есе үлкен. Жоқ. Бундай жаўызлық, бетсизлик тек әмирлерге, ханларға миясар. Қудай оларды кеширеди. Биз оларға әкелип бериўге тийиспиз. Қудайдың жердеги көзлери әмир, хан, патшалар, бенделерине не қылса ерикли. Биз амыймыз. Амыйдың иси хызмет. Бул қыздың тилеги қабыл етилиўи тийис! Ҳәзир қалдырып кетсе адасып өледи. Жол таппайды, ғарға-қузғынға жем болады, я аш қасқырларға тап болады. «Бул сордың обалына да қалмайын, өзим де қуры қол болмайын. Пал тутқан бармағымды жаламасам, қандай саўдагермен» деп өзине өзи сораў берип, қызға бурылды:

— Қызым, жылама, тилегиңди қабыл етемен.

— Мың жасаң, ата. Әўладың жаманлық көрмесин. Ҳеш қандай жаманлық көрмегей. Балаларыңның маңлайына шаң тиймесин. Қулың болайын, ата...

«Қулың болайын... — деп сыбырланды кәрўан басы. — Қыз дурыс тапты. Сатып жиберген менеп қудаға әси болмайман. Мийнетим сиңди. Мийнетиме алдым. Саўдаға алдым: қулым сыпатыпда сатаман».

— Қызым, мен сени өзимиздиң әмирге бермеймен, — деп кәрўан басы қызды тынышландырды. — Ол зулым. Баяғыда сатып апарған бир қызым өлди. Азапта өлди. Сендей ғана бир гүл еди.

Ол қызды тынышландыраман деген менен қорқынышлы ўақыя айтып отырғанын сезбес еди. Қыз ол сөйлеген сайын дир-дир етеди. Бирақ, зулымға тап қылмайтуғынына қуўанып, кәрўан басының аяғына басын тийгизип дүстөменине жатты.

— Реҳим етиң, ата.

— Түргел, — деди кәрўан басы. — Қәне, қолыңды шешейин.

Кәрўан басы қыздың қолы байланған қыл шылбырды қос баўындағы пышағы менен кести. Алмагүлдиң көзлери ойнақшып, жас жуўған жүзи жайнап, қарақалпақ саҳрасында жекке өсип, азанғы шықта турған ақ лалаға мегзеди. Кәрўан басының аяқларын қушақлады, мәсисин сүйди.

— Мың жасаң, ата, улы-қызың жаманлық көрмесин, бай болың...

Кәрўан иркилмеди. Жоллар даўам етти. Қыз еле қалдырылмады. Кәрўан Әмиў дәрьясының бойына жетип иркилди. Кәрўаншылар шатыр қурып дем алды, кимиси уйқылады.

— Сен жылап сес шығарма! — деп кәрўан басы Алмагүлге жуўан даўыс пенен ескертти. — Көз жасың қабыл екен. Сени Хийўа ханына апарып беремен. Ол бизиң әмирден жақсы. Жас, зор жигит. Қудайтала жас ханның көкирегине жақсылық салса, сени елиңе қайтарады. Ара жақын. Шердалы бийдиң басшылығындағы бес жүз үйли маңғытлар усы хан қарамағында жасайды. Маған таныс бала, қолда өскен. Апарып таслаң деп айтып кетемен.

— Ўай мың жасаң, атажан, — деп қуўанды Алмагүл. — Шердалы бий дедиң бе? Шердалы бий деп еситкеним бар. Илайым-илайым, мың-мың жасағайсыз. Тап өлгенше сизди умытпайман, ҳәр тамақтан кейин ҳаққыңызға дуўа қыламан.

Кәрўанларға «дем ала бериңлер» деди де, кәрўан басы Ташмат пенен үш жигитти ертип олжа қызды Хийўа ханына сатыў ушын дәрьядан өтти.

Олжа қыз ҳаққында көп кәрўанлар билетуғын еди, бирақ, соған қарамастан, оның көзине тек дүнья көринди. Бухараға барғаннан кейин көпшилик гәп етип әмирге жаманлайды деген басына келмеди.

— Жигитлер, — деп сыбырлады ол жолда жолдасларына. — Бул қызды Елбарыс ханның әўмесер баласына сатамыз. Елге барған соң сатқанымыз тисиңизден шықса туқымқурт боласыз.

— Қуллық, қуллық, — дести бәри.

Хан сарайының барлық дәрўазасы илик еди, буларды ҳеш ким қабыл ететуғын түри болмаған соң кәрўан басы дәрўазаманға бадабат урды:

— Әй, аш дәрўазаны. Биз Бухарадан ханға саўға менен киятырмыз.

Дәрўазаман айбалтасын кесе тутып, бир тәжим берди де, ишке жуўырып кетти ҳәм аздан кейин келип:

— Ханымыздың сиз бенен сөйлесиўге ўақты жоқ, — деди.

— Олай болса айтып барыңыз, саўғаға қыз әкелгенбиз. Қарақалпақ сахрасының адам ийискемеген бир лала ғумшасын әкелдим. Нәзер салсын, сыйымызды берсин. Кетемиз.

Дәрўазаман жуўырып кетип, бир кесе чай ишимнен соң зер жағалы шапан кийген биреўди ертип келди. Қуўыршақтай жасанып кийинген зер жағалы бул адам ханның ҳәм ақыл қалтасы, ҳәм ҳәмиян қалтасы — бас ўәзир еди. Оның тасырайған қызыл көзлери бирден-ақ, Алмагүлге түсти ҳәм түкиригин жутты.

— Не аласыз?

— Елбарыс ханның улы Абдулғазы Муҳаммед хан әкесине усап жолбарыслық қылар деген дәме менен келгенбиз. Болмаса, өз әмиримизге әкетемиз.

— Ләген, — деди ўәзир ойланып турмай.

Дәрўазаман жуўырып кетип, тақыядай ләген толы теңге әкелди. Кәрўан басы бундай көп пулға сатаман деп ойламаса керек.

— Қыз сулыў ма еди? — деди қайтысын жолдасларына.

— Бундай илаҳида сулыў дүньяға бир келеди, — деди Ташмат. Басқалары оны қуўатлап «ўақ, қыз екен!» десип таңлайларын қақты.

Кәрўан басының жүрек-баўыры қамылып, тула бедени дир-дир етти. Бул дирилди қызға жаны ашығанлықтан ямаса нәўше гүлдей сулыў қызға берилген өз нәпсинен емес, қолға түскен теңтайсыз бир сулыўды сатып қойғанын әмир еситсе, өз тәғдири не болатуғынынан қорқыныштан пайда болды. Әлленемирде өзин басты. Дәрьяның өткелинде жолдасларын иркип, өзгелерге тисинен шығармаўды және зинҳарлап тапсырды ҳәм теңгениң тең жартысын үшеўине саңырыўыслап бөлистирди.

* * *

Хорезмниң Шерғазы ханнан кейинги ең жаўыз ҳәм сум ханы, Елбарыс хан болды. Ол ханлықты кеңейтиўден ис баслады. Араллы өзбеклерди бағындырды, жунғарлар шабыўылынан посып тирсеги қағыса-қағыса Арал бойын паналап келген қарақалпақларды қысымына алды, соң Шердалы бийин өлтирип пүткил руўды пуқаралығына өткерди. Қоңсылас ханлықларға ара-тура шабыўыл жасап, зықын өткерип турды. Бул Иранның Нәдир шаҳын тынышсызландырды. 1740-жылы үстине топылып келип, он еки жыл ханлық ҳүким сүрген. Елбарыс ханды гелле қылды. Урыста ҳәлсиреген Нәдир шаҳ бул жерде беккем ҳүкимдарлық ете алмады. Орыс патшалығының араласыўы менен ханлық қазақлардың қолына өтти. Киши жүздиң ханы Абылқайыр хан болды, Нәдир шаҳтың тәсиринен бул жердеги жергиликли халықтың наразылығын күшейтип, Абылқайыр бир жыл шыдай алмай, тахты таслап қашты, орнына Нәдир шаҳ тәрепинен қойылған Муҳаммед Тахир ханды өлтирип, Абылқайырдың улы Нуралы бир жыл хан болды. Бул дәўир де узаққа бармады, орыслардың тәсиринен қорққан Нәдир шаҳ Хорезм ханлығының жүўенин өз қолында услап турыў

мақсетинде Елбарыс ханның Абдулғазы Муҳаммед атлы жарымес улын хан көтерди. Бул шынжырма-шынжыр киятырған жергиликли ханлар туқымының мақсетине шеп болмады. Жигирма бес жасар хан Абдулғазы Муҳаммедтиң түйедей бойлы болып, түймедей ойлағанынан ҳәмме пайдаланды. Сарай адамлары қолынан келгенше дәўран сүрди. Нәдир шаҳ қәлегенинше дизгин қақты.

Жас ханның әкеси Елбарыс хан атайы қатынпурыш еди. Улы Абдулғазы оның көп шабыўылларының мақсети усы қатынпурышлықтан деп түсинди. Себеби, ҳәр шабыўылда сарай жаңа қызлар менен толатуғын еди.

«Дүньяның ләззети — ғумшасы ашылмаған қыз қушақлаўда» — деп ғарры ханның кекиренип, бас ўәзирине мақтанып отыратуғынын талай-талай еситкен улы да, ханлықты сондай ләззет излеўден баслады.

— Сулыў қыз ушын ғазнаны аяў — маған душпанлық, — деп дағазалады бас ўәзирине.

Қуўыршақтай кийинген бас ўәзирдиң, сулыў Алмагүлди көрип, ойланбастан тақыядай ләген менен теңге бергизгениниң себеби де сол еди: Хорезм ханынан бийғәрез Бухара саўдагери қызды бермей кетсе, ҳеш кимниң дыррықшылығы жоқ. Егер сондай бир гөззалды жиберип қойғанын жас хан еситсе, күни қәреп болады, дар күтеди.

Алмагүл кәрўан басыға ишинен ырза болып, айырылысса да, оған әсте ғана «рахмет» деп, тебен кирпиклери ләмленип қалса да, дүньяға шығып көрмеген хан сарайына киргенде, өзин бейишке кирип киятырғандай сезди. Қәне, усы бейиштиң ҳәзлиги болып, елине қайтарса, әжағасына, жеңгесине қосса!

Ўәзирдиң изинен ерип киятырып еки қапталына қарайды, бир бағ ишине сүңгип баратырған секилли. Ўәзир ҳеш сөйлемейди. Алмагүл оннан меҳир дәме етип, бир нәрсе деўине интизарлықта келе берди. Ўәзир қараңғы дәлиз бенен келип, бир ағаш қапының аўзында тоқтады. Қызға «кир» деп ым менен ишарат қылды. Қыз түсинбеди. Апалақлап, ўәзирдиң қалта-қалта жүзине қарады.

— Кир, кир, — деди ўәзир.

Қыз есиктиң зулпын услап турды да, ашыўға батына алмады. Қапы ашылса, аржағында жасында еситип жүрген дозақ оты ҳәўлирип турғандай. Ўәзир шыдамай, қапының зулпынан тартып ашты да, «кир» деп, қызға және ымлады. Қыздың дөңгелек көзлери тас төбесине шығып, қорқып ўәзирге қалша қарап турып алды. Ўәзирдиң ханға аталған қызға қол тийгизиўге ҳуқықы

болмағанлықтан ийтерип киргизе алмады, қыз оның бул сырын түсинбей, «маған қанша жаман көзи менен қараса да, зорлап киргизиўге аталық меҳри күш бермей тур, жуўасыр» деген ой менен, қозғалмады. Соның арасында иштен, басына ақ сәлле ораған, ақ шапанлы, сақал-мурты қырылған ийеги мәсиўектей, бели бүкир биреў шықты. Алмагүл оны дәслеп кемпир ме деп шамалаған еди, жоқ, бул ханның қыз бақтыратуғын қатынек суўпысы еди. Қатынек суўпы жеңин түсирип жиберип қыздың билегин тутты ҳәм ишке тартты. Қыз тентиреклеп барып кирди.

Иште ҳеш ким жоқ еди, қатынек суўпы менен екеўи қалды... Қыз аң-таң, жән-жағына қарайды. Жайдың иши ҳәр қыйлы липасларға толы, мурынның қанындай қызыл гилемлер, паласлар. Қыз бул көриниске қарап апалақлап, өзиниң қайда келип қалғанын билмей, оңы я түси екенине исенбей турғанда, суўпы екинши есиктен бир ләген менен мысқуман әкелди ҳәм қызға «шомыласаң» деп ишарат билдирди. Еркек адам түўе, ҳаял алдында толық шешинип көрмеген қызға бул өлим көринип, тула бәдени қалш-қалш етти. Оның тура беретуғынын билгеннен кейин суўпының өзи келип қыздың өңир түймесин жаздырды. Қыз биротала ҳуўыштан кетип, лал болып тур. Қыздың көйлегин шештиргенинен кейин суўпы оны ғыр гүбелек айналып, оның мүсиндей сулыў денесине көзи toймай қайта-қайта қарап:

— Шеш! — деп балағын көрсетти.

Қызда ҳуўыш жоқ. Қатынек суўпы: «Мени өз атам де, уялма, тыныш, нәрестем, тыныш» деп қасына келип, балағын өзи шешти ҳәм қызды ғыр гүбелек айланып, ҳәккедей шық-шық күлди. Қыз жылап жиберди. Қатынек суўпы қыздың төбесинен жыллы суў қуйды.

Бийшара қыз еле өзине-өзи исенбейди. Қасындағы адамды көрмейди. Жыллы суў денесин балқытты, қоллары ерксиз қыймылдап, өзиниң жалтыраған аппақ денеси үстинен жорғалаған суўды нәзик қоллары менен сыпыра берди. Гейде өзинен өзи уялып, көкирегиндеги қос түймесине өз қолы тийип кетсе де, қытығы келип секиреди ҳәм мырс етип күледи. Буннан сайын қатынек суўпы суўды көп қуйып, оның көз ашыўына имканият бермейди, қызға бул суў биреў қуйып атырған суў емес, бейиштиң суўы киби сезиледи.

Қыз бул ҳәдийселерге түсинбей, үстине қуйылып турған суў тамам болса да, үлкен мыс ләгенде бираз отырды. Тым-

тырыслықтан пайдаланып көзин ашты, қараса қасында бир қатар ҳаял липасы жатыр. Езиўинде аз ғана күлки пайда болды, қатынек суўпы қыздың булкәраны әлле қандай орын менен шатастырып турғанын түсинди де:

— Бул бейиш, ҳүр қызы. Сен ҳүр қызы болдың, — деди сыбырлап. Қыз инанды. Кәрўан басы жаманлаған Бухара әмиринен қутылып, бейишке келгенине ырза. «Түсим болмағай, түсим, бейиштен қуўма, алла. Гүнам жоқ, ҳеш гүна ислеген емеспен» деп гүбирленди.

Қатынек суўпы сып етип есиктен шығып кетти де, сырттан илдирди. Қыз шайы-жипек липасқа бөленип, қасына қойылған аппақ пәр дастыққа бас қойды. Жылай-жылай шаршаған қыз, ҳеш нәрседен қәўетерсиз уйқылап кетти. Мамық төсек оны бир күн, бир түн оятпады. Өзи оянғанынша селтең бериўши болмады. Ғарры қатынек ғана ара-тура хабар алып, уйқыдағы периге таңланып, тилиниң суўын сорып кетеди, бундай гөззалды биринши рет ушыратып атырғанын айтып ханға барып сүйинши сорағысы келер, бирақ бийәдеплик болар деп өзин-өзи иркеди.

Қыз екинши күни түсте оянды. Ҳаўлығып оянды. Деми қысылып атырғандай. Жайдың ишиниң ҳаўасы тарлық етип, есикке жуўырып еди, ашылмайды. Тилдей узын әйнекке жуўырды. Бағ ишиндеги ҳәўиз бойында доланып жүрген бир топар қызлар көринди. Енди ҳақыйқаттан да бейиш екен деп исенди ол.

Қатынек суўпы пайда болды.

– Сулыўлық бахыт, ҳе, ҳеҳе... Гөззал болыўға не жетсин, ҳе, ҳе, ҳе... Мен неге сендей сулыў емеспен, ҳе, ҳе, ҳе, ҳе... е, — деп ояқ-буяғына шығып айланды.

Қыз және аң-таң. Қулағында:

«Сулыўлық — бахыт...» деген сөзлер гүўлеп, қайта-қайта тәкирарланды.

— Дүньяға шыққалы хан сендей сулыўды көрген жоқ, ҳе, ҳе...е. Сәрўи бойларың ҳе, ҳе, тал шыбық шашларың, жан алғыш көзлериң, тананың мүйизиндей қос мәммең, ҳе, ҳе... е.

Қыз денемди әлле ким көрип қойған екен деп қәўиплене шөкке түсип отырды.

— Кептер киби отырыўың, ҳе... ҳе.. е.

Қыз оны көрмей жән-жағына апалақлап қарады. Бир ўақытта қатынек суўпыға көзи түсти. Жүреги қанасына сыймай ҳәўлирди, еки алақаны менен көзлерин басып, бүккесине отырып қалды.

— Жылағаны қандай гөззал-ә!.. ҳе... ҳе. ,

Алмагүлдиң мийи айланды, пәр дастыққа қулады.

Есик ашылғандай болды. Бас көтерди. Тула бәдени жүнлес маймылдай бәдбешер, дәўдей биреўди көрип, «ўай, ўай, апа!» деп есикке қарай жуўырды. Есик жабылды. Бул кирип келген маймыл түс Абдулғазы ханның өзи еди, асаў қыздың «ўай, апа!» деп, шыңғырған сестинен ләззетленди ме, «ҳаҳа-ҳалап» ларс-ларс күлди. Бул күлки қыздың есине ийт ырылдысын салды. Өсик қара муртлары арасынан ханның сойлақ сары тислери көрингенде, қыз «мени шайнап жиберетуғын бәле шығар» деп, дийўалға арқасын берди:

— Ата, суўпы ата, қайдасыз?

Қатынек суўпының «ҳе, ҳе, ҳе» деген ҳәкке күлкиси еситилди.

Қыз астыңғы ернин тиследи.

— Атың ким? — деди хан жуўасып.

Қыздың ала көзлери уясынан шыға жазлап тур еди, ханның жуўас сораўына өршелениўди пайдасыз деп билип ырас атын айтты.

— Алмагүл?! Ҳа, ҳа, ҳа! Үйинде бир шылым уны жоқ адам қызының атын Майдабийке қояды екен. Мәкансыз қарақалпақ елине алманың гүли не қылып барып, саған ат болған!?

Қыз оның қасымай гәпине, түсинбеди ме, ямаса ел атына келген намыслы гәп арын келтирди ме:

— Бизиң елде де алма өскен, — деди.

— Алма өскен... Ҳа, ҳа. Алма да қәйерде өсетуғынын билмейди. Тилсиз, мийсиз жемис. Жоқ, қыз! Сен оны қой, Алмагүл саған жараспайды. Бүгиннен баслап Майдабийкесең!

Оның бул гәпти не ушын айтып атырғанын қыз түсинбеди.

— Мениң атымды Майдабийке дедиңиз бе? Жоқ, жоқ. Алмагүл едим ғой! Ата-анам, туўысқанларым Алмагүл дер еди, елим Алмагүл дейди, — деп зарыгирян болып жыламсырады. Хан және ҳаҳаҳалап күлди.

— Көп еркелеме, саҳрайы қарақалпақ қызы! Сүйиўдиң мәнисин билмесең керек. Жылағаның кел дегениң бе? — деп қызға жақынлады, Қыз кейин шегинди, бирақ ылай дийўал оған жол бермеди. Көзди ашып жумғанша Алмагүлдиң айдай жүзине дәў денели ханның тебендей муртлары шаншылды. Жараған түйениң табанына тап болған шымшықтай Алмагүлдиң шырылдап «ата, суўпы ата!» деп бақырғанын еситер қулақ болмады... Көздей тесиктен сығалап турған қатынек суўпының көзи гә жасарды,

гә күлди, поррықтай аппақ денели, өзиниң бир қолы шелли ғана нәрестениң үстинде боталақтай шөккен бәдбешер ханға қызғанышлы қарап, тисиниң суўын сорыды.

Алмагүл естен танды.

Шырқырап, бозлап ханға қатын болды...

## 18

Маман бийҳуш болып атырғанда Абылқайырдың адамлары қойнынан Уллы үмит қағазын әкеткенин билген емес еди. Сонлықтан, Жарлық қойнынан сыптырылып түсип, әлле бир қуўыста, я бир түбирге илинип жатырғандай көринип, Маман бий көп атлылар менен излеўин даўам етти. Оның жер баўырлап жылысқан сүрдеўин, оннан бери неше рет жаўған қар, әлле қашан бүркеп таслаған. Тек шама менен көп жерлерди қыдырды, талай шоқалақлардың қарын түсирди, талай түбирлердиң астын тинтти. Алдынан некен саяқ атлылар шықса, тап усылар алған деген ой менен сораўға тутады.

Көкирегинде үмит ушқынлап, Жарлықты таўып әкетип елин қуўандыратуғындай, кеўилли кеткен Маман жүдә қапа. Елден әдеўир шығынып кетипти. Жете алмай жүдә салпаўсып киятыр. Петербургта көргенлерин, орыс елиниң ең алдағы мәдениятын, кийген кийимлерин, жүрис-турысларын, оқ-жарақ ислейтуғын устаханаларын еслеп бармағын тиследи. «Неге орыслардан қаламыз?...» Қыялы әлўан-әлўан болып кетти. Қарақалпақ сорлы ел болды, ертеңи не болады? «Усы барысында жоқ болады. Неси қалды? Енди бир даўылға ушыраса, қырманын суўырады, биротала үпелек болып ушады, өзиң ушып жүрип, табанлы болғаныңа биреўди исендир, сорлы ел! Кеткенлерди қайтарып, я қалғанларды олардың изинен көширип, қалай жыйнаў мүмкин? Қәйткенде биригеди? Бириктириў?! Иске аспайтуғын нәрсе, Хорезм жақын болсын, ал Қытайға кеткени? Бухара ханын паналағанлар, Афған елине асып кеткенлер қайта ма? Әзелден дуўа кетип, тарыдай төгилген сорлы ол. Бunың бәри кимнен? Ханнан ба?... «Есенгелди Ғайып ханды сол ушын өлтирген бе? Жоқ, жоқ, шайық дурыс айтты, «ханды өлтирмеў керек еди. Бәри бассызлықтан болды». «Басшысыз аламан шопансыз қой». Егер, халық өз ханын өзи өлтирмегенде, бүйтип поспас еди. Ол ҳәм ханды өлтирди, ҳәм өз руўын ертип көшип, елди ыдыратты. Посыўға бас болды. Ооо, елди постырыўға

бас болды! Бул ой кимниң ойына келмесин! Қарақалпақ бийи өз елин постырыўға бас, ал бириктириўге?... Жоқ, жоқ, бириктириўге бас болыў керек! Әй Маман, сандырақлама, Қытайға, жунғарларға, Бухара менен Афғанстанға қарай посқанларға да сол айыплы ма?.. Қалай-ә? Әлбетте, сол айыплы. Ақыры, хан халықтың басы, бас кеткен соң геўде қайда тасланбайды. Бул ел биригиўи тийис. Орыс патшасынан үлги алып, жаўға қарсы күш топлаў керек. Халық халықтан батыр, халықтың халықтан артықмашлығы жоқ. Басқалар усап неге отырықшы болмаймыз? Қала-шәҳәрлер неге салмаймыз, неге қорған салмаймыз? Былай шықсаң дүнья қанша кең. Дүньяда қанша-қанша халықлар бар екен. Орысият, Украин, Ҳиндстан, Мыср, Рум, Қытай, Түркия.. Бәринен үйрениў, бәринен ҳөнер билиў ел ушын не деген бахыт болар еди. Бизики бәрҳа арқаланыў, посыў-посыў. Бул дүнья ким ушын паянсыз? Тек аўзы ала қарақалпақлар ушын!...

Ханның өлтирилгени мақул болған. Журтқа бас болған менен, өзбасы геўек сыяқлы еди. Журт оны қалақ бас деп бийкар лақап бермеген шығар. Өлсин, нәлетий! Егер, халықтың халықтан артықмашлығы болмаса, жаўдан жеңилип посқан елдиң гүнасы өзинде... Халықта не гүна бар? — Гүна ханында. Өлсин, нәлетий! Еле ҳәм кеш емес, ҳәммениң басын жәмлеў керек. Бул ушын заманның бағытын билиў зәрүр. Заман қайда баратыр? Илим-ҳикиметлиниң изинен. Илим-ҳикиметли ким? Орыслар! Орыс патшалығы! Дүньяның төрт бурышынан қолы бар. Басқа елден адам шақыртып бала оқытады, басқа елге бала жибереди. Олардан тәлим алыў керек. Сөзсиз алыў керек. Бизде не бар? Ҳештеңе, ҳештеңе! Ең болмаса, үст кийим өзиники емес. Көйлеги ноғайдики, дамбалы ҳиндтики, бешпенти башқырдики, нағысы украиндики, тоны қазақтики. Орысқа қәйери усас еди? Қайсарлығы. Тайғақлығы ше? Өзиңниң Қалпағы-ше? Өзиники. Қара болғаны ушын, матам кийими болғаны ушын өзиники. Илим-тили-ше? Өзбектики. Айдар тулымы-ше? Түркмен менен арабдики. Неси бар бул сорлы елдиң? Ҳештеңеси! Басында азасы, минезинде тайғақлығы бар. Ҳақыйқатын алғанда, усыған ким себепкер? Қарақалпақ баласы кимнен кем? Ырас-ә, қарақалпақ баласы кимнен кем? Адам ҳәмме жерде адам. Елди күшлилер қатарына көтериў керек. Бүлдирип постырғанлардың үстине барып, неге пай ала алмаймыз? Алыў керек! Баланды жылатқанның баласын жылатпасаң, көзиңнен жас кетпейди. Өзгелерге де халықтың кем емеслигии билдиремиз! Күш

пенен! Кисиниң баласын жылатқан қандай болатуғынын билсин, исенсин!..

Ол усы ойға келгенде тисленип, сондай күш пенен ғужырланды, ҳәтте атын қамшылап-қамшылап шаўып кетти. Қара көрим жерге барып өзине ай берип, атының жүўенин тартты. Басына келген дужырымлы ойды жолдаслары менен ортақласыўды мақул көрди.

Изине ерген он атлы Маманның неге өйтип кеткенинен бийхабар, уйқыдан қалып шаршағанлары аза қалпақларын көзлерине түсирип мүлгип киятыр.

Маман атының басын бурмай жолдасларын күтип артына бурылғаны сол, жүрегине шай тартқандай силкинди. Ер үстинде мисли тасқа айланғандай, көзлери аларыўы менен қатып қалды. «Уллы үмит қағазы...» деп сонша күн жар салдырғандағы жыйналғанлары усылар, он атлы! Булардан күш болды ма? Бул ийинсиз адамларға, аз санлы атлыларға арқа сүйеп бола ма? Сонша ләшкерли Минин менен Пожарскийге, Богдан Хмельницкиге журттың аўзының сууы неге қурымасын? Усы он атлыдан жаў қорқа ма, өш алына ма? Ҳәм аз, ҳәм дәрмансыз бул атлылар менен Ғайып хан не қыла алатуғын еди? Әйтеўир ғана жандалбас хан болып жүр екен. Бийшара-әй! Соннан келген оны журт күстаны қылып, қанша түрли ат тақты. Қызық, ол қандай адам еди? Арық па, семиз бе, ақыллы ма, ақылсыз ба? Зулым ба, жайдары ма? Жоқ, онда нәзер жоқ, еди... «Хансыз күнлеримиз бултсыз күнлерге усап кетти» деген ким?.. Атақлы Есим бийге шекем хан өлгели көйлегиниң сәдеплерин жаздырып, аяғына кең етик кийгендей. Ырастан да солай ма? Солай. Мейли, мениң саҳрайы халқым усылай бостанлықта жасап көрсин. Жоқ, жоқ, елге басшы керек. Ойласқандай басшы керек. Қой баслар қошқар керек, жылқыны үйирер айғыр керек. Киши жүздиң ханы-ше? Жоқ, енди Абылқайыр ханға барсақ қазақша сөйлетеди. Орысларға қайтадан бет алсақ, өзи лаплап турған хан алысып, биротала туқымқурт қылады? Бир ақшамда Едилге қарай көшкенде не қылады? Әй, бассыз Маман, баланың ойын ойлайсаң. Бир ақшамда көшкендей елиң бар ма? Көлик қәне, күш қәне? Ең баслысы, бир адамның айтқанына жүретуғын аўызбирлик қәне? Аўызбирлик?!...

Аманлық Маманның бир нәрсе ойлап өз-өзинен ғужырланғанын түсинип, әстен киятыр еди. Оның отырғанын көрип, ойына селтең бермеў ушын төмен қараўы менен тусынан өте берди.

— Аманлық, — деди Маман бирден. — Жаў шапқан күнлери Кеўлимжайлардың не қайыры болды?

— Төгилгенди жалады, таланғанды талады.

Маман басын шайқап, астынғы ернин тиследи де, алдына дүзиўленип отырды... «Халық халықтан батыр» деген гәп қайдан шықты? Бородин айтты ма? Петербургта патша сарайының билгишлери айтты ма? Бул еситилген ўақытта жүдә руўх бериўши гәп еди. Енди-ше? Атқа минерлери бир-бирин мүнжисе жалаң аяқлары жығылғанның басына тепсе, усы елшилик, усы инсанлық па? «Төгилгенин жалайды, таланғанын талайды, бул қаралы халық. Жоқ халықтың аты халық. Халық көп. Гүна Ғайып ханда. Ол бириктире алмады. Қарны соның ғарбыздай емес пе еди? Аўа, ғарбыздай еди. Тек өзи тойғанға мәсирип, журтты жәмлемеди, қайтама өшегистирип қойды. Оны да өзи билип емес, қуўыршақ еди... «Қарақалпақ баласы кимнен кем?» Сонда мынаў он атлы елди қайда апарады? Ҳеш қайда! Бәлким, бир туңғыйыққа. Жоқ, Аманлық усап Кеўлимжайлар да атқа миниўи керек. Сонда төгилгенди жалап, жығылғанды теппейди. «Аўа, аўа..» деди өз-өзинен гүбирленип. Бул ақыл басына қалай киргенин өзи де билмей» қуўанып кетти.

— Аманлық, Кеўлимжайлар нешеў?

Аманлық сораўға түсинбей күлди.

— Елде сондайлар нешеў?

— Бес алты мың бар шығар.

— Олар атқа минсе не қылар еди?

— Ақудайлап қуўанады.

— Жаўға шаба ма?

— Әлбетте, бийим. Астына минген атынан айырылғысы келетуғын адам бола ма? Оларға ат қайда?

— Оларға ат қайда? — деп қайта сорап Маман ўаҳаҳалап күлди. Ярым мезгиллик жол асқанша бир аўыз сөйлемей киятырған атлы жигитлерде жанланыў сезилди. Тақымларын қысып атларын қамшылап, жүўенлерин қағып, зәңгилерин сықырлатып бәри Маманның изине жетип алды, шоғыртпақланып жүрип кетти. Маман жол бойынша не ойланғанын, неге күлгенин оларға айтпады. Аўылға жақынлап ҳәммени үйли-үйлерине тарқатты да, Аманлық пенен Кеўлимжайларға кетти.

Бектемирди қараўыл қойып бәри уйқылап атыр екен.

— Күпә-күндиз бул не уйқы? — деди көзлерин уўқалап манаўсырап турған Кеўлимжайға.

— Қудайдан тасаланып отырғанымыз, — деп Кеўлимжай қолларын тарашлап турып керилди.

— Урлық етесиз бе?

— Басқа не талап болсын, бийимиз?

— Ҳәлсиздиң талабы усы, елимиз де ҳәлсиз болып қалды — деп сөйленип, Маман аттан түсти. — Мә... Бектемир, атты байла. Кеўлимжай, сизлер менен сөйлесейик деп киятырмыз. Ишкериleңлер.

Уйқыдан жаңа оянған балалар бир урлығының изинен келди ме деп қәўипсинип, қорқысып тур еди, жайдарылыққа бәри қуўжыңласып сала берди. Ишкериледи. Қостың иши ҳәр қыйлы кийизлер менен алашаларға толы, бәри төселген еди.

Маман таңланып, босағада иркилди.

— Ел посты десек, сизлер байыпсыз?

— Қудай биреўден алып, екиншиге береди.

— Бунын орнына ат, жарақ тапқанының ызда ел қорғар едиңиз.

Кеўлимжай Аманлыққа қарап «не демекши?» дегендей бир көзин қысты. Аманлық ҳештеңе билмегенсиди.

— Отырың, жигитлер, сырласайық. Атлы болыўдың жолын сөйлесейик.

Үйиўли жатырған кийизлер жылдам-жылдам төселип, ортадағы ошақты айнала ҳәмме моллам-дөгерек отырысты.

## 19

Қыстағы шабыўыл Айғара бий менен Седет керейдиң аўылларын да әнейи қылып кетпеди. Табынлар менен керейлердиң қарақалпақларға болған көзқарасын түсинген Абылқайырдың көп нөкери жол-жөнекей алғанын алды, алмағанын аўдарып-төңкерип кетти. Тек узақ қыслаўлардағы маллары ғана аман қалды. Сонда да олар қаны аралас қарақалпақлардан қол үзбеди. Бар малларын берип жиберип, бираз үзилген беллерге дәрамат болды. Қалай да, бөлингенниң аты бөлинген. Бузылғанларын, сынғанларын, аўдар-төңкер болғанларын жазға шекем дүзетиў менен ҳәлекленди. Базы аўыллар қыслаўларын таслап жайлаўларға көшип, қоныс аўдарып жатты. Өз гүмирашылықларының бәнтлиги посып, ос-ойран болған қоңсылары менен байланысты ўақытша үзиўге себепкер

болды. Әсиресе, мийлерин айландырған нәрсе күн жылытқаннан уры-өтириктиң көбейип кеткени. Бир топар малы әлжиўазлаў падашылар менен бөлинсе болғаны, падашы да қайтпайды, маллар жер жутқандай жоғалады. Жылқыманлар көп шағынатуғын болып кетти. Түнде биреўи көз илиндирсе болғаны, тап қасқыр киби аңлып турған баспашы жоқ жерден жылқыларға шаўып, ишиндеги жүйрик биреўин мине қашады. Оны қуўса жолдаслары иннен шыққан қумырсқадай көбейип, қалған жылқыларын мине-мине қашады. Сол ушын биреў-ярымынан айрылса, ҳеш гәп, дейди де, жылқыманлар алдындағысын дүркиретип айдап, аўылларынан қашықламайтуғын болды. Тонаўшылар кимлер? Бул сораўға шопанлар да, падашылар да, жылқыманлар да бир жуўап береди.

— Қарақалпақлар!

Жуўап Айғара бий менен Седет керейдиң өзлерин инандырмайды. Мүмкин емес!?

Бирақ изи ада болмады. Адамлары шағынып келе берди. Уры қарақалпақ жигитлериниң пәтеңгисине шыдамаған Седет керей, олардың басшысына барып жүз қызартысқаннан көре Айғара бий менен мәсләҳәтлескенди мақул тапты.

Миймандос Айғара бий өзине тән кишипейиллиги менен, алыстан алдынан шығып атын жылаўлады, жас бийдиң шырайынан, қасына ерткен жолдасларының кейиплеринен қандай ашыў-гийне менен киятырғанын уқты. Бирақ, алды менен өзи гәп басламады. Өйтсе, өз аўылының шағымын айтып, жылағанның алдынан өкирип шыққан болады. Олай еткени — еки руўдың даўысын қостырып, қарақалпақларға қарсы ыза отын алыстырғаны. Сонлықтан, түкиригин жутынып Седет керейдиң өзи сөйлеўин күтти. Жас бийде қызбалық жоқ еди, сол ушын ол да бирден гәп басламады, ҳал-жағдай сорасып, қәдимгисинше сөйлесип отыра берди. Ара-тура өз теңлеси Мырзабек пенен дегишип, әлле қандай күлкили сөз табады да, жаңа дөнип киятырған ашыўды булттай тарқатып жибереди.

Гәп Абылқайыр хан үстинен даўам етти.

— Қарақалпақлардан басып алған қара малының өзи жигирма мыңнан артық екен, — деди Айғара бий тамсанып. — Билмедим, бул не қылғаны, — Әндамлы қудамдаллы ел едик.

— Ханымыздың табаны ғыжлаған қоз үстинде-аў, деп шамалайман. Табанлары үлбиреп күйген күни және кимнен жәрдем сорар екен?

Седет керей өзин толқытқан бул сораўды ортаға салып, түлки тери тумағы астынан көринген уйпа-жуйпа өсик шашын сыйпады, қыйық ғана көзлерин, алдындағы қара чай қуйыўлы кеседен алмай ойлы қалды. Айғара бий ол өз ойын айтып отыр екен деген қыял менен жуўап бериўге талапланбады. Мырзабек ақыллы бийлерден сөз үйренгиси келип, еки қулағын олардың әңгимесине берип, тыныш отыр.

От жағар кирип, далада бир жылқыманның қос ат урлап баратырған еки урыны тутып әкелип турғанын хабарлады:

Урылардың кимлер екенин бурыннан билетуғындай-ақ, Айғара бий албырамады. Мийманның тынышын алып гәпти бөлмеў ушын.

— Төледе сақлай турыңлар, — деди.

— Қарақалпақлар ма? — деп салды Седет керейдиң жолдасларынан бири шыдамай?

— Дәл үстинен түстиңиз?

Айғара бийдиң маңлайы жыйырылды.

— Жақында да еки жигитин тутып жибердик. Бийшаралар не ис қылсын? Бул түлки заманның изинен жетиў ушын тазы болып атырған. Жеткерсе бул заман? Жеткермейди, Седет, билесең бе, жеткермейди. Еситиўиме қарағанда, олар барлық аш жалаңаш жетимлерге ерк берип, көрингенди талай бериң деген. Ҳәр ким өзи мингендей ат тапсын деп буйрық берген. Дана Маман бийи буйрық еткен.

— Сонда...

Седет керейге соңын айтқызбай Айғара бий даўам етти.

— Сонда бизиң менен не жумысы бар демекшимисең? Албыраған үйрек алды-артынан сүңгий береди. Не қылсын? Әскер топлайжақ. Елин жыйнайжақ. Хансыз — бассыз қалды. Есенгелди деген жүўернемеги ханын өлтирип, руўын көширип әкеткен. Седет шырағым, келгениң жүдә жақсы болды. Дана Маман бийи жүдә қорланып келген дейди. Ақ патшадан алған жарлығын Абылқайырдың тонаўшыларына алдырып, өзи өлим ҳалында елине қуўысқан дейди. Барып ҳал жағдай да сораса алмадық. Билесең бе, адам албыраса шалшық суў да теңиз болып көрине береди. Киши жүз елин шапқаны ушын оларға қазақ бәле көринеди. Жалаңаяқ жетимлери мынаў табын ямаса керей, әлим ямаса жағалбайлы, ямаса адай екен, тиймейик, ал мынаўсы Абылқайыр хандики екен, бассалайық деп сайбағыслай ма? Аты қазақтың бәри жаў көринип жүрген. Екеўимиз елине барайық, ақылласайық. Озса нөкерлерине он-он бестен ат берейик.

Бул ақ кеўиллилик, көкиреги кең жомартлық отырғанлардың ҳәммесинде әлле қандай аянышлы сезим оятты. Айғара бийге деген жақсы интизамлық пайда етип, ҳәмме өзинше рәҳәт тапты. Жас үлкенлери мақуллап бас шайқады. Седет керейге де намақул түспеди. Көзлери ойнақшып, жаңа тутылған урыларды ҳәзир босатып жибериўди өтингиси келип отырды.

Айғара бий оның ойларын көзлеринен уқты. Урыларды ҳәзир алдына әкелиўди буйырды.

Қоллары артына қайрылып байланған, тамырлары тарамыс-тарамыс еки жигит қосақласыўы менен үйге кирди. Қулақлары атқулақтай табырайған тандыр бас, қысыңқы көзли, жиликлери қап-қара, кир-кир аяқлары маладай алдынғысы он сегиз-жигирма жасларда, екиншиси еле он еки-он үштен аспаған бала. Кишиси шаршаса ҳәм аш болса керек, жас үлкениниң ийнине өсик шашлы басын сүйеп, төмен қарап турыпты.

— Сизлерге не керек еди?

Седет керей жаслық етип Айғара бийден бурын сораў берсе де, жас үлкен бий минлемеди.

— Айтыңлар, не керек еди? — деп ол хошлап қойды.

— Ат керек.

Пикиринен қайтпай бирден жуўап берген жигит қазақ бийлерине унады.

— Атың ким, үлкен уры?

— Атым Кеўлимжай. Биз уры емеспиз, урласақ өз малымызды урлап жүриппиз. Сизлердиң зорлық пенен әкеткенлериңизди қайта урлаймыз.

Бийлер бир-бирине қарасып, көзлери менен пикир алысты.

— Ҳәр қайсысына бир ат миндир, — деди Айғара бий, ергенекке сүйенип турған жылқыманға. — Кеўлимжай, аўылыңа айтып бар, келеси пийшембиге шайыққа сәлемге барамыз. Седет пенен Айғара келеди де.

Күтилмеген ақыбет ҳәммени таңландырды. Өз қулағына өзи исенбей Кеўлимжай кесиртке көрген таўықтың қарасы менен мойнын созып, Айғара бийге бир шекелей қарады, қасындағы жолдасы күнге қараған айғабағар гүлиндей ашылып, жерден Кеўлимжайға күле қарады.

Олар шығарылды.

* * *

Маманның ойлап-ойлап, ақыры, жетимлердиң қосына баслап келгени нәтийжесиз болмады. «Қарақалпақ баласы кимнен кем? Бүлдиргенлердиң үстине барып бүлдириўи керек. Билсин, халықтың халықтан кем емеслигине исенсин!...» Оның бул ызалы, руўх бериўши гәплери ҳәммесинде де белгисиз күш пайда етти. Кеўлимжай бирден қуўанды:

— Руқсат болса ат таўып минемиз, — деди.

Басқалары оның жуўабын тәкирарлап... «аўа, аўа..» деп жабырласты. Жақында ғана олардың өзгелерди таламаўы, урлық етпеўи ҳаққында пикирлесип нәсиятлап кеткен Аманлық та сол сапары өзгерди. Қара пәрең жүзи күлимлеп, Маманның пикирлерин қуўатлаған түр билдирип, ҳәр гәпине бас ийзеди.

Сизлердиң бир нәрсеңиз ушын ҳәм исенемен, ҳәм қуўанаман, — деди Маман жүдә кеўилли кейипте. — Сизлердиң руў-сурыў менен исиңиз жоқ. Руў қыз алысқанда сорасылмаса, керек емес. Ең баслысы, бәримиз аза қалпағын кийген, бабалар әўладымыз, — деди.

Үйлерден үйлерге барып қайыр сорағанда, тамақ ушын қоқтасынлы адамлардың жумысын қылыўға барғанда, қарны тоқлар руўын сорап, билмегенлерининң қулағын бурап, бәрҳама қаға бердиге ушырап жүрген балаларға дана бийдиң гәпи майдай сиңди.

— Дурыс айтасыз, бий аға. Басымызда қалпағымыз жыртылған менен ызасы көкирегимизде қалған, — дести.

Үй-дәскелилердиң көбиси қорасы менен үйи арасында малының тезегин тазалаўдан басқа, ямаса жап бойынан жер қыйтақлап қол серипеден бир-еки тақыя туқым шашыўдан басқаға пәми алыспайтуғынын Маман түсинетуғын еди ҳәм олардың көпшилигине қәдик пенен қарар еди. Ҳеш нәрседен бийғарез, аўылма-аўыл гезип, ақыллы, ақылсыз гәп айтқанлардың аўызларына үңилип жүретуғын бул жетимлердиң терең мәнили жуўабына ырза болды. Көп жасағаннан көп гезгенниң көбирек билетуғынына бурынғысынан да беккемирек исенди. Олар менен бирге отырып қақ гөшлеринен ислетип жеп, елдиң басына дөнип турған қәўипти көбирек түсиндирди. Петербургта, қайтысын жолда көргенлерин мақтады. Орыстың Ломоносов деген бир балықшысының баласы пайыў-пияда неше күн жол жүрип, үлкен қаласына оқыўға келип, атақлы адам болғанын еситкенин, оның, ҳәтте, Сыр бойына

келмекши болғанын да айтып, балалардың аўзынан суў ағызып тамсандырды. Сөзиниң арасында Петербургтағы Петро-Павлов тас қорғаны ҳаққында айтып, ўәдесин орынламағанларды, өз халқына қыянет етиўшилерди аяўсыз жазалаўдың зәрүрли екенин ескертип қойды. Балалар Петро-Павлов қорғаны ҳаққындағы гәпти, демлерин ишине тартып, жүдә қорқынышлы тыңласа да, Маман бийдиң ҳәзирден баслап-ақ, сол Петро-Павлов үлгиси менен Жаңакент әтирапынан ямаса илгериде Бородинлер қамалған үңгирден тас қорған салыў нийети бар ма деген қәўип пенен, бетине жалт-жалт қарасып отырды.

— Қорқынышлы-ә? — деди Маман олардың ойларын түси- нип.

Дана бийдиң жайдары жүзинен сүйсинген балалар «жақсы» я «жаман» деўдиң орнына тек ыржыйысып күлисти. Маман ол ҳаққында қайтып гәп қозғамады. Қозғамаған менен ҳәммесинде әлле қандай қәўипли сезим оянды. Маман сөйлесе, ҳәр сөзин даналық деп түсинип, басларынан реҳимли алақан сыйпап атырғандай, гәсине таңланып, гәсине қозғалысып, тамсанып отырған балаларға ендиги айтылған ҳәр сөз, басларын сыйпап өтип турған қырлы тас кесектей елеследи. Соңынан өз елиниң бир кесегин орынсыз қозғамаўға, узақ аўыллардан, жүдә узақ аўылдан ат урлаўға, ат ушын жүрип, қолайлы олжаға тап болып қолға түсирсе, тапқанларын әменгерсизлерге бөлистириўге, ҳәзирги бар гөшлерин көп балалы аш үйлерге өзлери бүгин-ақ апарып бериўге ықырар етисти.

Маман келеси күни бул ислери жөнинде Мурат шайық пенен кеңесип еди, ол бираз наразылық билдирди. Әсиресе, оны наразы қылған нәрсе ҳәммени урлыққа ийтериўи болды.

— Басқа илаж жоқ, ата, — деди Маман. Бул түлки заманда қасқыр болыўға талапланбасаң, күн жоқ көринеди.

Шайық өз пикиринде қалды, бирақ қарсыласпады. Сөйтип, Маман барлық жаслардың урлық етип ат таўып миниўине руқсат берип жиберди.

Ел хансыз қалып, биротала пытырап кетпеўи ушын шайық пенен Маман кеңесип, сол күни-ақ Хелўет тарқан, Есим бий усаған кәтқуда жас үлкенлерди жыйнап ел аралаўға, кимлер көшкенин, ким қалғанын, кимниң өли-тирисин анықлаўға шықты. Өлген бийлердиң орынларына балалары болса, балаларын, болмаса, аўылы қәлеген адамларды бий қойып шықты. Қоңыраттың көшпей қалған руўлары басында бурынғы бийлери қалды. Урланған

Ырысқул бийдиң орнына улы Төреқулды, Сүйиндик бийдиң орнына иниси Шамураттың абырайын көтерди. Ең үлкен бийи Дәўлетбай бийдиң өлиминен соң басқы тапқан Қытай руўынан да биразлары жоқарыға Сырды жағалап, биразлары Есенгелдилер изинен Хорезм тәрепке көшипти. Деген менен, басым көпшилиги қозғалмапты. Оларға да қоңыратларға қолланған әдисин қолланды. Дәўлетбай бийдиң орнына, Қурбанбай атлы баласы ержеткенше, деп кәтқуда кәйўаны ҳаялы Шәрийпаға пәтия берилди. Кенегеслердиң көшпей қалғанларына Нуралы бийдиң улы Тохтаполат сайланды. Ҳәмме руўлардың табақлысы, бирликлиси «табақлы»лар болып шықты. Өткен урыста тең жарысы жоқ болып, он бес шаңырақ аман қалыпты. Тирилеринен басқа жаққа көшип сепсигени жоқ. Руўдың жас үлкенлери ел бирлигин бузбаймыз, ата шынжырын үзбеймиз деп урыста қаза тапқан Юсип байдың орнына емизиўли улы Маманды бий деп дағазалаўды талап етти. Жалайырдың Есим бийинен басқаларының орны да солай толықтырылды. Ябылардың дерексиз кеткен, бенде болып кеткени де биймәлим Әлий бийиниң зүрияды болмағаны ушын Маман бийдиң тилеги менен Аманлық бий деп дағазаланды.

Өмир ушын тартыслар, әдаўатлар тоқтамады. Бурынғысынан бетерирек даўам етти. Жетимлердиң, жаслардың басқа жақларға бирликли түрде урлық етип турыўы ҳәр руўдың гилең таза бийлерине тапсырылды. Ҳәммесине әдил басшылық етиў Маманның жумысы болып қалды. Ол бәрине де көнди. Базы ақшамларда қасына еки-үш жигит ертип, алыс аўылларға, орта жүз таманларға кетип, жекке-сийрек атлыларды, жолаўшыларды тонаўға қатнасып жүрди.

Деген менен, ойларының иске асыўы жүдә шаққанласпады, ис тосаң бара берди, не илаж, шыдаў керек. Қазақ далаларында булардан басқа да уры-саяқ көп. Тапқанларын өзинен зорларға алдырып, еки бармағын мурнына тығып бос қайтыўшылар да болып турды, тутылып бир мүшесинен айрылып майып болғанлар табылып турды, ара-арасында урлықтан өлгенлер де болып турды. Бирақ, буның менен ҳештеңе тоқтамады. Маман бийдиң «түлки заманда қасқыр болыўға талапланбасаң күн жоқ...» деген гәпи ҳәммесине жоллама жарақ болып, ҳеш ким түлкиниң алдында таўық болғысы келмеди, ҳалының келгенинше қасқыр болыўға урынды.

Сөйтип, үлкен бийреҳим шабыўылдан соңғы пайда болған үнсиз, әдаўатсыз күнлерге тыйым салынды. Аўыллар арасында жанлы шаўқымлар пайда болды, сырттан тыңлағанға биреў менен биреў урысып атырғандай емес, ал ашықтан-ашық жүдә кеўилли кеңесип, бир-бирин хошаметлеп атырғанға усайды...

Түнги шабыўылынан ҳеш нәрсе түсире алмай, бос қайтқанлығы ушын кеўилсиз шаршап киятырған Маманның алдынан Кеўлимжай шықты. Астында шубар ат. Ер-турманы дүзиў. Қасындағы он еки жасар Бөрибайдың да арық ғарры торысы бар. Кеўлимжай мәс. Узақтан шаўқымлады:

— Маман аға, ҳа, Маман аға!

Маманның уйқыдан қалған көзлери шайдай ашылды:

— Оң болсын!

— Әўмийин! Мени әлжуўаз дейди-аў, Маман аға. Әлжуўаз дегенлерге өшегисип, мына осырақ Бөрибайды ерттим. Ырасын айтыў керек, бул баланың аты бөри болған менен жолдасы — ағасы бөрилик етти. Қазақтың ортан қолдай еки жигитин бир өзим аттан аўдарып байладым, мени Алпамыс дең я Қоблан дең. Қәне, Маман аға, өз аўызыңыздан айтшы. Алпамыс... Қоблан, қәне, қәне..

— Алпамыс! — деди Маман кеўилли.

— Әне осырақ, саған айттым, менде Алпамыстың күши бар, — деп Кеўлимжай атын өкиреңлетип барып, ғарры торыда қуяштай күлип отырған баланы қамшы менен түртти. Ол сарғыш тислерин көрсетип қуўанышлы ыржыйғаннан басқа ҳештеңе демеди.

Маман Кеўлимжайдың күлки ушын мақтанып атырғанын түсинип, ишиндегисиниң барлығын ақтарыў ушын атын бурды.

— Айда, Алпамыс, Бектемирдиң таўып әкелген атын көремиз.

— Айда! — деп кеўилли Кеўлимжай жолдасының атын өзиникинен бурын урып, алдына салды. — Маман аға, ырасынан келейин, Айғара бий дәрьядай кең пейилли адам екен. Жигитлерине тутылып едик. Босаттырды ҳәм ат миндирип жиберди...

Гүллән қазақ сондай болғанда ма?!

* * *

Аманлық ябының бир кәлтә аўылына бий, деп дағазаланды. Аманлық бий!... Ҳәм таңланғандай, ҳәм инанбастай ҳәдийсе. Ҳәмме ҳайран. Жақында ғана мойнына дорбасын асынып жүрип, бүгинлиги

атқа минип бийлик дәрежеге жеткенине өзи де инанбайды. Көкирек қуўанышын Ақбийдайға айта алмады, инанбаўы мүмкин. Бәлким, түси шығар! Инанбай ойлы жатыр, аяқларын айқастырып шалқасына жатыр. Ылашықтың дүткешинен ара-тура ағып өтип турған ақ бултқа қарап, баладай шөп шайнап жатыр. Зайыбы оның күндегисинен өзгеше кейпин аңлап я қуўанарын, я қыйналарын билмей мойнын сәл созып қарады, ериниң аўзында шөп, еки езиўинде күлкиниң изи.

— Бегим, бийкештен хабар жоқ па?

Аманлық оған Алмагүл жөнинде де ҳеш нәрсе есине салмаўын ескертип қойған еди, шыдамады. Бийшара не қылсын, сағынған. Ең жақын сырласы еди. Ол «кише» деген сөзди сондай нәзиклик пенен, әлле қандай жумсақ қылып айтқанда, Ақбийдайға «кише» деген сөз «апа» дегендей еситилип, баўыры елжиреп сала берер еди. Аманлықтың жоғында екеўи бир-бирине ес, дүньядағы ең жоқ нәрселер ҳаққында әрман етисип, қумырыдай жуғырласып, сөйлесер еди, шаш жуўысып, бир-бириниң шашын өрер еди, бир-бирине айна болар еди. Сол бийкеш жоқ. Оның үстине Ақбийдайдың кеўли жаралы. Жаралы болғанда ҳеш қашан ҳеш ким ем таппас жара... Сорлы усыларды еслеп қанша қысынады, қанша демигеди, жүреги зәрдеге толып, аўлағында өзине-өзи пышақ салып, я асылып өлгиси келеди, эттең жаны татлы ма, ямаса Аманлықтың шын муҳаббетин қыймай ма, сирә өле алмайды. «Пал ушын уў-зәҳәр... күлки ушын көз жас жаратқан... Гүлин сүйген адам тиккеннен безбейди». Аманлықтың усы гәплерин қайта-қайта тәкирарлап, гүбирленип, өзин-өзи жубатса да, кеўли бәрҳа кеңесгөй излейди, қәне, сол кеңесгөй? Бийкеши жас еди, жас та болса ақыллылығына қарап «қудайым кемпирди қыз кебине салған ба? деп ишинен таңланатуғын еди. Қәне, сарсықлы демлеринде бийкеши болып, жүрек зәрдесин сығысса, ириңин ағызса... Ойлана-ойлана, бармағын тислей-тислей, жүрегинде қанша ириң топланды, қанша мәдде жатыр. Тек билдирмейди. Бунысы әбден жанын жеп, күннен-күнге шөп болып азды. Аманлық оның азып баратырғанын көрип жүрсе де, илажсыз. Зейнине тиймеўге тырысады. Жатса тур демейди, турса отыр демейди. Ақшамы менен басына қолын дастық қылып оның көзлеринен аққан жас шығанағын жуўып жатса да «жылама, шабазым» деўдиң орнына, екинши қолы оның жипек шашларын сыйпалайды...

Ҳаялының берген сораўы Аманлықтың тәнҳа ўақты хошлығын тыйды. Жалмап атырған шөбин түпирип, тикейип отырды.

— Хабар жоқ, шабазым, — деди.

Өз жүрегиниң жарасын ғана емес, Алмагүлди де еске салмаў жөнинде ерине ўәде қылған келиншек ериниң өңи өзгергенин көрип, қалт-қалт ете қалды. Өзин сәл гүналы сезсе, дир-дир ететуғын бул ҳаялға Аманлық не қылсын, тек «пай, шабазым, пай»дер еди. Бул сапары оның дирилдегенине мәни бермеди. Асықпай отырып Ғайыптан бахыт қусы қонып бий болғанын айтты.

— Бий?! — Ақбийдайдың езиўинен күлки изи көринсе де, еки көзинен пырт-пырт жас сорғалады. — Қутлы болсын, бегим.

Бийлик жетискенине кеўли алып-ушса да, изине ерген жалғыз сиңлисиниң усы бахытты көрип, бирге қуўана алмағаны ушын ишине шеребе қуйылғандай ашыды. Алмагүл қайта-қайта көз алдына келеди. Лекин, бунысын сыртқа шығармайды. Онда Ақбийдай қыйналып қалады — Әззи жан!... Далаға шыққысы келмей, қудайдың көзи — қуяшқа қарағысы келмей, кешке шекем ийне жутқан аш ийттей буратылды да жатты. Бул үнсиз жатыс Ақбийдайға жақсы тәсир етпеди. Оны ой басты. Бирақ кеўлинде не гүптикей пайда болып, не нәрселер ойлап атырғанын сораўға батына алмай, жатар алдында, өз болжаўын ортаға салды.

— Бегим, мениң атамның мынадай гәпи бар еди: Жигиттиң жамбаслар көпшиги, арқа сүйер дийўалы, атқа салар ери — қатыны болады. Жигиттиң атын шығаратуғын да, жигитти қор қылатуғын да қатыны. Қатын жигиттиң өмирлик жолдасы ғана емес, мақтанатуғын асқар таўы. Асқар таўдың басында муз жатса жаман. Қай ўақ-бир ўақ ерийди, етегин сел қылады. Сениң асқар таўыңның басында пайда болған муз бар, алдын алыўды өтинемен, бегим. Бахтың ашылсын, алла ыразы болса, мен ыразы, басыңа дәўран келипти, бир қыз ала ғой, бегим.

Ақбийдайдың көзлеринен жас шықпады, бирақ, еринлериниң қаны тартылып, қардай болып кетти. Еске алса жүрек қытықлап, шеке тамырға бизин қадайтуғын ҳәдийсе және еске алынған менен Аманлыққа ең әўелги еситкениндей тәсир етпеди. Ҳаялы сөйлеген гезде өзин қалай тутып, қалай тыныш тыңлаған болса, изинде солай ғана жүдә суўық қанлылық пенен сөйлеп тамамлады:

— Неге еки айтқызасаң, шабазым? Жаман күнлерди умытайық демедим бе? Сарсылма, қамықпа. Өмирдиң гәрдишине ишимнен көнгенмен.

Бул сөйлесиклер сол күни олардың екеўин еки төсекке айырмады. Қәдимгисинше бир төсекте жатты, қәдимгисинше бир-

бирине билеклерин дастық қылысып, шаш сыйпасты. Бир арқанның еки талындай есилисти...

Азанда да күндегисинше өмир ғалма-ғалы даўам етти... Жетимлерге, атсызларға тапсырма берилип, ҳәр ким өзине ат табыў машқаласына түскенде, ҳәмме бийлердиң шаққаны, сол иске белсене қызыққаны Аманлық болды.

Өткен ақшамдағы атланысында Бектемирди атлы қылғанына мәс. Аманлық Ақбийдайдың жамбасына шығанақлап, терлеп-тепшип чай ишип отырғанда, даладан Маман даўыслады.

— Аманлық бий, бармысаң?

— Барман, аға.

Ол терин сыпырмастан қояндай атлығып сыртқа шықты.

— Таярлық көриңлер, қонақ күтесиз.

— Кимлерди? Билдирерсиз бе, аға?

— Шайық атамлар менен ойласып-ойласып сизикине түсириўди мақул көрдик. Пийшембиге Айғара бийлер келеди.

Ақ жаўлығын бүркенген Ақбийдай есиктен суўырылып шығып, Маман бийге мирәт қылды:

— Уллы бий, аттан түсиңиз, суўсын ишиңиз.

Маманның Ақбийдайды көрмегенине көп ўақытлар болған еди, оның азғын шырайын көрип, «сен зулым жигит екенсең ғой» дегендей Аманлыққа түксийип бир қарады да, Ақбийдайға бурылды. Алмагүлди сорағысы келип өзин иркти.

— Суўсын алып шыға ғой. Ақбийдай ылашыққа сүңгип кирип, бир зерен шалап алып шықты.

## 20

Алмагүл есине келгенде Абулғазы хан әлле қашан шығып кеткен еди. Болған ўақыяға енди ғана түсинип, бирден өкирип жиберди. Түнек ылай дийўалдың ләрзем алыўына сәл қалды, егер оның даўысы, қатынек суўпы қарайтуғын көздей тесиктен шығып турмағанда күшли өксиктен ылай дийўалдың пақсалары унырап сөтилетуғыны да сөзсиз еди.

Қатынек суўпының пәлледей аўзы ашылып, ишек-силеси қатып, тым-тырыс күлип тур. Оның ишектей жиңишке бармақларын бириктирип турған қақпаш алақаны жаздырылып кетсе, Алмагүлдиң өксигин тыйыў имканияты бар. Соған да батына алмай, сук бармағы менен, қан-жини тазаланған қарындай

мыржым-тыржым бетин сызып, бас шайқап қойды, терлеп-тепшип күледи. Қыялына, күлкиси — мынаў меңиреў қаралы диййуалдың сүтини сыяқлы. Алмагүл көз жасқа күлкиден сүтин барлығын билмеди. Қатынектиң демин жутып шықылықлап турғанын да көрмеди. Жылай берди. Қара шашларын жайып, еки бетин тырнап жылады, түргелиўге шамасы келмей, басын пәр дастыққа қайта-қайта көтерип-таслап жылады, мушы менен маңлайына урып-урып жылады, усы күнге тап қылған Бухара саўдагерине нәлет айтып жылады. Қудайдың атын айтып, налынып жылады, нашар болып жаратылғанына жылады, бәрине жылады, тынбай жылады...

Қатынек суўпы кейин бәсип, асханаға кире сала, тайын таўық сорпадан сары ала ағаш зеренге қуйып әкелди.

— Ханымша, сорпа ишиңиз, жазыласыз.

Еле солығы басылмаған қыз:

— Әкет, кет! — деп бақырды. Қатынек суўпы зеренди бас ушына қойды:

— Мейли, уялсаң жалғыз отырып ише ғой.

Алмагүл зеренди бир шетинен услап, шығып баратырған қатынектиң изинен шыңғытты. Зерен қапыға былш етти. Қатынек суўпы узын бөз көйлегиниң етегин айналдырып көтерип, ғырра изине айналды.

— Өйбей, өйбей! Хан еситпегей, адам еситпегей. Сени аяйын, тилиме ғана баспайын!... — Қатынек суўпы усылайынша шинк-шиңк сөйленип, гүбирленип қақ бөлинген зеренниң сынықларын жыйнап етегине салды. Паласқа еле сиңбей гилкилдеп атырған сорпаны көрип дүстөменине жатты:

— Өйбей, ханымша, сен қурыдың... — деп тили менен паласты бир жалады... — мен қурыдым, — деп тағы жалады. — Екеўимиз де қурыдық, кел сен де жала... — деп еңбеклеп жүрип, сорпа шашыраған жер болса бәрин жалап шықты. Алмагүл оған қарамады, қараса, тоңқайып палас жалаған қатынектиң ҳәрекетлерине күлер ме еди, әлле-қәйтер еди. Қатынек пышықтай секирип ҳәмме жерди минтаздай етип, сорпа көбирек сиңген жерлерин еринбей сорыды.

– Әне, ханға өзиң де айтпа...

Қыз оның сөзлерин еситпеди. Тек еки көзине күши жетип, үш күн тамақ ишпеди. Бирақ, бул өжетлик узаққа созылмады. Қатынек суўпы гижиң-гижиң мийин айландырды.

— Күл, қуўан, ханымша, ханға биринши мәртебе етегин аштырған қызға дозақ оты ҳарам.

Ол ҳәр күни ҳәккедей шықылықлап келип, усы гәпин мың қайталаған шығар. Қыз инанды ма, аз ғана кеўлин басып тынышланды. Тамақ ишти.

Ҳәптеден соң бағқа шығарылды. Жақты дүньяға жаңа шыққандай енди бир кең нәпес алды. Күнде бир ағаштың саясында отырып жән-жаққа көз жиберип, тың тыңлайды. Базда хан сарайындағылар өлип қалғандай тым-тырыс, базда ийттиң кетегиндей улы-шуў. Түсинбейди. Оның сыртынан бақлап жүрген қатынек суўпы аспаннан түскендей қәпелимде пайда болып, гәпке айландырды:

— Бүгин шаўқым жоғына ҳайранбысаң? Ҳайран бола ғой, хан жоқ. Хан жоқта усындай ғана ғаўырлы болады...

Көкирегине пайда болған жумбақларды тез түсинип жуўап бере бергени ушын ба, қатынек суўпыға үйренисти, бирақ, ҳеш сөйлемейди. Ишқысталық аздырды. Сабағынан үзилген гүлдей солый баслады.

Кәйўаны канизлердиң бири сыртынан бақлап жүрген еди, суўпының алыста жүргенин билип қасына келди. Тәжирийбесиз нәрестениң запырандай шырайын көрип тез-тез ақылландырды.

— Ой, сорлы сиңлим, бүйтип ойланып, бүйтип азып, ҳәлексең. Мен бул ханның әкесиниң ўақтында келгенмен. Қатынның зарын қудай еситкенде, бул сарайға жасыл түсирер еди. Оннан да, ҳәзлигиңе қаш та жүре бер. Сулыў екенсең, ханға қәдирлисең. Етиңниң қызғыны барда ханның ояқ-буяғына шығып, өзиңниң келе болыўыңды гөзле. Өйтпесең не илаж? Қудай әзелден тәғдириңди усылай жаратқан. Денеңниң қызғыны қашса, бул күнлерге де зар боласаң.

Бул кеңес жас, бос жүректиң және де қатайыўына жәрдем етти, тәўбеге келди. Жайына киргеннен кейин «не илаж? Қуда тәғдириңди усылай жаратқан...» деп өзине-өзи ҳай берди, басылды.

Хан келсе, оған жараныўдың жолын изледи. Бирақ, қалай жараныўды ҳәм хан қәйткенде унататуғынын билмейди, тек болғаны — хан келсе, аспаннан үзилип түскен гүлдей алдына жығылып, жадыраўға тырысып, ақ гүл ғумшасындай тислерин көрсетеди. Ханға бул унаса керек, қара жүнли жарғақ тислегендей өсик муртлары астынан қызыл-көгис еринлерн түрилип, «Майдабийке, кейпиң жақсы ма?» деп келеди. Алмагүл әўелги күнгисин умытып, Майдабийке, басқа канизектиң аты шығар деп пәмледи. Ханның кеўилли гезинде «Ханымыз, мен

Майдабийке емеспен, Алмагүлмен» деди. Хан селк-селк күлди: «Сен Майдабийкесең. Қарақалпақлар жасаған жерлерде алма гүли болмайды демедим бе? Умытқаның — халқыңа ҳүрметиң, умытпасаң, өз халқыңды масқара қылғаның».

Ханның ең биринши талабы келе сала басына еки көпшик қойып, пәр төсекте шалқасына жатады да, арыстай узын аяқларын Алмагүлге қарай созады. Бул «аяғымды қыс» дегени. Алмагүлде ерк жоқ. Ири жүнлес балтырларды алма гезек көтерип уўқалайды. Ханға бул жағады. Соң он еки мүшесиниң ҳәммесин уўқалаўды буйырады. Балықтай жас нәрестениң ҳәлсиз бармақлары оған қандай ҳәз беретуғыны нәмәлим, бирақ, оның алдында мисли өликтей жатып, пышықтай «пыр-пыр» уйқылайды. Оянса, оның келте ғана бурымларынан өзине тартып, «қойсаңыз да, реҳим етиңиз де...» дегенине қарамай, дастыққа жығады.

Кем-кем ханның қызығыўшылығы кемиди, келиўди сийреклетти. Әстен-әстен көнлигип киятырған қызды, бул таңландырды. «Не болғаны екен?»

Бағқа шыққанында өткен сапардағы кәйўаны канизди көрди. Ҳал-жағдай сорасты. Қыз ырасын айтты.

— Олай болса және бир бийшара әкелинген, — деди каниз.

— Енди мени не қылады?

— Жақсы көре ме еле? Шарық берген жоқ па?

— Келгени — жақсы көргени шығар, шарық берген жоқ.

— Олай болса ғамыңды же, сиңлим, мен әкесинен алданғанман. Бул да әкесине тартқан. Неге алдандың де. Мени биреўге сарқыт деп бережақ еди, балалық етип, «бармайман, сизди көрип жүремен» дермен бе. «Мейли», деп қалдырды. Ықласыма көре, соннан бир айда бир көринсе болмай ма, басымды тырнай-тырнай қала бердим. Көргеним-билгеним пахта, шарық болып қалды. Егер бул ханның кеўлине жақсылық кирип, «сени биреўге беремен» десе, «өзиң бил» де. Ханның қатыны болып иш қысталықта жүргеннен, бир жалаңаш пайыңа тийсе, малханада жатқаның абзал, сиңлим.

Канизек дурысын айтты ма, я күндеслик етип жаманлық қылмақшы ма? Алмагүл ойласарға басқа адам таппады, бирақ, үлкен ойға шүмип жүрди.

Хан бир келгенинде тәўекел ескертти де:

— Ханымыз, мен сизди сийрек көрсем сағынаман.

Хан, даўысы қарлыққан ийттей, ларс-ларс күлди.

— Еркек сағынсаң биреўге берейин.

Алмагүл канизектиң кеңесин есседи, бирақ «яқшы» деп те, «жоқ» деп те айталмады.

— Сен бир жүни жатық, жыллы пышық едиң, ара-тура қойныма алып турарман. Сол ушын реҳим етемен, — деп хан оны бурынғысынша шешиндирип денесин уўқалатты. — Я кеткиң келе ме? Онда бизиң бир ат сейис бар. Сениң менен бир уялас қаннан, қарақалпақ. Соған берейин бе?

Қыздың ишинде әлле қандай үмит ушқыны жылт еткендей болды.

— Ханымыз, «пыш» десеңиз де, дәнханаға қуўсаңыз да өзиңиз билиң.

Хан басқа сүйгиликлеринен бундай сөз еситпегени ушын ба, я бурыннан еситилип жүрсе де, ақыллы, нәзик қызды көзи қыймағанынан ба, және дастыққа жығып:

— Ҳәзирше бола бересең, — деди.

Алмагүлдиң ишин жылытқан ыссы лепке суўық суў бүркилип, тек сыңсыды.

Сол күни кеткенинен хан қайтып айналмады. Бир ай да еки ай да өтти. Қызды зерикти деп ойлаған қатынек суўпы:

— Күлип жүр, ханымша, хан ел жаўлаўға кетти, — деди. «Ел жаўлаўға» деп қыз ишинен гүрсинди:

— Ели аз ба?

Қатынек суўпы «ой, ладан ханымша, ой, ладан ханымша» деп шиңк-шиңк сөйленип, алдына думаланып ойнады. Төбесинен асырылып тоңқалақ асты. Бөз ыштанының балағын түрип, бас жиби шешилген бузаўдай, жайдың ишинде жуўырып ойнады. Алмагүл буған түсинбеди, бирақ, ишек-силеси қатып күлди. Оның биринши күлиўи еди. Сол ушын ба, енди қатынек суўпы киргенде, бурынғыдай жорғалап келмейди, басынан тоңқалақ асып, самал айдаған қаңбақтай думаланып киреди, ҳәр сапары бир ҳөнер менен киретуғын болды. Базда тусаўлы ешектей секирип киреди, базда бир аяғын мойнына асынып ҳәкке болып келеди. Қулласы, Алмагүлди күлдириўге урынады. Бара-бара бул көринислер қызда күлки туўдырмай қалды. Аўлағында, хан айтқан ат сейис қарақалпақты излеп көриўди ойлады, таныс канизектен сорап көрип еди, ол ондай сейис ҳаққында еситпепти.

— Мен де өзиңдей бир қазықты айланған тусаўлы байталман, — деди ол.

Алмагүлдиң иши-баўырын өртейтуғын үлкен ҳәдийсе басланды. Бул туўысқан әжағасы менен жеңгесиниң көз алдынан кетпеўи. Әўелги күнлери оларды көп ойлап, көп жылар еди, түсине енсе, ақшамы менен зарланып, азанда қабағы исип шығады. Жекке бастың қайғысы базда-базда оларды умыттырады да, бирақ, хансыз еркин күнлер Аманлық пенен Ақбийдайды ҳәр деминде көз алдынан шығармады. Қапы ашылып кетсе, әжағасы кирип киятырғандай, есикке жалт бурылса үйреншикли қатынек суўпының жымыңлап турысы.. Жүрегине чай тартқандай мурнын жыйырды.

Келгели неше күн, неше бәҳәр көрди, есаптан жаңылысты. Гүлге малынған алма ағашына сүйенип отырып зарлы ыңылдады:

«Тозаңлы көшеңе көз жасым серпип,
Қара шашым сипсең қылай, әжаға.
Ҳаслы нашар демей излесең мени,
Қас жаўыңа қалқан болай, әжаға...

Бағды мәканлаған барлық қус әўлады қыздың айналасына ушып келип, зарлы үнге қосылып өз тилинде «әжаға» деп сайрады. Бүлбил менен жарыса сары шымшықлар, қарлығашлар сайрады. Зар епкинине, алма гүллери ушып түсип жатты. Қарсы алдындағы шақаға қонған әлле қандай бир шымшық, оның дыққатын бөлип, орнынан тикейтти. Бундай шымшықлар Түркстанда тек бәҳәрде ғана пайда болар еди. Хан бағында бундай шымшықты еле көрмегенликтен, таңланды. Қайдан келген шымшық? Шақадан шақаға ушып-қонып жүрипти. Тап усы ғана сары шымшықтың ябы аўылының қубласындағы жетим еменге қонақлап, шақалардан шақаларға тап ҳәзиргидей секирип жүргенин талай мәртебе көрген. Усламақшы болды, сары шымшық пырр етип ушып ушқы шақаға қонды.

Усындай айралықта қустың қанатына сәлемнама жазып жибергенлер ҳаққында ертеклерден еситкени бар еди. Түркстаннан сәлемнама әкелди ме екен деп дәмеленди. Шымшық ҳақыйқатында дәмелендирди. Өзинше «шық-шық» сайрады.

— Түсинбеймен, жаным, жақын келип сайра, — деди Алмагүл жалбарынып.

Сары шымшық оны түсингендей шақалардан шақаларға атлап, төмен түсе баслады. Қыз еки қолын көксине қойып егитиле жалбарынып:

— Меннен Түркстан елине сәлемнама жеткер, жаным әжағама, кишеме сәлем де. Шайқымызға сәлем де. Әжағамның арқа сүйери Маман бийге сәлем де...

Сары шымшық әлле нәрседен үркип, пырр етип ушып кетти. Алмагүлдиң еле айтажақлары көп еди, және келетуғын шығар деп күтти. Сары шымшық қайтып оралмады, ушқан жағына қарап күте-күте көзлери талды. Мойын омыртқасы сал болып, орнынан әстен ғана тикейди. Диййал-хәремниң үстинен сары асқабақтай сары қураш көринди. Оның жанлы адам басында екенин ямаса ағашқа кийдирилген қарақшы екенин аңламай қыз қарап қалды.

— Ханымша, даўысыңнан билдим, қарақалпақсаң ғой, — деди қураш астынан адам даўысы. Қыз басқа биреўдиң көрип қойыўынан қорқып жән-жағына бир қарап алды да:

— Сиз кимсиз? — деди.

— Мен де қарақалпақпан.

— Қәриңиз-ше?

— Ханның ат сейисимен.

— Толық неге көринбейсиз?

— Мен сени жарықтан көрип турман. Жассаң. Сулыўсаң. Көргиң келсе жақынла, бойым жетпейди.

Алмагүл және жән-жағына қаранып, қурашқа жақынлады. Көзлери күлдей нурсыз, бетиниң алмасы асқабақтың пәлегиндей тыржыйған, сақалы, мурты ақ жағал сейисти шалалаў көрди. Ғарры сейистиң иркилип сөйлеспей, неге қаймығып баратырғанына ҳайран болып артына бурылса, қатынек суўпы киятыр екен.

— Ханымша, болар енди, бүгин хан келеди, — деди де, ол қолынан сүйреп әкетти.

Алмагүлдиң кеўлинде қуўаныш пайда болған сыяқланды. Неден? Өзи де түсинбейди. Бәлким, өз елиниң сары шымшығын көрип, оннан сәлемнама жибергени ушын шығар, бәлким, ғарры сейисти көргени ушын шығар, бәлким, «хан келеди» деген хабардан шығар. Деген менен, қуўаныш...

## 21

«...Бир дәрьяны жағалап қонған еки ел бир тонның еки жағасы. Тең қаўсырылып, тең илинбесе, ондай тон қызғынсыз. Қызғынсыз тон пайдасыз. Бир дәрьядан суў ишкенлердиң, бир табақтан ас ишкен бир атаның улларындай, бир-бирине меҳрийбанлықтан басқа сумлығы болмаўы тийис...»

Қазақтың атақлы бийлери менен қарақалпақ бийлериниң арасындағы жыллы-жыллы әңгиме усы тақлетте болды. Бириниң барымына бири барып, ауызбирликли тарқасты.

Оларды Аманлықтикине түсириўдиң сыры — себеп пенен Айғара бийге күйеў баласының иргесин көрсетиў еди. Сүйикли бийлер бул келисинде адай руўының да бир ақ кеўил бийин ертип шығыпты. Қазақ байларына, бийлерине тән минезде бопса етип, алыстан бадабат салмай-ақ келди, қонақ ийелериниң бары-жоғын минлемей жайдары қайтты. Қарақалпақ бийлериниң нөкер таярлаў жөниндеги пикирлерине жүдә ғана дослық пикир қосысты.

— Дурыс. Бул заманда киси қорқытқандай мушың болсын, — деп Айғара бий және үш ат инам етип еди, Седет керей менен Адай бийи де қалыспады. Жуп-жуптан жылқы беретуғын болып кетти. Усы күннен баслап ҳәммеге тәртип берилди.

— Абайлы болыңлар, аты қазақ болса жаў емес! Табын, Керей, Адай аўыллары таманда жылаған бала көрсең, көз жасын тилиң менен жалап кептир, мөңиреген малын көрсең, от апарып салыўға еринбе.

Буның менен әўелги тәртип босаңласпады, баслаған кәсиплерин тоқтатпады. Топ-топ болып елден бир неше күнлик алысларға кетип бурынғысынша жолаўшы талады. Ат жыйнады, күш жыйнады, нәренжанлары өткен-кеткенге қол жайып, кеўип кеткен нан жыйнады, қулласы, ели ушын, өзлери ушып артық-аспай өмир жыйнады.

Күн-күннен күш көбейди. Отызлаған ат жыйналды. Енди бир өңкей жигитлер сайланып атқа миндирилди. Маманның өз басшылығында ата билмес алысларға шабыўыл жасалып турылды...

Олар, мине, нәўбеттеги шабыўылдан қайтты. Кең далада думан-думан шаң уйтқытып, еки салтаң ат жетелеп, бес-алты қарамал айдап, онлағаны алдыларына қой өңгерип кеўилли қайтып киятыр. Асығып киятыр.

Көз ушында қос атлы көринди.

— Олжа! — деп бақырды бири. Маман алақанын маңлайына тутып сығаланды.

— Көзиңиз илди ме? Атларының жүги бар. Қашалмайды. Аманлық бий, шап!

Салтаң киятырған Аманлық пенен үш атлы бөлинип шықты. Маманлар тобын бузбай алға қарай жүре берди. Намәлим қос атлы таманнан мылтық даўысы гүрп етти. Кең даланың үсти гүңиренип

кетти. Маман гилт тоқтап, Аманлыққа ерген үш жигиттиң бири аты менен омақазан атып жығылғанын көрди.

— Басың! — деди жигитлерине. Жигитлер өңгерген қойларын жерге атып-атып урып, мылтық атқан қос атлыға гүў ҳүжимге өтти. Оқ жетер жерде жүрислерин босаңлатып, қазан ошақтай қаўсырыла, таба тутты. Жанлар қыл үстинде, ҳәммениң қәдиги күшейди, мылтық аўзы қалай, кимге қаратылғанына ҳәмме тең қарап, сығаланып киятыр. Бир мылтықтың аўзы Маманның өкпе тусына қаратылған. Ол албырамай еки қолын сермеп «алға» деп баслап баратыр. Жолаўшылардың екеўи де тең атыўға қолайласып, мылтықларын дәл гөзлеп турыпты. Жақынлатып атажақ. Бир ўақытта биреўи тислене бадабат салды:

— Тоқтаңлар! Ким енди бир атласа өледи!

Қарақалпақша араласқан орысша даўысты Маман шалалаў еситти. Сорады:

— Бородин ағамысаң?

— Маман?!!

— Жигитлер, аттан түсиңлер! — деп Маман атынан ғарғып түсип, Кузьма Бородинге қарай жуўырды. Қушақласты. Күтилмеген әжайып ушырасыў болды. Қопа сақаллы Кузьма Бородин Маманның кең жаўырнына дүрс-дүрс урып тур.

— Жигит болғансаң, сүйегиң қатқан, қасқыр! Ҳақыйқаттан да, қасқыр деппен, жол болсын?

— Түлки қуўып жүрмиз, Бородин аға.

— Жарайды, жарайды. Өйтпесең, түлкиниң қуйрығы узын, жеткермейди, — деп, аты менен омақазан атып жығылған жеринде жата-жата үстиниң шаңып қағып киятырған жигитке бурылып күле шырайланды. — Сум екен. Жаўын тынған соң турып киятыр. Мен тек атын аттым.

Жигитлер күлисти.

— Қәне, Маман бий, аўылыңа басла. Бизиң ат шаршаған, жүгин жеңиллетсеңиз жақсы болар еди.

Маман аттан жығылған жигитке өли атының ер-турманын жайдақтың биреўине салыўды буйырып, өзи Кузьма Бородинниң атының жүгин түсирмекши болды. Қозғалта алмады. Кузьма Бородин күлди.

— Аўыр ма?

— Не өзи, аға?

— Сизлерге сыйлық.

Еки кийизге орап артылған бул жүк — мылтық, оқ дәри еди. Көлемине, салмағына қарап Маман шамалап билди.

— Ҳақысынан бинай өмирде қутыла алармыз ба екен?

— Қалыс. Баспүкил. Көз жаслардың төгилиўине себепкер болса да, сизлер ушын әкелдим. Елиңиз бүлинди, посты деп еситтим, иним.

Маман қуўанғанынан Кузьма Бородиниин аяғына жығылып етигинен сүймекши еди, ол Маманның желкесинен услап тикейтти:

— Қой, жарамаслық етпе, иним. Табанымды сүйдирейин деген нийетим жоқ, дослық кеўлимди билдириўге әкелдим. Мылтықларды жигитлериңе үлестир.

Жигитлердиң көпшилиги мылтық даўысын еситсе де, услап көрмеген. Бар мылтыққа таласып, қолы жеткенлер әўеле маңлайына тийгизди, соң, бирден мәртлик көрсеткиси келгендей аспанды гөзлесип көристи.

— Маман, — деп Кузьма Бородин қасындағы жолдасын ийек нусқады. — Танысыңлар, мениң улым Владимир. Темирши уста!

— Ассаламалейкум! Дәл өзиң, Бородин аға!

Владимирдиң аппақ тислери жылтырап, қызғыш жүзи қуяштай күлимлеп, Маманға қолын созды. Маман изине ерген жигитлериниң арасында тек өз алақанының үлкенлеўине ишинен мақтаныш тутатуғын еди, Владимир менен қол қысысқанда, ишки мақтаныш бирден-ақ өзгерип, оның менен көкирек тиресип қатты қушақласты.

Маманның жолдаслары — басшысының ҳәрекетин тәкирарлап Владимир менен бирим-бирим қушақласты.

Енди Маман ҳәрекетин шаққанластырып, жолда шаршаған Бородинлерди қула дүзде иркип телезите бермеў ушын бес жигитине олжа малларды айдап изден келе бериўди ескертти де, тикке аўылға жол баслады.

Кузьма Бородинди елдиң соңғы жаңалықлары қызықсындырып Маманға жол-жөнекей сораўлар берди.

Маман, тап өз әкесине шағынғандай егитилип, өзи Петербургқа халқы атынан кеткенде, елиниң қалай тарқап, қайларға посқанын, урыс баслар алдында Абылқайыр ханның сумлық пенен ең әўеле Қоңыраттың атақлы бийи Ырысқул бийди бенде қылып урлатқанын, нағыз ғажжа-ғаж урыс гезинде бираз бийлерди бийдәрек бенде қылып әкеткенин, ҳәзир олардың қайерде, қандай ҳалатта екенин билмейтуғынын, талай сапар түнлерде шабыўылға

барып бенделерди излеген менен, устағанлы жуўмақ шығара алмағанын сөйлеп, қамсығып киятыр.

Кузьма Бородин Маманды бөлмей тыңлап, елиниң, өзиниң басынан кеширген аўыр мүсийбетлери ушын аяса да, аўыр өтмишти еслеп өзиниң диңкесин қурта бермеўин ескертти. Изине ерген жигитлерди айнымас мәртликке шынықтырыў ушын оларға өтмишти емес, келешекти әңгиме қылыўды, елине, өзлерине тек жақсылық келтириўдиң жолларын айтыўды әрман етиўге үйретиўди мәсләҳәт етти.

Оның Санкт-Петербургқа барып патша менен, канцлер Бестюжев пенен әңгимелескенлерин мақуллады. Усы ўақытқа дейин Петербургтан жәрдем жетпей атырғанының себеби түрклер менен урыстың бел үзди қылып турғанынан деп жубатты.

— Мениң жәрдемимди уллы орыс мәмлекетиниң жәрдеми деп түсин, иним. Ал бийдәрек бенделер жөнинде ғам жеме, орыслардан жәрдем келгенин еситсе, сум Абылқайыр ханның өзи қайтарады, — деди, соңында.

Халқы алдында орыс патшасын мақтап-мақтап, қуўанарлық жәрдеми болмағанына жигиттиң ийни түсип, ишинен қурып жүр еди. Кузьма Бородинниң гәпи белине белбеў буўғандай болды.

Усы күни кештен-ақ аўыллардан аўылларға атлылар шабысып:

«Орыс патшасынан жәрдем келди... Кузьма Бородин келди... темирши уста келди, илим келди!...» деп даўрық салды.

Кең қарақалпақ даласында қулақтан-қулаққа өтти. Оған қарсы Кузьма Бородинниң өзин көрип танығанлардың арасынан: «Баяғы қолда бенде болған Бородин орыс алдаўлықта ҳәммени қырып кетиўге келипти» деген өлпең жел де ести. Күн өткен сайын күшли даўыс өлпең желди басып, қорқыныштың думанларын тарқатыўға қарады.

Бородинлер әтияждан тери көрик-әм әкелген екен, ертеңине-ақ Владимир оны қурыўға орын сорап, қасына онлаған жәрдемши алып ис баслады.

Буны көргенлер Маманның орыс патшасына барып жәрдем алып қайтқанының ыраслығына тақыйық исениўге қарады.

Елге ең керекли бел, кетпен, балта, орақ соғатуғын, ат нәллейтуғын, ҳәтте жаў-жарақ, шойыннан пытыра қуятуғын темирши орыс устаның хабарын еситкенлер, аўылынан алыс-жуўығына, атлы-пиядалығына қарамай устаны көриўге, Маманға нөкер болыўға тилек билдирип, келе баслады.

Қулағына хабар тийиуден Айғара бий-әм қуры қалмады, өзине тәбия жигитлерден бир топарын атландырып, Мырзабекти басшы қылып жиберипти. Мырзабек душпанына алыстан дойыр руўдың ҳақыйқый шебери екен, ол мылтық жетпегенлерге дойыр бериўди, бирақ ҳәр бир дойырдың ушына қорғасын қуйып бериўди өтинди, Владимир бул исти де демде меңгерип қолға алды.

Бул жағдайлар Кузьма Бородинди күтә шад қылса да, узақ қалыўға жағдайы көтермейтуғынын, киши улы Петрди ағаш усталығына шәкиртликке апарыў мүддети жақынлағанын, оның үстине кетерде ҳаялы аўырып қалғанын айтып, Владимирди елде қалдырып өзиниң қайтыўына руқсат сорады.

Владимирдиң қалыўы ада болмас қуўаныш, ҳәтте елде бир адам емес, пүткил бир орыс елаты сыяқлы, өзлерин күшли сезип, Маманлар өз ара ойласық қурды да, орыс аўыллары, адамлары менен туўысқанласыў ушын кең пейилли Кузьма Бородинге бала қылып, жетим Бөрибайды қосып қайтарыўға келисти. Шаққан Бөрибай бул айбатлы, ақыллы орыс адамына бала болыўдан жанын аямайтуғынын айтып қуўана-қуўана оның менен жолға раўана болды.

Кузьма Бородинди Бөрибай менен узатыў салтанаты Маманларды Петербургқа узатыў салтанатынан кем болмады, пүткил ел дерлик шықты, ҳәтте Мурат шайық та аўылдан қаракөримге шекем Кузьма Бородинниң атын жылаўлап узатты.

Маман өзинен илгериги әскербасылар, руўбасылар ҳаққында көп еситкени ушын, өз жигитлериниң минез-қулықларын жақсы билетуғын болғаны ушын, изине ерген нөкерлерди қалайынша бирликли тутыў жөнинде көп бас қатыратуғын еди. Ал бурын Кузьма Бородиннен еситкени бойынша, орыс әскербасыларының усылларын да қолланығысы келеди. Бирақ, үйлестириў қыйынлаў, сол ушын көпти көрген Кузьма Бородиннен бир кеңес алып қалғанды мақул көрип, Мурат шайық шаршаған гезде орнына Кузьма Бородинниң атын жетелеп, кеўлиндегисин сорады.

— Жигитлерди келешек ҳаққында, жақсы келешек ҳаққында ойлайтуғын етип тәрбиялаў керек, — деди Кузьма Бородин. — Ҳәр нөкерге «ерлик не менен питиўажа болады?» деген сораў қойып, «ерлик ел ғамын ойлаў менен, ертеңги жақсылықты қорғаў менен питиўажа балады» деген жуўап алыўға ерис, «урыста нөкердиң дастығы я мушы, я дүмпек жер емес дастығы — душпаны» екенин, «дастықсыз нөкер — ер емес» екенин уқтыр. Әлбетте, буған жетиўдиң жолларын өзиң табатуғыныңа исенемен.

— Бородин аға, уллы патша Елизавета Петровна ҳаққында нендей пикирлериңиз бар?

— Уллы патшаға баҳа бериў, биздей адамларға қыйын. Бирақ, оның буйрықларына, ислерине қарағанда ақыллы! Сөйтсе де, уллы Россияның шын улларын, шын жанашырларын бәрҳа түсине бермесе керек, ҳәтте, жаманлық та етеди. Бул жағы өкинишли.

Маман ишинен қыйналды, сөйлемеди. Ал, аўылға қайтып келиўден-ақ, Мырзабек пенен бирге жигитлерин әскерий машқыға үйретиўди қолға алды. Бундай етип урысқа таярланыўдың ақыбети неге шөгеди. Кимге жақпай, кимниң қытығына тийип оятады, оған жуўап излеген киси жоқ, бирақ Маманға ериўшилер күн санап көбейе берди.

Нөкерлер де күшлерине исенип өз ара шад. Бирин бири көрсе қуўжыңласып, күлисип, кимниң мылтықты қалай ататуғыны, атта қалай отырып найзаны қалай уратуғыны, кимниң қайқурлым алыстан дойыр силтеп, дәл тийгизетуғыны бас әңгиме болып қалды.

Олар жөнинде ел иши дуў-дуў гәп. Аўыл араларын тозаңғытып шабысқан өз атлыларын, бирин бири қуўып жуўырысқан топ-топ пияда нөкерлерди көрсе, өз ара таңлай қағып мақтанысады:

— Әне, бул ис!

— Әне, уллы орыс патшалығынан келген илим, күш!

## 22

Адамға ең аўыр мусаллат тең қурбыдан айрылыў. Өзинен соңғы жас әўлад пенен енисиў оғада аўыр, сонлықтан жасаў базбаяғы қыйынласады.

Ел басына түскен мүсийбет Мурат шайықты көп қатарқурбысынан, қәдир-билислеринен айырғалы әбден жүйкеси қурып, базда бирли-ярым ғаррылар менен ушырасса, жаслардың еситип қалыўынан қорқып, ақ сәллели басын шайқай-шайқай былай гүрсинетуғын еди:

— Кисиге бул дүньяның қызығы тең-қурбылары менен екен, көп ўақытлар болды, мени о дүньядағы досларым шақырып турған секилли.

Ақыллы дин ҳәзиретке ақыл берип нәсиятлаў қыйын, сол ушын оған ҳеш ким ҳештеңе дей алмас еди.

Қарақалпақлардың басына түскен қайғылы ҳәсиретти еситип, елдиң кешеги тутқыны Кузьма Бородинниң өш алыў орнына

жәрдемге келиўи, темирши уста улын елге қалдырып кетиўи, шайықты биротала өзгертти, үстиндеги ең аўыр гөне кийимин шешип таслағандай болып жеңил сезди.

— Әзизлерим, — дейтуғын болды аўылласларына, — Неге екенине көзим жетпей тур, бирақ, кең пейилли орыс халқына сүйиспеншилигим артып баратыр, Маманның даналығына исенимим және де күшейди.

Ғарры шайық Владимирди күтә өзимсинип бир гәпинде «әзизим Бектемир уста» деп еди, журттың бәри ушын ол «әзиз Бектемир уста» болды да қалды. Владимир қатаң қарыўлы, наятый мийнеткеш жигит екен, күнниң шығыўынан батыўына шекем устаханада төс темирге «шық-шық», «жаң-жаң» урылған балға даўысы сембейди.

Устахана пүткил елдиң зыяратханасына айналды. Журт уста көрмей жабығып қалған екен. «Әзизим Бектемиржан, маған анаў керек... Әзизим Бектемиржан, маған мынаны соғып бер», деп келиўшилердиң, исин питкертип «рахмет, әзизим» деп кетиўшилердиң изи үзилмейди.

Мурат шайық азанғы ҳалқасын асығысише сала, туўры устаханаға келеди. Соннан кешке дейин устаға, жәрдемши көрик басыўшылар менен көмиршилерине «ҳәй бәрекелла, әзиз балларым», «ҳәй бәрекелла, әзиз азаматларым» деп отырысы-отырыс. Күнниң суўығында да, ыссысында да қара терге шомылып, сыпырыныўға пурсат таппайтуғын уста Владимирдиң қара көмир аралас маңлай терлерин, жуўан билеклерин басындағы ақ жипек сәллесин шешип сыпырады.

— Әзизим Бектемир, кәсибиңнен камал тап, улым, — деди. Кеште үйине баратырып, босқа ойнап жүрген балаларды көрсе, «ертең устаханаға келиңлер, орыс баласынан ис үйрениңлер» деп кетеди.

Соннан ертеңине устаханаға келген жаслардың басларынан бирим-бирим сыйпалайды.

— Балаларым, көп жәбир шеккен аз-санлы елимниң ертеңлери, — дейди аталық меҳир менен кеўли елжиреп. — Мине, көрип турсызлар, елде орыс уста пайда болды да, ел дүзелиўге қарады. «Усталы ел дүзелер» демектиң мәниси де усы. Мен билген әлемде орыслар усталыққа, ҳәр қыйлы өнер-кәсипке шебер халық, олар урыс ҳөнерин де жақсы биледи. Ким елин сүйсе, орыслардан үйренсин, бирақ жалықпай парасат пенен үйрениў керек. Ҳөнери

менен бирге орыслардың турақлылығын, шыдамлылығын, әпиўайылығын бойыңызға сиңдириўге тырысыңызлар!

— Шайық ата, — деди жас жигитлерден бири. — Орыслар турақлы болса, бизлерге неге көбирек жәрдем жибермейди?

— Мине, мынаў да үлкен жәрдем, балам, — деп шайық қыпқызыл төс темирге балға урып атырған Владимирди ийеги менен көрсетеди. — Ал, патшасының болса, түрклердиң бийреҳим басқыншы султанына қарсы саўаш пенен басы қатып атыр.

— Ой, нәлетий жаўыз, Түрк султаны!

Көп урыстан зәребелери үйрилген жаслардың көзлери уяларынан атлыға жазласа да, шайықтың салмақлы, парасатлы гәплеринен кейин Владимирге бурынғыдан да бетерирек меҳир менен қарасады, ислерине зейин салысады.

Владимир сирә шаршамайтуғын секилли. Ертеңине де кешегиден көбирек ислейди. Бундай ўақытта шайық кеўил қуўанышын жасыра алмай, пүтин турпаты менен келип: «Әзизим Бектемир, балам, қарақалпақтың қәлеген қызына ийек ат, әперемен» дейди. Бул гәпке устаханадағылардың ҳәммеси күлисип «ойланба, қарақалпаққа күйеў бала бол, уста» дейди. Владимирдиң қара тер сорғалап турған қызыл еринлери арасынан қашаўдай ири тислери жалтырап көринип: «Аз ғана ис көрсетейин, соннан соң қыз излеймен» деп күлимсирейди.

Нөкерликке басын тиккен жигитлердиң күши менен Қуўандәрьяның бойына егилген егинлердиң де зүрәәти мол болып, журттың қолы узарыўға қарады...

Жаралардың орны питип, кемислер толысып, жаслардың ойын-заўығына руқсат етилди. Бурынлары жасырын, бир-биринен қыпсаланып жүретуғын жаслар енди еркин ойнады, еркин қосық айтты, еркин күлисти. Ақшамына қарай бас жиби шешилген баспақтай шапқыласқан балалар көшелерди толтырады.

Бул қуўаныштың ақыбети қайырлы болмады.

Бәҳәрде Мурат шайық устаны үйине қондырыўға апарған күни, ақшам Владимир ушты-күйди жоқ болып шықты. Елдиң үстине және бир қайғы булты пайда болды. Нөкерлер менен аўыл айналасында машқыда жүрген Маманларға хабар жетип, жән-жаққа атлан-шап атлылар кетти. Маманлар кешке таман Владимирди урлап қашқан қос қара атлыны тутып, екеўин бир шылбырға қосақлап сүйреп келди, оның пайдасы не, изинен қуўғыншы көрингеннен-ақ қарақшылар Владимирди буўып өлтирипти. Олар буннан үш

жылдай илгери жалайыр аўылының малын қуўып баратырғанда елиниң ойлы-бәлентин көриўге атланған, Маманларға жолыққан қара атлылар — еки геллекесер гәззап екен. Владимирдиң өлими ушын оларды кимниң қалай урыўына ерк берилди. Ким қулағын кести, ким тилин кести, ким көзлерин ойды, ким етинен ет кесип, бүўынларын балталады, геллекесерлер ийегинен жан шыққанша барлық азапларға шыдады, бирақ кимниң тапсырмасы екенин айтпастан өлип кетти.

Мурат шайық үйине қондырған орыс устасының түнде нәмәлим жоқ болғанынан баслап, қайта-қайта гүрсиниў менен өз маңлайына өзи қос қоллап урады. Бирақ оның менен, сеңдей соқлығысып, көп күн аранға қамалған танадай туўласқан адамлардың оған гүманы кемимеди. Сол ушын ба, ямаса басқа себеби бар ма, бәҳәрдиң бир азанғы шымыры самалы менен:

— Мурат шайық өз көзлерин өзи ийне менен шаншып ағызыпты, — деген суўық хабар аўыздан-аўызға өтти.

Буған ел таңланды. Шайық не ушын солай ислеген? Сырын адам бендеге айтпады. Ҳәтте, ол өз улы Хелўетке, Маман бийге де ҳештеңе билдирмеди. Маман бий ашыўланды. Изли-изинен оңбаған ҳәрекетлерди ойлап лебизин шая берген Абылқайыр ханға сыртынан тисленди, ашыўланды. Ҳәтте, ашыў менен Абылқайыр ханның бийғам ләшкерлериниң бир шетинен тиймекши болып жигитлерге шақырық та қылды. Бирақ, ҳасасы менен жер шуқлаған Мурат шайық пайда болды, әйле-пәйлеге қарамады. Жигитлерге қарата бар даўысы менен сөйледи:

— Өз көз жасымыз тыйылмай жүрип басқаның көз жасын төгиў инсанлықтан ба, ерлик пе, әзизлерим? Не деп шабасыз? Киши жүздиң бизге, бизиң киши жүзге қарсы атланыс жасаўымызға саңлақ жоқ. Лебиз шыққан аўыздан жан шығады. Орысларға биз доспыз дедик пе, дедик, олар доспыз деди ме — деди. Енди қазақлар менен сағасы бир, қуяр теңизи бир Сырдәрьямыз, билсе, түбексиз Абылқайыр хан кийген тонның еки жағасымыз. Және көниңлер, нәмәртлик бизден болмасын, дослық бәржай болсын.

Бул гәп жигитлерге иреў салды. Маман ойланып-ойланып, ғарры шайықтың кеңесине көниўге мәжбүр болды. Бирақ, бурынғысынан қаталланды, аўылма-аўыл ат қойып, қырағылықты күшейтти.

Ел тәғдири — суўы гә тасып, гә тартылған Сырдәрьяның ылайлы ағысына мегзейди. Қарыўлы темиршиниң төсине түсип салмақлы балғаға тап болған суўық темирдей, ерксиз қызып, суўық суўға

тасланғандай биресе ўажылдады, биресе балға күшине шыдамай ушқынланып унырап кетти. Ыссы суўық пенен, суўық ыссы менен көз аштырмай, алмасқан турағы жоқ түсиниксиз заман болды...

Жазға қарай қайғылар және умытылып, елге және қуўаныш араласты. Өткен урыстағы бийдәреклердиң бәри Абылқайыр ханның әскерлерине бенде болып түскен екен. Тирилерин лөк қайтартыпты. Солай етип, жаз ҳақыйқат жаз болды, аспаннан қуяш жадырады, ханнан күтилмеген бостанлық келди. Тартылған аяқлар созылды, тири ғайыплар ел арасын апақ-шапақ етти. Ең ҳайран қаларлығы — Ырысқул бий тири келди.

Ырысқул бийдиң шырайы гүзги жапырақтай сарғайып, еки бетиниң алмасы сөги төгилген шанаштай мыржымланған, азған. Бирақ кеўил сарайы баяғысынша. Сағы сынбапты.

— Ханның бир жалпылдағы келип «орысларға дос болғаныңыз ушын ханымыз босатың деп пәрман берди» деди. Адам исене ме? Мениңше, Абылқайыр хан жарылқап босатпаған, әлле қандай күштен қорққан, — деди ол қалай босатқанын сорағанларға. Елге Бородин келгеннен соңғы жаңалықларды еситкенде:

— Қарақалпақтың дастықсыз өлмеўине ант еткен нөкерине дастық бериўден қорққан екен ғой, — деген жуўмақ шығарды.

Ешейинде кем сөйлейтуғын бий сөйлемшек болып кетипти. Басына тийип-қайтып денесин жуўлатқан әжел қылышлары ҳаққында көп гәп қылды: Юсип байдың тойынан келген күни ақшам аўыл аралаўға жалғыз шыққанында, көлеңкедей еки адам бирден пайда болып, аўзын басып гүбирлетиўи менен қапқа салады. Оннан соңғы өткерген күнлериниң бәри тил жетпес қайғылы. Қапқа пышық салып қосып сабатқан.

Талай дойырдың пәти менен теректей сулаған... Сондағы ханның бийге қойған талабы: ябы руўына шабыўыл жасатыў, кенегеслерди талатыў, қытайларға Есенгелдисин бий етиўге талапланыў...

— Соннан хан не өндирмекши дейсиз бе? Көп нәрсе өндирмекши екен. Өзимизди өзимизге талатып, шүйик болған гезимизде мойнымыздан қысып-қысып ылақтырып, кеўлине не келсе, әўладымызға соны қылдырмақшы екен. Түсиндим. «Жаўда да бир үйиң болсын» деген. Хан хызметинде табынның бир жигити бар екен, хан аўылына апарылған ақшамы басыма қараўыл болып, ханның бузық нийетин сол сыбырлады, — деп Ырысқул бий ҳақ кеўилли ҳақыйқый дос қазақ жигитлерин күтә мақтаныш

етип сөйледи. Тамақ бериў қадаған етилгенде қалтасына пискен гөш салып келген базы бир хан қараўылларын еслеп, оларға «алла рәҳмети жаўсын» деп қояды. Табын жигити бир сапары қашырмақшы болғанда, оннан соңғы басына түсетуғын мүшкилди көз алдына келтирип, қашпай қалғанын айтқанда, тыңлаўшылардың биразы таңланды:

— Қашыў керек еди, — дести.

— Биреўге күлки, екиншиге — көз жас. Өзим күлип кетип оның көз жасына қалғым келмеди, — деди Ырысқул бий.

Тири келген бийлер аманлықтағы өз орынларын алды. Әлий бийдиң бийлиги өзине қайтарылып, Аманлық нөкерликте қалды. Ырысқул бий орнына жалғыз улы Төреқулдың бий болғанын еситкенде иши ғым етип «изинде бар оңалар деген усымекен» деп қуўанып турды да, улының жарымеслигин еслеп, «соры қайнаған мөмин халық, ағашқа бағын десең, бағына береди» деп, астынғы ернин тиследи. Бунысын ҳеш кимге уқтырмаўға тырысып, астынғы жуқа ернин жалаған болып, кетик тислери менен бир қамтыды. Ҳәр истиң изине бағыўды ойлап, ҳештеңе демеди де. Бирақ, елге келгендеги белин бүккен ҳәдийселерге қосымша Мурат шайықтың өз көзин өзи шаншып шығарғаны ҳаққындағы хабар аўыр ойлантты. «Сонша қатал саўашларда бели бүгилместен, пүткил елдиң туўы болып алда жүрген адам не ушын усындай әззилик етти? Не мүддәҳәси бар екен? Алжыған ба? Терис қайтып сатқынлық етпекши болды ма екен? Тәсил менен устаны мийман қылып, servicios ислер исин ислеткеннен кейин арты ашылып қалыўынан қорққан ба? Өз гүнасына өзи ҳаўлыққан ба? Ел дүмпиўине шыдамай өзин-өзи жазалағаны ма? Мүмкин, солай шығар. Ақыры, ашыў үстиндеги халық тутып алып әйле-пәйлесине қаратпай көзин ойса тәәжип пе? Бизиң халық өзгеге илаж ете алмаған менен бир-бирин жазалаўға тепериш. Қарақалпақтың минезин шайықтан жақсы билетуғын адам жоқ. Әлбетте, солай...»

Ырысқул бий соңғы пикиринде тоқтап қалды. Мурат шайықтың ҳалын сораўға бармады. Бир күни далаға шығып турғанда, ҳеш қандай дәбдебесиз, есигиниң алдында аттан түскен шайықты көрди. Ат қосшысы Сейдулла дәў баяғысынша изинен жүриўдиң орнына алдында, қамшысының бир .ушынан услап жетелеп киятыр. Киршиксиз ақ басына бәрҳа сулыў оралатуғын сәллеси кирлепти, бир шекесине аўыпты. Шайықты көрсе, узақтан сәлемлесетуғын ғарры бий тура берди. Ҳүкимдарын хабарландырыў мақсетинде Сейдулла дәў биринши сәлем берди. Ырысқул бий қабыл етип,

шайық пенен қол алысты. Сонша ўақыт көрмегенине шайық қамсықса да, Ырысқул бийдиң мириўбети бурынғыдай болмады. Үй ийесиниң даўыс толқынына қарап, «ишкерилең, хош келдиңиз» деген сөзлериниң кери мәнисин ҳәр бир ақыллы адам аңлағандай еди. Шайық ҳештеңеге мәни бермеди. Қаптал бетке төселген ақ кийиздиң үстине саққа жүгинди. Аманлық-есенлик сорасты. Ырысқул бий бул сапары өзин әбден қысты. Жадырамады. Көп сөйлемеди. Шайықтың көзлери көрмесе де, Ырысқул бийдиң азғын шырайын, бүгинги миймандослығын, жүреги менен көрип отыр. Бирақ минлемеди. Ақыры, шыдамады.

— Әзизим, Ырысқул бий, — деди алдындағы чай кесесин қармаланып отырып: — Өзгергенсең. Мен де өзгердим. Мине, кесени табалмай отырман.

— Жанықаслық қылсаңыз керек, шайқымыз.

— Келгениң жақсы болды, әзизим. Болмаса, ишимде әпкетежақ гәпим бар еди. Айтайын саған. Мениң өмир жолым өзиңе аян. Бар ақылымды, бар күшимди, матам қалпағын кийип «қарақалпақ» аталған елди ел қылыў ушын жумсадым. Бул дүнья ашшы айранға толы бир ширик мес екен, бир жағын питесең, екинши жағы тесиледи. Жақты дүнья бәрҳама шебекейине қарады маған. Ең соңында үйимдеги әзиз мийманым, сүйикли орыс уста Владимир урланды. Ҳақ едим, халыққа тирилей масқара болдым. Илаж қанша? Дүнья қылапқа, бир-биреўге қаслыққа зор екен. Түсиндим. Сөйтип ҳарамылыққа, урлық-ғарлыққа толы бул жақты дүньяны талақ еттим. Көрмейин, күймейин дедим, әзизим, Сейдулла болса маған пысық. Сен де азыўы мүжилген ғарры арыслансаң. «Мурат шайық бул дүньядан солай-солай ўаз кешип, талақ етипти» десе, бизден соңғы жаслар инанып, қыйынлықтан қорқып жасаўдан ўаз кешип жүрер, түңилип жүрер. Бул жақты дүньяның ләззети менен захметин ҳәр ким өзи көзи менен көрсин. Сол ушын усы гәп усы жерде қалсын, әзизлерим.

Ырысқул бий өзиниң Мурат шайыққа қылған өкпе-гийнесине, гүманына пәнт жеп, астынғы ернин қатты тиследи, мүжилген тислердиң не күши болсын, шанашы шыққан астынғы ернинде аралары еки ели еки тистиң батқан изи қалды...

Қонып, азанда, қәдимгисинше дегишпе менен қайтқан Мурат шайықтың, кеш болғанда, қудыққа жығылып өлгени ҳаққында хабар келди...

— Ўақ, жалғаншы дүнья! Жақсы болып жүрсең де, жақсы ат пенен өлиў жоқ екен, — деп сарсылды... Ырысқул бий.

* * *

Аманлық бийликтен босағанын Ақбийдайға айта алмай исинип жар салыўға сәл қалып отыр.

Ақбийдай оның ашыўын байқап, қылпылдап хызмет қылып жүр еди, шыдамады. «Жаў қолына түсип наҳақлық еткеним қайтадан ядына түсип отыр ма?» деген қыял менен, даладан бир қақ жаңғыл әкелип оның қапталына қойды, жаўырынын ашты.

— Ур, бегим, ашыўың тарқасын. Мениң де гүнам жеңилленсин!

Аманлық қақ жыңғылды услап, урыўға қолайласып турды да қайырып бырш еткизип сындырып, отқа таслады.

— Бегим, билесең бе, усы үйдиң қуяшы сенсең. Жүзиңди бултқа бастырсаң өз үйиң қараңғыланады...

Аманлық жуўап орнына суўық демин алып гүрсинип, бир қапталына қыйсайып, ҳаялына дастық әпер деместен, панасыз күнлериндеги әдети менен алақанын дастанып жатты.

Ақбийдай ериниң неге қапа болғанын ертеңине, үйине келген кемпирлердиң сыпсың гәплеринен еситти. Енди ғана бир уўытын таўып ерине тәселле берди.

— Гүрсинбе, бегим. Мениң көкемниң бир нәсияты бар еди. Адам бүгин өзиниң қай зәңгиде турғанын билгиси келсе, кешеги зәңгисиз күнин көз алдына келтириўи керек...

— Бегим, қудай көпсинбесин, перзент көрежақсаң.

Аманлық қуўанғанынан сөз таппай, ҳаялын баўырына қатты-қатты қысып, маңлайынан, еки бетиниң алмасынан шорп-шорп сүйди...

Таң алдында, «Мурат шайық өзин қудыққа таслап өлипти» деген хабарды еситип, екеўи бирден, төсегинен жылан шыққандай, секирди. Босағасын атламай-ақ, Ақбийдай сыңсып, Аманлық «ўайўайлап» жылаўы менен, шайықтың үйине қарай жуўырысты. Шайықтың өлимине жыламаған мақлуқ қалмағандай уў-шуў.

Ҳәр ким ҳәр жақтан бир көлге қуйған булақтай үзликсиз ағып киятыр.

Есиктиң алдында келиге отырған Маманның еки қолы маңлайына тиреўли. Солқ-солқ жылап отыр. Оның ҳеш қашан, бүйтип жылағанын көрмеген Аманлықтың кеўли бузылды. Ақбийдай да жылады. Олардың сеслери улы-шуў қум-қуўыт сеслерге шүмип кетти...

## 23

Алмагүлдиң қуўанышы бир майданлық қуўаныш екен. Ханның өзин көргенде, қасқыр көрген қозыдай, қатынек суўпының қолтығына тығылды. Пайдасы не? Хан ларсылдап, қатынек суўпы шықылықлап күлди.

— Наз, наз! Сениң басқалардан усы назың артық, — деп, хан жабадай қолларын созып, Алмагүлди өзине тартып, қатынек суўпының қулағына сырт еткизип шертти. Жалаң пут қатынек суўпы төбесинен бир шөңкерилип түсип, жас ханның ишек-силесин қатырып, шығып кетти.

Шаршап келген бе, ямаса күле берип диңкеси қурыған ба, хан ҳалдан кетип қара суў болып терлеп, өликтей созылып жатты.

— Қәне, аяқ-қолымды қыс.

Алмагүл қәддин тиклеп отырды.

– Ҳәмме жеримди уўқала.

Хан тилеги бәржай етилип атыр...

Хан сәскеде түргелип кетти. Түни менен көзи илинбеген қыз енди мызғып алажақ болып, дастыққа бас қойғаны сол, қатынек суўпы жаңа шарық, бир жумақ пахта менен кирди.

— Мине, ханымша, саған әдейи соғылған. Ийиресең.

Қыздың жүреги суў етти. «Әне, енди бизиң де көрген-билгенимиз пахта, шарық болайын дегени» ...Ойы ырас шықты. Хан ҳәптесине я айына бир келсе келеди, келмесе оның хабарын алатуғын адам жоқ. Есигин қатынек суўпыдан басқа жел ашып, жел жаппайды. Талабы кешке шекем пилте басыў, ярым қараңғы төрт дийўалға қысылып, шарқ ийириў, зарланыў, гүрсиниў... болды.

Бул аңсатқа түспеди. Иши дүткешке айланып, ҳеш жерге сыймайды. Ели, әжағасы, кишеси көз алдында турғаны... Базда-базда қатынек суўпының руқсаты менен бағқа шыға қойса, еки көзи жаўтаңлап ат сейистиң сәлле асқабақтай курашын излеп, дийўал таманға тигиле қарайды. Ол да батқан күндей. Жоқ, жоқ... Дийўалдың жарығын сыбап жиберипти. Үстинде олай-булай шапқыласқан пышықлар жүреди, топ-топ болып жуғырласқан шымшықлар отырады. Палапанларын ерткен шымшықлар оның жүйкесин қуртты. Елине сәлем тапсырған шымшығына усас шымшықлар ушып жүреди... «Көрмейин, күймейин, сары шымшық елиме сәлем әкетти деген исенимим жақсы» деп, соң бағқа шыққанды да тоқтатты.

Усылайынша төрт бәҳәрди ысырып салды. Кәмалатқа жетти. Енди ғана ўақты-хошлық қылатуғын еркек күседи. Бирақ бәри қасақанасына. Ханның мәўсиминде бир көрингени болмаса, келиўди биротала тоқтатқан есабы. Бети ун сыпырадай қатынек суўпыдан басқа еркек әўлады көринбейди.

Көзлери тынып, шарыққа маңлайын тиреп, аўыр ой үстинде отырған Алмагүлдиң қатынек суўпының «Майдабийке» деген даўысы шоршындырып жиберди. Дәрриў жумысына киристи.

— Тоқта, Майдабийке, сен азат болажақсаң.

Алмагүл өз қулағына исенбей, суўпының аяғына жығылды.

— Қайтадан айтыңыз, ата.

— Азат болажақсаң.

— Сатты ма? Сарқыт қылды ма?

— Ол жағын билмедим. Қәне түргел, изиме ер.

Олар дизилисип бағдың екинши жағындағы бир есиктен кирди. Бетине жаўлығын түсирип, аўзын алақаны менен басып турған қыз көз астынан қарап үш адам көрди. Бири Алмагүлди тақыядай ләген толы теңгеге сатып алып қалған ўәзир. Сондағы қуўыршақтай кийими. Өзгертпепти. Екиншиси теңиз көзли, сары қаслы, сары шашлы, қырқ бес жаслардың шамасындағы орыс адамы. Кәрўан басы. Үшиншиси сол орыс адам тақлетте кийинген қара көзли, қара шашлы, қара қаслы он алты-он жетиниң шамасындағы жас жигит — орыс саўдагериниң дилмашы Бөрибай Қарақалпақов — Түркстаннан Кузьма Бородин ертип кеткен Бөрибай еди.

Бөрибай күтә зейинли бала шықты, Бородинлердиң үйинде тез күнде-ақ орыс тилин билип алды, орысша жазыўды да үйренди.

Кузьма Бородинниң аяқлары аўырып жатқанында ҳәм кәсиплес бир досты кәрўан тартып шығыс еллерине кетермен болғанын айтып келгенинде, оған Бөрибайды таныстырып, дилмаш қылып әкетиўин өтинди. Саўдагерге бул оғада қолай түсти. Сөйтип, жас бала қандай жағдайда да өз халқының атын умытпаўы ушын оған, «Қарақалпақов» деген лақап берди.

— Балам Бөрибай, — деди Кузьма Бородин оны узатарда туўысқан әке кейпи менен. — Биз орыс адамлары, ҳәр бир жас перзент халқына бәрқулла керекли азамат болып өсиўди ойлаўы тийис, деп есаплаймыз. Бул ушын ең әўели жүдә көп-көп ел-журт көрип, өз ана журтыңды басқа еллер менен салыстырыў дәрежесине жетиўиң керек. Сонда ғана елиң қай шоққыда я қай шуқырда

турғанына көзиң жетеди, сен көп еллерде боласаң. Ҳиндстан, Афған еллерин көрип дана Маман бийге ақыллы жәрдемши болып қайтасаң.

Бөрибайға қос канат питкендей қуўанып, саўдагерге ерди...

Мине, енди ол Хийўада... Ол өзиниң кәрўан басысы менен орыс тилинде кеңесип алып қызға бурылды:

— Атың ким?

— Майдабийке, — деди әстен, ҳәм жыламсырады.

— Жылама, Майдабийке. Елге қайтыўды қәлейсең бе?

— Қәлеймен, ҳәзир кетемен. Усы қалада бир атсейис қарақалпақ бар қусайды.

Бөрибай Қарақалпақов ҳәр сөзин өзиниң кәрўан басысына түсиндириўи керек еди. Қыздың жаўабын түсиндиргенде «хо, хо, молодец, живая» деп қояды кәрўан басы.

— Әне, Майдабийке, хожайыным сени мақтап атыр. Шаққан, тирише қыз екен деп атыр, — деди. Соңынан қысқа сөзлер менен өзине таныстырды.

Булардың әңгимеси ўәзирге биресе жақпай, биресе кәрўан басыға, биресе Бөрибай Қарақалпақовқа қарап алып, нәзерин қызда тоқтатты:

— Ханымша, уятты бил, көп сөйлеме.

Алмагүлдиң таңлайы тилине тығылып, көзлеринен сорғалаған жас еки бетиниң алмасын жуўған қәддинде, ағаш болып сәррийди. Бөрибай Қарақалпақовтың ендиги сораўларына, жаўлығының мушын тислеп турып, «аўа», «жоқ» дегеннен басқа жартыўлы жуўабы болмады.

— Ким менен қайтады? — деди кәрўан басы Бөрибай Қарақалпақов

— Жаңа өзи айтқан сейисти шақырып сөйлесип көрсек қәйтеди?

Кәрўан басы ўәзирден сейисти алдырыўды соранды. Өз пикирине, дәстүрине, тутқан жолына беккем ўәзир орыс кәрўан басының өтинишине қарсылық етпеди. Сейиске шақыртыўшы жиберип:

— Ханымша кете берсин, — деди.

Әне, енди елиңе қайтасаң, қызым, — деп орыс саўдагери орнынан тикейип Алмагүлдиң басынан сыйпалады. — Жүдә шаққан екенсең. Мениң де сендей қызым бар. Аты Марья. Сен де Марья. Бөрибай, Марьяға айт, бул азатлық орыс патшасы менен қарақалпақтың бас бийи Маман бий арасындағы сөйлесиктиң ақыбети. Маман бийге

сәлем айтып барсын. Патшаның өзи, ләшкери келмеген менен патшасының лебизин орыс адамлары орынлайды, жүрген жеринде орынлайды екен деп барсын.

«Маман бий» деген ат аталғанда Алмагүлдиң қулағы ербеңлеп, сол аттың қайта-қайта айтыла бериўин аңсап, аўзы ашылып турды. Бөрибай Қарақалпақовтың түсиндиргенинен кейин қыздың тула бәдени босасып орыс саўдагериниң аяғына жығылды:

— Мәңгилик, ол дүньялық қызым дең, орыс ата. Бөрибай сиз, айтың, Маман бий саў-саламат келген бе? Мениң әжағамды билесиз бе?

Қыздың не ҳаққында айтып атырғанын түсинбесе де, аяғына жығылғанын аяп, орыс саўдагери қыздың бурымынан сыйпалап жоқары көтерди.

— Кете бер, қызым.

Бөрибай қыздың сораўларына қысқа-қысқа жуўап берип, буннан үш жыл илгериги аманлық хабарды айтты. Қыз аўзына тислеген жаўлық түсип, бети толық ашылды. Ол азғын еди, сонда да, жайдың ишинде он төрт күнлик ай туўғандай болды. Ўәзир, усы ўақытқа шекем қызды оңлап көрмегендей, түпиригин жутып, қылғынды. Бундай жағдайдың изи жақсылыққа шөкпейтуғынын билген Бөрибай Қарақалпақов қызды асықтырды:

— Қапаланба, шығып тура ғой! Ҳәзир сейиске тапсырамыз. Биз Ҳинд елине баратырмыз. Қайтысын жолығамыз. Гүзден кешиксек кете берерсиз.

* * *

Алмагүлдиң көзине бир рет көрине сала қарасын батырған сары шөгирмели адам Қудияр сейис еди. Сейис деген лақабы усы хан сарайында берилген, бурын тек Қудияр жылқыман дер еди.

Қудияр жылқыман Алмагүлдиң әкеси Дәнияр жылқыманның туўысқан иниси. Екеўиниң арасында еки жас ғана парық бар, болмаса екеўи бир түслес, егиздиң сыңарындай усас адамлар еди. Егер, ҳәзир Аманлықты Қудияр менен қатар отырғызып, бири улы, бири әкеси десе, ҳеш ким таңланбайды. Қудияр да узын, арық, қара киси. Бирақ, сақал-шашы жағал ешкиниң жүниндей, ағы басым, узын кир мойны қуўрайдай тозып, тамырлары ийретилип турыпты, жабадай алақанлары бираз киширейейин деген. Ол үйленбеген еди. Сырдәрьяның жоқарысында ағайинли екеўи маңғыт руўының

бир байының жылқысын бағар еди. Екеўи тапқанын жәмлеп, еплеп-сеплеп байға жалынып, жас үлкен Дәниярды маңғытлардың бир қызына үйлендирди. Оннан соң көп узамады, әлемге машҳур Жуңғарлар шабыўылы болды. Шабыўылдан соң халық «ақ табан шубырынды» атанып, ҳәр жаққа бөлинип көшкенде, Қудияр алды менен өз байының жылқысын алып көшти де, ағасы Дәнияр көшке ере алмай, ағайинлерине қосылды. Сырдәрьяны ықлап көшти. Буннан соң еки туўысқан бир-биринен хабар еситкен емес, излеўге қайсысының қайда кеткенин билмейди. Өрлеп Жунғар ишине кетти ме, Қытайға қарап көшти ме, Бухара тәрепке көшти ме, билиў ушын өмири бойынша излеўи тийис. Оның үстине оларды журт билетуғын атақлы бай емес, я отырықлы, үй-дәскели адамлар емес, бәрҳа тоғайларда, таў араларында, қум асыўларында жылқы бағып, отлақ қуўып жүретуғын адамларды табыў қыйын. Сол ушын олар бир-бирин қайтып көриўден пүткиллей наүмит болып, еске түскен гезде, майлы тамақ ишсе, изинен бир-бириниң жолына дуўа оқып, қудайдан, ол дүньяда жәннетте ушыратыўын тилеп қояды.

Қудияр жылқыман бирге кеткен маңғытлар Әмиўдәрьяның аяғына таман келип, бир жағын теңизге берип жайласты. Аўыл жаңа келе болып, бой тиклеп, тойынып киятырғанда, ҳәзирги ханның әкеси Елбарыс хан ләшкер алып барып, аўылды шапты, «бағынбайман» деп бас көтерген жигитлериниң аяқ-қолын байлатып, дәрьяға ылақтыртты, маңғытлардың бас бийи Шердалы бийди қылыштан өткерип, аўылды басшысыз қалдырды. Көл етегинде жайылған малларын, жылқыларын хан ғәзийнесине алдырды. Усы Қудияр сейис, сонда зорлық пенен, өзи баққан жылқыны Хийўаға айдап келди, хан әмелдарлары оның жылқыларды айдап қашып кетиўинен қорқып, сарай сейислерине жәрдемши қылып алды. Солай етип, Қудияр қашыў мүмкиншилигинен айрылды. Бирақ жырымсыз ҳадал мийнет, жылқыларды жақсы билиўи, оны абырайға жеткерди. Ол баққан бедеўлердиң ишинен қара қасқа яўмытысы туркменлердиң бир тойындағы бәйгиде бас байрақ алып, Хийўа ханының даңқын бир басқышқа көтерип таслады. Сонда Елбарыс хан шақырып алып оған:

— Бәрекелла, сейис, саған сарқыт аўыстырып қатынлы қыламан, — деген еди.

Жалғыз өзиниң тапқаны ҳештеңеге жетпейтуғынын билгенликтен, ол қатын алыў жөнинде ойлағанды пүткиллей тоқтатқан еди, ал, ханның ўәдеси, өшик көкирегинде аз ғана йош пайда етти, хан

сарқыты екенине ол ўақытта түсинбеген еди басқа сейислерден сорап, соң билди.

— Ханның әдети, сарайға әкелинген бенде қызларды еки-үш жылдан артық қатын қылмай, жақсы көрген адамына сарқытқа береди. Хан тилине басылып, оң көзи түскен сен де бахытлысаң, — дести басқа сейислер. Көп узамады, Елбарыс хан өлип кетти. Сарайда талай өзгерислер болды. Бирақ сейислер сол күйинде қалды. Оннан соңғы ханларда ондай ўәде де болған жоқ, сейистиң көкиреги тағы өшти. Сарайға бир қарақалпақ қызы әкелингенин еситкенде, оның менен тиллесиўге, сырласыўға, елинен хабар сораўға қуштар болды. Сәлле асқабақтай сары шөгирмесин кийип алып, хан бағының сыртқы дийўалын жағалап, жарықлардан сығалап жүриўиниң себеби де усы қуштарлығынан еди. Ақыры, жарықтан көрди, аз ғана тиллести. Оннан соң оған жол тыйылды, көре алмады, оннан хабар да болмады.

Күтилмегенде ўәзир шақыртты. Бул шақырық оны бир жағынан қорқытты да. Өйткени, ўәзир әнейилик пенен шақырмайды. Сыйлық береди ямаса жазалайды. Сыйлық бере қояды деўге, соңғы гезде ислеген әжайып өзгерис жоқ, қара қасқа яўмытыдан басқа бәйгиден озатуғын ат пайда болмай атыр. «Жазығым болғанды, биреў сыртымнан сайғанды, — деп гүманланды. — Бәлким, улы әкесиниң ўәдесине опадарлық етип, мендей тулға сарқыт аўыстырса тәәжип емес. Қарақалпақ қызын төрт жыл сақлады. Көп мүддет. Соны сарқыт етер ме екен? Ол уўыздай жас ғой... «Ертип кет» десе, «алла зыят етсин, қатын алыўдан қалғанман» деймен!...

Ўәзирдиң мийманханасы алдында күншуўаққа бетин берип тамға сүйенип отырған қатынек суўпы менен Алмагүлди көрди. Танымағансып өтип кетти.

Ҳәр қашанғы әдети бойынша босағаны атлаўдан дүстөменине еңбеклеп, маңлайын ҳәр жерге бир тийгизип киятырған Қудияр сейисти көрип, Бөрибай Қарақалпақовтың иши жанып кетти. «Түргел» деп айтпайсыз ба дегендей, өз хожайынына жалынышлы қарады. Күншығыстың талай ханларын, адамларын көрип көзи үйренген орыс саўдагери оған дыққат аўдармады. Қудияр сейис датқа жайға келип маңлайын жерге басыўы менен дүстөменине жатты.

— Қәне, Қудияр сейис, басыңды көтер, айт, — деди ўәзир жалын рең узын сақал-муртын сыйпалап, — орысыят елинен келген төремиз, сизди елине қайтарыўды қәлей ме екен, деп сорайжақ. Биз,

қайтқысы келмейди дедик. Өзиңиз не дейсиз? Бөрибай дилмаш, мениң Қудияр сейиске не дегенимди төреңе түсиндир.

Орыс саўдагери ўәзирдиң сорағанын айыпқа санамады «орынлы, орынлы» деди.

Қудияр сейис елине қайтыўды әлле қашан әрман етер еди. Нуры сөне баслаған қызыл көзлери жасаўрап, аларды, не қыларын билмеди, «бәлким, сынаў ушын сорап атырған шығар, кетемен десем, Хийўаға наразымысаң? — деп, изинен гелле қылса...»

— Айтыңыз, — деп қыстады ўәзир.

— Ол жақта мени сағынатуғын әменгерим, туўысқан-туўғанларым жоқ, уллы ўәзир.

Ўәзир мардыйып, мыйық тартты.

Бөрибай Қарақалпақов шыдамады.

— Азыўы сынған доңыз, — деп салды.

Жас жигиттиң кейисиниң аўырлығы емес, таза қарақалпақ тилинде айтылғаны Қудияр сейистиң жүрегине ништердей қадалып, булкәрада әлле қандай сыр барлығын байқады. Бирақ айтқан гәпин шаймалай алмады.

— Мейли, қайтпасаңыз усы жердиң топырағына торқа болың, бирақ, хан сарайына түскен бир қыз бар екен. Төремиз қунын төлеп, азат етти. Соның тәғдири саған бериледи. Өзиңниң жолыңа салма. Биз келгенше сақлайсаң, — деп оған не айтса, бәрин төресине түсиндирди.

— Бизиң жолымыз асыўлары көп жол, нәбада, гүзден кешиксек, булар сарғайып отыра бермесин, — деди орыс саўдагери. Бул гәптиң мәнисин Бөрибай көбирек сөйлеп, ўәзирге қарап, төресиниң атынан бул сорлыларды елине қуўыстырыўға жәрдем сорады. Ўәзир сөйлемеди, бирақ «яқшы» деген мәниде бас шайқады.

Қудияр сейис руқсат алып далаға шыққанда, Алмагүл менен қатынек суўпы еле сол орнында отыр екен. Қатынек суўпы ғарғып турып, қыздың жиңишке билегинен тартып жетелеп келип, Қудияр сейиске услатты. Шиңк-шиңк күлди.

— Ханымша, маған ырза бол. Ҳе, ҳе, ҳе... бап түстиңиз, бир-бириңизге минәсипсиз. Қуп жарасасыз, ҳе, ҳе...

Қудияр сейиске де, Алмагүлге де бул ўақыя түстей көринип, жетелесип баратыр. Алмагүлдиң мойнынан шеңгел буғаў алып тасланғандай, бойы жеңил, қәдемлери шаққан. Хан сарайының дәрўазасынан сыртқа атлағанда, әлем енди кең көринди, ҳаўа жүдә-жүдә ғана таза сыяқланып, көкирегин кернеп, толы таза ҳаўа жутты.

— Үҳ, — деди. Соның менен жалын лебин дәрўазадан иште қалдырғандай, артына қарамастан, Қудияр сейистиң жетегинде кетти.

## 24

Киши жүз ханлығы үстинен силпилеген булт қосыўыс қарақалпақ аўыллары үстинен сел болып өтеди. Бийғам, парахат жыллар сирә көпке созылмады. Бәрҳа қәўип, бәрҳа баса-бас, жаўгершилик. Киши жүзде бундай бола беретуғынының бас себеби — ханы Абылқайырдың өзинде. Қурт излеген ала-тоғанақтай турақсыз, шақадан шақаға атлағаны атлаған. Тынымсыз, қанаатсыз. Бийикти күсейди, сөйтип жүрип, талай-талай рет табаны сыпқанап кетип атыр, арғысында жоқ. Қысынбайды да. Тахтынан, мәртебесинен қәдиги зор. Оны алатоғанаққа усатып қойған да сол қәдиги. Көбинесе, орта жүзден қәўипленеди. Орысларға жанапайлап, аманатқа ул берип, патшасына салғырт төлеп отырғандағы мақсети де, қазақтың барлық жүзлери үстинен үстемлик етиў. Ол мақсети өзи ойлағандай иске аса бермеди. Иван Нефлюев оның барымына бармады. Орь қаласында Орта жүздиң Батыр, Барах атлы султанларын иркип, бағындырып бермеди, аманатқа тапсырған улы Хожахметти Шыңғыс атлы улына алмастыраман дегенде, өтинишин орынламады. Бул жағдайлар оның Иван Нефлюевке гийнесин арттырды, орыс патшалығынан шийткитти. Енди ол тиректи Нәдир шахтан изленди. Бундағы пайдасы — Хорезмге үстемлик етип, улы Нуралы аз ғана ўақыт Хийўаға хан болды. Жаралы қасқырдай ҳәр қуўысқа бас тығыўдан арсынбады. Елиниң ата душпаны жунғар ханына қызын берип, ҳәмдамлық етти. Ҳәр жаққа тамыр жайғанына исенип, айналасына зықын өткерди. Ләшкер жиберип қоңсы-қобаларын талатты. Оның менен мәртебеси артпады, ханлық әззиледи. Себеби, тийкарғы күш, соңғы досларында емес еди. Орта жүз көтерилди. Абылқайырдың қас душпаны — Орта жүздиң шекти руўынан Батыр султанның Ғайып деген улы Хорезмге хан болып кетти. Бул оның жүйкесин қуртты, әбден қуртты. Ҳәр жақтан тумсығы уўылған, сақты сына баслаған хан әўелги қол берген досқа қайта оралыўға — уллы Россия тәрепке қайтадан мойын созыўға мәжбүр болды.

1748-жылы Орь қаласына орыс патшасынан ўәкил келип, Абылқайыр хан менен Нефлюев арасындағы аразлықты жумсартты,

жарастырды. Аманатқа тапсырған улын екинши улына алмастырып алды. Бул келисимнен соң бир ай өтпей-ақ, Абылқайырдың және күшейип кетиўинен қорққан Орта жүздиң Барах султаны, Батыр султаны бас болып, көп ләшкери менен Киши жүзге топылыс баслады. Олардың таярлығы мол еди. Киши жүздиң ханлығына қәўип туўды. Киши жүз қазақларының атақлы бийлери астыртын Жаңакентке мәсләҳәтке жыйналды. Буған Ырысқул бий менен Маман бий де шақыртылған еди. Тутқында саўлығы нашарлап, еле қәддин дүзей алмаған ғарры бий баралмады. Бул гезде Маман бий қум арасында атлы жигитлери менен әскерий машқыда еди. Ырысқул оны шақыртып алды:

— Улым, екеўимиздиң атымыздан Жаңакентке барып қайт, — деп тапсырды.

Маман бий жас үлкенниң бетине тикленбеди. Сол күни Жаңакентке атланды.

Дәстүр бойынша ҳәр ис ақыллы бир жас үлкенниң нәсияты менен исленгени жақсы. Сонлықтан, Мурат шайық өлгеннен кейинги елдиң жас үлкени Ырысқул бий болып қалды. Маман қазақ бийлериниң ойласығында түйилген түйинниң сырларын қалдырмай баян етиў ушын Мурат шайықтың улы Хелўет тарханды ертип Ырысқул бийдиң үйине келди... Бели ийилген ғарры бий дастыққа бир жамбаслап жатып, Маманды дыққат пенен тыңлады.

...Абылқайырдан бурынғы қаттылық қалып, дөгерегиндеги бийлерин кеңеске шақырып кеңесип, соң тапсырма ҳәм өтинишлер менен алыс-алыс аўылларға атлылар жоллаған. Ырысқул бийди тутқыннан босатыўға талапланып, ашырқағанда нан әкелип берген, Абылқайыр ханның бир жасаўылы — табын руўына жиберилипти. Аўылларында жыйналысыўға мүмкиншилик таппай, дийдилегенлерин Жаңакентке жыйнаған. Қазақ бийлериниң алдында жалғыз ғана мәселе турды:

Киши жүздиң ханлығын сақлап қалыў керек пе, жоқ па?

— Керек!

— Олай болса, Абылқайыр жәрдем сорайды. Барах султан менен Батыр султанға қарсы шақырады.

Киши жүзде ханлықты сақлап қалыў нийети үстинде ҳәмме бир түйинге бириксе де, «Абылқайырға жәрдем» деген сөз барлығының басын қасытты. Бас қасыў менен мүшкил жеңиллеспейди. Барах султан менен Батыр султанның қолына қарап қалса, Киши жүздиң

сандалғаны. Бийлер сандалмаўдың түйинин түйисип, урысқа шығыўға бел байлады.

Жайлаўға мал жайысып, Киши жүздиң ашшы-душшысын бирге татысқан, бир жайлаўда мал бағысқан, бир дәрьядан суў ишискен қарақалпақ ели не қылар екен?

Бийлер Маманның аўзына қарады.

Айғара бий жүдә ашыныўшылық кейипте. Илаж қанша? Оған да аңсат түспейди. Орта Жүз үстемлик алса, алды менен гилең сондай байларға, бийлерге салмақ салады, тоз-тоз қылады. Сонлықтан Айғара бий Маманға дәмели көзлери менен қарады. «Еки көзди бир-бирине жаў қылған қудай, — деди Маман ишинен гүрсинип. — Биз буларға арқа сүйеймиз десек, бир қазақты бир қазақ шабады. Сырдың сағасынан аяғына шекем толайым жайлаған кең пайтах ел. Бул қылығынан бизге усап тозып-тозып азаяды ғой»... Ол көп ўақытқа шекем тил қатпады.

Қазақ бийлери оның не ушын сөйлемей отырғанының себебин түсинер еди. Жақында ғана Абылқайырдан азап шегип бүлинген, тарқасқан ел, бүгинлиги жәрдем бериўге қалай жүрексинеди? Жаманлық еткенге жақсылық хәр кимниң қолынан келмейди. Ол ушын адамларында қарапайым адамлардың жүреги емес, өзгеше, пүткиллей өзгеше жүрек болыўы керек!

— Маман балам, аңсат саўда емес, қыстанба, елиңе, жигитлериңе, Ырысқул бийге ойлас, — деди Айғара бий...

Маман бий усылар жөнинде, Ырысқул бийге баян етип, қазақ бийлерине жәрдем бериў ушын, ел атынан тәўекел ўәде етип қайтқанын айтты:

— Қәйтейин, бий ата. Өзиңиз билетуғын досларымыз, күйип кетейин деп тур. Ең баслысы, Киши жүз орыслардың досты. Достымыздың досты болған ел менен дос болмасақ, достың басына шыбын қонғанда желпимесек бола ма? Бәрин де билдим. Аңсат емес. Абылқайыр салған жара еле питпей атыр. Жигитлер де наразы болды. Кеше бизди талаған екен десек, Орта жүзге тилеклеслик жәрдем берген боламыз. Душпаннан дос излеген инсан, достын душпан қылып алады. Мен буны Абылқайыр ханның ханлық тәсирлеринен көрдим. Биресе орысларға, биресе Иран шаҳына, биресе жунғар ханына қол берди. Ҳеш қайсысы менен беккем ҳәмдам бола алмады. Ақыры, айналып душпанын көбейтти. Бизге не қылғанын артымызға салайық, дослықты бәржай келтирейик деп ойладым, бий ата.

Билеклериниң тамырлары шертилгеи Ырысқул бий дастыққа жамбаслаған ҳалында жағын таянды. Ойланды, ойланды. Маман бий оны асықтырмады. Оның бирден шапшымай узақ ойланыўынан дәмели. Өз кеўлинен шығатуғын нәтийже күтип, жүдә бийғамлықта кесесин асықпай үплеп, чай ишип отыр.

— Балам, Киши жүзге жәрдем бер деп орыс патшалығы айтса екен. Сонда достың сөзин сындырмаў бир қуп.

— Ата, айтқанда ким жәрдем бермейди. Ҳәр ким жаман болса қудайдан тапсын, дослыққа дослық бәрқулла қалыс болғаны жақсы емес пе, санасқан дос — жулынсыз омыртқа. Геўдирек келеди.

Маман бий бул ўақыялар жөнинде Хелўет тарханға әдейи айтпаған еди. Ол тыңлап отырып жигиттиң батыл ҳәрекетлерине ҳайран қалды. Өзине тархан атағын бергизген орыс патшасының адамларына ыразы болған менен Абылқайыр ханға жәрдем деген сөз шымбайына батты.

— Маман бий, өйтип Абылқайырдың қазақларынан қарызымыз жоқ ғой, — деди.

— Уллы тархан, олай демеңиз. Адам-адамға өле-өлгенше қарыздар. Түсинген адамның адам баласынан қарызы ада болмайды. Адам күни адам менен...

Көзлерин перделеп еле ой теңизине шүмип, қардай ақ басын сыйпап отырған ғарры бий әллен ўақытта ийек көтерди.

— Мейли, балам. Ҳәр ким жаман болса қудайдан тапсын. Жигитлериң көнсе болды.

Хелўет тархан үнсиз келисти.

* * *

Қум арасында жигитлерди әскерий машқыға үйретиў иси Кузьма Бородин кеткеннен соң да салпаўсымаған еди. Басшылықты Маманның өзи қолға алды. Машқыны бурынғыдан да қатал, шыйрақ жүргизди. Олар Қызылқумның етегинде шатыр қурып жататуғын еди. Ҳәр күни таң азаннан жигитлерди екиге бөлип ат шабыстырады, пияда жуўырыстырады, қумның үстинде гүрестиреди, ҳәр жерге шом байлатып, соларды ат үстинен найзалатады, шаўып баратырып қылышлатады, дойыр урғызады. Қулласы, тыным бермейди. Босаңларын, ислей алмайтуғынын күни менен ашқа байлап, атының үстине терис мингизип ерге таңады, сөйтип аўыл аралатады. Буған әўелги күнлери көнбегенлери

болды, жәнжел де шықты. Бәри бир, соңынан ҳәмме келисип, бул бир дәстүрге айланған, әдеттеги ис болып кетти. Бирақ олардың азығы жолларында еди. Өзлери менен өзлери болды.

Маман бий Жаңакентке, қазақ бийлериниң кеңесине шақыртылғанда, орнына Шамурат бийди қалдырып кетти.

Сүйиндик бийдиң туўысқан иниси Шамурат бийдиң Маманнан он жастай үлкенлиги бар, сумлықлы адам еди. Ағасының тирилигинде еншисине наразы болып ишинен түтикпеген ўақты кем. Бирақ, онысын өз ағасы түўе адам бендеге билдирген емес. Сүйиндик бий өлгеннен кейин оның жаўдан аман қалған дәскеси түўе, басқарған руўы қол астына өткенде, оған бул да аз көринди. Көшпей қалған қоңырат руўының гүллэнине басшылық ойы туўды. Себеби, ол Ырысқул бийдиң улы Төреқулдың пәмсизлигинен пайдаланып, алақанында ойнатыўдың жолларын билетуғын еди. Тутқын болған Ырысқул бийдиң қайтып келиўи оның ишки сарайынан шықпақшы түтинниң жолына қақпақ болды. Және иши өртениўде қалды. Елге тәртип болғаны ушын, пүткил ел Маманды ҳүрметлегени ушын, илажсыз көнликкени болмаса, оның менен биркәлле көриў нийети бәрҳа жолдасы. Маман Жаңакетке кетип, лийкин қолына тийгенде, езиўинде аз ғана күлки ойнап, ишинде пысқыған түтин дем берип, сыртқа шыққандай болды.

— Жигитлер, мен сизлерди ийнениң үстине қоймайман. Емин-еркин дем алыңлар, аўнаңлар, — деди.

Жигитлердиң күткени де усы еди. Ҳәмме атларын кисенлеп жиберди. Ким қумның үстинде уйқыға жатты, ким өз ара асық ойынына киристи. Кеўлимжай бир топар жигитлерди үйирип, Бектемирдиң жаўырынына урып отырып, қызық әңгиме баслады. Шамурат бийдиң өзи Төреқулды ертип кийик атыўға кетти. Төреқул мергенликке шорқат еди. Алдынан қашқан кийикке оқ үзген гезде Шамурат бий қосыла оқ үзип, кийик аўнап түсти.

— Жигитсең, Төреқул, жигитсең, — деп қойды.

Төреқул әкесиниң орнына бий лақабын алып атқа мингени менен әкеси келген соң аттан түсип еди, бирақ оның аўыр-жеңилге ой жибермей ҳалласлап баратырған қыялын бел үзди қылды. Ырысқул бий оның көп қылықларына күйинип, аўлағында кейип, ҳәтте, урып алатуғын еди. Әке, әке емес пе? Ол қайтып тилге келмейди. Сол ушын соңынан нәсиятлап, және жибереди. Питкен ақыл болмаса сүрткен ақыл не болсын. Былай шықты, әке нәсиятын умытады. Егер, сол күни Шамурат бий менен гезлесип

қала қойса оның марапатына елигип, өз әкесине жек көриўшилик қыяллары пайда болады.

Атқа минсе, тақымы бос, гүрессе, тек қара күшке салғаны болмаса, ҳийлесиз, сөйлесе, гүдибузарлық етип, оқ атқанда, оқты көбирек зая қылатуғын сол Төреқул еди. Сонлықтан, ол Маманның да дыққатын көп тартады, көп кейиснамаға қалады.

Ол ҳәзирги оғының бир дегеннен кийик қулатқанына исенбей, көзлерин уўқалады. Қуўаныштан аўзы ашылып:

— Ырас меники ме? — деди Шамурат бийге.

— Ырас, сеники.

— Олай болса...

— Түсиндим, Төреқул бий, қыялына, Маман бий сени қорлап жүрипти. Билесең бе, сеннен қәўпи зор. Себеби, сен қоңырат ханының баласысаң. Сени ақыллы десе, сени мерген десе, журт сениң изиңе ереди.

— Маман бийдиң айтқанын ағам да айтады ғой.

— Аўзыңнан сарысы кетпеген палапан түсинбейсең. Әкең тутқында болып, мийи аўылжып келди. Ҳамалпурыш болып келди. Сени қағаберди қылатуғынының себеби сол. Ядыңда ма, әкең келместен бурын қандай едиң. Ал ҳәзир?... Яқшы, қояйық. Кийигиңди сой.

Төреқул аттан түсип кийикти сойды, қанжығасына байлады.

Шамурат бий, қайтысында, оның мийине қурт болды. Қоңырат руўының ширип баратырғанына күйинди. Ширитпеў ушын дуз кереклигин айтты. Ол усы пикир есине келгенде шеннен тыс қуўанды да.

— Төреқул, елдиң дузлығы — бийлери. Сен бир татымлы дузсаң. Қоңыратты ширитпе, бириктир. Аўзыңа қараймыз.

Төреқул ат үстинен Шамурат бийге жуўас ғана бала нәзери менен бурылды. Оның ҳеш нәрседен қәтерсиз төмен қарап сөйлеп киятырғанын көрип, ғужырланды.

— Айтың, не қылайын?

Шамурат бий жамбасына урып, бир күлди. Оның жүдә мәс шақалақлағаны Төреқулды езип жиберди.

— Неге күлесиз?

— Жаңа жолға түскениңе, қоңыраттың мендей жигитинен кеңес сорағаныңа қуўанып күлемен. Төреқул бий, жаңа түсиндиң. Қоңыраттың жигитлери ябылардың гүўенинде байлаўлы. Ҳәзир ким атақлы? Ябы. Журт кимди тәрийиплейди? Ябыны. Сениң

алжыған әкең ким менен ойласады? Ябы менен. Бул күнде елдиң дузлығы Маман болып қалды. Ал Ябы деген ким? Үлкен қыпшақ руўының бир ғумалағы. Сумлық пенен қыпшақты пәске түсирди. Қоңырат та пәске түсти. Пәске түсиў түўе, елеберин қоңыратты умытасаң.

— Шамурат бий, көп сөйлей бермеңиз. Не қылатуғынымды айтың. Кеңес бериң.

— Олай болса кеште қоңыраттың азыўлы жигитлеринен бесеўин ертип бөлек шығасаң.

Төреқулдың әкесин сыйлайтуғын, өзине мин тақпайтуғын жигитлерден бесеўи емес, оны шықты. Бөлек от жағылды. Төреқулдың кийиги исленди. Шамурат бий сөйлемеди, тек Төреқулдың аўлағында айтатуғын гәпи барлығын ескертип, оның сөйлеўине жол ашты. Төреқул Шамурат бийдиң жолда үйреткени бойынша ябының гүўенинен жырылып қоңырат руўының ҳәммеге үстем болыўы кереклиги ҳаққында сөйлеп, Шамурат бийдиң айтқанларын сол турысында тоты қустай тәкирарлады. Кешеден бери Мамансыз еркин дем алып қалған жигитлер бәрҳа усылай бола береди деген қыялда, оның гәпин уйып тыңлады. Төреқулдың үзик-үзик гәплеринде Шамурат бийдиң де, бала гезлеринде аталары жағып жүретуғын оттың ушқынлары сәл-пәл жылт-жылт етисти.

Бул әңгиме ертеңине қайта жаңарды. Бул сапары көбирек жигитлер қатнасты. Соңғы күни қоңырат руўынан нөкерликке қосылған жетимлер шақыртылды.

— Бул Маман бийге қылаплық емес пе? — деп салды Бекмурат.

Жигитлер, уйқыдан суўық суў серпип оятылғандай, бир-бирине жалт-жалт қарасты. Төреқул да албырады. Шамурат бий сынын бузбады. Ол асықпай сөйлеп, басқа биреў түўе өзлери анығын билмейтуғын Кеўлимжай менен Бектемирлерди ябы руўынан деп шығарып, Төреқул бийдиң атынан, қоңыраттың арына дақ түсиргиси келген Бекмуратқа бир дүрре урыўды буйырды. Төреқул ойланбастан:

— Урылсын! — деди. Ҳеш ким дәрпенбеди. Өз буйрығын өзи орынлады. Ҳәмме жым-жыртланды.

— Усы ойласықты сыртқа шығарған адамның тили кесилсин, — деди Шамурат бий. Төреқул және тоты болды. Буннан соң ким еркли, ким ерксиз, усы антты тәкирарлаўға мәжбүр етилди...

Маман бий ояқ-буяғы еки ҳәптеден кейин Аманлық пенен қайтты. Нөкерлериниң аўызбирлиги қашып, бәҳәрги муздай ыдырай баслағанының үстине келди. Ол бирден-ақ абайлады. Жигитлерге бир нәрсе болған. Себеби, қоңырат руўының жигитлери бурынғыдай емес, басшысы келгенин билдирип жыйнақласпады да. Маман ҳеш кимнен гүманланбаўға, сыр бермеўге тырысты. Оларды бир жерге топлап, Жаңакентке не ушын шақырылғанын баян етти. Қандай ой менен келгенин хабарлады. Шамурат бий бирден шамырқанды:

— Жаўға жәрдем етеди деген не сумлық? Бизге салса, қазақлар бирин-бири қырсын!

Маман бий бас шайқады. Жигитлер де жанланды.

— Маман аға, бул инсапсызлық емес пе? — деп салды Кеўлимжай. Оның усылай дейтуғынына кеўли исенбейтуғын Шамурат бий қапталындағы Төреқулдың бүйирине түртип жиберип еди:

— Бармаймыз! Маман бий, қара басың кете бер, — деп бирден тикейди ол. — Қәне, қоңыраттың жигитлери, тикейиңлер! — Әдебинде ҳәмме тым-тырыс еди, баслап Шамурат бий тикейди. Буннан соң ҳәр жер, ҳәр жерден нәкәнсаяқ жигитлер көтериле баслады. Төреқул отырғанларына алма-гезек қол шошайтты. — Ҳә, сен не, қоңырат емесписең?... — Төреқулдың қол шошайтқанлары бирим-бирим түргеле берди.

— Маман бий, көргиш едиңиз, кеўил шырағыңыз өшкен, — деди Шамурат бий. — Кеўил шырағы өшкен адамға ақты — ақ, қараны — қара дегизиў қыйын.

Енди қоңырат жигитлери пәтленди.

— Сатқынсыз, — деди олардың арасынан бир даўыс.

Маман бийдиң кеўлин сумлық жайлап, ағасынан гүманланды. Ырысқул бийдиң «жигитлериң көнсе болды» дегенин еследи, дебдиўи сыртқа шықты:

— Эҳ, ғарры жолбарыс!

Оның ким ҳаққында айтып гүрсингенин түсинген түсинди, түсинбегенлер мәнисин сорамады.

— Қәне, Төреқул, өз халқыңды сүйесең бе? — деди Маман түргелип.

— Өз руўымды сүйемен.

— Әй, халқы жоқ, заңғар!

— Өйтип атасына тил тийгизбе, — деп Шамурат бий пәзне басты. Маман бий өзин-өзи ақлаўға урынбады:

— Жигитлер, орыс Кузьма Бородинниң «өз халқын сүйген адам халықты сүйеди» дегенин уммыттыңыз ба?

— Бородин орысыңды үйиңе апар, бизге сөзи де, өзи де керек емес!

Төреқулды бүйтип қызады ҳәм Маман бийге дәсме-дәс жууап қайтарады деп ойламағанлар тек тыңлаўшы сыпатында қалды. Оның менен қапталласып турған Шамурат бий «дурыс, дурыс» деп, басқаларға билдирмей тек өзине еситтирип сыбырлады.

— Төреқул, жигитлер, бәриңизде мылтығыңызға үңилиңиз, қорғасыны орнында ма, қамшылардың ушларын түўеллеңиз, қылышыңыздың жүзлерин көриңиз.

Әскер басының ҳәр-ўақ-ҳәр-ўақ қайталанатуғын бул буйрығы үйреншикли буйрық, үйренген әдетлери бойынша ҳәмме қолларындағы жарақларына үңилди, шаң басты деп гүманланғанлары шалғайлары менен сыпырды. Басқалар қатары Төреқул да мылтығының қундағын қолтығына салып ысып-ысып жиберди.

Буйрығының тәрк етилмегенинен Маман бий дәмеленди:

— Не байқадыңызлар?

— Ҳештеңе! — деди Төреқул кескин.

— Қайта қараңлар, жарағыңызда орыс Кузьма Бородинниң күшли қолларының изин көресиз.

Түсингенлер жым, түсинбегенлер ийинлерин қысып ҳайран болысты.

— Жарақ берген, күш берген халықтың достын неге қорғамаймыз?

— Маман бий, бүлдирме журтты, — деп Төреқул мылтығын ийнине салып кейин бәсти. — Қәне, қоңырат жигитлери, атланыңлар. Болды, енди ябының гүўенин үземиз, — тикейип турған жигитлердиң топты бузып айрыла баслағанына Төреқул йошланды. — Қәне, Маман бий, мәрт болсаң, жаў майданына шық. Я қоңырат, я ябы?

Олар бөлинип тез-тез атланды. Маман бийдиң баяғыдан бери руўлар арасындағы алаўызлықты сапластыраман деген нийети пуш болып, атланбай қалған жигитлерге бурылды. Оларға да алағадалық түскен еди.

— Маман бий, минген шоққым бийик болсын десең, Төреқулға жууап бер, — деди биреўи. Маман бийдиң қаны қайнап кетти. Атланды:

— Тоқта, Төреқул!

Шамурат бий Төреқулға «иркил, ўәдеңе опалық ет, қоңырат арысланы» деп сыбырлады.

Төреқул атының басын кейин бурып, мылтығын атыўға гөзледи. Оның анық ататуғынын билип, Маман бий найзасын жиберип қалды. Төреқулдың мылтығы қула далаға гүрс етип, өзи аттан қулады.

Қоңырат жигитлери өлик көрген ғарғадай Төреқулдиң үстине шоғыртпақласты. Маман бийдиң оны өлтирейин деген ойы жоқ еди, найза менен қолынан мылтығын түсирмекши еди. Дийдинен сәл алжасыпты, көкирегине найза қадалған Төреқул шалқасына жатыр. Маман бий өкинишли, ҳеш кимге билдирмей ийегин тиследи. Найзасын суўырып алмақшы болып сабынан услағаны сол, Төреқулдың қулындағы даўысы шығып шыңғырды.

— Қәне, бәсиңлер!!

Маман бийдиң ашыўынан сескенип, ҳәмме кейин серпилди. Шамурат бий мени көрмесин дегендей, басқалардың артына тығылды. Маман гүреске түскен палўандай ортада билегин сыбанды:

— Және ким бар?

Алға ҳеш ким дәрпенбеди.

Найзаның ушында балықтай туўлап атырған Төреқулдың қасына барып, бетине үңилди. Еринлери қақ-қақ жарылып, өли шырай енип қалған екен. Найзаның сабынан қос қоллап услап, тартып жиберди. Найза менен қосыла қан бурқ етти. Төреқул таўланып-таўланып тым-тырыс болды. Үзилди. Маман шып-шып терге түсти. Төреқулды бара қушақлап, баладай көтериўи менен атына қарай жүрди.

— Ат! — деди Аманлықты көрип.

Төреқулды отырған ҳалында қушақлаўы менен ерге мингизип, өзи бөктериўде аттың жүўенин бос жиберди. Адым-адым жүрип баратырып жигитлерге буйырды:

— Жетиңлер, Ырысқул бийге барамыз.

Енди үлкен ойқан болатуғыны сөзсиз. Буны ҳәмменң иши биледи. Олардың базылары өз ара қас-көзлери менен ымласып, пикир алысқаны болмаса, үндеспеди. Ерди. Қоңыраттың жигитлери сәл изиректе топарласып киятыр.

Ырысқул бийдиң аўылына жақынлағанда, Маман бий иркилип аттан түсти, орнына Аманлықты отырғызып, өзи Аманлықтың аты менен алға озды.

Ырысқул бий қуяшламада төсек салдырып, үлкен самарды сапырып қатық ишип атыр еди. Көз ушында топарласып киятырған жүзлеген атлыны көрип, қасығын қоя сала, маңлайына қолын тутты. Сығаланды. Атлардың биразы өзине таныс болғанлықтан, және өз қәддинде қатығын сапырыўды даўам етти. Маман басқаларды изде иркип, жекке келип, Ырысқул бийге ат үстинен сәлем берди. Оның даўысынан албырағанлықтың изин сезип Ырысқул бий шийге жаўырнын берди:

— Балам, даўысың алғаў-далғаў шығады. Жигитлериң көнбеди ме?

— Ата, мен сизден бир нәрсе сораўға қайрылдым.

— Сора.

— Май айныса дуз бар, дуз айныса еми не болар екен?

Усы гезде гилең қоңыраттың жигитлери алға шығып гүў басып киятыр еди. Ырысқул бий оларды көрмей, төмен қарап аз ғана ойланып алды да:

— Қайсы елдиң дузы айныса сол елдиң күни тутылғаны, — деди.

— Елдиң күни тутылмасын деп, жалғызыңыз Төреқулды өлтирип келдим, ата.

— Ҳа!!!

Ғарры бийдиң ашшы даўысы ҳәммени турған-турған жеринде қалдырды. Жердиң жүзинде ҳәрекет тоқтап қалғандай, бир кесе чай ишим тынышлық шөкти. Самал еспеди, шөп қыймылдамады, атлар оқыранбады, жер тебиспеди, төбеден қус ушпады, ҳәтте, биреўдиң деми биреўге еситилмеди. Мойын омыртқасы шорта сынғандай төмен қарап қалған ғарры бийдиң буйрығын күтип ҳәммеси лал Қоңыраттың жигитлери, ғарры бийдиң «басың!» деген буйрығын еситсе, Маманды қоршалап найзаға илдириўге қайымласып, жақын турыпты. Ырысқул бийдиң гүллән өмир жолы көз алдынан өтип атыр... Маманбийдиң ақыл зийреклилигин, халық ушын жанын пидә қылып жүргенин, буннан көп илгери Маманға баҳа берип «маған алпыста келген ақыл буған жигирмасында келди» дегенин еследи. Өзин күшли тутып тикейди. Көзлерин жеңи менен сыпырды:

— Жигитлер, жақынлаңлар!.. Басшы елиниң қулы. Қул ийесине ҳақ хызмет етемен деп сүрниксе — сүйеў, қәтелессе, кешириў — бабаларымыздың жолы. Елдиң күни тутылмасын, кеширдим!... Киши жүздиң жаўына атланыңлар!

Ата ушын бала өлимин кешириў аңсат саўда емес. Ырысқул бий ҳәр сөзин сәдде-сәдде қылып айтып, тентирекleңкиреп ийнеўге сүйенди.

Маман бийдиң көзлеринен жас шығып кетти. Аттан қулап Ырысқул бийдиң аяғына жығылды.

— Ырзаман, ата, ырзаман ата...

Төрт-бес жигит көтерип Төреқулдың денесин үйге киргизди.

Нөкерлердиң үйли-үйлерине тарқап бир түн түнеўине руқсат етилди...

* * *

Аманлық уллы болған еди. Идиралды перзентиниң атын Маман бийге ойласты. Ол Аманлықтың қуўанғанына қуўанып «жақсылық!» деп еди. Улдың аты Жақсылық атанды. Ерли-зайыплы бул атқа ҳәдден тыс шад: Аманлық! Жақсылық!..

Ақбийдай, бәрқулла бенде болған күнлерин еслеп, сарсылыў менен, көрингеннен жүз жасырыў менен-ақ азып баратыр. Аманлық талай нәсиятласа да, сирә етке шықпайды. Базда перзент көретуғынын еслеп қуўанып, жас босансам бәри умыт болар деп ойлайтуғын еди, умыт болыў қайда? Түслеринде шоршынып шығады. Енди ол нәрестеси Жақсылықтың алдында гүналы секилли. Оған да туўрылап қарай алмайды. Ол да «ана сен гүна ислегенсең» деп бетине басатуғындай. Намыс қысқан үстине қысты. Бирақ улын жерге тасламайды не жумыс қылса да, бәрҳа жаўырнында.

Бүгин әскерий машқыдан елге келип, бир ғана ақшамға мәўлет алған Аманлық даладан «Ақбийдай, Жақсылық!» — деп даўыслап, үйине күле кирди. Әташтанның, басы тил менен жалағандай. Ошақта дүмше қайнап тур. Аманлық таңланды:

— Мениң келетуғынымды қалай билдиң, шабазым?

— Билиў шәрт пе, бегим? Қатынның ошағы бәрҳа ийесин күтиўи лазым.

Ол Ақбийдайдың қушағынан Жақсылықты көтерип алдына алды. Бөпе еле уйқыда. Түсинде емип атыр ма, еринлери бүлк-бүлк етеди. Ол улына жүдә шынтлап, ырзаласыў қылып қарады. Өзин айнада көргендей. Қулақлары үлкен, мойны узын, қара бала болажақ. Жумып атырған мушын жаздырып, өзиниң жабадай қолына салыстырды, усас!... Аманлықтың шаршаған жүзинде

күлки изи көринди. Ақбийдай ҳәр бир қыймылында ерине нәзер таслап, оның кейиплерин бәрҳа бақлап отырар еди, олардың қайда атланажақлығы туўралы аўыл арасындағы сыпсыңлардан еситип билсе де, ериниң улына суқланып қараўынан гүманланып, өз аўзынан анығын билгиси келди.

— Парахатшылық па, бегим?

— Қамырыңды ийлей бер!

Ҳақ кеўилли Ақбийдайдың көзлерине жас қуйылып, қамырына тамшылап атыр. Бирақ үндемейди. Кеўли қорқынышта. Әлле нәрседен қәўипсинеди.

Аманлық жөнин айтпады, ақшам да айтпады. Азанда атын ертлеп келип Жақсылығын қолына алды, шорп-шорп сүйди. Ол онша өйтип телезимейтуғын сыяқлы еди. Барлық ҳәрекетлери қайтып келмейтуғын адамның ҳәрекетлерине усап кетти.

— Бегим, Абылқайыр хан жаў емес пе? Қылышы сынған қандар жаўға қылыш берип күшейтиў қалай болар екен? Жаралы мойынды және қылышқа тутыў болмас па екен, бегим?

— Не айтып отырсаң?

— Жаўға кетежақлығыңды айтып атырман, қорқаман, бегим.

— Гәпиңди азайт!

Ақбийдай қайтып сөйлемеўге тырысты. Аманлық атланды.

— Бегим, жолың болсын. Жақсылығымыз жақсылық көрсин!

Аманлықта соңғы гезде пайда болған бир әдет — атлана сала атына бир қамшы урып, бирден секирип кетиў еди.

— Жолымды кеселеме, шық! — деп атына қамшы силтегени, ушы зәңгилигине басын қойып турған ҳаялдың маңлайына шырп етти. Сызатланып қан шықты. Ҳаял енди жыламады, сабақтай сызатланған қанды сыпырмады. Бирақ ерксиз аққан көз жаслары қанға араласып, бетин жуўыўы менен, Маман бийдиң сәркардалығында аўылдан топар-топар шығып баратырған атлыларға қосылған ери көзден ғайып болғанша қозғалмай, ақ жаўлығының шашағы менен қосыла, майда бурымлары самал епкинине желкилдеген ҳалында, баласын қушақлап қатып қалды.

Ата-анасының айралығын енди сезгендей бөпе бирден шырр етип жылады. Ана аўзына емшек салды.

— Жылама улым, жылама, әкеңниң жолына кес боласаң, қудайым әкеңди аман қуўыстырғай, қуўанғаймыз, — деп жағасына қайта-қайта түкиринип, және узақларға телмирип қарады.

## 25

Қудияр сейистиң сарай хызметкери болып арттырған дүньясы төрт диййўалы бар қарабахана там. Оны да қасқа яўмыты озып келген соң хан инам еткен. Ортаға от жағылады, әйнек орны геўек, қыста сабан тығады, жазда самал кирип турады. Оннан тысқары пәтикте дүткеш бар, түтин соннан шығады, бултлы күнлери гүңгирт, ашықлықта көзи үйренген киси иште не барын еркин көреди. Өли дүньядан — жалғыз сабаяқ, әбден тозыўы жеткен соң хан сарайынан шығарып тасланған сабаяқ, үстине бир қара кийиз бенен асты-үсти бөз бир жыртық көрпе жыйып қойылады. Дастығы етиги менен үст кийимлери. Бир қуманы, тақыядай ғана бир қазаны бар. Набада биреў келип қалса, керек болады деп, ағаш табақты, тас кесени жуптан-жуптан қылған. Чайнеги жоқ, чайды қуманның өзине демлейди. Базы күнлери бүрсеңлеп, суўыққа қатқаннан, пәтигин бастырып от жағыўдан тамның төрт қанаты да төбеси де қазанның күйесиндей қап-қара ыс. Ҳәтте, төбедеги арғыттың қандай түстеги ағаш екенин, дүзиў-қыйсығын айырыў қыйын, қуўысларындағы қарлығаш уялары да билинбей, ҳәмме жерин ыс басып, теп-тегис болып кеткен. Арғытқа кесе тасланған қадалар бар ма, жоқ па, билиў мүмкин емес, қап-қара күл менен бир тегис сыбап қойғандай. Сонлықтан сейистиң көзлери де қызыл. Алмагүл көрмеген еди. Ең биринши көргени ханның сарайы. Онда ҳәмме нәрсе орынлы орнында сыяқлы еди, ал мынаў жайдан унтақ күлдиң қалай төгилип кетпейтуғынына таңланып, жоқары бир қарады да, Қудияр сейистиң сабаяқтың үстинен алып төсеген қара кийизиниң шетине отырды. Гөне шерим геўишин шешпей отырды. Қудияр сейис оған пәлен-төлен демеди, қуманды ошаққа қойып от жақты, чай демледи:

— Қысынба, ал, чай иш, қызым.

Алмагүлдиң еситиўге қуштар сөзи усы ма, запырандай сары жүзи гүлдей жайнады. Қап-қара төрт диййўалға пәтиктен нур төгилген секилли, жайдың иши бирден жақтыланғандай болды. Геўишин енди шешип таслап, сәл жайғасып отырды да:

— Ата, өзим қуйып берейин, — деп қуманды алдына алды.

Жас гезинде анасынан басқа ҳаял адамның қолынан ҳеш қашан чай ишип көрмеген ғарры сейистиң қолы дир-дир етип, қуманды қыздың алдына қойды.

Екеўи дым үндеспей чай ишти. Терлей келе сорасты. Алмагүл басынан өткенлерин сөйлеп берди. Әжағасы Аманлықтан Қудияр деген ағасы бар екен деп еситкенин айтқанда, Қудияр сейистиң күлреӊ нурсыз көзлериниң ағы пахтадай ағарып, қабағы қатты, тили гүрмелиўге келмей, әллен ўақыттан соң өкирип жылап жиберди.

— Онда туўысқаным болдың, шырағым, туўысқанымнан туўған туўысқаным! Алла, өзиңе ырзаман, алла, алла...

Көкиреги қуўанышқа толы Алмагүл жыламады. Қайтама көкиреги бос ағасын жубатты.

— Жылама, Қудияр аға, — деди ол жайпарахат кейпин бузбастан. — Сиз жылағанда мен не қылыўым керек? Жыламаң.

Перзент көз жасын ата қолы сыпырады. Жыламаң. Тәғдирге қайыл болың.

Қыздың мәртлик гәпи сейистиң көз жасын тыйды. Еки көзин еки жеңи менен алмагезек сүртти.

— Олай болса қойдым, шырағым. Мениң бул қаладан арттырған бир досым бар. Шақырып келейин, қуўанышта бирге болсын.

Қудияр сейистиң адамлар арасынан арттырған ең исенимли досты усы қаланың Матьяқуб шарбақшы дегени. Қоңсы. Жазда үстине көйлек киймей жалаңаш етине қайыс буўып жүретуғын жапакеш адам. Ол сол турысында келди. Ушып турған Алмагүлдиң қәдди-қәўметин көрип «Түпәләм, түпәләм» деп төсекке шықты.

Қызғын гәп басланды. Алды менен Алмагүлди сөйлетип, бүлинген қарақалпақ ели ҳаққында сорады, Матьяқуб шарбақшы көрмесе де, Қудияр сейистен талай еситкен еди, Мурат шайық, Оразан батыр, жас Маман бийлер ҳаққындағы қыздың буннан бес жыл бурынғы хабарларына жүдә қызығып, ықлас қойып тыңлады. Қыздың, Қудияр сейистиң қалайынша азат болып, Абулғазы Муҳаммед ханның «ақыл қалтасы», «яд қалтасы» атанған қуўыршақ ўәзирдиң қалай баўыры еригенин еситкенде, Матьяқуб шарбақшы таңлайын тақылдатып, бас шайқады.

— Табаны музда турған соң аңсат келискен, — деди.

Көп базаршыларға хызмет етип, көпшилик әңгимесин тыңлайтуғын шарбақшы ҳәмме нәрседен тақыйық хабарлы екен. Айтқанындай-ақ, көп узамай сарай иши аласапыран болды. Абулғазы Муҳаммед тахттан қулады. Көшеме-көше жаршы жүрип, қазақтың Орта жүзинен Батыр Султан улы Ғайыптың хан болғанын дағазалады.

Қалада жаңаша тәртип орнады. Кириў-шығыў қадаған етилди. Алдынғы арба қайдан жүрсе, соңғы арба да соннан жүреди. Ғайып хан да даңқ қумар болып шықты. Арадан көп өтпей-ақ, бәҳәрде той берип жарысқа ат қостыраман, жақсы бедеў таңлаттыраман деп, Қудияр сейисти таптырды. Тойға түркмен, қазақ араларынан, Бухара жақтан атлар келетуғынын айтып, егер, аты озбаса, жаңа ханның душпаны деп, ески ханның сейисин гелле қылатуғынын ескертти.

Бул хабарлар Алмагүлди қуўантпады. Маман келгенин еслеп еди. Қарақалпақ елинде қой үстине торғай жумалап, әжайып жақсылық болып атырғандай түйилди. Ол усы ойын Қудияр сейиске талай мәртебе айтты да.

— Аўа, аўа, Қудияр аға, орыс адамның айтқанына, қылған мийрим-шәпәәтине қарағанда солай-солай, — дейди ҳәр сапары.

Олар гүзди күтти. Бөрибай Қарақалпақовлардан дерек шықпады. Қыс та өтти. Хабар болмады. Бәҳәрде олар өз ара ойласып, Матьяқуб шарбақшы менен мәсләҳәтлести.

Ол асықпай кеңес етти:

— Қус уясына ушады, ҳайўан үйирине асығады, адам елине талўас қылады, Қудияр жора. Түсинемен. Кете бериңлер. Жәрдем болса аямайман. Әмиўдиң аяғында бир топар Қоңырат руўы да бар дейди. Соларды тапсаңыз — елиңизге қосылғаныңыз.

Қалай кетиў керек? Жаңа ханның пәрманына муўапық излеринен қуўғыншы қуўса не қылады? Олар усы сораў үстинде көп бас қатырды. Ақыр соңында жүйрик қасқа яўмытыны минип қашыўды мақул тапты. Бир ақшамда талай жолды асады, ҳеш ким қуўып жете алмайды.

Олар усыған тоқтады. Шарбақшы жол азыққа тақан таярлатты. Солай етип, бәҳәр айының бир жылымық түнинде, Қудияр сейис басқа сейислерге билдирмей, қара қасқа яўмытыны алып шықты. Матьяқуб шарбақшы менен қушақласып, хош-аллияр айтысып, Алмагүлди артына мингестирди. Өзиниң он жылдан аслам жасаған түнек тамына соңғы рет қарап:

— Хош, қаралы Хийўа, хош, қарабахана баспанам. Алдымызды алла ашсын, — деп, ат саўрысына шырп еткизип қамшы урды. Қара қасқа, яўмыты мингесиктиң салмағын писент етпей, ойнақлап, алға шапшыды.

Күндизги жибимтик түнге қарай қатар еди. Қатқалақта яўмытының аяқлары тақылдап қаладан асып баратыр. Ғарры

сейис те, қыз да ишлеринен алланы ядлап, қайта-қайта дуўа оқып баратыр.

Сейис базда-базда артына қарайды. Алмагүл оның белинен қапсыра қушақлап алған. Аяқларында зәңги жоқ, қызыл бояўға боялған бөз балағы түрилип, шерим геўиш аяғының ушына зорға илинип киятыр. Қудияр сейис аттың бир бап жүрисине қанаат етпей, саўрысына қамшылап жибергенде, қыздың бир геўиши түсип кетти. Алға қарай тасланған ҳәр бир қәдемди бахыт қәдеми деп түсинген қыз «геўишим түсти» демеди. Екинши аяғындағы геўишиниң түсип қалыўынан қорқып, көтерип қолына алды.

Түн жарпы аўған сайын Қудияр сейис асығады, атты қамшылайды, ол күйинип атты урғанда, қамшы ушы қыздың аяқларына шырп-шырп тийеди, бирақ сөйлемейди, тек болғаны «алла, алла, елге аман жеткер» деп қамшы тилген аяғын сәл көтерип қанын сыйпалап жибереди.

Таң қулан ийек болды. Еле Әмиўдәрья узақ. Олар Әмиўдәрьядан қалай өтиўди ойласпапты, дәрьяға жеткенде билди. Дарға өткере ме ямаса екеўи теңнен аттың қуйрығына асылып жүзе ме, ойланып билмеди, жетер жерде дарға жоқ. Суў қаймағы муз.

— Ыққа кетсек ел жақын, — деп гүбирленди сейис. Бул аның набада қуўғыншы шықса, жол таласпақшы болғаны, ығыракта Хожа елиниң тусында Әмиўдәрья жиңишкереди, соннан жүзермиз ямаса дарға табармыз деп ойлады.

Таң атты. Салқын самал ести. Қуяш шықты.

— Аға, артымызда шаң көтерилди! — деди қыз.

Сейистиң диңкеси қурып, аттан жығыла жазлап бойын зорға тикледи, артына бурылды, ҳақыйқаттан да қуўғыншыларға усады. Енди ол қара қасқаның басын тоғайға бурып, бас жүз демей қамшылады. Ат бар күши менен жорытты. Бирақ мингесикке әлле қашан болдырған еди, мамырлады. Сейис пенен қыз үмитсизленбеди. Ербекей тораңғыллықлар, жыңғыллықлар, шеңгелликлер кийимлерин илип жыртып, аяқларын тырнап қанатса да, қарамады. Сөйлеспеди.

— Шырағым, белимнен беккем тут, — дейди сейис болғаны.

Қалың тоғай иши менен Әмиўдәрьяны жағалап, Хожа елиниң тусына жақынлаған жерде күтилмеген алаңлыққа гез келди, бул жаман болды. Еки атлы қуйынлатып келип алдын кеселеди.

— Меҳрибаным, қурыдық. Тири қалсаң, мениң елиме сәлем айт. Бахтың ашылып маңлайыңа қуяш түсетуғын күн болса, мениң

жолыма бир ийис писир, қуран оқыт. Тири қалып адассаң, қуяшқа қарап жүриўди умытпа... — деди сейис.

Қыз оған жуўап берип үлгерген жоқ, қуўғыншылардың саўыт кийген, муртлы, ҳәр бети аўырықтай биреўи келе сала ғаррыға найза урып жоқары көтерди. Бийшара ғарры, найза ушында аяқлары селтеңлеўи менен, «ўай, сиңлим, елим...» деп зорға айтып үлгерди. Саўытлы қуўғыншы оны шанышқыға илинген балықтай қылып дәрьяның ийримли қайтпасына силкип жиберди, ғарры сейис самбыр етти, болғаны, ҳә демей-ақ қайнаўытлаған суў үстине бурқ етип қан көтерилди, сәлле асқабақтай сары шөгирме қан аралас суў үстинде қалқып, ығып кетти. Бул көринис Алмагүлди ақыл-ҳуўышынан айырды, аттан қулады. Екинши қуўғыншы оны шанышпады, аттан түсе сала жылан урғандай қылып, қолындағы найза сабы менен кериле бир урды. Қыз суўдан жаңа алынып қырға тасланған балықтай бир шапшып, дүстөменине жер тиследи. Аўзы-мурнынан лоқсыған қан қара жерди бояп жатты.

Саўытлы қуўғыншы, сейис қайтып шығатуғындай, суўға қарап турып-турып изине айналды. Гезегине қызды түйремекши болып оқталғаны, екиншиси иреў берди.

— Тийме. Бирин суўға таслап балықлардың пәтиясын алдық. Бунысын қырда қалдырып, ғарға-қузғынның пәтиясын алайық. Қарап жибер, тислери тилин кесип кетипти. Анаў қараўытқан тилиниң ушы емес пе? Бәри бир өледи. Айда!

Саўытлы қуўғыншы қара қасқа яўмытыны жетеледи.

Олардың қарасы батыўы мәттал, Алмагүлдиң төбесинде бир топар ғарға пайда болды...

## 26

Киши жүз үстинде урыс... кескинлескен... ғажжа-ғаж...

Қудай қырыңды алса, душпаның сырыңды алатуғын әдети. Барах султан топарының топылысы Абылқайырдың тәрепдарларын шыдатпады. Киши жүз елиниң пада-пада маллары, сүриў-сүриў қойлары айдалып атырғанда, жаўға төтепки берип иркиў былай турсын, Абылқайырдың нөкерлери «жан саўға» айтысып кейин бәсип, хан шатырына тығылып киятыр.

Хан қос өркешли үлкен қуба нар үстинде тикейип, урысты бақлап турыпты. Нөкерлериниң басқы таўып бәсип киятырғанына шыдамай, даўысының жеткенинше қыйқыў салды:

— Мениң суңқарларым, ортаңызда мен турман, атыңызды иркиңлер! Жаўға қарай алға! Ур! Қыр! Барахтың нөкерин, найзалаңлар! Қылышлаңлар! Қашпаңлар!..

Хан даўысы ири еди. Ат аяқларының дүрсилдилерин, қыйқыў-қыйғырықларды басып ҳәммеге еситилди. Алда бәсип киятырған нөкерлер атларының басын тартып, турған-турған жеринде иркилди. Излерине бурылып, қуўсырып келип қалғанларға қылыш урып қалқан тутты, найза салды.

Аласапыранлық туўды. Орта жүздиң әскерлери иннен шыққан қумырсқадай көбейип, алдында бөгет болып турғанларға аяўсыз қылыш силтеди, ғырш-ғырш найза руў, «аллалап» қылыш силтеў, биреўди аттан аўдарыў қызып кетти. Ханның жалғыз өзи нарда, хошаметкөйлери жерде, Нардың төрт аяғы менен тең, хан не айтса соны тыңлап, қуўанса қуўанып, жекиринсе жекиринип, қыйқуласа қыйқуўлап турыпты. Хан оларды қасақана нарға мингизбей, урыстың барысын көрсетпей, оларға өзи хабар айтып тур. Қандай жағдайда да олардың кейпин түсиргиси келмей, нөкерлериниң жеңетуғынынына исеними мол екенин қайта-қайта тәкирарлады. Хошаметкөй бийлер түйелерге минип қараўға ханнан баталмады. Ханның аўзында «Жеңис» сөзи изли-изинен тәкирарланғаны менен, оларда исеним кем сыяқлы. Деген менен, қыйқыўын жеткерип атыр. Хан шыдамай нар үстинде тепсинеди. Шыр-пыр, әлле қайдан жәрдем күтеди. Базда аспанға қарайды, тас төбеде самал менен қалқып баратырған қаралтым булттың жаўып қалыўынан ба, ямаса булт астынан қуяш жарқ етип, күтилмеген жақсылық етиўинен дәме ете ме, гә йошланып, гә тисленеди, гә мушын түйип кейинеди.

— Бәрекеллә, азаматлар! Ҳәр бириңизге бир гелле, сый, басыңлар! Шабыңлар! Бийлерим, киши жүздиң мәрт бийлери ҳәр нөкерге сарпай таярлаңлар! Әне, бизики урды, әне, бизики шапты...

Хан шегинбегени ушын ҳеш ким шегинбеди. Ыңқ-ыңқ қан төгиспе болып атыр. Қаңғыған атлар, қалпақтай ушқан нөкерлер менен ҳеш кимниң иси жоқ. Атлы ат үстиндегиге топылады...

Хан оң қаптал тәрепинен бир бөлек булттай атлы көрди. Жүреги суў етти. Ишинен: «Булар бизди қоршалаған екен» деди. Анықлап қарап-қарап, алдында киятырған Айғара бий менен Седет керейди таныды. Тағы да алысырақ көз жиберди. Үшинши атлы Маман бий еди. Ханның тула бәдени қалтырады. Әне, қандарлар енди киятыр. Жаў жағадан алғанда ийт шалғайдан асылады. Әззилегенимизден пайдаланып, қысыўға киятыр.

— Бийлер! — деп төмендеги бийлерге қарады. — Қараңлар, анаўлар кимлер?

— Бизге жәрдем! — деп шуў етип қуўанысты бийлер.

— Ханымыз, кеширерсиз, — деди бийлердиң бири. — Сизиң атыңызды сатып қарақалпақлардан жәрдем сораған едик

— Жәрдем болмай шықса не қыласаң, ладан! — деп жекиринди хан.

— Албырамаңыз, ханымыз, — деди әўелги сөйлеген бий. — Улыңыз Нуралы менен ойласқанбыз.

Хан сөйлемеди. Еки жүзлеген атлысы менен киятырған Маман бийди баслап келген Айғара бий Абылқайырға қысқа сәлем берип:

— Елин постырсаң да дослық жүрегин қолына услап Маман бий келди. Жаўыңызға қарсы шабыўылға руқсат етиңиз, — деди.

Абылқайырды намыс қысты ма, ямаса қуўаныштан ҳуўышы кетти ме, аяғына тик тура алмай жығылды. Жерге шүй төбеден қулайжақ еди, қуба нардың аяқларына сүйенип, қоршап турған бийлер ханды қақшып алды. Бири келип ханның бетине суўық суў қуйды, хан тез-тез көзин ашты, қайта дарға минди. Ҳалықлап сөйледи.

— Айғара бий, айт, қарақалпақ мәртлери мени кеширсин!

— Айтылған! — деди Айғара бий.

— Маман бийдиң орыс патшасынан алған жарлығы менде, жеңис пенен келсе, ақ көкирегимди ашып қайтып беремен, — деди хан.

Ханның жаны көзине көринип, жандалбасалықтағы илажсыз ўәдеси екенине ҳеш ким баҳа бермеди.

— Жигитлерим, дослық ушын қан төгиў — саўап ис, — деди Маман бий өз нөкерлерине қарап. — Басыңлар алға!

Көпшиликтен Кеўлимжайдың «хан, итке сүйек тасладым деп, ойлама» деген даўысы шықты. Ҳәмме дуў күлисти.

Маман алға, жаў үстине қарай шапты. Изинен жигитлери гүў ат қойды. Киши жүздиң нөкерлерин жүдә көп жан қыйнамай-ақ баспалатып баратырғаны ушын жаў арқайын еди, жәрдем келгенин көрип шыйрақласты. Урыс қайтадан шийеленисти. Мылтықлар атылды. Аттан ушып түсиўлер жийиленди. Ийесиз қула далада басын алып қашқан атлар көбейди.

Жаў басқы тапты. Кейин бәсти. Айғара бий менен Седет керейге дерек жигитлер Маман бийдиң атлылары менен араласып жаўды қуўып кетти.

Хан бул көриниске жүдә мәс.

— Түйелериңизге минип қараңлар! — деп буйырды жердегилерге. Бийлер шалт жуўырысып, тайын түйелерге үшеў-төртеўден минди, жаўдың қалай қашып баратырғанына жүдә қызығыўшылық пенен қарасты.

— Халық, халықтан батыр деген усы, ханымыз, — деди хан менен қатар турған нардың үстиндеги бийлердиң бири, — дослықты бәржай етиў ушын ортаға көмилген шеңгел ҳәремниң тикенеклерин маңлайы менен ысырған қарақалпақ бийлерине рахмет. Бул ушын өзимиздиң ақылы зийрек Айғара бийимиз бенен Седет керейди қалай сыйласаңыз арзыйды. Өзиңиз тәрепинен қарақалпақлардың көзине суғылған ийнелерди усталық пенен ала билген қазақтың дана бийлериниң алдына бас ийерсиз, ханымыз.

Хан еситпегенсип, маңлайына алақанын көлеңке қылып, тура берди. Ханды тырнап сөйлеп турған бий хан тәрепине бурылмады, душпанларды қуўып баратырған тәрепдарларынан мақтанышлы нәзерин аўдармады.

Олар усылайынша алға қараў менен, арт жағынан гүўлеп киятырған мыңлаған атлыны абайламады. Бири көрип қалып:

— Анаў қайсы атлы дегенде, ҳәмме албырасып қалды. Қорқақлары нарларынан секирип түсип, қырғый көрген шымшықлардай жыңғыллықлар арасына бүгежеңлеп қашты.

Келип қалғанлар Барах султанның мың атлысы еди. Оларды танып жаны көзине көринсе де, тәрепдарларына сыр бермеў ушын Абылқайыр хан қашпады, қолына туўды алды.

Жаў атлылары Абылқайыр ханды қоршап алды, хан менен бирге нарларынан түспеген бийлер де қоршаўда қалды.

— Абылқайыр, жық туўыңды!

Абылқайыр хан үндемеди.

Буйрық екинши мәртебе тәкирарланды.

Абылқайыр және үндемеди.

— Соңғы рет буйыраман, Абылқайыр, өз қолыңнан жық туўыңды!

— Ханның туўы — ханның геллеси, жығылмайды! — деди Абылқайыр хан нық.

— Жигитлер, көтериң найзаға!

Абылқайыр хан туўын қушақлаўы менен, жигирма-отыз найзаның ушында, аяқлары сәллеңлеп, «Жигитлер, туў еле жоқары да» деп, бақырды... сап болды.

Абылқайыр ханның денеси Султан Барахтың алдына тасланды. Султан Барах геллесин кесип ат дорбаға саламан дегенше, Абылқайырды паналап қалған хошеметкөй бийлердиң де биразы найза ушларында бир баў пишендей аяқлары сәллеңлеўи менен, марданға тасланған балықтай бир шуқанаққа суўынлана берди.

— Жәнибек тархан, анаў бийбастақ атлыларға бар, аяма!

Султан Барахтың буйрығы менен Жәнибек тарханның басшылығында бес жүзлеген атлы бөлинип, қарақалпақ атлыларына қарай шықты.

Жәнибек тархан менен Маман бий бир-биринен хабарсыз еди. Олар үшинши күни хан аўылынан бир күнлик жолдағы гөне сайдың бойында ушырасты.

Маман бийдиң жарақлы атлыларын көрип Жәнибек тархан ләшкерлерине «тоқтаң» деп буйрық берди ҳәм бир түрдеги ақ ат минген қос жигитти елшиликке тайынлады.

— Өтетилеў тархан, — деди Жәнибек тархан ақ атлының бирине, — Қарақалпақларға айтып барыңлар. Жарағына исенбесин, туўын жықсын. Буйрықты қабыл етпесе, қарақалпақ болып туўылғанына пушайман жейди. Абылқайырына исеними бар болса, геллеси Султан Барахтың ат дорбасында, ериниң басына қыстырыўлы дегейсиз.

Айғара бий, Седет керей, Маман бийдиң жигитлери еле бирге еди. Қарсыласып киятырған бийесап атлыларды көрип иркилди ҳәм олардың қандай етип топылыс жасайтуғынын узақтан бақлап, жигитлериниң азлығын билдирмей, жән-жағынан топылыў ушын оларды қалай бөлшеклеўдиң жолын гөзлеп тур. Ақ жалаў менен киятырған қос атлыны көрип, күтиўге мәжбүр болды.

— Сөйлесейик, дурыслық болса, келисермиз, — деди Айғара бий.

Ақ ат минип ақ жалаў көтерген қос елши атларының басын шекшийтип тартып, қатар турған Айғара бий, Седет керей, Маман бийлердиң қарсы алдына он қәдемдей жерде иркилди ҳәм Жәнибек тархан не деп жиберген болса Өтетилеў тарханы соны айтты.

«Қарақалпақ болып туўылғаныңызға пушайман жейсиз?...» деген ништерли гәпке Маман бийдиң буўынлары сырқырап кетти.

— Бадабат салып, көплигине исенбесин, — деди.

— Жәнибек тарханның бул сандырағы өлим алдындағы сандырағы болса керек, — деп Айғара бий Маманның кеўлин жубатты.

— Ақылсыз буйрық — жан қаслық. Урыс майданын белгилесин! — деди Седет керей қызып.

— Әй, қазақтың сатқын қузғынлары — деди Өтетилеў тархан. — Сизлерге не жоқ? Жыласа, қарақалпақтың баласы жылайды, өлсе солар өледи. Султан Барахтың ҳамирин тәрк еттирген сиздей намыссызларға қазақ ели күлмей ме?

— Казақ ели сиздей адамгершилик ҳүжданы жоқларға күледи, — деди Айғара бий. — Пүткил Киши жүз қазағының малын айдап, баласын жылатпаға келген қазақтың қазаққа дослығы ма?

Елшилериниң кешиккенлигине парасатсызланғанлықтан ба ямаса оларға исенбеди ме, омыраўлы көк жал бедеўин ойнатып Жәнибек тарханның өзи жетип келди. Жигирма қәдемдей жерде иркилип елшилерин қасына шақырды. Дем алыўға кеткен Султан Барахтан Абылқайырдың геллесин сорап алып шыққан екен, дорбасы менен найзаның ушына көтерип:

— Қалай қарайсызлар? — деп мақтанышлы сорады.

— Асықпаңыз, Жәнибек тархан. Өз геллеңиздиң дорбаға түсиўине көп ўақ қалған жоқ, — деп салды Маман.

— Маман бий бизиң кеўлимиздегини айтты, — деди Айғара бий менен Седет керей даўыс қосып.

— Сизлерди гелле қылмай тынсам, атамның төли емеспен, — деп Жәнибек тархан көк жал бедеўин жедел менен изине бурып, шаўып кетти.

Арадан көп ўақыт өткермей есапсыз атлы менен қайтып келди. Урыс қайтадан қызды. Бир-биреўди аяў болмады Киши жүздиң басқы тапқан ләшкерлери қайтадан жанланды. Биресе Киши жүз қуўды, биресе Орта жүз қуўды. Тыным жоқ. Түнде де тыным кем болды... Киши жүздиң халқы қанша бүлинсе де шыдап бақты, намысты қолдан бермеди. Баласынан ғаррысына шекем урыс майданында болды...

Султан Барахтың ләшкерлери таярлықлы еди, ақыр-аяғында жеңиске еристи. Бирақ Киши жүзди толық бағындыра алмады. Бағындырған жағына шекти руўынан Ералы дегенди хан көтерип, қайтты. Урыс тоқтады... Киши жүздиң жарты жағы өз ханлығын сақлап Абылқайырдың улы Нуралыны хан көтерди.

Солай етип, Киши жүзде еки хан пайда болды.

Айғара бийлер, Седет керейлер, Маман бийлер Нуралы ханға қутлы болсынға келип, әкеси Абылқайырдың берген ўәдесин ортаға салды. Маман бий «Уллы үмит қағазын» таўып бериўди өтинди.

— Ҳәр ким өз тусында хан, мениң ўәдем енди басланады, — деди Нуралы, болғаны.

Маман бий шыдамай, бас бармағын тислеп, тырнағы менен қоса қан түкирди, бирақ оны сезбеди. Буннан Аманлық ғана хабарлы еди. «Бийшара, алжасқанын жаңа түсинди. Жазықсыз геллелердиң обалына қалып баслап келди, я қолында «уллы үмит қағазы» жоқ, я әкелген жигитлери түўел емес. Қыйын...»

Исенген Нуралы ханның солай дегенин еситкен қарақалпақ жигитлериниң бәринде алаўызлық басланды. Басшысы Маманға қарамай қайтпақшы еди. Аманлық оларға кеңес берген болды:

— Жигитлер, өз бармағын өз тисине қыйдырған жигиттиң баўырына қурт болмайық, шыдайық.

Олардың абыржыўын сезген Айғара бий менен Седет керей келип, ҳәммеге қол қаўсырып бас ийди:

— Әпиў етиңиз, жигитлер. Әўелги дегершектиң изинен соңғы дегершик жүретуғынын билмеппиз. Хызметиңиз ушын алла ҳүрмети. Өлсек бир шуқырмыз, тири болсақ бир төбемиз, қарақалпақ азаматлар. Мениң сөзимди барлық саҳрайы пуқара қазақтың ыссы жүрек сөзи деп түсиниңлер. «Уллы үмит қағазы» деп алжастырған болсақ, кешириңиз, сизлер ушын алдыңызға өз геллемизди қоямыз...

Айғара бийдиң бул гәплери тас баўырларды жибитти.

Қарақалпақ жигитлери өз ара көзқараслары менен пикирлесип:

— Әпиў еттик, — дести.

— Туўысқанлық жәрдемиңиз бенен Киши жүзде бул қурлым ярым ханлық қалғанына шүкир. Түбинде бар оңалады. Ийин тиресемиз еле.

Жақсы сөз — жан азығы. Жигитлер мийнетиниң баҳаланып, қазақтың атақлы бийинен алғыс алғанына кеўилленди.

Маман бий тислеп алған бас бармағын ақ шүберек пенен таңдырып изиректе тур еди.

Айғара бийдиң жақсы сөзине жигитлердиң кеўиллери жибискенин сезип алға шықты:

— Айғара ата, қалай деген менен қолдан жарақ таслайтуғын ўақыт емес.

— Усындай қәўиплерге ким айыплы екен? — деди Седет керей.

Айғара бий иркилместен жуўап берди.

— Ҳәмммениң көкирегине жақсылық нурын тең қуймаған, бир қудайдың өзи айыплы.

— Сонда қудайға не түседи екен? — деди биреў. Бул сораўға ҳәммеден алдын Кеўлимжай жуўап берди.

— Соның ушын да ол қудай. Егер әдил болғанда қудай, қудай болмас еди...

— Жақсы, жигитлер, көп бәсекиден пайда жоқ, тарқасайық, — деди Айғара бий. — Абылқайырдың баласы Нуралы хан алдай берсе, адамгершилигимизди көрсетемиз.

— Көрсетемиз, — деп Седет керей оны хошлады.

Ҳәмме қайтты.

Айғара бий Седет керейлер өз жигитлери менен аўыл-аўылларына тарқасты.

Маман бий өкинишли болғаны менен, жигитлериниң жәмлескен күшине, аз да болса көп ләшкерге төтепки бере билгенине қуўанышлы еди, жасырмады:

— Жигитлер, таң қаларлық күш көрсеттиңиз. Айбатыңыз Жәнибек тарханның астынғы ернин тистеткенин көрдим. Енди жән-жақтағы шашырап жүрген қарақалпақларды жыйнайық.

Маманның бул пикирине жигитлери қарсылық етпеди. Ишкирне, өжет Шамурат бий де «мақул» деди.

Даңқ деген нәрсе — бул адамның душпаны. Оған жетиў ушын Абылқайыр хан, Султан Барахларға шекем де талайтың өзи келмейди, биреўлерден келеди. Абылқайырдан даңқты тартып алыў ушын Султан Барахлар қанша гелле қыйды, қан төкти, өзлери де жулған таўықтай болып қалды. Пәр шығып қәддине келемен дегенше көп ўақыт керек.

Қарақалпақ бийлери мине усылар жөнинде әңгиме қылысып, ҳәзирше жаў топыла алмайтуғынына исенисти. Оның үстине бәҳәр тақалып қалды. Өмир ғалмағалы ҳәммени күтип тур. Маман бий жас үлкен, жас киши бийлерди жыйнап Ырысқул бийдиң үйине ертип келди. Қарақалпақларға тән қәдимги ўарра-ўарра басланды. Лекин бул сапары ўарра-ўарра жыйнақлы басланды. Елдиң ертеңи ойласылды. Әўели, ҳәр жаққа пытырап кеткен қарақалпақ аўылларын көширип әкелип бир жерге жыйнаў жөниндеги Маман бийдиң пикири бас мәселе болып ортаға салынды. Ҳәр бийдиң пикири тыңланды. Бәлким, иште бүкпей сақлап қалғанлары болған шығар, бирақ көпшиликтиң дүмпиўине наразылық билдирген адам болмады. Ҳәр тәрепке атлылар белгиленди. Хорезмниң қарақалпақларына барып қайтыўды Ырысқул бий өз мойнына алды, ат қосшылыққа Алиф Қарабай Қара баҳадырдың улы Ғайып

баҳадырды сорады. Бухара тәрепке Есим бий бас болып барыўға келисти. Сырдәрьяның жоқарысына — Жунғар қол астындағы қарақалпақларға Хелўет тархан баратуғын болды.

Елдиң басшылығы Маманға тапсырылды. Ҳәзирги күнде елдиң басында ғайбар жигит турмаса болмайтуғынын дәлиллеп, буған тилек билдирген Ырысқул бий:

— Егис келди. Қуўандәрьядан жап шығармаса болмайды. Оның үстине, бул саҳрада жаралы қасқыр көп... — деди.

...Нөкерлердиң тәғдири ҳаққындағы ойласық жүдә көпке созылды. Биреўлер оларды биротала тарқатыў тәрепин жақлады, екиншилери қарсы шықты, үшиншилери бала-шағалы, шаңырақлы жигитлерди жыл үмитинен бос қалдырмаўдың тәрепдары болды, пикир айтыўшылар көбейди. Неликтен де, ким сөйлесе де гәпиниң изине бәнт баспай Маман бийге жалт қарап, өз пикириниң бәнтин сол басыўынан дәмеленди. Ҳәттеки, Ырысқул бийге шекем шешимли ҳеш нәрсе демей, Маман сөйлесе, соның пикирине дужырымлы ой деген жуўмаққа келейин деп отыр. Усыны билип Маман сөйледи:

— Пикирлериңиз дурыс, төрелерим, — деди ол. Оның даўысы ириленип, қалың қара мурт шыққан еди. Муртын сыйпалады. — Шыбын аңқаўдың аўзын аңлыйды деген гәп бар. Аўызға шыбын қонса, қустыратуғынын бәриңиз билесиз. Сол ушын елиў нөкер қалдырайық, басқасы тарқатылсын. Жыл үмитинен бос қалмасын.

Қайшы пикир айтылмады.

Келеси күни нөкерлердиң баспанасы барлары үйли-үйлерине тарқатылды. Астына ат тийип жетимнен нөкер болғанлардың көпшилиги қазыўға белдар деп саналды, еплилери бир-бири менен шериклесип бәҳәрги егиске жер таярлап, уўытын таўып егин ексе руқсат етилди. Жетимлерден ҳәм бий, бай балаларынан қайнақай азыўдай елиў атлы елди жаралы қасқырлардан қорғайтуғын гүзетши болып қалды.

Елиў нөкердиң мәкан жайы Жаңакент болсын деп келисилди...

* * *

Ақбийдай Аманлықтың қайтып келиў-келмеўин уўайымлап және азып кеткен еди, оның қара ат үстинде ыржыйып күлип киятырғанын көрип алдына қустай қанатлап ушты:

— Сағындың ба, бегим, мен сағындым!

Аманлық аттан түсип ҳаялын қушақлап, ири қоллары менен жаўырынын сыйпалап, өсик муртларын бетине басып аймалап атыр.

— Ендиги жағы парахатшылық болармекен, бегим?

— Аспаннан қашанғы қурбақа жаўар дейсең, болар шабазым, болар. Жақсылық қалай, күле ме? Ҳаў, мынаў маңлайыңдағы не тыртық?

Кетерде өз қамшысының ушы тийгенин ол .умытқан екен, Ақбийдай есине салмады.

— Жыңғыл түбирге сүрниктим, бегим, — деди.

— Әх, нәлетий түбирлер! — деп ол ҳаялының алдына түсип ылашығына баслады. — Жақсылық қайда?

— Ҳәзир көзи илинди, бегим, отын майдалаўға шығып едим. Қарасам, жаныўар қара атың, үстинде сен! сен!..

Гөбелеклеп жүрген ҳаялдың ҳәрекетлери Аманлықты йошландырды. «Қап қолласатуғын ҳаялым бар екен» деп ойлады.

Есиктен кириўи мәттал, әкесиниң аяқ дүрсилин сезгендей Жақсылық шоршынып шырр етти. Ерли-зайыплы теңнен асылды. Екеўи тең отырып, былқылдап атырған бөпениң бир қолын әкеси, екинши қолын анасы услап, ҳәр ким пайына тийген жағынан нәрестени шорп-шорп сүйди. Ҳәр сүйген сайын Ақбийдайдың қаймақ еринлери дирилдеп, көзлеринен пырт-пырт жас төгилди. Қуўаныш жасларының көп аға бергенин қәлегендей Аманлық оған тәселле бермеди.

Ертеңине Аманлық аўыл еркеклери менен Қуўандәрьядан сағa алатуғын Жаңажаптың қазыўына кетиўге таярланды. Қәне, әсбап табылса. Ел де жетиспейди, Аманлық атлы кетип қоңыратлардың гөне журтынан қырғыштай бир кетпен таўып, биреўлерге жалбарынып бел әкелди.

Ериниң ҳәр бир қыймылына бағып, бет-әпшеринен ишки қыялын оқыйтуғын ҳаял оның усы қуўанышы үстинде Алмагүлди еследи: «Әттең, қуўаныш ярым, қайғы пүтин шығарылған. Ошақ басымыз түўел болғанда ма?... Бийшара, шексиз қуўанар еди». Оның бул ойы ишинде қалды...

Жақсылықты шетке шығарып, арқандай есилип уйқылап атырған ерли-зайыпты таң алагеўгимдеги Маманның даўысы оятты.

— Адамлар, турыңлар! Күн шығып кетти!

Күн шыққаннан соң, турған адам, қудай ырысқы бөлистиргенде кешигеди деген раўият пенен ҳәр күни усылай жаршы қышқыратуғын еди. Бүгин өзи бақырып жүрипти. Ерли-зайыплар ушыпушып түргелди. Тез-тез жумысларына тарқады. Аманлық белин тақымына басып ат үстинен улын бир сүйип, қазыўына жөнеди. Ақбийдай өйтип-бүйтип үй гүмирашылығын тамамлағанша күн шықты... Жақсылығын жаўлығына салып, арқасына таңыўы менен, тоты ысылған қырғыштай кетпени азанғы қуяшқа жалт-жулт етип, жер ашыўға кетти...

## 27

Аманлық пенен Ақбийдайдың қуўанышын ярым қылып кеткен Алмагүл Әмиўдәрьяның Хожа ели тәрепиндеги жағалаўына жығылған жеринде қыймылсыз еки күн жатып көз ашты. Аўзымурнынан лоқсып аққан қанды шоқып атырған ғарғалардың дүрлеп ушқанын көрип, ҳаўлыққанынан не болғанына түсинбей және есинен танды. Нешинши күн екени өзине нәмәлим, сәске гезинде сәл өзине келди. Жер таянып тикейди. Жән-жағына қаранды. Дүт тоғайды қақ жарған үлкен дәрья бойындағы кең алаңлықта жатыр. Түргелип, жалтыраған суўға қарады. Тамырлары шошайып ығып баратырған бир тораңғылды көрип қорқып кетти: Қудияр сейис есине түсти. Көзин басты. Оның соңғы нәсият сөзлери қулағында гүўилдеди: «Меҳрибаным, қурыдық... Тири қалып адассаң, қуяшқа қарап жүриўди умытпа...»

Ол жаңа ғана ғаз-ғаз басқан баладай қалт-қалт етип, еки көзин қуяштан алмай, аспанға қараўы менен апыл-тапыл жүрип кетти... Тораңғылларға дүкти, шеңгеллерге сүрникти, томарларға абынды, түйесиңирлерге оратылып жығылды. Бирақ бағытынан қайтпады, қуяшқа қарай кетти...

Азанда күн шығысқа, түсте қублаға, түстен кейин күн атарға қарай баратыр, баратыр... Қанаты сынған қырғаўылдай басын тығарға пана таппай, жампаңлап баратыр, баратыр...

## 28

Некен-саяқ уры-өтириктиң хабары еситилгени болмаса, 1750-жылға шеким, елди гүйзелиске түсиргендей ғаўға, даў-жәнжел сырттан да, иштен де болмады. Быйылғы жылдың төрт мәўсими парахат өтти. Қуўандәрьядан алынған жап суўлы болды, қысынып-қымырыла гүзге жеткенлер пәраўан қыс азық алды.

Маман бий бурынғы гүрең атын өзгертти. Мурат шайықтың ақ бозының тұқымынан бир дөнен минди. Ақ боз дөнен менен ел арасында шабысы-шабыс. Гә дийқанлар арасында, гә шарўалар арасында.

Ол, әсиресе Жәнибек тарханлардан қәўипленеди. Журттың қолын суўытып алмаў ушын ол туўралы ҳеш кимге айтпаған менен, уўытын тапса Жаңакентке шабады. Бул жерде Ғайып ханның бурынғы жайын мәканлаған нөкерлер арасында болып, олардың қырағылығын арттырыў ушын ҳәр сапары бир жаңа гәп таўып келеди. Олардың тек ел қорғаўдан басқа ис пенен машқул болмаўын ескертеди. Сораўлар береди:

— Елге не қәўипли?

Әўелги күнлери нөкерлер бир аўыздан «ашлық қәўипли» дейтуғын еди, енди «билдирмей келген сыртқы жаў қәўипли» дейтуғын болды.

Маман бий олардан бүгин де усы жуўапты алды, бирақ, Жәнибек тарханнан қәдиги барлығын жасыра бериўге шыдамы жетпеди.

— Есиңизде ме жигитлер, өткен саўашта Жәнибек тархан не деди? «Сизлерди гелле қылмай тынсам атамның төли емеспен!» деди. Қазақтың бир сөзли өжет султаны қай-ўақ-бир-ўақ оралады.

Бул нөкерлерди Шамурат бий басқаратуғын еди, Маман бийди ишинен жек көргени менен қарсы даў айталмайды, себеби өз нөкерлерине исенбейди. Олардың арасындағы Кеўлимжай, Бектемирлерден айбынады: «Жалаңаштан кийингенлер қудайға сыйынбаса да, Маманға сыйынады». Ол өзиниң усы ойына оратылып, Маманның сөзин сөйлейди. Нөкерлеринен бурын Маман бийге дәсме-дәс жуўап береди.

Олар Жәнибек тарханнан туўатуғын қәўип жөнинде пикирлесип, нәўбеттеги машқы ушын Жаңакенттен атланып баратырғанда, қарсы киятырған Ырысқул бийге дуўшарласты. Ғарры бий бурынғысынан да азғын, аты да болдырған еди, жигитлердиң томп-томп аттан түсип атырғанын көрип, ат үстинде өзин қуўнақ тутты, қол қуўсырып келген Маманға ат үстинен қол узатып:

— Жигитлер, ҳәммеңизге, ҳәммеңизге Хорезм шуқырының қарақалпақларынан сәлем, — деди.

Қара баҳадырдың улы Ғайып баҳадыр узақ сегбирден шаршап киятырғанына қарамастан, атынан ырғып түсип, жигитлер менен алмагезек қушақласып шықты. Олар бүгинги машқыны қойып,

топары менен изге, Жаңакентке кирди. Нөкерлердиң жайда қалғанлары чай, суўсын, аўқат келтирип атыр...

...Ырысқул бий Ғайып баҳадыр менен Хорезм ханлығы қол астында, бурын Сырдәрьяны жағалаған, Жаңадәрья бойларын мәкан еткен қарақалпақ тайпаларының көпшилигинде болды. Есенгелди бий Шердалы бийдиң руўы менен қатнас жасайды екен. Қонысласқан жерлери де қолайлы. Үш жағы теңиз, дәрья, бир жағы қурғақ. Жаў жылдың төрт мәўсиминде тең қәўипли емес, қурғақ тәрепке гезен қурғызып нөкер қойса, жаў келе алмайды, тек қыста қәўипли екен. Ырысқул бийге бул мәкан унады, бирақ Есенгелдидеги, басқа жас үлкенлердеги өзгерислер унамады. Олар ҳәзирги қонысынан табжылмаў былай турсын, Хорезмше кийим кийиўге еликлепти. Матам қалпағы орнына көбиси құраш кийген. Тиллеринде майлылық бар сыяқлы. Көп ҳәрекетлери жорта исленип атырғандай түйилди. Сонда да Есенгелдилерди Сыр бойына қайта көшиўге, бирликти сақлаўға үгитледи.

— Көшпеймиз, Ырысқул ата, — деди Есенгелди бий кескин. — Өрге түпире берип өз бетимизди өзимиз жағаллап болдық. Хийўаға бараман, елге баспана аламан.

— Хийўа ханы түпиремен десе, бетиңди жуўып тутасаң ба? — деди зилли Ырысқул бий.

— Өрге қарай түпирмеўге серт айтқан адам қалай барса, кейпи геллесинде.

Ырысқул бий оны және үгитледи, ең болмаса үлкен мәканға жаў топылғанда жәрдем етип турыўды соранды. Есенгелди бийден нан писире алмады. Жаңадәрья бойларын жайлаған Убайдулла бий аўылында көп күнлер мийман болды. Бул ел бираз қурғынласқан. Убайдулла бий Орынбай атлы жалғыз улының атына қала салдырыпты. Убайдулла бий Ғайып ханның өлгенине жүдә қуўанышлы екен. Абылқайырханның өлгенин еситип әбден шад болды. Усы мәканнан өзгермей-ақ, төменги қарақалпақ елине жәрдемин аямаўға, егер, Есенгелди бий айтқанына жүрмесе, Шердалы бийден қалған маңғытларды жыйнап, керек ўақтында жаўына қарсы нөкер жибериўге ўәде етти...

Ырысқул бий усы болған әңгимелердиң ең жақсы таманларын гәп етип, Есенгелдиниң жарамас сөзлерин ишинде сақлап отыр.

Ғайып Баҳадыр жақсылық етип, Ырысқул бийдиң бәрин айтпағанына шыдамай, шыбжыңлап, үлкен бий жигитлерге руўх бериў мақсетинде, оларды көбирек мақтап, Хорезм қарақалпақларынан

болатуғын жәрдемди бөрттириңкиреп отырғанларына хошаметши болайын деди ме:

— Олардың мәканы биз сыяқлы посқан ғәрип-қәсерге қолай мәкан екен, — деп салды.

— Былшылдама! — деп жекиринди Ырысқул бий. — Өлместен бурын өлип, елинен шығынған нәмәртлердиң изинен көшиў — суў көрмей етик шешкен, жаў көрмей аттан жығылған қатын-ердиң иси.

Ҳәмме жым-жырт болды. Шамурат бий Ғайып баҳадырға бурылып «соң сөйлесермиз» дегендей ым қақты. Ырысқул бий ойланып сөйлеп, көп үмитли гәпин даўам етти, бирақ Есенгелдиниң гәпин ел басшыларынан жасырыў — олардың арқасын бәҳәрги муз дийўалға сүйеген менен барабар болатуғынын билгенликтен, кеште Маман бий менен Шамурат бийди ерек шығарып, ырасын айтты.

— Есенгелди өзгерген. Өрге түпиргиси келмейди, ол жақтан исеним кем, — деди.

Маман бий күтә ашыў менен бас шайқады, тисленди, қайта-қайта муртын сыйпап, бир нешше мәртебе қозғалып отырды.

— Өрге түпириў, өрге түпириў!..

Шамурат бий оның усы сапарғы тисленгенинен айбынбады.

— Бир есаптан Есенгелдиники дурыс, — деди.

Ырысқул бий оны шайнап таслағысы келгендей көз алартты. Маман бий ашыў менен қабақ шытып, Шамурат бийди алакөзлери менен атқылап, үстине от басқандай қылды. Шамурат бийге булар кәр етпеди, сонлықтан қарсыласпады. Ўәделесип қойғандай-ақ, ертеңине Есим бий пайда болды. Бухара қол астындағы қарақалпақлар да қолынан келген жәрдемлерин аямайтуғынын айтып жиберипти, лекин елин қозғамаўды өтинипти.

Олардың келиўинен дәмеленип, көп үмит пенен жүрген жигитлерге бул хабарлар күш берген менен, қазанға түспеген астан ишемен деп дәмеленгендей, тек тамақларын кептирди.

Бирлик артыўдың орнына, қысқа қарап Шамурат бий ҳәк ашты. Қоңыратлардың арын арламай, Есенгелди бийдиң сырттан сайып күстаны қылғанлар менен жәнжел көтерди.

— Маманды тыңламаймыз, — деп шықты.

Соры қайнағанның қаўынын бәрҳа қуяш урып, қасқа қыла береди екен. Алаўызлыққа төрелик берилип үлгермей, елдиң тынышлығы бузылды... Таңға жақын Жаңакентти үш мыңлаған жаў

нөкери қоршады... Булар Жәнибек тархан нөкерлери еди. Ел басына және күн туўды. Қала менен әтирапының халқын жәмленемен дегенше, нөкерлерин жаў алдына шығарыў орнына, Шамурат бий ықлап қаладан шықты. Өзине дәрек руўды көшириўди баслады. Ырысқул бул қорлыққа шыдамады. Ғайып баҳадырды қасына шақырып, хәмменің көзинше Шамурат бийдиң аяқ-қолын байлап әкелиўге, урыс питкенше дәрўазаға байлап қойыўға буйрық берди.

Ғайып баҳадырдың жас болғаны ушын ҳәлсизлик ететуғынын билип бул буйрықты Маман бийдиң өзи бежерди. Шамурат бий Жанакент қаласының дәрўазасына таңып тасланды.

Ҳәмме жаўға атланды. Ырысқул бий баслады.

— Әй, Жәнибек тархан, аз ғана ўәжлесейик, — деп алыстан бадабат салып, қапталындағы Маман бийге сөйлеп баратыр.

— Маман балам, бир нәсиятым бар, усыннан жеңилсеңиз, қопаға кеттим деп арсынба, елди Хорезмге қарай, Есенгелдиниң изинен баслай ғой. Басқа илаж ҳәзир жоқ. Пүтин бүйреклилик жақсы. Сонда орысқа елди пүтин қосасаң. Биз орыстан жаманлық көрмедик. Орыстың мылтығы халықтың атын шығарды, бизлерди бендешиликтен азат қылды. Айтарым алдындағы қойыңа қасқыр шаптырмай түўел баққан шопанды журт жақсы шопан дейди, өсирип баққан шопанды дана шопан дейди. Бул заманда дана болыў аўыр, жақсы шопан болыўға талаплан, балам. Басыңа қанша зүлмет түссе де, тирилердиң басын бузба, елди, өзиң жарлық алған орыс патшасына түўел тапсыр, досты — достына қос, балам. Базда елиңе тириден өли пайдалырақ. Қоңыратыма қәдирим қашқан адамман. Ағайинлерим, туўысқанларым қашырды. Усыннан өлсем, көбиси өкинеди, табытыма барлық қоңырат ереди. Егер, жазатайым пайманам толып қазалансам, Қоңырат елине «Ырысқул бий өлди!» деп атлы жибер. Ғайып баҳадырды шаптыр, изин көресең...

Ол сөйлеў менен жаўға жақынласты. Мыңлаған атлысын баслап турған қос атлының бири Жәнибек тархан, қартаң қоңыр атын ғырс-ғырс жорттырып киятырған Ырысқул бийди көрип, алыстан қыйқыў салды:

— Ғарры қошқар, бизге Маманның геллесин өзиң кесип берсең, сарпайымыз бар...

Ырысқул бийдиң тула бәдени дирилдеп, атының жүрисин босаңлатпаўы менен Жәнибек тарханға найза ылақтырды. Гөзлегени қәте кетпеди, қос атлының бири қулады, бирақ бунысы Өтетилеў тархан еди. Жәнибек тархан жигитлерине қыйқыўлап алға тәп

берди. Көк жүрмелиниң пәти менен келип, Ырысқул бийди атынан аўдарып алдына өңгерип әкетти.

Урыс қызып кетти...

Маман бий әлле қашан-ақ, Аманлық пенен және үш жигитти ябы, қытай, кенегес, жалайыр аўылларына атландырған еди. Ғайып баҳадырға даўыслады:

— Шап қоңыратлыларға!..

Ғайып баҳадырдың думалақ қоңыры қайшы қулағын керип қулдыраўы менен көзден ғайып болды.

Урыстың үшинши күни барлық ел тик аяққа минди. Қытайларды баслап Шәрийпа келди... Ырысқул бийдиң айтқанындай, пүткил Қоңырат уллы бийиниң қәдирине енди жеткен бе, көкирегинде жаны бары гүўлеп жаў алдына шықты. Кимде таяқ, кимде балта, кимде бел... Қоңырат руўының ҳәр бир түп жыңғылына шекем келген жаўдың көзин аштырмай шырпылдап тийди...

Бир ҳәптеге бармай жаў кейин шегинди.

Жеңис қолға кирди.

Шамурат бийдиң қолы шешилди...

Маманның түсинигинше жеңистиң еки түри бар: тосыннан жеңис, күш пенен жеңис. Ол усы сапарғы жеңисти әўелгисине жатқарды.

Шабыўылшылар бәскен менен олардың және оралатуғыны тақыйық. Енди топылса, халыққа келтиретуғын апаты, ақыбети де мәлим. Сонлықтан, Маманның бул жеңистен кейин де кейпи дүзелмей, бурынғысынан да ойшыл болып қалды.

Ендиги бирден-бир жол — Санкт-Петербургқа қайта барыў керек. Өйтпесе, елиниң тәғдийри қыл үстинде тура береди. Деген менен, Уллы патшалықтың өзине тийисли ғалмағалы да уллы. Елизавета Петровна ўәдесине садық болған менен мыңсан түрли ислер, аз санлы елге берген ўәдесин есинен шығарса да, тәәжип емес. Егер уллы патша өзи берген «уллы үмит қағазының» жоғалғанын еситкен болса, бәринен де аўыр. Өзи аз санлы, әззи халық бола тура, дослықтың, уллы патша меҳириниң қәдирин билмейди екен деп айыплаўы да, дыққатынан биротала шығарып таслаўы да итимал.

— Жоқ, кетиўим керек! Санкт-Петербургқа барып бул ўақыяларды айтыўым тийис!...

«...Барлығын айтыўым тийис!... Кетиўдиң және жаман жағы бар.. Жаў қайта шабады... Енди шабылса көп руўлы алаўыз елим, мәңгиге келе болмастай ҳалға түседи...»

Ол усылайынша, өрмекшиниң аўындай шым-шытырық ойларының қайсысына бас жип тағарын билмей жүргенде, Жуңғарлар арасына жиберилген Хелўет тархан келди...

Жуңғарлар арасындағы қарақалпақлар «бизге тиймеңлер, сизлер менен айрылысқанымызға отыз жылдан асты, енди қайта қосылыў қыйын, ҳәзир дәстүримиз өзгерди, ҳәтте тилимиз жуңғарлар менен араласып кетти» — депти.

Хабар Маманның жети жүйресине қадалған найзадай тийип, ишек-баўыры отқа басылғандай ашыды. Илаж қанша? Бухара ҳәм Хийўа ханлықларының қол астына кеткен қарақалпақлар айнымағай. Отыз жылда жаңа әўлад өсип шығады... егер олар да «бизге тиймеңлер!» десе, шарасы жоқ, енди ең болмаса, өзи менен бирге жасап атырған руўлардың басын бузбаўы тийис. Егер ол және Санкт-Петербургқа кетип, 1743-жылдың ҳәсирети қайталанса, ел биротала тарқасып, соңында, дүньяда «қарақалпақ» деген халық жасағанына биреўди исендириў мүшкилге айналады.

Оның ығбалына, Бухара ҳәм Хийўа қарақалпақлары менен қатнас жақсыланыўға қарады. Ара алыс болыўына қарамастан, топар-топар атлылар келип, елге көз алартқанларға айбат болып жүрди. Ара-тура сырттан болған шабыўылларға Жаңадәрья бойының қарақалпақлары көкирек тутысып, төменги каракалпакларға талай-талай қалқан болысты.

Қазақтың Айғара менен Седет керей басшылығындағы руўларынан басқа да көп руўлар ел әззилеген гезинде белбеў буўысып, мал-дәскеден де жәрдемин аямады.

Бәри бир, Маманның еки көзи Россия тәрепте, бүгин-ертең уллы орыс патшалығынан жәрдем келетуғындай. Оның ойынша, патша сарайында әллеқандай жаманлық жүз берген...

Ол Нефлюевтен ҳештеңе күтпеди. Оренбургта, оған айтқан гәпине қарағанда, Абылқайыр менен биригип кеткен Гладышевтиң қайтып келмегенин де Нефлюевтен көрди....

Сонда да, Россия патшасына исенимин жоғалтпады. Арқадан киятырған саўдагерлер өтсе, алдынан шығып, уллы патша Сарайынан әлле қандай да жаңалық билиўге тырысады. Ҳеш бир жаңалық оны қанаатландырмайды.

Усылайтип шыр-пыры шығып, биймазалықта жүргенде, Оренбургтан қайтқан саўдагерлер:

— Орыс патшалығы менен Пруссия деген патшалық арасында ғажжа-ғаж урыс басланыпты, — деген хабар айтты.

Маманды бул хабар бираз тыншытты: «Патша ўәдесин умытпаған, урыстың аты урыс! Елиниң басына аўыр машқала түскени ушын бизлерди ойлаўға ўақыты жетпей атырған».

Орыс патшалығының жеңиске ерисетуғынына Маман исенетуғын еди. Сонда да жаны төзбей, анық хабар билип қайтыў ушын Аманлықты Оренбургқа атландырды.

Аманлық Оренбургтан еки айда қайтып келди, бирақ жаман хабар әкелди.

Маман менен сөйлесик жүргизген канцлер Алексей Бестюжев Патша сарайынан қуўылыпты!

Маманның жүрегине пышақ тығылғандай, турған жеринде жығыла жазлап, канцлер Бестюжевти сарайдан тап Аманлық қуўып келгендей, бирден ашыўлы кийликти:

— Өтирик! Мүмкин емес!

— Узақтың хабары, әлбетте қосымтасыз болмайды, — деди Аманлық суўық қанлылық пенен. — Бәлким, бул хабарда да бөрттириўлер бар шығар. Бирақ Бестюжевтиң сарайдан қуўылғаны анық, хәтте, қамаққа алынғанбыш!

— Урыс қалай басланыпты? Бестюжевтиң нендей гүнасы болыпты? — деди Маманның хәўлирген кеўли басылмай.

Аманлық Маманда бурын болып көрмеген жан толғанысын сезсе де, өзиниң суўық қанлылығынан өзгермей түсиндирди:

— Австрия деген елаттың патшасы ҳаял екен. Аты Марьям Тәрези (Марья Тереза), дейди. Ол бурынырақта өз қол астынан кеткен Силизия деген жерди қайтарып алыў ушын Пруссия деген патшалыққа қарсы урыс ашыўға нийетленгенбиш. Сол Пруссия деген елдиң патшасы Фридрих екинши дегенди Орыс патшасы да жек көреди екен. Сөйтип, еки ҳаял патшаның мақсетлери бир жерден шығып, тил бириктиреди. Буны алдын ала сезген Пруссия патшасы Орыс патшалығына қарсы урыс баслап жиберипти.

Маман өкинишли сарсылып басын шайқады:

— Санкт-Петербургта болғанымда Пруссия деген мәмлекеттиң күшли ләшкери бар деп еситкен едим.

— Оренбурглылардың айтыўына қарағанда Пруссияға қарсы көп еллер күш бириктиргенбиш.

— Көпшиликтиң талаплары да хәр қыйлы, урыс узаққа созылмаса... — деп сарсылды Маман.

— Урыстың ақыбетине оренбурглылардың да көзи жетпейди. Бирақ көпшилиги Бестюжевтиң сарайдан айдалғаны мақул болған

дести. Себеби, ол Инглис елшисиниң тәсирине өтип, Пруссия патшасына қарсы урысты басқарыўшы Апраксин деген үлкен әскербасыны жолдан аздырғанбыш.

— Егер бул ҳақ гәп болса, наятый жаман сатқынлық! — деди Маманның қаслары керилип. — Канцлердиң бизге ўәдесини умытыўына себеп бар екен-дә! Енди күтиў... — ол азмаз ойланып алып басын шайқады. — Бестюжевтиң сатқынлық еткенине кеўлим қаппайды... Патша уллы Петрдиң қызы бола тура, елиниң ҳақыйқый жанашырларының жүрегин толық түсинбейди дегенди-әм еситкен едим-аў...

Аманлық оның жан сезимин түсинди, бирақ үндемеди.

Маманның жан ийнине от түсип тынышы кетти. Көп күнлерге дейин жалғыз жүрип, ужыбатлы бир ақыл табыўға талапланды. Сондағы баслы мақсети — Санкт-Петербургқа барып, Уллы үмит қағазы — Жарлық жөнинде еске салып қоймастан, изине жигитлер ертип кетип, орыс патшалығының жаўы Пруссияға қарсы урысқа қатнасыў... Бирақ бул ойы кем-кем оған бассыз-аяқсыз туңғыйық сыяқланды: «Санкт-Петербургқа кетиў — жақты излеп жүрип өзин отқа урған гүбелекке айланыў емес пе?»

Енди ол орыс патшалығының жанашыры сыпатында Пруссия менен урысының жеңисли тамамланыўын сарғайып күтиўши бир адамға айланды....

Жеңис туўралы еситсе, қуўанады, сәл сәтсизликлер ҳаққында еситсе, ишине дузлы шеребе қуйылғандай... Ўақыяларды өзиниң ой елегинен өткерсе, бәри де түсиниксиз өмир ғалма-ғалы секилли. Елин таслап кетиўден қорқады....

Базда ойларға шүмип отырып, гә өзин айыплайды, гә душпанларын айыплайды...

Кеўиллерди ғулғылаға толтырып, мәўсим изинен мәўсим, жыл изинен жыл өткерип сала берди, сирә урыстың тамам болғаны ҳаққында хабар еситилмеди... 1761-жылдың ақырларында Елизавета Петровна қайтыс болып, орнына мийрасхоры Петр III тахтқа отырғанын еситип, және кейпи түсти. Және бир хабардан Петр үшиншиниң Пруссия менен келисимге келип орыс ләшкерлериниң жеңисин бир пулға шығарғанын еситкенде, бурын болмаған дәрежеде налынды, бул дүньяда базы ақмақлардың өзине кең гүзар жол таба беретуғынына да ашынып сөгинди.

Бирақ бул сөгис оған бир демлик дебдиў тарқатыў ғана еди. Жан сезимин шырылдыўға салатуғын ҳәр қыйлы қыяллар басында қайтадан быжнады.

Не болса да, Санкт-Петербургқа атланыў керек!

Усылайынша ең соңғы шешимге келип ертең бийлердиң мәсләҳәтин өткериўдиң жөн-жосағын ойлап жатқанында, ярым ақшам пайытында, Жаңакентке қыр дөгерек от тийди... Ҳәкисине, бул ақшам әри самаллы, әри суўық ақшам еди, қалаға тийген от, мисли пахтаға тийген оттай, жалынлап, үйлерден үйлерге тез өтип, лаўлады. Шағырайысқан жулдызлы аспанды түтин каплады. Көп үйлерден уйқыдағы адамлар шығып үлгермей, жайларының төбелери, үйлериниң шаңырақлары үстине қулап пышыр-пышыр жанып жатты.

Бул ҳәдийсе кимди төсекте, кимди жолда, кимди далада, кимди үй жақлаўына сүйендирип, ҳайранлықта қалдырды...

Ел Жаңакенттиң өртин өшириўге жуўырыса алмады, өз үйлери жанды, қоралары жанды. Төртсан қарақалпақ елатының ҳәр бир аўылы үстинде қызыл жалын ҳүким сүрип, ҳәр бир аўылға от тийди. Жалын артынан гүзги даўылдан пайда болған шаңғыттың думаны көтерилди. Бул шаңғыт думанын пайда еткен күш ат туяқлары еди. Орта жүздиң султаны Абылай баслаған жигирма мың ләшкердиң атларының туяқлары еди.

Жаў бақайына шекем қуралланып, тосаттан келгенине қарамастан, Маман пүткил елди тик аяғына турғызбақшы болып, түтин арасында гүбелектей ушты... Бирақ, оны бир таныс атлы таўып алып тоқтатты. Бул атлы Айғара бийдиң шабарманы еди, түтинге шақалып, тез-тез сөйледи:

— Маман бий, бул күшке төтепки бериў қыйын... Булар кеше Айғара бийди өлтирди. Мени Мырзабек бий жиберди.

— Неге? Не деди?

— Илажын таўып халқына баспана излесин деди.

— Қаяқтан?

— Басқа жақтан, Маман бий!

— Седет керейлер қайда?

— Оның аўыллары да көшип атыр. Адай, Әлим руўлары да қозғалаң тапты!

— Гүллән Киши жүз гүйзелди десеш!

— Солай, Маман бий! Хош, мен де үй көшириўге асығаман!

— Досларға сәлем...

Мырзабек кирпик қаққанша-ақ көзден ғайып болды.

Маман бий түс көргенидей аң-таң, димарсыз лал болып бир майдан ойланып алды да, алды-артына қарамай астындағы ақ боз атын қамшылады. Аўыл араларында қуйындай шаўып, бәрха қыйқыў салып баратыр:

— Досларым, қаналасларым, көшиңлер! Арал теңизин жағалап, Хорезм таманға көшиңлер!... Ески сүрдеўди қуўалап көшиңлер, жәмлесип көшиңлер!

Маман бийдиң ҳаўазы даўылдан күшли болып, аўыллардан аўылларға жетти. Ҳәмме үй жықты, ҳәмме мал айдады.

Жаў ләшкери араласып үлгерди. Жығылған үйлер өртелди. жыйналған маллар Орта жүз тәрепке қарай қуўылды. Малларын шетке шығарып үлгере алмағанлардың бәри қол жуўып қалды. Халық және шуўласты, және жыласты. Атасын шақырған баланың, анасын излеген қыздың, «перзентим!» деп қыйқыўлаған ата менен ананың, қулласы, гүллән халықтың зарлы үнлери бир-бирине уласып, үлкен мүсийбет басланды. Ат дүбири астында аянышлы сыңсыўлар, хошласыўлар, ырзаласыўлар жер солқылдатады.

Маман бий түтин, думан арасын қақ бөлип бир жерде жарқ етип көринсе, көзди ашып-жумғанша және бир жақта пайда болады.

— Ырза бол, меҳрийбаным!

— Хош, қаралы баспанам!

— Хош, кийели ата мәканым!.. — деген сөзлер үзликсиз еситилип, ызыңлаған суўық самал менен кем-кем күшейип, әлемге жаңғырды. Қайғылы жаңғырыққа сес қоспаған жанлы мақлуқ бул әтирапта қалмады. Таўлардың жүйи сөтилмеген менен гүңиренди, аспаннан тынбай епелеклеген қар көшкенлерди оммалатып я жолларын бөгеди, барлық жапырақлары түсип сыптай болған таў өсимликлери қар суўырған дүбелейге шыдамай бас ийди, «биздей жалаңаш қалсаңыз да, бәҳәрде кийингейсиз» дегендей ызыңласты, қайғыға төтепки бере алмай мортылдасып сынды.

Ғарры аспан бул бәлайы ғәзебетке көзин ашып қарамай, тынымсыз жылады. Бирақ, жас орнына ақ кирпиги жарпақ-жарпақ болып үзликсиз төгиле берди.

Пүткил халық жүрегинен шыққан 1743-жылдың зары, Сырдәрья бойынан Әмиўдәрьяның қуяр ашаларына шекем быйыл да тынбай гүңиренди:

Бабам жигит болып мамам қыз болған,
Түркстан топырағы бизден хош енди.
Төрт сан елдиң жүрек-бауырын қан қылған,
Бийреҳим мәкан жайлар хош енди...

Үстинен ешекли, маллы, пияда арқаланған ызық-ызық адамлар өтип атырған далалар менен шоқалақ қумлар, тау кәнарлары, ҳәттеки, аяқлар астында сынып атырған шөп-шарлар да усы муңлы қосықты тәкирарлап «Хош енди...» деп жатты. Ашлықтан, кеселликтен, ғаррылықтан қатарға илесе алмай, жал бойлап топ-тобы менеп қулаған өликлердиң руўхы дүнья менем хошласпай, ата журты менен хошласыў қосығын мәңги айтып атырғандай. Муңның үзиги жоқ...

Ел таслап көшкен қыслаўларға мал айдаған Абылайға дәрек байлар көшип келип, гөне қора-қопсыларды ийемленип жатты...

Маман бий ақ боз атынан түскен емес. Неше түнлерди уйқысыз өткерип жибергенлерин умытты. Орта жүздиң маллы байлары ийемленген қыслаўлар бойлап шапты, халқын излейди, олар жыллы қыслаўлардан әлле қашан қуўып шығылған, шет-шебирдеги ылашықлар менен жарты жағы жанған қыслаўларда қалған майыплар, көп балалылар, ғарры-кемпирлер ушырасады. Ҳасасын ийегине тиреген бир ғарры оны ирикти.

— Маман, нешедесең, балам? — деди.

Маман бул ғаррыға аң-таң болып қарады. Таныды. Жетим Аллаярды атқа сүйретип, қула далада жалғыз турғанда қасына келип нәсиятлап «көп жасаўға талаплан, алғыс ал» деген Сейдулла дәў. Ҳәзир бели сынған оқ жайдай бүгилип, ҳасаға сүйенген ҳалында еки ийнинен дем алып тур.

— Не дей жақлығымды уқтың ба, балам? Бул изи қарабақана дүньяда мендей болып жетпис жасаўға талапланба, демекши едим, балам...

— Балаларыңыз қайда?

— Көшти. Үлкен улым мени арқаламақшы еди, орныма ақлықларымды арқалатып жибердим. Билесең бе, Мурат шайық неге соқыр болды, неге өлди? Бул дүньяға гийне қылды. Ҳарамылықларды көргиси келмей, бул дүньяны тәрк етип өлди. Мен де тәрк еттим. Неге ойланып қалдың? Иркилме, нақызық дүнья бул, бар, атыңды қамшыла, соң түсинесең... — деп Сейдулла дәў бир жағы қулаған гөне ылашыққа қарай бурылды.

Маман алға шаўып кетти...

## 29

Жыллар өтти... Аманлықтың улы Жақсылық он төртке шықты. Үй машқаласы жеңилип, дүзелип киятырғанына қарамастан, көп сарсық, ишлей күйиниў Ақбийдайды жиңишке жапсаққа тап қылды. Түнлерде көзи илинбес. Ларс-ларс жөтел.

Үйдиң ендиги барлық машқаласы он төрт жасар улы Жақсылықтың мойнына минди. Отын, суў, анасына дигирман қолласыў, кели түйисиў, ат оты орыў...

Егин-тегин жыйналғалы Аманлық Жаңакентке көп қатнайтуғын еди, ҳаялының кеселбәнтлиги ушын нөкерлердиң изинен азық апарып көбинесе қонбайтуғын еди. Қасақана жаў келген ақшамында ол Жаңакентте қонып қалған еди, нөкерлер жатқан жайға жаў от берип, ҳәмме иште қалғанда, буның да жүрими болып, арғыты пәтиги пышыр-пышыр жанып ала түтин қаплаған жайдың қапысын зорға таўып аман-есен шыққанлардың ишинде ол да шықты. Далада шақалып, қусып отырған Бектемирди көрди, Кеўлимжай шығар ма екен деп күтип еди, тамның үшеги қулады, Кеўлимжай иште қалды.

— Қудай, күлкиден айырдың! — деп бир гүрсинди, қайтып ҳеш ким менен хабарласпай аўылына ҳайт қойды. Жолда шаўып жүрген Маман бийдиң даўысын еситип, атын қаттырақ қамшылады. Үйине келсе, (қәйин атасы былтыр ғана жаңа отаў тиктирип берген еди), есигиниң алдындағы үйиўли отынның үстинде бийтаныс төрт жигит отыр, жүреги суў етти. Сонда да сыр алдырмай, аттан түсиўи мәттал, отынның үстиндегилердиң бири аттың дизгинин услады, қалған екеўи еки найза көтерип, Аманлыққа жанаса ишке кирди.

— Қәне, қазақ қызы, күйеў бала келди. Қарасық усындай-ақ болар. Көтер гиркиреңди! — Пышақ услаған төртиншиси Аманлықты түртти. — Жол азық ал да тарт салдаўыңды! Неге бурыласаң, қарындасымызды апқалмаймыз. Ерт изиңе. Бизден саўға. — Усы мәҳәлде сыртта ат жайластырып қалғаны ишке бақырды:

— Неге иркилип атырсыз? Киятыр!

Аманлық сырттан жәрдем киятыр ма? — деп дәмеленген еди, иштеги үшеўдиң ҳаўлықпай, тек асыға бергенине қарап жәрдем емеслигин түсинди: «Олжаны бир-биринен қызғанып атырған!..»

Бири найзасының ушы менен жүкти аўдарды, екиншиси керегениң басындағы сөк шанашты алып Ақбийдайдың мойнына илдирди:

— Босатыңлар үйди!

— Сизлер босатыңлар! — деп қарсыласты Аманлық. Оның шеке тамырлары шертилип, сақал-муртының ҳәр түги ийнедей шаншылып тур еди. Ақбийдай истиң насырға шабатуғынын түсинди. Мойнындағы шанаштан сөк саўылдаўы менен ериниң аяғына жығылды.

— Өйтпе, бегим, жалғыз улың жетим қалмасын, бегим! Жақсылық, қолымнан тарт, балам. Ағайлар, күйеўиңизге ашыўланбаңыз, биз кетемиз.

Жарақлы жаў олардың ҳәйле-пәйлесине қаратпады. Ата-бала қолына илингендей ол-пулды ийинлерине тырмышлап, нәренжан, аўырыў Ақбийдайды ортаға алып сүйеп, үйден шықты. Ел ызғып баратырған уллы көш сүрдеўине түсти...

Посқыншылардың көпшилигинен булардың жағдайы жақсы еди. Шыққан пәтте жолды өндирди. Ақбийдай ерине де, улына да азар бермей, өз бойын өзи тиклеп жүриўге талапланды. Дизлик қарды тең бөлген сүрдеўди жағалап, дем алып отырғанлардың талайынан озды.

Елден алыслай келе, жол бойында шаршап отырған халық жийиленди. Ҳәттеки, өликлер пайда болыпты. Кем-кем олар да көбейди. Өли анасының көкирегине басын тыққан майда балалар жатыр. Ҳәр жер-ҳәр жерде қар үстинде жалаң аяқ жууўырысып жолға таласқан балалар изде киятырғанлардан қайыр сорап, қол жайып турыпты.

Әўелги гезде булар қайыр сорағанлардың алақанларына бир қысым сөк, шаппаттай нан салып көрип еди, соң өзлериниң аўҳалы қыйынласатуғын болғаны ушын бәринен көз жумып өте берди.

Азық түўесилди. Көзлери көңгейленип, аяқлары аўырласты. Ушы-қыйыры көз жетпес майданға келгенде, жүрислери әбден тосаңлады. Бул далаңлықтың ҳәр жерине қослар дүзетилген, түтин шығып атырғанлары бар. Қослардың әтирапында байлаўлы маллар да көринеди, шөгип атырған түйелер де бар.

«Алды менен көшкен тәсилпаз байлар болса керек» деп ойлады Аманлық. Оларға иркилмей, жүрисин даўам етти. Ашлыққа қосымша үргин көз аштырмайды. Напақа түўесилиўге қарағанда улы ушын өзиниң пайын гизнеп, ҳеш нәрсе жемеген Ақбийдай

бирден қулады, ҳәтте, лоқсытып қан қусты. Аманлық қапсыра қушақлап, мақсетли жерге жетпей-ақ, гөне шеңгел түбирге илинген қаңбақтай, иркилетуғынын түсинсе де, Ақбийдайды еки қолына жатқарыўы менен алға жүрип бақты. Жол бойында малдас қурынып нан жеп отырған үш адамды көрип, Ақбийдай тамсанды, ерине сыбырлады...

— Иркил... бегим... дем ал.

Аманлық отырды. Жақсылық та отырды. Ата-бала анаў нан жеп отырғанларға нәзер салмаўға тырысты. Бир ўақытта олардың суў орнына қар асап және жүрип кеткенин көрип, Ақбийдай ерине қол узатып сыбырлады:

— Түргелейик, бегим, анаўлардан қалмайық.

— Оларға жете алмаспыз, шабазым.

— Пай, бегим, түсинсең нетти? Биреўи жаңа жегенин қусса, жер едик...

Аманлықтан ерк кетип, көзлеринен ашшы жас мөлт етти... Сүрдеўдиң шетиндеги бир төбешик қумға Ақбийдайды жатқарып, ығының қарын ысырып, қара жер ашты. Жән-жақтан бийик жыңғыл сындырып келип, пана қылды. Улына ақпас жулдырып төсек қылды, ортаға от жақты. Алып шыққан топпы қазанын асып, ишине қар әкелип салып суў қайнатты. Ҳәм ашлықтан, ҳәм суўықтан ҳәм кеселден қалжаўраған ҳаял отқа жақын жатып, аз ғана бойы қызды, еринлерине қатқан қан жибип өз-өзинен «сорпа!» деди.

— Қәне, сорпа?

Аманлық жыңғыл қостан сүйретиле шықты. Есик-төрли жердеги ақбастың түбинде бир ақ қоян жатыр екен, «ҳәссений!» дегизди болғаны, көзден ғайып болды. Изде мезгиллик жолда қалған қосларға кетти. Муштай ет таўып кешке оралды.

Ақбийдайдың көзи илинген еди. Баласы от жағып отыр.

Аманлық етти қазанға салып, Ақбийдайдың бас ушына шықты. Ағы басым жипек шашларын жүдә нәзиклик пенен сыйпалап отырды....

Азанда Аманлық улын сүрдеўге шығарып, өткенлерге қол жайыўды сыбырлап, қосына кирди. Түндеги сорпадан аз ғана қалған еди, жылытып Ақбийдайға уртлатты.

— Бегим, кете бериңлер, — деди ҳаял ыңырсып. — Мениң келе болыў үмитим жоқ, көзим жетип турыпты, иркилсеңиз усы шуқанақта сизлер де қалып қоясыз деп қорқаман.

— Өйдеме, шабазым. Келе боласаң, ара жақын қалды.

Ақбийдай өзинше «ара жақын қалды» деп әстен ғана гүбирленди. Бирақ ериниң қандай аралық ҳаққында айтып отырғанынан бийхабар еди, қайтып сөйлемеди, тым-тырыс жатты.

Аманлық та жолға шықты. Күн жылытқан екен. Мал жетелеген биреўлер өтти. Бир жағынан ол қуўанды: «Елде болса ерингe тийеди».

Көп балалар арасынан улы Жақсылықты тапты. Жол жағалап дизбе қатар турған балалардың қатарында оның да қолы жайыўлы. Ҳәммеден дуғыжым, күшли, салдамлы, ири, ақыллы көринди көзине. Өзиниң жас гези есине түсип, көзлерине жас қуйылды.

— Шынжырма-шынжыр қол жайыўдан шығармаған, алла, — деп налыс етти.

Көз ушында еки түйели көринди. Үстинде ҳаял, балалар отыр. Ешекли биреў жетелеп киятыр. Изинде онлаған сыйыры бар. Оларды көрген балалар қуўжыңласып:

— Әй, алға өтпе! — десип бирин-бири кейин тартты.

— Таласпаңлар! — деди Аманлық оларға жақынлап.

— Қойсана, сақалы кесилгир, — деди бир бала. — Алдап өзиң алмақшысаң.

Аманлық ол балаға пәлен-төлен демеди, баласының басын қолтығына сүйеп ҳәмме балалардың изинде турды.

— Жолыңыз болсын, мырза!

— Көп жасаң!...

— Балаларың биздей болмасын...

Ҳәр ким ҳәр нәрсе айтып шуўласты. Түйе үстинде байдың баласы музлаған бир жиликти кемирип киятыр еди. Қол жайғанлардың ортасына ылақтырып жиберди. Аш балалар бир-бирин жибериспеўи менен жилик түскен жерге өңменин атып жығылып, үсти-үстине миңгесип, топ болып қалды.

— Әй, ғарры, сен неге аш ийтиңди жибермей турсаң? — деди ешекли бай Аманлыққа. — Ийтиңниң бас салса бәринен басып алатуғын күшин сезбей турсаң ба? Жибер, сыпайылықтан тирилик пайда.

Сақал-шашы тоғай болып ғаўлаған Аманлықтың жасы қырққа жетпей-ақ, «ғарры» деген сөзди биринши еситиўи еди. Ашыўланбады. Ол ҳаққында ойламады да.

— Ийман жүзли адам, ҳаялым өлим ҳалында жатыр еди. Жәрдем етиң, — деди.

— Баланды сат, — деди бай.

Аманлық жуўап орнына лал болды.

— Әй, ғарры, түсин! Үш күннен кейин балаң аяғынан тик баса алмай қалады. Тасланған сүйекке жуўырмағаныңыз ушын диянатлы туқым көрип айтып атырман. Болмаса, қара тамағына хызметкер көп, — деп, бай көшин баслап алға кете берди.

Аманлық улы менен сүйенисип қалды.

— Аға, таныйсаң ба оларды? — деди Жақсылық.

Аманлық «жоқ» дегендей бас ийзеди.

— Олай болса мени сатың. Апам аман қалсын, — деди бала. Аманлық не қыларын билмей, бирден өкирип жиберди. Жақсылық матам тыслы қой тери қалпағын қолына алып байдың изинен бақырды.

— Әй, шәпәҳәтли адам, тоқтаңыз!

Бай иркилди.

— Аға, жуўырың, буннан қалсаңыз апам өледи, — деди Жақсылық изине бурылып.

Аманлық ҳеш нәрсе ойланып жетпеди, көз жумып байдың изинен жуўырды.

— Әне, ақылыңа келгенсең, — деди бай. — Ҳаялың аман қалса, бала қолдан келетуғын нәрсе, жас көринесең. Мал бериў қудайдың иси. Балаңа не сорайсаң?

— Бала сатып көрмегенмен...

— Анаў буғаны бир қойдың сапы менен қырқағары тарыға алдым, — деп изде он сыйырды айдап киятырған еңгезердей жигитти нусқады. — Ал, сениң ақыллы балаңа бир қойдың жарты ети менен он сери басалай ун беремен.

Қанша нәрсе берсе де, баласына баҳа болмас еди, бирақ көп саўдаласа берсе, байдың кетип қалатуғынына көзи жетип тур. «Усыннан қалсақ бул сырданда үшеўимиздиң де өлетуғынымыз тақыйық, ең болмаса қарар көзимиз жер басып тири қалсын» деп Аманлық қысқа қыялынан өткерип:

— Бериң. Атыңыз ким? Айтып кетиң-а...! — деди.

— Сондай шәрт пенен: Атымды айтпайман. Ҳеш қашан баланды излеп бармайсаң.

Бул шәртке жуўап бериўден қаймығып, издеги баласына қол былғады. Жақсылық бәрин еситип тур еди. «Апамды көрип шығайын» деп қосқа қарай жуўырып кетти.

«Анасына айтып салып, ҳалын төменлетпесе болар еди» — деп қорқты Аманлық. Жақсылық көп иркилмеди. Келди. Баланың шырайы кеўилли еди. Әке ҳайран болып тур. «Бизден қутылғанына қуўанышлы ма екен»?

Әкесиниң қыялын түсингендей, баласы қулағына жақынлап сыбырлады:

— Аға, апам тәўир. Кететуғынымды айтпадым. Жолға шығаман, тапқанымды әкелип тураман, дедим. «Аўзымызға ас салатуғын болғаныңнан айланайын» деп сүйди, күлди. Тез жазылатуғын шамасы бар. Мени таўып аларсыз.

Аманлық сөйлемей мақуллап бас ийзеди.

— Мә, өзиң тойып ал, бала, — деп түйе үстиндеги ҳаял Жақсылыққа бир тары зағара таслады. Жақсылық зағараны қақшып алып, әкесиниң қолтығына тығып: «Апама апар» деди.

Бай екинши түйени шөгирип жүгин шешти, бәри сур гөш, жол азығы екен. Ўәде еткенин Аманлыққа берип, түйени тикейтти ҳәм Жақсылыққа буйырды.

— Тарт түйени!

Жақсылық түйениң алдына шықты.

Аманлық улына қапталласып маңлайынан қайта-қайта сүйди де:

— Артыңа қарама, алдыңды алла ашсын, балам, — деп көз жасын сыпырыўы менен изине бурылды.

Улының да еки бетин жас жуўып кеткен еди, әке нәсиятына опадарлық етип, артына қарамады. Түйе тартып баратырып:

— Аға, апамды қәдирле, тәўир болсын, — деп бақырды тек.

Аманлық та сол бурылғанынан изине айланбады. Қосына келди. Қой ети менен басалай унын шалдууарға жасырып ишке кирди.

Ақбийдай бетин есик бетке қаратып жатыр екен.

— Келдиң бе, бегим? — деди.

— Тәўирмисең, шабазым?

— Тәўирмен. Бизиң Жақсылық аўызымызға ас салыўдың ғамын ойлайтуғын болыпты.

— Мине, саған жибергени, — деп қойнындағы зағараны шығарып берди. Ақбийдай муздай зағараны маңлайына тийгизди, соң қойнына салып жатты.

— Же, — деди Аманлық.

— Өзине ысытып беремен, бегим.

— Өзи тойды. Аўысқаны.

Ақбийдай бир тислемин аўзына салды да, қалғанын ерине усынды.

— Сен жей ғой, бегим.

Аманлық та бир тислем сындырып аўзына салды.

Қалғаны желинбеди. Ана қайтадан алып көйлегиниң ишинен көкирегине басты. Көзин жумды. Аманлық оятпады. Кешки аўқаттың әнжамын жеди. Жасырған етинен бир асым кесип әкелип қазанға салды.

Сорпа таяр болды. Ақбийдай көзин ашпады. Ярым ақшам аўдарылғанда «Жақсылық...» деп сөйленди. Аманлық аўзы менен оның еринлерине сорпа тамызды. Тек жалмағаны болмаса, жутпады. Көзлерин бир аўдарып, бир нәрсени қадала сорағандай болды. Аманлық тынышсызланды. Не қыларын билмей ҳаўлығып, ҳаялының басын дизесине қойды.

Сол жатыстан Ақбийдай үш күнге шекем көзин ашпады.

Денеси биресе жанды, биресе суўыды, төртинши күни таң алдында Ақбийдай тамам болды.

Аманлық өз маңлайына өзи ғарш-ғарш урып, артына қулады. Әллен ўақытта өзине келип қостан шықты. Қумның басына минип бақырды:

— Жақсылы-ы-ық!! Ҳә, Жақсылы-ы-ы-ық!!!

Таў, тас, ушы-қыйырсыз дала, қар басқан қум «Жақсылы- ы-ық! Жақсылы-қ-ық!!!» деп тәкирарлады.

Ол және шақырды, айнала оның ҳаўазына және сес берип «Жааақсы-лы-ық!..» жаңлады. Улын қой етине сатып жибергени бирден есине түсип, қыспаның түбине жасырған етти арқалай жөнелди. Жол бойынша бақырып баратыр: «Жақсылы-ы-ық!!! Жақсылы-ы-ық!!!»

Бир топар жас жигитлер менен егеде адамлар аштан буратылып жолда отыр еди, бир қойдың жарты етин арқалап бақырып баратырған Аманлықты көрип:

— Тутың, анаў әўмесерди! — деди биреўи.

Гилең ҳалдан кетип отырғанлар жер таянып тикейисти. Қасларына жақынлаўдан Аманлықты гүў басты.

Аманлық, еттен айрылды, бирақ «Жақсылы-ы-ық!!!» деп шақырғанын қоймай, сыбай-салтаң жуўырып кете берди. Шийки етке тойып алған өжет биреўи, Жақсылық Аманлықтың баласының аты екенин билмей, изинен:

— Ҳәййййй!! Қайт изиңеее!! Жақсылық о дүньядааа!!! — деди.

Жолдасларына да унап қалса керек. Бәри үн қосты:

— Жақсылық о дүньядааа!!!

Аманлық изине айналды. Және еңкилдеп жууырыуы менен басқаша бақырып өтти.

— Ақбийдаййй!!!

Етин басып алып тойынғанлардың өзине келгенлери ўаҳаҳаласты.

— Мынаны жин урған екен, арпаға жарымай жүрип, ақ бийдай излеўи неси? — деди бири.

Аманлық оларды тыңламай жыңғыл қосына қарай өтип кетти. «Әўмесердиң және бир нәрсеси бар шығар» деп ҳәмме изинен жууырысты.

Өли ҳаялдың үстине бойын таслап еңк-еңк жылап отырғанын көрип, бәри аңырайып турып қалды.

Аманлық көз жасын сүртип тикейди. Жақсылық берген зағара ана қойнынан түсип атыр еди, арманырақ көкирегине ысырып қойды. Оған анталасқанлардың ҳеш қайсысы да тиймеди.

Көштен адасқан жекке-жарымлардың напақасын басып жеп күнелтип киятырған бул гилең аш гәззаплардың басшысы Бектемир еди. Жаңакентте түтин жутқалы саўлығы бираз нашарланған. Оған қосымша ашлықтан көзи көрмей Аманлықты танымаған еди. Ҳәзир ғана аш өзекке жеген шийки ет бууынына түсип, орнында буратылып жатып қалған еди. Еплеп түргелген соң, жолдасларының изинен келип, жыңғыл қоста ақбас төсенген өли Ақбийдайдың бетине үңилип, ағаштай қатып турған Аманлықты енди таныды. Еки қолы менен серменип ҳәммени кейин ысырды. Өлиниң үстине жығылды. Әллен ўақытта тикейди. Ҳештеңе айта алмай биразға шекем ийеги кемсеңледи, даўысы қарлығып, еситилер-еситилмес сөйледи:

— Аманлық, Аманлық, сенбисең, еле? Жылама! Ушқан уяңа қайтып келдиң, басла бизди, басла, қудайдың соқыр көзине сыйынамыз...

Аманлық оның жүйли теридей қап-қара бетине қабағын үйе қарап, кейин шегинди... Әлле қандай күш оны уллы көш сүрдеўине салды, аз ғана гидириспеден соң есине енди келгендей изине қайтып барып жыңғыл қосты бузды. Ақбийдайды жатқан орнына жерледи.

Түске таман ҳәмменниң алдында, Хорезм таманға бет алып, жолға рәўана болды, жолдаслары қол усласып, гәде үзилген шынжырдай бөлек-бөлек тентиреклесип ерди...

* * *

Көштиң алды, шөллеген пададай, Хорезм шуқырына қулап Әмиўдәрьяның қуяр аяғына — Арал теңизиниң жағаларына жүгин таслап, өлместиң ғамына кирисип, муз ойып балыққа илме қурып отырғанда, изи Сырдәрья бойларынан еле жылысып болмаған еди. Маман бий, соңғы көшке шекем, қыс шыққанша, елин таслап кетпей, ақ боз атын қара терге шомылтып бәрҳа аўыл аралады. Көшкенлердиң қыслаўларына қоныс басып атырғанлар ушын жаны ашыйды, аўлағында базы-базыларын атқа сүйреткиси келеди, илажы қанша, елине қәўип. Деген менен, шайнасыўлар жоқ емес. Үйреншикли ата мәканды ҳеш ким қыйып кете алмайды. Қуўыс-қолтықларда таяқласыўлар, былша-былш төбелеслер болып атырғаны.

Сейдулла дәў усаған көп ғаррылар, алдында мықлы әменгери жоқ мешеў, аўырыў адамлар, көп балалар қалып қойды, қақаман суўықта оларды қозғаў — өлини гөринен шығарып, жанынан дәметкен менен барабар еди.

Маман бий ғужырланды. Көштиң алдына жетип, белгили қоныс қыдыраман деген ой менен сүрдеў бойлап ат шаўып кетти. Қуўандәрьяға жетпей-ақ, жүреги қан болды. — Үзиги жоқ халық, оның халқы, еле шожып баратыр, жыласып баратыр, жер солқылдатып гүңиренип баратыр... Жалбарынып жәрдем сорап, қол созған аталар, аналар, балалар, аўырыўлар... бәрин аяйды, бәрине жәрдем еткиси келеди, бирақ қайсы бирине үлгереди, жалғыз ақ бозына неше мингесик алсын, найлаж көз жумып, найлаж қулағын тығып, ҳәмминиң үстинен шаўып өте берди.

Жаңадәрьяға жақынлағанда, жол шетиндеги, қасына бир ешек байлаўлы, қостың жанында, жолды бөгеп қатар малдас қурынып отырған жети егеде адамға жолықты. Олардың пейил-ақпалын жаман көрсе де, Маман атын ирикти. Үсти өрим-өрим, аяқларына көрпе жыртығын ораған, қара-сақаллы дәпең биреўи Маманның атын жылаўлады. Көзлери жасаўрап, ириңлесип кеткен адам ат үстиндегиниң, әўеле ким екенин билгиси келип бир шекелеп тигилди.

— Ҳә, Маман биймисең? Әне, керек адам! Халықтың қандары! Түс аттан! Жаның барда түс!

Бул дәпең Сейдулла дәўдиң уллы Бегдулла қара сақал еди. Оның күшли қолларын жулқып кетиўге ақбоз ат та димарсыз. Маман

көп ойланбай аттан түсти. Бегдулла оны таныса да танымағанға салып, сақал-шашлары дирилдеп, аш көзлери шатнап турыпты.

— Былай жүр, — деди арт бетиндеги жыңғыл қосты нусқап ҳәм бурылып баратырған Маманның бөксесине ылас аяғы менен бир тепти. Маман бий артына бир қарап турды да, еки ийнинен ентиге бир дем алды, тил қатпады. Қосқа кирди. Алты ҳаял менен онлаған үрпе-шүрпе буйра шашлы бала ошаққа бетлерин тутып, дастықтай сулап атыр. Бәринде де жан бар, тек кирпиклерин қағып атыр. Маман бий шыдамай далаға шықты, жети жигиттиң үшеўи ақбоз атты әлле қашан сойып таслапты. Маманның қабағынан қан жаўажақлығын билген әўелги дәпең Бегдулла қара сақал, ақ боз аттың ноқта-жүўени менен оның қасына келди.

— Үскиниң қуйылмасын. Басшысаң — биздей халқыңа қулсаң. Ийеси қулына не қылса, еркли. Сал басыңа ноқтаны, өзиңди минемиз. Неге сөйлемейсең? Неге қашпайсаң? Якшы, биз кеширимли ийемиз. Әй, сизлер тезлетиңлер, — деп ешектиң қасында турған екеўине олыйды. Олар ешекти шешип әкелди.

— Мин, Маман бий, терисине мин! Болмаса, кәриңди қыламыз.

— Ийем буйырса илажым не? — деп Маман бий бир сөйледи де, ешекке минди, олардың ҳәмирин тәрк етпей, жүзин ешектиң артына терис қаратып минди. Бегдулла қара сақал ҳәйле-пәйлесине қаратпады, ақ боз аттың жүўени ҳәм арқанлаў шылбыры менен Маманды ешектиң ерине беккем шандыды. Жолдасларының бирине ым қақты, ол аттың жарты сан гөшиниң қанын ағызыўы менен әкелип Маманның бөктериўлигине байлады.

Бегдулла қара сақал Маманның өсик муртларына қолының қанын жағып, басын қублаға, Хорезм таманға бурды, баланың, геллесиндей мушы менен ешектиң саўрысына дүрс-дүрс урды:

— Бар, жоғал! Еле де ийең кеширимли. Сол ушын аяғың жерден төрт ели жоқары. Көринбе, сөйлеме, кет, кет!!!

Маман бир аўыз сөйлеместен сүрдеў бойлап кетти. Жән-жағына да қарамады. Қараса, өзи сулап жатып күлип «Анаў Маманға қара... тамаша!... қызық!...» деп қол шошайтқанларды көреди, кейис-сөгислерди еситеди.

Ийеси — халқы, қалай жазаласа, соған қайыл бий бийлигинен, елинен журдай болып, көк ешек үстинде терсекей отырыўы менен, ишинен гүңиренип, қан жылап кете берди... Бир инсанның рехими түсип, жаздырмаса, өзлигинен босаныўы, егер ешеги сүрнигип жығыла қойса, тикейтиўи түўе, өзиниң тикейиўи мүмкин емес.

Нелер ислеп қәтелескенине, енди не менен дүзететуғынына ой жиберип, түсинбейди. Ешек өз байдалына отлап кеткен жерде тирилигинен хабар етип «ҳық-ҳық»лап, шайқатылып баратыр.

Екинши күни сәскеде атлы ҳаял баслаған көшке илести. Бул ҳаял Дәўлетбай бийдиң жесири Шәрийпа еди. Ол Маман бийди танып аттан түсти, еркеклерге «Маманды шешиң» деп буйрық етти.

— Ҳеш гәп, тиймеңлер, — деди Маман бийдиң даўысы өлпең. — Ийем усылай етти, тәғдир шығар.

Шәрийпа, оның «ийем» деп ким жөнинде айтып турғанын уқты.

— Бир ийеңиз байласа, және бир ийеңиз шешеди. Жолыңыз болсын, арыслан тулғалы, лекин шаршаған дана бий!

Қыстың бәҳәрге аўысқан күнлериниң ермегинен бе, ямаса төгилген қанлы көз жаслардан ба, жоллар гилкилдеген ылайға айланған еди. Маман бий ерде дүзиўленип отырып, ылай сүзип жолын даўам етти.

Бәлким, және бир күйикли бенде — «ийеси», тутып алып ешегине зорлық қылып, өзин пияда айдар... Ол бәрине қайыл. Қулағына жеткен узын муртлары самал менен азғын жүзин ҳәммеден жасырып, ешекли бий алға баратыр, тек алға, көштиң басына, жаңа қонысқа!...

Әдиўли оқыўшым, енди сен де елдиң жаңа қонысына барасаң — олар қоңысласа берсин, сен аз ғана тынығып дем ал.

## *Үшинши бөлим*

*Жақсылық ҳәм жаманлықтан*
*ибарат дунья,*
*Жаманлық көп қырлы, жақсылық*
*нур қупыя.*
***(А. Науайы),***

1

Хийўаның ханы Ғайып хан (қазақтың шекти руўынан, жәдиге әўлады Султан Батырдың улы) ишки, сыртқы дүбелей-дүрсилдиге төтепки бере алмай 1757-жылы тахтты таслап қашқаннан кейин, орнына иниси Абдулла хан болып қалған еди. Ол бир жыл ғана дәўран сүрди, болғаны. Ханлыққа бухаралықлар араласты.

Хан сарайындағы сөзи итибарлылар қоңыратлы инақлар еди. Олардың иштен ириткиси қазақ ханларының қайтадан тахтқа келиўине мүмкиншилик ашты. Сөйтип, биресе Абылқайырдың әўладлары, биресе оның душпанлары шекти руўынан Жәдиге әўладлары тахтқа минип, сарайда «хан ойыны» басланды.

Қарақалпақлардың соңғы, 1762-жылғы Түркстаннан посыў дәўири Хийўаның усы «хан ойыны» дәўирине дус келди. Соның ушын ба, олардан қоныс қызғаныўшы да болмады. Баспанадан айрылған ел, шөллеген пададай, шубырып, Әмиўдәрьяның тармақлары менен Арал теңизиниң балықлы жайлымларына жанталаса жеткен жерлерине қоқтасынлылары жүклерин түсирип, жарлы-жалаңаяқ, жетим-жесирлери түйиншиклерин таслап, жақты дүньяның, азғантай да болса, ләззети ушын қәдимги арпалысқан шайқасларын тындырмады. Сүрдеў бойлап айдалған малдай шубырған ел, асылысып, тармасып келиўин даўам етти.

Булкәраның Сырдәрья алапларынан айырмасы — еки жағасын шайып жуўып, жағаға өскен тораңғыллар менен ҳәр қыйлы өсимликлерди түп-тамырынан қопарып, асап жиберетуғын есер Әмиўдәрья, Арал теңизине қуярда, майда шақапларға бөлинеди. Булардан тысқары, қазанша көллер көп. Дәрьясы да, қазанша көллери де балықлы, ҳәр қайсысы өз алдына өмир айдары. Және

бир айырмасы — тоғайлар үстинен пәл-пәллеп ушқан ҳәр қыйлы қуслардың, айдын шалқар суў жағалап көгалай-көк теңизди толтырған үйрек, ғазлардың, шағалалардың шарқылдысынан басқа шаўқым келмейди, қулақсыз, тилсиз меңиреў қопалықлар, қолтықлар, ярым атаўлар, атаўлар, жекке жүрген адамның шыққан жерин қайтып табыўға гүмана дүт тоғай. Тораңғыллары жаңа қоныс басқанлар менен тәғдирлес сыяқлы. Путақлары ебетейсиз тиленшилердиң қолларындай, төбелери қус түткен қалпақтай, ғыррықлары әрре-тәрре. Жуўанлығы жиликтей қаңыратпа жыңғыллар, наўқарағай қамыслар торaңғылларға араласып өседи. Жыңғыллары түўе қамысларын анаў-мынаў киси сындыра алмайды, балыққа тойып суўға қанған жас жигитлердиң базда иси ериксе, тамашаға қамыс сындырысады. Қамыслар сондай шатнап шарт етеди, малдың сүйегин дизеге қойып сындырғаннан ҳеш айырмасы болмайды. Соның ушын да, әўелги қослар, ылашықлар қамыслардан соғылды.

Ел елшилигин қылып көбейип, нығайып бегенлесе берди.

Ел көбирек мәканлаған ең жақсы қоныс «Көкөзек»тиң еки бойы еди. «Көкөзек«тиң усылай аталыўы суўы мисли көк шырша рең, табаққа қуйғандай, төппелеме болып, жүдә әстен, ийримленип ағады. Балықлы. Жазда жағасында отырып, қыста көк аспандай музын жапқан қарды ысырып таслап үңилген кисиниң ҳаслан мийри қанбас, көзлери тоймас. Бәҳәрде көк қуўалаған пададай дүркин-дүркин балық бирин-бири қуўып, ойнап баратырғаны. Көзге көрингенге ҳийле мол. Жас балаға шекем қаст етсе, қысында үки ойып, илме менен, жазында суў астына сүңгип-ақ бирли-ярым балық тутыўына имканият бар.

Бул имканиятлар талай ашыўшақ пенен шыртылдақты парасатлы қылды, шәпенийлерди жайдарыландырды, кеселлерди жазды, көз жасларды тыйып, және күлки туўдырды...

Мине, усы «Көкөзек»те күни менен балық аўлап, үсти-басы малпақ-салпақ болған бир топар, балықшы салын шетке шығарды. Табысларын теппе-тең бөлисип, ҳәр ким пайын ашалы жыңғыл жормалларға илдирип қайтты. Өзлери жүдә мәс. Кеўилли. Бир-бирине гәп нәўбетин аўыстырғысы келмей ғаўырласып сөйлесип киятыр.

— ... «Көкөзек»ти неге теңлестиретуғынымды дәл айтайын ба? Мисли бир ақ көкирек саўдыраған бала.

— Көкиреги айнадай бала де. Қойнында не барын жасырмайды. Егер балықлары көринбегенде, журт иркилмес еди.

— Ҳаслан иркилмес еди!

— Бир гәптиң майын шығаратуғын езбе болған екенсиз.

— Сыйыр сүзип өлтирген Қоңырат Айтуўған жасаўылдың жесирин ким биледи?... Билмесеңиз билип қойың. Абадан ақ балтыр дейди. Өңшең жесирлерди жыйнап, жалаң пут балық аўлайды-мыш.

— Шабақлардан қәўип етпей ме екен?

Ҳәмме дуў күлисип алды.

— Өзлери қай таманда екен?

— Арқаң қозды ма? Бизден өрде, Ғайып баҳадырдың аўылында дейди.

— Паҳ, сол аўылдың бойдағы болмаған екенмен.

— Бойдақ көрсе түтип жейди, дейди.

— Онысы қалай?

— Жетиспейди дағы.

— Ой, ой, ийи, маған тап болар ма еди, бир өзим бесеўин....

— Мақтанба! Сендейлер көрпениң ыссысынан-ақ аўзының суўын тамшылатып қояды.

— Туўып қойса, не қылады екен?

— Қайдан билейин, мен сол ҳаяллардың дамбалының аўыман ба?

— Басқасын қойың, Маман бий неге қатын алмайды, я бели жоқ па екен?

— Ҳәмме бир демге ләммийимсиз қалды.

Балықшыларды баслап, ҳәммеден басы зыят киятырған дәпең, қарасақал Бегдулла буға қарас қылып, жолдасларына ашыўлы нәзер таслады.

— Бизлер көшип киятырып оны көк ешекке терис миндирип, ерге таңып жибергенде, шешкен ким? Дәўлетбай бийдиң жесири. Балық мийин жеп шаймий болмасаңыз, бели жоқ еркекке ҳаялдың реҳими түспейтуғынын билиң, ақыры.

— Ҳәзир Маман бий қайда?

— Басынан бахыт тайған соң қашқаны.

— Мен де солай ойлайман. Бардамлылар нәмәрт болады. Аш болса қайтып тоймайтуғындай көреди.

— Және бузып баратырсыз, — деп Бегдулла қарасақал екинши рет гәпке араласты. — Маман бий нәмәртлерден емес. Қайда жүрсе де, елдиң ғамын ойлап жүрген шығар.

— Ким айтады, Маман бий ақыллы ма, Есенгелди бий ақыллы ма?

— Маман бий, — деди көп даўыс.

— Мениңше Есенгелди бий, — деди сораў берген даўыс. — Қарсыласпай тыңлап алың... Қуты қашқан көлден бурын ушқан қутан болып мәртебе арттырды. Изине ерген ел аман қалды. Өзи үй-дәскели. Кешеден бери аўылында той. Маман-ше? Жалғыз баслы жалғызақ.

— Нурабылла, сеники дурыс, — деп салды бири. — Маман бий шыққан пәтте пәтли еди. Дизгини қолдан кетип өзиниң де қуты қашты, бизиң де қутымыз қашты.

— Бул дүньядан ўаз кешип кетпесе, жақсы — деди Бегдулла гүрсинип. Ол усыны айтарын айтса да, Мурат шайық туўралы өз әкеси Сейдулла дәўден еситкенлерин, көшерде оның ырзаласып: «Хош балам, мен бул дүньядан о дүньяға жақынман, мениң орныма ақлықларымды арқалап кет...» дегенлерин есине түсирип, ийеги алқымына тирелди, қара қопа сақалы көкирегин жаўып, қамыслықты бөлген соқпаққа сыймай аяқлары шалысты. Алдына абынып барып, шеттеги шоқ қамыстан услап қалып, соқпаққа түсти. Жолдасларының қөдиреқ әңгимелерине қулақ салмаўға тырысып, адымларын кеңнен-кеңнен таслады. Ол озып кетежақ еди, кесе соқпақтан үш-төрт жигит шығып қалды. Булар Аманлықлар еди.

— Сыралқы, — деди Аманлық Бегдулланың кейпиятын түсинбей.

— Қайдан қайттыңлар?

— Тойдан, — деди Бекмурат.

Оның Аманлықтан бурын сөйлегенин Бектемир жақтырмай оған сүйкенген болып шығанағы менен түйип жиберди.

— Әстерек, палаўдың майын сықтың, — деп Бекмурат сыбырланып, қалтасын услап кейнирек шегинди.

Есенгелди бийдиң таза отаў тиктирген тойы ҳаққында сыбыр-сыбыр гәплерден Бегдуллалар да еситкен менен аўылының тойға шақыртылмағаны ушын, (бий, кеўил берип тойға шақыртылғандай бардамлы үй аўылынан табылмады) ҳеш кимниң басы айналмаған еди. Булардың уятсызлық етип, шақыртылмай барғанын түсинди.

Балықшылардың бири кекесине нықыртты.

— Шақыртылған шығарсыз, Аманлық?

— Қасы! — деди Аманлық шыдамай. — Бизди қайсы ийттиң артқы сыйрағы деп единң. Бардық. Тойған мәп.

— Арсыз көпеклер, — деп гүбирленди және бири.

Бул гәп Аманлыққа қатты батты, бирақ мойынлағанлық билдирип сөйлемеди. Бектемир оның қатал жуўап бериўин күтип, көп жерге шекем дәмели барды. Ақыры шыдамай Аманлықтың көйлегиниң етегинен тартып «изде қалайық» деген белги берди.

Қорлықлы сөз еситип гәптен жеңилгеннен кейин бөлингенин абзал көрип Аманлық жүристи тосаңлатып еди. Бегдулла, иркилип артына бурылды.

— Аманлық, жүре бериңлер, үйге барамыз. Ертеңге қудай разақ, мына балықты бирге татысайық.

Сырдәрья бойында жасаған пүткил қарақалпақтың дин ҳәзирети Мурат шайыққа хызмет еткен адамның қарар көзи болғаны ушын ба, ямаса оның өжет минезине қосымша күш-ғайраты менен бир сөзлиги ушын ба, қатар-қурбылары сөзин сындырмас, айтқаның айтқан, дегениң деген дер еди. Сол ушын да гилең басшысыз көшкенлер, соған ерип, усы «Көкөзек» бойында және бир аўыл пайда еткен. Аманлықлар бәринен хабарлы еди. Иркилип қалыўға сылтаў таппады. Ерди.

Бегдулла аўылының «Көкөзек» бойына мәканласқан көп аўыллардан бир өзгешелиги: жер төле жоқ. Өңшең қамыс қослар. Екинши өзгешелиги — аўыл менен «Көкөзек» арасын ени қырқелли адымлық жал қамыслық бөледи.

Бул жал қамыс әлле қандай сулыўлық сән берип турады. Сонлықтан ба, ямаса өмир қазаны, — «Көкөзек»ке жас балалардың түсип кетиўинен қорған болғаны ушын «кәраматлы» орын деп санай ма, бул қамыслықтан ҳеш ким бир шөп алмайды, қамысларын қайырмайды, сындырмайды. Ал Бегдулланың қосы өз аўылласлары менен тең — тегисликке соғылған менен, шалдыўары өзгеше нар қамыс аралас ерманы жыңғылдан. Өзгелердикинен сәл бийик. Буннан тысқары, бул аўылдың басқа аўыллардан ең баслы өзгешелиги — жас балалары баршылық. Түтин түтеткен ылашықтан кеминде бир-еки бала шығады. Бегдуллада үш бала бар. Бәри қыппа-тайлақ жалаңаш. Анасы қасларынан бир майдан айрылса, ойнап кетип суўықта қалатуғын қыйлылары. Салқынлаў күнлери түйетаўықтай қуяшламаға шығып отырғаны болмаса, алты ай қыс далаға шығып мурын симгирген емес. Жаздан бери еркин болып қалды. Кеште аш палапанлардай аўзын ашып шүйиркелесип, әкесиниң алдына жуўырысатуғын еди. Бүгин де сол әдетин қылды: әкесиниң алдына жуўырысып мойнынан қушақлады.

Аманлықларды көрип, оларды жатырқаў орнына, бир тойыў ушын қайрылатуғын бундай келгинди-мийманлардың талайына сырлас балалар, анасының мирәтин тәкирарласты:

— Отырың, төрге шығың.

Бегдулланың езиўи жайылып хәр баласының басынан бир сыйпалады, жорамалдан сытып үшеўине үш шабақ услатты, қалғанларын қыршыў ушын ҳаялына берди. Қонақлардың зерикпеўи ушын аўқат писерге таман еки қоңсысын шақыртып келди.

Төсегенлери ший, шыпта, жамбаслағанлары иши топанға толы тери көпшиклер болыўына қарамастан, қостың иши мазлап кетти. Ошақты айнала жамбас тасласылды. Қаңылтыр дүмшеден чай ишилип атыр. Гүртик салыўға көп ғәрежет болмаса да, қазанға салынған бир қысым жүўери уны сорпаны пал татытып жиберипти. Бәри тамсанысып, жаңа қонысты, бул жердиң балығын, сорпаны пал қылып писирген Бегдулланың ҳаялын қайта-қайта мақтап, аўыз бирлик пенен терлеп-тепшип аўқатланды. Әңгиме дүкәны қурылып, кешки аўқаттан соң да чай ишилиў даўам етти. Өткен күнлерден гәп қозғалып Мурат шайық, Ырысқул, Дәўлетбай, Сүйиндик, Байқошқар бийлер ҳәм Избасар баҳадыр, Оразан батырлар ҳаққында көп әңгиме болды. Ҳәр қайсысының аты аталғанда, олардың ҳүрмети ушын ҳәр қайсысы жанбасынан көпшигин ысырып қойып, тикленди, және жанбаслады. Балалар анасының жән-жағынан қушақлап уйқылап қалды. Ерлердиң әңгимелери ада болмады.

Маман бий ҳаққында гәп болғанда, олар көбирек «Уллы үмит қағазын», Кузьма Бородинди еследи.

Бул жердиң хеш жақ пенен байланысы жоқ бир атаў екени ҳаққында биреў өкинишли айтып салса, қыял қуслары және Сырдәрья үстин шарықлайды. Аўыллар үстинен ҳәр қыйлы затлар алып өтетуғын кәрўанлар ҳаққында айтып, орыслардың қаласы жақтан көп ҳасыл затлар шығатуғынын мақтасады. Орыслардың оқ-жарағы менен аз санлы қарақалпақ ели жаў үстинен бираз үстемлик еткенин еске алысып, сол күнлерди әрман етип, таңлайларын қағып, «ўақ-ўақ»ласты... Ел басына қонған ығбал қусы паянламай посқанларын еслескенде, «аҳ-уҳ!» шегип, әлле кимлерге гижинисти. Сөйтип отырып, булкәраның жаў келе алмастай бир қопалық екенин айтысып қуўанысты да. Маман ҳаққындағы гәпке тағы оралып, Бегдулла оны жолда көк ешекке терис мингизгенине пушайманлық билдирип еди. Қоңсыларынан бири жубатты:

— Зыяны жоқ. Бегдулла. Маман бий гийнешиллерден емес. Егер оның атын сойып жемегенде, мыналарың аман жетпес еди, — деп, анасының үстине аяқларын таслап, ҳештеңеден қәўетерсиз пыр-пыр уйқылап жатырған балаларды нусқады. — Булар ендиги ел ғой. Маман усыларды түсинеди. Жүдә түсинеди, бийшара. Ол ели ушын туўылған бир арыслан ғой. Қәне ҳәмменің кеўли соныкиндей болса...

— Аўа... Маман ҳақыйқат, Маман-дана... Еле биржақтан келип қалады. Сөз жоқ, бир жаңалық пенен келеди. Әйтеўир, халқы — биз ушын жақсылық әкеледи...

Олар үсти-үстине чай ише берип, чай сататуғын саўдагерлерди және гәп қылысты. Олар ҳаққындағы жақсы сөзлер Бегдуллаға жақпай, қызып кетип, еске салынбайтуғын бир ўақыяны қозғады.

Жигитлер, саўдагерлерди мақтайсыз-аў, — деди сарсылып. — Олардың түйелерин, ҳасыл затларын, сатлыққа табылатуғын мүликлерин мақтайсыз. Не бир реҳимсизлери бар еди. Еслесем, төбе шашым тик турады, тислеримди ғышырлатаман. — Ол өз үйи екенин де умытып, аяқларын баўырларына тартыңқырап, шалдыўардан бир қыяқ сындырып алып, тисин шуқлаў орнына аўзына салып бырш-бырш сындырды. — Алмагүлдиң қалай жылап кеткени еле есимде.

— Бизиң Алмагүлдиң бе? — деп Аманлық тикейип отырды.

— Аўа, Аманлық, — деп ол бир гүрсинип даўам етти. — Ол жас кетти. Қандай ақыллы еди деқ. Ҳәтте, Мурат шайықтын: он үш жасар қыздың ақылына қайыл қалып, Маман бий менен теңлестиргени есимде. Қыз сондай мәрт екен, ғайры елге сый болғанын биле тура я көзине жас алса, я шайық атама қарсыласса. Тек айтқаны: «Әжағама, кишеме сәлем деқ. Әжағам мени излер болса, жолын айтайын, шаңғытлы жол менен жүрсе таппайды, ызғар жоллар менен жүрсе алжаспай табады...» — деди.

— Ызғар жоллар менен жүрсе!? Онда бәрҳа жылап кеткени ғой, жанымның! — Аманлық еки шекесин қысып сес-семерсиз тислерин ғашырлатты. Бегдулла қарасақал қәте ислегенин енди түсинди, бирақ бийпайда еди, оның да мойны төмен ийилди.

Таң атыўға мейилленип, қосқа жақты түсе баслағанда, ҳәр ким сол жамбаслаған күйинде тым-тырыс қалды, кимиси қорылдады, кимиси мурны желпинип «пыр-пыр» етти.

Өткен өмир жолын еслегиси келмейтуғын Аманлықтың бүгинге шекемги өмири бирме-бир көз алдынан өтип, иши-баўырына

пышақ түйрелгендей ийретилип жатты. Таңға көзи илинбеди. Соң-соң төбеси бийик қамыс қоста тарлық етип, сүйретиле есиктен шықты, маңлайына қос қоллап бир урды, дизесинен ҳал кетип шөккесине отырды...

**2**

Буршиклери теңлеп қырқылғандай, ушлары теп-тегис жыңғыллықлар үстинен гә басы, гә көкирегинен жоқарысы жалт-жулт көринип, мисли терең жайлым суўдан бойлап баратырғандай, қыймылы тосаң, қара қалпақлы жекке адам киятыр.

Жыңғыллық таўсылған соң көлатлыққа араласқанша ярым шақырымлық ашықлық бар. Соған шыққанда, оның атлы екени, аты торы екени билинди.

Ол атынан әстен түсип, бөктергисиниң ояқ-буяғын айналды. Бөктериўде кесе жатырған толы қара қапты жыңғыл илип жыртыйты, жерден бир қысым көк шөп жулып қаптың тесигине тықты. Қайтадан атына минди, көлатлыққа кирип кетти.

Торы ат көк майса қамыслықлар арасында қара торы ат секилленип, жол шалып баратыр. Ийеси, бөктергисиндеги қара қаптың тесигинен кәдикленип, тыққан шөплигин қайта-қайта сыйпап көрип баратыр.

Бул атлы Маман бий! Бийдәрек шығынып кеткеннен қайтып киятырғаны...

Ол сол жылы... посқан көштиң ең соңынан атланып, көп тентенеликтен соң, көш басына жетти. Есенгелди бийдиң аўылын таўып алып, оның өзи менен бирге қоныс қарады. Мақул түскени «Көкөзек» бойлары.

Үй-дәскели Есенгелди бий, «соңға қалып елге азап шектирдиң» деген мәниде, Маман бийдиң ҳәрекетлерин талай гәплерине астар қылып, талай мәртебе көзинше, талай мәртебе сыртынан күстаны қылып, өзинше оның үстинен еркин үстемлик етип жүрди. Бул Маман бийге аўыр тийер еди, бирақ, бәрҳама елестирмегенге салды, гәп өлшемеди. Ол ол ма, көше-көште жол азабын шеккенлер менен туўысқан-туўғанларынан, ата-аналарынан, перзентлеринен айрылғанлар талай рет көзинше сөкти де, талай рет изинен кесек ылақтырды да. Бәрине шыдады. Себеби, сиркеси суў көтермейтуғын адамлар менен ҳәзир тарысыў орынсыз. Сонлықтан, қулағына пахта тыққандай, қоныслар, қослар, ылашықлар арасында тынбай ат шаўып, қалың қопалықлар арасында шашаў-

шашаў мәканласқан елдиң жабаныланып кетпеўи ушын қамыслар менен жыңғыллардың басларын түйип, жол салып, бир-бирин таппай адасқанлар ушын «оң тәрепте Айырша...», «Күнбатысың Үшсай», Қублаң «Жалайыр», «Пәленшелер Көкөзектиң өринде»... «Пәленшелер Қаратерең таманда», «Қаратерең қаяқта дейсең бе?... Қублада!...» деп сүренлеп, гейпара орынларға өзинше ат қойып, гейпараларын бурын қонысласқан Шердалы бий руўлары ҳәм Есенгелди бийлер қойған ат пенен атап, елдиң жаршысы болып жүретуғын еди. Бул бул ма, журтты жеделлендирип, билегиниң күши барларды әззилерге, нәренжанларға, әменгерсизлерге жәрдем бериўге нәсиятлап, үгитлеп, жалбарынып өтер еди. Орны келсе, аттан түсип, кеселбентлерге, дәртлилерге қамыс орысып, жыңғыл сындырысып қос соғыўға жәрдемлесер еди...

Ол усылайынша, жаңа мәканға тири жеткенлердиң есабын алды. «Төменги қарақалпақ» атанып Сырдәрьяның көби-ақ қуўысыпты. Есенгелди бийге ойласып сарсылғанда:

— Бәри дана бийдиң даналығынан, — деген ҳәкис жуўап алып, өкиништен бармағын тиследи: «Не қылыўым керек?... Қәйткенде руўшылық сапласып, ел биригеди? Бул турысында жаў топылса, және... Ҳеш кимге сездирмей орыс патшасына кетсембекен?... Оо, ара қанша қашықлап кетти... Патша, Сарайында бизди билетуғынлар қалды ма екен? Жооқ, елди таслап кетиў мүмкии емес!... Әўеле, бизди қоршаған қоңсы елатларды көрейин!...» Сөйтип, ол қоңсы қалаларға, аўылларға атланды... Әўеле, Қоңыратта болды. Хийўаға барды. Қайтысын Шаббазда иркилди... Ақырында, алып қайтқаны анаў бөктергисиндеги бир қап бийдай. Ектириўи тийис!

Ол туп-туўры Аманлықлардың қосына бет алды. «Көкөзек»тиң ғырра жағасындағы бир дүмпешикке өскен шоқ қамыстың арасына соғылған қоста Аманлық пенен он бойдақ турады. Бәри бирегей, билеклери жуўан, жүнлес балтырлы, күшли жигитлер. Гүндени өзлери сүйресе де бир бәле қылып, мынаў қара қаптағы бийдай туқымды орнына шашыўға имканият табады!

Шаршаған қара торы ат ҳәр аяғын зорға көтерип басса да, ашқа шыдамай, төсин сыйпаған қамыслықтың айылдай енли жапырақларын патырлатып асап, ғырт-ғырт шайнап киятыр еди, «Көкөзек» бойында сөйленип жүрген бир ҳаялды көрип қайшы қулақларын алға тикирейтти. Иркилди. Бөз гүписи пыррым-пыррым, қара жийекли қызыл көйлегиниң етеклери қақ-қақ айрылған, басындағы айдыллы дәкенеси бузылып, ҳалақасы екеў болып

кеткен бир ҳаял өз-өзинен гүбирленип, бир балтаны аспанға шыңғытып ойнап жүрипти. Төбеме қайтып түсип бир жеримди шабады екен демейди. Жүзин жоқары қаратып диң, аспанға ылақтырады. Түссе, және алып, және ылақтырады. Есаўас деўге жүрис-турысы онша усамайды, шөпликке түскен балтаны қарап таўып алады ҳәм қолына услап турып бир нәрсени гүбирлейди де, және аспанға шыңғытады...

Маман оның не деп жүргенин билгиси келди, атынан түсти. Жақынлады. Тыңлады.

— Ҳә, гөр қудай, сени шаўып-ақ өлтирейин!...

Күйикли ҳаял екен. Бундай күйиклилер аз ба, қайсы бирин жубатып болады? Кейин бәсип турды да, ойланды: жүрсе жүре берер. Усылайтип биротала ақыл-зайыл болып кетсе, тәәжип емес. Бәлким, тынар, бир нәрсе айтып көриў керек.

— Келиншек, қудай балта жеткендей жерде болғанда адамлар әлле қашан туўрама қылар еди.

Ҳаял гилт тоқтады:

— Сен кимсең?!

Ол жалпақ жуқа жүзлиден келген ақ қуба ғана жас келиншек еди. Жасы да жигирманың ояқ-буяғында. Бирақ көп жылағанлықтан ба, уйқысызлықтан ба, үлкен көзлери гиртийип, қабағы қатыпты, бетиниң алмасы қалқыпты.

Маман оның сораўына жуўап бериў орнына өзинен сорады.

— Атың ким? Кимниң келинисең?

— Атым Бағдагүл. «Табақлы» руўының келинимен. Билесең бе, «табақлы» руўы тамам болды! Бир өзим қалдым. Усыннан балтам қудайға жетпесе, бәри бир, тынбайман! Маман бийди таўып балталайман! Сениң балаң бар ма?

Ҳаялдың қолындағы балтаның күнге шағылысқан жүзи ҳәзир-ақ жүрегин тилкимлегендей, усы ўақытқа шекем ҳаял алмағанына енди пушайман жеп, Маман селк етти. Сулыў Алмагүл есине түсти. Маңлайы жыйырылды:

— Сүйген адамым жоқ.

— Сонда сен неге балта алып шықпайсаң? Әй, сиз еркеклер, ненин қәдирин билетуғын едиңиз! Туяқсыз болсаң, саған атқа миниў не дәркәр? Бул дүньяда жасаўың не дәркар.

— Байың бар ма?

— Ҳа, сөз салажақсаң ба? Жолама, мийримсиз жан. Байым, балам ақшам өлди. Безгектен өлди. Тең жан тапсырды. Бул әнейи

ме? Неге адыраясаң? Мени жилли деп турсаң ба? Жилли емеспен. Сиз еркеклерде ар жоқ, ҳүждан жоқ. Оннан да балта әкел, бүгин бизиң руўды жоқ еткен қудай ертең сениң руўыңды жоқ етеди. Арғы күни тағы бир руўға дегиш қаратады. Бара-бара маңлайы қара қарақалпақ сап болады. Мурныңызға қолыңызды тығып жүре бериңлер. Бар, кет! Неге? Қыялың бузылып тур ма? Берман жақынласып мойныңды шабаман, бар атыңа мин! Егер Маман бийди көрсең алдарқатып алдыма әкел. Бирақ өзиң өлтирме, балта менен мойнын ғырш еттирип мен бир ҳәз етейин. Оннан соң әрманым жоқ, өзимди «Көкөзек»ке таслайман.

— Үйиң қайда?

— Бас кейин!

— Үйиңе ертип барайын, дем ал. Соннан соң Маман бийди ертип әкелемен.

— Дузағыңды басқаларға қур. Кетесең бе, жоқ па? — деп Бағдагүл алға қарай жылысты.

Маман бий кейин шегинди. Атын жетелеўи менен қамыслыққа кирип баратырып: «Бара-бара маңлайы қара қарақалпақ сап болады» ... деп өзинше гүбирленип еди, дизесиниң димары кетип, тентиреклеп, атының мойнынан қушақлап қалды, көзлерине жас қуйылды.

— Ассалаўма әлейкум, бий аға!

Маман бий әстен артына бурылып Аманлық пенен бир қоста жасайтуғын еки жигитти көрди.

— Ўәлийкум ассалам. Қаяқтан киятырсызлар?

Жигитлер бир-бирине қарасып жымыңласып күлди.

Еки жағының сүйеги билинген адырақ көз, арық биреўи жуўап берди.

— Маман аға, ишимиз писип кетти. Жаңағы келиншекке аңсарымыз аўып, қопалыққа кирсин... деп аңлып жүр едик. Сизди қуўғанын көрип гүдер үздик.

— Мәссизлер, тоқсызлар, жалғызақлар. Аманлық қайда?

— Шикәсленип атыр.

— Басқаларыңыз аман-есенсизлер ме?

— Сиз кеткели еки жигитимиз өлди. Қоңырат жаққа урлыққа барғанда, мал ийеси тутып өлтирипти. Ой, ой, бий аға, сақал-шашыңыз өсип кетипти. Еки ийниңизде бас емес, қампайған жүн турған секилли.

— Аўа, жигитлер, бул бастың ишине де жүн толып кетти. Жүриңиз, қосыңызға барайық.

Аманлықтағы ишқысталықтың аўырыўы еди. Қарындасы туўралы Бегдулла қарасақалдан еситкели жанын қоярға жер таппайды. Арадан неше жыл өтсе де, он үш жасар Алмагүл еле сол күйинде бәрҳама ағыл-тегил жылап баратырғандай.

Маман қосқа кирип, төрги шалдыўарды сүйеўге көмилген ағашқа асыўлы қынаплы қылышты алып (бул әкеси Оразан батырдың Аманлыққа инам еткен қылышы) маңлайына тийгизип, орнына илдирди.

Көзлери қанталап кеткен Аманлық пенен көрисип болып капталға шығып отыражақ еди, қостың ишки жағдайы таңландырды. Қамыс шийлердиң үстлеринде еки ақ кийиз жатыр. Қайдан шыққанын өзинше жойбарлады. Әлбетте, урлық. Оның таңланып турғанын бирге келген адырақ көз аңлай қойды.

— Бий аға, отыра бериң. Бизлер қораға шабатуғын қасқырлардан емес.

Маман сөйлемей кийизге шықты. Бағанағы ҳаялдың гәплери қулағын еле гүўилдетип турыпты... «Бара-бара маңлайы қара қарақалпақ сап болады...»

— Бектемирлер қайда? — деди өз қыялын умытыў ушын.

— Кешке келеди.

— Аманлық, аязладың ба? Тумаўлатсаң керек, көзлериң қып-қызыл.

— Солай қусайды. Есенгелди бий той берип еди, соған түни менен от жағарлық қылып, алдым қызып, артым көл таманға қарап, аязласам керек.

— Не той?

— Отаў тикти. Муҳаммед Әмин инақ деген соқтырып берип жиберипти.

— Жүдә жақсы, жүдә жақсы. Мырзабек бийлер шақыртылды ма?

— Көре алмадым.

Маманның қабағы булттай болып, ашыўы көп сақланбай, тез жайдарыланды.

Қазанда жылытпа гөш бар екен. Биреўи жылытып әкелип Маманның алдына қойды.

Маман бий Аманлық пенен қанша жолдас, қанша сырлас болса да, оған сыр айтып шағынбаған еди. Бағдагүл менен ушырасқаннан кейинги ойлары тыным бермеди.

— Аманлық, — деди ол айтарын да, айтпасын да билмей, жүдә суўықлық пенен, көзлерин ошаққа тигип отырып. — Сен Юсипбай «табақлы»ның келинин таныйтуғын ба един?

— Баласын да таныйтуғын едим. Сен орыс патшасына кеткен жылы туўылды. Оның да аты Маман еди. Соңғы жаўгершилик басланғанда ол усы ҳаялын алып, той берип атыр еди. Усы жаққа келип уллы болды. Бирақ бийшараның жүрими болмады. Кеше өзи де, баласы да бир күнде безгектен өлди деп еситтим.

— Өлип болдық, Аманлық...

— Не шара?!

— Юсип байдың жесир келини есиме көп нәрсе салды. Жас болса да, ана-дә, ана!.. Елдиң баласы аз. Бул ертеңи жоқ деген сөз. Сол ушын гилең жесирлер менен туллардың қосылып шаңырақ болыўына, баланы көбейтиўине пәрман берсем деп отырман.

— Ол ушын алды менен өзиң ҳаял ал. Мен кетемен, бас алып кетемен.

— Қайда?

— Сорама, бийим. Қайда кетеримди билмеймен. Баламды излеймен бе, қарындасымды излеймен бе? Әкемниң туўысқанларын излеймен бе, ямаса тирилей-ақ Ақбийдайдың қәбирине киремен бе... Билмеймен. Алмагүлдиң қалай кеткенин Бегдулла қарасақалдан еситкели буўыныма қурт түсти.

— Еркек бүйтип сарсылса, ҳаяллар не қылады, Аманлық? Елде қанша жетим-жесир бар. Тәғдириңди солар менен салыстырып көр. Сонда тәўбеге келесең.

— Ҳаялдан да әззиледим, бийим. Кеңес бер.

Маман бий бундай жағдайда кеңес бермей қалыўды жақсы қәсийет деп есапламайтуғын еди. Оның ойынша, албыраған адамға кеңес бермей, өзиң бил деў, адасқан адамға биле тура жол силтемеў менен тең. Маман бий, сол төмен қарап отырған күйинде жүдә аўырдан сөйлеп, бул елде баўыры пүтин адам жоқлығын, егер ҳәр ким жоғын излеп кетсе, булкәрадан несийбеси көтерилмейтуғын инсан қалмайтуғынын айтты.

— Мейлиң, Аманлық, — деди соңынан. — Сен излеп көр. Өзиңниң айтыўыңа қарағанда, балаң усы елде. Еркек бала бир жерден шығады. Излесең Алмагүлди излеп көр... «Әжағам ызғар жоллар менен жүрип излесин»... деген дейди. Буны еситкенде мениң де баўырым езилгени бар. Бирақ мен саған айтпадым. Ол жыллары сен пүтин шаңырақ един...

* * *

Кеште Бектемирлер келди. Еки жигитке басшы болып мал урлыққа кеткен екен, бос келди. Иште Маман бийдиң отырғанынан бийхабар сырттан сөйленип кирди.

— Нәлетий дәўран! Бир күн ҳәзлик көрмедик. «Уры» дегеннен басқа жақсы сөз еситпей, өлетуғын болдық. Енди өлтирсеңиз де, аштан өлсем де бармайман...

Маман бийди көрип, айтқан гәпи ушын қысыныў орнына, көптен бери көрмей сағынғаны ушын «бий аға!» деп, қушағын жая умтылды. Маман бий оған майда-шүйде сораў берип мийин қатырмады, апақ-шапақ көрисип, күлисип отырды. Азанда ҳәммесин жыйнап қара қаптың аўзын ашты.

— Мине, жигитлер бийдай туқым әкелдим. Есабын таўып егиў керек.

Олар, қос өгиз қәне, гүнде қәне, мойынтырық қәне, пазна қәне, деп, ашықтан-ашық сорамаған менен, бир-бирине қарасып аң-таң болып тур.

— Қорқпаңлар, — деди Маман. — Бәрин екпейсиз. Билемен ойыңызды. Тоғай түтип сизлер жабайыланып кеткенсиз. Мийнеттен қашасыз. Ярым батпан ексеңиз де, бәрекелләә. Қалғанын Бегдулла қарасақалға апараман. Мениңше, олар өгиз орнына өзлерин жегеди, лекин егеди.

Бектемирлер бул бийдайдың қосқа кирип турып әкетилетуғынын қызғанды, деген менен бийге илаж ете алмады.

Маман бий өз дийдиси менен сийсеридей туқым қалдырып, қаптың аўзын қайтып бууып қушақлаўы менен атының бөктериўине басты. Атланды.

— Әй, адырақ көз, — деди кешеги қос жигиттиң бирине. — Сен «Қаратерең» жаққа Есим бийдиң аўылына барып қайт. Ертең кешке Есенгелди бийдикине жетсин. Мен сонда боламан. Бектемир, сизлер егис жер қараңлар. Туқым қууырмашқа зая болмасын.

...Бегдулла қарасақал Маман бийди жүдә ҳақ көкирек пенен күтип алды. Туқым әкелгенин еситкенде, ҳәр баласын үйме-үй жууыртып, аўылласларын жыйнады.

— Жигитлер, — деди ол аўылласларына қуўанышлы даўыс пенен. — Бий бизге бийдай туқым әкелген. Айтыңлар, мойынға мойынтырық салыўға маған ким тай болады?

— Мен, — деди кескен геллектей дуғыжым, көкиреклери жүнлес биреўи.

— Мен, — деп және бири тикейди.

— Мен...

Маман бийдиң бир ойы буларға тек жартысын қалдырып, қалғанын басқа аўылға әкетпекши еди. Ықласлары ушын үш батпан бийдайдың бәрин үлестирди. Қонды. Азанда олар менен жер көрип, гүнде, мойынтырыққа қолай тораңғыл шабысты, түстен кейин Есенгелди бийдиң аўылына қарай кетти.

## 3

Есенгелди бий аўылының өзгешелиги — үйлердиң, ылашықлардың аралығын я бир жал қамыс, я бир түп жыңғыл, я бир түп тораңғыл бөлмейди. Шаңлағы кең, тоғай алыс. Айналаға көз тасласаң, аўыл кең жайлым қамыс қорада жайласқанға тақәббил, сегиз тәрепи үзликсиз дүт тоғай...

Усы аўылдың қубла жағынан, Әмиўдәрья тәрептен, сууы тартылған көл ултанындағы шабыраўыт қамыслы жол менен бир топар атлы киятыр. Олар, Есенгелди бийге Муҳаммед Әмин инақ берип жиберген отаўды әкелип, тойдың бас сақасы болған қоңыратлы мийманларды узатып салып қайтқанлар: жол баслаған дәпең, жүзи пискен зағарадай домбай қызыл, қара сақал-муртлы, қара қалпақлы адам Ғайып баҳадыр. Жалы бир қушақ қара ябысына анда-санда бир қамшы тийгизип, найза бойлы алда баратыр. Шертилип кетип изгилерге тиймеўи ушын зәңгилигин сыйпаған жекке-сийрек собырақ қамыслардың, жыңғыллардың ушларын қайырып шырт-шырт сындырады. Оның изиндеги: бийғам, қайшы қулақ қоңыр атының бир гез мойны жолдасларынан алға озып киятырған дуўқат шапанлы, жалын рең әреби курашлы киси Есенгелди бийдиң өзи. Ол, узын жийрен сақалына ушып келип жабысқан гөне жылдың қамыс үпелегин ара-тура бир сыйпалап, тынымсыз сөйлеп, жолдасларын әңгимеге уйытып киятыр. Оннан тете, үпелек жүнли көк атлысы, Есенгелдилер менен әўелги топарда көшкен кенегеслердиң ҳәзирги бийи Аманқул бий. Ол Есенгелди бийден толықлаў, көсенамай қарасақал, қара қурашы бир шекесине сәл аўып, сарғыш шапанның шалғайы бөктергисин жаўып, әңгимени жүдә ықлас пенен тыңлап баратыр. Төртиншиси: шоқ ғана сақал мурты бар, олардың екеўинен де жас болған менен азғын сарғыш

жүзли, бирақ көзлери ойнақшыған жигит — Дәўлетбай бийдиң улы Қурбанбай бий. Үстинде күн қаққан түйе жүнинен тоқылған шекпен, басында мыжымырланған гөнетоз кең қара қалпақ. Есенгелди бийдиң тойына кетерде апасы Шәрийпа боғжамасынан шығарып «әкеңниң ийиси сиңген қалпақ, тасламай кий» дегени ушын басына кең болса да, ернегин сабақ пенен тарттырып кийип алған. Есенгелди бийден басқаларына қарағанда астындағы төбел торысы бийиклеў болған менен, арықлаў, жабыўы қара ешки жүнинен тоқылған. Жас бий Есенгелди бийдиң узын-шубай әңгимесиниң гәсин еситип, гәсин еситпей, көл ултанынан дүр-дүр ушқан қырғаўылларға, жол бойынан базда бир жылт етип қашқан порсықлар менен сағалларға қарап, қыялында соларды қуўып, өзинше ойнап киятыр.

— ...Хийўадағы, «хан ойынында» қолы бәлентлер инақ туқымлары. Бурын айттым ба, айтпадым ба, есимде жоқ маған отаў жиберген Муҳаммед Әмин инақ Қоңыратты жайлаған араллы өзбеклерден хан сарайында сәркарда болған Умбай инақтың әўлады. Бундай кең пейилли адам менен ҳәмдәм болғаныма қуўанаман. Бул да қудадан бийҳүжим емес. Абайлайсыз ба, халқымыз кемейип баратыр. Бир жерде мәңгилик қоныс басып өсип-өрбиў ушын усындай ақыллы адамға ийек артқанымыз — ығбалымыз. Муҳаммед Әмин инақтың ақ көкиреклик пенен маған айтқан сырын қудай қуўатласа, хан тахтына шығады. Әне, соннан кейин сизлердиң Есенгелдиңиз ҳақыйқый Есенгелди болады. Халық бегенлеседи...

— Есенгелди бий, Түбиршик султан (дәреклерде Табурчук Султан) әпсанасын айтып бересиз бе? — деди Аманқул бий.

Есенгелди бий ғарқ-ғарқ күлди.

— Бәлесең, Аманқул бий. Түсиндим, аз ғана илметоғанақ салып атырсаң, мейли!.. Буннан елиў-алпыс жыл бурын Тубиршик султан деген батыр бабамыз болған. Хийўа ханы басына аўыр күн туўғанда, оны ләшкери менен шақыртып, жаўын жеңдиргеннен кейин, енди оның күшинен қәўипсинип алдаўлықта өлтирткен екен... Дурыс, Хийўа ханларында түсиниксиз қараңғы тәсил көп. Муҳаммед Әмин инақтың маған айтқан мынадай бир ҳикаясы бар. Бизлер посып келген жылы Хийўаның ханы хабарланып «барың, бақлаң, қарақалпақлар базардан не сатып алар екен» деп, Қоңырат базарына жансыз жиберген. Баспана таппай жүрген паянсыз, аш адамларда не болсын, үстилерине гилең гөне-көкси кийим, тамағына өңшең ишек-қарын, туяқ сатып ала берипти. Сөйлессе,

жөн сораса, гил аш-арық пенен сөйлесипти, солардан жөн сорапты, Бул аўҳалды жансызы ханына жеткерген екен. Хан: «Бул бир ҳеш нәрсениң мәнисин билмейтуғын пәс, көкиреги ели халық екен, ҳәзирше тойына берсин, басып алыў қыйын емес» депти. Енди биз, алданған Түбиршик султанның әўладлары, тәсилди Хийўа ханынан асырмасақ болмайды. Аманқул бий, билип қой, бул заман өжет пенен әңгөдектиң заманы емес. Бийдай қамырындай болыў ығбал. Аршыл болыў да маңлайдың қасқасы. Өжетленип өрге түпирсең, үстиңди ойранлайсаң, өрге қарай жүрсең бес адым илгерилеген менен еки адымың кери кетеди... Әмин инақ тахтқа шықса, дизгинди қолына берип, алла деп ердиң басына асылсақ, жығылмаймыз. Усыған бир нәўия келисимимиз бар. Қурбанбай иним, еситип киятырсаң ба? Әкең Дәўлетбай бий оғыры дана киси еди. Анаңа тартсаң билмеймен, әкеңе тартсаң, оңлы адам боларсаң.

Жас бийге көпшик былқылдақ тийип, тақымын сәл қысты, төбел торысы бир оқыранып Есенгелди бийдиң қоңырын жанапайлады.

Олар көлатлықтан шығып «Көкөзек»ти жағалады. Өз ара гүңкилдескен, күлискен, гижинискен балықшылардың биразы буларға мойын бурып, көз бенен узатып қалып атыр.

— Маман бий қайда? — деп бақырды бир топар балықшылардың арасынан бир даўыс. Қурбанбай бий жаслық етип, Есенгелди бийге жағатуғынын, жақпайтуғынын билмей жуўап берди.

— Маман бийди не қыласыз? Арамызда Есенгелди бий бар!

— Биз Маман бийди сағындық!

— Ҳармасынға тили келмейтуғын Есенгелди бий керек емес!

Есенгелди бийдиң әңгимелерине уйып, ағыстың ығына қарай қалаш серппей жүзген балықлардай үнсиз, өзлеринше кеўилли киятырған атлылардың дәл ортасына жасыл түскендей, төмен қарасып қалды. Есенгелди бий албырамады.

— Бул халықты соқыр дейин десең де, гереӊ дейин десең де өзиңниң халқың, — деди.

Ол усыны айтарын айтса да, әлле қандай күштен қорққандай бирден парасаттан айрылып, зәңгисин тебинип-тебинип жиберди. Жол шалып киятырған аты жеделленди.

Есенгелди бийдиң көп әңгимелериниң астары Маман бийдиң ис-ҳәрекетлерине қарсы қаратылатуғынын Аманқул бий бир бүгин емес, бәрҳа түсинсе де, түсинбегенге салып, оның «өрге түпирмеў» жөниндеги пикирин өзинше иске асырыўға ҳамал қылғанлықтан, үндемес еди. Жас Қурбанбай бийдиң шыдамы ада болды:

— Есенгелди аға, журт Маман бийди ырастан сағынатуғын шығар.

— Соның ушын айтаман, иним. Оның өжетлиги ел үстине қан жаўдырды. Орыслар, орыслар деп атаны баладан, баланы атадан айырды. Соны түсинбей, бул пәмсиз халықтың, Маман бийге дийдары қурый бергенине ҳайранман. Посып киятырғанда Бегдулла қарасақал услап алып, көк ешекке терис мингизип, сазайын берген екен дағы, сениң анаңныңреҳими оянып, оңына мингизип жиберген. — Есенгелди бий қылғынып түпиригин жутты. — Жолбарыстың еркеги де, урғашысы да мал алған менен, урғашысының диянаты, нәпсиси өзгеше, Қурбанбай иним... Сорлы Маманның арғысында жоқ. Жаңадәрьядағы Убайдулла бийге келип жылап, ат сорап минип әўелги жыллары ел аралап арман-берман шаўып көрди. «Орыс, орыс» деп таңлайы кеўип, тислери опырылып түссе де, тәўбеге келмейди, өзи әптада халықтың мийин айландырып және «орыс ели», «жарақ берген орыс», «Уллы үмит қағазы» деп аҳ шексе, аўзынан от шығатуғынын қәйтерсең. Бирақ бирден сөнди. Сөнбей не қылсын, халықты жарылқай қоятуғын я қудай, я хан ба, ақыр соңы басын алып қашты. Қоңыратқа барғанымда қарақалпақтың бир бийи Шаббаз бетте қәлендерлик қылып жүрипти, деп еситтим. Мәгар болса сол Маман бий. Әмин инақтың ҳикаясын еситпей, халықтың даңқын қор қылып, қара басының ғамын излеп кеткен адамды сағынған журтты гереӊ демеске, соқыр демеске бола ма? Адамлардың қарны тойса умытшақ келеди екен. Жақында ғана усылардың базылары Маманға ийт қосып қуўып еди. Изинен кесек атып еди. Енди оны сағынған... Және қара түнек бултты басларына әкелмекши бул халық. Айтсаң асқынлаған боласаң, бул жыллы қуўыс көлатты тапқан ким? Мен. Сизлер билесиз, мен? Маман деген ким? Көшке ерген қаңғыбас бир ийт. Усылай ырасын айтайын десеӊ, бир елдиң калентар бийиниң дәўлети қайтты деп жаманлағандай болады. Бул азаматлықты Маман түсинсе...

Ғайып баҳадыр алда киятырған менен ара-арасында әңгимеге қулақ қояды. Ол, Есенгелди бийдиң жәрдеми арқасында ҳәзирги қоныста да Сырдәрья бойындағы ҳал-жағдайын тиклеп алған менен, Маман бий ҳаққында биреўдиң жаман гәп айтқанын унатпайтуғын еди. Маман бий жөниндеги қыйқым гәпке тыйым салғысы келип ябысының жүўенин тартты.

— Есенгелди бий, иргелес қазақлардың ең болмаса Мырзабек бийи тойға шақырылмағаны, сол әнтек болмады ма екен?

— Әне, сизлер усылайтип мениң қышымаған жеримди қасыйсыз, — деп Есенгелди бий даўысын да, сөйлегендеги минезин де өзгертти. Журттың үстинен ҳүкимдарлық етип зықын өткеретуғын саразбан түсли салмақлы бий емес, наҳақ азап шеккен баладай қайнаўытлап сөйледи. — Елимизди постырған қазақтың, шекпенге жамылған жамаўдай, изимизден ере шыққанларына ҳүрмет миясар емес! Олар жансыз. Қорлықты еле солар көрсетеди. Тап бар ғой, күйесең, көтин қысып жүрмей, сол қазақларға жақсы қоныс көрсетип, ҳәм бир дәрьяны «Қазақдәрья» деп атаған Маман бийди еслесем, биринши Маман бийден, екинши тезегимнен түңилемен. Аўа, аўа! Маман бийдиң ылайсаңлары пүткил елдиң маңлайының қарасы...

— Еситиўимизге қарағанда, бirазын көзимиз де көрди, олардың бизиң елге жәрдеми аз болды ма? Мырзабек бийлерди, Седет керейлерди қарақалпаққа жәрдем бердиң, қарақалпақ пенен ымжымыңыз бир деп, Ералы султаны өз елине сыйдырмай қуўғанын сиз де меннен кем билмейсиз.

— Маман бий менен өскен атызыңыз еки бөлек, бирақ миййўасы бир дараққа усап кетесиз...

Изине ерген ҳәзирги бийлерге ғана емес, «Көкөзек» бойларынан Ақ жағысқа шекемги аралықта ҳаўазы бәлент, «кескир тилли» атанған Есенгелди бий айтар гәпин адаламай-ақ, Ғайып баҳадырдың аттан түсип атырғанын көрди. Ҳайран болып алдына қараса, Маман бий киятыр. Албырап жолдасларына бурылды. Олар да, Маман бийди көрген соң Есенгелди бийди умытып, атларынан ырғып-ырғып түсип атыр. Есенгелди бий булттай түнерди. Ишки зердеси сақланып қалды. Жолдасларының пиядалап, жалбырақлап, атлы Маман бий менен қол алысып атырғанын бақлап турыптурып, атынан түспей үлкен бийге өзи де сәлем берди.

Маман бийдиң даўысынан өкпе-гийнениң изи билинбей, отаўына қутлы болсынға киятырғанын айтқаны ушын, Есенгелди бий алға түсип, үйине жол баслады.

* * *

Есенгелди бийдиң жаңа отаўы бул әтирафтағы бурынғы қара үйлер, ылашықлар, қослар, жер төлелер арасында жулдызлы түнде

туўған айдай бирден көзге түседи. Ҳәмме жағынан саз, сулыў баўшуўлы.

Иште тарыс кетип атыр. Есенгелди бий күни менен өзине жолдас болғанлардан тысқары Қоңырат руўының төрт-бес жас үлкен байларын шақыртқан еди. Тарысқа бәри араласып, сөз жетиспегенлери тек бас ийзесип, көбирек Есенгелди бийдиң сөзин жөплеп отырыпты. Есенгелди бий өз үйи болғаны ушын ийбе сақлап, мийманлардан төмен отырса да, гәп келсе пайын жибермейди.

Талас туўдырған мәселе елдиң ертеңи. — Маман бийдиң есине Бағдагүл салған гәп «...бара-бара маңлайы қара қарақалпақ сап болады...» Буған илаж табыў керек... Елде жесир көп, тул көп, бала аз. Жалғыз шара — сол жесир менен туллардың еркли-ерксиз қосылыўына пәрман берилиўи тийис. Сонда өсип-өрбиў болады!...

Бул пикирди биринши болып Есенгелди бий айтқанында бир қуп еди, Маман бий баслағаны ушын пикирлер қайшыласып, ўарра-ўарра созыла берди.

Маман бий Есенгелди бийдиң өз үйи болғанына қарамастан, гәптен қалмайтуғынына тийиспе қылып, отырғанлардың рәмәўизине қарап, Қоңырат руўының ханы Ырысқул бийдиң өлер алдындағы кеңеслерин ҳәмениң есине салып та көрди. Оның менен ҳеш ким босаспады.

Маман бийдиң адамгершилигинде нуқсан бар деп ойлайтуғынлардың бири муқатыў мақсетинде:

— Өзиңиз ҳаял алаласыз ба? — деп сорап қойды.

— Аламан «Табақлы» Юсип байдың жесир келинин аламан.

Ҳәмме үнсиз қалды.

Есенгелди бийдиң қас-қабағына қарап отырған Аманқул бий оның кеўлинен шыққысы келип:

— Өзиңиздиң ҳаял алғыңыз келген соң ҳәммени сол жолға салмақшы екенсиз-дә, — деди.

Есим бий менен Ғайып баҳадырдан басқалар дуў күлисти. Есенгелди бий көзлеринен аққан суўды жеңи менен сыпырып жиберип:

— Адамның өлиў ушын туўылатуғынына әси келемен деп қорықпай, айттың-ә, Маман бий? — деди.

— Адам баласы өсип-өрбиў ушын жаратылған, — деп Есим бий оған соққы бере сөйлеп еди, Қоңырат руўының нәментай бийлери менен байлары шыдамады:

— Арғымақлар жарысына ябы қоспаңыз, Есим бий. Есенгелди бийдиң гәплери ой елегинен өткен, Хийўа ҳәзиретлериниң, инақлардың гәплерине мегзейди, — деди бири.

Ҳәл салыспа, илмекли гәплер түўесилмеди. Және биреўи Маман бийди ңңағытып, Убайдулла бийдиң берген аты орнына не ушын жаман ябы минип жүргенин сорап, буннан да бир нәрсе табыўды мақсет етти.

Маман бий қызбады, ашыўланбады. Убайдулла бий берген аттың наятый жүйрик шыққанын, жүйрикке қумар шаббазлы Әўез бай дегенниң жалғыз баласына берип, усы ябысына қосымша үш ярым батпан туқым бийдай алғанын, себеп пенен Әўез байға таныс болып, керегинде, қандай болса да жәрдем етиўине ўәдесин алып қайтқанын айтты. Бул ҳақыйқатлық та Есенгелди бий тәрепдарларының илиўине, үстемлик етиўине қолайлылық туўдырды. Маман бийдиң Әўез байын қоя берип хан сарайының сәркардасы инақ әўлады менен ҳәмдәм болған Есенгелди бийди узақ мақтасып, бириниң гәпин бири даўам етип кетти. Маман бийдиң «пәрман» жөниндеги пикири көмилди. Енди оның шыдамы питти.

— Бул отаўды мақтап, өлимтик көрген шағаладай шырқылдасқанша, изинде керегелериниң көзлериндей есапсыз бәлеси барыжоғын ойлап көриў керек. Дүнья-мал апат келтиреди. Атақлы Байқошқар бай-әм ел ушын деп шаўып бир гилем ушын тилин тислеп өлген. Сизлер айыпқа буйырсаңыз да мен кеттим. — Маман бий ашыўлы тикейип, керегениң басына илдирген қамшысын алды. — Енди не десеңиз сол дең, сизлерсиз-ақ тул менен жесирдиң еркли-ерксиз қосылыўына пәрман беремен, көнбегенин, қарсыласқанын тораңғылға асаман. Егер, елдиң ертеңи десеңиз, Хийўада ма, Бухарада ма, Петербургта ма я Қазаньда ма оқып қайтыўға бала сазлаңыз. Пәрман жөнлескеннен кейин өзим алып кетемен. Бул да жақпаса, Есенгелди бий, отаўыңызға қуўанатуғын Маман жоқ!

Есим бий Маман бийге ере шықты. Ғайып баҳадырда екилениў пайда болып, есикке шекем ере барғанға жас Қурбанбай бий шапшып турды. Қасындағы биреў пешинен тартып қалды, пәт пенен жығыла жазлап қайтып отырды. Олардан басқалары әкелип тасланғандай, орынларынан жылжымады. Үй ийеси Есенгелди бий, ашыў менен атланған бийлерге, түн ишинде қайда барасыз деп, тәўелле де салмады.

Иши қайнап буўлыққан Маман бийди тынышлатыўдың жолын ойлап киятырған ғарры Есим бий ярым жолға барғанда:

— Маман бий, қапаланба, — деди. — Сен гүналы емессең. Халық еле саған исенимин жоғалтқан жоқ. Пәрман бере бер, орынлайды... Мен «Қаратерең»ниң қубласына шығып көрип едим. Егиске қолай жер көп екен.

— Бәрха суўға үңилгенше, жер тырнаған шеп емес. Сиз Шаббазға атлансаңыз жақсы болар еди. Жаман елатқа қоңсы болмағанбыз. Мийрим-шәпәәтлилер көп екен. Әўез бай дегенди таўып алып мениң атымды айтсаңыз, керегиңизди береди. Сиз туўралы да айтқанман.

— Мақул, иним...

Маман бий таң ата туўры Аманлықлардың қосына келип, хәммени оятты.

Жигитлер, турыңлар. Елге мениң атымнан мынадай пәрман дағазалаңыз, «Ели-халқым деген тул, ели-халқым деген жесир қайғысын умытсын, бир-бирине қосылсын! Өссин, өрбисин! Ким тул болып қаламан десе, ким жесир болып қаламан десе, Қуда ғарғысы бар, Маман бийден қырқ дүрреден жазасы бар, ҳәтте торанғыл дары да бар...» деңлер. Бектемир, түргел, екеўимиз Бағдагүлдикине барамыз. Жигитлер, жар салғанда Бағдагүлдиң үйи таманға бармай турың, ис питкен соң, барарсыз. Аманлық, сен не қылатуғын болдың?

— Мен кете берейин, бий аға.

— Жолың болсын, Бухара қарақалпақларына усы пәрманымның жыршысы сен. Бизге қарай көшемиз дегенлерине елдиң елшисисең. Басқа елдиң ханлығынан өз қәўимиңниң қойын баққан артықмаш. Сен оларға усыны жеткер. Жарлының өз малы өзине қуўысса, қудай берип байығаны. Сыртқа кеткен жетим-жесирлеримиз қайтып келсе, толысқанымыз. Толысамыз. Алмагүл биреў менен қос дүзеп балалы болған болса, балаларын өзбек деп қалдырып кетпе. Ерсе, күйеўди де алып қайт. Елге ел қосылса дәўлет... Өзиң де ҳаял ал, көзиңди жасаўратпа. Журттың сендейлери ҳәзир дүньяның төрт бурышын айланып жүрипти. Хийўаға барғанымда орыс патшалығы атынан Афган елине барып киятырған Әрмен жигитлерин көрдим. Сә, шаршап, мой берген жигитлер емес. Сениң неге үскиниң қуйылып тур. Мойныңды көтерип, аяқларыңды қайра-қайра басып кет. Бухаралы қарақалпақларға орыс елинен қол үзбейтуғынымызды айт. Ел толысқан соң орыс патшасына елши кетеди. «Уллы үмит қағазы» изленип атыр, табылады де, ҳеш қайсысы өмирден гүдер үзбесин! Бектемир, болдың ба? Шық, чайды Бағдагүлден ишемиз...

## 4

— Дыққат, дыққат!! Еситпедим демеңлер, Маман бий пәрман етти! Еситпедим демеңлер, Маман бий пәрман етти!... Ели-халқым деген тул, ели-халқым деген жесир қайғысын умытсын, бир-бирине қосылсын! Ким тул болып қаламан десе, ким жесир болып қаламан десе Қуда ғарғысы бар, Маман бийден қырқ дүрреден жазасы бар. Ҳәтте, торанғыл дары бааар!...

— Дыққат, дыққат!!...

Аўыл ортасында айбарақ салған жаршының ким екенин билгиси келип Қурбанбай есикти әстен ғана көтерип, тасбақадай мойнын созып сыртқа сығалады. Ийнеўге сүйенип турған анасының жаршыны ықлас пенен тыңлап турғанын көрип, басын тартып-ақ алды. Жекен, қамыс, қызыл жыңғыл араластырып тоқылған аўыр есик сып етип жабылғанда, Шәрийпа улының басын көрип қалды. «Улым жаман қыялға берилмесе болар еди» деген қыял менен үйге кирди. Улы Қурбанбай ҳеш нәрсе еситпегенсип, бийик пәр көпшикке басын қойып, шалқасына жатып үлгерген еди.

«Дыққат, дыққат!...» « — Қулаққа тал-тал келип, жүдә алыслап баратырған бул даўысты және тыңлап турып:

— Қурбанбайжан, еситтиң бе, бул не пәрман? — деди.

Есенгелди бийдиң урғашы жолбарыс пенен еркек жолбарыстың парқын түсиндиргенин еслеп, анасынан гүманланды; «жесирлигинен қутылса, қуўанар ма екен?» Ол усы қыялымды апам түсинип қоймаса жақсы еди, деген намыс қорқынышы менен басын көтерди.

— Апа, еситтим. Усы пәрман жөнинде Маман бий Есенгелди бийге өкпелеп кетип еди. Үлкен бий ақыры айтқанын қылдырғаны ғой.

— Ғарры бойдақтың өзи не қылады екен?

Шәрийпа усы сораўды берсе де, улының сыр уғып қойыўынан қорқып, жуўап талап етпейтуғын киси усап, ошақтың отын көседи. Қурбанбай жуўапсыз қалдыра алмады.

— «Табақлы»дағы Юсип байдың баласы Маман анаў күни өлген еди ғой. Соның жесирин алмақшы.

Шәрийпа өзиниң Маман бийге деген ишки ықласын улына билдирмей, усы ўақытқа шекем жасырып келсе де, әжимленген бети бозарып, әлле нәрселерге қыйналған түр менен, сүзилген көзлери қыймылсыз қалды.

— Мейли алсын, — деди. Оның даўысы зилли шықты. Наразылығын жасырмақшы болып гәпин созды. — Ҳайранман, балам. Усы еки бийдиң басы писпей-ақ, журт сеңдей соқлығысып ығып жүр. Есенгелди бийдиң изине ерип келген соң, соның гәпин тыңлай берсе болмай ма екен?

Есенгелди бийдиң отаў тиккен тойына барғандағы әңгимелердиң бийноқыясын анасына айтқысы келмей, «еркек жолбарыс» болғысы келип жүрген жигит, енди барлық ўақыяны анасына айтып, оннан кеңес тыңлап көргиси келди.

— Апа, өзиң ойлап көрип маған бир нәрсе дермисең? Еки бийдиң қошқардай соқлығысқанына мен де гүўа болдым. Маман бий шыдамай өкпелеп кетти. Изине ерген ғарры Есим бий болды. Биреўдиң ошағының басында дузын ишип отырып қалай пәнт берерсең. Бирден кетиў уят болып, Есенгелди бийдикинде мен де отырып қалдым. Ҳәмме қалды. Есенгелди бий Маман бийге жүдә қәҳәрленди. «Шабыты таўсылған бул тиссиз ат, жүйрик болғысы келеди. Ханлық пәрман бергиси келеди. Ел бары жоғынан айрылып, өзге журт қызыққандай әпшери қалмай, елеспесиз қопалыққа тығылғанға, енди жаў шаппайды, ҳеш ким хабар алмайды, өзим ханман деп жүрген ғой. Қудайдың мәркинде хан. Ата-бабасында ханлық жоқ, ханлықты келистире ме?» — деди. «Дәне бийдиң ақылы орталанған, усылайте берсе томарға сүрнигеди» деди. Оның гәпи отырғанлардың бәрине унады. Тек сөйлемей қалған Ғайып баҳадыр менен мен болдым. Басқалардың бәри Есенгелди бийдиң сөзин жөплеп: «Маман бий муз үстинде жортқан нәлсиз ат болып қалды. Енди пәрман ете алмас» десип еди. Өжет адам қусайды. Бәрин жоққа шығарыпты. Киятырсын, Бегдулла қарасақалдың аўылының үстинен жүрип едим. Барлық еркеги жер аўдарып атыр. Бегдулла менен және бир киси, атамның атқосшысы Омар пилтабанлық етип, улы Нурабылла менен өгиз орнына гүнде сүйресип, жер сүрип атыр. Ҳармасын айтып «не қылып атырсыз, бул жерде ат шоқай бола ма?» десем, «бийдай егемиз. Маман бий туқым әкелип берди» дести.

— Қайдан алыпты?

— Сол ушын айтаман да, апа. Жақсы атын жаман ябыға аўмастырып үстине алған. Сонда да жақсы елатқа қоңсы болғанбыз деп жүрипти. Ҳайрансаң, бул үлкен бийге. Өзи зорға таўып келген үш ярым батпан бийдайын қарасақалларға егин деп, ешейин берипти.

— Маман бийдиң және тамыр жаяйын дегени. Бағдагүлди алатуғын болғаны ырас па? — Шәрийпа шыдамай және усы сораўды бергенине пәнт жеп, — Қурбанбайжан, усы бийлер, адамлар майдаланып, нәпсиқаў болып баратыр ма деймен, — деди. Анасының бир гәпин бир гәпи қуўып кеткенинен-ақ, оның бурын Маман бийди неге жақсы көрип, ҳәзир не ушын ол туўралы жаман пикирде болып отырғанынан гүманланып, не дерин билмей қалды. Шәрийпа отыра бериўге шыдамай, өз өзинен терлеп, орнынан тикейди. Қырқ беслерди алқымлап қалған ҳаял ғоддаслаўы менен қыз жүрис қылып есиктен шықты.

Қурбанбай оның изинен бас көтермей, жесирлер, туллар ҳаққында ойлады: «Шамасы, тул менен жесир кеўлинде әндийше көп болатуғын усайды. Усыларға пәм алыстырып пәрман берген адамның ақылын орталанған деў қалай болар екен?..» Жас бийдиң үлкен абыржыўға түсип, аўыр жумбақлы ойлар үстинде биринши бас қатырыўы еди. Сырттағы анасының даўысын еситип, жым тыңлап жатты.

— Абадан кел, кел.

— Киятырман, Шәрийпа апа. Сизге киятырғаным...

Абаданның даўысынан ҳаплыққанлық билинип, бөлип-бөлип сөйлеп атыр.

— Жуўыра бердиң бе, терлепсең? Жүр, үйге кирип сөйлесейик. Қурбанбайжан, атың отын жеп болыпты.

Қурбанбай анасының бул ҳаял менен жасырын сыры бар екенин түсинип, керегеден орақты алды. Абадан менен сәлемлесип үлгерген жоқ, олар бул шыққан есиктиң екинши жағынан қабатласа ишке кирди.

— Сөйле, Абадан.

Шыптаның шетине аманат ғана отырған ҳаял маңлайының терин жеңи менен сыпырып жиберип, бурымына қосылмай маңлайына түскен шашын еки жаққа айырды.

— Шәрийпа апа, үлкен бийдиң пәрманын еситкенсизди?

— Не пәрман? — деди Шәрийпа жорта.

— Биздей жесир қандай тул менен сур бойдақты қәлеп тийсе, еркли-мис... Қатын қырқында қайта гүллейди екен...

— Қырқ бесинде де ҳәўириң басылмайды екен, сиңлим. Қалай, шөкелеп жүргениң бар ма еди?

— Бар еди. Пәрман да шықты, шөкелеп жүрген адамым өзин қәлемеген биреўди зорлап алыпты.

— Заманның өзи асаў аттай, сиңлим. Қурық тасласаң қашады, ығына жығылсаң, қағытып кетеди. Нәйлаж, жүре бересең. Пәрманды еситип мениң де қуўрап баратырған сүйегим мәлҳәмлесип еди, енди «еситпедим» деп өзимди-өзим жубатып отырғаным. Шөкелегениңди мен таныйман ба?

— Таныйсаң. Ҳәмме таныйды. Үлкен бий еди.

— Маман бий ме?

— Оннан басқа үлкен бий бар ма? «Табақлы»дағы өзине атлас адамның ҳаялын алыпты. Ҳайранман, Шәрийпа апа. Оның қәйерине қызықты екен. Жаслығына шығар. Басына түскен гирттай күйикти көтере алмай қудайға балта ылақтырып, жиллиси шығып жүрген қатын қәдирин биле ме, үлкен бийдиң?

Шәрийпаның ишин ғыжлатқан шоққа тамызық салғандай тула бәдени лаўлап жанды. Бий менен Бағдагүлдиң сыртынан самый, кемсите сөйлегени ушын Абаданға жыллы шырайланғаны болмаса, бақталаслығын жек көрип, суўық демин алды:

— Сен де жақсы көрер екенсең дағы?!

— Аўа, Шәрийпа апа. Бағдагүл оны жақсы көрмеген. Қайтама балта алып жуўырған. Усы еркеклердиң әўлийесине күлип қарамаў керек екен. Күлсең күлмейди, күлмесең күлип изиңнен қалмайды. Еркек дегениң шеп жағынан жататуғын өжет буға екен.

— Абадан, мениң ғой жигит болған балам болып диңкем қурып турыпты. Болмаса, бес-алты қатынды ертип барып сол бийге қатын алғызған сиңирин жулар едим.

Шәрийпа усы гәпи менен ишинде лаўлаған жалыннан сыртқа ҳәўир шығарып, аз ғана жеңиллик сезгени болмаса, қызыў менен Абаданға пәзне басқанын аңғармады.

Ашыўлы Абаданға, Ғайып баҳадыр келип, кимге болса да биреўге тийиўди мәсләҳәт етип, ҳаял үндемей қалғаны ушын Бекмурат жетимди ертип келген еди: Бекмурат жетим қоңырат руўынан, Аманлықлар менен бир қоста жасайтуғын еле сер бойдақ. Ғайып баҳадыр қоңырат руўының бир жесирин жатқа жибергиси келмейтуғынын айтып «ҳәм пәрманды, ҳәм мени сыйлап усы жигитке тий» деди. Абадан Бекмуратты жасынан билетуғын еди. Жарлының ҳайяры. Сол ушын «болмас, баҳадыр бала» деп кесип айтты. Баҳадыр ашыўлы кетти. Сол күни Маман бийдиң пәрманы екинши рет тәкирарланды... Бул Абаданға және түртки салды... Сөйтип шыдамай, Шәрийпаға кеңесиўге келгени еди. Сүйген бийине қандай топылыс жасаў кереклиги жөниндеги мәсләҳәт оған

оң түсип, айтажақларының бәрин умытты. Жуўа-жуўа үлбиреген бөз көйлегиниң кең етеги долақлап, жыртықлары шаң үйирип, орнынан түргелди.

Қурбанбай кирди.

— Апа, жаңағы ҳаялдың көйлеги дирилдеп, соқпағына самал турғызып баратыр ғой.

Шәрийпа баласының гәпине мырс етип күлди.

— Ол сондай ҳаял, балам. Самалы елеберин күшейеди...

## 5

Таң алдындағы шексиз тымырықта мүлгиген қамыслардың ләм үпелеклери бир жағына қыйсайып, қайыстай енли жапырақларында сақланған ақшамғы меруўерт рең шық тырс-тырс тамып, әжайып бир сес пенен әлемге қозғаў салып турған секилли. Қыбырлаған жанлы мақлуқ бас көтере баслады.

«Көкөзек» бойындағы бир аўыл, тегиси менен қырылып қалғандай, еле уйқыда. Әне, биринши түңлик ашылды. Бул түңлик аўылдың «Көкөзек» таманғы шетине тигилген ақ шийли үлкен ылашықтың түңлиги. Тап усыны күтип турғандай басқа қослар менен ылашықлардан да изли-изинен түтин көтерилиўге қарады.

Түңлигин биринши ашқан сол ақ шийли үлкен ылашықта жыллы төсегинен наз бенен суўырылған Бағдагүл керилип, еснеп, шыққан орнын қайта қымтастырып, ошаққа от жағыўдың әнжамына киристи. Ақшам ҳәзирлеп жатқан бир қысым қамыстың белинен бир бүклеп сындырып, аяғының астына салып пышыр-пышыр езди де, ошақты геўлеп ыссы күлге басты. От алыса қоймады. Бурымлары әтештанның үстине жайылып, ошаққа биршығанақлай берип, үпледи. Түнде асығыс көмилген ат тезеги күлге айланып бола келипти. Ийнениң көзлериндей ушқынлардан жалын дөретиў мүшкил болып үплеп атыр, үплеп атыр...

Маман бийдиң өмиринде бүгин биринши рет ерли-зайып төсегинен ояныўы еди. Әлле қашан жоқлаўы асқан өмир ләззетин енди таўып алғандай, кеўилли. Ярым белине шекем көрпени серпип таслап, өңменин дастыққа берип, еки жағын таяныўы менен Бағдагүлге қарап жатыр. Жаўтаңлаған көзлери ҳәр қашанғыдан нурлы, бирақ ҳәр қашанғыдан тойымсыз болып кеткен сыяқлы. Ошақтан көтерилип Бағдагүлдиң бетине жабысып атырған суўық күл оған жарасық ушын жабысып атырғандай көринип, көзлери күлип атыр. Бирақ ҳештеңе демеди.

Бул жас келиншек үш күнликте ғана айбарақ салып, «үлкен бийге тиймеймен, өзинде дығым бар» деп қасына киси жолатпаған еди... Маман бий ертип келген Бектемирди адам екен деп тәуеллесине турыў былай турсын, қоңсы-қобалары, аўылласлары жыйналып келип тәселле бергенде, ақыллаңдырғанда жәм жуўытса сирә. «Керек емес, керек емес!» деп өз қулағын өзи басып, асаў тайдай туўлап, қанша шатқаяқлады. Қәйткен менен көпшиликтиң аты көпшилик, ақыры тыншытты. Анық сөйлетип ўәдесин ала алмаса да, бир нәўия келистирип, кеше кеште екеўин бир төсекке салдырды... Мине, сол асаў әлле қашан қолға үйренген ябы сыяқлы жуўас... Сыры неде?

Маман ақырына шекем ойлап үлгермей-ақ, Бағдагүлдиң ошаққа салған тамызығы бирден бызз етип, бетин жалын шарпый жазлап, тикейди, ерине бурылды. Көзлери-көзлерине түскенде, жымыйып бир күлди де, өзиниң барлық қыймылы бақлаўда екенин сезип, түргеле сала ериниң өсик шашларынан қасларына шекем сыйпалап өтип, «қарама, бий, уяламан» дегендей, төбесинен әстен ғана дастығына басты. Маман бий қарсыласпады, керисинше, ләззетленип, мыйығынан күлиў менен оның нәзик қолына бағынды, маңлайын дастыққа қойып, оттың гүўлеп жанып атырғанын еситип жатты.

— Дыққат, дыққат!... Маман бийдиң пәрманы...

Ол қайтадан бас көтерди. Еки езиўинде еле күлки ойнап турыпты.

Таң азаннан бақырып өткен жаршы даўысы Бағдагүлдиң де дыққатын аўдарып, не екенин билмей ақырына шекем тыңлады ҳәм «сеники ме? Мақтанаман!» дегендей, ерине толықсыған айдай қарады. Енди уялыў гезеги Маман бийге аўысып, көзлерин дастықтың тасасына жасырып, жас бала ойынын қылды.

— Үлкен бий (ол Маман бийди усылай атайтуғын еди, ҳәзир де солай атайды) неге буқтың?

Маман оқ жыландай бирден бас көтерди.

— Еситтиң бе? Сениң кеңесиңнен соң пайда болған пәрман. Неге ойлана қалдың? Сениң менен «Көкөзек» бойында ушырасқанда, мени танымай айтқанларың-ше? Бир руў түўе халықтың сап болыўынан қорыққаның-ше?

Бағдагүл өзин жүдә мәрдана тутып, жүдә алыслап семип баратырған сеске қулақ салды: «...ели-халқым деген бойдақ қатын алсын... ели-халқым... деген жесир байға тийсин»...

— Өзиң қатынлы болғанша ойлап тапқаның болмасын.

— Қалай ойласаң, солай. Бүгинги ақшам мени жигирма бестеги қәддиме қайта келтиргенин жасыра алмайман.

Бағдагүл назлы қыймылдап, жүдә нәзик даўыс пенен «қойшы» деп далаға шықты.

Маман түргелиўге еринип, бүгин аспан қандай болажақ екен деген қыял менен шаңырақтан жоқары қарады.

Бағдагүлдиң әўелги күйеўи Юсип байдың улы Маман пысық жигит еди. Баса-бас көшкенде, қәйерде де жазда өз саяманың, қыста өз ықтырмаң болсын деп, еки-үш сыйырға қоса өз атына усы ылашықтың сүйек-баў-шуўларын артып алып шыққан. Сырдәрья бойында буның аты отаў еди. Шаңырағы әкелинбеген соң ылашық болып қалды. Сырттан қарағанда басқа ылашық-қослардан көрикли көринген менен, пәс сыяқлы еди. Ҳәзир Маманның көзлерине, жүдә алыс-алыстағы ақ шарбы бултлар шаңырақлықты сыйпап өтип турғандай, қыялына ылашық оғыры бийиклеп кеткендей көринди.

— Үлкен бий, — деди сырттан Бағдагүл. Оның даўысында айрықша ҳаплығыў байқалмаған менен, даладан шақырыўына қарағанда, бир нәрсе болғаны мәлим еди. Маман дамбалшаң секирип турып, көйлегин кийип үлгермей-ақ, Бағдагүлдиң өзи ишкериледи. — Сәл алжасық болған секилли, бий, атың, жатыр.

Ҳаял өзин қанша сабырлы тутқан менен Маманның жүреги суў етип, бир жаманлық болғанын сезди. Ғабыр-ғубыр асығып кийинбеген менен, шалтласып ат байлаўлы қораға келди. Жалы бир қушақ торы ябысының төрт аяғы тулыпқа шанышқан таяқтай собырая керилип, алқымынан аққан қан қатып, қарны шәмпийип жатыр.

Басқалар атларының аяқларына кисен урып сақлық қылғанда да, Маман атын кисенлемес еди. Мине, ҳайран. Урланса да ҳеш гәп. Сойып кеткен. Не деген жаманлық! «Есенгелди бийден болған бәле емес пе екен?» деген ойға берилип турды да, өз ойынан өзи шийткип намысланды. «Патас кеўил қайда баратыр? Бундай ипләс ислерди ислейтуғын майда емес ол!... Сонда ким?..» Желкесин қасып, көп ойланып, көп зарланып турмады.

— Бағдагүл, қалай да бул ата душпанның иси емес. Тыйық пенен қан шығарып ҳадаллапты. Қоңсы-қобаларға хабар ет, етин бөлисип алсын.

Сабыр-парасаты бир-биринен асқан ерли-зайып сыртынан ҳеш кимди ғарғап-силемеди.

Аттың етин бөлисип атырған адамлардың қасында «Сизлердиң несийбеңиз шығар, аўа, сизлердиң несийбеңиз шығар» деп Маман көлегейлеп жүрди, болғаны.

Жалғыз аттан айырылыў — оны минген адам ушын ғана емес, сол шаңырақтың аза-ҳәсирети. Жүрис шабанласады, ерис тараяды. Маман бий қанша парасатлы болған менен ҳеш кимге билдирмей өзинше қыйналғаны соншелли, шеребе ишкендей иши ашып, ишеклери буралып сала берди. Тула бедени лаплап, көзкөреки жары өмири қысқарып қалғаннан кейин болмады.

— Бағдагүл, мен Бегдулла қарасақалдың аўылына қыдырып қайтсамбекен? — деди сәскеге таман.

Оның кейпи-ҳәрекетинен-ақ иши ҳәўирлесип ылашыққа сыймай жүргенин ҳаялы сезди.

— Бара ғой, бар, үлкен бий. Бәлким, олардың қасынан мөлдек салып қайтарсаң.

«Мөлдек салып қайтарсаң» деп Маман өзинше гүбирленип муртынан күлди. Көзлерин сүзип, ҳаялына күтә миннетдарлық түр менен қарады. Ол ериниң бетине тикленбей, алақанына түпирип, шапанының шалғайларына жабысқан қамыс үпелеклерин ыса берди, сары шерим етигиниң қонышына әлле қайдан қан тийгенин көрип, дәрҳал отыра сала ыссы суўға шүберек басып сүртти. Жағаларын дүзестирип, белбеўин қаттырақ буўдырды. Ҳаял тек ақшамында емес, бәрқулла иззетли болатуғынын енди түсингендей оның жаўырнынан бир сыйпалап, «хош» деп сес шығарыў орнына, басын бир ийзеп шығып кетти.

Бегдулла қарасақалдың аўылына күн аўа келди. Олар үйлеринен табылмады. Аўылының қубласындағы көл жийегиндеги суўы тартылып, тапқа келген алаңлықта екен.

Аўзына қасық апарған жан, қумырсқадай қыбырлап, ҳәр қайсысы бир нәрсениң гүмирашылығында бәнт. Ким жер аўдарып, ким гүндеге қосылып жер айдап, ким шөпликлерди құшақлап шетке тасып атыр, олардың дәл ортасында биреў еки пешин қайырып туқым шашып жүр. Оның изинде, аўдарылған атызлықлар үстинде, бир топар бала, гүўеннен босатылған ылақлардай, кеўилли шапқыласып, аспанда топ-топ болып гүўлесип, ғарқылдасып ушқан ғарғалардың бирин де жерге қондырмай кесеклеўде. Атызлықтың дәл ортасында шақалары шөгирмедей үйилип ғыррықланған бир торańғыл бар екен. Шақаларында суў, айран қабақлар, дүмшелер, түйиншиклер илиўли.

Сырдәрьяның төменинде дийқанларға биринши туқым сеўип беретуғын Мурат шайық еди. Жаўгершиликке тап бола бергени болмаса, шайық сепкен туқым қалыўсыз көгеретуғын еди. Бегдулла қарасақалдың да, жыртық жүн шекпениниң пешин қайырып, шайыққа усап жүргенин көрип, бийдай туқымды усыларға бергенине әбден сүйсинди.

— Азаматлар! Туқымға берекет, ҳармаңлар!

— Бар болың, Үлкен бий.

— Қәдемлериңизге қәсенет, Маман бий.

Пияда бий ҳәммени бир қатар көзден өткерип, улы менен мойынтырықласып гүнде тартқан Омар ғаррының қасына келди. Сәлем берди. Өзиниң аппақ шашы түслес көкирек жүнлери уйпаласып кеткен ғайбар ғаррының күнге күйреген жалаңаш жылтыр денесинен тер тамшылап, ентиге-ентиге сәлем қабыл етти. Маманның реҳими түсти.

— Қәне, Омар ата, күшениңизди мен кийип көрейин.

Ғарры шаршағанын умытып, кетик тислерин көрсетип үнсиз күлиўи менен, күшенди Маманның мойнына кийгизди.

Маман қапталындағы қайрақ денели дөңгелек көз қара жигитти баспалата алға умтылғанда, жерге терең сүңгип турған гүнде қозғалмай, Маман бийдиң булшық етлери тиркис пенен қоса сиресип, гүнде жер айыра алға жылысты. Бир жылысқан соң, сол қәдди менен жүрип кетти.

— Әне, адамлар, Маман бийге рахмет деӊ. Ел басшысы елиниң қулы екенин және көрсетип атыр, — деп Бегдулла қара сақал күнге қарсы бир көзин қысып көпшиликке мардыйды.

Үлкен бийди бүйтеди деп ойламағанлардың аң-таңы шығып қарасып, оның иркинишсиз табанлап, алға өңменлеп баратырғанын көрип, бурын солғын қыймылдағанлары шыйрақласты. Ғажжа-ғаж ис гүжиди...

Усы пайытта, қамыслық жийегинде, қуяшламаға шыққан бир топ қырғаўылдай онлаған ҳаял көринди. Ата қораздай қоқырайып, пәкенеси өпепишленген биреўи жүдә жеделли қәдемлер менен баслап киятыр.

— Нурабылла, қарап жибер, ылыққан қаншықлар киятыр, — деди бир даўыс.

Дәўлетбай бийдиң бурынғы атқосшысы Омар ғаррының улы Нурабылла қапталындағы Маман бийге мойынтырықты аўдарыңқырап, аяқларын жерге ширене ҳаяллар тәрепке қарады.

Маман да бурылды:

— Алдынғысы Айтуўған жасаўылдың жесири емес пе?

Нурабылла көзлерине тамған терин жүнлес билеги менен сыпырып, анықлап сығаланды.

— Танымай турман, бий аға. Егер сол болса, лақабы Абадан ақбалтыр. Жүдә ылыққан, тойымсыз қаншық деседи. Мени жиберип аларсыз.

Ҳаяллар Нурабылланың даўысын еситти ме, я Маман бийди таныды ма, буларға жақынлаған сайын көпирге айдаған ешкилердей шоғыртпақласып, жиптиклесип, бириниң арқасына бири бетин тасалап, келе берди.

Нурабыллаға:

— Солығыңды баса бер, — деп ескертип Маман ҳаялларға қарсы жүрди. — Келиншеклер, қәдемлериңиз қайырлы болсын.

Абадан еки қолын еки жаққа қанат қылып жайып артындағы жолдасларын иркти:

— Маман бий, тоқтағанға неге иркилдиңиз? Жақынлаңыз!

Маман олардың әлле қандай жаман нийет пенен киятырғанын сезсе де, тайсалмай қарсы қарап жүрди.

Абадан қырқты алқымлап қалған менен еле жигирма бестегилер менен жүз жарыстырғандай ақ бозлақтан келген келбетли ҳаял екен. Изине ергенлер уўыздай жас келиншеклер. Кийимлери жыртық, көйлеклериниң етеклери алба-далба, орамаллары жасларына ылайық емес демесең, көпшилигиниң жүзлери ушығадай қып-қызыл. Жүзлери солып, жасы жетпей қартайғанлары да бар еди, олар өзлерин тасаға алып турыпты.

Қабағы үйилген ашыўлы Абадан Маман бийди еки адым жақынлатып, ҳаялларға буйрық етти:

— Басыңлар!

Маман олардың күши жетпейтуғынына исенимли болғаны ушын ба, шегинбестен қалша қарап турды. Ҳаяллар шыбындай гүў басты. Ҳәр ким ҳәр жағынан тартқылап, мушлап, жулқылап атырғанда да Маман қызбады, ҳеш қайсысына муш силтемеди, тамыры беккем емендей тип-тик тура берди. Ҳаяллардың оңлы күш ете алмай атырғанына ашыўлы Абадан барлық турпаты менен Маманның туў сыртынан қушақлап шалқасына жықты. Енди ҳаялларға оң түсти. Аяп қалып атырғаны жоқ, ким урып, ким тислеп, ким шымшып атыр. Маман бийдиң: «Не себеп? Неге? Не ушын?!» дегени еситиледи. Оған қулақ асыў жоқ, ҳәр ким

бир дүмбишлеп өзинше сөйленип жүр: «Бизди қорлап, пәрман ететуғын сен бе?», «Ел баслайман деп жылыўға салған пәмсиз», «Бизге бала туўдырып елди көбейтпекшимисең?... Олар және ғәреп болады», «Сен ширкин ғәреп қыласаң!», «Сен ҳаял сүйемисең?», «Қарақалпақтың баласы көбейсин дегенде усылай етермедиң?», «Дана болғанда кимди сүйиўди билер едиң».

Маманның мийи гүўлеп кетти. Бирақ суўық қанлық сақлап, қулағын тығып қозғалмастан, сөйлеместен дүстөменине жатыр.

Ҳаяллар аямады, биреўлери тислеўге өтти. Енди Маман шыдамады, олардың реҳимсиз қолларынан айрылыўға ҳәрекет етти, талпынды.

— Ақта қылып ғана таслайын, — деп Абадан асыла бергени, Маман шыдамай, бар күши менен оны бир тепти. Бирақ ҳаяллар ҳәмме тәрепинен тутып турған соң ба, тепкиси күшли болмады, қайта Абадан оның аяғынан услап алды. Жуқа жерине қол узатты. Егер усы демде Бегдулла қара сақал менен Нүрабылла жетип келмегенде, жас қатын алған бийдиң ҳалы қоржынға айланажақ еди. Нурабылла Абаданды қушақлап кейин ысырды.

Ҳаяллардың күши бөлинди. Маман гөне торға түскен арысландай ыңырсый таўланып, үстиндеги ҳаяллар шынжырын серпип таслап тикейди. Бет аўызының қанын жеңи менен сыпырып, Абаданды изледи. Ол Нурабылланың күшли, кең қушағында тырп ете алмай, аяқлары жерге тиймей сәлleңлеп тур.

— Қәне, Абадан, айт ўаззаҳаңды?! — деди Маман.

— Қатынлар, сизлер-ше? Не қылып турсызлар, бәриңиз тең айтыңлар! — деп Абадан айбарақ салып туўлады.

— Бизлер пәрманыңа қарсымыз! — деп ҳаяллар шуў етип, сүзетуғын текелердей бир шекелесип, Маманға және жақынласа баслап еди. Маман қәҳәрли буйырды.

— Табжылмаңлар!!!

Әлле қандай күш ҳаялларды турған-турған жеринде қазық етти.

— Маман бий, буз буйрығыңды! — деди сырттан күшли даўыс.

Ҳәмме жалт бурылды.

Еки-екиден жупласып жол танабын қуўырған төрт атлы келип қалыпты. Нурабылланың қолы босасып, қушағындағы Абаданды жаздырды. Абадан долақлаўы менен Нурабылланы жулқып, ҳаяллардың алдына барып, Маман бийге қалша қарап қол шошайтты:

— Ҳəй, ғарры теке, аламан жесириңниң гəпине ерип, журтты ойыншық етпе! Жесирлерди аяғаның ба? Керек емес! Қатынлар шыдамаса, қолы менен қасып-ақ күн көреди.. — Ол жаңа келген төрт атлының басшысы Есенгелди бийге мойын бурды. — Еркелетпе мына пияда пəмсизди!

— Ҳəй, қатын, жап аўзыңды! Маман бий ҳəм еркелейди, ҳəм пəрман береди!

Жумысларынан қол сууытып, екиленип турған адамлар даўыс шыққан тəрепке бурылып, Бектемир менен адырақ көз жигит баслаған бес бойдақты көрди. Ҳəр бириниң қолында бир-бирден ала таяғы бар екен. Төбелеске таяр киятырған жигитлер ҳəммени таңландырды. Өзине тирек келгенине қуўанышлы Маман бийге шекем таңланды: усы бийдай атызда усындай болатуғынын қайдан билген?

Журттың ар-сары шығып, кимди тыңларын билмей турғанда, Маман бийиклеў бир дүмпешикке көтерилди.

— Халайық, халқым десеңиз мениң пəрманымды тəрк етпеңлер! Пайдасы алдыңызда. Жигитлер, мынаў бийҳая Абаданға мен пəрман еткен дүррени урыңлар!

Бектемирлер жем көрген аш бүркиттей Абаданға умтылды. Есенгелди бийдиң еки атлысы оларға жол бермей алдын кеселеди.

— Жигитлер, аттан аўдарыңлар буларды!

Бегдулла менен Нурабылла Маман бийдиң бул буйрығын да бəржай келтириў ушын алға секирип өтти де, екеўи еки атты жылаўлап, ийелерине пəнже урып ерден қулатты. Жəне биреўлери Абаданды услап өз орамалы менен қундақлап таслады. Қолы жеткен урды.

Жыйналғанлар сеңдей соқлығысты. Өз ара толқынланыў пайда болды. Есенгелди бий көпшиликтиң рабайын жаман көрип:

— Маман бий, бул бийшаралардың көрген қорлығы азбеди? — деди.

Аяқ-қолы байлаўлы Абадан даўысының барынша пəтленип: тислене ширенип бақырды:

— Халайық, халқым, напəмнен напəм туўады! Туқымы жайылмастан бурын анаў реҳимсиз Маман бийдиң аўзына топырақ қуйыңлар!

Абаданға барлық сөзлерин айтқызып үлгертпей жаўырнына Бектемирдиң ақ таяғы сарт етти. Бийшара ҳаял суўдан шығарып тасланған балықтың ең соңғы секириўин қылып, ҳəлсиз ғана,

бир қапталына аўдарылды. Көзлеринен жас парлап, гүбирленип жатты.

— Реҳимсиз... Сүйиўди билмеген ақылсыз!...

Оны тыңлаған адам болмады... Диңкеси қурып ҳалдан кеткен қатын узынына сулқ болып ортада жатыр. Бул көринистен басқа ҳаяллар ҳаўлығып, қасқыр көрген қойлардай бир-бирине тығылып турыпты.

— Және ким қарсы? — деди Маман бий төбешиктен түспей.

Ҳаяллар да, ерлер де тым-тырыс. «Сен бе?» дегендей Маман Есенгелди бийге қарады. Қоңыр атына ғарш-ғарш суўлық шайнатып, жүўенин шекшийтип тартып турған бий, Маман бийдиң нәзерине төтепки бермей, әстен артқа бурылып, кетиўге мейилленди.

— Тоқта, Есенгелди бий! — деди Маман тисленип.

— Жерде турып ат үстиндеги арысланға шабаланбай, айтсаң-а гәпиңди! — деди Есенгелди бий.

Маман бий жигитлерге мойын бурып, ым қаққаны сол, ҳәмме шырп етип Есенгелди бийди қашырмай тутып алды.

— Аўдарыңлар!

Есенгелди бий аттан аўдарылды.

— Айт, Есенгелди бий, пәрманға қарсымысаң? Бизиң атты ким өлтирди?

— Мен өлтирттим! — деди Есенгелди бий.

— Жигитлер, изимнен сүйрең буларды, — деп, Маман бий өзи турған төбешиктен түсип, кең бийдай атыздың ортасында зеңирейген жалғыз түп тораңғылға қарай жүрди. Есенгелди бий ҳәм оның жолдасларының ҳәр бири еки жигиттиң сүйеўинде сол тораңғылға қарай жылысты. Ҳаяллар қорққанынан бармақларын тислесип, әстен ере берди.

— Бегдулла, Есенгелди бийдиң атының шылбырын әкел! Мынаў тораңғыл дар тораңғылы болсын! Шылбырды дар арқаны қыламыз!

Ертеңги күнниң үмити — бийдай туқым шашылып атырған тақырлықтың үстинде, ушқан ғарға, шымшықлардан басқа, шурқ еткен жан болмады, адамлар жым-жырт. Тек Маман бий еркин, алды-артына шәпик жүрип, шабан қыймылдағанларға жәрдемлесип, тораңғылға өрмелеп, беккем бир путағына дар арқанын өзи байлап, гүрмекли ушын салбыратып, көпшиликке бурылды. Нәзери Есенгелди бийде. Есенгелди бий қорқып қалтырамаған менен, бираз ҳәлсизленген еди. Сонда да сөзин алып қалмаўға тырысты.

— Қәне, Маман бий, кимди асасаң? Ас! Тез ас! Бирақ, бил, мен усы ел ушын сениң менен жунғар елшисин өлтирдим, Ғайып ханды өлтирдим. Елди жаў алмас атаўға әкелдим. Тыңла, бил, қарақалпақтың сүйегинде ханлық жоқ! Хансыз дар жоқ! Қопалыққа келип баспаналаған менен мөмин халықтың арасында өзиңди арыслан тутып, ойқаслама! Шап анаў дар ағашыңды!

— Есенгелди бий, мен сени өз сөзиңе садықпекен деп едим. Өрге түпириўге мейилленип, самалға қарсы көкирек тутқаныңды унатып турман. Лекин, сени асаман. Жигитлер, салың, гүрмекти мойнына!

Есенгелди бийдиң еки қолтығынан тутып турған еки жигит бираз қорқыныш пенен алға қәдем қойды. Ҳәмме ҳаўлығып турыпты. Омар ғарры ҳалықлап келип, Маман бийдиң аяғына жығылып жер сүйди:

— Бий балам, әпиў ет! Қәпелимде, және ел жаўласпасын? Шашымның ағын сыйла, жасымды сыйла!..

Маман бий алдында жатырған ғаррының шаң басқан жумалақ басынан сыйпалап, желкесинен көтерди ҳәм өзи қатарға қосылғалы еки руў арасында пайда болған жәнжеллердиң, халық тәғдирине зыянларын еследи. Ашыў менен Жандос бийди, Аллаярды өлтирип ақыбетинде бармақ тислегенлерин... еследи. Қан қызбалық етпей ийи босасып, кейин бәсти. Ғарры апыл-тапыл түргелип Есенгелди бийдиң алдына жуўырды.

— Есенгелди бий, үлкен бийден кеширим сора. Жас үлкен бий менен тиреспе, елдиң баласы жылайды. Кешир де!

— Кеширсин...

Есенгелди бийдиң жыламсыраған секилли жүдә өлпең даўысы Маман бийге оқтан кейин тиймеди. Артына бирден қаймығып, үстине дөнип-ақ барды:

— Ҳәй, пәс сүйекли адам! — деди ол тисленип. — Неге кеширим сорадың?

Мойны сынған қамыстай ийилген Есенгелди бийдиң даўысы суў астынан шыққандай түсиниксиз миңгирледи. Маман бийден басқалар ҳештеңе уқпай қалса итимал, еситиўге куштарланып жақынлады, оның менен түсинбеди.

— Есимде. Есенгелди бий, сениң жақсы ислериңниң бәри есимде. Булкараға келип те жаман қоңсыларға тап болмағанбыз. Бирақ, бил, сениң бул ислериң ҳеш кимге миллет емес! Сен де елдиң бир басшысысаң. Басшы халқының қулы. Ол мақтаныўға ҳақылы

емес!... Адамның журтқа кереги көкирегиниң тазалығы. Мениң атымды өлтирткениң ырас болса, мойынлағаның да мәртлигиң! Бирақ, сен тартылған ишек екенсең... Өрге өрлемегендеги ойың кимниң ғамы? Қара басыңның ғамы ма, деп қорқаман... жигитлер, босатыңлар, атына мингизиңлер, бул қорқақ жанды!

Есенгелди бий бир аўыз сөйлеместен атына минди. Жолдасларына да руқсат етилди. Еки-екиден жупласып пәтли бадабат пенен келген төрт атлы, ҳәзир ғана ең қәдирли адамын көмгендей, сес-семирсиз, ийинлери түсип, тырна-қатар дизилисип қайтты.

Олар суўға батқан тастай қамыслыққа кирген соң да сол салпаўсыған күйинен өзгермеди. Бул өли тынышлыққа Есенгелди бийдиң ат қосшысы шыдамады. Атын жеделлендирип екинши менен теңлести.

— Бий аға, бул исиңизди ел еситсе бетимизге перде түспес пе екен?

— Сен неге шыбыш ешкидей шыбыжыңлайсаң? Мен өз лебизиме садықлық еттим. Ыққа түпирдим. Енди, пәс сүйекли дегени ме? Айта берсин. Мениң әкем Байқошқар бийдиң бир гилем ушын өлип кеткенин еситкен, енди соны бетиме күйе қылып жақпақшы. Бурын да сондай еткен. Ырасында, мен Байқошқар бийдиң бел баласы емеспен. Ҳасылзада Жангелди дегенниң баласыман. Сол ушын да, атым Есенгелди, уйқас. Аўа, түп дәрегим солай. Ол бийшара «Ақтабан шубырынды» жылы шейит қаза тапқанлардан. Байқошқар бий алып асыраған. Енедәрегине ой жиберсең, кимниң бабасы дүзиў. Султан байдың да түп әкеси Жандос бий емес, Хажыкелди деген дейди «Ақтабан шубырынды» жылдың ойқаны ма, ким түсинеди? Бийшара ата-аналар бәрин жасырған, әўладларын бизлерди күймесин, бир-бирин кемситпесин деп жасырған. Мен буны Түркстаннан посып киятырғанда өлеси кемпирден еситкенмен. Бул гәп усы жерде қалсын. Ал, енди мен усы сорлы халықты не қыларды билмеймен. Арғысында жоқ, Маман десе өлип тирилгенин умытады. Мейли, қолынан келсе елди Маман-ақ көбейтсин. Сизлер де жәрдем етиң. Бирақ менде ябының емес, қоңыраттың қаны бар. Еле сизлер Маманның уятсыз, арсыз бетине перде емес, нықап кийгизгенимниң гүўасы боласыз. Муҳаммед Әмин инаққа тентене қылдырмасам... — Ол изин туйық қалдырып, — каттырақ айдаң! — деди.

Атлылар жақынласып жуп-жуптан қатарласты да, қуў қамысларды пышырлатып сындырып алды. Артына қарамай кетти. Олар туўры Есенгелди бийдиң үйине келип аттан түсип атырғанда, бийдиң ҳаялы шығып:

— Арқадағы бай, улының атын қойдырыўға, саған шақыртыўшы жиберген екен. Сени таппай жаңа ғана қайтты, — деди. Бий ишке кирместен атына қайта минди:

— Атланың, жигитлер, Султан байдикинде биротала дем аламыз, — деди.

* * *

... Олар кеткен менен топ бузылмады.

— Абадан сол орнында, тораңғылдың түбинде, сулқ болып еле жатыр. Есенгелдиден зорлық пенен алып қалынған арқанның гүрмекли ушы геўмис тораңғылдың жуўан шақасынан салбырап үстине әжел дөндирип турыпты. Жыйналғанлар қасқырдың алдындағы қойлардай үрпейискен. Аң-таң. Көпшилиги дирилдеседи.

— Есенгелди бий ойлы кетти, енди қарсылық етпес, — деди Маман бий дар арқанына ҳәммениң дыққатын аўдарыў ушын жоқары қарап алып. Оның даўыс толқынынан аз ғана албыраўшылық ҳәм ҳәмирин тәрк етип Есенгелди бийди, аман жибергени ушын кеширим сораў белгисин сезип, адамлар сәл босасты. Базылары қыймылдасып кеңирек нәпес алысты. Базылары дар гүрмегин көрип жүреклери суўласып тур. Бий өзиниң әззилигин түсинип, бирден қаталланды. — Қәне, келиншеклер, даў излеген келиншеклер, алды менен сизлерге нәўбет берейин. Мынаў жигитлерден өзлериңизге бай таңлаңлар!

Қарамық көзлери ойнақшыған, жуқа ғана гүлше жүзли бир келиншек ҳаяллардың алдында қалтырақлап тур еди. Жаўлығын маңлайынан сәл көтериңкиреп, ызалы үн менен сөйледи:

— Бий аға, қатын ишиндегисин айтып, дегени болғанда, Абадан апа бүйтип жатпас еди. Билгениңизди қыла бериңиз.

Ҳаяллар бирин-бири шымшып, шыбыжыңласып, уялысып, бетлерин сызысып, бири екиншисин алға ийтерип, өзи тасада, көлеңкеде қалыўға талапланып атыр.

Маман бий муртларын таўлап қойып, айбатлы нәзер менен жигитлерге бурылды:

— Нәўбет сизлерге!

Бектемир менен мудамы бирге жүретуғын адырақ көз, қуў жақ арық қара ҳәммениң алдында, анаў жуқа гүлше жүзге көз астынан қаранып, тамсанып тур еди. Оған қолай түсти.

— Бий аға, мен сол сөйлеген келиншекти қәлеп турман, — деди.

— Биз қайыл, — деп гүлше жүз келиншек тәуелле күтпестен, тап бир уймадан суўырылып атырғандай, топарынан зорға бөлинди.

— Мени ҳаяллардың ғайбарлығы қуўантады. Ана ғайбар болмай перзент ғайбар болмайды. Перзентлериңиз өшик көкирек, жатық минез болмасын. Ығбалыңыз артсын, үрпе-шүрпеңиз көбейсин! Қәне, Нурабылла сен? — деди Маман бий.

Нурабылла жүнлес жуўан аяқларын салмақ пенен абайлап басып, узынына жатырған Абаданның бетине бир үңилип, «меники усы болсын» дегендей, Маманға қалша қарап пәтия дәметти.

Нурабыллаға гезек берилген ўақытта ҳаяллар топарынан көзлери сәл қыйтарлаў, кемпир бет биреўи дәмеленгендей бир қыймылдаған еди. Бий оны сезип қалып қасына барды да, билегинен жетелеп әкелип Нурабыллаға услатты.

— Мынаўың баладан қалған болса, бул туўады... Ығбалыңыз ашылсын, үрпе-шүрпеңиз көбейсин...

Кемпир бет болған менен өзи жас екен, ойы иске асқаны ушын бетине қан жуўырып, көзкөреки ашылысып жасарып сала берди. Бий муртының астынан ҳеш кимге билдирмей өзинше күлип, және суўық түси менен жигитлерге қарады.

— Бектемир, бәс кейин, қәне, сен айт, — деп бий келеси жалаңаяққа нәўбет берди.

— Мен анаў ақ жаўлықлыны...

— Ығбалыңыз ашылсын, үрпе-шүрпеңиз көбейсин! Қәне, Бекмурат енди сен!..

Усылайынша дар арқанының астында, ҳеш кимниң қәлеў-қәлемеўине қарамай, туллар менен жесирлерди жупластырыў кешке шекем даўам етти...

* * *

Геўгимлете Бектемирди ертип қайтқан Маман бий, оның кеўлин алғысы келгендей жаўырнына ири алақанын қойып:

— Бектемир, еле жесир көп, ҳәзирше бойдақлығың керек! — деди жолда. — Айтпақшы, бул жерге неге таяқ алып келдиңиз?

— Аўылларға пәрманыңызды жеткердик деп айтыў ушын үйиңизге барып едик. Есенгелди бийлердиң сизди таппай, Бағдагүл жеңгейге әбеший сөзлер айтып баратырғанын еситип, изинен ере бергенимиз еди...

— Аманлық не қылды?

— Бүгин азанда кетти.

— Бийшараға қыйын. Әй, иним, кимге аңсат?... Ол да Бухарадан қарындасын таўып, биреўге тийген болса, күйеўин, жийенлери менен бирге әкелсе, қандай жақсы болар еди. Ел толысар еди!.. Сен де қуры шаўып күшиңди заялай берме, еки қатын алыўға талаплан. Ал, жақсы жатып, жақсы тур. Азанда кел, иним. Төрт-бес жигит болып ел аралаймыз, пәрманның нәтийжесин көремиз...

Бийдиң кеўилли кейпи оны қуўандырғаны соншелли, жасының биразға барып қалғанына қарамай, аўылына қарай айрылған соқпақ пенен қараңғыны қақ жарып, баладай жуўырып кетти...

## 6

Жандос байдың ортаншы улы Султангелдини ҳәмме «Султан», «Султан» деп, ақыры солай атанып кетти, «гелди»ниң орнына «бай» қосылды. Себеби, ол пысықлық етип Сырдәрья бойынан бираз мал айдап шыққан еди. Бул жерге келип те жаман болмады. Дәўлети асты: маллары егизден туўды, суўға аў тасласа, қәлегенинше балық алды. Әбжилликке ҳәм адамлардың кеўлин табыўға Есенгелдидей болмаған менен де, дәўлети оннан кем болмады. Тек оны сарсылдырып, бираз ўақыт қыйналдырған нәрсе ағасы менен инисиниң үкиге кетип қайтыс болғаны. Өлимниң изинен өлим жоқ. Мәңги жылаў жоқ. Өлим қайтып келмейтуғын, тикленбейтуғын, базылар ушын тез умыт болып кететуғын бир мүсийбет. Султан бай да туўысқанларының өлимин умытты. Изли-изинен үш уллы болды. Үлкен улының атын атасының атына уйқас Айдос қойды. Оннан соңғылары онша турақламады. Үлкен улы Айдос он еки жасларға шыққанда, туўылған бир улын «енди бегиссин» деп, ырым ушын Есенгелди бий «Бегис» деп атап еди, ҳәмме «Бегис, Бегис»... дей берген соң ба, бегисти. Сөйтип, Бегис болып кетти.

Жақында және уллы болды. Ҳаялымның бели қатсын деп, адам шақырмай жүр еди. Дийдилеген күни болыпты. Қоңырат руўының көп ғана жасы үлкенлери менен бирге Ғайып баҳадыр, Аманқул бий, жас Қурбанбай бийлер де бар. Ҳәммеден төрде Есенгелди

бий. Басқалардың ҳүрметине кеўли толғанлықтан ба ямаса ҳеш кимге сыр бермеў ушын ба, жүдә кеўилли.

Қус тумсықлы, жийрен сақаллы Султан бай жөргекке ораўлы баласын қушақлап әкелип, бир қамшы менен Есенгелди бийдиң қолына берди.

— Қоңыраттың мийрим-шәпәәтли бийи, баламызға исми-шәрийп берсеңиз.

Есенгелди бийдиң жүзи қуяштай ашылып, баланы алдына алды, бетине үңилди. Әллен ўақытта қара шөгирмели басын көтерди:

— Халайық, Султан бай, бул бала боласынлы бала екен, Атын көтермелеп турқына сай қойсам, көз тийер, аты Мыржық бола қойсын.

Отырғанлар «мақул, мақул, бала көзикпесин» деп ғаўырласты. Султан бай сары жүн шекпениниң еки пешин қайырып Есенгелди бийге тәжим етип, баласын қайтып алды. Мийманларға от жағып отырған үлкен улы Айдосқа:

— Мә, шырағым, қуўатың Мыржықты апасына апара ғой, — деди.

Мийманлар тил үйретиў мақсетинде және бир қайтара «Мыржық», «Мыржық»... десип мыйықларынан күлип отырды.

Есенгелди бий басқалардың бул атты жақтырған-жақтыр–мағанына онша мәни бермеди. Муртларын сыйпалап қойып, тери көпшикке жамбаслады. Пышықтай, көзин жумып, аз ғана буйықты. Бирақ алғаў-далғаў көкиреги сөйленди: «Төрге өтип үйренген аяқларың еле төрди күсейди. Сениң менен көрермен, Маман бий. Бул дүньяда екеўимиздиң биреўимиз қалыўымыз керек...» Айдос кирип бир дизерлеп отырғаннан кейин:

— Султан бай, балаларыңның бабасы илаҳийда зор, мәрт адам еди, — деп гәп баслады. — Аўа, жигитлер, жас болсам да Жандос атамды билемен. Ябылардың қолтығына тығылып қарамықтың дәнимен дегеннен, өз еркиң менен бийдайдың сабаны болған артық дейтуғын еди. Усы Маман бийдиң әкесин де, өзин де сум деп, жек көретуғын еди. Биледи екен-аў, пай, сүйеги пырақ болғыр.

Султан бай балаларын тәрбиялаўға айрықша кеўил берип, олардың бийреҳим ҳәм бийдәўлет болып өспеўи ушын жүдә пысықлық ететуғын еди. Ҳәр бириниң жас үлкенлерден үйрениўи кереклигин бәрҳа шегелеп, үйине мийман келсе, басқа хызметкерлери болыўына қарамастан, Айдосқа от жақтырып гәп тыңлатар еди. Улына өзиниң қайдан шыққан тарийхы емес, ал

сүйикли атасы Жандос бай ҳаққында жүдә мақтаўлы әңгимелер айтса да, Маман бий арасындағы ўақыядан жик шығарған емес. Керисинше, Маман бий аўыллар арасында жақсы қылықлары менен кеңнен мәлим болғаны ушын, баласының ойын шалжалаға салатуғын қайшы пикир орнына: «Маман бий халықтың ғамы ушын дүньяның төрт бурышын гезип, орыстың ақ патшасы менен табақлас болған, ертектеги Макария Мәскеўди көрген»... деп, ел арасында ен жайған әңгимелерди қуўатлайтуғын еди. Усыннан кейин кишкене Айдоста Маман бийди көриў, сөйлесиў интасы оянып, ҳәтте, ол кисини түсинде қанатлы тулпар үстилеринде, ушқан дастурханлар үстинде көре беретуғын еди. Бирақ ҳеш қашан өзи менен дийдарласқан емес. Есенгелди бийдиң ҳәзирги гәпинен, оның дөңгелек көзлери жаўтаңлап, қаймақтай еринлери салбыраўы менен әкесине бир, Есенгелди бийге жалт-жалт қарады. Он төрт жасар баланың қыялын абыржыға түсиргенин Султан байдың өзи түўе, тыңлаўшылардың бәри де жақтырмай қалды.

Есенгелди бий отырғанлардың кейпин бирден уға қойды.

— Айды етек пенен жаўып болмайды, — деп тикленип отырды да, қәтесин өзи дүзетиўге урынды. — Маман бийдиң пәрманы жүдә жақсы ойлап табылған пәрман болды. Аманқул бий сизиң аўыллар қалай қарап атыр?

— Жақсы табылған пәрман, Есенгелди бий. Көпке не сөз бар. Түсингенлер қуўанысып атыр.

— Ғайып баҳадыр, сен не дейсең?

— Аманқул бий дурыс айтады, көпке не сөз бар. Пәрманға дәрман бериў керек. Елде бала көбейсин!

— Қурбанбай бий, сениң руўың-ше?

— Бизиң руў да солай...

Есенгелди ҳәммеден сорап болып жуўмақлап үлгермей-ақ даладағы биреўлердиң гүбирлисин, Маман бийдиң атын қосып бәләәтлеп сөгинип атырғанын қулағы шалып қалды. Дәрриў ишке шақыртты.

Қара қалпағы өзине қуп жарасқан, кийимлери пүтин, шоқ ғана сақал-муртының дөгерегин искеклеп мүсиндей қылып қойған, еки бети бөтекедей қызыл, орта жаслардағы Сабыр сыйпаң деген кирди. Еки ийнинен дем алып ҳаплығып тур, маңлайының терин жеңи менен сыпырып жиберип, есикте төсеўли жатырған шыптаның үстине саққа жүгинди.

— Бийлер, Есенгелди бий, жәбир менен келдим, — деп баслады Сабыр сыйпаң ҳаплыққан күйинде бийлердиң жол болсын сораўын күтпестен. — Бүгин аўылымызға Маман бий келди. Пияда. Изине ерткен алты-жети саяғы бар. Бизиң ҳаялдың сегиз жылдан бери өкшеси қанамай киятыр ғой. «Неге туўмайсаң?» деди. Ол «байымнан шығар» деп еди. Көзимше ғана қосқа ертип киргизди. Ерткен саяқ жигитлериниң биреўи менен киргизди... Шаптыртқан деп қәўиплендим... Аўа... аўа...

Тыңлаўшылардың биразының езиўлеринде мысқыллы күлки пайда болды, биразларында ыза.

— Ата, мен Маман бийге кетемен, — деп Айдос ушып түргелди. Әкеси ере шығып, әлле нәрселерди нәсиятлайжақ еди, оған қарап турмай қазықтағы ерсиз атты шеше сала үстине секирип минип, жалынан қушақлаўы менен қуйынлатып шаўып кетти.

Сабыр сыйпаңның аўылы пәтли атлыға еки кесе чай ишим жерде еди. Айдос, аўыл арасындағы қозғалаңның суў серпкендей тынышланғанының үстине келди. Шеттеги қамыс қосқа жанаса өскен тораңғылдың түбинде гүймеңлеп, бир нәрсе ислеп атырғанларды көрип солай бурылды. Олар тораңғылға асылған қара муртлас өлини шешиўдиң ҳәлекшилигине түсип атырғанлар екен.

— Буның айыбы не болды? — деди Айдос ат үстинен.

Үшеўдиң жасырақ биреўи Айдосты танып, жыламсырады.

— Еле ҳаял алмайман десең, Маман бий сени де усы күйге түсиреди, қосшым.

— Маман бийдиң өзи қайда?

— «Қазақдәрья» таманға қарай бет алды.

Айдос атының басын күншығысқа, «Қазақдәрья» таманға бурып, қамшылап-қамшылап, қамыслықтың арасына сиңип көзден ғайып болды.

* * *

Отырыспа тарқап, ҳәмме атланарда Есенгелди бий иркилип Султан бай менен жекке қалды. Қулағына жақын келип сорады:

— Балаң қайда кетти?

— Маман бийди излеп кетти...

— Нийети?

— Жақсы нийет пенен кетти. Маман бийди жақсы көреди.

— Ата қандарын-ә?!

— Олай демеўиңизди соранаман.

— Ладан! Шешең бузықлық етип, қоңыраттың қанынан дөремегенсең!

— Бил Султан бай!! Мениң инақтан қолым бар. Маман бийдиң қолы Шаббаздың қарапайым биреўинде. Менде қоңыраттың қаны, Маманда ябының қаны. Балаңа бек бол, бузылмасын. Орыслар тәрепке деп желигип кетпесин!

— Маман бийди халық жақсы көреди.

— Билемен. Сол ушын биротала сап қылыў қыйын, әўеле атын өлтирип аяғынан айырдым, енди ҳаялы арқалы жүрегин әззилетсем, тамам. Сениң менен соннан соң сөйлесемен. Қолдаўлыман деп өзиңди бөлек тутқың келе ме? Түбимиз бир түбир қоңырат, қоңырат! Қоңыраттың қаны жоқ өләддизинә адам, бәлким, бул сырымды жәрия қыларсаң. Кейпиң геллеңде. Кеттим.

Султан байдың димары қурып, қонақларын шығарып сала алмай, шөкке түсип отырыўы менен қалды.

## 7

Буннан неше жыллар илгери теңизден «Қаратереңге» қуйыпқуйып батылы шығып қалған гөне жаптың шөп басқан ырашы менен айналаға көз жиберип, изиндеги бес ешеклиге бир нәрселерди түсиндирип киятырған Есим бий алысырақта бир топ пияданы, изинен қуйынлатып қуўған жайдақ атлыны көрип:

— Қудайберген, анаў не әламат? — деди.

Алдынғы сур ешекте отырған ала тақыялы, ала шапанының сыртынан бир ен бөз буўған адам жалаң аяқларын ағаш зәңгиге тиреп, Есим бий көрсеткен тәрепке қарап, жекке атлыдан басқа ҳеш кимди көрмегенин айтты.

— Пияданың алдындағы Маман бийге мегзейди, не болды екен? — деп ҳаўлықты Есим бий.

Қудайберген ешегиниң ерине минип тикейди.

— Ҳа, көрдим, Есим бий. Ҳаўлықпаңыз. Пиядалар бийғәрез, атлы арқайын. Қашқын менен қуўғынға мегземейди.

— Көзлерим гиреўгели, әдиўлим. Ғаррылық жеңип киятыр.

Соның арасында Маман бийлер ырашқа жақынлап қалды.

Изиндеги жекке атлы Айдос еди. Ол да Маманларға араласа келип жетип, кирпик қаққанша болған жоқ, атынан ғарғып түсти.

Ҳәмме апақ-шапақ болып қалды.

Қудайбергенниң өз жолдасларынан өзгешелиги кийген кийимлеринде, ямаса орта бойлы пәкенелигинде, ямаса пәтирдей жуқа жүзлилигинде емес, дөңгелек көзлерин сәл аспанға тутып қарайтуғынында еди. Оны жатсырап, таңланып қарай берген тек Айдос болды. Басқалардың дыққаты Есим бий менен Маман бийде. Олар аталы-балалыдай қушақласып көрисип, ҳал-жағдай сорасып атыр.

Есим бий Маман бий силтеген Шаббаздың аўылларына барып, ҳәзир елге ертип киятырған жигитлерин бирим-бирим таныстырды. Ҳәммеси жапекеш адамлар екен. Өзлери тилеп киятырған... Олардың басшысы Қудайбергенниң ҳәм уста, ҳәм бағман, ҳәм жерге адамнан басқасын көгертиўге қүдирети келетуғын дийқан екенин айтқанда, Маман бий:

— Әжеп елге қоңсы болғанбыз, келиң кеўли ашық азаматлар, — деп өзбек жигитлериниң ҳәр қайсысын бир қушақлап сүйди. — Жәрдем етиңлер... Үйретиңлер... Өзлериңиз жылынған отқа бизди де жылытыңлар... Жақсы нийетимизге ортақ болыңлар. Бизден-әм үйрениңлер...

— Маман бий, биз сизлерге көп нәрсе алып киятырғанымыз жоқ, — деп Қудайберген ҳәр ешектиң үстиндеги ярым қап бийдай тұқым менен кесе тасланған түйдек-түйдек қабықларды азсынғандай бир қатара шолып турыпты. — Лекин, бийдай тұқымның ҳәр денесинде, аў тоқыўға, арқан есиўге әкиятырған қабағымыздың — ҳәр талында аўылымыздың сизлерге сәлеми бар.

— Мәңги миннетдармыз, ағайинлер. Қәне, кеттик, — деп Маман бий изге қайтып аўылына баслайжақ еди. Есим бий өжет бийдиң бағытынан қайтармаў мақсетинде.

— Ҳәзир бизикине барып дем ала турамыз, сиз жолдан қалмаңыз, — деди.

Маман бий аз ғана ойланып, өз жолдасларын бир қатара көзден өткерди. Ойы Есим бийдиң өзи келгенше, оның аўылында пәрманның орынланыў-орынланбаўын қадағаламай-ақ «Қазақдәрьяға» шекемги аўылларда ис жүргизип болып, өзиниң көп ўақыттан бери сағынған досты Мырзабек пенен бир ақшамласып, туўры Жаңадәрьядағы Убайдулла бийдиң елатына жол тутпақшы еди. Бағытын өзгертиўге туўры келди.

— Басланыз, жас үлкен, — деди Есим бийге.

Айдос жалаңаш атын Маман бийдиң алдына кесе тутты.

— Мин ата, сениң менен бирге жүремен.

— Бий аға, танымасаңыз керек. Бул Султан байдың идиралды улы Айдос, — деди Бектемир.

— Атты атаң берип жиберди ме? — деди Маман бий

— Өзим, ата. Сени излеп шықтым, ата! Сени көп ертек биледи дейди. Қызық дейди. Солардан еситежақпан. Соған келдим. Бүгин бизикинде Есенгелди бий атамлар қонақ. Үкеме ат қойды. Сени олар да мақтады. Сениң пәрманыңа дәрман бериў керек дести.

Маман бийдиң көзлери нурланып, ерни-ернине тиймей тез-тез сөйлеген шаққан Айдостың басынан сыйпалап, оның ақ бөз көйлегиниң сәл қыйсайған қызыл жийекли дөңгелек жағасын дүзестирди. Өтирик сөйлеп турған жоқ па екен дегендей, ойнақшып турған қара көзлерине де қарап қойды. Үлкен бийдиң қолы басына тийгенге мардыйып турған Айдостың келбетинен ҳеш қандай сумлықсыз, ҳақыйқый ҳақ кеўил баланы таныды. «Көп жаса, балам» деп жалаңаш атқа ғарғып минди. Есим бийдиң аўылына қарай өзи жол баслады...

...Кеште бул аўылға ҳәр-ҳәр жерден адамлар шақыртылды...

## 8

Шыпта төсеклер ҳәм шөкшектиң үстиндеги пахтасы аққан бөз көрпе менен (буны Нурабылла еки ҳаялы менен жамылады), жүни сыртқа аўдарылып тасланған гөне постынынан (бул Омар ғаррының ҳәм қыс кийими ҳәм жамылғысы) басқа ҳәйлеси жоқ кең ылашықта ошаққа абына малдас қурынған Омар ғаррының еки жағында еки келини, жарыспаққа шылымтал есип отыр. Ғарры екеўине таллап берип, ҳәр қайсысының көсилген аяғына оралған жиплерине қарап-қарап қояды. Кишкене келининиң тәғдирге әзели қайыл екенин билетуғын болғанлықтан, ол туўралы жаман ойы жоқ, ал үлкен келини Абаданның бурын бардамлы жерде жасап, дәўир гәрдиши менен әптадаланып қалғанын билсе де, ҳәмме нәрсеге қайыл екенинен гүманланатуғын еди. Кеше Нурабылла Есим бий аўылына шақырылып кеткеннен кейин, үлкен келиним ҳәк шығарып жатып ала ма деп гүдикленген еди, олай болмады, қайтама, жас келиннен қалыспай, алақанына түпирип жиберип шылымталды ескенде, ғарры екеўине тең үлгере алмай албырап, қоқаңлайды. Еки келининиң ислегенине теңнен ыразы.

Песинге шамаласқанда Нурабылла кирип келди, арқасында ярым батпанға шамалас дән менен, төрт түйдек кендир қабығы

бар. Жүклерин әстен ғана жерге қойып, арқасын шөкшекке тиреп отырып, маңлайының терин сыпырды.

— Және қандай олжа әкелдиң, балам? — деди ғаррысы дән салынған қара қапты қолы менен сыйпалап. — Ҳаў, бийдай ма?

— Аўа, аға. Есим бий әкелипти. Солкәрада Маман бий де бар екен. Егиң, — деди. Мынаў қабықты аў-дузақ қылыўға берди.

— Қайдан тапқан?

— Шаббаз беттен әкелипти. Бирге келген өзбек дийқанлары да бар.

Еки келининиң жаўтаңласқан көзи ериниң шаршаған келбетине тойынбай, екеўи теңнен тигилип қуўанышлы отыр. Омар ғарры гәпти көп созбады.

— Туқым бүгиннен қалса ишилип кетеди. Тез егейик. Қәне, келиңлер шылымталды жыйнап бир-бирден гүлше көмиңлер, — деди ғарры.

Олар көп кешикпеди.

Омар ғаррының өзи гүндени басқарып, мойынтырықтың бир жағын улы Нурабылла, екинши жағын қос келини сүйреди. Кең бийдай атызында ис басланды. Бундай көринис ҳеш кимге таң емес, керисинше, бундай бириккен күш биразлардың көзин қызықтырып, ҳәр ким усындай болыўды әрман етер еди.

— Омар ата, қыйланбасаңыз, изинен мойынтырыққа биз ҳаялымыз бенен қосылсақ, басқарармысыз? — деп келди жаңа қосылған ерли-зайыплылардың бир жубы бир шекийне бийдай туқымын көрсетип.

— Жер таярлай бериңлер, мен шаршасам Нурабылла жәрдемлесер, — деп ғарры улы ушын жуўап берди.

— Қос қатынлы арыққа жәбир емес пе? — деди биреў тосаттан.

Бул Есенгелди бийдиң даўысы еди. Бәри жалт бурылды. Қоңырат руўының бурынғы жесири болғаным ушын маған тийгизди деген пәм менен Абадан:

— Бизиң нарымызды қос қатын түўе төрт қатын да шаршата алмайды, — деди.

Үлкен ҳаялының жуўабына Нурабылла ырзашылық пенен мардыйды. Киши ҳаялының терлеген қызыл жүзлери жадырап мойынтырық астында мырс-мырс күлди.

Есенгелди бий өрге қарап түпирмеўди мақсет еткели бир күнде еки рет сәтсизликке ушырамаған еди. Ҳәзирги жуўап оның бүгинги екинши сәтсизлиги болды. Ол азанда, үйинен атланғанда,

үш күнликте Султан бай менен ашық сөйлесип, оған айтқан гәплери бойынан суўық тер жуўыртқаны ушын, өзин жубатыўды ҳәм Маман бийдиң сыртынан болса да, бир себеп таўып, көпшилик алдында муқатыўдың жолын мақсет етип атланған еди. Ол «Султан бай бәри бир ҳеш кимге айтпайды, қаны нағыз қоңыраттың қаны» деп өзин-өзи исендирип көрди. Бул сайызлық етти. Себеби, Султан байға «қолдаўлы» тийресиненсең деп, ашымайрық қылып қойғанынан пәтленди. «Солай екенине исенип, жүрегине ғулғыла түспесе жақсы» деп қәўипсинди.

Жас бий Қурбанбайдың да Маман бий тәрепине өтип кетиўинен қорқатуғын еди. Сол ушын оның ақыл қалтасы — анасы Шәрийпаны көриўге қыялланды.

Шәрийпа менен аўлағында тиллескени мынаў болды:

— Сиз пәрманды қуўатлайсыз ба?

— Қуўатласақ, бай таўып алыўымыз керек.

— Ҳәўириңиз қалай?

— Бала туўмасам, лаплағаннан не пайда?

— Маман бий қақсалларды адам демейди.

— Нәлет, қақсал дегенлерге!

Есенгелди бий ҳәз етип ғарқ-ғарқ күлип еди, жолға шыққаннан кейин Шәрийпаның «нәлети» тикке өзине қаратылғандай түйилип, астынғы ернин тиследи. «Қақсал қатын пәнт берди!»...

Есенгелди бий Бегдулла қарасақал аўылына Маман бийдиң жоғында барып, жайма-шуўақланып, ҳал-жағдайын өз көзи менен көриўге қызықты. Себеби, оның ойынша усы аўыл Маман бий шығарған пәрманды, биринши қуўатлаған сағадағы аўыл, усы аўылдың кейпи-кәрақты менен пүткил аўыллардың кейпи-кәрақтын белгилеў мүмкин.

Мине, оның ҳәзирги бийдай атызында ушырасқан Нурабыллаға, ҳаялларына доҳ урғанының себеби, оларды гәпке мантықтырып, изинен өзи шығарып алыўдың жолларын излемекши еди. Айтқаны болмаған соң табан тиресип турмады.

— Нурабылла, мени Маман бийдикине баслап барамысаң?

— Әжеп, бий аға, — деп Нурабылла Есенгелди бийдиң атын жылаўлады.

Олар Бағдагүлге далада ушырасты. Ол отын майдалап атыр екен.

— Маман бий үйде ме?

Нурабылла таңланып Есенгелди бийдиң бетине қарады: «бийдиң жоқ екенин жолда айттым ғой...»

— Бий жоқ болса, шаңырағы бар, аттан түсиңиз бий, — деди Бағдагүл жумысын тоқтатып.

— Түспей-ақ қояйық. Мен Маман бийдиң пәрманына дәрман ендириўшимен. Пәрман деген нәрсе басқа қарапайымлар менен бирге пәрман берген адамның өзи ушын да пәрман. Сағасында туўрылық болғаны жақсы. Маман бий сеннен сораўға я уялып, я умытып шалалық жибермесин, деп келдим. Туўасаң ба, бийде туўдырғандай шама бар ма?

— Бизиң бий ҳештеңени шала қылмайды, бийғам бола бериң, бий.

— Онда жүдә жақсы екен. Өз пәрманына әззи келмесе болғаны. Яқшы, Нурабылла, саған руқсат. Еки ҳаялыңды тең туўдырагөр, — деп Есенгелди бий атын бурды.

Ол қандай сырлы ой менен бул үйге келди ҳәм не ушын қарсыласпай, үнсиз, бирақ кеўилли түр менен кетти? Нурабылла буған түсинбеди. Түсиниў ушын ойланып та көрмеди. Аўылына келип:

Есенгелди бий жақсы ойланған. Үлкен бийдиң пәрманын дәрман ендириў жолына өзи шығыпты, деген хабар таратты.

— Басшыға да ел керек, ақыры, — деди Бегдулла қарасақал.

## 9

Булкәрадан Бухараға туўры жолды ҳеш ким билмеди, бағытын күншығар қублада деседи. Аманлықтың тири ғайып қарындасын табыў үмити, оны таң азаннан тәўекел жолға салды.

Әўеле жекке-сийрек мал сүрдеўи менен, былайырақ шыққан соң соқпақлар туйықланып, тек қуяшты белгилеп жүрип кетти, тәўекел кетти.

Асыў-асыў таўлар болмаған менен, базда-базда еспе қумлар үстинен оммалап баратыр. Қумлардан өтсе тегислик, бирақ қалың өскен жыңғыллар, шаңырақ бойлы шеңгеллер зорға-зорға жол береди. Пышық мурны батпастай не бир наў қарағай қамыслықларды жарып, жалғыз қасқыр болып баратыр.

Оның аўылдан шыққанда қорққаны тек шөл. Сонлықтан, Әмиў дәрьяны жағалағанды мақул тапты. Бул бир жағынан шөллетпесе, екинши жағынан — алған бағытынан алжастырмады.

Бул күнлер, Аманлықтың несийбесине, қоянлардың гөжеклеп, қырғаўыллар мәйеклеп, шөже шығарып атырған күнлери еди, қонса аш болмады да. Дәрья бойындағы қалың урықлықлар я қамыслықлар арасынан қырғаўылдың уяларына жолығып, кенепаттай мәйек жыйнайды, ямаса еки бармағын ернине басып, аш гөжек болып быйқылдаса болғаны, әтирапы шапқыласқан ана қоян болады. Биреўине тас жиберсе, сол жерде тыпырлап қалады.

Мойнындағы гөне қынаплы қылыш, Оразан батыр берген қылыш, күнине жарап киятыр. Тутқан аңын сояды. Бәринен де бетер, ойы ҳаўлықтырмайды, көкирегине ҳеш қандай қорқыныш уялатпайды, жападан-жалғызлығын сездирмейди. Қасында күшли жолдасы бардай-ақ, қәдемлери нық.

Усы жүрис пенен ол, күнлер емес, ҳәптелер өткерди, бирақ қанша жүргениниң есабын алмады. Алға қәдем таслағаны есап, жүрип баратыр, жүрип баратыр...

«Дүл-дүл» атлаганнан өткенде, қайырдағы бир қопалықта күтилмеген бахытсызлыққа дуўшар келди. Жолбарыс уясының үстинен шығып қалды. Ана жолбарыс күшигин қызғанып адамға атылмасын ба, қәпелимде, еки ортада жанталасы басланып кетти. Бирин-бири аямады. Жолбарыс Аманлықтың қынабынан қылыш алыўына пурсат бермеди, бапылдап, ырылдады, гә тырнады, гә тиследи. Аманлықтың бет-аўзынан қан жосты. Қәйткен менен, адам адам емес пе, ҳийле тапты, қынаптағы қылыштың сабына қолы жетти. Жолбарыстың кегирдегинен қан атлығыўы менен гүңиренип, ыңырсып қапталына гүрс етти. Аманлық қосыла жығылды. Жолбарыс биротала сап болып қалған екен, алдынғы еки аяғы арасында қолтықласып астына түскен адамға ҳештеңе қыла алмады, Аманлық әллен ўақытта есин жыйды. Тири қалғанына шүкирлик қылып қалдаўрап тикейди. Жағаға барып ылай суўға аўзы-басының қанын жуўды. Оң қулағын жолбарыс жулып алыпты, суў тийип орны ашып кетти. Ыңырсып, маңлайын жыйырып отырып көйлегиниң етегинен жыртып қулақ-шекесин таңды да, аяқларын еплеп басып, және алға қәдем қойды....

Әмиўдәрьяны жийеклей өскен сыйдам тораңғыллықтан шыққан соң аўыл көринди.

— Я, алла, шүкир, — деди гүбирленип. Сөйтти де, тентиреклеўи менен шеттеги пәскелтек тамның қалың ағаш қапысы алдында тоқтады. Сәл самал болса жығылажақ. Әстен даўыслады:

— Пәлек гәрдиши қуўған қудайы мийманман!...

Иштен бир ҳаял менен он жаслар шамасындағы бала шықты. Бийтаныс әптәда адамнан екеўи теңнен үркип, кейин шегинген еди, ҳаялдың нураный көзлери пәренжи астынан сығалап, Аманлықтың жығылыўға сәл қалып турғанын көрди де, бара сүйеди ҳәм ийнине асылдырып ишке киргизди.

Ҳаял Бухара әмириниң шабыўылда жүрген бир нөкериниң ҳаялы еди. Аманлықты төрги төсекке жатқарып, басын қайтадан таңды. Палаў асып тойдырып, жыллы ғана уйқылатты. Ертеңине күни менен қозғалмады, кеште және күтти. Бирақ сол түни қораздың биринши шақырымында оятты:

— Өзге еки аяқлы бендеге көринбей, кетиңиз, әдиўли мийманым.

Ҳаялдың даўысында ҳәм қорқыныш, ҳәм шексиз нәзиклик сезип Аманлықтың ой-баўыры кесилди, оның жипек бурымларын сыйпалаўға нийетленип, коллары қалтырады, бирақ өзин иркти. «Жақсылық еткен жанның көкирегине ала-ғулалық салып кетиў инсапсызлық». Ол түргелди. Ҳаялға үсти-үстине рахмет жаўдырып, өз үйинен ерксиз қуўылып баратырған адам секилли, мойны артына бурылыўы менен босағаны зорға атлады.

Қараңғыны қақ жарған жалғыз көлеңке және күншығысқа Бухара шәҳәрине қарай жылысты.

Енди ол жеккесиреп, дүзде жатпады, қопалықларға тығылып қара жерди үйип дастық қылмады, мезгил сайын аўылларға гезлести, гәсинде түсленди, гәсинде қонды...

Өзбек аўылларының өз аўылларынан айырмасы — ылай дийўаллы тамлар, үлкен-үлкен ҳәўлилери, ҳәўлилер менен тамларының әтираплары қыябан-қыябан бағ, егислик... Буларды көрип қыялы шар тәрепти гезеди. Шыбыны, қурт-қумырсқалары көп сасық суўлы көллер бойынан усыяқларға көшкенде ме? Буны неге Маман бий билмеген? Жоқ, жоқ түпсиз қыялым қаяқларға кеттиң? Елим енди көшпегей, көшсин дегенлердиң тилине күйдирги шықсын...»

Бухара шәҳәрине ол сәскеде келип кирди. Шәҳәр көп тамлы, қумырсқадай быжнаған халқы көп, ақылға уғрас келмейтуғын көп гүмбезлери көз қумартарлық сулыў шәҳәр екен. Аўзын ашып жүрип шөрек сатқан биреўден хан сарайын сорады. Қасына келип тур екен, нанбай оған қарай дәрўазасын ийеги менен көрсетти. Сонша жолды пайыў-пияда басып, Бухара деп өкиреӊ қағып келген жигит сарай дәрўазасын көрип, өз-өзинен дир-дир етип кетти. Аз ғана турып көкирегин басты дәрўазаға қарай жүрди. Сақал-шашы

өскин, кийимлери қус түткендей алба-дулба, бир қулақсыз ғайры адамға хан дәрўазаманлары анадай жерден-ақ, «тоқта, тоқта!» деп буйырып кимлигин сорады.

— Атым Аманлық, ханның қайнағасыман.

Дәрўазаманлар өз ара бир нәрсе десип күлисти: Өзбек тилин жол бойы еситип киятырғанына қарамастан, Аманлық олардың не десип атырғанын жартыўлы түсинбеди. Ақыры, шыдамады.

— Мен қарақалпақпан! — деди.

— Қалпоғ! — деди дәрўазаманның бири ҳайран қалып күлип.

— Қалпақ емес, қарақалпақ! Өзимниң атым емес, халқымның аты қарақалпақ!

Еки дәрўазаман жарыспаққа ўаҳаҳаласты.

Аманлықтың ашыўы келип қылышына қол узатып турды да, өзиниң ғайры елден екенин, жалғызлығын есине келтирип, қынаптан қолын алды. Соның арасында ала шапанлы, геўиш мәсили, ақ сәллели бай келбетиндеги бир адамның алдында толы қап арқалап, маңлайы жерге тийер-тиймес болып бүгилип баратырған биреў иркилди:

— Қаяқтың қарақалпағысаң? — деди ол демин бөлип-бөлип алып.

— Төменниң, — деди Аманлық.

— Кел, маған жәрдем бер, — деп ол маңлайының терин сыпырып қабын жерге қойды. Ала шапанлы бай алға жүриңкиреп барып тоқтады. Қап көтерген адам шалғайы менен аўзын сыйпап, байға еситтирмей сөйленди.

— Әй, маңлайы қара, мен қарақалпақпан, деп бақырғанша, маңлайы қараман, ешекпен десең болмай ма? Мине, мен де қарақалпақпан. Ҳәзир киммен? Ешекпен. Әне, қаптың ийеси, ыссыға шыдамай желпинип тур, ал мени өзиң көрип турсаң. Ешектен артық-кемим бар ма? Сал мына қапты ийниңе, маған аз ғана дем бер. Соң сөйлесемиз.

Аманлық ың-жыңсыз барып қапты арқалады. Узақ жолдан шаршап келсе де, әдепкиден мықлырақ екен, бөденедей жорғалады, шымшық адым менен баратырған ериншек байдың өзинен де озып кетти.

— Шошма, шошма![1] — деди бай.

---

[1] **Шошма** — асықпа.

— Жоқ тақсыр, шашпайман. Аўзынан услап баратырман, — деди Аманлық.

Бай түсинбеди, ал әўелги қарақалпақ Аманлықтың «шошма» дегенге түсинбей баратыр деп ойламады. «Өзи өлейин деп баратырып дегишеди сорлы қарақалпақ» — деп мырс-мырс күлди ҳәм оған:

— Әстен жүр, — деп даўыслады.

Аманлық адымын тарылтты.

Байдың үйине апарып, тийисли ҳақысын алып — қайтқаннан кейин, жергиликли қарақалпақ асықпай өзин таныстырды:

— Мениң атым Қосымбет. Буйерде бухаралылар Кошмәт дейди. Мейли, не десе десин, биз жоқары қарақалпақлардан. Мыңлаған жан бармыз, анаў сағымланған таўды көрдиң бе? — деп Қосымбет қолын шошайтып арқа-күнбатыста басы үйиншиктей шошайған бөлек таўды нусқады. — Әне, сол таўдың арғы кәнарында жасаймыз. Ҳәр кимдики гүмирашылық, бала-шағаның ғамы. Қалаға жумыс ишлешге келамиз. Мәнә, бүгин қудай берип напақаны аңсан таптым, — деп жаңағы байдың бир қап жүўерисин бир шақырымдағы базардан арқалап әкелип, алған бир қосыўыс жүўерисиниң түйиншигин, алақанында мақтанышлы кейип пенен қақшыды. — Үш улым билан қатынимгә, өзимгә бир күн қуўырмаш. Нан қылсаң, әлбетте, қыйын. Ал, енди сен не қылып жүрсең?

— Сен өзиңди қарақалпақпан дейсең. Қосымбет. Тилиң я қарақалпақ я өзбекше емес, — деди Аманлық.

— Сениң есиң жоқ көринеди, — деп Қосымбет ашыўланды. — Хожайынның тилинде сөйлемесең жумыс та табылмайды. Еле де сени түсинсин деп қарақалпақша сөйлегениме шүкирлик ет.

— Ммм... — деп Аманлық сарай дәрўазаманларының не ушын жөнли хабарласпағанын енди уқты.

— Аўылға барған соң көресең, — деди Қосымбет. — Балаларымыз бухараша сөйлейди. Ақыры, қырқ жыл болды бөлиндик. Мың жан қарақалпақ бул әтирараптың халқы менен салыстырғанда, көлдиң суўына тамған бир тамшы майдай жылтылдап көринбейди. Ал, енди өзлериңиз қайдасыз? Бул жаққа қандай тәғдир айдап келди? Ямаса ханнан қоныс жай сораўға келдиң бе?

Аманлық не ушын келгенин баян етти...

— Ҳә, — деп таңланды Қосымбет. — Егер ҳәр ким жоғын излей бергенде, бир қарақалпақ үйинде отырмаўы керек. Сен бир басың искен жигит екенсең.

— Жақ, Қосымбет, олай деме, — деди Аманлық. — Оннан да сен бул жердиң әдди-үддин билсең, ханға қалай кириўдиң жолын айт.

— Олай болса аўылға жүре бер. Өзиңнен өзиң түсинесең.

— Ол қалай?

— Айттым ғой, аўылға барып бизикинде боласаң. Екеўимиз бирге талап ислеймиз. Соған шекем тилиң сынып, дәрўазаманлардың тилинде сөйлейтуғын боласаң, оларға түйиншик аўыстырасаң, болмаса, мына сыйқың менен сарайға киремен деп дәмеленбе.

— Басла аўылыңа, Қосымбет.

* * *

Бул жақтың қарақалпақлары отырықлы болған менен төмендегилерден артықлығы шамалы екен. Аманлық олардың күн көрислери менен танысқан соң: «буралқы ийттей жуўындыға қайыл сорлы халқым» деп сарсылды. Оның менен қолынан келер неси бар, елге Маман бийдиң тапсырмаларын, өсип-өрбиў жөниндеги пәрманын айтты.

— Көбейген мақул, — деди жас үлкенлердиң бири.

Буннан басқа пәрманға ылайық баса-бас шара көрген адам болмады, ҳәр ким өз басы менен ғай. Аманлықта олар менен Маман бийдиң пәрманын изертлескендей пурсат болмады, хан дәрўазасынан ишке кирип, жоғынан дәрек табыўдың машқаласына түсти. Дәрўазадан ишке кирип сөйлесиў ушын тилин билиўден де аўыры — датқа жайға шекемги өткелеклерден өтиў. Ҳәр бир өткел мисли пияздың қабығы, көзлериңди ашытады. Аман-есен қыршыўдың жолы — ҳәр өткелдиң ийесине түйиншигиң болыўы керек. Сонысыз алға бир қәдем тасланбайды, алдыңды я қылыш, я найза, я айбалта кеселейди. Усылардың алдын алыў ушын Аманлық әўелги күнлери Қосымбетке ерип, соң-соң жалғыз өзи талап иследи. Бийшара бир мезгил тынған емес, не дус келсе соны иследи: жүкшилик қылды, арқалап отын сатты, суў тасыды, ҳәжетхана тазалады...

Әлемге мақтаўлы Бухара, қолтығына бир неше елден келген мың-мың саўдагерди, нешше жүз тәләбаны сыйдырған кең қала

болған менен, Аманлыққа аспан астындағы ең бир тар шәҳәр көринди. Қанша жуўырып-жортып, терлеп-тепшисе де, адымлары ҳеш қашан жазылған емес, бәрҳа гибиртикледи. Төрт тәрепи ылай дийўал, төбеси — айдарлығын сыйпаған әйнек қапысыз тас бастырма астында тусаў-кисенсиз аттай еркин шапқылаған менен, демикпеген күни жоқ.

Келеси жылдың бәҳәрине зорға шыдады.

...Бар тапқан ғәрежети менен сарай дәрўазасы алдында қайтадан пайда болды.

Дәрўазаның еки бурышына ғарғадай қонақлаған дәрўазаманлар оны және иркти. Аманлық жалынбады, бирине түйиншик ылақтырды. Жалаңқая пышықтай қақшып алған дәрўазаман Аманлықтың алдына кесе тутқан узын саплы найзасын көтерди, екиншиси найзасын көтериў былай турсын, ушы менен Аманлықтың көкирегине түртти. Түйиншикке ийелик еткени найзасы менен оның найзасына сарт еткизип бир урды. Найзасының сабы қолынан сыпқанап шығып кетти. Ашыўлы дәрўазаман жерге секирип түсип Аманлықты кейин ийтерди ҳәм оның иштегилерге берермен деп баратырған түйиншигинен дәмели көзлери күлимлеп:

— Не жумысың бар еди? — деди жуўас ғана. Қуйрығын былғаңлатқан аш ийттей дәрўазаманға ҳәм сүйсинип, ҳәм аяп Аманлық екинши түйиншигин оған услатты. Дәрўазаман орнына қайтадан көтерилди. Екеўи көз қысысып ымласып алды. Теңнен:

— Арзыңды айт, сөйле! — деди Аманлыққа.

Аманлық жумысының бағдарын айтты.

Дәрўазаманлар оннан қарындасының түри-түсин, сыйқын анықлап сорады.

Аманлық недерин билмей аяғының ушларына қарап аз ғана ойланды да, басын көтерди:

— Аты Алмагүл! Он үш жасар еди, ақыллы еди, шашы себет бурым еди...

Усы гезде дәрўазаға жақын жолдан ешегин жетелеп баратырған адам Аманлықтың даўысына қулақ салып иркилди.

— Әй, Ташмат, неге тоқтадың? Жолыңа түс! — деп бақырды дәрўазаманның бири.

Аманлық артына бурылды. Ақ сақалы көкирегин жапқан бир ғарры гөне шапанын сүйретилдирип қарап тур еди.

— Әй, қарақалпақ, хан қабыл етпесе маған кел, анаў тамның аржағындағы қудықтан ешек суўғарып күтемен, — деди ол.

Аманлық аң-таң болды.

Соның арасында дәрўазаманлардың бири ишке жуўырып кетип аздан кейин қайтып келди:

— Ханның ўақты жоқ. Ўәзир де қабыл ете алмайды, сен излеген ҳаял бул әтирапта болмапты.

Аманлық дәрўазаманларға еле де үмидиўар көзлерин қадап тур.

— Ис тамам, кете бер. Егер, ханның сыртынан көргиң келсе, пийшембиге кел, усы дәрўазадан шабыўылға шығады.

Аманлық не қыларын билмей аз ғана ойланып турды да, «мейли келейин» деп сыбырланып, изине айланды. Ешегин суўғарыўға кеткен адамды таўып алыўға асығып тез-тез адымлады.

Ташмат ғарры сол жүрген жолы менен қайтып киятыр екен. Аманлықты көрип, өзи биринши сәлем берди ҳәм:

— Улым, дәрўазаманға шағынғаныңды еситип бир нәрсе уққандайман, жумысыңды қысқа баян ет, — деди.

— Сизге айтқан менен пайдасы не? Ханнан басқа адам билмес, бәлким. Мен Алмагүл исмли сиңлимди излеп шыққанман...

— Билемен. Сол сиңлиңди алып кеткен кәрўанның бир сәрбаны едим. Кәрўан басшымыз жолда сумлық ойлап, ол қызды Хорезм ханына сатты.

— Хорезм ханына сатты?

— Аўа, балам, сатты. Таңланатуғыны жоқ.

Аманлық жерге қарады.

Ташмат ғарры даўам етти:

— Кәрўан басымыз дүньяпараз еди, — деп Ташмат ғарры аз ғана қамсыққандай болды. — Не қыларсаң? Бул дүньяда дүньяпараз көп! Сол қызды сатқан пулдан бермедиң деп, арамыздан иш мерез биреў шығып, Бухараға келген соң барлық ўақыяны ханға айтқан. Хан бәримизди сораўға тутты. «Билмеймиз» дегенлердиң ҳәммесин дарғазап қылып, тилин кести, қулағын кести, қалғанын жумыстан айдады, кәрўан басыны дарға асты. Мен сорлы жазатайым аман қалдым. Оннан бери жигирма жылдан асып баратыр. Жигирма жылдың жоғын қуўдалап жүрген мәрт екенсең. Еле де көзиң илгир, зейниң алғыр болса, Хорезм ханының сарайынан табарсаң. Ақыллы қыз еди, кәрўан басымыз обалына қалып, қуда ғарғысына ушырады. Таўып ал, балам. Таппасаң сен де ғарғысқа ушырарсаң. Сени көргеним маған да жақсы болды, ырасын тилиме баса алмай, жигирма жыл ишеклерим өртенип, өлерге келип едим, жолың болсын! Хайр!

Ташмат ғарры ешегин жетелеп жөнине кетти. Аманлық оннан басқа нәрсе сорап үлгере алмады. Турған жерине қағылғандай зеңирейип узақ турды. Ойына сирә ақыл келмес, күнниң қайдан батып, қайдан шығатуғынлығын да ескермес. Мийи мең-зең. Бул сыйқырлы ғаррыға исенерин де, исенбесин де билмейди. «Жигирма жылдың жоғын қуўдалап жүрген мәрт екенсең». Бул не дегени? Қайрағаны ма ямаса шыны ма?...

Ол еситкенлериниң ҳәммесин Қосымбетке баянлады.

— Жигирма жыллықта кәрўан басының асылғаны ырас, — деди Қосымбет. — Тап сарайдың дәрўазасына асылды. Үш күн асыўлы турды. Не ушын екенин анық билмедик. Ҳәр ким ҳәр қыйлы гәп тарқатып еди. Соның ишинде «ханға тийисли олжа қызды сатыпты. Әмирдиң душпаны Хорезм ханына сатыпты...» деген гәп болғаны да ырас.

Буннан артық шынлық қуўдалаў мүмкин бе? Аманлық қайтыўға мәжбүр болды.

Енди бул жердиң қарақалпақлары ғаўқылдасты. Аманлықты қалайынша жаяў ҳалында жекке жибериў мүмкин? Әмиўдәрьяның аяғы қайда, Хорезм қол асты қайда? Олар ойласып-ойласып ақыры, шығарыспақ етип пе, бир ешек сатып алып, Аманлыққа миндирди.

— Мине, төменги қарақалпақ елиниң азаматы, — деди аўылдың кәтқуда биреўи ешектиң бас жибин услатып. — Саған Бухара қарақалпақларынан саўға. Басқа илажымыз жоқ. Елиңе жетсең бизлерди умытпа. Егер жақсылық күн туўса биз көшемиз. Ҳәзирше өзлериңиз жақсы орналаса бериң, биз қозғалмай турайық. Узақ жолға жеткендей ҳал жоқ, еле арықпыз. Оразан батыр жүдә мәрт адам еди, улы әкесиндей болса, бизди қосып алар. Маман бийге сәлем де. Елимизге келип кеткен Есим бийге сәлем де. Тоқшылығына шықсақ көбейемиз. Сизиң жақтың пәрманы бизге де пәрман!...

— Хызметиңизге қуллық, туўысқанларым, қаналасларым, — деди Аманлық гүрсине қамсығып. — Сәлемиңизди елге жеткеремен. Қоңырат руўынан Есенгелди бий деген атақлы бийимиз бар. Оған да сәлем айтаман. Ҳәзирги тил-аўзы дузлысы сол. Ҳәзирше Маман бийдиң айтқанынан шықпай жүрипти. Егер де, ол гөне патлақты қозғап айнып кетпесе, ел биротала дүзелетуғын жағына қарады. Бирақ, досларым, бизиң елдиң Маман орнатқан тәртибине көниң, көбейиң, өсип-өрбиң. Қарақалпақ аз ел. Маман бийдиң «көп қорқытады, терең батырады» деген сөзи бар. Көп болсақ

қорқытамыз, — деп Маман бийдиң тапсырмаларын келгели талай айтса да, және тәкирарлады.

— Сизлерде не рәўаят бар деп еситсек, бизлер соны ислеймиз, исене бериңлер, соны ислеп атыр деп ойлаңлар, — деп қалды ҳәмме.

Аманлық олар менен бирим-бирим хошласып, енди Әмиўдәрьяның қубла жағасы менен, Хорезм ели қайдасаң, деп көк ешегине қына басты...

## 10

Соңғы айларда жумысы балалап, аўылма-аўыл төреликте жүрген Маман бий бүгин үйинде. Ылашығының түтин шығарынан, жүдә алыста көринген үзик-үзик шарбыдай, аппақ бултларға қарап, шыптаның үстинде еки алақанын айқастырып дастық қылып шалқасына жатыр. Еки көзи аспанда, қыялы бүгин ақшамғы ҳаялының ҳәрекетлеринде. Түнде ол көрпени еки рет көterип турып «аға-апалап» әлле нәрселерди оғада түсиниксиз сөйледи. Тисленип әлле кимди ғарғады. Ол неге усылай етти? Еки айлықта қуўантып «уллы бий, перзент көресең» деп еди. Ҳәзир бунда ондай қуўаныштан нәмиўнышан жоқ. Не болған? Түнде сораўы керек еди, азғын ҳаялының уйқысын бузып, мазасын алғысы келмеди. Сорамады.

Бағдагүл, өзиниң ақшамға қарай қандай күйлерге түсетуғынын, қорқып оянған гезинде сезетуғын еди. Бүгин оның ойынша соңғы бир айдан бери биринши рет тыныш уйқылап шыққаны. Болмаса, ҳәр күни ақшамға қарай көзи илинбес. Далада тысырлы шықса, кирерге тесик таппай, тышқан тесиги мың теңге болар еди. Бундай болыўының себеби бир айлықта жаман, жүдә жаман ўақыя жүз берди. Бир бийгана адам ақшам есигин тайдырып кирип алқымынан буўып өлтирмекши болды. Бағдагүл қарап қалмады. Жан айбат пенен бетлести. Кирген адам аш адам ба, нәренжан адам ба, жас ҳаялға күши жетпей, тапырақлап зорға қашып үлгерди. Бирақ зыяны изинде қалды. Ҳәмиледар Бағдагүл ўайран болды. Бул ҳаққында ол ҳеш кимге билдирмеди. «Ел ғамында, елдиң ертеңи ҳаққында жүрген еримниң қулағына жетип, исине кесент келер, ис питирмей үйге қайтып, маған келген бийгана алдында күлки болар» деп айтпады... Кеше кеште де айтпаған еди.

Ҳәзир ол қазан-табақ бетте аяқларын көсилип жиберип шылымтал есип отыр. Айта қойыў ойында жоқ. Сақал-мурты өскин ериниң айбатлы жүзине анда-санда көз қыйығын таслап, ийнедей шаншылып атырған кирпиклери айқасып дем ала қойса екен, ойланбаса екен деп, мойнын ғаздай созып, оған бир нәзер салып, және алақанын жалап жиберип жумысын үнсиз даўам етиўде.

— Шабазым, азыпсаң. Дирилдиң көбейген... — деди бий жатысын бузбай.

Бағдагүлдиң азғын жуқа жүзине қан теўип өз-өзинен қысылды.

— Өзим ғой, уллы бий. Аққан жулдыздан қорқып бойымдағы ҳәмиледен айрылдым.

Бий үнсиз ой теңизине шүмип кетти. Бағдагүл сол бийгананы жасырып қалғанының келешекте кимге пайда-зыянын билмей ойланып қалды.

Самал ашқандай есик әстен көтерилип, пышықтай жылысып кирген баланы ҳеш қайсысы көрмеди. Кирген Айдос еди. Ол үйдегилердиң қалай отырғанына ой жибермей, босағаны атлаған жеринде қол қаўсырды.

— Ассалаўма әлейкум, бий ата!

Үлкен бий тикеймеди, тек мойнын бурды.

— Кел, балам, кел. Шабазым, ақыллы Айдосқа орныңнан тур.

Бағдагүл ериниң өтинишин тәрк етпеди. Аяғына шылымталдың жиби оратылып, етегинен қабығы түсти.

— Шеше, отыра бер, — деди Айдос қысынып. — Бий ата, мен шақыртыўшыман. Есенгелди бий уллы болды. Улына ат қойдырмақшы. Саған қойдырыўды ойласты. Көпшилиги сени келмес дести. Кимге келер екен дести. Мен бараман, келеди, дедим, ата.

Маман бий Айдостың сөйлемшек жуқа ернин көриў ушын оның бетине тигилди, бирақ оның төмен қарап сөйлеп турғанына ашынып:

— Балам, тик сөйлеп үйрен, — деди ҳәм ериншеклик пенен түргелди. — Мейли, балам, ўәде еткен екенсең, барайын.

— Ырасында, мен келмегенде бармас едиңиз, бий ата, солай ма?

— Шаршағанман, балам. Шабазым, атты ертлеши.

Маман бий «Қазақдәрья»дан кешеги келисинде баяғы Мурат шайықтың атына теклес ақбоз ат минип келген еди. Мырзабек бий, Киши жүздиң ханынан жасырынып, ағайинлерине барып

қайтқанда, алып келген екен. Қарақалпақтың үлкен бийиниң жаяў ел аралап жүргенине жаны төзбей баспүкил инам еткен.

Бий далаға шыққанда Бағдагүл ақбоз аттың кисенин жаздырып, жалын тарап тур еди. Жүдә миннетдарлық пенен ҳаялына мыйық тартып қолынан аттың жүўенин алды, ғарғып минди.

Еки атлы «Көкөзекти» жағалай сызатлана созылған соқпаққа түсти...

Әмиўдәрья аяғындағы қопалықлар арасына қонысланған қарақалпақ аўыллары үстинде де, бәҳәр басланғалы әдеўир болды. Аспан ашық. Қуяшлы. Теңиз беттен әжайып бир самал еседи, жүдә жумсақ самал. Ҳәтте, жерди терлетип, үстиңги қатламын көпшитип жиберген. Күн сайын қуў қамысларға жарыса олардың түбине ийне ушлы сүйириклер шығып атыр.

Көл ултаны — қамыслық арасының тынышын алып киятырған ат туяқларының сести ме ямаса бәҳәр жердиң асты-үстиндеги жанлы мақлуққа жан берип жибергенликтен бе, жән-жақ сытырлы. Айдостың балалығы тутып, бул әжайып сестен бир нәрсе уққысы келип, атының жүўенин сәл тартып иркилди. Ҳақыйқаттан да ат туяғы емес, пүткил әлем бир бапта сырт-сырт сыбырланып, әлле ким ушын ләззетли нама шертип атырғанға усады.

— Бий ата, айналаға қулақ салып көр.

Алда баратырған Маман бий гилт тоқтап, баланың не ушын ирккенин түсинди.

— Бул бәҳәр шаўқымы, балам. Жанлы мақлуқаттың өсип-өрбиўине өмирине руқсат берилген, — Маман бий сызатланған соқпақ шетине атын айдаңқырап барып, ашықлыққа ыбыр-жыбыр ийне шанышқандай көгерген сүйириклерди қамшысының ушы менен көрсетти. — Мыналарды көрдиң бе, Айдос балам? Кимге миннетдар деп ойлайсаң?

Айдос үлкен бийдиң сораў бергенине ырзалық пенен мардыйып, аз ғана ойланып турды да, жуўап берди.

— Тамырына, жердиң астындағы поррығына, бий ата.

— Дурыс, балам. Тамыр болмаса өспес еди. Лекин қуяш жарқырамаса бар тамыр да қуўрайды. Сол ушын қуяшқа да миннетдар. Бәрҳа бүгингидей қуяш болсын. Өмир жақсарады.

— Өмир деген не, бий ата?

Маман бий жән-жағына қарады. Кеңнен түсиндирмекши болып айналасына қол сермеп турды да, Айдосқа бурылды. Оның жаслығын есапқа алды ма, қысқа жуўап берди.

— Өмир — бул гә бийикке шығыў, гә шуқырға қулаў, гә ыссыға күйиў, гә музға тоңлаў. Жоқ, жоқ, балам, әкең саған ат қылып ойна деп таяқ әкелип береди, сен әкеңе таянып жүр деп таяқ әкелип берерсең. Әне, усы — өмир. Үлкейген соң бәрин өзиң түсинип кетесең, балам.

Бийдиң сөзи Айдостың сөйлеў иштейин арттырды. Астынғы ернин жалап-жалап алып, бийге жақынлаңқырады:

— Бий ата, орысият елине қашан барыўды гөзлеп жүрсең?

Маман бийдиң жазық, кең маңлайында жыйрық пайда болып, Айдосқа ҳәм сүйсинди, ҳәм бул жас баланың, еле ашыўы басылмаған қотырдың үстин тырнап, дуз сепкенине көзлеринен бир тамшы жас пырт етти. Бул бир тамшы мерўерт жас адам жүрегин тилгендей жас болған менен, Айдостың сораўы жүдә тереңге тамыр урған исенимнен кейин туўған сораў емес, тек балалықтың қызығыўшылығы еди. Усы қызығыўшылықтың дөреў себеби былай болған еди. Өткен жылы өз пәрманын қуўдаласып, оның орынланыўы ушын пияда Жаңадәрьяға шекем аўыллар аралаўға шыққан үлкен бийге Айдос бир ай ерди. Балажанлы бий жас Айдосты қызықтырды, сондағы айтқанларының көпшилиги орысият елаты жөнинде әңгимелер — ертеклер, әпсаналар еди. Өзиниң Петербургта болғаны, ҳаял патшаны көргени, Нева, Едил, Жайық, Орь дәрьялары, Қазань, Москва қалалары жөнинде ҳәм өзин кең қыялларға үйреткен полат денели, дәў жүрекли Кузьма Бородин ҳаққында узын-шубай, дәсте-дәсте ертеклер айтып жас баланың аўзынан суў ағызды. Кузьма Бородиннен Юрий Долгорукий, Минин ҳәм Пожарскийлер ҳаққында еситкенлерин бир неше мезгиллик әпсана қылды. Иван Неплюев, Дмитрий Гладышевлар жөнинде сөйледи. Киши жүз қазақларын баслап орыслар менен дослық жибин жалғастырғысы келген Абылқайыр хан ҳаққында бираз гүрриң айтты. Мине, соннан баслап, жас баланың қыялына, бул әтираптың қопалықлары тарлық етип, қыялы теңиз, дәрья, тоғай, алаңлықлар үсти менен әлемди шарлап кетти. Үлкен бий айтқан әңгиме — ертек-әпсаналардың мазмунлары түслерине енип, өзи көрмеген әжайып батыр халық ҳаққында жақсы пикир қәлиплести... Бирақ, дыққаты кем жас бала, үлкен бий көзлеринен шыққан ашшы қуўаныш жасын көрмеди. Буннан бийхабар бий атын иркти.

— Айдос балам, гиреўке басқан көзге тил салып ашатуғын, батылы шыққан соқпақтың шеңгелин алып таслайтуғын сораў

бердиң. Қай ўақта да орыс елине барамыз, балам. Ҳәзирше жол жоқ. Теңизден өтиўге имканият жоқ... Әй, балам, бәрине имканият табылар еди, алды менен жас үлкен өзлеримизде бирлик жоқ...

Маман бий ҳәм марапатлап, ҳәм гүрсинип оны үлкен адам қатарына санап жүдә мәнили, үлкенлер шешетуғын гәпти ортаға салғанына Айдос қуўанғанынан ҳәм балалығы тутып уялғанынан, астынғы ернин бир тиследи. Бирақ қайтпай және сорады.

— Жас үлкенлер неге сондай?... Онда бизлер барамыз.

— Әй, балам, жас үлкенлерди ҳәзир түсинбей-ақ қой, өзиң жас үлкен болғанда түсинесең. Барыў жөни болса, сен барасаң, балам. Натық болмасаң, барасаң.

Көп сораўды ашықтан-ашық бере алмайтуғын бала кем-кем батырланды.

— Бий ата, сен туўралы еситкенимди сорасам қәйтеди?

— Сорай бер, ҳаслан тартынба, балам.

— Сен өзимиздиң халықтың кийимин минлеп, бир налындың ба?

Үлкен бий жас жигиттиң гүнасыз жүзине таңлана, тап бурын көрмегендей қарады. Бала, сораўымды еситпей қалды деп түсинсе керек, сораўын толықтырды:

— Бий ата, Кәба жақсы ма, Петербург жақсы ма?

— Балам, мен Кәбаны көрмедим, лекин Петербургты көргеним ушын Кәбаны әрман етпеймен. Жаў-жарақлы, ғайратлы орыс ели биздей халықлар ушын Кәба. Ол жаққа талай-талай халықлардың саўдагерлери қатнайды. Дүньяда халық та көп, тил де, үрп-әдет те көп. Соның ишинде бизлер, аздан келип, алаўызлығы басымырақ халықпыз. Орыслар менен шаппатласқан қолымыздың бармақлары бир тең қысылмайды. Соның себебинен көп бүлиндик. — Маман бий Айдостың аўзы ашылып, ат туяғы бир шөпти бырш етип сындырса жақпай, ықлас пенен тыңлап киятырғанын көрди. — Кийим жөнинде ме? Аўа, налыдым ба, халықтың тез үйренгишлигине қуўандым ба, есимде жоқ. Мен көп гезбедим, лекин, Петербургқа бир барып дүньяның ярымын аралаған секиллимен. Себеби, көп-көп халық, көп-көп үрдис, көп-көп кийим көрдим. Ал, солардың бәринен үйрениў, бәринен өнер билиў аз халық ушын не деген артық ығбал болар еди... Ҳә, кийим жөнинде, балам. Бизиң халықтың көйлеги ноғайша, дамбалы Хиндустан деген халықтан, бешпенти башқыр деген халықтан, нағысы украин деген халықтан, тоны қазақтан үйренип тигилген. Ал, қалпағымыз болса,

қара болғаны ушын, матам сыпатлы болғаны ушын өзимиздики. Бул жерге бурын келген Есенгелдилер матам қалпағын жасырып Хорезмше шөгирме кийиўди үрдис етипти.

— Бий ата, орыслардан елдиң не үйренгенин айтпадың?

— Орыслардан, балам, ҳөнер, илим-ҳикмет үйренсе болады. Бирақ олар менен қарым-қатнаста болып үйренгенимиз — өр минезлилик, бир сөзлилик...

— Сонда неге орыс патшасы бизлерден хабар алмайды?

— Ол Түркия деген елдиң меҳирсиз патшасы менен урыста.

Балаға бул онша унамағандай, маңлайын жыйырды, бирақ балалыққа тән көп билиўге қуштарлығы оны иркпеди:

— Бий ата, «атақандары» деген не?

— Бул гәп қайдан шықты?

— Апамнан еситтим, бий ата, — деди бала үлкен бийдиң бийтақатланғанын сезбей. — Апам Есенгелди бийдиң ағама айтып отырғанын еситкен. Бундай гәп былтыр, мен сени излеп үйден қашып кеткенде болған.

— Ассалаўма әлейкум, бий аға!

Бир-бириниң әңгимесине елигип кеткен қос атлы қәйерге келгенин елестирмеген еди. Жалт бурылды. Бегдулла қарасақал аўылының бийдай атызына келип қалыпты. Бийдай атыз шетинде сынық шыбықтай ийилип, еки қолы көксинде, сәлем берген Сабыр сыйпаң екен.

Маман бий көк мақпал төселгендей жасыл бийдай атызына айрықша ышқы менен қарап, тырнағынан айдарына шекем ләззетке толған ҳалда, қуўанышлы даўысы дирилдеп:

— Сабыр, сәламатпысаң? Ҳал қалай, жағдай қалай? — деди.

— Қуллық, бий аға, ҳалым жақсы. Мынаў бийдайдың қорығын алдым. Сизди анаў шеттен танып жуўырдым.

— Кеўил қабында жыртық жоқ па?

— Бәри пителип кетти, бий аға. Сизге алғыс айтайын десем, қорықтан шыға алмай жүргеним, бий аға. Қудай берди, ҳаялым жүкли. Өз ҳаялым туўмаса, бәри бир, жетим бала алып асырайжақ едим... Үрим-путағы ен жаятуғынлардың бәри мендей қуўанып жүр.

Көз алдында, туўмаған ҳаялына саяқ жигитлердиң бирин шаптырғанда шыдамай сөгинип, ғарғанып кеткен адамның ҳәзирги алғысы Маман бийде ызалы күлки орнына ызалы реҳим оятты.

— Рахмет, Сабыр. Балалы болған күни хабар ет, жүдә жақсы ат таңлап жүремен, — деди.

Сабыр сыйпаң сынған шыбық күйинен тикейместен қалды. Маман оны оғыры аяса да, үндемеди.

Айдос бул сөйлесиклердиң төркин сырына түсинбейди. Маман бийге бундай алғыслар көп болғаны ушын таңланбады.

— Елжиреген жақсы адам екен, бий ата, — деди тек.

— Аўа, балам, жақсы адам.

— Бий ата, сен неше тил билесең?

— Өз тилимнен басқа орыс тилин билемен.

— Есенгелди бий қазақ, өзбек, түркмен, қырғыз, ноғай тиллерин биледи, дейди.

— Ол тиллер менен бизиң тилимиз бир жамбылшаның ҳәр қыйлы тилиги, балам. Бес алты күн аралассаң билип кете бересең.

— Мен көп тил билгим келеди.

— Онда оқыў керек, балам. Оқыў, билим — халықтың даңқы. Усы даңқ жөнинде бүгин Есенгелди бийдикинде бас бийлер менен мәсләҳәтлесемиз.

— Қаяқта оқыған жақсы? Петербургта ма, Қазанда ма я Мәскеўде ме?

— Жоқарыға жол ашылғанша жақын жерде, Хийўада, оқый турасыз.

— Онда оқыйық, бий ата.

— Сениң менен және ким оқыйды?

— Қабыл деген жорам бар. Және де көп, бий ата.

— Мен Есенгелди бийдикинен шыққанша жораларыңды жыйнап қой.

— Яқшы, бий ата...

## 11

Хорезм ўәлаятындағы мусылман дининиң қайнаўлы уллы қазаны, әййемги шаўқымлы Хийўа шәҳәри үстинде шағырайған қуяш төбеден мыс қайнатып турыпты. Еки бети шыжықтай қызарып, ыссыдан пыснасқан семизлер кетекке тығылған таўықтай өзлерин қараңғы кетеклерге урмақта.

Күн аўа қала әдеўир босады, дем алыў жеңиллести, кең тәризленди.

Базар күни таң азаннан мурын симгириўге ўақыт таппайтуғын шарбақшылар жумысларының әбден балалағанына қарамастан, қуяш еңкейип, базаршылардың қайта баслағанына қуўанышлы, шырпылдасыўда. Қаланың арқа шетиндеги шеңгел ҳәремли шарбақтың ийеси Мәтьякуб — шарбақшы жалаңаш етине кийген қаралтым кир шапанының сыртынан, гүреске түсетуғын палўанлардай, бир ен бөзди бослаў бууўып алып, аяғындағы үлкен шерим геўишин сылпылдатып, шарбақтың ағаш дәрўазасына арқасын берип, шығыўшылардан қазық пулы өндирип тур. Атына, ешегине минип баратырып қолына бир нәрсе таслап кеткенлердиң изинен тәжим етип, буўрыл сақалын бир сыйпап, сөйленип қалады.

— Бәрҳама келмекте болың. Бул сапарғы насаз хызметимизди әпиў етесиз, әдиўлим.

Намазлыгерге таман, базаршылар кетип бола келген гезде, усы шарбақ алдында Аманлық пайда болды, ешегинен түсип шарбақшыға тәңир сәлемин берди, қоныўға ижазат сорады.

Матьяқуб ойланып турмады, ешеклиниң түри-түсине қарады, сақал-шашы өскен, оң қулағы жоқ, бет-аўзын шаң басқан, жалаң аяқ, күтә шаршаған жолаўшы екенин билип, аяды:

— Мейли, түсе бериң.

— Кәсибиңизден кәмал табың, мийрим-шәпәәтли адам!

— Сен бухарша сөйлеген менен қарақалпақ болсаң керек.

— Дәл билдиңиз, ийманлы адам, — деди Аманлық әстен ғана. Сөйтти де ешегин жетелеп ишке кирип, шарбақшының көрсеткен қазығына байлады.

Матьяқуб шарбақшы кешки аўқатына, басқа қоңақларынан бөлип, Аманлықты шақырып алды. Өзин таныстырды. Хийўаға табаны тийген қарақалпақ бийлериниң мәкан жайы болатуғынын айтты, еки базарлықта Есенгелди бий менен Маман бий дегенниң қонып кеткенин хабарлады. Көп жол азабынан шаршап, кирпиклери пителип отырған жигит, бийлердиң атларын еситкенде, үстинен музлы суў қуйып жибергендей, көзлерин шайдай ашты.

— Неге келген екен? Әдиўли адам, түсиндириң. Маман бийден бурын неге Есенгелди бийдиң атын айттыңыз?

Аманлық сорарын сораса да, үй ийесиниң зейнине тийип алыўдан қорқты.

— Әдиўли адам, кеўлиңизге келмесин, елде Маман бийдиң аты илгери айтылар еди...

— Дурыс, мийманым. Олар келгенде, биринши бизикине келип қонғанда, абайладым. Маман бий ҳәммесиниң оданбасысы, ақыллысы екен. Келеси күни датқа жайға барғанда, хан оны дәргәҳына қабыл алмай, Есенгелди бийди қабыл қылды.

— О неси екен?

— Анығын биле алмадым. Жолдасларының айтыўына қарағанда, ол орысқа бир тәбия жақын бий екен. Орысша билермиш. Орыс дини менен мусылман дини от пенен суў ғой. Пысқып кетер деп қорққанды.

— Жолдаслары дегениңиз ким?

— Медресеге оқытыўға әкелген балалары бар. Олардан басқа жигирма ересек жигит алып шығыпты. Ҳөнер үйретиўге алып шыққан.

— Олар еле усы қалада ма?

— Медреседегилери бар. Оларды Есенгелди бийдиң өзи Шерғазы ханның медресесине тапсырып кетти. Көриў жөни ме? Билмедим.

— Ересек жигитлерден-ше?

— Оларды Маман бий ертип әкетип еди. Қул базарына апарып ҳәр қайсысын ҳәр жаққа таратыпты.

— Қул базарында сатылғанлар елине қайтала ма екен?

— Қул базарында күнлер-әм, күнликшилер-әм сатыла береди.

Аманлықтың жүреги жай таўып орнына түскен менен Маман бийдиң не ушын датқа жайға кире алмағаны кеўлин абыржытып, ишине муз салды. Шыдамады.

— Матьяқуб аға, айтың, берекет табың, Маман бийден Есенгелди бий ақыллы ма екен?

— Маман бийди ақыллы көрдим. Бийшара түни менен уйқыламады. Медресеге киретуғынларға «оқың, илим-икметке ерисиң, халқымызды халық етиўдиң жолын табың. Илим-икметли адам халқының даңқын әлемге шығарады, ықласлы оқыңлар. Билиң, оқыў — ийне менен қудық қазыў, еринбең, шаршамаң...» деп нәсиятлап шықты. Ересек жигитлерге: «Жигитке жети ҳөнер аз. Ең қурығанда бир ҳөнерден билмесеңиз, елге қайтыўға асықпаңлар. Илажы болса, өзбек арасынан қыз-пыз алып шаңырақ болып қайтыўға талапланың...» деп ҳәммесин қайта-қайта ақылландырды. Келген күни Есенгелди бий Маман бийдиң бетине қарап сөйлейтуғын еди. Хан дәргәҳында болып келген соң бирден

өзгерди. Алды менен Маман бийге мәтибийлик қылды. «Қайтаман, қул базарына барғың келсе, қал» деп қайтып кетти.

Аманлық:

— Өжет адам өжет, — деп сарсылып, тисиниң суўын сорыды. Шарбақшыда Аманлыққа деген әлле қандай сезим пайда болып:

— Гүдибузар екен, — деди. — Мен қарақалпақларды мөмин, қой аўзынан шөп алмас жуўас халық дейтуғын едим. Өйдегеним, мениң қарақалпақтан Қудияр сейис деген жорам сондай жуўас, балықтай тилсиз адам еди...

— Қудияр сейис дедиңиз бе?

— Аўа, меҳманым. Илаҳийда жақсы адам еди. Барлық қарақалпақ сол Қудияр сейистей шығар дейтуғын едим, деп Қудияр сейистиң өмир тарийхынан есинде қалғанларының жүдә әндазасын келистирип сөйледи. Оның гәпине, даўыс толқынына қарағанда, әңгиме өлген адам ҳаққында баратырғаны аңланып турды. Сонда да анықлаў керек сыяқланды.

— Қудияр сейис ҳәзир қайда?

— Өлген. Қыз да өлген.

— Қалайынша?! Аўырды ма?

— Сорама, меҳманым, — деп Матьяқуб шарбақшы аўыр гүрсинди. — Ол кисиге қудай берип еди, ақыбети ойран болды... — Матьяқуб шарбақшы. Қудияр сейис ҳаққында гәп қылыўды сағынып жүргендей, жүдә узақ сөйлеп, Бухара саўдагерлери Хийўа ханына сатып кеткен бир қызды орыс саўдагери менен жүрген Бөрибай Қарақалпақ улы деген жигиттиң ханнан сорап алып азат еткенинен баслап, сол қыз Қудияр сейистиң туўысқан ағасының қызы болып шыққанын, соннан ханның ардақлы атын минип екеўи бир ақшамда елине қашқанын, бирақ, изинен хан шабарманлары жетип, бирин өлтирип, балықларға деп суўға таслап, екиншисин өлтирип, ғарға-қузғынға деп жолға таслағаны ҳаққында хабарлар еситкенин күтә аяnышлы сезимлер менен айтып отырды.

Ол бул узақ ҳәсиретли ўақыяны айтып бериў алдында Аманлықтың қандай тақлетте болатуғынын қыялына келтирмеген еди. Маңлайына мушын тиреп, тас сүўреттей, лалы шығып қалған жигиттиң әпшеринен қорқып кетти.

— Оларды таныйтуғын ба едиң?

Аманлық жуўап орнына сол отырысында узақ ўақыт қыймылсыз қалды. Әлленемирде аўзынан жалын атқандай аўыр гүрсинди.

— Танымайман, Матьяқуб аға!

Бул жуўап үстинде ол ойланды ма, ойланбады ма, лекин, неликтен де бойы жеңил тартқандай, жүрегиниң музы еригендей сезилди. Және тәкирарлады.

— Танымайман, Матьяқуб аға!

Аманлықтың иши жалынлап кеткенин гүрсингенинен уқса да, өзин-өзи алдарқатыў мақсетинде, «танымайман»... деп атырған шығар, деген ой менен шарбақшы аз ғана үнсиз отырды да, қозғалды:

— Шаршағансаң, меҳманым, жатып дем ал.

Аманлыққа салған төсегин жыйнаўға азанда шарбақшының өзи келди. Бәрҳа ғағырлап, шекеге бататуғын тери дастық, суўға малғандай, мәлҳәмланып қалыпты. Не ҳәдийсе болғанын ишинен түйинип, оған ҳеш нәрсе демеди. Ҳалқас қылыўға қарамай ешегин ертлеп атырғанын көрип қасына барды.

— Кетпекшимисең, меҳманым?

— Кетемен. Матьяқуб аға, кетемен.

Аманлықтың еки көзи қанталап, бетиниң қаны қашып қалған, бул турысына жолға шықса, жығылып қалыў қәўпи бар еди.

— Қаяққа? — деп салды Шарбақшы.

— Қаяққа??! — Аманлық өзине-өзи сораў берип, тубалады.

— Бәлким, сен де ҳөнер-ҳикмет үйренип қайтарсаң!

Бул кеңес Аманлықты есине ендиргендей болды.

— Қәйерден жумыс табылады? — деди ешегиниң жүнине жабысқан шөпликлерди сыпырып турып.

— Жайға кир, чай ишип отырып кеңесемиз. Бәлким, өзиңди қул базарына саларсаң. Ешегиң менен еки күшсең, сендей мықлы жигитлерге қардар көп болады.

* * *

...Қул базары бийбазар күни де бық-жық болады екен. Сатылыўға әкелинген қол-аяқлары кисенли қуллар қатарында Аманлық та арыстай билеклерин түринип, көк ешегине өңменин артып турыпты.

Еки бетиниң алмасы исиктей май жылтыр, өскин жийрен қаслары астында дөңгелек көзлери шүңирейген шот маңлай, шапанының еки пеши май-май, келидей домалақ келте биреў

Аманлықты бир айланып, ешегиниң аўзын ашып тисин көрди ҳәм Аманлықтың бастан аяғына көз жуўыртып:

— Не ҳөнериң бар? — деди.

— Қара күштен басқа ҳөнерим жоқ.

— Ешегиң жас екен. Күшиң жете ме?

— Ҳәзирше күшим жетеди.

— Олай болса маған жаллана қал. Мен балық қуўырдақшыман.

— Балық қуўырдақшылық ҳөнер ме? — деди Аманлық. Жигиттиң не ойлап турғанын қуўырдақшы түсинбей, исинип, алқымынан биреў буўып турғандай бығыр-бығыр сөйледи:

— Абайла, сен! Мен бул ҳөнеримди ханның тахтына аўмастырмайман. Ақыры, шикәрға баратырып ханның өзи қуўырдақханама иркилип өтеди. Көресең еле, бунып ҳөнер я ҳөнер емес екенин. Балық қайдан дейсең бе? Төменги қарақалпақлар биз ушын балық аўлайды.

Қуўырдақшының гәпиндеги шымшымай астарға түсинсе де, қасарыспады. Ең қызықтырғаны, төменги қарақалпақлардан балық әкелинетуғыны болды, бирден келисти...

Қуўырдақшы, Хийўадан мезгиллик жолда, қалаға тақаббил ыбыр-жыбыр тамлары бар, үлкен гүзардың бойындағы елатта жасайды екен.

Қуўырдақшы үйинде чай берип болып, оны әйнек орнына сабан тығылған қараңғы бир тамға ертип келип киргизди.

— Ешегиң екеўиңизге жай усы.

Аманлықты ҳаўлықтырған нәрсе бийтаныс мәканда суқ қолларға тап болып ешегинен айрылып қалыў қәўпи еди. Өзине әдеўир жас минип қалғаны ушын ба, ямаса барлық жанашырынан журдай кем кеўилли болып қалғаны ушын ба, ендиги жағында сырласы, ярым күши, шаршаса көлиги усы көк ешеги. Сол ушын ешеги менен өзине бир өжире берген хожасына ырза болды.

— Рахмет, хожам, — деди.

Қуўырдақшы кетиўден ешегиниң палаңын төсестирип, ерин басына дастанып уйқыға жатты...

## 12

Есенгелди бийдиң Хийўадан шыққандағы қуўанышлы ат қамшылаўын көрген адам тил жеткерип тәрийиплеўи мүмкин емес. Аты қанатлы қусқа, өзи қус қанатына, намәлим қонақлаған

шыбынға айналып кеткен сыяқлы, ушты, ушты. Ҳәптелик жолды неше мезгилде басып өтип елине жеткенин өзи де есине келтире алмайды. Ҳалласлаған кеўли үйине жақынлаўдан шаўқым дөретип, даўрық салды.

— Барсызлар ма, ким бар? Аттан түсириңлер, бийлерге, қоңыраттың бек жигитлерине хабар етиңлер! Жыйналсын!

Қоңыр атын ойнақлатып, жеделли киятырған бийди көрип турған аўылласлары, әсиресе жағымпазлары, оның туўрылап тапсырма бериўин күтпей-ақ, жалаңаш байлаўлы атларын ертлеўге де асығып, ғарғып-ғарғып минди. Бир иннен үркип қашқан қоянлардай патырақласып, жән-жаққа тарқап кетти.

Есенгелди жолда шаршағаны ушын емес, қуўанышын көтере алмай, үйине кире, төрге сүре жығылды. Басына үш көпшик, ҳәр аяғының астына бир-бир көпшиктен таслатып, шалқасына жатты.

Келгенлерге сол жатысында қолының ушын берип сәлемлесип жатты. Бурынлары еркин келетуғынлар да, кирген пәтте бийде Хийўаның самалы барын сезип, босағадан атлай сала иркилип, ол ийек пенен көрсеткен орынға аманат ғана, жиптиктей отырып атыр. Дийдисиндегилер жыйналып болғанда, ол ыңырсып жөтелип қоразланып, тикейди.

— Елдиң кәтқудалары, сизлерге Муҳаммед Әмин инақтан сәлем, — деп баслады ол. — Биз булкәрада «пәрман», «ол — бул» деп, қуры таңлай кептирип, жөги Маман бийдиң алданыш тусаўында адымымыз ашылмай гибиртиклеп қалған екенбиз, Маман бий орыс патшасының, қазақ ханының жансызы екен. Елди ол көп пулға сатқан. Көзлериңиз неге адырайысты? Инанбайсызлар ма? Бул ҳәм хан сарайынан шыққан гәп... Мен бәрин билип келдим. Бизиң елдиң тәғдирин Хийўа ойлап атыр екен. Тәғдирди ойламаса, бәринен хабарлы болармеди?...

Бий шақырығына жыйналғанлар түсинисе алмай бир-бирине алақласа берди, көкирегинде Маман бийге деген жақсылық оты барлары жүдә абыржып, Есенгелди бий кеўлиндегисин толық ақтарып, еле қараңғы ўақыяның үстине қуяш түсиргенше тыпыршылап отыр. Есенгелди бий асықпады. Өзине ҳәм даўысына үстемлик берип, бир жөтелди, алақшынның үстиндеги кеседе суўып қалған чайдан шым-шым уртлады, тамағын қырынды. Ҳәммени тап баласындай-ақ көрип, ҳәр қайсысының бетине бир бирден жымыя-жымыя күлип, еркелеткен тәризли, көз қысып шықты.

— Әне, кәтқудалар, — деп және суў жутты. — Садаған кетейин Муҳаммед Әмин инақ мениң менен көп сырласты. Кеўлинде әндийшеси көп, биз Аралды жайлаған қарақалпақлардың тәғдирине жаны ашып, сай-сүйеги қақсайтуғын адам екен. Апарған балаларымызды, Султан бай, — деп оған айрықша нәзер аўдарды. — Әсиресе, Айдосыңды унатты. Өз қәтереси менен, мен баслап келгеним ушын, медресеге киргизди. Маман бийге ийт қосып қаладан қуўдырмақшы еди, өзим қойдырдым. Елге аман қуўыссын, өзимиз тәмбисин беремиз дедим. Ақыры, ондай жансыз елди ел қыла ма?... Адасқанын алдындағы билмейди, артындағысы билетуғыны ырас екен. Бизиң адасқанымызды инақлар сырттан бақлап-ақ билген. Қалай, кәтқудалар, жаман елге қоңсы болмағанбыз-ә?

— Аўа, Есенгелди аға, жаман елге қоңсы болмағанбыз, — деди Ғайып баҳадыр. — Маман бий де усы гәпти айтып еди. Айдосқа Маман бийдиң де нәзери күшли еди.

— Нени жақсы десек, Маман бийдиң атына өткерип жаман үйренгенсиз, — деп Есенгелди бий шарппа ашыўланды. — Жетер енди, ол қудай емес! Бүгиннен баслап, ел болыўды, халық болыўды, жасаўды қәлесеңиз, Әмин инақ не айтса, соған турасыз. «Яқшы» десеңизлер айтаман, «жоқ» десеңиз де айтаман. Лекин, лийкини бар.

— Кеширесиз, бий аға. Маман бий қайда қалды? — деп сорады Қурбанбай бий.

— Әкеткен жигитлерди қул базарына салып қалды. Егер өзи де қул базарына қарапайым бенде болып түсип, елге бир ҳөнер үйренип қайтса, сақлаймыз.

— Ўах-әй, тилиңиз шийрин, сөзиңиз мазалы болып кеткен, Есенгелди бий, — деп көтермеледи Аманқул бий.

Есенгелди бий муртларына май сүйкегендей мыржыя күлип:

— Тыңла, Аманқул бий, тыңлаң, кәтқудалар, — деп муртларын еки жаққа айырып сыйлады. — Биз әзелден бир түйилген түйиншиктей бирликли, жаў десе жаўынгер елмиз. Әмин инақтың жақсылыққа шығыўына көмек қылсақ, барлық нәрсе гүлалагүл, жегениңиз алдыңызда, аўысқаны қапталыңызда болады.

Жақсылық хабардың изин еситкенше тақат ете алмай тыпыршылап отырған кәтқудалардың бири Есенгелди бийдиң соза бергенине шыдамады.

— Инақтың жақсылыққа шығыўына не жәрдем керек?

— Орынлы сораў, кәтқудалар, оғада орынлы сораў. Хийўаның бираз лийкини — атасы басқа Түркмен яўмытларының қолында, Муҳаммед Әмин инақ, әне, усыған наразы, яўмытлардан ханлықты тазартып алғысы келеди. Ол ушын оларға қарсы шабыўыл жасаўы керек. Шабыўылға нөкер керек. «Қарақалпақлар еле бес жүз нөкер бериң», деди, — мен яқшы деп қайттым.

Ҳәмминиң тилин биреў суўырып әкеткендей, ләммийимлик бир кесе чай ишимге созылды. Күтилмеген бул ҳәдийсе Есенгелди бийди ҳайран етип, дастығына қайтадан шалқайды, аяқларын қайтадан көпшикке қойды.

— Ойланыңлар, Муҳаммед Әмин инақ ушын ойланыңлар, — деди.

— Хийўаға бет бурып кетсек әўелги ықырарға қылап болмас па екен? — деп отырғанлардың бири тынышлықты бузды.

— Не ықырар? — деди Есенгелди бий жалт бурылып.

— Орысият елине берилген ықырар-ше? Жалаңқая ылақтай ҳәр ешкиниң желинине бир асыла берсек тепки жеп қалмас па екенбиз?

— Ҳаслында, биз, Маман бий анасын өлтирген жетим ылақ екенимиз ырас, — деп Есенгелди бий тикленип отырды. — Буны пүткил Хийўа билер екен. Пүткил Хийўа билгени — пүткил әлем билгени. Енди неде болса нөкер сазлап, ел болыўдың ғамын жеңлер. Аманқул бий, мақул ма?

— Мақул. Есенгелди бий. Уллы Қоңыраттың сиздей дәнеси баслаған көшке ермесек, тәғдиримиз ғәреп екенин билемиз. Мен қарабасым, өз руўымды айтқаныма турғызаман, имканияты бар шаңырақтан нөкер аламан.

— Сиз-ше, Ғайып баҳадыр?

Ғайып баҳадыр қара қалпағын көтерип, тақыр басын қасыды.

— Ғайып баҳадыр маманшыл, ойлансын. Пүткил қытай руўының жүк артар нары Қурбанбай бий, сен не дейсең, ямаса анаңа ойласамысаң?

Көпшиликте «анаңа ойласамысаң» деген сораў Қурбанбай бийдиң шынбайына батып, бирден шамырқанып жуўап берди:

— Кемпир сойысыўға туратуғынларданбыз.

— Ғайып баҳадыр, Қоңырат кең ел, бир шалғайын жыйнасар деп ойласып атырман. Не дейсең?

— Есенгелди бий, мениңше усы отырғанлардың арасында сизиң гәпиңизди терис дейтуғын адам жоқ. Қалай да ойланыўға мәўлет

берсеңиз жақсы болар еди. Ҳәр ким аўылы менен, топары менен, шаңлағы менен ойлассын. Қарабасым, елим ушын жан бериўге ҳәзирмен.

Кеңес Есенгелди бийге де намақул түспеди. Отырғанларды және бир мәртебе көз бенен шолып, кейиплерин аңлаған соң келеси пийшембиге шекем ойланып, ойласып алыўларына пурсат қылып тарқатты.

Бул ҳәпте аўыллар үстине дөнген ажыралмас булт сыяқланып, ҳеш кимниң қабағы ашылмай қәйер болса, сол жерде сыпсың-сыпсың гәп көбейди.

Маман бийдиң барлық сәтсизликлерин еске алып, оның «жансыз» екенине исениўшилер де табылды. Әсиресе, пәрманға дәрман бериў пайтында ағашқа байланғанлар, қырқ дүрре жегенлер ҳәм олардың жақын-жуўықлары гәпти улғайтты.

«Маман сатқын!... Маман қудабийзар!... Маман ҳадал-ҳарамды билмес кәпир...»

Аўыллар арасында даўыл турғызған қыйлы-қыйлы әңгимелер ҳәўижленип, Есенгелди бийге ўәде еткен бийлер бирлик ушын не қылыўдың есабын таппай, аласапыран болып атырған ўақыяның үстине Маман бий пайда болды. Сақал-шашы өсип, жол азабынан ети сүйегине тақалып жүдеген бий үйинде биринши қонған күни-ақ жыйналып келген дос-яранларынан Есенгелди бий таўып келген жаңалықты, соның себебинен аўылда жүз берген ўақыя туўралы еситти.

— Оох, Хийўаның сағаллары! — деди, болғаны. Есенгелди бий жөнинде жаман гәп айтса, қуўрақ тамызыққа қоз салып үрлегендей, ел ишинде алаўызлықтың оты лаўлап кететуғынын түсинди. Ең әўели оның өзи менен жүзбе-жүз тиллесиўге атланды.

Есенгелди бий бийлер менен кәтқудалардың өткен сапары қарсыласпай тарқасқанына жүдә ырзашылық пенен, «Хийўаның аты айтылды, журт жым болды, кәраматлы қала» деп ишинен сыбырланған еди. Пийшембиге шекем үйинен шықпай келешегин ойлаў менен дем алып атырған бий, Маман бийди, төсегинен жылыспай бир қырынлап, жамбаслаўы менен қабыл етти. Оның қәпелимде өзгерип, жаңаша қылық шығарғанына таңлана, қабағы үйилип, босағаны атлаған жерде қамшысының баўын екинши қолының алақанына салып, иркилип қалған Маман бийге ол:

— Зеңирейме, отыр, — деди.

— Түргелип отыр!

— Ўа, ҳҳҳаа, ҳа, ҳа Маман! Ҳалыңа қарамай бәрҳама бад урасаң. Отырсеш!

— Муҳаммед Әмин инаққа нендей ўәде етип қайтқансаң?

— Ҳа, отырып сөйлесе алмайсаң ба? Мейли, тикейип турып тыңла, ашыўлансаң ғырра қайтыўыңа жақсы. Муҳаммед Әмин инақтың Хийўаны яўмытлардан жуўып алыўына бес жүз нөкер беремиз.

— Соннан соң?

— Соннан соң Хийўаның хан сарайында араллы өзбеклердиң алдын кеселеген бөгет ашылып, жол тазарады. Отырсеш, билесең бе, араллы өзбеклер бизлер менен тәғдирлес, бир теңизден балық аўлаймыз.

— Ол жағын тоқтатып тур. Муҳаммед Әмин инаққа жәрдем берип жүрип бир кәлата ел түркменлерди елге жаў қылып алмайсыз ба?

— Қудабийзар адам, есикте зеңирейип орыслығыңды қылғанша, елиң ушын дизе бүк, орыстың досты деп, сүйенер таўымыздың кәнары деп, Киши жүздиң жаўыз көкжал ханы Абылқайырға жәрдем бергизип, елди қырып алғаныңды есле!

— Дурыс жәрдем еди. Абылқайыр алдады...

— Муҳаммед Әмин инақ алдамайды.

— Хан деген ийт теклес!

— Не дедиң? Бул гәпиң Әмин инаққа жетиспестен бурын шық үйден!

— Көзиңди ет басқан, Есенгелди бий!

— Сен соқыр болған адамсаң. Өзиңе реҳимиң келсе, шыннан елим десең, ендиги жағында мениң айтқанымнан шықпайсаң. Шықсаң орға түсесең. Ендиги ор тереӊ болады. Ақыллы болсаң уққансаңды. Хийўалыларға өлтиртпедим...

— Әй, геўек! Ийниңде бас емес суўқабақ турған адам! Муҳаммед Әмин инақ қабағыңның суўын сырқып орнына жел үрлеп жибергенге боқ қарныңды сыйпама, пыссыйып қаласаң. Биреўди дос қыламыз деп, бир елатты қандар қыла алмаймыз. Ҳәлекленбе, халық көнбейди, бес жүз нөкер жыйналмайды!

— Ҳа, ҳа, ҳа, Маман бий! Халық ким? Халық — мен! Тоты қус! Журт сениң сүйегиң қандай топырақтан ийленгенин енди түсинип атыр. Көп бетлессең, қор боласаң. Ҳәзир қуйрығыңды беккем қысып, қайт, бәрҳа беккем бол!

Маман бий бул ашыўлы адам менен ҳәзир балтамтап айтысыўдың пайдасызлығын уғып, артына айланып, ашыў менен отаўдың ергенеклерин қатты-қатты сартылдатып, ашып, шықты.

Усы отаўға туўрылап киятырған бир топар атлының алдын кеселеди. Олар Аманқул бий, Қурбанбай бий ҳәм Ғайып баҳадырлар екен.

— Тоқтаң! — деди Маман бий. — Не ушын киятырсыз?

Аманқул бий өзине дәрек атлылар менен шетке шығыңқырап, иркилместен жүрип кетти. Қурбанбай бийдиң аўзы ашылып, екиленип қалды. Ғайып баҳадыр анықлап сөйлесиў ушын Маман бийге бурылып, сәлем берди...

## 13

Қуўырдақшының айтқаны ырас шықты. Үсти ҳақыйқаттан да баса-бас, саўдагерлер менен өткен-кеткен жолаўшылар иркилип, ҳәтте, көп қалалылар арнаўлы келип балық жейди екен. Қуўырдақшының қойны-қонышы гүмис теңгелерге толып, сыңғырлап атырғаны.

Аманлыққа тыным жоқ, азаннан қара кешке ошақтың аўзында тикейип турып от жағады. Қуўырдақшы ара-тура ыссы қақпаш таслайды. Жейди.

Қуўырдақхана аш-жетимлер менен дийўаналардың күнделикли мәканы екен. Есиги ашылыўдан олар пайда болады.

Бет-аўзы қара ғожалақ балалар буралқы ийтлер менен таласып, тасланды шөбире кемиреди. Аманлық өз ҳалын олардың күн көриси менен салыстырып, тәўбе етеди.

Ол қуўырдақшы менен ҳақы айтыспаған еди. Тилсиз, жапакеш от жағар, қуўырдақшыға унап қалды. Саўасында:

— Әй, қарақалпақ, билемен, сениң менен ҳақы айтыспадық. Ишиңде гүптикей қалмасын. Мен кисиниң ҳақысын күйдиретуғын наймытлардан емеспен, — деп қояды.

Аманлық бурынғысынан жеделленеди, исине ықласланып, шаршағанын умытады. Қуўырдақхана жабылған соң кеште ешекли отынға кетеди, гейде тоғайда қонып, таң ала геўгимде бир ешек жыңғыл жеткереди. Бундай жапакешти ким сыйламасын, қуўырдақшы сақыйлық етип, өзине бир бөз көрпе, ешегине палаң бергизди.

Майлы тилли қуўырдақшы усылайынша марапат пенен-ақ Аманлыққа көз аштырмады. Жумыстан жумыс. Матьяқуб шарбақшыға барып хабар алыўға да ўақты аўыспайды. Аўыл-елди сағынып, базы ақшамларда уйқыламай шығатуғын әдет пайда болды. Егер бул әдети даўам ете бергенде, ети кетип сүйегине тақалатуғын еди, уйқысызлық көп үдемеди, бир күни тосыннан Бектемир келди!.. Устасы менен әлле қайдан арбалы-ағаш әкелатыр екен, қуўырдақ жеп кетейик деп қайырылыпты. Бир-бирин сағынған жигитлер, айналасында кимлер барын, кимлерден ғәрезли екенин умытып, қушақласып, жиптей есилип қалды. Қуўырдақшы жырымсыз хызметкериниң кеўилин жықпады.

— Аўылласың болса сөйлесип ал, мә балық жеп отырып сөйлес, әй, исик қабақ, сен отты ысыр, — деп ошақтың алдында шөбире кемирип турған жалаң аяқ, үсти-басы қара ғожалақ биреўге буйырды хәм Аманлық пенен Бектемирдиң алдына үш-төрт кеспе балық әкелип қойды.

Екеўи не сөйлесерин билмес, бир-бирине ыржыйысып қарап, тек күлисе береди.

— Биз асығыспыз, сен қайдан жүрсең? — деди Бектемир аздан кейин.

— Мен баяғы кеткеннен айланып бунда келдим... Алмагүл өлген... ал өзиң-ше? Ел-халық аман ба? Тез-тез сөйле. Маман бий қайда?...

Бектемир елден қалай келип қалғаны жөнинде Аманлықтың Матьяқуб шарбақшыдан еситкенлерин тәкирарлады. Аманлық еситтим демеди, оның өзин, таза қарақалпақ тилин сағынып қалған еди.

— Айта бер, сөйтип, сөйтип?.. — деп отырды.

— Сөйтип, Маман бий елдиң ертеңи деп жигирма жигитке қосып төрт ақыллы бала жыйнады. Олар Есенгелди бийдиң жәрдеми менен Хийўаға медресеге кирди.

— Өзи–ше?

— Өзин орысқа тәбия деп хан да, моллалар да хабарласпаған.

— Сөйтип?

— Сөйтип, бизлердиң онымызды қул базарына салып, усы әтирапта қалдырды, қалған он жигитти түркмен ишине ертип кетти. Биреўлерин бақсылық, шәкиртликке де беремен деп еди... бир-биримизден бийхабармыз. Төрт-бес жылсыз елге қайтпаймыз. Айтпақшы, өткен жумада устамыз бенен Хийўаға барып едик.

Дәуимди көрип қалдым. Есенгелди бийдиң атқосшысы Дәуим ше? Қасында төрт-бес Хийўалы бар. Жарақлы, қаладан дизилисип шығып баратыр екен...

— Аманлығы болса жақсы еди...

— Билмедим!!

— Көп сарсылғаннан пайда жоқ. Өзиң не ҳөнер үйренип атырсаң? Ҳақы аласаң ба?

— Ҳақы қайда? — Бектемир хожасының еситип қалыўынан қорқып даўысын пәсейтти. — Ҳақы сорамаса да болар. Хожам арбакеш. Еле маған әсбап услатқан жоқ. Ағаш кесемен. Гүпшек қайнатаман.

— Жақсы екен. Меники ҳөнер ме?

— Ҳөнер, ҳөнер. Өзлеримиз балықшымыз, жеўдиң мәнисин билмесек-ше?

Аманлықтың кеўли қарар тапты.

— Баяғы өсип-өрбиўдиң изи не болды?

Бектемир Аманлықтың ийнине урып күлди.

— Сорама. Тамаша. Талай ҳаялдың бөксесине шаппат урып ҳәз еттик.

Аманлық муртынан күлип қойды.

— Өзиң биреўди алдың ба?

Бектемир бурылып устасына қарап алып, әўелгисинен де әстен сыбырлады.

— Қарап жибер, Аманлық. Сениң қуўырдақшың мисли кели, меники мисли келсап. Бап екен. Яқшы, көп қарай берме. Бизиң устаның байдан қайтып келген қызы бар екен. Қайтысын апқашаман.

— Көз қыспай қылып көрдиң бе?

— Сорама, бала. Мисли ертлеўли ат. Қәлеген ақшамда минип сайыр қыламан. Айтпақшы, өзиң қуры жүрме. Ийни келсе биреўди ал. Балалы жесир болса да қайтпа. Маман бийдиң тапсырмалары усылай!.. Сербойдақ болып билмеген екенмен. Дүньяның ләззети ҳаялдың қушағы екен ғой. Аўа, аўа,...

Көп жыллардан берли күлип көрмеген Аманлықтың ишек-силеси қатып, сондай «ўаҳаҳаҳалады» ҳәтте, Бектемирдиң өзи де күлди. Қуўырдақханадағылардың бәри ҳайран қалысып, оларға карасты.

Аманлық күлкисин зорға тыйып, көзлериниң жасын сыпырды:

— Маман бий балларды сынады ма?

— Шет елге шаймий кетсе, елдиң атына нуқсан келеди, шет жер көрмеген халқын, көрген адамы менен баҳалайды, деп сынамақшы болған. Султан байдың баласынан ужыбатлысын таппапты. Бирли ярымының қулағынан тартып-тартып қойған.

— Айтпақшы, Бағдагүл жас босанды ма?

— Сорама, Аманлық, биреў қаст етип баласын түсирткен.

— Усы дүньяның таласы ада болар ма екен, сирә?

Есенгелди бий уллы болып, Маман бийге ат қойдырды. «Ел үстине ел келген соң туўылған баланың аты Елгелди болсын» деген. Әкеси қуўанып, еки бий жарасқан екен. Хийўаға келип бузылды. Есенгелди бийдиң ҳәр танаўында батпан самал менен кетти.

— Уҳ-уҳ, адам жумысқа шаршамайды-аў!,.. Айтпақшы, мен барда Есим бий Шаббаз бетке кетип еди?

— Олжалы болып келди. Жәрдемге бес дийқан келди. Қолы гүлли адамлар екен. Есим бийлер таза жап қаздырып атыр. «Қаратереңۥ» таманды бағлы жер қылса керек.

— Жақсы екен, — деп бираз жеңил нәпес алып, Бектемирдиң устасы таманға көз қыйығын салды. Ол балығын жеп болыўға шамаласқан екен. Бектемирдиң кетип қалыўынан, көпке шекем және көре алмай қалыўынан қорқып: — Сени излеген киси қәйерден табады? — деди.

— Кенегес аўылы деген жерден.

— Қарақалпақ арасы ма?

— Өзбеклерде де кенегес аўылы бар, Балғалы деген руў да бар. Түсинбеймен. Бурын қарақалпақ екен, соң хан зорлап өзбек қылған дейди. Ырас-өтиригин билмеймен... Мени устам шеп көрмейди.

— Илайым, шеп көрмегей.

— Бектемир, болдың ба?

— Ләббей, устам! — деп Бектемир ушып-ақ турды. Аманлықтың қолын қысты. — Хош, биз кеттик.

Аманлық олардың қарасы шөккенше қарап қалды.

— Маўқың басылды ма, қарақалпақ?

— Аўылдан бүгин келгендей болдым, хожам.

— Жүдә бап. Әй, исик қабақ, мә, жоғал! — деп қуўырдақшы бағанадан берли отын ысырып турған жетимге күйип кеткен бир кеспени ылақтырды. Ол ыссы кеспени үплеп алақанынан алақанына аўыстырып аўзына басыўы менен кетти.

Аманлықтың жүзлеринде қуўаныш, көкирегинде әлле қандай йош, қәдимги орнына — ошақтың аўзына келди...

## 14

Аманлық пенен Бектемир қуўырдақханада дийдарласып, гә хабарлар ушын налынып, гә хабарлар ушын езиўлери жыртылғанша күлисип, апақ-шапақ болып отырған пайытта, олардың елинде, даўыс жетпес қалың қопалықлар арасындағы балық пенен шалаң ийиси аңқыған әптада елинде, суўлар үстин толқынлатып, қопалықлардың ләмли түплерин тозаңғытып, бурын болмаған, аласапыран қуйын көтерилди....

Еки жүздей аламан Есенгелди бийдиң отаўына қора болып, қоршап киятыр...

Бас себеп былай басланды:

Есенгелди бийдиң Муҳаммед Әмин инаққа берген ўәдесиниң шопағы елге келип шағылғанда, дәнеси Маман бий тәрепке өтип, пушына өзи ийелик ететуғынына көзи жетти. Себеби, Маман бийдиң «Биреўди дос қыламыз деп, бир елатты қандар қыла алмаймыз» деген гәпи журтшылықтың бас дәлилине, Есенгелди бийге қарсы атқан оғына, көтерген жалаўына айналды. Халық көтерилди. «Нөкерликке бармаймыз!..» деп көшелерге шықты.

Есенгелди бий отының өре жанбайтуғынын түсинди. Қатты қәҳәрленди, әсиресе, бундай қасақана гәпти ен жайдырған Маман бийге қәҳәрленди... Атқосшысы Дәўимди астыртын жол менен Муҳаммед Әмин инаққа жиберип алды... Инақ жасаўыл басшыларының бири менен Дәўимге бес атлы қосып: «Маманды гелле қылсын, шаўқымын өзим бастыраман», — деп қайтарыпты. Есенгелди бий ушын оны бирден гелле қылғаннан гөре, айтқанына көндирип, аўзына қаратыў пайдалырақ еди. Сонлықтан оның изине жансызлар салып, Бегдулла қара сақал аўылынан жекке киятырғанында туттырды, аяқ-қолын байлатып, сабатып отаўына алдырды... Егер, қарсылық етсе, жанын жәҳәннемге жиберетуғынын ескертип, «жоқ» ямаса «аўа» дегизиў ушын кесгеллем бир сораў қойды:

— Нөкер жыйнаўға көмек етесең бе, жоқ па?

— Жоқ, жоқ, жоқ! Биреўди дос қылыў ушын бир кәлата түркмен елин жаў қылмаймыз! — Маман бий буннан артық сөйлемеди.

Бәри бир, Есенгелди бий гүдерин үзбеди. Босаттырмады. Узын арқан менен ағаштай қундақлатқан күйинде иргеге жатқарды да, қонақлары менен бәзим қура берди. Сол күни кешке өзиниң кеўли жуўық бийлерин, кәтқудаларды шақыртты. Олар бий шақырығына

қуўанышлы келсе де, кең отаўдың бир қапталын ийелеген жаў-жарақлы нөкерлерди, ал, төрде ели сүрейинде дастықтай созылып жатырған Маман бийди көрип, ҳаўлыққанынан көзлери патлыйысып, Есенгелди бий ийек атқан орынларға аманат жайласа берди.

— Мурат шайықтың бир гәпи есимнен шықпайды, — деп Есенгелди бий марҳум шайықтың атынан жаңалық айтыўға ҳәмменің дыққатын аўдарған болып, ҳәр сапары, қундақлаўлы Маман бий тәрепке бир қарайды. — Өли геллени көрмей өз геллең еске түспейди... — деп талай-талай қайталап отыр.

Бул гәп, жунғар елшисиниң геллеси, Жаңакентте орыс патшасының атына аҳиднама жазыўға келисе алмай отырған қарақалпақ бийлериниң ортасына тасланғаннан соң, бийлердиң, жасаўыллардың қуўжыңласып, аҳиднаманы имзалай бергенинен кейин, айтылған гәп еди. Есенгелди буны шайықтың аўзынан емес, Маманнан еситкен еди. Ҳеш ким өтиригин шығара алмады. Маманның қулағы тығыўлы, еситпейди.

Келгенлер, Есенгелди бий ҳәр тәкирарлаған сайын Маман бийге көз астыларынан қарап, тышқан тесиги мың теңге болып, әпшилери қуўырылып баратыр.

...Маңлайлардан суўық тер шығарған бул аўыр жағдай узақ даўам етпеди.

Сәскеге таман, бир тәреплеме қуйынға қарсы күшли дүбелей турды. Бул дүбелей халық қәҳәриниң епкини... Отырғанлардың тобы тарқамай-ақ, отаўды еки жүзлеген пияда дийқанлар, балықшылар қоршады.

Ҳәзир отаўға қора болып қаўсырылғанлар солар...

Ашыўлы аламан отаўды бузылған қазадай дал-дал қылып, ишиндегилердиң кегирдеклерине қол салып, сағағынан илинген балықтай — бирим-бирим көшеге ылақтырмақшы еди, әттең, он адымдай жақынлағанда, олардың басшысы Бегдулла қарасақалдың, «тоқтаң» деген ишарат пенен, еки қолын қанат қылып артына серпкени иркти.

— Есенгелди, шық майданға! — деп гүркиреди Бегдулла қарасақал.

Иштегилер басқы таўып, жуўырыса-жуўырыса шықты. Суўықта кийген тонның жағасындай үйге қаўсырылған адамларды көрип бәри турған-турған жерлеринде белдеўге асылып лал болды. Қорадағы атларына ҳеш ким жетип үлгермеди. Кем-кем

қаўсырылып киятырғанлардың алдында шоқмар көтерген Бегдулла қарасақал «ақырын, ақырын» дегендей бәрҳа артына қол сермеп киятыр. Қолы бос адам жоқ. Кимде белсап, кимде балта сап, кимде шоқмар, кимде қақ жыңғылдан сындырылғап таяқ...

Хийўадан келген, ишектей узын арық, мойны қуўрайдай жасаўылбасы қырқ буўын құрттай жыйырылып, Есенгелди бийдиң тасасында дир-дир етти.

— Япырмай, бул не бәле? Мен елиңди тек бақылдаўды билетуғын бақалар ели деп едим. Жыланлардың ордасы екен ғой. Сора, аманлықта, сора, не мүддәҳәлери бар екен.

Есенгелди бий ашыў менен кәмарын көтериңкиреп, алға еки қәдем таслады.

— Халайық, халқым! Бул не даўрық? Өз уўылдырығын өзи жейтуғын шортанға аўғаннан амансыз ба?

— Маман бий қайда?... Тири ме? — деди ҳәмме жабырласып.

— Тири. Өзимизди өзимиз өлтирип жиллимиз бе? Өсип-өрбигенде өлтириў ушын ба? Пай, халқым, усындай алапаға шабасаңлар!

— Болар, болар!!

— Болар, қысқарт!!!

— Маман бийди көрсет, бийопа Есенгелди!

— Тез көрсет!... Тез!.... Тез!!!

Адамлар қанша үстемлик ҳәмир менен топылып киятырғанына қарамастан, олардың гәп тыңлап иркилгенине Есенгелди бий жүрегин басты. Қорқынышы серпиле баслады.

— Сәл сабыр етиңлер, — деди ол өзин мәрт тутып. — Иркилиңлер! Үйге ләрзем келмесин. Өзлериңиздиң үйиңиз ғой. Керегеси шытнап ысырылмасын!

— Ҳа-ҳа-ҳа-ҳа. Өзлериңиздиң үйиңиз!..

— Ҳа-ҳа-ҳа-ҳа-ҳа!... Керегеси шытнамасын... Аўдарамыз!...

— Есенгелди бий, нөкер алыўды қазыўға белдар алыў деппедиң?....

— Көп сөз керек емес, дана бий қәне?

— Созба, тез көрсет!

— Неге иркиле бересиз? — деп Бегдулла қарасақал шоқмарын жоқары көтерип, изиндегилерге «басың» деген буйрық бериўге ҳәзирленди. Есенгелди бийде бирден ҳаўлығыў пайда болды.

— Ҳәссений, ат астыма түссе төбелеринде ойнар едим, — деп сыбырланды жасаўылбасы.

Аламан Бегдулла қарасақалдың қолына қарап және алға бир адым жылысты. Аралық кем-кем қуўырылған сайын отаўдан шыққанлардың жанлары көзлерине көрине баслады,

— Халайық, Аманқул бийди тыңлап көриңлер! — деди Есенгелди бий.

— Керек емес!

— Керек емес!...

— Өзиң сөйле! Түркмен елине қандар қылажақлығыңның себебин айт!.. Өз аўзыңнан айт!..

— Әй, ладан Есенгелди сөйлесең-ә! Адам өлтириўди пишен орыў деп жүрсең бе?!..

Енди Есенгелди бийде сөйлемеўге илаж қалмады.

— Халайық, халқым, онда мени тыңлаңлар, мақул тыңлаңлар, деп ол көкирегин ашып аламанға қарсы және еки адым атып отаўдың қапталында жатырған келиге минди — Әўели, Маман орысты иркип, сөйлесип атырғанымыздың себебин айтайын. Ол сизлерди алдап жүрипти! «Түркмен елатын қандар қылмайық, деген өтирик шақырығын шүберек қылып, ишине тас түйип жүрипти! Ырас, ырас! Оның гәплериниң сырты жуқа шүберек, ,иши тас! Маған инаныңлар! Меники сизлердиң ғамыңыз! Маман орыс жансызы екен! Елди бүлдирген жаў халыққа қарай және сүйремекши! Алдарқатып үстимизге және тас жаўдырмақшы!... Муҳаммед Әмин инақ тахтқа минсе, ел боламыз! Мейли, ендиги гәпти Аманқул бий айта қойсын!

— Халайық! — Аманқул бий гезегине келиге минди. — Бахыт қусы ҳәр елде биреў болады. Маман бий басынан бахыт қусын ушырып алғанына пушайман қылып бармақ тислемесин! Бахыт қусы Есенгелди бийдиң қурашына қонды. Енди, енди Маман бий елим десе, бахыт қусынан айрылғанына шыдасын, халықты алдамасын, ел бирлигин сақласын! Ол бахыт қусының уясын Орыс патшасының сарайынан излеп еди. Таппай елди бүлдирди, Есенгелди бий сол уяны жақын жерден Хийўадан-ақ табажақ. Ғайып баҳадыр, сен не дейсең?

— Мениң бағанағы сөзим сөз. Мейли, халайыққа жәрия қылайын. Кисиниң баласын жылатпастан бурын өз balaңның көзине үңилиў керек. Инақ ушын түркмен баласын жылатамыз деп жүрип, өз баламыз қан жылап қалмасын! Мениң гәпим усы!

— Дурыс гәп! Енди Маман бий көринсин! — деп талап етти көпшилик. Есенгелди бий қапталындағылардың бирине «Маман бийди босатып, қәддин дүзеп алып шық» деп әстен буйырып, — Халайық! — деп даўыслады. — Ҳәзир Маман шығады. Оған шекем жас Қурбанбай бийди тыңлайық!

— Мейли, айтсын!..

Қурбанбай бий адамлар алдында «анаң менен ойласасаң» деген гәпке қызарып арсынған менен үйинде аўлағында, анасына ойласыўды ар көрмейтуғын еди. Анасы Шәрийпа жасынан солай үйреткен. Сонлықтан ол Есенгелди бийдиң нөкер жыйнаў жөниндеги тапсырмасын да ойласқан. Шәрийпаның ишинде Маман бийге деген ашыўлы түйин пайда болғаны ушын ба, ямаса Есенгелди бийдиң сайлаған соқпағын дурыс деп есаплағаны ушын ба, баласына Есенгелди бий салған из бенен жүриўге мәсләҳәт еткен еди. Қурбанбай бий, анама ойласқаным сезилип қалмасын деген қәўип пенен, аз ғана ойланып турды да:

— Ел қайда көшсе, биз де солай көшемиз, — деди. — Бирақ, Маман бий халыққа жумсақ сырты сулыў шүберек таўып, ишине тас жасырғанын тоқтатсын!

Есенгелди бий Қурбанбай бийге әстен ғана «әкеңе тартқансаң, азамат» деп марапатлап, артындағы жасаўылбасыға: «гәпур» деди. Усы гезде иштен Маман бий шықты. Еки күнги ашлықтан, таяқтан, бағанадан берги ғаўырлыны еситтирмеў ушын қулағына тығылған пахтадан мийи мең-зең еди. Есиктен шыққан жерде жығылажазлап тентиреклеў менен арқасын шийге сүйеди. Аламан оның қандай күйге түскенинен бийхабар, көриниўден сөйлер деп дәмеленген еди. Ләм-мийимсиз көпшиликтиң қатарына турғанынан үмитсизленди. Хийўадан келген жасаўылбасы сөйледи.

— Сизлерге мен Хийўадан сәлем әкелдим. Лекин, мийманды усылай күтип алдыңыз. Буған да өкпем жоқ. Муҳаммед Әмин инақ сизлерди күтә бирликли, жаўынгер ел деп еди, ырас екен. Бүгинги бирлигиңиз қуўантты. Усы бирлик пенен Хийўаның сарайын жаўынан тазаласаңыз, сизиң елдиң иси раўаж, ығбалы артады. Ал, мынаў Маман орыс жөнинде ме?... Сизлер шелли бул сатқын орысты бизлер-әм билемиз. Ол сизлерге не әперди? Апат әперди, апат! Сизлер оның өтирик гәпи ушын қанша шожып-постыңыз. «Уллы үмит қағазы» деп те жыр тапқан. Сондай қағаз бинай өмиринде

қолына тиймеген бунық! Петрборға бармай, жолда жолдасларын өзи өлтирип қайтқан. Ырасын айтқанда, ол елиңизди орысларға емес, қазақларға сатқан. Сол ушын сиз мөминлерди алдап, жаўыз Абылқайырға жәрдем берди. Оның ақыбетин айтпай-ақ қояйын... Қәйерде де хан, патша бир сөзли болады! Егер ақ патшаның қағазы болғанда, бир нышан көрмеспедиңиз? Бизиң инақ қағаз ғой қағаз, лебиз берсе, бәрин бәржай қылады. Инанбаң мынаў жөргегинде урған сатқыныңызға. Есенгелди бий жүдә кеңпейил адам екен, еле өлтиртпей қойыпты. Бүгинлиги тасы тәрезиге жеңил келген мынаў орыстың иши жанып, сизлердиң елиңизди пайдадан қалдыражақ. Тыңласаңыз ўаззаҳасы көп. Тыңламаң, инанбаң оған!..

Бир-бириниң қолын жаздырыспай кереге болып турған адамлардың биразында салпаўсыў пайда болды, гейпаралары сөйлерге гәп таппай, ашыўланарға бәне таппай, басларын қасыды. Енди ғана өзине келип, ҳеш кимниң сөзин бөлмей, ақырына бағып турған Маман бийге бул жағдай орасан аўыр тийди. Аяқларын ақырынлап басып алға жүрди.

— Халайық, мени излеп келдиңиз бе? Табаныңызға маңлайым! Ырзаман! Бул күш топлаўыңыздың алды болғай! Ал, енди мынаў сатқынға қараң, — деп шуқып алғысы келгендей ашыў менен Есенгелди бийге суқ бармағын шошайтты. — Ҳей, Есенгелди бий, хан менен сөйлесип болып халыққа хан тәсилин салма, абайла! Сениң кеўлиң сумлық қазанына айланған. Әмин инаққа бес жүз нөкер берип, ел қырғандағы мақсетиң, — мынаў отаўыңды көркейтиўдиң ғамы. Шебине ойланба! Дурыс ойлан! Бул отаўыңа Хийўа ханын дос қылған менен, түркмен халқын жаў етесең! Еки отлы тастың ортасына салма елди! Нәпсиң ушын халықты бүлдирме! — Ол өзиниң қызып кеткенин сезип даўысын пәсейтти. Қолын түсирди. Жуўасыды. — Халқым, гүманланбаңыз! «Уллы үмит қағазы» қай ўақытта да табылады. Табамыз! Жалғыз өтинишим бул қапырық қоныста бой жазайық, тойынайық. Имканият таўып мен орыс елине қайтадан барып қайтайын! Мәўлет бериң!...

— Сен орыс бий, сол орыс елин умытасаң ба, я жоқ па? — деди Есенгелди бий.

Дамбалшаң, жалаңаш белине жекен тал буўған, денеси күнде қалған сазанның қабыршағындай жылтыр-қара бир балықшы

көпшиликтиң арасынан алға өтип, басындағы гөне қара қалпағын қолына алып:

— Мынаған қараң! — деп былғады. — Бул матам қалпағы! Усының менен халық болып атымыз аталған. Халайық, не болды бизлерге? Ҳей, бийлер, кәтқудалар, не болды сизлерге?! Есенгелди бий, сен матам қалпағын таслап, Хийўаның шөгирмесин кийген менен бабаңның қарақалпақ екенин, матамлы, көз жаслы, қайғы-ғамлы екенин жасырасаң ба? Бәримиз кийейик, умытайық ғамды. Халықпыз, Маманға исенсек, Есенгелдиге де исенип көрейик. Бегдулла қарасақал, ҳәй халайық, исенип көрейик! Егер, ол алдаса терисине топан тығамыз. Қалай қарайсызлар? — деп ол артына — аламанға бет бурды. — Бабаларымыз орыслар менен нан сындырысқан, буған гүман жоқ! Бирақ олар нанды ақламаса, қашанғы биз қуўамыз, биз! Ўәде-ықырары бар ел тауып алар. Таппаса, Хийўадан пәнтленсек, өзимиз табармыз. Нурабылла жора, сен не дейсең? Мен нөкерликке тайынман!

— Елге дәстүр болса, қос қатынымды арқалайман, — деди Нурабылла ойланбастан.

Есенгелди жылдам келиге минип:

— Мақул гәп айтылды. Бир ашыўыңызды бериң, халқым, — деди.

Аламанның тобы бәҳәрги сеңдей бузылыўға қарады.

— Ооо, Халқым! — деди Маман қайтадан жөнлесип. — Есенгелдиге инанбаң! Ол өрге түпирмеўге серт еткен. Ҳәзир сизлерден қорқып турыпты. Мынаў нөкерлер менен атларына минсе, үстиңизде қылыш ойнайды. Атларын әпкетиңлер!

— Әпкетиңлер, әпкетиңлер!... — деди Есенгелди бий жүдә мүләйимлилик пенен. — Көргенли ел қонағын қорламайды. Тек қонақлардики қалса болар. Инаққа нөкер болсаңыз да, ат таўып беретуғын мен! Әпкетиңлер!..

Халық қайтадан абыржыды. Көпшилиги тым-тырыс, топты бузып излерине қайтты.

— Орыстың атын әкелиңлер, қайтсын, — деп бақырды Есенгелди.

Атқосшылардан бири жуўырып кетип қорадан ақ бозды жетелеп шықты. Маман бий атына минди. Бирақ аты аш, өзи болдырған еди. Зорға тур. Оны азат қылыўға жәмленип келген аламан, көк

қуўған пададай, бөлек-бөлек болып ҳәр жаққа бөлинип кетти. Бегдулла қарасақалдың топары Маман бийдиң атын жылаўлап қайтты.

Әўели айбатлы, бий отаўын ысыражақ күш демде-ақ босасып, изи түс көргендей болды. Хийўаның жасаўылбасысы Есенгелди бийдиң жаўырнына темирдей бармақларын қойып:

— Атақлы бий, енди не қылайық? — деди.

— Дем алыңыз.

— Жоқ, ҳәзир атланып, буларды күшигинде талаў керек. Ертеңги күни ырылдамайтуғын болады.

Есенгелди бийге бул мәсләҳәт унап, басын услап ойланып турды да:

— Шыда, арысланым, шыда, еле алдымызда талай асыў бар, — деди. — Жаңа ғана Маман орыстың: «Булар атларына минсе, үстиңизде қылыш ойнайды» деген гәпи бар. Ҳәзир ырасқа шықса, халық оған мәңги исенип кетеди. Шыда!

— Жаралы қасқыр қәўипли болмас па екен?

— Жоқ, оның барлық қабырғасы сынып кетти. Тиклене алмайды.

— Илайым, ақыллы бий.

Азанғы ҳалқастың нәшесин ушырып алған бийлер, кәтқудалар басын бузбай қонақлар менен қайтадан отаўға кирди.

Ис оңғарылды... Енди бәзим емес, бүгинги аламан тырнаған кеўил жарықларын питеп, тезирек нөкер жыйнаўдың ғамында қызғын гәп басланды...

* * *

...«Каратереңниң» қубласынан Есим бий жардырған жаңа жаптың еки бойы думандай, дүт тоғай кендирлик. Алыстан-ақ май ийиси аңқыйды. Көл суўына шыққан қамыстың, балықтың, ийсине үйренип кеткен Маман бийдиң танаўын ийис қымыршытып, үсти-үстине түшкирип киятыр. Ҳәр түшкирген сайын өзи өзине «яракималла» деп күлип қояды. Сонша ғәзебетли ашыўдан соңғы май ийисиниң түшкириги қуўантып, жүдә үскини қуйылған ақ боз аттың жүрисин тезлетти.

Баслап атырған жүўери атызын аралап жүрген Есим бий менен Худайбергенди узақтан танып, өзи биринши сәлем берди. Дийқанлар ҳүрметине аттан түсти.

— Рахмет сизлерге, елге тоқлық нәўбетин қараттыңыз, лекин... — деп турды да, Маман бий изин айтпады.

— Сарсылмаңыз, атақлы бий, — деди Худайберген. Ол қәдимгисинше көзин жоқары алған ҳалында дийқаншылыққа ышқы менен қарап турыпты. Маман бийдиң нәзери де Худайберген қараған тәрепте.

— Маман бий, биз өзбекпиз, лекин, Муҳаммед Әмин инаққа нөкер бериўге қарсы болғаныңыз ушын бизди наразы деп ойламаңыз. Биз дийқанбыз. Сизге болған кеўлимиз — сизди кеше қуўатлаған Бегдулла қарасақаллардың кеўлиндей жақсылық, аманлық. Кәсип-кәри бир дийқанның ойы, тәғдири бир. Бизге жер, сүў, қуяш болса тамам. Ал, оларға, — деп, Худайберген Маман бийге бурылды. Оның бетине жабысып, қанға толып қып-қызыл болған патаханның үстинен әстен сыйпап, алақанының қанын көрсетти, — Көрдиңиз бе, мынаны? Бул дүньяда адамның душшы қанын сорғысы келмейтуғын мақлуқ жоқ. Ҳәтте, адам қанына адам жерик. Лекин, биз қарапайым дийқанның қаны ҳеш қашан ашшы болмайды. Мине, сол ушын бизди сорыйды. Шыдаў керек, дана бий. Адам шыдаў ушын жаратылған.

«Адам шыдаў ушын жаратылған»... деп гүрсинип, гүбирленип Маман бий. — Қаны душшылардың тәғдири бир дегениңиз унайды. Билмедим, усы душшы қанлылар қашан қорғанады? Жүриң, сөйлесейик, — деди.

— Жүриңлер, — деп Есим бий үйине қарай баслады. Ҳәмме пиядалап ерди...

## 15

Қуўырдақшы жүдә әбжил шықты. Аманлыққа гәрдиймес, ҳәтте базы азанларда жайына келип, бирге ҳалқас қылысады, шиллеханаға айналған ешек ақырын көрип «тазалап төсестир» деп базда қушақ-қушақ тары сабап береди.

Ҳәр күни азанда үйреншикли бир сораўы бар.

— Яқшы турдың ба? Тоңбадың ба?

Аманлық мейли тоңып шықсын, мейли ели-халқын, қатар-қурбы, жора-жолдасларын сағынып, я болмаса, бул дүньяда қалған

ендиги жалғыз үмити — көзиниң ағы-қарасы, тири ғайып улын ойлап, өрели таңды кирпик қақпай атырсын, қуўырдақшының жымпылдап, иши-баўырына кирип берген сораўлары бәрин умыттырады. Жапакеш адам «яқшыман» деп, бир сөз бенен жуўап берип, исине қумбыл бола береди.

Қуўырдақшы Аманлықтың кеўлинен шығып, жамаўлы гөне қалпағын таслаттырып, орнына оның қәлеўи бойынша шылт жаңа қара қалпақ тиктиртип берди. Қысқа қарай жағал ешки терисинен жаўырынын жапқандай қылқалы қылды. Бул жақсылықлар Аманлықтың миннетдарлығын және де арттырды. Қуўырдақшы көп жаңалықларды ишине сыйдыра алмай, оның менен хәр қыйлы бағытта сөйлеседи.

— Қарақалпақ, билесең бе? — деди бир саўасында қуўырдақшы — Сениң елиң Муҳаммед Әмин инаққа хызмет етип, түркменлер менен урысып атыр.

— Не дедиңиз?

Аманлықтың аңсызлығына қуўырдақшы селк-селк күлди, майлы муртларын алма-гезек сыйпалады ҳәм әўеле не айтқан болса, соны тәкирарлады, соңынан:

— Хийўаның хан сарайынан түркменлерди қуўып, сарайды ҳадаллап алыў керек болып атыр, — деп қосып қойды.

Бул хабар Аманлықты бир жағынан қорқытты, екинши жағынан қуўантты.

— Сонда кимге пайда, кимге зыян?

Қуўырдақшы жүдә еңкилдеп күлди.

— Сада қарақалпақ, билмейсең, билмейсең! Сизлерге пайда, қарақалпаққа шалғай жабаман деген Муҳаммед Әмин инақ түсинде қудай менен сөйлескен, басына бахыт қусы қонған адам. Сол ушын оның нөкерлери ушын мен де бир жыллық пайдамды берип жибердим. Саған ҳақы бере алмай жүргеним соннан. Мен бирақ қарақалпақтан от жаққышым бар деп айтпадым, айтқанда, сени де нөкерликке әкететуғын еди.

— Айтыў керек еди, мен бурын нөкер болғанман. Сиз мениң қылышымды көрмедиңиз бе? Ҳәзирги Маман бийимиздиң әкеси Оразан батыр инам еткен.

— Маман бий дегениңди инақ жек көреди. Онысыз қарақалпақтың бес жүз нөкерин қоңырат Есенгелди бий, кенегес Аманқул

бий, қытай Қурбанбай бий ҳәм Ғайып баҳадыр дегенлер басқарып келген. Сен оларды таныйсаң ба?

— Таныйман.

— Танысаң бопты, «я алла, инақ тахтқа шыққай» деп тилей бер.

Усы күннен баслап Аманлықтың кеўлине ғулғыла түсти. Бул жерден ертең-ақ кетип, қарақалпақ нөкерлерин таўып алғысы келди. Бирақ ойы болмады. Сәскеге таман жүз берген бир жағдай оны иркти.

Қуўырдақхананың ошағынан түтин көтерилиўден, кетеклерден жаңа шыққандай үсти-басы қара ғожалақ жетимлер әлле қайдан жыйналып, ийтлер менен шөбиреге таласатуғыны күндеги үйреншикли әдет. Аманлық ийтлерге «жит» демес, жетимлерге «кет» демес. Қуўырдақшының өзи қуўып жибермесе, қайтама, оған кеўилли. Биреўлериниң жалаңаш денесине түртип қытықлайды, күлдиреди, өзи де күледи. Ал, қуўырдақшы келип оларды қуўса «неге қуўдың» деп те араласпайды. Бундай көриниске көзи үйренген: қайсысын қорғап, я қайсысын аяп ушына шығады, гей күнлери олар шыбындай ғаўлап келеди...

Бүгин сәскеде де күн жылымады. Қара суўық ҳүўлей берди, Аманлықтың бет-алды ысып, жаўырыны музлап, урқанаты ушса да, қызыў ушын қуллы-пәрең болып отын пуштарлап, ошаққа тығып атыр еди, шөбире кемиргенлер арасында, гилең таяқтан илекер ғана байластырып қойғандай қуўсүйек ҳаял геўдеси пайда болды. Аманлықтың қолында бир дәсте жыңғыл услаўы менен таңлана қатып қалды: бир сүлдер! Адам баласы усынша да азады екен! Қалайынша аяғында тур!... Қудықтың түбинде жылтыраған ақ моншақтай, жүдә тереңде қыймылсыз, өли көзлери, шөпликке аўнаған ғарры ақ қойдың жүниндей уйпа-жуйпа шаш, гөрден ҳәзир тикейтип жибергендей, бет-аўзы шаң, ылас. Мурнының бели ойық, бир сүлдер. Сарғайып кеткен бөз көйлеги, бөз бешпенти өрим-өрим, кийим кийгенге мегземес, мисли жыртық-жыртық аў жамылғанға усайды. Бөденениң пәтамамы көринип турыпты. Жаны барлығынан киси қәўетерленгендей... Ол әўели ийилип» бир ийттиң алдындағы шөбирени алып аўзына салды, шайнаўға тиси өтпеди ме, ямаса жағының күши жетпеди ме, аўзынан қайтарып таслады да, қуўырдақшы таманға еки алақанын тең жайып,

қылдай жиңишке мойнын созды. Қуўырдақшы оны көрмеди. Ҳаялдың диңкеси жоқлығы соншелли, қолларын созып турыўға шамасы келмей, әстен түсирди, бирақ еки алақаны қуўырдақшы таманға қараған, еле дәмели, сөйлемейди. Аманлыққа бул геўде қорқынышлы көринген еди, кем-кем көзи үйренди, аяды. Өзи жеўге қойған ярым кеспе балығын алып ҳаялдың қолына услатты, ҳаял әстен ғана аўзына салды, көп шайнай алмады, қоян жутқан қустай мойнын созып қылғына-қылғына көп күш пенен зорға-зорға өңешинен өткерди. Және қол жайды. Усы ўақытта оны қуўырдақшы көрди.

— Ўай, мынаў еле тири екен ғой, — деди ол, адам емес, ийт ҳаққында гәп қылып атырғандай бийпәрўалық пенен. — Былтырдан бери көринбегенге, әлле қашан өлген шығар деп едим. Журттың аяўлысы өлип атырған суўықта суўық урмайды буны, төбеңде мыс қайнатқан ыссыда күн өтпейди буған. Өзи ийт жанлы туқым екен.

Ҳаял еситпеди ме, еситсе де түсинбеди ме, үндемеди. Әдетте, аш адамлар қолын жайып, бир нәрсе деп жалбарынады. Бул ҳаял алақанын жайған ҳалында еле тым-тырыс. Қуўырдақшы бир шабақтың геллесин майға шала-пула шыж-пыж еттирип алып, оған таслады:

— Бар жоғал!

Ҳаял әстен изине айналып, қумырсқа қәдемлери менен жылысты.

— Абайла, анаў қатын қайтып келмесин, — деди қуўырдақшы Аманлыққа. — Көрдиң бе, әўерети ашылып, адамлардың қусқысын келтиреди. Қара басқырдың өзи де шәмшил қаралы. Усы пайда болса, я суўық болады, я бизге адам келмей қапылады.

Аманлық бул ҳаялдың қол жайып турыўында мәңгилик жалбарыныў, жылаў, мәңгилик миннетдарлық изин сезди. Бармақлары жыңғылдай қуўрап қалған. Тырнақлары қустың тырнағындай өсик. Егер, күши болып, усы тырнақлары менен биреўдиң бетине пәнже ура қойғанда, пышықтан кейин болмас. Ҳәлсизлиги ушын мүләйим, әбден мүсәпир, егер, сәл қаттырақ даўыл ессе жығылып кетежақ.

Аманлықтың реҳими келип, көзине жас қуйылды. Соның арасында балық жеп отырғанлардан биреўи:

— Әй қуўырдақшы, биз кетемиз бе, ямаса мынаў уятсыз қатын кете ме? — деди.

Өз иси менен қуллы пәрең болып отырған қуўырдақшы анаў адамның сөзинен кейин түргеле сала, ыссы кепкирин хаялдың алақанына басып алды. Сорлы хаял «меҳҳ, меҳҳ, меҳҳ!»лей қойды ҳәм әстен ғана кейин бәсип, еки-үш адым атпай-ақ жығылды.

— Арман сүйреп тасла! — деди қуўырдақшы Аманлыққа. Аманлық жуўырып барып оны көтерип еди, шүңирек нурсыз көзлеринен жас шығып, күйген алақанын аўзына басып жатыр екен. Аманлық оның не қылып атырғанын түсинбей, ашлықтан алақанындағы майдың жуғын жалап атырған екен деген ой менен қуўырдақшыға келип, киширек сазанның жарты геллесин сорап алып, хаялдың алақанына салып еди, хаялдың қолы күйип силкип жиберди, жерге түсти. Хаял қолыма және кепкир басып атыр деп ойлаған еди, топыраққа былғанып атырған бас сүйекти көрген соң, Аманлық қайтып алып қояр деген қәўип пенен бе, омыраўын көтере сала үстине бой таслады ҳәм аўзын басты да, топырағы менен қосып пышыр-пышыр шайнап жатты.

— Әй, отжағар, не қылып турсаң? Арманырақ апарып тасла, тезирек, — деп бақырды қуўырдақшы.

Аманлық хаялдың қолтығынан көтерди. Хаялда аяқ басқандай диңке жоқ еди, гүллән салмағы менен Аманлыққа бой таслады Аманлық оны сүйеп көшеге шығарып жиберип еди, хаял аяғын баса алмай дүстөменине жығылды. Аманлық изине қарай бир-еки адым атып турды да, жер тислеп жатырған хаялды сол күйинде таслап кетиўге қыймады. Изине айналып, оның қолтығынан көтерип апарып, бир гөне тамның дийўалына арқасын сүйеп отырғызды да, оның қандай ҳалда қалғанын көриўге жүреги шыдамай көзлерине алақанын басыўы менен жумысына қайтып келди. Ошақтың оты өше баслаған еди, апыр-топыр алыстырды...

Қуўырдақхана жабылғанша хабар алыў имканияты болмады. Кеште, ошақтың отын көмип, қайтып баратырып «хаял бийшара кете алды ма екен» деп қайрылып еди, күндиз қандай тақлетте жаўырынын дийўалға сүйеп кеткен болса, сол күйинде еле отыр екен. Қапталына жығылып кетиўден қорқып, еки қолын еки жағына бақан етип тирепти. Түргелиўге шамасы келмегенин түсинип Аманлық бетине үңилди.

— Неге отырсаң? Баратуғын жериң қәйерде?

— ...

— Еситпейсең бе?

Аманлықтың кетип қалыўынан қорыққандай, ҳаял оң қолын көтерип, алақанын жайды. Аманлық кеште жеўге аз ғана кеспе алып баратыр еди, алақанына салды. Ҳаял алмады, алақанын жайған күйинде қатып қалды. «Өлип баратыр ма?» деген ой келди Аманлыққа. Сөйтип оның билегин услап көрип еди, ҳаял турыўға ыңғайласты, бирақ түргеле алмады. Аманлық енди оның тамақ сорап атырмағанын түсинди. Әстен сүйеп түргелтип, ийнине асылдырды да жатақханасына әкетти...

Жайына келсе хабарласарға инсан болмай, базда өз-өзинен ыңылдап, базда көзлеринен ерксиз жас сорғалап жататуғын Аманлық, енди ғалмағалының артатуғынына көзи жетсе де, еле денесиниң ашық-жабығын билмейтуғын ақылы зайыл бир ғәрип бендеге хызмет ететуғын болғаны ушын налынбады. «Жыласа, кимниң аўзы қыйсаймайды? Бурын қандай болғанын ким билсин? Заман қуйыны ушырып паянынан айырылған бир жапырақ шығар, бәлким, әдалатсыз Хийўаның ғарғысынан ақылы зайыл болғанды, түбинде адам баласы ғой, келе болып кетер» деди өзинше ҳәм әкелип өз орнына жатқарды, уйқыдан оянған соң дүмшесин қайнатып шай берди, келеси күни азан менен жумысына кеткенде де жайында қалдырды.

Бийшара ҳаялда былай-былай қозғалғандай ҳал-дәрман жоқ еди. Күн бата Аманлық жумысынан келгенде де, ол сол орнынан гинәрат қыймылдамай сулық болып жатыр екен; Аманлық оның бетин ашып, оятты. Кийимлерин шешиндирип бир қатар отқа қағып, қайта кийиндирди... Астының төсегине қайтадан қағып-силкип, жатқарды...

Ҳаял еле қәддин дүзей алмайды. Жатқарса, жата береди, сүйеп арқасына көрпе үйсе, еки қолын еки жағына таянып отырады... Бундай бийҳал мөминди далаға шығарып таслаў қайсы адамгершиликте бар? Аманлықтың жумысы балалап, мүшкили көбейсе де, қыймады. Қолынан келгенинше тәрбиясын аямады. Тапқан напақасын тең бөлисти.

Ҳаял әстелеп өзине келе баслады.

— Атың ким? — деди бир күни Аманлық.

Жуўап орнына ҳаялдың еки көзинен мөлт-мөлт жас ақты. Буннан соң ол бул муңлы нашарға ҳеш қашан сораў бермеўди ойлады. «Бийшараның қандай зәўлимге, қандай ҳәсиретке дуўшар болғанын ким билсин? Оларды ойлаў, еске алыў және ҳәсирет! Еслемесин! Оның үстине, тилиниң шүлжиңлигине қысынар... Бәлким, мендей бир сорлы шығар. Сораған менен, айтқаны менен қайғысы жеңиллесе ме?... Ҳеш қашан!...»

— Атың Қаракөз шығар, — деди Аманлық оның кеўлин алыў мақсетинде.

Ҳаялдың жүзинде аз ғана ысықлық пайда болды да, өз-өзинен қысынғандай, мурнының белиндеги ойықты қолы менен тасалады ҳәм төмен қарады.

— Аўа, Қаракөзсең. Мен сени Қаракөз деймен.

Ҳаял бийпәрўа кейипте мақуллаў белгисинде бас ийзеди.

Бир күни Аманлық қуўырдақшының ҳаялына жалбарынып, гөне көйлегин сорап әкелип кийиндирди. Қаракөзге кем-кем адам сыйқы ене баслады. Тамақ ишетуғын болды. Етине қан жуўырды. Сөйлемейди, айтқанды еситеди, қыл дегенди қылады. Аманлықта еле бир мақсет: «...Мендей бир сорлы шығар... сораған менен, айтқаны менен қайғысы жеңиллесе ме?... Ҳеш қашан!» Өзи туўралы айтпаўға ықрар етти.

Бәҳәрге қарай ол Аманлықтың жумыстан келер алдында, отқа дүмше қайнатып қоятуғын болды, базда изинен де баратуғын болды, ҳәтте отынға да бирге ерип кететуғын болды, әлле қандай адамгершилик пеше ме, ямаса өзиниң ийт өмиринен қутылғаны ушын ба, кимге миннетдаршылығын сезе ме, кеште Аманлықты уйқылатпай, уйқыламайтуғын болды. Ол уйқыға кеткенше отырып, арқа-мойынын қасыйды, аяқларын уўқалайды, қулласы, оның он еки мүшесине қол тиймеген орын қалдырмас.

Оның қоллары сонша жағымлы еди, ҳаял тәрбиясын әллеқашан умытып кеткен Аманлықтың жаны рәҳәтленип:

— Берекет тап Қаракөз, рахмет, — дейди де тез уйқылап кетеди.

Аманлық бара-бара бул ләззетли қолларға үйренди, ҳәтте, жумысынан үйине қайтқанша асығатуғын болып кетти... Бул ынтықлық суўып кеткен жүреклерге қозғаў салды... Бәҳәр кешлериниң биринде Аманлық «әй, пәрўәрдигар, ғәрипти зорлап,

неке бузсам кеширегөр» деп, бийшара ерксиз ҳаялды ыссы қойнына тартты...

Азанда олар манаўсырап түргелди...

...Уялысып, қуўжыңласып ҳалқас етти.

## 16

Өсип-өрбиў пәрманы баслапқы нәлшелерин берип, үйлерде, шаңлақларда, далаларда күлки еситилип, ойын-заўықлар басланып киятырғанда, бес жүз нөкер жыйнаў хабары ел төбесине түскен аўыр мусаллат, көп шаңырақларға туўры түскен жасылдан кейин болмады...

Маман бийдиң басшылығындағы қарсы ҳәрекетлер бийпайда болып шықты. Хийўадан оқ-жарақлы жигирма атлы келди.

Ел арасы уў-шуў болды, бәри бир елге салынған нөкерлер жыйналды. Аўыл араларын ызық-ызық қылып кетти...

Ҳәтте, Худайбергенлер менен келисип, Маманға ўәде еткен Есим бий де «Маман, өжетлессек, халықты қырып алармыз, Сен де қарсыласпай, ойлан. Шыда» деп Муҳаммед Әмин инақ ушын руўына белгиленген санда нөкер берди. Олай етпесе, егинлерин басып алыў қәўпи туўған еди.

Маман бий утылды. Енди оған пүткил әлем жаңа ашыла баслаған соқпақтан тар көринди...

Қазақдәрьяға келди. Мырзабек бий қырға кеткен екен. Соннан Жаңадәрья бойына — Убайдулла бий аўылына қайтты. Ғарры бий мәс екен. Улы Орынбайдың атына қала салдырып, Бухарадан молла алдырыпты. Ол Маман бийдиң орысларға қосылыў жөниндеги пикирди жаңалаўына онша қайылшылық билдирмеди. «Лекин ҳәзирше шыдаў керек» деп, бир гәп пенен қайтарып қойды. Ал Есенгелди бийдиң ҳәрекетлери жөнинде ойласқанда, Убайдулла бий узын ақ сақалын сыйпады:

— Ҳәр нәрсениң соңына бақ, дана бий, — деди ол басын мақуллаў белгисинде шайқап отырып. — Елим деген ердиң ел аўзын алаламағаны жөн. Қарсылықларды тоқтатып дурыс еткенсең. Түсинбеген адамыңнан әўели гүманланбай, исенип көре бериў керек. Есенгелди бийдиң де ойлағаны бар шығар. Өз пуқарасын қорлаўды ойлайтуғын басшы болмайды..

Маман бийдиң алғаў-далғаў пикирлери бираз шашырап, қайтысын, Мырзабек бийдиң аўылына және қайрылды. Мырзабек бийдиң бүгин ғана бурынғы жайлаўларына барып келген күни екен. Еки дос қушақласып көрисип, апақ-шапақ болысты. Ҳал-жағдай сорасып, бириниң жаңалығына бири қызығып, шаршағанларын умытты.

Орыс патшалығынан онша қуўанышлы емес хабар билип қайттым, — деди Мырзабек, Маманды не қызықтыратуғынын түсингенликтен. — Патшаның сизлерге берген ўәдесин орынлай алмай атырғанына себеп: өзиниң мурнына суў кетип мантығып атырған екен. Көп жыл қол астындағы дийқанлардың көтерилисин басалмай жүрипти, ҳәзир болса, түрк султаны урыс ашыпты.

— Ҳа, сондай бир иллет табылмағанда әлле қашан жәрдем келер еди, — деп Маман бираз ойланып алып, өзиниң Есенгелди жөниндеги базы абыржы ойларын ортаға салды.

— Есенгелди бий тымырық ақыллы болса керек, — деди Мырзабек, — Бәлким, Муҳаммед Әмин инақтан лийкин алып аўзына қасық апаратуғын күн туўса, «Уллы үмит қағазын» таптырыўға жәрдем алар. Ең қурғанда, сени Петербургқа өзи атландырар. Питпеген исти даңғара қылмайын деп, ишинде бүгип жүрген болар. Күт. Бабаларының лебиз ықрарына ақлық, шаўлығы садық болса, гүна емес, саўап. Буны Есенгелди бий де билер. Күт, қымбатлым!

Маман бийдиң кеўли қаўып қалды:

— Ақыбети жақсылық болса, тең бөлисемиз.

— Жаманлығын да тең бөлисемиз, — деди Мырзабек бий.

Еки бийдиң ҳақыйқый жүрек сөзлери сыртқа шыққаны ушын, енди олар гәплерин тереңлетпеди. Бул жағаның ҳаўа райының, тәбиятының Сыр бойынан айырмасына, жериниң шарўаға да, дийқанға да, балықшыға да қолай мәкан екенин гәп қылысты. «Қарақалпақлардың ҳәзирги қонысы орыс, қазақ, өзбек, түркмен қоңсыларының түйискен орай түйини» деп мақтасты. Бәрҳама аямай, отырықлы мәканларынан қуўған соқыр қудайдың сәл көзи ашылып, төрт мәўсими теппе-тең бул қопалықларды олар ушын сақлап қойғанына қуўанысқан болды...

Маман бий Мырзабек бий аўылында үш қонып ҳәр қашанғы сақый аўылдан, және бир топар мал айдап қайтты.

— Маман бий, сүйинши, сүйинши! Хийўаға Муҳаммед Әмин инақ хан болған!

Тысқа шықса елин сағынып, қайтысын жақсылықтың үстине барғайман деген тилек пенен жүретуғын бийге бул жаңалық онша нақолай еситилмеди. Узақтан ҳаплығып, жуўырып, сүйинши сораған, дизкийимнен басқа ҳәйлеси жоқ жалаңаш балықшыға айдап киятырған малларынан биреўин инам етти.

— Усла, ана қызыл қашарды. Есенгелди бий келди ме?

— Келмепти. Нөкерлердиң де алды келип атыр.

Жалаңаш балықшы сүйиншиге көрсетилген қызыл қашарының қулағынан услаўы менен үйине қарай қуўанышлы шапқылап, бақырып баратыр:

...Халайық, қуўаныңлар! Маман бий де қуўанды, қуўаныңлар! Хийўа ханы өз биримиз екен, әўелден ўәде еткен инақ әўлады, қоңыратлы инақ өз биримиз қусайды... Маман бий қуўанды!..

Маман бий басын шайқап-шайқап турып «бийшара жалаңаш қуўанасаң...а...» деп гүбирлеп, алды кеш болғаны ушын сол жалаңаш балықшының изинен ерип, ертеңге шекем бағып турыў ушын басқа малларын да қалдырды.

Ол геўгимлете, «Көкөзекти» жағалап, Бегдулла қара сақалдың аўылы шетине келгенде, улы-шуў-қумқуўыт жылаў еситилди. Бир ғайбар ҳаялдың даўысы ҳәмме даўысты басып турыпты: «Аҳ, аҳ, қостарым... дана бий қосқан қостарым! Изиндеги нәсилин, көре алмай кеткен, қостарым! Аҳ.. аҳ!!»

— Жылама келин, бул қурлы туяқ қалды, шүкир ет. Изинде бар, ертеңги күни азамат болады. Ақ теректей путақсыз кетсе қайтер еди? Маман бий бийшара көзашық екен, усыларды билген. Оған да дуўа қылайық, жылама...

Маман бий атын сәл тосаң айдап, жылаўды, тәўеллешини аз ғана тыңлап, «Әттегене... урыс бар жерде қаза бар. Бийшара өлген екен...» деп адым-адым жүре берди.

Аўылдың екинши шетине шықпай-ақ бир үйден қуўанышлы күлки, ўаҳаҳа еситилди. Маман атының жүўенин тартып қулақ салды.

— Урыста өлмеў ушын батыр болыў керек. Ырас, бир дәпең яўмыт ат ойнатып туп-туўры келе берди ме де. Қорқақлар шыбындай серпилди. Мен қалша қарап турып-турып, ҳа тусыма келгенде, найзаға илдирдим-аў. Ақ қурашы артыма жалп етти. Өзин ҳә сазан балықтай аспанға бир көтерип жерге гүрс еттирдим...

— Ўаҳаҳаҳаҳа, сәддақ күшиңе!..

— ... Әне, сол сол екен, маған бетлескен түркмен болмады. Алдымнан келгенин, түйредим, артымнан келгениниң маңлайына ғарса-ғарс ура бердим... Түйрей бердим, ура бердим...

Үзил-кесил мақуллаў менен қуўанышлы «ўаҳа, ҳа, ҳа, лар» даўам етип атыр. Бий безгек тийгендей қалш-қалш етти. Бундай қарама-қарсы ҳәдийсени талай-талай көрип жүрсе де, ҳәзир биринши жолыққандай-ақ басын шайқады. Наразылық пенен налыс етти.

— «Бир үйде көз жас, екинши үйде күлки... кийели дүнья, биреўди жылатпай, биреўди күлдирмейсен...»

Ол усы налысы менен үйине қалай жақынлағанын сезбеди, Далаға шығып турған зайыбы Бағдагүл қараңғыда-ақ ерин танып:

— Төрем, адамды адам жылататуғынын бүгин билгендей, сөйленип киятырсаң ғой, — деп сөйлене алдынан шықты. — Аттан түс, төрем. Бәри усылай жаратылған. Бағана жақты еди, ҳәзир қараңғы, бир майданнан жақты және болады... Қудай жарлыға ҳештеңе бермей-ақ өзиникин өзине аман-есен қайтарса сақыйлық еткени...

## 17

Таң азан менен шапқылап киятырған бир боз атлы, көрингенге «Дәўран кимниң дәўраны Муҳаммед Әмин инақтың дәўраны!...» деп жар салып баратырғанда, Аманлық пенен Қаракөз ешекли отын әкелатыр еди.

— Қаракөз, сен ешекти айдап апара бер, мен кеттим, — деп Аманлық боз атлы жаршыдан бурын қуўырдақшыға хабар етиўге асықты.

Мийнети босқа кетпеди, боз атлы жолдан шет-шебирде көринген узақтағы биреўлерге қайрылып, жар салып жүргенде-ақ аяқлары жер илмей жуўырысы менен жетип келди.

— Хожам, жақсылық! Хожам, жақсылық! Хийўада дәўран сиз айтқан инаққа қараған, инаққа!...

Қуўырдақшы қуўырдақхананың қулпын ашып атыр еди, Аманлықтың отынсыз, баладай шапқылап киятырғанына қабақ үйип, бир қарап, оның шыны менен дәлбиреп жүргенин көрген соң, езиў тартып жаймашуўақланды.

— Жүдә жақсы хабар әкелдиң, қарақалпақ. Лекин, биз бәри бир қуўырдақ қуўырамыз. Сен отын тасып от жағасаң. Отының қайда?

Денеси балқып, ҳәўлирип турған Аманлық өзин үкиге сүңгип кеткендей сезип, маңлайының терин сыпырды. Я алға, я кейин кетерин билмей қатып тур. Жапакеш отжағарды алдарқатыўда әбжилликтен уттырмаған қуўырдақшы қызыў пәтте қәте ислегенин билди. Қапыны ашып жиберип артына қайрылды:

— Инаққа лийкин тийгени ығбалымыз, қарақалпақ. Жигитсең! Орныңа ҳаялың от жаға турар. Хийўаға кеўил көтериспе қылып қайта ғой. Жаңалықларды өз қулағың менен еситерсең, бәлким, қарақалпақларыңа жолығарсаң, мауқың басылар.

* * *

...Матьяқуб шарбақшы қәдимгисинше дәрўазасы алдынан табылды.

— Кел, Аманлық, кел. Усы әтирапта бар ма един? Көк ғарғадай болып кеттиң, — деп есик-төрли жерден сөйленип, күлип алдынан шықты.

Демниң арасында бир-бирине жаңалықлар баян етилди. Аманлықтың қуўырдақшыдан еситип жүргенлери, жаршының жары, бәри де ырас екен.

— Ҳәзир Хийўада қарақалпақлар ҳаққында дуў-дуў гәп, — деп қойды шарбақшы. — Сизиң Есенгелди бий жаңа ханнан мәҳрем атағын алды, — деп шадлы мәҳрем оның шарбағындағы аўылласларын жыйнап зыяпат бергенин мақтаныш етип айтты, ҳәр гәпиниң бәнтинде «Есенгелди мәҳрем сақый екен» деп тәкирарлап отырды. — Хан қарақалпақ моллабәшшелеринен Айдос деген бала менен де қупыя сөйлескен, пүткил Хийўа таңланып отыр... — Шарбақшының бул хабары Аманлықты қуўанған үстине қуўантты.

— Айтыңыз, Матьяқуб аға, Айдосларды қалай көрер екенмен?

— Айтпақшы, олар қарақалпақтан адам келди ме деп сорап туратуғын еди. Сен туўралы айтпаға ҳәр сапары умытаман. Енди келсе, айтайын. Қайердесең? Қашан хабар аласаң? — Шарбақшы қуяшқа қарап турып моллабәшшелердиң түсленетуғын ўақтының өтип баратырғанын, егер, тез асықса көриўиниң де мүмкинлигин айтып, медресеге барыўдың жолын силтеди.

Аманлық Айдосты танымайтуғын еди.

Қараңғы көшеден шыққан жерде бир баланы көрди. Жүзи ысық. Дуўқат шапанлы, аяғында геўиш-мәси, сәллесин жиптиктей қылып орағаны соншелли, бир қабығы қыршылған пияздай, суп-сулыў. Жүрис-турысы қарақалпақ жигитлерине тән, сәл олпы-солпылаў, уяңлаў. Ири сүйекли, ат жақлыдан келген, қызыл домбай жүзли, көзлери сүзилген бир жигит. Қойнында китап-қағазы. Ашық көшениң бир шети менен мойнын бир жағына сәл қыйсайтып баратыр. Аманлық, ҳәтте, оны бир жерде көргенге де мегзетти. Еслей алмады, ойлайды, ҳеш мүмкин емес. Алысырақтан изине ерип жүре берди. «Ҳәй, инишек, аз ғана иркил» дейин десе, тартынады. Бәлким, ол шазада шығар, бәлким, бир ўәзирдиң улы шығар. Пешанасы соған кейип берген. Ҳәзир баратырғанда да китабының бир сүўрелерин ойлап баратырған секилли, Көшелер, адамлар, гүмбезлер, минәрлар оны қызықтырмайды. Ирккенде не қылады? Басқа бала болса «Айдосты қалай көремен» деў керек! Ал усының өзи Айдос болып қалса?...

Ол жүрген көше менен изде киятырған бир топар баланың даўысы еситилди. Артына бурылды. Олар асығыс, адымларын қайра-қайра басып киятыр. Балалардың Аманлық пенен иси болмады. Алдағы жигитке жетип биреўи:

— Айдос, не ойлап баратырсаң? — деди.

Аманлық алжаспапты.

— Айдос! — деди. Оның даўысы сондай толқын менен елжиреди, Айдосты шақырған өз әкеси, жоқ, өз анасы, сағынған анасы деп түсиниў мүмкин еди. Айдос пенен бирге ҳәмме тоқтады, балалар жүдә мүләйимликте сәлемлести. Аманлықтың қуўаныштан жүреги тарса айрылажақ болып, көзлеринен жас та шығып кеткен еди.

— Қабыл, сизлер иркилмеңлер, дамла өкпелеп жүрер, — деп Айдос балалардың кете бериўине руқсат етип, Аманлық пенен қалды.

Сорасты.

— Сиз жөнинде еситкенмен. Бухарадан қашан келдиңиз?

Аманлық Бухараға сапары жөнинде қысқа ғана сөйлеп, қарындасының өлген хабарын Хийўаға келип еситкенин, ҳәзир қәйерде не талап қылып атырғанын айтып берди. Айдостың қызыл жүзи сәл түнерип, Аманлықтың қайғысына ашынған түр билдирди.

— Аўа дағы, — деди үлкен адамларға тән салдамлық пенен.

— Тәғдирге илаж жоқ. Әттең, қам сүт емген бенде жасасам, көрсем, билсем дейди.

— Сени көп еглемедим бе, қарағым?

— Жоқ, жоқ, олар айтып барады. Бүгин дамламыздың егис жерин тегислейтуғын күн еди.

— Қарағым, және айтшы, хан қалай, ишки сарайы дүзиў ме?

— Жүдә ғана мақул, Есенгелди бийди мәҳрем етип жиберди. Соған пүткил Хийўаның бир қанаты шақырылып зияпат берилди.

— Еситтим, қарағым, еситтим. Хийўаны аўызға қаратқаныңыздың алды болғай.

— Сизиң кәсибиңиз насаз екен, — деп салды Айдос. — Қуўырдақ қуўырыў ҳаялдың иси емес пе? Жуўазшы болсаңыз да ҳеш гәп. — Ол жаслық етип, жас үлкенниң зейнине тийип алдым ба дегендей гәпиниң бағытын жылдам өзгертти. — Айтпақшы, бүгин Матьяқуб шарбақшыникине Бектемир деген жасы үлкен келиўи тийис. Арба соғатуғын устаға шәкирт болған. Үйшиге шәкирт Бекмурат деген жас үлкен кешеги яўмытлар менен урыста қазаланыпты. Егер соның орнына шәкиртликке барғаныңызда ма, жақсы болар еди. Па, ҳәзир Бектемирге жолыққанында ма, ол сол үйшиниң аўылын биледи. Жүриң, Матьяқуб шарбақшыникинен хабар алайық.

— Кешикпе, қарағым. Бектемирди билемен ғой. Зәрре жерде сөзге қалып жүрме, әйтеўир.

— Ҳеш гәп болмас.

Шарбаққа олар да келди, бир қапталдан Бектемир де пайда болды. Аманлықты узақтан таныпты. Қашаўдай ири тислерин көрсетип, қушақ жайып, күлип киятыр. Екеўи де үнсиз бир-бирине қушақ ашысты. Дизелерин жапқан гөнетоз ала шекпенли, қара қалпақлы еңгезердей қос жигит есилип, бир адамдай болды. Оларға

Айдостың кеўли толып, балалыққа тән күлки менен ыржыйып күлип, мойнын бир жағына сәл қыйсайтып, бас бармағын тислеп, қарап турыпты.

Тәғдирлес еки жетим — еки жигит бир-бирине айтыўға арзыў қылып жүрген жаңалықларын жасы кишиниң көзинше жәрия қылыўға уялса керек, Аманлық:

— Өнип-өс, қарағым, енди кете бер, — деди Айдосқа. — Мен де бүгин қайтаман. Бектемирден бағанағы айтқаныңды сорап аламан.

— Жақсы онда, излесеңиз медреседен табасыз, — Айдос күтә мүләйимлик пенен қолын көксине қойып, еки жас үлкенге еки рет ийилип кетти.

— Қандай киши пейил! Маман бий ықлас етип мақтады бул баланы, — деди Бектемир Айдостың изинен қарап турып.

— Зор, өте зор. Маман бийдиң ойында тап усындай жеткиншек излеў нийети бар сыяқлы еди. Тилеги қабыл дана. Бектемир, жаңалық — мен келиншек алдым.

— Ҳаў, Маман бийдиң пәрманына садық болғаныңа рахмет! Қутлы болсын. Неге бирден-ақ аяғым төртеў болды демедиң.

— Аяғым төртеў болды десем, ҳайўанға айланыпсаң дейтуғыныңды билемен. Өзиң ше? Ертлеўли атың айылын үзип алмады ма. Абайла, ери қуйысқанына аўып кетпесин!

Бектемир мыйығынан күлип турып, биреў еситип қоймасын дегендей жән-жағына қарады.

Ҳеш кимниң жоқ екенин билип, Аманлықтың ийнине алақанын дүрс еткизди.

— Сорама, оны устамның қайтып келген қызы деп жүрсем, киши ҳаялы екен.

— Не дейди?!

— Аўа, аўа. Мени жақсы көрип «устаның киши ҳаялыман десем жоламай жүрер» деп, «қызыман» деген екен. Ырасын, әбден исенген соң, айтты. «Қорықпа енди» деди. «Қайўақ кетсең алып кет» деди. — Бектемир пәтия беретуғындай еки қолын алдына жайды. — Ой, ой, қандай сулыў! Ай десе аўзы, күн десе көзи, түн десе шашы, осма қойған қасы, гүмис сырғалы қулақлары, өкше бәлент геўиши, дуўтар бөксеси, гүзедей көкиреги бар! Тағы несин умыттым? Ал өзиңдикин тәрийипле. Сен де қазақтың сулыў қызын сүйип үйренген бәлесең ғой. Көзиң шен, көкирегиң тәрези!

Аманлық әўели күлди, соңынан, қәпелимде, булт астына кирген күндей, түнерди.

— Көздиң шенлиги, көкиректиң тәрезилиги қалды ғой, Бектемир. Тек меҳир менен алдым. Өзи жүдә ғәрип ҳал, мөмин. Айтсаң ментийип ислей береди, болмаса отыра береди, шырайының тәрийпи: мурнының бели ойық, кеңсириги көринеди... Тили шүлжиң, түсинип жарымайсаң. Қысына ма, ҳаслан сөйлемейди. Мен де сөйлетпеймен. Жылайма деп қорқаман. Жан-себил бир бийшара. Ҳәтте, «ҳаял» дейин десем кеўлине мәлəл келер, қапа болар деп, «Қаракөз» деп шақыраман.

— Жүдә жақсы ислегенсең, — деди Бектемир жүдә жайпа-рахат... — Қатын дегениң бәри бирдей. Шырайына ким быламық қуйып ишеди. Ошағыңды түтетип отырса, бала тапса болғаны...

— Жүкли ме деп пәмлеймен, иним.

— Әне, буның раўаж. Оғыңды мүдирмей тийгизсең, күшли болғаның. Бизиң оқлар зая кетип атыр. Дәл тийген менен де бәри бир. Устаның атына өтип кетеди.

— Ҳәзир сонысы дурыс, — деп Аманлық өсик селдир муртла-рын сыйпап, селк-селк күлди.

Бектемирдиң кеўли қарар таўып, ҳал-жағдай сорасыўға өтти. Және бир жыл шыдаса, қалентар арба устасы болайын деп турғанын айтты.

Аманлықтан, үйшилик жөниндеги Айдостың кеңесин еситкенде қамсықты. Көзлерин сыпырып, Бекмураттың қой аўзынан шөп алмас, әлпайымлылығын еследи.

— Бийшара менен тоғайға ағаш шаппаға келгенде, көрисип туратуғын едик. Алды менен саған үй соғып беремен дей беретуғын еди, маған. Қатынлы да бола алмады, үй де соға алмады... Устасының ийи бослаў демесең, наятый жақсы адам еди.

— Онда мени соған жолықтырсаң.

Үйшиниң үйи Хийўадан арқада Шаббаздың өкпе тусында Әмиўдәрьяның бойында еди. Оған барыўға Бектемирдиң өзине де устасынан руқсат керек. Ол болса асығыс, қаладағы бир шершиден гүпшек май әкетиўге келген. Неде болса, әўеле жумысын питкерип ала бериў ушын, Аманлықты ертип шершиниң үйине кетти. Олардың ығбалына Бектемир биреўди қара көримнен танып, қуўанып сала берди:

— Ығбалың бар аға, ығбалың, қудай айдап үйшиниң өзи келипти. Әне, анаў!...

— Қабыл ете қойса, — деди Аманлық исенимсиз кейип пенен.

— Етеди. Бекмуратты жақсы көретуғын еди. Жақсы адам. Қарақалпақтың мүләйим жигитлеринен шәкирт таярлаўды жақсы көреди.

Бектемирдиң үйшиге берген баҳасы ырас шықты. Әлпайым, ақ көкирек адам екен. Ушырасып, сәлемлесип, гәп баслаўдан-ақ изин түсинип саўдырады:

— Қуўырдақшыңды билемен... Үйши болғаның өзиңе де, елиңе де жақсы, иним. Келе ғой. Адамларға имарат соғып, жарты кеўлин пүтинлегеннен артық бахыт жоқ... Үй соғыў жақсылардың иси, бузыў доңызлардики...

Бир көргенде-ақ ашық сөйлескен бул адам Аманлыққа унап қалды. «Рахмет, уста, сөзсиз сизге келемен» деп айрылысты.

Қуўырдақшының әбжилликлерине Аманлықтың инанып кеткени соншелли оның «жақсы нийетли иске бара ғой» деўи былай турсын, ислеген хызметлери ушын ҳақы төлеп, кийиндирип, жақсылық пенен узатып салады деп ойлады. Қалай ойламасын? Тили майлы. Аманлыққа тәкир-түкирлик етпейди. Ҳәттеки, ҳал-жағдай сораспаған күни жоқ, қандай түс көрип шыққаны менен қызықсынған күнлери де болған...

Бирақ ойлағандай болып шықпады... Аманлық анық кетермен болып руқсат сорағанда, бирден-ақ сыр алдырды. Даўысы геўдесиндей ири емес, жиңишке, ашшы, қатын даўыслы екен. Аш қаншықтай үсти-үстине шарбаяланып, демниң арасында дүньяның бәламатын тапты. Аманлықтың қаңғып келгени, бир қулақлылығы, соған қарамастан жумысқа алғаны... изинде айланып ҳаяллы қылғанлығы... Мешкей ешегине қанша беде бергенине шекем қалдырмады, өзинше неше жақсылық еттим деп ойласа, бәрин дизе берди...

Аманлық тек қулағын басып тура қалды. Бундай жағдайда оннан ҳақы сораў былай турсын, ешегиме асылмаса болар деген қорқыныш пайда болды. Ол қәтелеспепти. Анық кетермен болып, түйиншиклерин түйистире баслағанда, қуўырдақшы ешектиң ноқтасына асылды.

— Ишкен-жегенлериңниң ҳақысына алып қаламан!

Аманлықтың жығырданы қайнап дир-дир етти. Ийниндеги қылышын ыс басқан гөне қынабынан ала сала, иске салмақшы еди, Қаракөз гүрс етип алдына жығылды ҳәм еки аяғына тусаў болып, қушақлап, әлле нәрселерди гүбирленип жылай берди. Аманлық истиң насырға шаўып баратырғанын енди түсинип, қылышын сып еткизип қынабына тықты. Ешектиң бас жибин қуўырдақшының мойнына бир орап:

— Мә, апқал, ешек минезли адам! — деди де, Қаракөздиң желкесинен тартып түргелтти. — Жылама, ер изиме!

Ешек, ийесиниң изинен жылағандай, әстен-әстен пысқырып-ақырып қала берди...

## 18

Маман бийдиң бүгин кейпи өзгеше. Ҳеш қашан қылмаған қылық шығарып, жамбаслады. Мырзабек бий аўылынан айдап келген малларын нөкерликте азаматы өлген гилең аш-арыққа үлестирип, елдиң басындағы аўыр жағдайы жөнинде ойланып атырған бийди, сырттан көрген душпаны, пәйнекке қашатуғын нәшебент болыпты, деп сөз тарқатарлық. Еки аяғын баўырына тартып, жүдә мүлгип, тас кеседеги суўып кеткен чайды шым-шым уртлайды. Ел қайтадан толысыўға бет алып, «пәленшениң ҳаялы жас босаныпты», «пәленше думатайлы болыпты...» деген қуўанышлы хабарлар бултлы түнде жылт еткен жулдызлардай, жақтылықтан дәмелендирип қуўантып киятырғанда, елге бес жүз нөкер салынып, олардың да биразы тири қайтпағанына, тири қайтқанларының қарыў-жарағы алып қалынып, сыптай сыбай-салтаң жиберилгенине, қабырғасы сөтилип, басын көтере алмайтуғын үлкен бийдиң бул отырысы зайыбы Бағдагүлге жеңил тиймеди. Узын шубай ой түтининен шығарып алыўдың жалғыз жолы деп оның басқаларға қылған жақсылықларын бөрттирип, есине салғанды мақул көрди.

— Төрем, бир нәрсе сорайын ба?

Бий басын көтермеди:

— Сора, — деди мүләйим даўыс пенен.

— Адам-адамға қәўендерлик қылмағанда, бул дүнья қандай болар еди?

— Жердиң жүзи азыўлы ҳайўанға толып, күнде бир-бирин жарар еди, — деди бий ойланбастан.

Соның арасында ошақтағы оттың жубы үзилип, Бағдагүл далаға шықты. Тез қайтып кирип, отынның ығында үш баланың бүрисип отырғанын хабар етти.

— Неге кир демедиң?

— Сениң ҳәсиретли түриңди жас балалар көрмесин, төрем.

— Шақыр, шабазым. Ҳә, балалар, ишке кириңлер! — деп даўыслап, бий тикейип малдас қурынды. Ошақтағы оттың ҳәўирине еки бети қызарып қулағынан айланған узын муртларын сыйпалады.

— Ҳаў, Аманлық, — деп салды баслап кирген узын баланың сәлемине араластырып.

Серли бий, баланың атын жаңылыстырғаны болмаса, дәл таныды. Үш баланың үлкени Аманлықтың улы Жақсылық еди. Бий оның бастан аяғына көз жуўыртып, Аманлықтың жас гезин, Алмагүлди ертип жүргендеги сыйқы-сымбатын еследи.

— Ҳаў, Жақсылық балам, — деп ол өз қәтесин өзи дүзетти, ҳәм түргеле сала оның маңлайынан бир сүйип, қасындағы еки жолдасының да өсик шашларынан сыйпалап, дөгерегине қоршап отырғызды. Чай берди. — Ой, балам, Жақсылық, мен Аманлықты көргендей болдым. Дәл өзисең. Ал, қайдан жүрсең?

— Ол Жақсылықтың жолдасларын өзи таныўға талапланып, сер салды. Екеўи де Жақсылықтан киши, қыйық көз балалар. Шашлары өскин, кийгенлери орыс пенен татар байларының балалары кийетуғын кийимлер, анық танымасын билген соң сорады. — Мынаў балалар кимлер?

— Үкелерим, — деди Жақсылық.

Үлкен бий Жақсылықтың бир байға сатылғанынан хабардар еди. Оның жуўабынан әлле қандай сыр уқты. Қайтып сораў бермеди.

— Бий атасын излеп келген қандай зор жигитлер, өзлери, — деп марапатлады — Жүдә жақсы. Жүдә жақсы, шырағым, Жақсылық, ағаң Бухараға қарындасын излеп кеткен еди, жақында келеди.

Жақсылықтың жыллы шырайы сәл суўыйын деди, үндемеди.

Ыссы чай ишип бойы жылыған соң Жақсылықтың еки үкеси қапталларына қыйсайып, пырр-пырр уйқылап қалды.

— Булар көп қаттылық көрмеген, — деди Жақсылық.

— Түри соған усайды, — деди Бағдагүл.

— Бийшаралар байдың балалары еди, — деди Жақсылық басынан сөйлеўге тәўекел етип. «Айт, балам айт» деп Маман бий тыныш тыңлайтуғын түр билдирип, Жақсылыққа қулағын тутты.

— Мени сатып алған Тилеўнияз бай көп сумлықлы адам екен, — деп баслады Жақсылық. — Сол посыўда ол «Бизиң елге дуўа кеткен, бир жерде отырып тойынса, үстине және жаў келеди, және апатқа ушырайды. Апаттан аман болайық» деп, теңиздиң арқарағынан арқаға жағалап кетти. Бир дүт тоғайға кеш түсирди. Жалғыз үй жасай бердик. Жыл санамадық. Маллар көбейе берди. Өзи ара-тура түйели кетип, дән таўып келеди. Айтыўына қарағанда, орыс, татар, башқурт арасынан алып қайтатуғын болса керек. Мына балаларының көйлек-гүртешелери де сонда кетип, әкелип жүргенлери. Маған да көйлек әкелетуғын еди. Мынаў соңғы әкелип бергени, — деп үстиндеги ноғай жағалы көйлегин көрсетти. — Бир жола тоғайда арқайын баспақ бағып жүр едим. Үш атлы келип алдымдағы малымды дүркиретип қуўа жөнелди. Маған қараған да жоқ. Байдың үйине жуўырдым. Барсам, үй лаўлап жанып атыр. Мынаў еки бала қораның аўзында сулап жатырған ата-анасының басында жыласып отыр. Қарасам, бай өлипти, анасында ебиндей диңке бар екен. Мени көрип «шырағым Жақсылық, аўыр сөзим болса кешир, мына еки баланы туўысқаным деп изиңе ерт. Биз қурыдық. Байға елге барайық деп сонша қақсадым. Қылмады. Бөлиндик. Бөри жеди. Елсиз жыйғанымыз жаўға жем болды. Енди үкелериңди ертип, елди тап, Маман бийди тап, қублаға қарап кетсең табасаң» деди де жан тапсырды. Ири малларды бағатуғын падашылар келер деп әри-бери күттим, жаў оларды маллары менен қосып айдап кеткен қусайды. Келмеди. Ертеңине бай менен ҳаялын топыраққа араластырдым. Бийдай қап шала жанып, қуўырмаш болған екен. Үшеўимиз бөлип арқаладық. Тәўекел қублаға қарап жүрдик. Ушы-қыйырсыз көкалай көк теңизге шықтық. Соң билсек. Арал екен. Көз жетер жерде ел көринбейди. Желқомлы кеме минип баратырған биреўлер бизлерди көрип, жағаға қайрылды, қол былғап шақырды. Бардық. Кемеде бес орыс адам бар екен. Биреўи

қарақалпақшаны шалалаў биледи екен. Не қылып жүргенимизди, қайда баратуғынымызды сорады. Дурысын айттық. Сөйтип ол басқалар менен аз ғана сөйлесип еди, ишинен сақаллы биреўи келип, басымыздан сыйпалады.

«Нәлетий түрклер урыс ашпағанда, патшамыз елиңизге жәрдем бериўге қарап еди»... деп гүбирленди. Мәнисине түсинбеген соң, не жәрдем екенин сорамадым, ол басқа сөз айтпай, кемени босаттырып, бизлерди миндирди. Соннан ығып отырдық. Теңизге жетемен дегенше, шетин табаман дегенше, шаршап ҳәмме уйқылап қалдық. Қайдан жүрип, қайдан шыққанымызды билмеймиз. Тап нешше күн жүргенимизди де билмеймиз. Бир жағадан шықтық. «Енди алдыңыз қурғақ, туўры кете бериң, аўылыңыз жақын» деп олар бизлерди түсирди. Жол бойына киятырып услаған балықларынан ҳәр қайсымызға екиден балық ислеп берди... Хошласып, өзлери қалды. Бизлер кеттик. Көп қаттылық көрип буўыны қатпаған мынаў еки нәрестениң жағдайына қарап әстен жүрмегенде, елге ерте жетиўге болады екен. Елдиң шетине алдынғы күни кешлетип араластық, Сизиң үйди бүгин азанда таўып алдық.

— Кемеден шыққан жеринди табаласаң ба?

— Табаман.

Қарапәйрек жигиттиң жол азабынан болдырғанын шырайынан аңғарса да, бий шыдамады. Сол адамлардың кимлигин билгиси келип, Жақсылыққа өтиниш етти.

— Балам, сол кемели орыслар алыслап кетпестен бурын излеп қайтсақ қәйтеди?

Жақсылық мойынтаўлық етпеди. Ушып турды. «Яқшы» деди.

Бағдагүл жылдам қамыр ийлеп, жол азыққа нан қатырды.

Күн аўа олар ақ боз атқа мингесип теңизге қарай бет алды.

* * *

...Жайылып жатырған теңиз жағалаўынан «тап мынакәра» деп көрсете қойыў Жақсылыққа оңай түспеди. Теңиз ҳәр күни кешегисинен тасып кеткен сыяқлы. Басында қар жатқан белес-белес таў секилли ақ бас толқынлар турақламай, «шарп-шарп» жағаға урып, қайнаўытлап, тамыры әззи нендей зат болса да, симирип әкетип турыпты.

Маман бий жигитти қыстамады. Ат шаршағаны ушын гезеклесип минип, көк алай көк теңизди жағалап жүре берди.

Еки көзи алысларда, таўдай-таўдай толқынлар арасында дәрья менен ығып келген путақлы тораңғыллардың бир шақасы қараўытып кетсе, «адам емес пе?» деп гилт тоқтап, сығаланады да:

— Илайым, болмағай, адам батпағай, — деп гүбирленип, атлы Жақсылықтың изинен ереди.

Излегенлери табылмады.

Бәри бир үмитлерин үзбеди.

Және бир айланып келмес пе екен деген ой менен бир ҳәптеден кейин олар және теңизге кетти. Бул сапары олар Әмиўдәрьяның бир саласын жағалап кетти.

Бурқасынлап, қайнаўытлап дем тартып ағып турған Әмиўдәрьяның ылай сууы бетинде, ҳәр қыйлы ҳайўанлардың өлиги, ҳәр қыйлы патас затлар қалқып, үйдей-үйдей тораңғыллар толайымы менен дәрьяны енлеп ағатуғын еди. Бурын ескермей жүргендей-ақ, бий дәрьяға узақ көз тигип турып, бас шайқап сыбырланды:

— Барлық қоқым, барлық өлимтик саған сыяды Әмиў. Тәғдириң бизге тәқаббил. Бирақ сен бәрин теңизге ысырып қутыласаң, ал биз!? Биз ишимизге сыйдырамыз! Биз теңиз, биз де!

Бийдиң не себептен усылай деп турғанына Жақсылық түсинбеди. Ақбоз атты оның алдына кесе тартып:

— Бий ата, шаршадыңыз, сиз миниң, — деди.

Бий жигитке пәлен-төлен демей атқа минди...

Қайтысын, Есенгелди бий аўылының қubласынан өтип баратырып, арба жолға сыймаған есапсыз ат излерин көрди. Жолдың еки бойының қаўсырылыўшы ергенегиндей уйысып өскен қамыслық, қатара жүрис қылған атлардың туяқлары астында, жапырылып қалыпты. Бий таңланып гилт тоқтады.

— Мынаў неси, балам?

— Япырмай-ой, бий ата, бул атлардың туяғының ууы бар секилли ғой. Қамысларды қыйратып қоймай, унтап кетипти ғой.

— Атлардың еки түрли жүриси болады, балам. Узағыңды жақын етиў ушын жүриси адамзаттың ығбалы, туяғының асты женшилип қалса, уўлы туяқлар от алдырыўға тамызық таярлағаны, бул ығбал емес, апат. Қудай сақласын, — бий өз-өзинен сөйлеп, Жақсылықтың

түсинбей аң-таңы шығып турғанынан садалығын уқты. — Кеттик, балам, — деди.

Олар «Көкөзекти» жағалап Сабыр сыйпаң аўылының бийдай атызына жақынлағанда, алдына Дәўим шықты.

— Орыс бий, сизди Есенгелди мәҳрем ертең нонуштаға жетсин деп буйырды, — деди.

Маман бий, Есенгелди бийдиң атқосшысына шекем ермек қылыў мақсетинде «орыс бий» дегенине, ашыўланбады, солай деў әдеттеги қубылыс сыяқланып шырайын да, даўысын да өзгертпестен басқа нәрсеге таңланды:

— Мәҳрем?!

— Аўа, Есенгелди бий емес, Есенгелди мәҳрем! Сизден мәртебеси, аты жоқары мәҳрем, Мәҳрем!

— Өте бер.

— Нонушта деген не, бий ата? — деди Жақсылық былайырақ шыққан соң.

— Хийўаша ҳалқас дегени болса керек.

— Қарақалпақша ҳалқас десе не қылады екен?

— Өйтсе, мәҳрем бола алмайды да!

— Ҳееееe.

Маман бийдиң қыялы жаңа көрген ат излери менен бәнт: «Уўлы ат туяқлары пайда болғаны, және бир әламаттың басы... Бийреҳим қудай, және көз жумып қарап, басынан матам қалпағы айрылмаған, көкиреги шерли халқыма қолшаршыдай бул қопалықты да көпсинбесең болғаны ғой... Дүньяға адам жаратасаң, оларды бир-бирине жаў қылып жаратасаң. Ҳәмме адам сениң сумлығыңа түсинип өзиңе өшегисе ме? Дүнья астан-кестен болып, өз орнына бир түсер еди...»

Сабыр сыйпаң аўылынан шаўқым еситилди. Нениң үстинде даў басланғаны нәмәлим, бир топар адам бир атлыны ортаға алып, мушларын силтеп сөйлеп тур. Маман бий ортадағы атлыны узақтан таныды. Бели бүгилген ғарры Есим бий екен. Солай қарап ат айдады. Көпшиликке сәлем берди. Өткен жылғы нөкер алыспада бирликти бузып, Есенгелди бий тәрепине өтип кеткен, денеси күнде қалған сазанның қабыршағына усаған жылтыр қара балықшы сәлем алыўдың орнына, қара қалпағын қолына алып:

— Маман бий, әпиў етиңиз, — деп алдына шықты. — Сизди ҳеш жерден таппадық. Хийўадан көп атлылар келипти. Есенгелди бийди мәҳрем қылып, ҳақысына ел талап салық өндириўге келген. Кеше олардың он атлысы аўылда дүбирли қурып, көшеге шыққан адам болса бир-бирден қамшы урып өтти. Бул не деген бассыныў? Билмедик!

Маман бийдиң жүреги тилингендей қанталап турыпты, бирақ жете түсинбегенликтен Есим бийге қарады:

— Дана бий, мен Есенгелди мәҳремдикинен киятырман, — деди ол. — Бизиң шоққа жүз тилла салық салды. Жаңадәрьядағылардан басқа усы жағаның қарақалпақлары ханға еки мың тилла бериўи керек болған. Соған қырқ атлы келипти.

— Бу тахт әперген елге ханның жәрдеми ме екен?

— Тахты-тажымды нығайтыў ушын, депти хан.

— Тахты-тажын нығайтатуғын нөкери!... — Маман бий усылай деп салып аз ғана ойланып турды да. — Аўа дағы, — деди. — Тахты-тажын қорғайтуғын нөкерлер арасында қарақалпақтан нөкер алып қалмаған. Енди бул жақта да, дастурхан Хийўа ханыники, наны бизден болайын дегени. Ызылдаған сонаның шаққанынан қашып, билдирмей қан сорыйтуғын сүликке тап болмасақ жақсы. — Ол усы гәпи менен тыңлаўшылардың үскинин қуйылдырып алғанын сезди. — Яқшы, жумысларыңызға тарқай турыңлар, мен мәҳрем менен сөйлесип, анығын билейин.

— Сөйт, дана бий, сөйт, — деди Сабыр сыйпаң. — Есим бий атамызға да өтиниш қылып атыр едик. Қартайғанда көрген баламызға той берейик деп жыйнаған ғәрежетимизден айрылып қалмайық.

Есим бий бүгин аўылына жете алмайтуғын болғаны ушын, Маман бий мирәт салып, аўылына ертип әкетти. Жолда олар көп сөйлесип, көп сырласты.

— Билмедим, билмедим, — деди ғарры бий, ашыўға буўлығып. — Иси ериккенлердиң көкмарына айналдық. Бир ўақытта жуңғар ханының, бир ўақытта Киши жүз ханының, бир ўақытта орыс елшисиниң тақымында женшилдик. Бәринен қашып-қашып, жүнимиз жулынып, қамшы көтерер тери, жүк көтерер сүйек қалмай езилип, етке айланғанда, Хийўа ханының тақымына

түсейин дегенимиз. Қәйерде де, әжелине асығып шопанның таяғына сүйкенген қотыр ешки бола бердик.

Маман бий недерин билмей бас шайқады, өкинишли бас шайқады, өз халқының өткен өмирлери ушын пушайманы артып, тислене бас шайқады... Көз алды думан тартты. Думан арасында: туяқларынан жалын ушқынлатып, көлди лаўлатқан дүркин-дүркин атлар, олардың уўлы туяқлары арасында жыласып жуўырысқан балалар, ҳаяллар, кемпирлер, ғаррылар көрди. Суўласқан бадана көзлерин уўқалап-уўқалап жиберип:

— Жақсылық, сен анаў үйлерге бар, Хийўаға нөкер болып, ақсап қайтқан киси бар, аты Нурабылла, соны кеште бизикине ертип кел, — деди де, ол жуўырып кеткен соң: — Есим бий, нәлетий сум хан, нөкерликке айдап-айдап, изинде барлық жарақларды апқалғанын көрмейсең бе? Неде болса ата-баба лебизине садық қаламыз. Сорлы басымыз ширип, ханға берген бес жүз нөкерди орыс ләшкерине қосалмадық-та! Сонда Түркияны жеңип, уллы патша уллы жәрдемин тезлетер еди...

— Пайтында силтенбеген қылышқа не деп өкинесең?

Маман бий сөзиниң пәтиўасы кетип, езбе болып баратырғандай сезинип астынғы ернин бир тислеп алды:

— Аўа, солай усаған. Кеште Бегдулла қара сақал-әм шақырылсын. Убайдулла бийге жиберип алайық. Нурабылла Мырзабек бийге барып қайтсын. Әжел-апат әкелгенлерге әжел-апат арқалатып жибермесек болмайды.

Есим бий, жақсы-жаман демеди. Бирақ Маман бий оның жүзинде мақуллаўдың изи барлығын сезди...

## 19

Есенгелди мәҳрем өз үйине жыйналған аўылласлары, зәңгилеслери, бийлер арасында булқып сөйлеп отыр:

— Азды көп, әззини күшли, қорқақты батыр етип көрсетиўдиң түрли-түрли жоллары бар. Гәп қыйсынын таба билиўде... Муҳаммед Әмин инақ маған мәҳремлик берип, ели-халқым ҳаққында сорағанда, елдиң аз екенин билдиргим келмеди. Ҳәр қопалықтың, ҳәр шоқалақтың, ҳәр көлдиң, ҳәр дәрьяның бойында шашырап жүрген бес-алты түтинди-ақ айырым-айырым елат, айырым-

айырым руў деп айттым. Гәпти өзимиздиң аўылдан басладым. Ашамайлылардың сақыўын, қабасаны үшбасын... бөлек-бөлек руў деп айттым. Қазақларға жақын аўылды Хийўашалап «қазаяқлы» деп жибердим. Нурабылла ақсақтың аўылындағы еки баймақ есиме түсип, «баймақлы» дедим. Қуўлыкөлдиң бойындағы кәндекке қонысланғанларды «кәндекли», дедим, әзелден бар Қолдаўлы, Мүйтен, Балғалы, Ырғақлы... бәрин қалдырмадым, қулласы, бурынғы-соңғысы болып тек Қоңыраттың өзин он еки ме — он төрт пе, тийре қылдым. Қытай, Қыпшақ, Кенегес, Маңғытлылардың да есиме түскен тийрелерин айтып, санын көбейтиўге урындым! Анна, Мәжек, Аралбай, Бексыйық, Қарамойын, Ябы, Добал, Оймаўыт, Тамғалы, Шүйит... бәри меннен қалмады. Умытқан жериме жаңадан ат қойып жибердим. Сабыр сыйпаң аўылын соның аты менен айтайын десем, келиспеди, аўылындағы ыссы урған ийт түйнектей төрт-бес сарысын еслеп «бессары» руўы дедим. «Көкөзектиң» арқасында бәри болып үш-төрт қарасы жоқ, бирақ аран қаза беретуғын топарды «араншы» дедим. Есимде жоқларына Дәўим жәрдем етти. Тийекли, Найман, Уйғыр, Қанлы, Ақмаңғыт, Қараманғыт, Тоқмаңғыт, Қуйын, Тамғалы, Қарамойын... бәри-бәри айтылды. Келген атлылар бизди өтирикши қылып, аз екен, деп кетпесин, әйтеўир мениң умытқанларым болса өзлериңиз айтарсыз.. Қулласы, көп көрине берейик. Маман усап руўларды жасырғаннан пайда жоқ. Көппен десек, айбат, күш...

— Руўдың саны менен елди айбатлы еткениңиз жақсы болған.

— Мәҳрем аға, ябылар-ше?

— Ябылар үлкен руў емес ғой. Ҳәй, усы ябы дегенге есиме түседи, үлкен басымды киширтип, Маман орысты нонуштаға шақырттым. Түсликке де жетпейжағына қара. Қудай геўде берсе де, ақыл бермеген, ишинен қасық айланбас адам екен. Хийўа, Маман орыс дегенде, ашырқаған қасқыр. Талатайын ба со! Ат жуўмаға кеткенлердиң биреўине ым қақсам, тилин айқара тислетеди. Әттең, менде адамгершилик, қарақалпақтың қаны бар. Оның усыны түсинбеўине қарағанда, пәмсиз, өз ўақтында Мурат шайықтың бир тоты қусы болды ма деймен? Журт оннан алданды. Ел «Маман бий», «орыс ели», «үмит қағазы» деп талай-талай рет тақан қалтасын арқалады. Сонда да, сол Маман орыс, елди және бүлдирмекши. Қазақ арасына барып елдиң намысын сатып, мал

әкелген. Жәнe, «қазақлар мал берди» деп жаўды мақтап, адамларға үлестиргенин айтсаң-а. Ғаўбас! Ҳәзир бизиң елге қудайдың оң көзи түсти. Қуяш күлип қарады. Керек болса, Киши жүзге шабыўыл менен барып Мамандай пәтияға емес, күш пенен мал аламыз. Мен де ийт бағып жүргеним жоқ. Бәриниң ғамын жеп жүрмен. Пүткил елимизди Муҳаммед Әмин инақтың қол астына өткерип еркине берип келдим!

Тап усы ўақытта жетип келген Маман бий Есенгелди мәхрем-ниң соңғы гәпин толық еситип қалды. Аттан түспей жабықты түрип:

— Өйтип халық атынан сөйлеўге не ҳақың бар еди? — деди.

Маман бийдиң ашшы-ызалы, өткир даўысын ҳәмме таныды.

Есенгелди мәхрем қайдан шыққанын билмей жән-жағына апалақлап, оның ат үстинен жабықты көтерип турғанын көрди. Тикейди. Керегениң басына илдириўли ақ пышақлы кәмарын, дана бийдиң тартып әкетиўинен қорқып, ала сала белине бууып атырып, сөйленди:

— Нәмәрт түлки! Енди урлап үй тыңлайтуғын болдың ба?

Маман бий қамшысының сабы менен отаўдың жабығын кеңирек түрди:

— Сендей ала ғарғаның үстинен ушыў керек: Қәне, қайтала. Елди кимге саттым дедиң?

— Бурмалама, түлки. Сатпадым. Хийўаның қол астына ерким менен бердим, сен сатқансаң, сен! Дини, тили басқаларға сатқансаң! — деп Есенгелди мәхрем пәтленип, есикке жуўырды. Отаўды толтыра отырған байлар, бийлер, кәтқудалар есикке таласып ере шықты.

Мәхремниң әўелги пәти қоян көрген тазының пәти еди. Ақбоз атын жеңилтек ертлеп минип, хәр қандай шайқасқа таярланып келген бийди көрип, отаўдың белдеўинен услай иркилди:

— Шийге ат сүйкеме, түс! Түс деймен!

— Ҳәй, шымшық! Қырғый болғысы келген шымшық! — деди Маман. Оның тисленген ашыўлы гәпи Есенгелдиниң жети жүйре-синен өтти. Шыдады.

«Көкөзек» таманнан қара шор атлы көринди. Олар Муҳаммед Әмин инақтың Есенгелди мәхремге қосып жиберген жаў-жарақлы нөкерлери еди. Өткен сапары Маман бийдиң теңиз жақтан қайтып

киятырғанда, көл қамысын сүрдеў қылып жапырып кеткен ат излери де, усы нөкерлердиң излери. Бир ҳәптеден берли мәҳрем аўылында бәзим қурып, иси ериккен гезде жақын-жуўық аўылларға барып, адамлардың көзлерин қорқытыў ушын, көрингенди бир қамшылап кететуғын да усы атлылар. Ҳәзир, олардың аўыл жигитлерине исенбей, азанда өз атларын жуўыўға кеткенинен киятырған пайыты еди.

— Ызғардан шаң шығаражақ сен бе? Елге пана болған көлге от басыўға нийети бар, анаў отлы, уў туяқлы дүбир қурғанларды сен әкелдиң бе? — деди Маман бий.

— Өзиң сондай жаў-жарақлы атлыларға арқа сүйей алмағаның ушын ишиң өртенип тур ғой. Өртенсин, өртенсин!

— Мениң ишим ҳеш гәп, халықтың ишине қоз салма!

— Балтамтап тамам! Қәне, кәтқудалар, анаў нөкерлерди аттан түсириңлер, — деп буйырды мәҳрем.

Сақал-шашлары селкилдескен адамлар хийўалылардың атларын жылаўлаўға жуўырысты.

Қарақалпақлар арасынан нөкер жыйнаўға да қатнасқан узын ишектей арық жасаўылбасы, қылышын қамшы орнына қонышына сырт-сырт урып, шапанының шалғайына бир сүйкеп жиберип, мәҳремниң қапталына келди.

— Мынаў буғақлы буға еле жин көзленгенин тасламапты ғой, — деди ол Маманға қылышын шошайтып. — Уллы дәрежели хан мәҳреми, руқсат етсеңиз, буны арбаға қоса беретуғын қылсақ? Алды менен анаў айбатлы ҳарам муртын қырыў керек! Бизиң Хийўада бундайларды азыўлы дейди. Көлге кеңлик, сизге еркинлик керек, мәҳрем.

Маман бийдиң жығырданы қайнаса да, Есенгелдиниң қандай буйрық беретуғынын күтти.

— Маман, сиз де аўзы дуўалы адамлардың бирисиз, — деди Есенгелди аз ғана ойланып алғаннан соң. — Жасаўылбасының қылышын қынабына тықтыр, жәрдем бер.

Маман бий жуўап орнына түнерди.

— Орыс, гәптен нәр алдың ба? — деди Есенгелди жүдә сықақ пенен күлип. — Сени шақыртқандағы мақсетим — ел бирлигиниң кепсерин айырмаў еди. Сен қысқа гәпти жақсы көресең. Муҳаммед Әмин инақ урыста көп зыян көрди. Зыянын көтериспесек болмайды.

Ырасын айтыў керек. Бизде тилланың өзи жоқ, сол ушын ханға еки мың тиллалық ғәрежет бериўге ықрар қылдым.

Мәҳрем менен жасаўылбасының туў сыртына қылыш найзалы пияда нөкерлер келип, шоқланды.

— Еки мың тилла өнбесе не қыласаң? — деди Маман бий.

— Өнбесе де, өндиремиз.

— Өнбейди, өндире алмайсаң! — деди бий атының жылаўын шекшийтип тартып.

Мәҳрем шығанағы менен жасаўылбасыны түртти. Ол қылышын көтерип нөкерлерине «басың» деген белги берди.

Қасқыр көрген ийттей ҳәмме алға умтылды. Ақбоз дүбирге шыдамай, алдынғы еки аяғын көтерип шапшыды. Алды менен бас салған бир нөкер ақ боздың туяғы астына омақазан атты, екиншисиниң маңлайын Маманның қамшысы тилди, үшинши биреўине қылыш тийип, геллеси қапталына шоршып түсти.

Нөкерлер бәспеди. Қара шыбындай ғаўлап алға басты.

Усылайынша, ат туяқлары астынан өрт ошақлары қазылды, қамыслар, жыңғыллар, уўлы туяқлар астында пышыр-пышыр езилип, ҳақыйқый қан төгиспениң тамызығы таярланып, үлкен шайқастың уллы аласапыраны басланды...

Төрт туяғы өз жерине тирелген ақ боз ҳеш күшке төтепки бермей, олардың тобын айырып қублаға қарай қаңғып кетти. Жасаўылбасы изинен оқ көширди, пайдасыз. Маман бий қамыслықтың арасына сиңип, көзден ғайып болды. Пәнт жеп қалған жасаўылбасы ашыў менен нөкерлерин малдай ийирип, Маман бий жүрип өткен қопалықларға от басып, аўылларды түтинге мантықтырыўға буйрық бериўге қарап еди, Есенгелди албырақлап келип, жасаўылбасының алдында, өз шалғайына өзи оратылып жығылды ҳәм жер тисленип жатып жалбарынды.

— Садағаң кетейин, кешир! Кешир, қәдирли мийманым. Өйтпе, кәраматлы Хийўаның топырағынан жасалған адам!

— Түргелип сөйле, муддайы Мәҳрем! Қутырған бөриңе тислетип болып гөрине еңкилдейсең бе?

— Ол қутырған, дурыс айттыңыз, кәраматлы Хийўаның беги. Ол мениң жаныма жеги болған бөри. Сизге Қоңырат руўының атынан ант етемен, Жайылған бабам яр болса, сол бөриниң изиндеги күшиклери менен сап қылып беремен. Бирақ елимди

түтинге мантықтырмаңыз, мениң патас жериме төгилген бир шазаданың қаны ушын аты қоңыратты аяғынан тик бастыраман...

— Онда көтер руўыңды!

— Көтеремен, кəраматлы жасаўылбасы. Мəўлет бериң. Бир жума мəўлет бериң. — Есенгелди мəхрем түргелип, жақынласып турған жанашыр аўылласларына, бийлерге қарады. — Көрдиңиз ғой, адамлар? Жаңағы қутырған бөри ҳəмме елдиң бахтына қара тигип, кийели топырағымызға шазаданың пəк қанын ағызып қашты. Изин ойран етип қашты. Шыдам ада болды. Сол наинсап орыстың тили кесилип, өзи топыраққа араласпай, елге тынышлық жоқ. Муңлы халық жəне түтин жутпасын, жəне баламыз жыламасын десеңиз, изиңизге еретуғынларды аяғынан тик бастырыңлар!.. Түсиниңлер! Патас жериңизге кəраматлы Хийўаның пəк нөкерлериниң қаны тамбасын. Бул гүна! Биздей ғарғысқа ушырағанлар ушын гүна!

— Биз сизликпиз, мəхрем!

Бул даўыс жыламсыраған мəхремниң кеўлин жумсартты, талай урысларға қатнасып, талай өлиниң көкирегинен басып өтип жүрген жасаўылбасы ушын бир нөкердиң өлими, қабаған бир ийттиң өлиминен ашынарлы емес еди, бирақ, бəне менен, ханға қəдирли мəхремге зықын өткериў мақсетинде, ашыўын баспай турған кейпинен босасты.

— Шыдайық, мəхрем, лекин, сол ҳəўлеки орыс бийдиң атының туяғы тийген жерди өз халқыңа қыршытасаң!

— Əжеп, кəраматлы жасаўылбасы! Аўылласларым, зəңгилеслерим, еситтиңиз бе? Баўырынан жел өткен бенде орыс бийге қарсы майданға шықсын!..

* * *

Маман бий ашыў менен Хийўа нөкерлерине басқы таптырып, зып бергенде, қара басын сақытлаўды мақсет етпеди. Нөкерлер изимнен қуўар деп дəмеленген еди. Сондағы ойы: олар қуўа қойса, қайымшыл ақбоз ат жеткермейди, туттырмайды. Бул əтираптың əдди-үддин билмейтуғын жаў «тутамыз, тутамыз» деў менен шашыўланады. Əне, соннан кейин күш жумсап, бирин-бирине қоспай жекме-жек қылышласыў еди. Жаў нөкерлери оның бул ойын болдырмады. Қасқырға жете алмаған аўыл ийтлериндей

шоғыртпақласып, жасаўылбасыны дөгереклеп, мәсләҳәт қурып қалды. Енди истиң насырға шабатуғынын түсинген бий ҳеш жерде гидирмеди. Ақбоз аттың бас-көзи демей қамшылады, қуйынлатыў менен келип, Убайдулла бийдиң аўылына хабар етиўге белгиленген Бегдулла қара сақалға, Мырзабек бийге хабар етиўге белгиленген Нурабыллаға бир-бир ат таўып берип, кетиўлерин тезлетти. Ҳәр бирине зинҳарлап асығыс тапсырма берди:

— Жылынармыз деген отымыздан өрт кетежақ күн туўды. Қаралы болған елди бул дүньяның илмешекли ғалма-ғалынан жасырған қопалықларды өртеўге Хийўадан атлылар келди де. Ҳәр аттың туяғында әлем отына тамызықтың ушқыны көринеди де. Алдын алыўға жәрдем сорап келдим де. Маман бийдиң көкиреги жаманлықты сезип, алдыңызға ийилген басы менен қоса, қан қуйылған жүрегиниң сөзин жиберди де.

Ол усыларды айтты да, қуйынлатып шабысы менен ақ боз аттың басын Есим бий аўылына бурды.

Аманлықта бундай ойқас салып шаппайтуғын бий атының дүбирин еситкен аўыллар өзлерин әлле қандай жаманлыққа таярлады...

## 20

Хийўадан келген жасаўылбасы Есенгелдиниң таярлық ушын өтинип сораған мәўлетли жумасына шекем шыдамады, асықтырады. Ҳалқасқа отырарда, я кешки аўқаттан кейин жатар алдында:

— Мәҳрем, қамысты бос услап атырсаң, қолың емес, кегирдегиңди қыйып кетпесин, — деп, қайрамаған күни жоқ.

Бул Есенгелдиниң жүйкесин қуртқан үстине қуртты, шөктирди, аздырды, шытайы қылды, сол ушын ба даўысын күннен күнге ҳәм бәлент, ҳәм ашыўлы шығаратуғын болды. Нәтийжеси жаман шықпады. Ўәдели жумаға гилең тәрепдарларынан атлы-пиядасы мыңға шамалас қол тайын болды.

Түнерип жүрген жасаўылбасы енди ғана ашылысты. Есенгелди менен нөкерлерин ертип, жыйналғанларға бурын сырлас, үйреншикли адамдай-ақ бирден болар иске көшти.

— Жаўыңыз орыс бийди соңғы рет анаў қамыслыққа сиңип баратырғанда көрип қалдым, — деп «Көкөзек» таманның

қамыслығына қамшы шошайтты. — Аңсат ғана қолға түсириўдиң жолы — орыс бий паналағандай қопа қоймайсыз. — Ол усыны айтты да, нөкерлериниң бойы келидей биреўине ым қақты. Нөкер атынан, жерге тымп етип түсип, бир баў қамыс орып шом буўды, ушын отқа басып лаўлатыўы менен жасаўылбасы қамшы силтеген қалың қамыслыққа қарай жүрди...

Аздан кейин сол қалың қамыслықта гүўлеген қызыл жалын көтерилди.

— Әне, ендиги ис сизлердики, биз хызметиңизге тайын, — деп жасаўылбасы Есенгелдиге «сен не дейсең?» дегендей шот маңлайына зорға сыйған дөңгелек қызыл ала көзлерин атты. Аўыллардың суўықтағы ықтырмасы өртенип атырғанына сай-сүйеги сырқырап, шытнап кетежақ болып турған Есенгелди ҳеш сөйлеместен, түнериўи менен атынан түсти. Келидей нөкердиң үлгиси бойынша, бир шомға от тийгизип, Маман бий кирген қалың қамыслықтың екинши жерине от басты. Бул да гүўледи...

Жер жүзиндеги мықлы гиндиклердиң бири деп атанған Хийўаға жаранып, әптада қарақалпақ халқы атынан биринши мәҳремлик алған Есенгелдиге исенип, даўын-даўласыўға, жаўын-жаўласыўға келген тәрепдарлары енди қарап турмады, көк қуўалаған малдай шашыла таба тутып, теппе-тең Есенгелдиниң исин тәкирарлаўға өтти... Оларға болысқандай теңиз таманнан самал күшейди. Қәпелимде, жалын-жалынға уласты, түтин түтинге қосылды. Аспан менен жер арасындағы бостанлық қызыл жалын аралас буўазақ-буўазақ қара түтинге толып кетти. Бир топалаң әламат басланды: қамыслықлар арасынан пыр-пыр ушып көтерилген ҳәр қыйлы қуслардың қанат-қуйрықлары күйип, түнги гүбелектей, томп-томп қайтып отқа түсип жатты. Инлеринде, уяларында туншыққан ҳайўанлардың аянышлы даўысларына қосыла, от арасынан секирип жүнлери пысқып, жалынлап, жан айбат пенен шапқылаған туяқлы ҳайўанлардың излеринен адамлар жуўырысып, жан таласы менен нәпси арасындағы гүрес қызды. Тынымсыз даўам етти... Жән-жақ ҳеш түсиниксиз гүўилдиге, шуўылдыға, жылаған ызылдыға толып, қулақлар питти...

Араларын қопалықлар менен қалың тоғайлықлар бөлген аўыллар, жалпыламай өрттен кейин пайда болған майданлықларда,

шашыўланып, суўы қурыған көлдиң балығындай, шоқ-шоқ болып тасырайып қала берди...

«...Халайықлар, халайықлар, ел көрпеси серпилди, ықтырмаға от тийди, от өшириўге шығыңлар!..

Маман бийдиң даўысы көллер үстинде, атызлар басында, қопалықлар арасында қайта-қайта гүңиренийде... Сөйтип, өртке қарсы күшли ҳүжим даўылы көтерилди, бурқасынлы Арал теңизине сыймай, буўазақ-буўазақ болып бийик жағаға урған үзликсиз асаў толқын шынжыры киби, қол усласқан неше жүзлеген кемпир-ғаррылар, ҳаял-балалар, баўырынан жел өткен есапсыз адам Маман бийдиң ақбозына ерип, жер танабын қуўырып киятырған оттың алдын кеселеди, ким қумған, ким табақ, ким дүмше, ким мес... әйтеўир қолына илинген ыдыс пенен суў қуяды, ҳәрекет күшли. Ким бир жыңғыл алып жер сабалайды, кимлер өгиз орнына гүндеге жегилип, от алдынан узын-шубай жер сүрип баратыр.

Шаббазлы өзбеклерден келген Худайбергенлер де Есим бий топары менен биригип, қыйқыў салып от өширисиўде, қарсы тәрепке кесек атыўда...

Арпалысып лаўлаған отты өшириў мүшкили артып баратыр... Өрт базы орынларда теңиздиң бетиндеги қамысқа тийген оттай бөлинип, қара түтин пысқып, аспанға атлығып атырса, базы жерде түтиннен ушқын дөреп, дәрьяның, көлдиң екинши таманында өрт пайда қылып жатты.

Пышық мурны батпас қопалықлардың орны дала-дала болып қалып атыр. Усы қопалықларды бойлап, гөжегин жойытқан қояндай ат қамшылаған нөкерлер «орыс бий қайда тасаланды?» деген даўрық пенен, өрден ыққа шабысыўда, Есенгелдиниң шақырығына келген мыңлаған қол бир-бирин жаздырыспай, «анаў қараўытқан орыс бий» десип, қулаған күйик тораңғыллардан-тораңғылларға, шоқалақтан-шоқалаққа ғорбаң-ғорбаң жуўырысып жүр...

Бир кең жазықлықта еки тәреп жолығысты. Қатаң саўаш басланды: қошқар дүгислери, қораз шоқысыўлары, теке тиреслери, ҳаял жулысыўлары, палўан гүреслери, бий қамшылары, нөкер найза-қылышлары... бәри-бәри ҳәрекетке кирди. Өрттен кейинги қап-қара түбирлердиң пысқыўын қан тамшылары өширип жатты.

Сан мың қолды баслаған ақбоз атлы Маман бий ат-жарақлы Хийўаның қырқ нөкери ҳәм қоңырат атлылары арасында тынбай

дауыслап, тәрепдарларын хошаметлеп, өзиниң аманлығынан хабар берип, қайымға келген нөкерди алдына өңгерип қашады да, қара көрим жерге апарып қозыдай ылақтырып келеди, және биреўине қол салады, қуўады, қашады...

Бул соқлығысыў және бир күн созылғанда, от берген ат-жарақлы тәрептиң жеңиске ерисиўи сөзсиз еди, от өшириўшилерге бирден йош кирди. Изинде жүзден аса атлысы бар Мырзабек бийдиң ҳаўазы еситилди:

— Ҳарма, Маман бий! Бизге майдан бер, дем ал. Маман бий! Қарақалпақтың жәбиркешлери, көрсетиң бизге жаўыңызды!

Урыс қайтадан қызды, жекке жүйрик атлыны туталмай өзлеринше «ойын» қурып жүрген нөкерлер енди шын мәнисиндеги урысқа өтти. Ҳақыйқат аяўсыз қан төгиспе енди басланды... Күн бата елиўлеген атлысы менен ғарры Убайдулла бий жетти. Лекин, ғарры бий абайсызда аттан қулады... Енди урыс жүдә шийеленисти. Намазшамға дейин тынбай урысқан Хийўа нөкерлери, Есенгелди ҳәм оның бираз атлылары шаршады ма, қараңғы түскен соң, суўға батқан кесектей, ғайып болды... Ғажжа-ғаж шайнаспа урыстың даўамы таң атыўына қалдырылды...

Келеси күни азанда қуяш нурына араласып «Көп күшти көрген хийўалылар басқы таўып қашыпты» деген ғаўасат шықты. Бул ырасқа айналды.

Урыс тоқтады. Ҳәр ким өз ғалма-ғалына қайтты.

## 21

— ...Үй соғыў жақсылардың иси, бузыў доңызлардики...

Аманлық шәкирт болған үйшиниң базда-базда айтатуғын бас гәпи усы. Буннан тысқары көп сөйлемес, қодиреқ гәпке сараң адам екен. Бәрҳа жумыс пенен бәнт. Гүймең-гүймең, гә ағаш жонады, гә уўық ийеди, гә көклейди... Не ислесе де, бәрин шәкирти ушын ислеп атырғандай. Қөрсетпей, үйретпей, ескертпей ис басламас. Шаршаса, жоңқалардың үстине жамбаслап жатып:

— Азаматым, енди өзиң көрши, — дейди де, Аманлықтың исин бақлайды. Ол набада ағашты терис жонып бүлдирсе де, қызбас, орнынан қозғалмас. «Енди анаўсын қолға алып көрши» дейди мыйығынан күлип.

Устаның ҳаялы да наятый ҳақ кеўилли адам болып шықты. Өзи жас балалы бола алмаған жапсақлы ҳаял екен. Қаракөзди өз перзентиндей көрип қалды. Оның еки қатлығы билинип, аяғы аўырласқалы, көп жумсамайтуғын болды. Азанда оның уйқысын бузбай, өзи чай қайнатып оятады.

— Түргел қызым, Қаракөз, — дейди әлпайым.

Бул жағдайлар Аманлықтың усы үйге деген адамгершилик сүйиспеншилигин, усталыққа деген уқыбын арттырған үстине арттырды. Иске қунт пенен берилди. Алағадаланбады. Хийўаны күсемеди. Ҳәттеки, аўыл-ели ҳаққында хабар билиўге қызықсынбады да. «Еле бәрин билермен» деп, өзин-өзи жубатады. Набада, Бектемир есине түссе, көрип қайтқысы келип турады да, «пай әдети жаман, ашшы дәлкек қылады, келсе, бийшара кем кеўилли Қаракөзимниң зейнине тийер» деп, оны умытыўға тырысады.

Устаның исеними артып, үйлик талды шабыўға өзи кетип, өзи таңлайтуғын дәрежеге жетип қалды.

Бүгин ол тоғайды көп гезди. Ағаш таңлағанлықтан емес, тек еркин дем алғысы келип жүр. Өткен өмирин көз алдынан елеслетти. Идиралды улы Жақсылығын еследи. «Ол да үйши болса, атына сәйкес Жақсылыққа хызмет қылса, алғысларға сазыўар болса... Ҳаял әперип шаңырақ қылсам. Ақлық сүйсем, Ғәрип Қаракөзим туўған баланы изине ертип өзи адам қылса... Өткен өмирге налымай-ақ, ендигисинен-ақ ыразы болар едим... Жақсы жасамақ болса да, жақсы болып өлмек жоқ деген. Ең болмаса, өлимим қәдирли болса...»

Уйқыда мүлгиген тоғайдың тынышын бузған «тақ-тақ» еситилди. Қулақ салды. Ким бул? Балта урыўы тез-тез. Бундай шәпик ҳәрекетлер Бектемирде болатуғын еди. Солмекен?... Ол тоқылды таманға қарай жүрди. Ақ теректей бойшаң сулыў ақ талды шаўып атырған биреўди көрди. Балтаны ҳәр урған сайын басындағы қара қалпағы селк-селк етеди. Сөзсиз, Бектемир! Себеби, бул әтирапта бундай қалпақ кийетуғынлар аз. Ойнап қорқытпақшы болып турды да, балалық етпейин деген ой менен, алыстан атын айтып, сәлем берди. Бектемир қалпағы менен маңлайының терин сыпырып артына бурылды, «Ҳаў, Аманлық аға...» деп дәлбиреклеп келе сала қол алысты. Аманлық-есенликтен кейинги биринши сораўы мынаў болды:

— Аманлық аға, пушық жеңгей саў ма?

«Бул быжық сәуейекке неге айттым?» — деп өкинди Аманлық ҳәм оны қайтарып қойғысы келди:

— Дәлкек қылма, қосшым. Ай жарылқап күн туўып, перзент көрсетсе, мурны да, тили де билинбей кетеди маған.

Бектемир оның шырайынан шын ашыўланғанын уқты. Өз минези өзин муңайтпады, сорады:

— Аманлық аға, елден хабарың бар ма?

— Кесгеллем!

Олар шабылған ағаштың үстине қустай қонақлап отырысты.

— Ел астан-кестен болған... — деди Бектемир.

— Бул әдалатсыз қудайға не жаздық екен?! — деп Аманлық бирден сарсылды.

— Аманлық аға, жүрегиңди басып тыңлай бер. Ел иши бир қайнаўытлаған. Хийўа ханларының бурынғы-соңғы әдети — буқсаң, үстиңе жүк миндире береди екен. Муҳаммед Әмин инақ тахтқа минип алған соң, Есенгелди мәҳремге ертип елге қырқ нөкер жиберипти. Үндемей салық төлейтуғын бизиң саҳрайы қарақалпақ па? Маман бий ғужыр менен атқа минип салықшыларға қарсы барлық елди аяғынан тик бастырыпты. Убайдулла бий түўе Мырзабек бийлер-әм келген. Есим бий аўылы, толайым көтерилген. Қулласы, оқ-жарақлы Хийўа нөкерлери менен үлкен қан төгиспе болыпты. Бийшара Убайдулла, қартайғанда шейит өлген. Шаббаздан барған Худайберген исмли қолы өнерли өзбек дийқаны бар еди. Хийўалы бир нөкер оған «намысың жоқ, сатқын» деп қылыштан өткерип кетипти. Ҳәзир аўыллар арасы бурынғыдай тоғайлық емес, Киши жүздиң жериндей дала-дала болып қалған дейди. Бәрин от жалаған.

— Есенгелди қай тәрепте болған? — деди Аманлық шыдамай.

— Хийўа тәрепте. Оның көп қоңыратлары Хийўа тәрепке өткен. Хийўалылар болса көбинесе бир аўылдың ийтин екиге бөлип таластырып, тумсығы қанап шүйик болғанына, кесек атып тура берген...

— Ўай, не қылып жибердиң, Бектемир?!

— Не қылайын? Еситип, баўырым өртенди. Тек қуўанышлысы Маман бий ғужырланып, Хийўадан барған жасаўылбасыны өлтирген. Және онлаған нөкерин жер менен жексен қылған.

Қалғанларына басқы таптырып қашырған. Есенгелди де Хийўаға қашып келген, дейди.

— Енди ашыў менен хан барлық қабаған ийтлерин елдиң үстине айдап, журтты талатады, туқымқурт қылады десеш.

— Олай емес. Ең жақсы таманы, олай емес. Хан жақсылықты биледи екен. Жасаўылбасысының өлгенине қыйналмапты. Ол бурынғы ханларға да хызмет етип, бир ешектен, екинши ешекке аўысқан қуйысқандай бир собылық екен... «Өлсе өлсин, тыныш елдиң неге мазасын алды» депти. Инақ Есенгелдини сарайында бир жума сақлап, қасына көп кәтқуда қосып, «саҳрайы қарақалпақтың балаларының көкирегине Хийўаның нурын қуясыз, оқытасыз» деп, бес алты молла да жиберипти. Убайдулла бий баласы Орынбайға жай салдырып, «Орынбай қала» деген ат бергизип, Бухарадан шақыртып молла алдырған деп еситкен едим. Садағаң кетейин Хийўаның ханы, сол «Орынбай қалаға» енди өз атынан шақыртыўсыз-ақ, молла жоллапты. «Елдиң толқынын басың» деп тапсырыпты. Бул жақсы.

— Изин жақсылыққа әкелдиң ғой.

— Хийўа дегенниң өзи Хорезм шуқырына нур шашқан шамшырақ емес пе? Сен де, биз де усы шамшырақтың шарапатынан уста болажақпыз... «Усталы ел дүзелер» деген. Елимиз дүзеледи. Аўзының дуўасы, тилиниң мәргиясы, билегиниң күши бар Маман бийге тасаддық дей бер. Есабын таўып елге көп кәтқуда, молла әкеткен Есенгелдиге ҳәм рахмет дей бер. Елде биреў өжет болса, екинши биреў төрелик қылыўы лазым екен.

— Ал енди, сен бул гәплерди қайдан еситтиң?

— Хийўада қарақалпақлар жөнинде дуў-дуў гәптен қулағың гер болады. Тап кеше Айдосты көрип қалдым. Сол айтты. Оған ханның өзи айтыпты.

— Ҳәй, қандай киши пейил хан. Айдосты баласынбай сырласып жүрген-ә! Илая, мың жасасын бул хан!

— Периште аўмийин дегей.

Олар бираз ўақытқа шекем үндеспей, ҳәр ким билгенинше кеўил дуўасын оқып, ханды алғыслады. Ал, хан болса, елге, кәтқуда жоллап, моллалар жибергенде ўақытша не утыўды нәзерде тутты? Ақыбети не болады? Жүзеки жақсылықларының астында

қандай сум түлкиниң қып-қызыл сулыў қуйрығы былғаңлап атыр? Булар ҳаққында екеўи де ойламады.

— Қәне, Аманлық аға, сырласайық, — деди бир ўақытта Бектемир. — Сен биринши үйди кимге соғып бериўди ойлап жүрсең.

— Мен бе? Мен... Маман бийге соғып беремен. Өзиң-ше?

— Мен бе? Сен де ойландың, мен де ойланып аламан. Қашан қайтасаң?

— Өзиң-ше?

— Устаның айтыўы бойынша саррас бир жылдан.

— Қуда қәлесе, бес-алты айға қалмаспан.

— Сен неге мениң ҳаялымды сорамайсаң?

— Сенде ҳаял жоқ-тә.

— Көресең жоқты. Туўды. Ул туўды. Меники. Дәл өзиме усайды.

— Қутлы болсын, балаңа узақ өмир берсин. Алып қайтасаң ба?

— Баланы таслап кеткенше өлгеним абзал. Ақыры, билесең бе? Устаны жек көремен. Шыртылдақ, ҳәстедей болып алып, үш ҳаялы барын айтпайсаң ба? Үшеўиниң бурымларын бир қосып байлап сабайтуғынын қәйтерсең. Мениң сүйгилигим жеген таяқтан сай сүйегим қақсап болды. Билмедим, шала үйренсем де қайтаман ба?

— Өйтпе, шыда! Түргелейик, енди ағаш шабайық.

— Аз ғана сабыр ет, сораўыңа жуўап ал. Биринши рет, үлкен арба соқпастан бурын өз балама, изинен сениң балаңа адағарба соғаман.

— Бул дүньяда мәңги жасағайсаң!

— Пәтияңды өзгерт. Өйтип қор болажақ жағдайым жоқ. Бирге жасағаймыз! Үйши болмаса адамларда ләззет те жоқ.

— Пай, Бектемир, қызық жигитсең-дә, түргел енди!

Аманлық оның менен хошласып, балтасын ийнине салып тоғай-талдың арасына сиңди.

Бектемир шала шабылған жуўан ақталға балта урды, еки жерден алма гезек тоқ-тоқ еткен балта сеслеринен тоғай қуслары үркип ушып, шурқылдасып сайрап, өли тынышлықтағы тоғайға жан кирип жаңғырып турды...

## 22

Соңғы урыстың жарасы да енапат... Кимлер және гүңиренип, кимлер және жылап қалды...

Қәйткен менен де, гейде қыстың қақаман бораны киби қалтыратып, гейде жаздың епкинсиз қапырық ыссысы киби демиктирип, адамларды қыйлы-қыйлы бәле-қадаларға муптала қылған күнлер еплеп өтип турыпты. Күн батса ғәниййбет, бир ғаўғалы күн артқа тасланғаны. Өли төсекке кирип алғаннан соң кирпик айқастыртпайтуғын әлўан-әлўан қыяллар, ҳәр кимниң өз қара басының иси сыяқлы, таң атқаннан соң, тамақ табыў машқаласының астында женшилип қалып кетеди, келеси ақшамда және уйқы бермейди... Қәне, усы гезде олардың ойларына түсинген биреў ел аралап жар салса. Жыллы орнынан суўырылып изине ермейтуғын, ертеңги күнниң емин-еркинлиги ушын өлимге бас тикпейтуғын адам қалмас еди!

Көз жетпес бийиклерди аңсаған халықтың қыялын тәжирийбели Хийўа ханы уғып, салық жыйнаўға жиберген қырқ нөкериниң бос қайтқанына, жасаўылбасысының өлгенине гийне сақламапты: «Елдиң көзин ашсын, түсинисермиз» деп, кәтқудалар, моллалар жиберген, қолларына жаў-жарақ емес, китап услатып жиберген. Жаманлық келер деп қорқып жүрген халық, Маман бийдиң руқсаты бойынша шегарадан өтип, парахатлық пенен келген бул кәтқудаларға, моллаларға әўели адырайысса да, соң қушақ ашты. Қуўанысты. Көрингенлериниң алдынан кесе өтпей, жол беристи, төсектиң тазасын, орынның төрин соларға аўыстырды... Ҳәзир олар ел аралап, аңыраған кеўиллерге өзлеринше туқым себиўде.

Әўелги үш күнде кәтқудалар, моллалар елдиң дүмпиўинен қорқып бирге жүрген еди, соң бөлинди... Буған да саррас бир мәўсимнен асып баратыр...

Ҳәр қайсысы ҳәр жақта бөлинип, бир-бири менен тиллеспесе де, әңгимелери, ой туйғылары ҳәзир ғана ойласып алғандай. Бирин-бири толықтырып, бирин-бири жөплеп жүргенге мегзейди.

Мине, Есенгелди мәҳремниң отаўындағы лыққа толы жәмәәт песин намазынан соң қайтадан чайға отырыпты. Ҳәммениң дыққаты намазға имамлық қылған, күшли қирәәти пүткил аўыл бойлап

еситилетуғын хийўалы молланың аўзында. Ешки сақалындай узын сақалы көкирегине басылған ақ шапанлы бул адамның алдында сары муқабалы китап жайыўлы жатыр. Көзабаға ма, ара-тура бармағын жалап, бетлерин ашқаны болмаса, өзинше сөйлеп отыр:

— Бул дүньяда жыйған дүньяның қыямет-қайым күнинде ҳеш пайдасы жоқ. Бул дүньяда жәбирге шыдай бериў керек. Ким жәбирди көп көрсе, жаны жәннетий болады. Есенгелди мәҳрем пүткил қоңыраттың ығбалына туўылған қуданың қулы, Муҳаммедтиң үммети. Мен сизлерге айтып отырған бул әңгимелерди ол тәнҳа хан аўзынан еситти... Ҳәр ким өз руўы менен жәннетке барса па, па!.. Лекин қуранда, қуранның ҳәм оны үйретиўшиниң тилинен өз тилин артық көрген инсан қудабийзар деген-әм рәўият бар. Сақ болыңлар. Қудабийзарлық — дозақыйлық... Биз мусылман, Орыслар намусылман...

Қурбанбай бийдиң үйинде де әңгиме дүканы қызған. Хийўалы молланың сөзине еликкен жәмәәт шала уйқыда шуғыл мүлгисип отыр.

— Қытайлар әзелден үстемлик ушын жаралған ел. Садағаң кетейин, Хийўаның ханына қудадан саза келип, усылай деген. Бабаңыз Дәўлетбай бай пүткил Сырдәрьяны бойлап, жаға жыртысып шейит өлгенде, усыны әрман еткен екен. Әўладлары бабасына садық болып, пүткил қарақалпаққа ағалыққа талапланса, әне әўлад, әне зүрят. Ондайлар жәннетий әўлад, жәннетий зүряд. Олай болмаса, баба руўхы қорланғаны... Адам баласы қудадан перзент тилегенде о дүньясын ойласа керек. Лекин, баласының тилин қуран тилине сындырыў бейишийлик... Намусылманлар менен табақлас болыў гүна...

* * *

— ...Аманқул бий, бой сыныңыз келискен адамсыз. Сиздей ийман жүзли адамға өз руўы менен ел басқарыўдан басқа нәрсе китапта жазылмаған... Кәраматлы хан алдына бас ийип барғаныңызда ўаҳ-ўаҳ!.. Лекин, ким жәбирге шыдаса жәннетий деген рәўият бар...

* * *

«Орынбай қала»ның шәрдәресинде ҳәммеден бийик отырған хийўалы молла өз жолдасларының ишиндеги алғыры еди. Шапаны, сәллеси, сақалы, дамбалы, бәри ақ, мисли ақ қуўдай бул адам, қыямет-қайым әңгимесинен, бурынғы Бухара молласын баспалатып, шәрдәреге бүгин көтерилди.

— Қуда әзелий бейиш, дозақты жаратқанда, дозақты ғайры тил, ғайры диндегилерге, бейишти мусылманлар ушын жаратқан. Түрки тили ҳәм мусылман тили. Муҳаммед пайғамбар «тили әлҳамдиллаға гүрмелген бенде дозақта қалмас» деген екен. Сизлер, Жаңадәрья бойының қарақалпақлары, дозақ пенен бейиш ортасындағы бир жал қамыссыз. Орыслар я қазақлар таманнан бир ысырапыл дегиш урса, дозаққа сүңгийсиз де кетесиз. Әзелден биз таманға, қублаға қараған жүзиңиз арқаға, ғайры диндегилер тәрепине бурылмаўы лазым. Бабаларыңыз бул жаққа баслап көшкенде де, дүньяның шамшырағы Хийўаны нәзерде тутқан. Хийўа болса әлем қуяшы Мәкке-Мәдийнеден бәҳәрленеди... Лекин, сизлер көп жәбирге көнгенсиз, сол ушын жәннетийсиз... Ғайры диннен бир адамының тилин кәлиймаға келтирип, исламның күшиги қылыў, ҳәр бир мусылманға ҳәм парыз, ҳәм қарыз. Ханның сыры қупыя сыр. Сизлердей азаматларға айтсам, мени сатпассыз. Кәраматлы Хийўа ханы Жаңадәрья қарақалпақларын пүткил қарақалпақтың сейдини деп, оның гүналы нөкерлерин шапқаныңызды кеширип отыр. Сарайға да сизлерден кеңесгөй алмақшы... Ҳәзир Хийўаға араласқан қоңыратлардан лийкинди тартып ала билсеңиз, исиңиз раўаж... Еки дүньясын берген тек сизлер боласыз..

* * *

Усы тақлеттеги әңгимелер Есим бийдиң аўылында да, Ғайып баҳадырдың топарында да, ҳәттеки Бегдулла қарасақал, Сабыр сыйпаң шоқларында да, ҳәр бир майда руў тийрелери арасында да алма гезек болып өтип атыр. Неликтен де, журтшылық тыңлайды, жүдә қызығып тыңлайды, ҳәр ким өз руўы жөниндеги мақтаў сөзлерди унатады, бул жөнинде басқалардан сыр түйеди.

Өзлерин хан кәтқудалары, Хийўа моллалары деп атаған бул адамларды елге киргизип жиберген Маман бийдиң өзи еди. Оның себеби былай: Хийўалы жаў қашқан менен айналып келетуғыны аян еди. Сонлықтан, Маман бий аттан түспеди. Елдиң баслы-баслы жигитлеринен онлағанын изине ертип, аўылдың қубла жийегиндеги қамыслыққа сиңди ҳәм усы көлдиң жолбарысындай қамыс аралап, Хийўа таманнан жаў күтти. Ол күткен қәҳәрли жаў келмеди, оның орнына, басқы таўып Хийўаға қашқан Есенгелди мәҳремге ерген гилең көк ешекли, ақ қуўдай кийинген ғаррылар пайда болды. Маман бий алдын кеселеп тинтиў жүргизгенде, олардың ҳеш биринен жарақ шықпады, керисинше қойынларынан биреў-екеўден китап шықты. Илим-ҳикмет десе жаны қумар бий бул жағдайға лал болды қалды.

— Биз Есенгелди мәҳремниң тилегине бинаан хан ҳәмири менен елиңе киятырмыз, бала оқытамыз, керек емес десеңиз усыкәрадан ғырра қайтамыз, — деди бири.

— Қайсы тилде бала оқытасыз?

— Қуданың тилинде.

— Қуданың тили қайсы тил?

— Қуранның тили.

— Қарақалпақ тили-ше?

— Қуданың тилине жатпайды.

— Онда сол қудай қарақалпақ тилин неге шығарған?

— Әсиге кетип қудабийзар болдың, кәлийма қайтар... Ләа, илаҳаиллалаҳууў... — деп кәлийма қайтарып, ешеги атқа тәкаббил, сәллесин диңкейтип ораған, жасына қарағанда қуўнақ сын-сымбатлы, семизшик, бетиниң қызылы еле басылмаған мәпилик ғарры жасаўраған көзлерин ақ орамал менен сыпырып, Маман бийге жақынлады: — Ҳа, Маман бий сен бе? Олай болса түс аттан. Мениң исмим Әўез хожа ийшан. Мурат шайық пенен Бухарада бир оқығанман. Сениң атаң Оразан батыр Хийўаға келгенде алдына дастурхан жайғанман. Ҳо, ҳо, жезқанат палапан, сен неге бәрҳа өзиңди журт түсиниўин талап етесең?

— Сен де журтты түсинип бақ! Ҳа, арт бетимизге неге сығаланасаң? Жасырынып турған атлы нөкерлери бар дедиң бе? Жоқ! Биз бир мөмин кептерлер. Жақсы нийет пенен ушып киятырмыз. Қарақалпақтың дин ҳәзирети Мурат шайықтың денесин

кийели Сырдәрья бойынан шамшырақлы Хорезм шуқырына әкелдиремен... Есенгелди мәҳремге неге олыйып турсаң? Ол усы елге сеннен кем жан ашыта ма? Бийкар! Биз билемиз, елиң аз, руўлар аз, бирақ бул мәҳрем хан алдында қызыл тилин жалдап, елиңди көп руў етип көрсетти. Мине, биз усы ешекли киятырған ислам күшиклери, Есенгелди мәҳрем ҳаққына дуўа қылдық, хан алдындағы бир өтиригин кешириўди сорадық...

Маман бий не қыларын билмей бадана көзлери менен шар тәрепти гөзледи:

— Есенгелдиниң елди майдалап руў көп дегени — бир ошақтың қозын шашып қызғынын қашырғаны. Үлкен ошақтың отын өшириўге бир көлдиң суўы керек еди. Енди сизлер түпирик пенен-ақ от өширетуғын болғансыз. Буны ханның мақуллағаны, сизлердиң дуўа қылғаныңыз — қуўанғаныңыз.

Әўез хожа Маман бийди толық түсинди. Қорқты. Бирақ сыр бермей сақалы селк-селк күлди.

— Сени зәҳәр шөп дейтуғын еди, бийкар айтыпты. Аўзының сарысы кетпеген палапан екенсең, — деди езиўлерин сыпырып.

— Өтиңлер. Нийетимиз жақсы деп өтиңлер, изиңизден жаман нийетли нөкерлер пайда болса, биринши нәўбетте сизлер өлимдарсыз. Бириңиз қалмай торaңғылға асыласыз, теңизге таcланасыз.

— Ҳәр ким ўәдесине берк болсын, — деди Әўез хожа ийшан күтә салдамлы.

Маман бий оларды усылайынша елге араластырып алды. Басқа ат-жарақлы жаў келмеди. Бул жағдай — «мөмин кептерлер жаман нийетли» деген пикирден қашықластырды. Излеринен тыңшы қойыў да нәмәртлик болып есапланады. Бирақ олар хан тапсырығы бойынша өз кәрлерин еркин даўамлап жүрипти...

Маман бий бир жола Бегдулла қарасақалды көрип «жағдайлар қалай, хийўалы моллалар қалай?» деп сорап қалды. Қарасақал күйип жүр еди. «Мөмин кептерлердиң» не гәп таратып жүргенин қалдырмай баян қылды. Маман бийдиң көзлери уясынан шығып кете жазлады.

— Таңланатуғыны жоқ, — деди қарасақал пәрўайсыз усап.

— Және Абылқайырдың тәсили, және Ғайыпханның ғыжағы басланғаны... Бул нәлетий ханлар бир бесикке бөленгендей. Оҳ,

Бегдулла, Бегдулла, және ғыжақ, және ҳәр руўға биз, пышақ бөлистирилип атырғаны, булардың... Не қылса болар?

Маман бий аз ғана ойланып турды да, кеңесиў ушын Бегдулланы ертип Есим бий аўылына кетти. Ол аўырып атыр екен. Ол да сарсылды. Жүзи лаплап сарсылды.

— Бул адамлар хан атқан кесек, лекин тилли кесек, — деди Есим бий. — Кеше Әўез хожа ийшан деген үйде болды. «Қарақалпақларға үстемлик жалайырдики» деди уялмай. Кейидим. Күледи. Сөйтип, гәпти бөлди... Бир ўақытта қалақ бас Ғайып хан усылай деген еди...

Маман бий шыдамады. Тез атланды. Әўез хожа ийшанды «араншы кенегеслер» аўылынан тапты.

Әўез хожа ийшан ҳәзир ғана бир топ пенен сөйлесип, олардың арасынан қарсы пикир айтқанларын унатпай, тез тарқатып, бир ылашықта қатық ишип отыр еди. Маман бийдиң түрин жаман көрип, сақал-муртына жабысқан қатықтың жуғын сыпырмастан, тикейди. Өзи баслап ҳал-жағдай сорасты.

— Тақсыр, сиз талып илимнен гөре қайрақшыларға усайды екенсиз. Шартасыңызды Хийўада иске саларсыз, — деди зилли бий шыдамай.

— Мурат шайық пәтия берген бий бизге исенбей, тыңшылық еткен соң, басқалардың сизге бөрттирип жеткермеске ҳалы қала ма? Биз хан ҳәмириниң қулымыз. Хан ҳәмири — қуда ҳәмири. Исламның соқыр күшиклериниң көзин ашыўдан басқа нийетимиз жоқ.

— Ханыңыздың ойын қандай ой деп есаплайсыз?

— Хан менен сөйлессеңиз билесиз. Егер бизге инансаңыз, ханның ойы шырша табаққа қуйылған тынық суў. Үңилсеңиз ҳәм түбин, ҳәм өзиңизди көресиз.

— Жоқ, тақсыр, егер сиз хан тили менен сөйлеп, ойын айтып жүрген болсаңыз, қәте. Ханыңыздың ойы түпсиз қудық. Үңилдим. Қараңғы. Қорқытады. Шартасыңызды алып елден гиркиреңизди көтергениңиз жөн!

— Оо, мусылманның кәпири, ашшы шөп! Биз келгели елиңде көзи ашылған күшиклер шалғайыңды жыртқан күни өкинип жүрме!

— Арашаға келмей-ақ қойың!

— Елиўге келгенше жигитлигиңдеги өжетлигиң қалмапты. Мейли, биз елиңе шүйел емеспиз.

Есиктен Жақсылық көринди. Асығып жуўыра берсе керек, еки ийнинен дем алып ҳаплығып тур.

— Ҳа, балам, тынышлық па?

— Үйге Айдослар келемиз депти, Бағдагүл шешем жиберди.

Маман бийдиң көзлери күлип, жүзи нурланды.

— Ҳәзир, балам, ҳәзир кетемиз.

— Хийўа сендей аңгөдеклерге қуўаныштың қалтасы екенин умытпа, — деп қалды Әўез хожа ийшан.

## 23

Айдослардың сәлемге келетуғын болғаны Маман бийдиң базы қыялларын иске асырыўына оң түсти. «Сынайман, деп ойлады ол, Хийўаны сынайман, не үйретти екен? Жаўмаса да гүркирейтуғын қылған ба ямаса жоқ па? Басқа жаслар да еситсин. Кузьма Бородин айтқандай, илим-ҳикметсиз елдиң адамы аяқ-қолсыз тулып. Ким болса сол урады, ким болса сол аяғы менен қағытып кетеди. Елиниң ғамын жеген бий, бала оқытады, илим үйретеди. Бул, елиниң ертеңи, даңқы».

Маман бийдиң буннан тысқары баслы ойы елге келген Хийўа қәтқудалары менен моллаларының не ислеп жүрген сырын көпшиликке жәриялаў. Олардың бәри Әўез хожа ийшаннан саға алып, бир қыйлы гәп ағызып жүрген болса, тезирек гиркиресин көтерсин. Адамлардың көзин ашамыз деп, көзлерден қан ағызыўдың тәсилин қылыўға, жүреклерди билдирмей ништерлеўге ҳеш қайсысының ҳақысы жоқ!

Ол усы мақсет пенен Айдослар келер алдында жақын-жуўық аўыллардың жасларына қоса көплеген жасы үлкенлерди, бийлерди жыйнады. Сойыслық таппай жалғыз ақбоз атын сойдырыўға буйрық берди. Таңланғанларға:

— Ат табылар, кеўил табылмас, бүгинги елиме Айдостай келешек табылмас, бундай оқымыслы келешекке ат сойыў еле көп ҳүрмет емес, кирисиңлер, — деди, Ақбоз ат сойылды...

Жаздың жадыраған қуяшлы күнлеринде де сырттан қарағанда үскини қуйылып, ишине кирсең, муң-зары шертилетуғын Маман

бийдиң ылашығына, бүгин жаз кирди, қуўаныш кирди. Ийнеўге илдириўли қара қалпақлар менен гөнетоз дуўқаты шапанлар бүгин ҳәм жанлы, хәм сәнли сыяқланды.

Жас үлкенлерди төрге өткерип, қапталда ғаз қатар саққа жүгинискен жаслардың сәни-жарасығы өз алдына. Бәриниң басында Айдос, оннан тете — мектеплеси Қабыл отыр. Сәлемлесиўлери, соңғы келген жас үлкенлерге отырып-турыўлары ҳәммеге ибрат аларлық жеңил, шаққан, әлпайым.

Ат жақлы, домбайлаў қызыл жүзли, ири сүйекли Айдос, шыйқылдаўығына жаўын жаўмаған көлдиң қамысындай, сарғайыпты. Қасындағы жолдасы Қабыл да азғын, еттен сылыныпты, Айдостай төменшиклеў.

— Адамды илим сорыса керек, — дести жыйналғанлар. Ишке сыймағанлар ылашықты айналып еки-үш қатар болып қара жерде отырыпты. Маман бий ҳәмmениң дыққатын аўдарайын деген ой менен Айдослардың әдеп-икрамына баҳа берди:

— Әне, балаларым, мектеп көрген деген усындай болады. Ырзаман қәдди-қәўметиңизге, адам сыйлағаныңызға. Хийўаны питкерип, орысят елине оқыўға барсаңыз, ҳәзирги төбешиктен де бийик, әлемди алақанда көретуғын таўға минесиз.

— Бәри де болар, ата, — деди Айдос.

— Тилиңнен, балам. Ғарғаның палапаны уясынан ушып қапталындағы шақаға қонса, мәсирип, ғарқ етеди. Бүркиттиң палапаны диң аспанға көтерилип, әлемди шарламаса, уштым демейди. Бүркит болыў не деген ығбал, не деген мәртебе! Боларсыз, улларым.

— Бий ата, бизиң ел, ең болмаса, неге Хийўа дәрежесинде бола алмаған? — деди Айдос.

Бул сораў иштеги ҳәм сырттағы жаслардың бәрин қызықтырды, қандай жуўап болатуғынына қулақ түристи. Жас үлкен бийлер самсаз болып төмен қарасты. Айдосларды аўылының бир топар жаслары менен баслап келген Ғайып баҳадырға шекем албырақлап еки тәрепине жалтақлады. Есим бий бундайда Маман бийдиң ҳәзир жуўаплығын билетуғын болғанлықтан ҳеш қысынбады. Шырайында балалығы басым, бирақ күтә салдамлы отырған Айдосқа қуўанышлы түрде жасаўраған көзлерин қадады.

— О, о ақыллы балам, мен сеннен усыны күткен едим, — деди Маман бий. — Еле бәрин түсине берерсең. Нан тапсақ дастурхан

таппадық, күшлилер бизди аяған болып жайған дастурханын, кәлеген ўақтында жыйнап алып, нан ийеси өзимизди талай-талай аш қалдырған. Заман гәрдиши солай бола берди, балам. Бирлик кем болды. Ҳеш ким илим-ҳикмет қуўмады. Сөйтип, умыт бола баслағанбыз.

Ылашыққа аўыр булт түсип кеткендей, адамлар бир демге шекем бирин-бири көрмей, лал болысты.

— Бий ата, моллабәшшелердиң ақылын сынаң! — деди сырттан батыл бир даўыс.

Ҳәмме жанланды.

— Сыналсын... Хийўа не үйреткенин билейик, — деп жабырласты көпшилик.

Маман бий муртларын еки жаққа айырып сыйпап, ылашықтың ишин шолды. Ортаға сораў таслады:

— Айтың, балаларым, елде ким-кимнен қарыздар, ким қарызын өтеп атыр, ким қарыз берип атыр?

Журтшылық және бир демге ләммимсиз қалып, аздан соң екеў ара сыпсың көтерилди. Ҳәр ким өзинше жуўап тапқан болып, бир-биреўден дән, балық, нан, мал қарыздарлығы, балалардың бир-биринен асық қарыздарлығына шекем сөз болып жатты.

Айдос қасындағы Қабылға қарап алып, саққа жүгинген ҳалынан бой жазып, сәл қыймылдады, қолын көксине қойды.

— Бий атамыз минәсип тапсалар, биз жуўап берсек.

— Күткени сен!...

— Иркилме!...

— Дана бий, руқсат бер!...

Маман бий бийпарасат көпшиликке «тыныш» деген ишарат билдирип, қолын көтерди ҳәм Айдостың еркин сөйлеўине руқсат етти.

— Елдеги қарыздарлар барлық балалар, — деди Айдос.

— Ҳаў, ҳаў, — десе қалды сырттағылар таңланып. Олардың шаўқымы басылғанша Айдос түпиригин жутынып, аз ғана ойланып үлгерди ҳәм даўам етти.

— Бунының мәниси, ҳәр бир бала өзиниң дүньяға келгени, кәмалатқа жеткени ушын ата-анасынан қарыздар. Егер ол ата-анасына хызмет етиў дәрежесине жетиссе, қарызын өтеп атырғаны.

Қарыз бермектиң мәниси — балаға бериў, ким бала тәрбияласа сол қарыз бергени, баласы ержеткен күни өзине қайтады.

— Тәсийин!

— Әлҳәббиз!

— Тилиңнен!

— Хийўаға бас ийиңлер.

— Кәраматлы Хийўаға дуўа қылыңлар!...

Маман бий Айдостың жуўабы ушын түргелип барып маңлайынан сүймекши еди, көпшиликтиң дүмпиўипен тартынды: «Журт Хийўаға толық исенип кетип, ҳәзир аўылдағы жүрген қармақлы моллаларының майлы жемтиклерине қапқан шабақ болар да қалар, мәңгиге алданар».

— Кимди жарлы десе болады? — деди Маман бий асықпай.

Бул сораўға сен жуўап бере ғой дегендей, Айдос Қабылға ымлады. Қабыл көксине қолын қойып:

— Жас үлкенлер, жол берсеңлер, биз айтсақ, — деди.

— Айт, айт!

Маман бий «айта бер» деген ишарат пенен бас ийзеди.

— Жарлылық мал дәскесизлик емес. Ким жекке болса, туўысқан-туўғансыз болса, әменгерсиз болса, сол жарлы.

Ишке, сыртқа және жан енип, ҳәмме қыбырласып, «тәсийин» айтысып, бул балаларға ақыл желинин ендирген Хийўаға және алғыс жаўа баслады.

Маман бийдиң кейпин аңлаған ғарры Есим бий қозғалды:

— Айдос балам, сени хан дәргайында болған деп еситтик. Хан қалай өзи?

Хан ҳаққында айтпастан бурын оған ҳүрмет ушын Айдос түргелип қайтадан отырды, жүдә жиптиклесип отырды.

— Жоқары мәртебели уллы ханымызға тең бул жәҳәнде адамзат болмаса керек. Күтә кемтар, күтә ақыллы, жүзине айна тутқандай, күтә ашық сөйлейди...

— Айдос балам, хан сениң менен сөйлескенде ҳәмме гәпиңди мақуллай ма яки мынаўың надурыс дейтуғын гези бола ма? — деди, Маман бий.

Айдос және тикейип қол қаўсырды:

— Әўели қуда гүўашылық бергей, жоқары мәртебели, уллы ханымыз бенен неше сапар дийдарласқанымда, «әй, қарақалпақ, бу

ойың надурыс» дегенин, биттәю ягана ешитмедим.

Тыңлаўшылардың бәри тас сүўреттей қыймылсыз, хан хаққындағы хабарды жүдә ықлас пенен, ҳәтте, қаттырақ дем алмай, тыңлап отыр.

Маман бий кеўилсиз бас шайқады:

— Ооо, балам, балам, ханның сыры қупыя, қыялы — үстине қар жаўған муз, астында не бары көринбейди. Бир сөзиңди-әм надурыс демесе, көринбес жылыўға салып жибережақлығы, балам.

Кеўли өскен Айдостың мурны тершиди, үлкен адамларға тән салмақ пенен нықырта сөйледи.

— Сизди ашшы шөп дегенге енди исендим. Тарлық етпеңиз, аты қарақалпаққа бәрҳа ябылар үстемлик етеди деп дәметпеңиз. Елге жақсылықты Хийўа береди.

— Айдос балам, сизлерсиз ел — қызғыны түўесилген күл, қатты кеттиң, кеширим сора.

— Жоқ, Хийўа ханына тил тийгиздиңиз, қасқыр қартайса, алжып күшигин талайды екен, енди билдим, алжыған ғарры қасқыр, кәраматлы Хийўадан сиз кеширим сораңыз...

— Айдос балам, кеширим сора, атаның қәтелиги улға сабақ болады. Мен аз да болса бул елди бүркитлер уясы дер едим, әлле қандай нәмәлим күдирет жарғанаттың уясына айналдырып баратырғанын түсинип турман.

— «Түсинип турман, түсинип турман»... менен елди көзкөреки жылыўларға баслаған ғарры серке, биз кеттик! — деп Айдос аяғының астынан жылан шыққандай, шапшып турды. Ҳәмме гүў түргелди.

Айдос ҳеш кимниң тәўеллесине қарамай, есиктен зып берди, бирге келген жолдаслары, Ғайып баҳадыр өре-өре шықты.

Ғарры Есим бийдиң тәўеллесине де ҳеш ким кулақ аспады. Қәпелимде, ылашық босап, қайтадан үскини қуйылды, бос орынларда ҳәсирет самалы ҳүўледи.

Маман бий албырамады, кеткенлерге жалынбады, жүзинен Айдослардың қайтып келетуғынына, исеним нурын кетирмеди.

— Қәдирли адамлар, ҳәзди бузбаңлар, тарқамаңлар, — деди ол, — жас жигитлик — ағын суўдың балығы. Өрлей береди, өрлей береди. Басы тасқа тийген мәҳәлде ғана изине қайтады. Пәнт

жегени — пайдасы. Гэпи бэрха мақулланып жаман үйренген. Бағанағы ақылды тапқан жигит еле ойланады, соннан соң бармағын тислеп өкинеди, келеди, кеширим сорайды, сизлер отырыңлар!

Айдослар еситпеди. Гилең асығыс, жеделли жаслардың изинен өкиреӊ қағып баратырған Ғайып баҳадыр да толық қулақ салмады. Деген менен, тек зорлыққа ушырап, изинде ботасы қалған ингендей, зорға-зорға кетип баратыр.

Айдос сол пэт пенен артына бурылмастан, ярым жолға барғанда жолдасларын иркип, изинен жете алмай өкиреӊ қағып киятырған Ғайып баҳадырларды күткен еди. Тап усы пайытта, оларды аңлып турғандай, бир қапталдағы жол менен киятырған Әўез хожа ийшан көринди. Ол Айдослардың қаяққа шақырылғанынан хабарлы еди. Сонлықтан жас жигиттиң ҳалықлап, бетиниң терин сыпырып турысынан, жолдасларының бир-бирине жеталмай асығыс жүрип киятырғанынан не ҳәдийсе жүз бергенин уқты ҳәм усы ўақытқа шекем «еле күни туўады...» деп Маман бийдиң халықты қашырыў ушын таўып қойған ҳийлесин биринши мәртебе жәриялап, тилге алғысы келди. Жүдә ғамхор ата даўысы менен егитилип:

— Айдос балам, Маманға өкпелегенге усайсаң, өйтпе, — деди. — Ол адам өкпелеўге арзымайды. Бизге биринши ушырасқанда «қайсы тилде бала оқытасыз?» — деп қуданың тили менен өз тилин шатастырғаны ушын ханға хабар жиберип, пәрманын алған едим. Бүгин-ақ жәриялап, өшиңди әперемен. Ғам жеме. Соннан соң елиңде самал еркин еседи, қубладан еседи. Қубланың самалы жумсақ, жағымлы. Оның да лийкини Есенгелди мәҳрем менен сенде болады, яғный Қоңыратларда болады.

Ашыўлы Айдос сөйлемеди.

Әўез хожа ийшан жуўап күтип тоқтамады. «Еле баласаң, Маманның сумлығын соң уғасаң»... деп сөйленди де, ешегин қыналап, Есенгелди мәҳремниң аўылына қарай кетти.

* * *

Әп-әнедей бирликте мәзи-майрам болып отырған қонақлардың басы бузылып, Айдослардың кетип қалғанына ҳайран болған Маман бийдиң аўылласлары, тәрептарлары, далаға шығып «ашыўлылар былайырақ барып, өз ара ақылласар, үлкен бийдиң

зийнетин тасламай қайтадан келер» деген дәме менен, ылашыққа сүйенип тур еди. Өткир көзли биреў:

— Ҳо, анаў киятырған Аманлық емес пе? — деди бирден.

Ҳәмме қолларын маңлайына сая қылып, күнниң асты менен «Көкөзекти» жағалап киятырған еки жолаўшыға нәзер бурды.

Серли Маман бий «Аманлық» деген атты еситиўден-ақ, журттан бурын жалт бурылып, маңлайына қолын тутып сығаланған еди. Таң қалды.

«Аманлыққа усаған. Қасындағы ким? Ҳаял... екеўиниң де қәдем таслаўлары бирдей... — Оны ҳаял әкеледи деп ҳеш қашан ойламаған бий, жүрислерине қарап, — көз жаслы бийшараның табан ети қайтыпты. Муңлы қаналасын таўыпты...» деди ишинен.

Алыстан-ақ, Маман бийдиң ылашығы қасында топарласқан адамларды көрген Аманлық бәрин жақсылыққа жорыды: «той тәтәрриги қусайды. Маман бий перзентли болған шығар...» Ол шаршағанын әлле қашан умытып, житиримнен-ақ сарғыш тислерин көрсетип күлип бақырды:

— Ассалаўма әлейкум, жасуллылар! Жолым қайырлы, той үстине киятырман. Босқа демең, бий тапсырмасын орынлап, үйшиликти үйренип киятырман...

Өз халқының орта дәрмиян шаңарағының тәғдирин усы Аманлықтың тәғдири менен өлшеўди әзелден нийет еткен Маман бийдиң қуўанышы қойнына сыймай, алдына қарай жүрди.

— Жаңа кәсип пенен елге қәдемиң қутлы болсын, азамат! Туўысқан деген усындай-ақ болар, қуда маңлай териңди берип Алмагүлди таўыпсаң! Ҳаў, Алмагүл!

Аманлықтың тула денеси жуўлап, титиркенип:

— Алжастыңыз, бий! — десе де, бул сыншыл, серли бийден қәўипленип, изине ерген келиншегине қарады. Жүдә тикленип, жүдә дыққат пенен бир нәрселерди излене қарады.

Қуўаныштан, Аманлықтын «Алжастыңыз...» дегенин еситпей қалған бий, ҳеш қандай сумлықсыз, сонша жыл елин сағынған нашар суўық қабылланбасын деген ой менен қушағын аша умтылды.

— Алмагүл, кел шырағым, өз елиңниң сени жасыңда көрип қалған көзлери атынан маңлайыңнан сүйейин!

— Алжастыңыз...

Әдиўли оқыўшым, дыққатлы Маман бий алжаспаған еди — Аманлықтың «Қаракөз» деп ертип келип турғаны — ҳақыйқат Алмагүл еди... Ол сол Қудияр сейистен айрылып қалған жерде өзине келип тикейиўден, сейистиң нәсиятын ядлап, бет алдын қуяшқа берип жуўырды, соннан тынбай жуўырды... Базда қанаты сынған қырғаўыл болып малпаңлады, базда туяғына қоз басылған баспақ болып секирди, базда аяқларын оқ сындырған кийик болып ҳәккеледи... Лекин, тынбады, қуяшқа қарап жуўырды, жуўырды... Бултлы күнлери күндиз, басқа ўақытта күн бата гез келген аўылда қол жайып, тамақ сорап гидиргени болмаса, тыным тапқан емес, азанда шығысқа, түсте қублаға, түстен кейин батысқа, ертеңине және усыны тәкирарлаў менен арқанлаўлы бузаўдай тек шеңбер жасады, болғаны, жығылған жеринен онша алыс кете алмады... Усы, себилшиликте-ақ тилиниң жарасы питти, бирақ мәңгиге шүлжиң болып қалды, мурыннан айрылды... Жыллар ақ денесине қара кир жағып, қара шашына ақ бояў сүртти... Мине, усылар ушын ба, ямаса заман гәрдишине төтепки бере алмай көзлери гиреўтеленип болдырғаны ушын ба, бәрҳа қуяшқа қарай жуўырып, ақырында шүйик болып алдына жығылған қаналасын Аманлық, танымады... Базы ўақытлары жақсы нийетлер менен сүйсине тигилип қарайын десе, Алмагүлдиң мурнын тасалап қысынатуғын болғаны ушын көп қарамас, оның үстине, өткенин есине алдырмаўға, өз қайғысы жөнинде де ҳеш қашан айтпаўға ықырары бар еди, соған садық болды... Ал Алмагүл болса, әжағасын таныў түўе ол бул әтирапқа келер деп ойламаған, оған қосымша Аманлықтың бир қулағын жолбарыс жулып алған, бетлеринде жыллардың өрмекшиниң аўындай айғыз-уйғыз соқпақлары...

...Маман бийдиң тек шама менен тосыннан «Алмагүл!...» дегени, жигирма бес жылдай өз атын еситпеген Алмагүлди биреў абайсызда түйип жибергендей теңселтти, уйқыдан музлы суў қуйып оятылған адамдай селк-селк еттирди. Басын силкип-силкип, көзлерин аларта ашты ҳәм буўынлары қалтырап өз-өзинен албырақлай баслады. Бул көриниске Аманлықтың көзлери апалақлап, қуўаныштан айрылып, жығылып кетиўине сәл қалып турыпты.

— Маман бий, алжастыңыз, — деди ол. — Бул Алмагүл емес!

— Дегишпейтуғын един, кеўилди жәмлеген соң дегишетуғын болғансаң, бәри бир мени алдай алмайсаң. Алмагүлди узақтан таныдым, еки туўысқан жүрисиңизден таныдым, — деди Маман бий оны еле дегишип атыр деген қыял менен ҳәм: — Алмагүл, тартынба, өз елиңдесең, кел маңлайыңды бер... — деди.

Бирсе Аманлыққа, биресе кейиниректе үрпейисип, танымай турған аўыл адамларына қарап аң-таны шыққан Алмагүлдиң тислери бир-бирине сақ-сақ етип барып, бирден қалш-қалш қалтырады.

Аманлық гүманланып оның қасына барды да, балалығындағысын қылып, бурымынан тартып қалды. Алмагүл аўырсынып «ўааааа!!!» деп өкирип жиберди.

Ол балалығында усылай жылайтуғын еди...

Аманлық гөне түйе жүн шекпенниң еки шалғайын арқасына қайырып, еки шетин алқымынан айналдыра қосып услаған еди. Бирден буўынлары босасып, қолынан шекпенниң мушлары жаздырылды да, ишинде тыныш уйқылап киятырған бала «шырр» етип жерге түсти. Алмагүлден еле көз алмай ағаш болып сәррийген Аманлықтың бетинде қан қалмай бозарып, Оразан батыр берген қылышты ески қынабынан суўырды. Сөйтти де, ҳеш иркилместен, оған қарап алдында лалы шығып турған Алмагүлдиң шашынан қамтылап услап, басын артына шекшейтип, алқымынан шалып жиберди.

Алмагүлдиң кегирдегинен қан атлығып, басы желкесине сылқ етти. Аманлық оның дир-дир етип атырған денесин жықпай, шашынан сүйреўи менен апарып «Көкөзек»ке гүмп еттирди де, суўдың бети қанға боялғанын көрмей, изине тез қайтып, Маман бийдиң алдында тоқтады ҳәм қан тамған қылышын бийге қос қоллап усыныўы менен мойнын сындыра ийип, еки аяғының арасынан төмен қарап қалды... Көкиреги қанша-қанша зәрдеге толы болса да, сес шығарып өксимеди. Лекин даўысы қарлығып, әбден шаршаған үн менен басқаларға еситилер-еситилмес етип Маман бийге жалбарынды:

— Қылышты усла, дана бий! Ҳаялым дегеним қарындасым Алмагүл екен. Бул жүзи қаралықты өзиңнен өзге бенде еситe көрмесин! Пүткил ел атына, пүткил адамзат атына қара дақ салдым! Өлтир мени, саўап ушын өлтир, бийим!...

Маман бийдиң көзлерине жас қуйылып, көкиреги аз ғана елжиреп турды да, аўыр бир гүрсинди ҳәм бирден қатайды.

Ҳақыйқаттан да, бул адамзат еситиўи, билиўи тийис ҳәсирет емес!

Маман ойланбастан, айналасына қарамастан, қылышты алды да, Аманлықтың тамырлары шертилген желкесинен қойып салды. Күшли қолларда ҳәрекетке кирген қылыш нени шыдатсын. Аманлықтың геллеси денесинен бөлинип түсти...

Бул ҳәдийсениң не ушын болып атырғаны жалғыз ғана Маман бийге аян еди. Сол ушын да ол «Көкөзектиң» бетин қан қылып суўға ийтерилген денелерди шығарыў ушын умтылғанлардың алдын кес-кеслеп, жол бермеди. Өлилердиң денелерин бир жанның көриўине имканият туўдырмай, жағаны қорыў ушын байланған арысландай қабағы үйиўли тур. Көзди ашып-жумғанша жүз берген бул қайғы-ҳәсиретли көринис Аманлықтың шалғайынан шырқырап түскен баланы адамлар дыққатынан шығарып еди, Маман бий умытпады, шырайы «Көкөзек»тиң суўындай көгериўи менен, балаға еңкейип, қундағы менен қос қоллап көтерди.

Узын бойлы әкесиниң тик бойынан сыптырылып жерге қулағанбөпениң еле қатпаған нәзик басы қатты кесекке тийип жарылып, әлле қашан-ақ жан тәслим еткен еди. Маман бий оны байқамай, көкирегине басып, көк-көңбек жансыз жүзин қаязыған қалың еринлери менен аймалап, қарлыққан даўысын әстерек шығарып гүбирленди:

— Бийшара нәресте... халқым көбейсин деп мен әрман еткен нәресте... сенде не жазық бар еди? Мине, жетим қалдың... Не қыламан, шырағым? Тәғдирге көнесең... Жақсылықты тек алдыңнан күтесең, мен де тек ертеңге исенип жасап жүриппен... Пүткил елиң солай...

Оның көзлеринен моншақлаған жас тамшылары бөпениң жансыз қатып қалған көзлерине тамып турыпты...

Қәпелимде, жүз берген бул ислердиң төркинине ҳеш ким түсинбеди. Маман бий түсиндирмеди, бул ҳәсиретке айыпкер жалғыз өзи екенин мойынлаўдан қорққандай, түсиндирмеди.

АныҒырағы, бундай ўақыяның ҳақыйқаттан жүз бериўи түўе «сондай, сондай болғанбыш» деп тилге басыўдың өзи өлимнен аўыр ҳәсирет! Маман бий не қыларын билмей, айналасын қоршап

жақынласып киятырғанларға ашыўлы арыслан болып түксийди, еки көзи түнги шоқтай қызарып түксийди, шала буўрыл болған узын муртларының, сақалының хәр талшығына жан енгендей, тебендей тикейисип, түксийди...

Адамлар ашыўлы арысланға жақынлаўдан сескенди.

— Терис қайттың, қанаты сынған бүркит, — деди Есим бай хәммеге еситтирип — Айдослардың үйиңнен кеткен ашыўына төтепки бере алмай, елге қайтып қосылған бир шаңырақты жоқ еттиң... алжып, өзиңе-өзиң қарсы шықтың... алжыдың, өсип-өрбиў жолына түскен өз елиңде қырыўды басладың!...

Оның изин ала Нурабылла қазықтан ешегиниң дизгинин шешип, егиз улын ерге отырғызды да, өзи ердиң артына секирип минди...

Бегдулла қарасақал аўылласларына:

— Жүриң, кеттик. Бахты тайған адам өзгени бахытлы қыла алмайды, — деди.

— Маманды жин урды, — деген сыпсың еситилди.

— Жалғыз атын сойғанынан-ақ ақыл-зайыл болғанын билгенмен, — деп және биреў қазан астына бийғам от жағып атырған Жақсылықты шақырды. — Жақсылық, әкең келип еди, анаў алжыған Маман бий сойып таслады!

Адамлардың неге тарқасып баратырғанына аң-таң болып, ўақыяның тийкарғы себебин еле түсинбей турған жас жигит бул гәпке бирден инанып, жуўырып бара сала бир баў қамыстың ушын қазан ошақтың отына басып алды да, лаўлатыўы менен Маман бийдиң ылашығына әкелип тийгизди. Бирден дүбелей де көтерилди. Ылашықтың шийлери пышыр-пышыр жанып, қара түтин аралас сары жалын гүў-гүў бурқасынлады.

Бағдагүл ылашыққа ким от бергенин байқамай, даўысынын барынша қыйқыў салды:

— Халайық, суў, суў, суў, суў ўўўў!!!

Усы гезде бир жайдақ ала атлы пайда болып:

— Адамлар! Тыңлаңлар! Хан пәрманы: Маман қудайбийзары. Маман қудайбийзары, оннан қашың, мусылманлар! — деп суренлеўи менен бир шаўып өтип, көзди ашып жумғанша және изине қайтып шаўып баратыр. — Маман қудайбийзары... Қашың оннан... Қашың!..

Бул Әўез хожа ийшанның қашшан таўып қойған тайын ҳийлеси екенин, пайыты бүгин келди деп дағазалап жибергенин ҳеш ким билмеди. Бәри аўыз ашып аңқайып қалды. Маман бийдиң өзи ҳайран. «Және не әламат??... Не жаздым?»...

Ылашық пышыр-пышыр жана берди... Бағдагүлге жәрдем бергендей, Жақсылықты ириккендей адам табылмады.

Ҳәмме зым-зыя болып булкәрадан алыслап баратыр.

— Қоллары қанға малынған Маман бий аяқларын көтерип басалмай, еле қундақтағы өли бөпени қушақлаўы менен, олардың изинен қалша қараған ҳалында, «Көкөзек»тиң жағасына көмилген ағаш болып, қыймылсыз тур. Қосалы бөз белбеўи шешилип, аяғына жыландай оратылып жатты. Теңиз беттен ескен самал маўыты шапанының шалғайларын желпилдетип ойнады, тозған қара қалпағы ушып түсип, самал менен «Көкөзек»ке қарай дөңгеленип кетти. Кеше ғана паки менен тақырланған тандырдай басы жалтырап, өткир ала көзлери бир бағытта өли сүрейленип, қабағы қатты, танаўлары тартылды, күнге күйреген каралтым жүзи гә қызарып, гә бозарып, сайсүйеги сырқырады, алабуўрыл сақалы дирилдеди, лекин, табаны беккем, жығылажақ емес, күшли! Тастан қуйылған киби қылт етпей, нық тур. Бир ўақытта, қос қолы үстиндеги, қундақты түсип кетпесин дегендей көкирегине қаттырақ басты да, көгисленген қалың еринлери жыбырлап, адамлардың изинен сүрен салды:

— Әй, әдиўли инсанлар, қаналаслар, мени жин урды демеңлер! Сепсимеңлер... Қашпаңлар!.., Биригиңлер. Маған инаныңлар, жаў жағыңнан пана, ҳәммеге аға болар халық келер, қол берер, шалғай жабар... — Маманның бул отлы шақырығына қулақ асқан адам болмады. Айналасында қалған жан ашырлары ғана, қырғаўылдың шөжесиндей ҳәр жерде қунжыйысып, гә кеткенлер таманға, гә Маманға қарап, аң-таң. Ҳеш кимниң қайрылмағанына Маманның ҳуўшы жеткен сыяқлы, еситилер-еситилмес налыс етти. — Әй, наинсап қудай, усынша мүшкил берип, усыншама ҳәсиретли қылып, менде, халқымда не қастың бар еди?... Билмедим! Егер, сен бар болсаң, сен алжығансаң... ямаса... мени!!...

* * *

Усы ҳәсиретли демлерден соң Маман бийди «көрдим», «билдим» деген адам болмады. Биреўлер: «суўға кетип өлипти» деп сыпсың шығарды, екиншилер: «Арал теңизиниң ортасындағы бир атаўдамыш, еле елге қосылмағанлардан ләшкер топлап атырыптымыш, Хийўаға қарсы урысқа шығадымыш...» деген ғаўасат тарқатты.

Ериниң қаяқларға шығынып кеткенин билмей бийшара Бағдагүл баяғы балтасын қайтадан таўып алды да, «Көкөзек»ти жағалай жуўырып, қудайды биротала шаўып өлтириў машқаласына түсти...

...Жыл изинен жыллар өтип жатты. Жас Айдос Хийўа жарлығы менен «бала бий» атанып, Есенгелди мәҳремге ерип, гүрлеп, ис баслады, гә мәҳрем, гә бала бий Хийўаға ҳәр барған сайын исламның шаңғытына батып қайтып жүрди. Бул шаңғыт көз жаслы адамлардың дем алысынан пайда болған қарама-қарсы мәлҳәмликке араласып, былғасып, саҳрайы халықтың көзлерин гиреўлендире берди, гүзарлар биротала шалкем-шалысланды. Усылайынша, журт жолдан адасып, өзлериниң дана бийин умытыўға қарағанда, жаз күнлериниң биринде, үсти думанлы Аралда, өркеш-өркеш өжет толқынларды қақ айырып киятырған, қарамшасы үйдей-үйдей нәмәлим еки сал пайда болды, жағаға шықты. Биринен, орыс баярындай кийинген ғарры Маман бий, екиншисинен жуўан билекли, булшық етлери қайрақтай, шийкил сары орыс адамы түсти.

Жағадағы балықшылар әўелинде дөгереклеп келсе де, ҳаўлығысып, өз көзлерине өзлери исенбей, адырайды. Серли биреў «Ҳаў, уллы бийдиң өзи ғой!» деп алға умтылып, сағыныштан ба, даўысының барынша еңиреп жиберди. Ҳәмме қамсықты.

Маман бий олардың кейпин түсирмей, тез алға өтип, қәдимгисинше кеўилли:

— Сағындық, сарғайдық, және көристик, әдиўли адамлар! Көзге жас алмаңлар, — деди. — Мен және орыс патшасына кеткен едим! Әттең, Петербургқа жете алмадым. Уллы патша Турция ели менен урыс жүргизип атырғаны ушын мени қабыл ете алмас, деп ойладым. Сөйтип, Оренбургтан ески досларды изледим. Баяғы

өзлеримизге мәлим Кузьма Бородинди таптым... Мине, әдиўлилерим, бул сапары Кузьма Бородин киши улы Петр Бородинди маған қосты. Есиңизде ме, бул жигит уллы Петр биринщиниң ҳүрметине усылай ат алған. Ағаш устасы. Кеме соғады. Ғарры Кузьма Бородин және «баламның жәрдеми уллы орыс мәмлекетиниң жәрдеми» деди. Ғарры Кузьма бәршеңизге аспандағы жулдызшелли сәлем айтып қалды. Қапаланбаңлар, налымаңлар, еле бәри кеўилдегидей болады. Аралдан кемели өтип, орыс елине тикке қатнас қыламыз. Ҳәр қыйлы урыслар уллы орыс патшалығына көз аштырмай атыр. Усыннан орыс патшалығы жеңсе, көп-көп жәрдем әкеледи...

Бәрҳама қамыс сал менен жекен салда балық аўлап, ийттиң күнин көрип жүрген балықшыларға кеме хабары аспаннан ай әпергендей жаңалық болды, ҳәмме шадланысып уста Петрге миннетдарлық пенен бас ийисти, құшақласты...

Маман бий менен Петр Бородин минип келген өңшең қарағай тахтадан буўылған сал шешилип, қурғаққа шығарылды. Ертеңине Петр Бородин жумыс баслады.

...Биринши кемениң суўға түсирилиўи үлкен халық салтанатына айналғаны соншелли, атаўға жыйналған балықшылар Петр устаны кийизге салып, бир мезгил қол ушына көтерип жүрип кимниң көкирегинде қандай жақсы сөзи болса, бәрин-бәрин айтысты. Қуўаныш хабары аўыздан-аўызға емес, теңиз самалы менен пүткил аўыллар үстинде гүўледи. Ел қуўанды.

Бул қуўаныш және узаққа созылмады. Күтилмеген қыйлы-қыйлы бәлеқадаларға толы қараңқалғыр қараңғы жаўыз түнниң бири Маман бий менен уста Петрди жалмады. Олар бир ақшамда, балықшылардың шеттеги бир қосында, көкиреклерине бир-бирден пышақ қадаўлы, өлип шықты... Кеме суўға батырылды, тахталар отқа жағылды.

Қараңғыда болған қайғының гүнакарын таппай, халық сеңдей соқлығысып, аҳ шекти. Илаж қанша, ақыры жерледи, екеўин қосып жерледи, тахта шығарып биринши кеме соққан атаўына жерледи. Қәбирди «кәраматлы қәбир» деп атады. Халық күндизлери жолында шожып зыяратлап, түнлерде алма гезек қараўыллап, қәбирдиң басынан шырақ айырмай шырақшы қойды.

Өлиге болған бул зийнетти де көпсинген және бир бәлеқадалы түн «кәраматлы қәбирди» шырақ жаққан шыйығы менен жоқ етти... үстин ғарқаллезий суў басты.

Әне, соннан бери қанша-қанша заргирянлықларға себепши гә нөсерли, гә қарлы, гә боранлы, гә кешелерден қан ағызған ҳәсиретли күнлер түнлер менен, түнлер күнлер менен аўмасты, жүўенсиз Әмиў еки жағын кемирип, кең пейилли Аралға қанша-қанша қоқым әкелип қуйды... Аралдың қубла ернегиндеги қол шаршыдай жерди мәкан еткен аз санлы қарақалпақ халқы усы уллы Аралға усап, қанша-қанша заман қоқымын жутты, бирақ бәрин бойына сиңдирип бақты. Не деген жан таласлары, не деген зарлы дәўранлар умытылып кетти. Соннан умытылмағаны — Маман бий менен орыс устасының қәбири Әмиўдиң Аралға қуйып, душшы суў менен ашшы суўдың бириге алмай, қайнаўытлап атырған жериндеги суў астына шөккен бир кишкене атаўда екенин тастыйықлаўшы бир ғана әпсана — усы «Маман бий әпсанасы».

Усының менен «қарақалпақ халқының ҳәсиретли дәстаны»ның биринши китабы тамам. Келесисин күт, әдиўли оқыўшым!

Төлепберген ҚАЙЫПБЕРГЕНОВ

# ҚАРАҚАЛПАҚ ДӘСТАНЫ

(*Трилогия*)

# МАМАН БИЙ ӘПСАНАСЫ

(*Биринши китап*)

Нөкис—«Билим»—2018

Редактор *С. Байназарова, У. Юсупова*
Художник *Б.Айтмуратов*
Көрк. редактор *И. Сержанов*
Тех. редактор *Б. Турымбетов*
Оператор *Н. Каипбергенова*

Оригинал-макеттен басыўға руқсат етилген ўақты 24. 09. 2018-жыл. Форматы 60x90$^1/_{16}$. Тип «Times New Roman» гарнитурасы. Кегль 11. Офсет қағазы. Офсет баспа усылында басылды. Көлеми 32,0 б.т. 32,5 есап б.т. Нусқасы 2000 дана. Буйыртпа № .

«Билим» баспасы. 230103. Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9.

**Электрон мәнзил: bilim.baspa@bk.uz**

ЖШЖ «NISO POLIGRAF»ында басып шығарылды. Ташкент областы, Орта Чирчик районы, «Оқ ота» КФЙ, п. Машъал, Марказ көшеси, 1.